— Будете делать кусарт, вместе с тем все молитвенные необходимые атрибуты, положенные к осетинскому пиру. Всем этим в своих молитвах будете вспоминать имя Всевышнего. Будете молиться, просить блага, а потом будете молиться моему сыну, Цыргъобау.

С этого дня будете этот день называть днем празднования Цыргъобау. В своих молитвах говорите: «Цыргъобау, береги нас от всего режущего, острого, даруй нам частицу своих доброт»».

Цыргъисæн — Летний сельскохозяйственный праздник. Есть у него и другие названия: Халмæвналæн, Атынæг. Празднуют в августе, когда в горах травы набирают укосную силу, в воскресный день.

Цыргъисæн — т.е. время брать в руки острое, режущее — косу. Значит, пора косить травы на лугах. Уже разрешается ее величеством Природой. Но косари по обычаю все равно испрашивают разрешения. На краю травяного луга они над тремя пирогами возносят молитву Всевышнему, Уастырджи, Уацилла, покровителю домашнего очага Фалвара и другим зедам и дуагам.

На краю луга становились трое-пятеро лучших косарей прошлогоднего сезона и острыми косами укладывали по три первых валка, а потом к их благословенному действу дружно подключались и остальные косари. А тем временем село готовилось к общему праздничному застолью вблизи того места, где шла косьба. Умаявшиеся косари как раз к обеду успевали на это пиршество. Молитвы, просьбы к небесным силам, трудовые песни, веселье. Допоздна слышны были и песни, и музыка, под которую шли пляски.

В понедельник все спокойно шли на работу — косить. В первый день темп только-только набирался. Косьба — такая работа, что в нее надо входить, пробуя себя, приноравливаясь к местности, к качеству травостоя, трезво оценивая свою сноровку и физическую подготовку. Если не учтешь все это и ринешься в работу, быстро выдохнешься и выпадешь из общего ритма. А на лугу, где косари идут цепочкой, важно соблюдать порядок расстановки рабочей силы. Наши предки прекрасно понимали это и потому начинали косить молча. Потом уже, наладив общий ритм работы косарей, со склонов поднимала свой голос песня, ритмы мелодии которой вторили ритмам работы косарей. Теперь связь ритмов размаха кос и слов песни помогали людям до самого последнего валка. Даже в самые острые моменты соревнования между косарями. И летела над лугами чудная музыка посвиста кос и голоса косарей.

Цыппаркъахыг, цыппархъусыг — Уацамонга Нартов имел четыре ручки (цыппархъусыг) и четыре ножки (цыппаркъахыг). В сказаниях так и называют эту волшебную чашу Уацамонга — цыппаркъахыг, цыппархъусыг.

Цыппæрвад — Покровитель рабочих лошадей, рабочей скотины. В Уаллагкоме и сегодня еще возносят ему молитвы.

Цыппурс — Древний осетинский праздник. Правда, теперь почти никто уже не помнит первоначальное значение этого праздника, что в его названии есть «цыппор» (сорок), что он был связан с идеей соблюдения поста. Видимо, пост тогда держали сорок дней.

В этот день осетины еще и недавно накрывали поминальные столы в честь своих покойников. Поминали их всем, что было на столе. Раньше в четверг (именно в четверг!) должен был быть Цыппурс, а на следующий четверг — Новый год (Ногбон). В течение целой недели готовился осетинский народ к Ногбон (Новый год), но и о своих покойниках не забывали ни в старом году, ни в начале нового года.

Цыппурсы мæй — (По-дигорски Цæппурсе мæйæ) — декабрь. Цыппурс связывают с днем рождения Иисуса Христа. Бывает 25 декабря по новому стилю, 7 января — по старому стилю. Месяц Цыппурс осетины называют еще и месяцем Двух Нафов. Наф — покровитель всех выходцев из данного дома и ныне живущих в нем.

Как говорят ученые, праздник Цыппурс у осетин отмечался и до рождения Христа, связывают его со скифским праздником.

«Слово «Цыппурс» родилось от иранского «Патваарат»-а, — пишет ученый Людвиг Чибиров, — а это слово означает «цыппор» (сорок). Такое название потому, что до начала Цыппурса в течение сорока дней (цыппор боны) держали пост».

Цыты нуазæн — Специальный бокал (чара, чаша), который преподносился в знак особого уважения героям, которые шли на сражение с врагом или особо важное дело во имя своего народа, общества.

Цыты чызг — В прошлые века для укрепления согласия и мира между двумя фамилиями-кровниками убившая человека сторона отдавала в пострадавшую фамилию девушку. Такую девушку называли Цыты чызг. Этот обычай у наших предков переходил из поколения в поколение, а Цыты чызг для младшего поколения принявшей ее фамилии становилась как сестра. Она старалась укреплять дружеские и родственные взаимоотношения. Поскольку Цыты чызг становилась сестрой для новой фамилии, кровники больше не заводили разговоров неприятного характера, они мирились навеки и наводили только позитивные взаимосвязи.

Вот что писал Кайтмурза Кайтов о Цыты чызг: «Когда-то двое парней Кайтовых из селения Цамад на осле везли дрова из Суби. Недалеко от селения Инджинта встретили некоего Цаллагова. Он гнал своего быка из Урсдонского Сухса. Между ними пошел спор, ругань и Цаллагов, выхватив кинжал, вонзил его в одного из Кайтовых. Другой Кайтов и Цаллагов раненого понесли в Инджинта.

Врачей в те времена не было, и парень не выжил. Этот случай для всего Алагирского ущелья прозвучал как удар молнии в ясную погоду. Две фамилии, сами того не желая, стали кровниками, пошли неприятности, угрозы отомстить. Но люди на то и люди, чтобы мудро рассудить и найти мирное решение проблемы.

Самые почтенные люди ущелья взяли на себя нелегкую обязанность примирителей фамилий Цаллаговых и Кайтовых. После многих уговоров, доводов, убеждений Кайтовы дали согласие на примирение.

Когда примирение состоялось уже официально, Цаллаговы отдали Кайтовым Цыты чызг, большой медный котел (сейчас он находится в Северо-Осетинском республиканском музее краеведения), железную плиту для выпечки хлеба.

Спустя время, у той Цыты чызг — у Цаллагон — родился сын Малсаг от Кайтова Хадо Уазбиевича, и еще три дочери: Даче, Дзыллæ и Наги.

Безусловно, никто свою руку просто так не сунет в кучу раскаленных углей. Фамилии в большинстве случаев кровниками становились в силу непредвиденных обстоятельств. В таких случаях сельчане, родные старались погасить огонь вражды. Успокоить возбужденные фамилии, дабы предотвратить новые возможные неприятности, примирить кровников. Цыты чызг в этих целях была ключевым лицом, несущим мир и согласие.

Цыфыддæр — Колдунья.

Цъ

Цъамты куывд — Наши предки устраивали пиры в честь полезных для людей летающих птиц: орла, ласточки, сокола, трясогузки, даже в честь вороны. Такой пир называли Цъамты куывд.

Цъæхилонтæ — Судя по легендам, это одна из тех древних осетинских фамилий, от которых произошли остальные фамилии. Васо Абаев писал: «…фамильное имя с'æhil, насколько можно судить, более позднего происхождения, чем остальные. На иронском материале оно не этимологизируется. Возможно, оно идет не из иранского, а из субстратного, кавказского мира».

Цъæхой — Имя предводителя волчьей стаи Тутыра. Тутыр вроде бы нечаянно во время дружеских шуток-прибауток повредил у Фалвара один глаз и для приличия даже прощения у него попросил за это. Однако, вернувшись домой, он позвал Цахоя и сказал ему: «Иди и оповести всех волков: «У Фалвара левый газ изуродован». С тех пор волки к стадам Фалвара стали подкрадываться с левой стороны.

Цъиуты сайд — Так говорят о человеке, который не понимает тонкостей человеческого такта, не придерживается морали, как будто птицы его забаламутили, и действия его необдуманны, и слова у него «непрожеваны», легковесен, легкомыслен, пустословен.

Цъогъы хох — Когда Бцега — отца Нарта Сидамона убил уаиг из Схуали, он находился на охоте в горах Цъогъа, и туда эту скорбную весть ему принес Ацамаз.

Цъыбырттæ — В осетинском фольклоре так называют некую народность или народ. Говорят, между Царциата и Цъыбыртта вышел спор из-за земли. Выборными людьми были Цъыбыртты Гæнгæл, Уæнгæл и Æртхутæг. Со стороны Царциата представителями были Сайдвæстаг и Зæрдæсырх. Царциатæ под покровом ночи пробрались к Цъыбырттам и подожгли их. Отсюда и поговорка: «Цъыбыртты сыгъд сæ бакодтой». Но и Царциатам этот грех не простился. Бог отвернулся от них и истребил их всех.

Цъырынгатæ — Древняя народность. Они были полностью истреблены Царциатами.

Цъырынджы фырт — Они с Батрадзом были племянниками одной и той же фамилии, двоюродными братьями.

Ч

Чандз — Отец маленького Суана.

Чеджемæгаты æлдар — Действующее лицо в Нартских сказаниях.

Челæхсæртæг — (Читай «Хызы фырт Челæхсæртæг»).

Чесана — Имя одного из коней Урузмага.

Чесаны Уастырджи — Чесан является сыном Уастырджи. Его святилища распола-

гаются над селением Ход в Алагирском ущелье и в Дигории. Молятся ему тоже большей частью выходцы из этих мест. Называют его Чесаны Уастырджи. Его вспоминают в молитвах, обращенных к Касары Уастырджи.

Чех — «Маленький Чех» — так называют его в сказаниях Нартов. Он из Быцента. Батрадз не знает, как отомстить сыну Тыха Мукара за горе, причиненное Нартам, не знает, где его искать, и Сатана советует ему: «Пойди к берегу моря — там родные твоей матери — и крикни с берега моря: «Маленький Чех, выйди ко мне, твоя помощь мне понадобилась, я тебе не чужой. Покажи мне, где находится сейчас Мукара — сын Тыха!». Для этого Чеха ничего нет неизвестного между небом и землей, и он тебе покажет, где Мукара — сын Тыха».

Чех был очень легким на подъем человеком. Он, услышав крик Батрадза, вскочил. Эхо тревожного голоса Батрадза еще отдавалось в лесах, как он уже был возле него.

«Показать я тебе покажу, где находится сын Тыха, — говорит он Батрадзу, — просто так легко ты к нему не попадешь». Тогда Батрадз отправил его посредником.

Чех был таким стремительным, что в три мгновения ока проходил расстояние в три дня (трехдневного пути). Нашел он Мукара и пригласил его на схватку с Батрадзом.

Чызгæмбал — У них с чындзæмбал одинаковое назначение. Только чындзæмбæлттæ бывают парни, чызгæмбал — лучшая подруга невесты, никому лишнему даже взглянуть на невесту не дает. Оберегает ее от всего, следит за тем, как чувствует себя невеста, стоя в углу, как велит обычай. Чызгæмбал у невесты не всегда бывает. Это зависит от самой невесты, от того, насколько она надеется на саму себя и как будет чувствовать себя.

Чызгхонæг, чындзхонæг — По старинной осетинской традиции зазорно было в ответ на приглашение чызгхонага или чындзхонага отвечать отказом. Это считалось оскорблением, а это уже во враждебное отношение переходило. Люди отказом могли оскорбить. Нарт Урузмаг не смог отказать женщине приглашающей, посчитал ниже своего достоинства и пошел на кувд Бората. Там он попал в весьма щепетильную ситуацию, но Батрадз спас его.

Чыкк æмæ Коки — Два сына Сырдона. А в отдельных сказаниях у него их семеро, но чаще всего — три сына.

Чынаты хид — В стране Мертвых через этот мост входят в Рай.

Чындзæмбал — Раньше девушек замуж выдавали совсем юными и для большей смелости и уверенности с нею отправляли чындзæмбалом брата ее или очень близкого молодого родственника. Они следили за нею в доме жениха, все время находились возле нее, пока из ее родительсткого дома не приезжали хуындзæуттæ с ее приданым. За столь короткое время невеста — юная девушка — немного привыкала к своему новому дому, особенно когда с ее лица снимали хыз (вуаль). Женщины ее новой семьи, родственницы и соседи опекали ее,

из их числа у нее появлялись друзья, и когда чындзæмбæлттæ уезжали, возвращались домой вместе с молодежью, которая привезла ее приданое (хуындзæуттæ), она себя уже не чувствовала одинокой. Рядом с нею были къухылхæцæг, æмдзуарджын и хызисæг, а также названная мать из числа соседок. Этот обычай существует и ныне, делая свадьбу более красивой и содержательной, благоприятно влияет на укрепление родства между двумя фамилиями.

Чындзæхсæвы мæй — Осетины так тоже называют месяц Джеоргуыба. Раньше, когда завершали осенние сельскохозяйственные работы, устраивали свадьбы. Они приходились на ноябрь. «В обильную осень мы свадьбу сыграли», — не просто так родились эти слова лирической песни.

Чындзыдзыды хай — Девушка выходит замуж, но в течение года ее родные все равно от всего, что есть дома, посылают ей долю (хай). Особенно мясо от праздничной туши. От кусарта барана — левый æвдасарм — передние ребра и выше базыга.

Чындзыдзыды цæгат — Когда девочка подрастает и находит свое счастье среди другой фамилии, дом ее родителей начинают называть Цæгат. В том смысле, что дом мужа, где у нее родятся дети, где она почувствует всю глубину и многогранность жизни, для нее станет теплее родного дома, а родительский дом начнет отдавать уже не таким теплом, как прежде, ее душе там станет холоднее, отдавать севером (цæгатом), а где сейчас живет — солнечным теплом уже всю жизнь.

Чынтæ — Жили рядом с Нартами в любви и дружбе. В сказаниях часто встречается словосочетание «Нартæ æмæ Чынтæ». Есть даже сказание «Нартæ æмæ Чынтæ». Оно начинается так: «Нартæ æмæ Чынтæ бадтысты Ныхасы, æмæ сæм Уырызмæг ссыди»… Два соседних народа жили так тесно и дружно, что и Ныхас у них был один общий. Чынтæ — это сегодняшние китайцы. Их и сегодня так называют другие народы, например, англичане.

Чындзхæсджыты уæнтæ — Раньше свадьбы играли после завершения осенних работ, и когда люди за невестой ехали из одного селения, из одного ущелья в другое, то их не отпускали целую неделю. А чындзхæсджытæ бывали немногочисленны. В основном это были мужчины и родственники невесты. Звали их к себе в гости то к одному в дом, то к другому, резали в честь них баранов, и каждый в дорогу клал им левую лопатку барашка и выпивку. Когда они увозили невесту и уже возвращались домой, то с гордостью показывали, сколько лопаток они привезли от родных невесты. Мол, в стольких домах нам оказали честь. После этого они эти уоны вытаскивали и расставляли на столе.

Чындзы хыз — Ребенок рождается в доме родителей. Он вдыхает фарн родительского дома. Над ним покровительствует фарн родного дома. Мальчик всю жизнь под этим покровительством. Девочка же, повзрослев, уходит в дом мужа. Родительский дом для нее становится «цæгат», а дом мужа — солнечным, где она проводит большую часть своей жизни, где у нее появляются дети, где

она старится в любви и уважении. Да, но почему в день свадьбы ее покрывают ажурным покровом «хыз»? Как в жизненных испытаниях поняли наши предки, вокруг человека все время крутятся добрые и злые силы. Добрые силы в трудный час становятся его опорой и помощью, а злые силы на его пути создают преграды, чтобы споткнулся человек, не достиг того, к чему стремится. А человек, говорят, уязвимее всего бывает в пору поисков счастья. В это время Сафа, Сæрызæд и Бынаты бардуаг тесно становятся вокруг него и не дают злым силам подойти к человеку близко.

Мальчик все время пребывает с ними, а девушку перед тем, как надеть свадебное платье, выпрашивают, сватают в невесты в дом мужа, и они, эти добрые силы, уже не имеют над ней власти. В эти дни, в дни выхода замуж, ее дорога бывает самой уязвимой, и чтобы, отойдя от покровителей родительского дома, но еще не войдя в дом мужа, эти силы не повлияли на ее судьбу, на голову невесты надевают фату — «хыз». Отпрашивают ее у Бынаты хицау къухылхæцæг и æмдзуарджын в присутствии ее родного брата. Ажурный покров «хыз» становится обережной силой ее счастья на короткое время, пока ее из родительского дома заберут и введут в дом мужа, где она поклонится Бынаты бардуагу и до конца жизни будет пребывать под его покровительством. А пока она под обережной силой «хыз», ее оберегают силы добра и любви, хотя мы глазами не видим эти силы, оберегающие от недоброго влияния. Перед тем как снять этот оберег — «Чындзы хыз», старейшины своими молитвенными просьбами передают ее опеке и обережной силе Сафа ее нового дома, Сафа и Бынаты бардуага. Отныне и на всю жизнь теперь она — их дитя, родной дом этих святых сил стал и ее родным домом, и любое ее желание, дело, поступок — под неусыпным вниманием этих невидимых добрых сил.

Чындзы донмæгæнæн — Это древний обычай, и праздновали его обычно весной. Справляли этот праздник во второй половине мая. Всех невест, которые в течение годового цикла вышли замуж в данный населенный пункт (в том числе и тех, кто родом из данного же населенного пункта), в этот день под музыку фандыра, с песнями и танцами сопровождали к источнику питьевой воды. Веселый, изобильный праздник. К тому же основные участники его — молодежь и дети.

К источнику воды каждый дом в знак благословления посылал гостинцы, главными из которых были три пирога и пиво. Невесток вверяли заботам и дальнейшему покровительству бардуага (дуага) питьевой воды, водяных дев, а потом на зеленой лужайке устраивали танцы. Веселым и многообещающим, придающим силы был праздник Чындзы донмæгæнæн. До этого дня даже невесткам-уроженкам данного селения без привлечения чьего-то внимания, в открытую, свободно пока еще неудобно было пройтись, агъдау (адат, нравственные нормы этноса) сдерживал ее. Даже за питьевой водой она не могла пойти, пока в день Чындзы донмæгæнæн ее официально не передадут под

покровительство дуага воды Донбеттыра, пока не накажут водяным девам беречь ее.

Чынты хъоба — Нарты и Чынта жили в дружбе. У них были совместные жизненные дела, совместное применение сил, умений, совместное участие в различных играх, состязания в лучшем умении владеть оружием.

Один из чынов, по имени Хъоба, был гордецом, да таким, о которых говорят: «В очаге уголька не затеплит, а сам костром хвалится». И числом скота, и другим состоянием он был беднее остальных чынов, но зато у него было два ножа. В большом деле у него был Хъуытазхъуыр нож (звенящий нож), а в повседневной жизни — нож безмолвный. Пробовали Нарты свои ножи и так и эдак, пытались лучшие лезвия выковать, но все равно ни один нож не мог сравниться с ножом Чынты Хъоба. У Нартов были ножи лучше ножа Нарт Сослана, но и эти лучшие ножи нож Хъоба резал как несоленый сыр режут. Досадно и обидно было Нартам все это. И вот как-то Сослан после сильного дождя нашел упавший с неба камень. Он по совету Сатана заказал из него нож у небесного Сафа. И когда при сравнении ножей Хъоба мысленно приготовился уже позлорадствовать, от сильного удара ножа Сослана нож Хъоба Чынта распался на две части, и носовая из них звякнула где-то об камни, в руке же у него осталась небольшая часть лезвия с черенком.

Чырыстийы цъупп — Так кавказцы назвали одну из двух величайших горных вершин на Кавказе — гору Казбек. Название горы они увязали с именем Иисуса Христа. Осетины издавна эту гору называют не Казбек, а Сæна, а селение у подножия горы не Казбеги, а тоже Сæнайы хъæу.

Сæна издревле было осетинским селением. Даже во времена путешествий Пушкина большинство жителей в селении Сæна были осетинами, а их алдара звали Казбек — предок фамилии Казбековых.

Как писал Пушкин, хотя в селении живут и грузины, и армяне, все равно вокруг нас толпятся осетины, потому что и само селение осетинское. Из-за того, что алдар Казбек был человеком славным, гуманным, путники его имя увязали с селением, где он жил, и к нему прикипело это имя: селение, где живет Казбек, — селение Казбек — Казбеги. Так Сæна сменилось Казбек не только устно, но и в документах, книгах и т.д. А по-грузински у горы совсем другое название — Мкинварцвери.

Из грузин первыми по Военно-Грузинской дороге стали гнать сосланных из России в Сибирь, они потом отбывали свой срок на строительстве дорог.

Армяне здесь вели торговлю. Христианские миссионеры тоже внесли свои изменения в топонимическую карту данных мест. Перевал, который мы называем Крестовым, испокон веков осетины называли Барзæфцæг и Хъилæфцæг. Оба эти названия означают: Высокий перевал.

Чырыстон — Христианская религия и обычаи предков осетин, их верование настолько схожи друг с другом, что перемешались, и мы зачастую не можем

разобрать, что к чему. Поэтому и принимают так близко к сердцу, особенно в Южной части Осетии, христианство. В слово «Чырыстон» осетины вложили и другой, глубокий и возвышенный смысл: хороший, добросердечный. Мудрый, гуманный человек. Если разговор идет о таком человеке, о нем говорят: «Уый Чырыстон лæг у. Йæ фыд дæр ахæм уыд» (Этот человек христианин. У него и отец был таким хорошим).

Чырчы лæгæт — Пещера, где скрываются бардуаги. Так называют пещеру вблизи селения Едыс в Белой Туалетии.

Чъ

Чъириагæхсæн — Перед каждым большим праздником женщины обходили дома всех сельчан. Из каждого дома хозяйка им для солода и выпечки пирогов отдавала пшеницу или кукурузу. В специально назначенный день это общее зерно очищалось, мылось на берегу реки. Для этого заранее подготавливали холсты, полотна. Женщины с гармошкой, с песнями приходили к берегу реки. Песни, которые они пели, были во славу того зеда или дуага, в чье имя готовились к праздничному застолью.

Хозяева, ответственные за проведение этого застолья, женщинам к реке приносили три треугольных пирога с сыром, пиво и квас. Промыв зерно, они его рассыпали для просушки на полотна, и пока оно сушилось, пели и танцевали под музыку фандыра. Этим они показывали свое отношение к празднику.

Промытое и высушенное зерно на мельнице мололи в специально назначенный день, чтобы в муку для пирогов не попало ни крохи чужой муки, они тщательно прочищали мукомольные части мельницы. Даже такие детали были священны для наших предков, когда речь шла и дело касалось святыни. В наши дни этот праздник уже не проводят.

Чъирикувæг — Уважаемый молитвенник, который в день праздника над тремя пирогами в святилище, в доме, на улице, во всем селении возносит молитву, просит милости, помощи и покровительства для людей у Всевышнего и сотворенных им зедов и дуагов. Он молитвенно провожает путника в дорогу, а потом приветствует его благодарственной молитвой Всевышнему и Уастырджи. Молитвенник в своих молитвах нижайше просит силы небесные помочь больному выздороветь. Такой молитвенник-мужчина уважаем в народе за свою высокую честь и нравственность, доброжелательность и широту души, и для всех и каждого каждым своим делом, каждым своим словом достоин подражания. С ним пребывает фарн слова и фарн молитвы, он свято оберегает передаваемые из поколения в поколение сокровища своего этноса и потому становится для всех желанным молитвенником — чъирикувæг. Молитвенник — это поистине высочайшая должность в бескрайнем царстве фольклора этноса осетин.

Чъынды — Увидев в стране Мертвых женщину, которая из огромной емкости с

молоком смогла извлечь только малюсенький сыр величиной с ячменное зернышко, а рядом с ней другую женщину, из ложки молока сумевшей извлечь сыр величиной с гору, Сослан немало удивился.

«Не удивляйся им, — объясняет ему Бедуха. — Та, которая малый сыр из многого молока извлекла, в жизни сто коров имела, много молочных продуктов в доме ее было, но была она скаредна: попросит соседка сырок на пирог к празднику — прикидывалась нищей, мол, нет у меня сыра совсем. А другая всего-то одной коровой владела, но щедрой была она: просит кто у нее сырку, будь то праздник или будний день, никогда никого не отпускала из дома, пока не отдаст щедро, чего просят. Теперь в стране Мертвых ты видел, как обстоят их дела».

Чъырын — башня, гæнах, возведенные с известковым раствором.

НАЗВАНИЯ ЗВЕЗД И НЕБЕСНЫХ ЯВЛЕНИЙ

Авд хойы (стъалыгуыппар) — созвездие Плеяды. О созвездии «Авд хойы» есть такая легенда: «Æмбырдтæ» (так тоже называют их).

Созвездие, носящее такое название, когда-то давно было семью сестрами. Никто бы на земле не смог сказать точно, которая из них лучше. Однажды женихи решили испытать девушек. В отдельности каждой дали одну и ту же работу и сказали: «Кто из вас первой завершит работы, та и будет лучшей».

Девушки приступили к работе, кроят-шьют, соревнуясь, и все семеро в пору ужина одновременно закончили всю работу. Не выявив в этом соревновании лучшую, женихи спрашивают их:

— Каким же образом можно узнать, которая из вас самая лучшая?

Они ответили:

— Один Всевышний ведает, кто лучше из нас, а кто хуже. Но из-за того, что мы все семеро равные, пусть местом жизни нашей будет небо, чтобы люди видели нас и не забывали о нас. И еще пусть Всевышний захочет, чтобы на небе с нами были наши кровати.

Всевышний исполнил желание сестер и дал им на небе место. Звезд созвездия «Авд хойы» зовут такими именами: Уз, Заз, Цицыр, Зада, Гадакк, Удыкк и самая младшая — Гæда (баловница и озорница, она все время чуть в сторонке от сестер своих, ее не спутаешь с другими.

В другом варианте легенды у них имена такие: Аззæ, Уырыззæ, Цицц, Уæрдахъ, Дæдæкк, Уæдæкк и Къæбæда.

Есть о них шутливая скороговорка:

Бынтон æнафон,
Æнæнтыст фæуой,
Цъæх арвыл кафынц,
Цъæх арвыл симынц,
Æнæнтыст хотæ.
Кæсут-ма, авдæй:
Аззæ сæ хистæр,
Гъе стæй Уырыззæ.
Уымæй дæлæмæ
Цицц æмæ Уæрдахъ,
Дæдæкк æмæ Уæдæкк,
Стæй сæ кæстæр Къæбæда.

Поздно ночью,
Ах, озорницы,
Пляшут на небе
И хороводят
Сестры-шутницы,
Глянь — всемером, все:
Старшая Азза,
За ней Уырызза.
Младше, чем они,
Цицц и Уардакк,
Дадакк и Уадакк
И самая младшая — Озорная

Арв — небо.
Арвастæу — зенит.
Арвæй æрхаугæ дур — метеорит.
Арвæрдын — радуга.

Арвы зылд — небосклон.

Арвы куыдз — созвездие «Маленький пес».

Арвы къуырф — небесный свод.

Арвы рон — радуга.

Арвы сæмæн — Полярная звезда.

Арвы цæджындз — Полярная звезда.

Арвы цæст — Сириус. Глаз неба — глаз Всевышнего. Осетинам казалось, что с помощью данной звезды Всевышний видит все происходящее на земле. Око Всевышнего — самая яркая звезда на небе.

Артъауыз — существо, создавшее зло, насекомых и гадов помимо воли Всевышнего. В наказание за это ослушание его привязали к Луне.

Асахътемыр — Полярная звезда.

Æмбырдтæ — созвездие плеяды.

Æрвæрттывд — молния.

Æрвгæрон — горизонт.

Æрвнæрд — гром.

Æрвон — небесный.

Æрвон тыгъдад — небесный простор.

Æрфæны фæд — Млечный Путь. Æрфæн в Нартских сказаниях порода небесных, космических лошадей. Æрфæн — так называли коня Нарт Урузмага тоже. В народе говорят, что Æрфæн — праотец земных лошадей, что лошади все произошли от него. В ясные ночи середина неба от края до края перекрывается широкой бледной полосой наподобие млечного тумана. Эту необычную полосу на ней в народе у осетин называют «Æрфæны фæд». Об Æрфæны фæд (о Млечном пути) есть и другая легенда: «Говорят, что поспорили олень и буйвол, кто быстрее из них доберется из одного конца неба до другого. Встали они на одном конце неба. Олень, высоко подняв рога, устремился вперед длинными прыжками. Когда достиг середины неба, у него разорвалось сердце, и он упал.

Буйвол своим неторопливым шагом тронулся в путь и дошел до самого противоположного конца неба.

В ясные звездные ночи небеса кажутся искусно натянутым куполом, полным жара золотых звезд. По самой середине его из конца в конец подобно перистым облакам тянется бледная молочная облачность. Это следы оленя и буйвола.

Балердзау — созвездие Рыбы.

Балсафæг, балдзæгъдæг — планета Марс. Марс — планета войны, планета возмущения.

Бонвæрнон, Боброн — планета Венера, осетины называют ее Боброн, Утренней звездой.

Галгас стъалы — эту звезду называют и Волопас, и Арктур.

Дун-дуне — Вселенная.

Дун-дунеты тыгъдад — просторы Вселенной.

Дунеты тыгъдад — Вселенский простор.

Зæрæхсид — вечерняя Заря. Осетины называют ее зæрæхсид, ибо эта картина напоминает пылание солнца. Растекание закатного Солнца.

Кæрдæджы стъалы — Вега. Осетины называют ее Кæрдæджы стъалы. Потому что на небосводе она появляется в пору интенсивного роста трав.

Къæдзилджын стъалы — комета.

Лæдæртæ — созвездие «Большая Медведица». О Лæдæртæ существует такая легенда: «Когда-то очень давно, когда зеды и дуаги ходили на охоту, один злой человек по имени Асахътемыр тоже охотился с ними, хотя и был земным человеком. Днем в определенное время он обязательно шел к воде. В это время на земле жили семь братьев, которых называли Лæдæртæ. Асахътемыр им причинял всякие неудобства. Когда они устали от его козней, они сказали: «Каждый день он ходит к воде, значит зависим от Донбеттыра. Пойдем к ним и возьмем у них æмцега (мальчика на воспитание) себе, может тогда из-за страха перед ними он оставит нас в покое. Может, его он убоится, человека-то он ни во что не ставит». Пошли они и принесли от Донбеттыра æмцега. Узнав об этом, Асахътемыр сказал: «Посмотрите, как я убью æмцега», а сам взял да убил их æмцега. Ладары с рыданием спустились к Донбеттыру и рассказали ему о постигшем их несчастьи, на что Донбеттыр посоветовал им: «Он в определенное время будет идти ко мне. Вот тогда и убейте его». Узнав об этом, Ахсахътемыр больше не пошел к воде, а поднялся на самую середину неба и расселся там. А двух жеребцов поставил сторожить себя. Лæдæртæ, надеясь, что он пойдет к воде, крадучись пробираются по закоулкам к воде. Когда начинает светать, только тогда они замечают своего врага на небе и направляются к нему, но к тому времени уже начинается день, и он при свете исчезает». И так еженощно: Ладары преследуют Асахътемыра и никак не могут его настичь. Вот поэтому к ним пристало прозвище недотеп.

Лæдзджытæ, Фыйиауы лæдзджытæ — звезда Орион.

Мæй — Луна.

Мæйдалынг — лунное затмение. Космическое небо имеет свои определенные законы, по которым каждое светило имеет свой определенный курс вращения по отношению к другим небесным телам. Свою орбиту вращения имеет и Луна по отношению Земле. В курсе этого вращения несколько раз в году Луна скрывается за ней на несколько минут, и тогда наступает лунное затмение. Затмение Луны бывает полным или частичным.

Мæйдалынг — лунное затмение.

Мæйдар — безлунная ночь.

Мæйзæронд — четвертая фаза Луны.

Мæйног — новолуние.

Мæйрухс — лунный свет.

Мæйрухс æхсæв — лунная ночь.

Сæуæхсид — Утренняя заря, зарево.

Сосланы æрдын — радуга.
Стыр цоппы — Большая медведица.
Халæнгуыртæ (стъалыгуыппар) — созвездие Рака.
Хæрдз — солнечная туманность.
Хур — Солнце.
Хурыскаст — восход Солнца.
Хурдалынг — солнечное затмение.
Хурныгуылд — заход Солнца, закат.
Хурхæтæн — солнцестояние. Оно бывает два раза в году — летом и зимой.
Хъазантемыр — Полярная звезда.
Чысыл цолпы — Малая Медведица.

Как утверждают ученые, на небе несчетное множество звезд — около 7000. В лунную ночь из них можно увидеть 300-3500 звезд. Нельзя не замечать наиболее яркие и сгруппированные из них. Поэтому разные народы по их свойствам дали им имена, создали легенды о них. Больше всех о звездах и созвездиях сложено легенд греками и римлянами.

Есть о них специальные легенды и у осетинского народа. Некоторые забыты насовсем, другие скрупулезно собирали и до сих пор ищут. Мне удалось собрать малую толику из того, что было сотворено нашим этносом. Было бы хорошо, если бы и вы, дорогие читатели, добавили к ним те легенды, которые знаете, слышали. Пусть каждый из вас сочтет это своим долгом, потому что фольклор наш — общенародное наше сокровище, и каждый из нас несет нравственную ответственность за его полноценность и достоверность. То, что сегодня малыми крупицами рассеяно в народе, может исчезнуть в толще времени, как исчезло многое, и наш долг — не допустить это. Сохранить и передать все эти раритеты нашим потомкам — наш общий долг.

ИСПОЛЬЗОВАННАЯ ЛИТЕРАТУРА

1. Абаев В. И. Историко-этимологический словарь осетинского языка. Москва, 1958-1990.
2. Абаев В. И. Избранные труды (Религия. Фольклор. Литература). Владикавказ, 1990.
3. Абаев В.И. Избранные труды. Т. II. Владикавказ, 1995.
4. Андиаты Теба æмæ Баса. Нартæ. Цхинвал, 1975.
5. Беджызаты Дудар. Царциаты диссæгтæ // Фидиуæг. 1989-1991 азты номыр.
6. Биазырты Алыксандр. Нарты таурæгъты истори. Дзæуджыхъæу, 1993.
7. Биазырты Алыксандр. Нарты таурæгътæ æмæ хабæрттæ. Цхинвал, 1973.
8. Гаглоева З. Д. Составные элементы праздника Ногбон.
9. Гуриев Т. А. Кто есть кто в Аланской нартиаде. Владикавказ, 1999.
10. Гуриев Т. А. Наследие скифов и алан. Владикавказ, 1998.
11. Гуытъиаты Хъазыбег. Нарты кадджытæ. Дзæуджыхъæу, 1989.
12. Джыккайты Шамил. Ирон таурæгътæ. Дзæуджыхъæу, 1989.
13. Дзадзиаты А. Б., Дзуццаты Х. В., Хъараты С. М. Ирон адæмы этнографи æмæ мифологи. Дзæуджыхъæу, 1994.
14. Дзиццойты Юри. Ирон æвзаджы æвæрæнтæй // Фидиуæг. 1988. 9 номыр.
15. Ирон адæмон аргъæуттæ. Сталинир, 1959.
16. Калоева Д. А. Даредзановские сказания у осетин. Цхинвал, 1975.
17. Къарджиаты Бекызæ. Ирон æгъдæуттæ. Дзæуджыхъæу, 1991.
18. Миллер В. Осетино-русско-немецкий словарь. М.: Академия наук СССР, 1927-1934.
19. Миллер В. Осетинские этюды. Москва, 1881.
20. Миллер В. В горах Осетии.
21. Нарты кадджытæ. Дзæуджыхъæу, 1975.
22. Нарты I, II, III тт. М.: Наука, 1990.
23. Салæгаты Зоя. Ирон адæмон сфæлдыстад. I-II томтæ. Дзæуджыхъæу, 1961.
24. Сказания о Нартах. Владикавказ, 2000.
25. Туганов М. С. Литературное наследие. Орджоникидзе, 1977.
26. Уарзиаты Вилен. Ирон бæрæгбæттæ незамантæй абонмæ. Дзæуджыхъæу, 1995.
27. Хозиты Федыр. Ирон фынджы æгъдæуттæ. Дзæуджыхъæу, 2000.
28. Цгъойты Хазби. Ирон æмбисонды хабæрттæ. Дзæуджыхъæу, 1997.
29. Цгъойты Хазби. Фыдæлты мæсыг. Дзæуджыхъæу, 2009.
30. Цыбырты Людвиг. Ирон адæмон бæрæгбæттæ. Дзæуджыхъæу, 1999.
31. Чибиров Л. А. Древнейшие пласты духовной культуры осетин. Цхинвал, 1984.
32. Чибиров Л. А. Народный земледельческий календарь осетин. Цхинвал, 1976.

Арын дзы мæ мад Гуырцъион Клавдияйы рухс ном, ирон адæмон сфæлдыстад æмæ ирон дзырды тых фыццагдæр уымæй банкъардтон

Ацы чиныгæн йæ фыццаг рауагъд «Арвы дуар» ирон адæм сæ зæрдæмæ айстой. Уымæн æмæ йæ мидис цæуы сæхицæй, нæ фыдæлты фарн, сæ дунеæмбарынад, царды фæтк æмæ æгъдæуттæй. Аккаг аргъ ын скодта æхсæнад дæр. Цы бирæ арфæйы ныхæстæ райстон, уыдоны æхсæн уыд бирæ фæндæттæ æмæ фиппаинæгтæ дæр. Сæ сæйрагдæр уыд ирон адæмы царды фæтк, æгъдæуттæ æмæ бæрæгбæтты фæдыл æрмæджытæ фæфылдæр кæнын. Æз уыцы фиппаинаг банымадтон растыл. Уымæн æмæ нæ истори æрмæст нæ мифологийы нæй, фæлæ не ‘взаджы, не гъдæутты, нæ цардыуаджы дæр, æмæ, мæ бон цас сси, уыйбæрц æй ахæм, стæй æндæр æрмæджытæй баххæст кодтон. Уымæ гæсгæ чиныгæн йæ ном «Ирон мифологи æмæ цардыуаджы дзырдуат» рахуыдтон. Чиныг фæуæрæхдæр, дыууæ хатты егъаудæр сси.

Автор

НÆ МИФОЛОГИЙЫ — НÆ ИСТОРИ

Ирон дзыхæйдзургæ адæмон сфæлдыстад æвæджиау хъæздыг у. Нарты кадджытæ, Даредзанты таурæгътæ, Царциаты диссæгтæ, алыхуызон аргъæуттæ, æмбисонды хабæрттæ, зарджытæ, хъарджытæ, æмбисæндтæ, уыци-уыциутæ, хъæлдзæг ныхæстæ, загъдаутæ æмæ æндæртæ. Уыйбæрц бирæ хуызтæ йын ис, æмæ дзы иуæй-иутæ иртæст дæр нæма æрцыдысты. Бæрцæй та уыйас сты, æмæ абон дæр хыгъд, фыст æмæ бæстонгонд нæма æрцыдысты.

Ирон адæмон сфæлдыстады бирæ архайджытæ ис. Иунæг Стыр Хуыцау, Уастырджи, Хуыцауы сконд зæдтæ æмæ дауджытæ, хъæбатыртæ, хæйрæджытæ, фыдгæнджытæ æмæ æндæртæ. Уыдоны номхыгъд скæнын, дзырдуаты хуызы сæ кæрæдзийы фæдыл равæрын, чысыл æмбарынгæнæн тексттæ сын ныффыссын, цæмæйræзгæ фæлтæрæн, ахуырдзау фæсивæдæн æнцондæр зонæн уой, уыцы хæс егъау æмæ зын у, фæлæ царды æнцонæй ницы ис, æмæ бафæлварыны хуызы уыцы куыстмæ раджы бавнæлдтон. Мæ арæзт цыбыр мифологион дзырдуат цалдæр азы размæ рацыд газет «Рæстдзинад»-ы. Йæ чиныг «Ирон хабæрттæм» æй бахаста фыссæг Хъайттаты Сергей.

Миф у бердзенаг дзырд, амоны кадæг, таурæгъ. Уыдоны фæдыл наукæ та — мифологи. Уымæ гæсгæ мæ арæзт дзырдуат дæр хуыйны мифологион.

Ницыйæ исты саразæн нæй — фидарæй амоны философион фæтк. Уыцы хъуыды дзуапп дæтты адæмон сфæлдыстадæн — мифологийæн йæ кæцыфæнды уацмысæн дæр ницæмæй равзæрæн кæй нæ уыд, уыцы фарстæн. Ис сын, цæуыл æнцой кæнынц, фæлæ мах кæй нал зонæм, ахæм бындуртæ. Дард рæстæджыты фæлмæй нæм æрхастой нæ рагфыдæлты царды иуæй-иу зæрдылдаринаг цаутæ, нæ адæмы сæрибардзинад æмæ æнгомдзинады, цардхъомдзинад æмæ фидæны сæрвæлтау йæ уд чи радта, ахæм хицæн адæймæгты хъæбатырдзинад, лæгдзинад æмæ адæймагдзинад, куырыхон хистæрты хæрззонд æмæ сæ цыргъзонды хабæрттæ, ирон дзырды аив æмæ рæсугъддзинад, йæ хъару, йæ фарн, раздæры фæлтæрты царды комулæфт: сæ фæлтæрддзинад, сæ æнкъарæнтæ, тырнындзинæдтæ, бæллицтæ, сæ зондахаст, æрхъуыдыдзинæдтæ æмæ тæлмæнтæ. Зындгонд уырыссаг ахуыргонд Г. В. Вернадский хуымæтæджы нæ зæгъы: «…Следы древней исторической основы могут легко быть обнаружены под мифологическим покровом» (чиныг «Древняя Русь»).

Скифтæ кæмæ куывтой, уыцы сæйраг зæды Геродот хоны Таргитай. Уый куыд раиртæста, афтæмæй йæ скифтæ зыдтой сæ фыдæлæй. Уымæй равзæрдысты, уый у сæ адæмы раттæг. Абон æй мах зонæм Уастырджийæ (Уас-Таргийæ). Кувæм æм, фæдзæхсæм ыл нæхи, нæ сабиты, фæсивæды, бæлццæтты æмæ уазджыты. Уый ирон адæмы номæй балæууы Стыр Хуыцауы раз æмæ сын куры йæ хорзæх, у сæ ныфс, сæ æнхъæлцау. Адæмы фыдæл куы амард, уæд сæ дунеæмбарынады зæд фестад æмæ сыл, цæргæйæ куыд аудыдта, афтæ ауды мингай азты. Йæ фарн баззад се ‘хсæн æмæ сæ царды зынты раз фæцудын нæ уадзы. «Мифология всегда мистифицированная и опоэтизированная история. И космология! Причем

мистификация происходит без всякого злого умысла — вполне естественным путем», — фыссы В. Н. Демин. «Тайны русского народа».

Адæмон сфæлдыстады сæйрагдæртæ сты кадджытæ, таурæгътæ, аргъæуттæ, æмбисонды хабæрттæ, зарджытæ, хъарджытæ, æмбисæндтæ æмæ уыци-уыциутæ. Алкæм дæр дзы хицæн хуызты æвдыст цæуынц царды æцæг хабæрттæ, цаутæ, адæмы ахастытæ, сæ бæллицтæ, æнтыстытæ, сæ зынтæ, сæ рыст, сæ мæт. Адæмон сфæлдыстадæй сты æгъдæуттæ æмæ бæрæгбæттæ дæр. Уыдон дæр æнгом баст сты мифологиимæ. Уымæ гæсгæ ацы дзырдуатмæ хаст æрцыдысты ирон адæмон бæрæгбæтты цымыдисагдæртæ дæр.

Алы адæймаг дæр йæхи цардæй цæры, йæхирдыгонау æнкъары царды ад, царды уæз, йæ хъысмæты раз иунæг у. Æмæ, зæгъгæ, иу адæм рæстæгæй-рæстæгмæ кæрæдзийы фарсмæ уæхски-уæхск куы нæ 'рбалæууиккой, сæ хъыг, сæ цин куы нæ дих кæниккой, уæд царды зын зæрондмæ ахæссын алкæй къухы нæ бафтид. Гъе, уымæ гæсгæ адæймаг бафтыд сфæлдыстадон хъуыдыйыл: йæ цард фæрогдæр кæнынæн æрхъуыды кодта хиирхæфсæн мадзæлттæ, алыхуызон фæрæзтæй йæ рæсугъддæр кæны. Адæймаджы сфæлдыстадон хъуыдыйæ равзæрдысты бæрæгбæттæ дæр.

Афæдзы дæргъы ирон адæммæ бирæ алыхуызон бæрæг бонтæ вæйиы: цины æмæ хъыджы, зæрдæрайы æмæ мысæн, фыдохы, уæззау куысты æмæ æндæртæ. Уымæ гæсгæ сæ цард-цæрæнбонтæн радтой ахæм нæмттæ:

Къатыбонтæ

Æнцойбонтæ

Рæмонбонтæ

Бæрæгбонтæ

æмæ

Тæфæбонтæ

Къатыбонты, ома, кусæнбонты царды фæрæзтыл сагъæсты адæймаг ихсийы уæззау куысты; æнцойбонты уадзы йæ фæллад, фæлæ йæ рох нæу йæ райсомы бон; рæмонбонты у хъæлдзæг, зæрдæрай, йæ зæрдæ цин кæны, фырт ын кæй райгуырд, йæ рынчын кæй сдзæбæх, кæнæ йæ бæлццон æгас хæдзар кæй ссардта, ууыл æмæ æндæр æхсызгон хабæрттыл, йæхи æнкъары амондджытæй; бæрæг бонты дзаг фынгты уæлхъус кувы Иунæг Стыр Хуыцаумæ, Уастырджимæ, зæдтæ æмæ дауджытæм, ары йæ мæрдты ном, йæхиуыл, йæ удыл нæу æмæ йæ рох кæнынц царды уæз, йæ зындзинæдтæ; тæфæбон, ома, йыл зиан куы æрцæуы, уæд уый фæдыл афæдзы дæргъы кæндты у фыдох æмæ æрхуым.

Æнцойбонтæ сты фæлладуадзæн бонтæ. Фылдæр вæйийнц хуыцаубонты. Къуырийы æвдæм бон у хуыцаубон. Дунесфæлдисæг Иунæг Хуыцау дæр, дам, зæхх æмæ дунейы скондыл фæкуыста æхсæз боны, æвдæм бон та йæ фæллад уагъта. Уымæй уæлдай ма нæ фыдæлтæй къуырийы бонтæй алкæцыйы дæр æвæрдтой сæрмагонд мидис, ирон адæмы сфæлдыстадмæ гæсгæ дзы алкæмæн дæр ис йæхи зæд, йæхи бардуаг:

Къуырисæр у Алардыйы, Тутыры æмæ Уациллайы бон.
Дыццæг у Уастырджийы бон.
Æртыццæг — Бынаты бардуаджы бон.
Цыппæрæм — Мыкалгабыры бон.
Майрæмбон — Мадизæды, Мады-Майрæмы бон.
Сабат — Мæрдты бон.
Хуыцаубон — Стыр Хуыцауы бон.

Иунæг Стыр Хуыцауы, стæй ранымад зæдтæ æмæ дауджыты бæрæгбæттæ дæр вæййынц къуырийы бонтæй алкæмæн дæр йæ боны. Уый афтæ нæ амоны, æмæ уыцы бонтæм иннæ зæдтæ æмæ дауджытæ ницы бар дарынц. Зæгъæм, Хуыцаубонмæ бирæ бæрæгбæттæ æрцæуынц: Фæлвæра, Фацбадæн, Куадзæн, Атынæг, Къобы Уастырджи, Ичъына æмæ суанг Ногбон дæр. Бафиппайын хъæуы уый дæр, æмæ алы бæрæгбон дæр райдайы, цы боны уыдзæн, уый æхсæвы. Уымæн æмæ ирон адæммæ суткæ нымад цæуы иу æхсæвы иу сахатæй иннæ æхсæвы иу сахатмæ нæ, фæлæ иу изæрæй иннæ изæрмæ. Дзургæ дæр афтæ куы кæнæм. Сабаты куы баталынг вæййы, уæд фæзæгъæм: «Ахсæв у Хуыцауы æхсæв», хуыцаубоны изæрæй та «Къуырисæры æхсæв» æмæ афтæ дарддæр. Гъе, уымæ гæсгæ нæм Джеоргуыбайы Уастырджимæ кувæн къуыри, кæд йæ бон дыццæг у, уæд райдайы къуырисæры изæрæй. Бæрæгбонæн та, куыд изæр фæкæны, афтæ йæ тых сæтгæ кæны, æмæ куыддæр дыууæ сахаты сваййы, афтæ æфсинтæ, фысымтæ стыхсынц. Изæры æрцыдæй стæрсынц æмæ фынгтæ æрæвæрыныл фæтагъд кæнынц.

Нæ истори ис нæ мифологийы. Уырдыгæй нæм хъуысы йæ ныфсджын къахдзæфты уынæр, йæ абухын æмæ цæлхъытæ. Кæд ыл рæстæджы фæлм сылæг мигъау ныббадт, уæддæр адæмон сфæлдыстады ирдæй разынынц йæ миниуджытæ, йæ æууæлтæ æмæ кæнонтæ. Бирæвæрсыгæй дзы фенæм нæ рагфыдæлты цард, зондахаст æмæ дунеæмбарынад. Бирæ æгъдæутты æмæ хъуыддæгты мидис дзы мах, абоны ирæттæ, кæд фаг нал æмбарæм, уæддæр сæ тугæй, зæрдæйæ æнкъарæм æмæ сæ нæ рох кæнæм, нымдгæнгæйæ сæ æххæст кæнæм.

Нæ адæмон сфæлдыстад нын нæ разы бирæ фарстатæ æвæры, дзуапп раттын зын кæмæн у, ахæмтæ. Уыдонæн сæ сæйрагдæр у, нæ фыдæлтæн уæларвимæ цы бастдзинæдтæ уыд, уый. Ныр дæр ма ирон адæймагæн йæ цины æмæ йæ зыны дæр йе скаст у уæларвмæ. Цыдæриддæр хъуыддаг аразы, уый æххæст кæны, уæларвæй йæм чи кæсы, уымæн æхцон æмæ æмбæрстгонд куыд у, афтæ. Ууыл хъуыды кæнгæйæ, рæстаг æмæ бæстаг лæг йæ сæрмæ не ‘рхæссы æнæуаг ми, фыдракæнд. Ууыл хъуыды кæнгæйæ аразæм нæ цины æмæ зианы фынгты равæрд. Ууыл хъуыды кæнгæйæ, Стыр Хуыцаумæ кувгæйæ кæрæдзийæ фæхицæн кæнæм æртæ кæрдзыны дæр, хæрнæджы нæм фынджы ныхмæ сæрæй хистæр æмæ кæронæй та кæстæр нæ бады, уырдыгстæг та лæууы рахизæрдыгæй нæ, фæлæ галиуæрдыгæй.

Афтæ цæмæн, зæгъгæ, ахæм фарстытæ бирæ ис не ‘гъдæутты æмæ нæ адæмон сфæлдыстады. Бæлвырд дзуаппытæ сын нæй. Зæгъæм, мардæн хæларгæнинаг

хойраг кæрддзæф цæмæн кæнæм? Ингæн мардæн æнæмæнг йæ ныгæнæн бон цæмæн къахæм? Чындзыл хыз цæмæн кæнæм? Æнхъæлцау сылгоймаджы хистæртæ тар æхсæв æддæмæ цæуылнæ фæуадзынц? Кард хойраджы тъыстæй цæуылнæ фæтчы? Цæуылнæ фæтчы цæхх калын, авдæн афтидæй узын, æхсæвыгон дон калын? Æмæ афтæ дарддæр.

Нæ адæмон сфæлдыстад биноныг куы сахуыр кæнæм, уæд хуыздæр базондзыстæм нæхи æмæ нæ истори. Уымæн кæд чысыл фæахъаз уаид ацы чиныг дæр.

ЦГЪОЙТЫ Хазби

– А –

АББАЙКУЫЦЫКК — æлдары æхсæз æххуырстæй иу. Дардта йæ æрмæст цуаны цæуынæн, иннæты та — хæдзары куыстытæн. Æлдар æй иннæтæй фылдæр уарзта, æмæ йæм уыдон хæлæг кодтой. Иу бон æлдарæн афтæ зæгъынц: «Кæд Аббайкуыцыкк афтæ хорз у, уæд ма уæлæ фæсхох иу уæйыг цæры, æмæ йæм ис иу Зонынджын бæх, æмæ дын гъе уый æркæнæд». Афтæ бакодтой æртæ хатты — æртæ хатты дæр æлдар тæргайхуызы домы Аббайкуыцыккæй иуæй иннæ зындæр хæс сæххæст кæнын, æрвиты йæ тæссаг фæндагыл. Аббайкуыцыккмæ ис иу æвæджиау миниуæг — бахъуыды сахат йæхи фестын кæны мæнæуы нæмыг, æмæ йæ уæйыг нал фены. Афтæ бакодта Зонынджын бæх ласгæйæ, стæй уæйыджы хæдфыцгæ аг æмæ хæдисгæ фыдис хæсгæйæ дæр. Фæлæ йын уæйыджы æркæныны: «уый йæ бæх кæмæн у, уыдон йæ аг æмæ йæ фыдис кæмæн сты, уымæн ма йæхи дæр куы фенин!»-ы хæс æххæст кæнгæйæ, уыцы миниуæг дæр нал баххуыс кодтаид. Æмæ уæд уæйыджы йæхи арæзт чырынмæ ныссайдта, йæ сæр ыл æрæвæрдта, зæгæлтæй йæ фидар ныххоста æмæ йæ афтæмæй йе ʻлдармæ æрхаста. Загъта йын: «Уæйыджы дын æрхастон, ме ʻлдар, æмæ райсом куы сыстай, уæд-иу æй рацагур. Æз райсом раджы цуаны цæуын». Йæхæдæг æртæ æддæгуæлæ хæдзары сæрмæ сбырыд æмæ сæм уырдыгæй касти. Æлдар чырыны сæр куы сæппæрста, уæд уæйыг уырдыгæй сгæпп кодта æмæ æлдары ахордта, стæй къуымты разылди æмæ иннæ бинонты дæр ахордта. Аббайкуыцыччы æртæ уæладзыджы сæр куы ауыдта, уæд æм схизыны тыххæй, дурæй цы уыдта, уыдон кæрæдзиуыл фæамадта, æмбисы онг æм куы схæццæ, уæд уырдыгæй рахауд, æмæ зæххыл йæ тъæпп фæцыди, æмæ уым ныммард. Аббайкуыцыкк уæладзыгæй æрхызт. Æлдары исбон иууылдæр уымæн баззадысты.

АВАРЫ БЫДЫР — æбæрæг бæстæ, ис денджызы был.

АВД — ирон адæммæ иуæй-иу нымæцты æвæрд ис дины тæваг, дзурынц сæ нымдгæнгæ, табугæнгæ æмæ арфæйаг ныхæсты. Уыдонæй иу у нымæц авд. Авдимæ бирæ дзырдбæстытæ ис. Æвдгай фырттæ ис Уастырджи æмæ Уациллайæн. Авд æддæгуæлæйы. Аргъæутты авд дуары, Уæйыгыл авд сæры. Авд æфцæджы. Авдуæладзыгон мæсыг. Авдудон (Æвдудон). Авд дæлдзæхы. Авд уæлдзæхы — уæлхуроны уæларвы. Авд хохы сæрты ахизы таурæгъы, аргъауы хъæбатыр. Бæркæдтæ дæр, дам, авд-авды сты. Нарты кадджытæй «Уырызмæджы мæсыг», зæгъгæ, уым Уастырджи дзуры Уырызмæгмæ: «Дæ мадырвадæлтæй цы цъынды æрхастай, уый ахæсс фæстæмæ. Ацу мæ бæхыл, дæхион йæ сæрæн нал у. Акæн мæ куыдзы дæр. Куыдз фурдмæ ныррæйдзæн, науæд дæхи хъæр нæ фехъуысдзæн донбеттыртæм. Стæй дæм чи фæзына, уыдонæн дæ цъынды радт æмæ зæгъ: «Авд хатты мæм авд фæлтæры авд-авды адæм æрхуы мæсыг амайынмæ куыд фæзынат Нартыхъæумæ». Ома, — 2401 адæймагæй.

Раздæр-иу æрвдзæвды фæстæ цоппай кæныны размæ дзуары лæг, хæлттæ сæппаргæйæ, рахицæн кодта авд чызджы æмæ авд лæппуйы. Уыдонæн-иу скæнын кодтой 49 чъирийы (авд хатты авд). Арв адæймаджы кæм æрцавта, уырдæм цæугæйæ дæр-иу адæмы æрурæдта авд хатты. Арвы цæфæй марды дæр-иу хæдзарæй рахастой авд къайæ. Нывонд кусарты фысы цармыл дæр мидæгæй тугæй кодтой авд нысаны, хисты фæстæ æрвдзæфы ингæнмæ цыд 49 хатты. Авд сыгъдæг чызджы æмæ лæппуйы æрвылаз дæр кафыдысты йæ ингæныл. Хурфæлтæры хус рæстæджы-иу хъæуыл дæр къусбар æрзылдысты авд чызджы æмæ авд лæппуйы.

Ирон адæммæ кадджын сты нымæцтæ æртæ, фараст æмæ æстдæс дæр. Нымадтой æртыгæйттæй, æвдгæйттæй æмæ фарастгæйттæй дæр.

АВД-АВД — кадæггæнæг афтæ хоны донбеттырты кадæг «Борæ донбеттыртæм»-ы. Авд-авдæй рацæуынц, сæ разæй хистæр уæззаугай рахызт: хъуынджын æрфгуытæ, бæзджын рихитæ, йæ даргъ урс зачъе ныдзæвд зæххыл. Авд-авды хистæр фынгыл рæбынæй рабадт. Авд-авдæн авдæй уырдыг лæууынц, авдæй сын фынгыл лæггад кæнынц. Авд цæджджинаджы сæм — авд хуызы нозт, фæлæ сау бæгæны у сæ сæйраг нозт. Авд æфсины авд арынджы хыссæ кæнынц, авд чындзы авд къæйыл уæливыхтæ фыцынц, авд лæппуйы сын авд цæхæрыл физонджытæ кæнынц, æмæ сын сæ авд кæстæры тæвд æмæ ногæй фынгмæ хæссынц.

АВД БОНДЗУАН — Нартæ фылдæр цуаны цыдысты авд боны æмгъуыдмæ.

АВДÆН — Дзырд авдæн дæр арæзт у нымæцон авдæй, ома, авд сывæллонæн. Авд сывæллоны бæрц кæмæн уыд нæ фыдæлтæй, уыдон нымад уыдысты æххæст бинонтыл.

Æвдæм сывæллоныл та арæх æвæрдтой (уæлдайдæр та дыгурмæ) ном Авдан-Æвдæм. Адæм цæмæй цот фылдæр кодтаиккой, уый тыххæй хистæртæ сфидар кодтой æнæфыст æгъдау. «Алы бинонтæн дæр авд сывæллонæй къаддæр хъуамæ ма уа!». Æмæ авдæн ног мæйы хуызæн дыууæ æрдæг цалхыл ирон хæдзары къонайы фарсмæ йæ фарны бынат æрцахста. Ирон адæммæ сывæллон сси хæдзары æлдар, зæды къалиу. Сæ хуыздæр хæринаг, сæ хуыздæр зарджытæ æмæ бæллицтæ систы йемæ баст. Авдæн та — табуйаг. Фæсвæд ран авæрын, афтидæй йæ аузын нæ фæтчыд, — хæйрæджытæй, дæлимонтæй йæ хызтой. Йæ куыст-иу куы бакодта, уæд-иу æй хорз ныссыгъдæг кодтой, дзæбæх-иу æй батыхтой æмæ йæ цары бæрæг ран бафснайдтой. Фæлæ дзы бирæ рæстæг нæ фæстиат кодта. Уайтагъд та-иу хæдзары æфсины — Нанайы æртæ чъирийы кæнын бахъуыд. Æристой-иу æй царæй нымдгæнгæ, арфæтимæ, æмæ та дзы ноггуырд — зæды хуызæн чысыл саби йæ гæккитæ хæстон лæгау адаргъ кодта.

Ирыстоны уыд ахæм авдæнтæ, иу хæдзары æртæ-цыппар фæлтæры йæ къахыл чи ауайын кодта. Ома, фыды фыды фыд цы авдæны хуыссыд, уым бастой йæ хъæбулы хъæбулы хъæбулы.

Зындгонд уыдысты зырнæйзылд авдæнтæ арæзджытæ. Йæ къух-иу кæмæн

фæхорз, уый конд авдæнтæ æлхæнынмæ цыдысты дард хъæутæ æмæ кæмттæй дæр. Авдæны фæрцы мад уыцы-иу рæстæг кодта йæ хæдзары зылдтытæ æмæ ма суанг быдыры куыстытæ дæр. Царды фæрæз афтæ амыдта, нæ фаг кодтой кусæг къухтæ, æмæ цалынмæ сывæллон авдæны баст уыд, уæдмæ мады æвдæлд хæдзары куыстытæм.

Авдæн ирон адæмæн бирæ хæрзты бацыд. Бирæ бинонтæн ауызта æвдгай нæ, фæлæ суанг ссæдзгай сабитæй дæр фылдæр. Куыдзойты Барис «Рæстдзинад»-ы йæ иу уацы фыста Цопанты Хъыбызоны тыххæй. Уымæн Уæллаг комы Къæмунты цæргæйæ йæ цардæмбал Афæхъоимæ райгуырд 22 сывæллоны — аст чызджы æмæ цыппæрдæс лæппуйы.

АВДÆНБÆТТÆН — ноггуырды ирон адæм хонынц: Хуыцауы лæвар, зæды къалиу, бинонты паддзах, æлдар, зæрдæдарæн, нæ хур, нæ фидæн æмæ ма ноджыдæр бирæ рæсугъд æмæ мидисджын дзырдтæ-нæмттæй. Аудынц ыл хистæрæй кæстæрмæ иууылдæр. Уый цы хуыздæр ахæра, хорзæн цы скæна, уыдон сты бинонты сагъæс æмæ дзуринаг. Уымæ гæсгæ йæ райгуырдæй йæ байрæзтмæ йемæ бирæ рæсугъд æгъдæуттæ баст ис. Уыдонæй у Авдæнбæттæн дæр. Уыдис-иу ноггуырды райгуырдæй æртыккаг бон. Уыцы боныл хистæр сылгоймæгтæ хъуыды кæнын раджы райдайынц: рагацау самал кæнынц авдæн: æдгобан, æдбаз æмæ æндæр уæлæфтауæнтимæ.

Авдæнбæттæн сылгоймæгты бæрæгбон у. Уыцы бонмæ скæнынц æртæ уæливыхы, æрæвæрынц сæ фынгыл адджинæгтимæ æмæ ностимæ. Авдæн æппæтæй дæр æрцæттæ кæнынц, хæдзармæ, ома бинонты иумæйаг уатмæ æрбахæссынц сывæллоны дæр. Авдæны йæ бабæттыны размæ йын хистæр сылгоймæгтæ скувынц: Стыр Хуыцау, Лæгты дзуар, Мады-Майрæмыл æмæ йæ Бынаты бардуагыл бафæдзæхсынц, Алардымæ скувынц, сывæрнизæй йæ куыд бахиза, афтæ.

Уыцы бон уæлдай хъæлдзæгдæр вæййынц сывæллæттæ, ноггуырдыл фæцин кæнынц. Уæдæ сæм фынгæй дæр адджын хæйттæ æрхауы. Уыдонмæ нæ, фæлæ ма, хæдзары чи уа, уыцы нæлгоймæгтæм дæр.

АВД ДÆЛДЗÆХЫ — ирон адæмон сфæлдыстады, динон дунеæмбарынадмæ гæсгæ Дун-дунейы сконд у авд дæлдзæхæй æмæ авд уæлдзæхæй (уæлхуронтæ дæр ма сæ хонынц). Кадæг «Сослан Косеры куыд ракуырдта» нын зæгъы, Сосланы Косеры мæсыг арвы хæд бынмæ куы сдавта, уæд æй Косер кæй фæсайдта — йæхæдæг зæххыл кæй баззад, уый тыххæй мæстыйæ мæсыгæй ралиуырдта æмæ зæхмæ куы æрхæццæ ис, уæд йæ бынмæ йе ‘мбæрц ныттыдта — авд дæлдзæхы фæци æмæ дæлимонтæм ныххаудта. Æвдæм дæлдзæхы цæрынц дæлимонтæ. Ацы мифон уырнынадæй спайда кодта фыссæг Булкъаты Михал йæ роман «Нарты Сосланы æвдæм балц»-ы. Уæдæ ирон адæммæ «Авд дæлдзæхы фæу»-йæ, зæгъгæ, карздæр æлгъыст, æвæццæгæн, нæй. Афтæ æлгъитынц адæм тынг мæстджынæй кæрæдзи дæр, фосы æмæ суанг кусæн дзаумæтты дæр. Ома, дæлимонты хай фæу! Уый амæлынæй карздæр

у сæ дунеæмбарынады. Мæрдты бæсты æхсæз дæлдзæхæй кæмфæнды дæр цыфæнды хъизæмæрттæ куы æвзарай, уæддæр адæмимæ уыдзынæ, æвдæм дæлдзæхы та — дæлимонтимæ. Æмæ та уырдыгæй дæр Сослан йæ зонд æмæ хъаруйы фæрцы æвыдæй сыздæхы уæлдзæхмæ.

АВД ДЗУАРЫ — ирон адæммæ нымæц авд у табуйаг, уæларвон, арфæйаг. Уымæ гæсгæ баст у зæдтимæ, кувæндæттимæ. Авд Хуры, Авд Уациллайы, Авд дзуары. Ирон адæм кувынц Лæцы, Ерманы, Пуриаты, Регахы, Гæлиаты, Узы Авд дзуармæ. Алы ран дæр сын сæ нæмттæ ранымайынц алыхуызон. Зæгъæм, урстуаллаг Хъороты Гриша Ерманы Авд дзуары хуыдта: Уастырджи, Уацилла, Таранджелос, Реком, Ичъына, Цыргъы дзуар æмæ Сырхы дзуар. Æндæр рæтты сæ нымады вæййынц Хъуды Майрæм, Нары бардуаг, Аларды, Хисты дзуар, Дзывгъисы Уастырджи, Æфсати, Фæлвæра, Тутыр, Хуыцауы дзуар æмæ æндæртæ.

Ахуыргæндтæ куыд раиртæстой, афтæмæй Авд дзуармæ куывтой нæ рагфыдæлтæ дæр. Фæндзæм æнусы фæсномыг автор фыссы, зæгъгæ, Хъырымы горæт Феодосия алантæ хонынц Ардавдæ. Ардавдæ та академик Абайты Васо абоны ирон æвзагмæ тæлмац кæны Авд дзуары.

АВДИУÆГ — Нарты кадджыты æмбæлæм дуаг Авдиуæгыл. Кадджыты загъд ис: «Мæ лæппу фæцыди уæларвмæ, Авдиуæгæн иунæг хо ис, æмæ гъе уымæ курæг». Æвæццæгæн, йæ ном равзæрд Авд дуагæй, зæгъгæ, афтæ зæгъы академик Абайты Васо. Кæнæ та, чи зоны, Авдиуæг равзæрд Æртæиуоны (Троицæйы) хуызæн. Ома, Æртæ иуæджы — Авд иуæджы.

АВДИУÆДЖЫ ХО — Нарты Уæл (р) хæджы фырты ус. «Уый хуызæн сылгоймаг никæй хæдзары ис, Æртæ Нарты уый хуызæн цæхх æмæ кæрдзыныл ничи сбæздзæн», — зæгъы нын кадæг.

АВД НАРТЫ — нæртон адæм сты Æртæ Нарты, фæлæ ма сæ иуæй-иу кадæггæнджытæ Авд Нарты дæр хонынц.

АВД УÆЛДЗÆХЫ — уæлхурон уæлдзæхты фыццаг у, адæм æмæ æппæт цæрæгойтæ кæм цæрынц, æмæ зайæгойтæ кæм зайынц, уый — зæххы уæлцъар. Уырдыгæй уæлæмæ ма арвы тыгъдады ис æхсæз уæлдзæхы-уæларвы.

Уыдонæй алкæм дæр цæрынц зæдтæ, дауджытæ æмæ хæрзудтæ. Æппæты уæллаг — æвдæм уæлдзæхы уæларв у, Æмбал кæмæн нæй, Дунескæнæг Иунæг Стыр Хуыцауы цæрæн бынат. Уырдæм æм стæхынц, зæдтæй кæй бацагуры, уыдон. Æнæхонгæйæ йæм цæуы, йæ хæдзары дуæрттæ йын гом сты Уастырджийæн.

Авд уæлдзæхы æмæ Авд дæлдзæхы сты ныхмæвæрд цæрæн бынæттæ, тыхтæ. Хæлар æмæ Хæрам тыхтæ. Уыдонæн æнæ кæрæдзи цæрæн нæй, фæлæ Хуыцау дæлимонтыл куыд тых у, афтæ хæлары фарн хъуамæ тых уа хæрамы фыдæхыл — амоны ирон динон æмбарынад.

АВД УÆРДОНЫ — Агуындæйы чындздзон дзаумæттæ йæ цæгат — Сайнæгæлдарæй Нарты Ацæмæзы хæдзармæ ластой Авд уæрдоны. Уымæй сыл

ифтыгъд уыдысты домбæйттæ — зубыртæ (афтæ сæ хуыдтой нæ фыдæлтæ, домбайы та — цомахъ).

АВД ХАТТЫ БАЗÆРОНД ÆМÆ АВД ХАТТЫ СНОГ — уый Нарты Уырызмæгæй зæгъынц.

АГУЫНДÆ — афтæ кадæг «Æхсæртæггаты Зивæджы» хуыйны Борæты Бурæфæрныджы чызг. Уый Зивæгыл куы худти, уæд æй Зивæг ралгъыста, Дунескæнæг, æнæлæгæй йæ басывæрджын кæн, зæгъгæ. Зивæгæн йæ ныхас цæуаг уыд, æмæ Агуындæ æнæлæгæй куы баæнхъæлцау, уæд ын лæппу райгуырд, æмæ сæ Бурæфæрныджы фæндæй Зивæгимæ къамбецы цармы нывæрдтой, стæй сæ фурды ныппæрстой. Фурды былгæронмæ сæ уылæнтæ раппарынц, æмæ Агуындæйы æрхъуыдыдзинады фæрцы къамбецы цармæй рахилынц. Хъæды æрдузы æрцæрынц, Зивæг Хуыцауæй цы галуан ракуры, уым, æмæ та Нартимæ баиу вæййынц.

АГУЫНДÆ-РÆСУГЪД — Сау хохы сæр цардис Сайнæг-æлдар. Уыдис ын æвирхъау рæсугъд чызг, чызгæн йæ ном хуындис Агуындæ. Сайнæг-æлдарæн уыцы иунæг чызгæй фæстæмæ цот нæ уыдис, æмæ æнæкæрон бирæ уарзта йæ иунæг чызджы.

Агуындæ-рæсугъдæн йæ цыллæ хъуымбылдзыкку хæццæ кодта раст йæ фадхъултæм. Нарæгастæу æмæ гуырвидауц. Йæ сау цæстыты каст уыдис фæскъæвда хур бон; йæ ми кæнынмæ бавнæлд — цæрдæг, раст бирæгъы фæлæбурдау; денджызы хъазау, уæдæ цы загъдæуа, — йæ рацыд. Райсом раджы-иу тасгæ-уасгæ куы рацæйцыдис дон хæссынмæ, уæд-иу цыма мæй йæ гогонæй касти, сæнтхур та — йæ цæсгомæй. Уыд рæсугъд пылыстæджы хуызæн урс-урсид къух.

Нарты сагсур фæсивæдæн-иу сæ бæхты фынк калдис Агуындæ-рæсугъды цæстмæ хъазынæй, фæлæ сæм уæддæр Агуындæ-рæсугъд иу хатт дæр нæ ракаст Сау хохы айнæджы сæрæй. Сайнæг-æлдармæ Агуындæйы тыххæй чи нæ сминæвар кодта, фæлæ дзы иуæн дæр нæ бакуымдта.

Агуындæ-рæсугъд йæхи нæ бауромы Ацæйы-фырт чысыл Ацæмæзы уадындзы зардмæ, йæ зарджытæм нал фæлæууы, йæ куыст фæуадзы, айнæджы тигъæй ракæсы. Ацæмæзæн уарзондзинад йæ уæнгты куы ахъары. Агуындæ-рæсугъд дæр, лæппуйы ауынгæйæ, уарзондзинадæй куы базыр-зыр кæны. Мæнæ куыд зæгъы Сайнæг-æлдар йæ чызджы уарзондзинады тыххæй:

– О, мæ хивæнд иунæг бындар, куыд дæм кæсын, афтæмæй æнæкæрон бирæ уарзыс сыгъзæрин уадындз æмæ рæсугъд цæгъдтытæ æмæ иуазыккон сæрджын сагтæ, фæлæ уыдонæй тыхджындæр бауарзтай Ацæйы-фырт чысыл Ацæмæзы.

Иу абонæй иннæ абонмæ фæбадтысты, фæзарыдысты, фæкафыдысты Ацæмæзы чындзхæсджытæ Сайнæг-æлдары хæдзары, стæй рараст сты Сау хохы айнæгæй — Агуындæ-рæсугъды Нартмæ Ацæмæзæн рахастой. Агуындæйы чындздзон уæрдон уыдис æвзистæй, æмæ дзы ифтыгъд уыдис авд

сæрджын саджы — Æфсатийы лæвар. Чындзхæсджытæн сæ фæстæ авд уæрдоны дзаг — чындзы дзаумæттæ. Агуындæйæн къухылхæцæг уыд бæрзонд Уастырджи, дыккаг æмбал ын — Нарты Уырызмæг. Зæрдæхъæлдзæгæй йæ æрхастой æмæ йæ Нарты Хæдзармæ бакодтой.

Агуындæ-рæсугъдмæ ис нымæтын ехс. Ацæмæз ын йæ ныхæстæм сæ фыццаг фембæлды куы рамæсты æмæ йæ сыгъзæрин уадындз сау хохы тигъыл куы ныццавта, æмæ уадындз лыстæг муртæ куы баци, уæд Агуындæ æрхызт айнæгæй, æрæмбырд кодта уадындзы сæстытæ æмæ сæ бахаста сæхимæ, йæ нымæтын ехсæй сæ æрцавта, æмæ аныхæстысты, — цы уыдис, уый фестадис сыгъзæрин уадындз. Æмæ йæ афтæмæй фæстæдæр балæвар кæны Ацæмæзæн. Уый йыл йæ чындзæхсæвы бирæ фæзарыд.

АГУЫР. АГУЫРЫ ÆФСАД — Нарты кадджыты цыдæр æбæрæг адæмыхатт. Се ‘фсад афтæ бирæ сты, æмæ быдырты нæ цæуынц. Бырсынц Нартæм, тых сын кæнынц. Кадæг «Айсана»-йы уæларвон Сафайы уазджытæ Уастырджи, Æфсати, Тутыр, Уацилла, Ногбон æмæ Елиа фынгæй куы сыстадысты, уæд зæхмæ фæлгæсын байдыдтой, кастысты Нарты хъæумæ. Кæсынц, æмæ Нарты хъæуы Агуыры æфсæдтæ бæхы фаджысы бын фæкодтой.

Нарты адæмæн сæ бæгуыдæртæ хæтæны уыдысты, фæлæ иннæтæ иу ранмæ æртымбыл сты симды симынмæ. Агуыры æфсæдтæ фат йæ уæнтыл кæмæн ныццæвынц, уый рогдæр асимы, арц йæ уæрджытыл кæмæн ныццæвынц, уый тынгдæр скафы. Дисыл фесты зæдтæ: «Цæмæй конд сты ацы Нартæ — йе сæ фат куынæ хизы, йе сæ кард куынæ кæрды».

Айсана Сафайы хъан уыд, йæхи хæстон арæзт скодта, Уастырджийы лæвар бæхыл абадт, æрцыд Нарты хъæумæ, Агуыры æфсæдты цур балæууыд. Байдыдта сæ цæгъдын æмæ кæй мардта, уыдоны туджы зæй иннæты ласта. Афтæмæй Агуыры æфсæдты ныццагъта.

АДАЙЫ КОМЫ АВД ДЗУАРЫ — æвдгай дзуæрттæм бирæ кæмтты кувынц, алы ран дæр сæ ранымад вæййы алыхуызон. Туалгомы дæр кувынц сæхи комы авд дзуæрттæм: Регахы, Пуриаты, Засыхы æмæ Адайы комы æвдгай дзуæрттæм.

АДÆЙМАГ — Хуыцау цæрæгойты куы сфæлдыста, уæд адæймагæн бахай кодта дæс æмæ ссæдз азы цæрæнбон. Адæймаг æнæфсис æмæ æнæразы кæм нæу — чысыл æм фæкастысты йæ царды азтæ, æмæ Хуыцаумæ балæбурæгау кодта.

– Ахæм чысыл цæрæнбон мын цæмæн бахай кодтай? — тыхстæй дзуры адæймаг.

– Кæд дын нæ фаг кæны, уæд дæлæ хæрæджы азтæй айс, — загъта йын Хуыцау.

Рацыд адæймаг хæрæгмæ азтæ курæг. Радта йын дзы, фæлæ йæм уыдонимæ дæр фаг нæ фæкастысты йæ цæрæнбонтæ.

Хуыцау та йын афтæ:

– Дæлæ куыдзы азтæй дæр айс.

Райста куыдзы азтæй дæр адæймаг. Фæлæ уæддæр разы нæ уыд Хуыцауы уынаффæйæ.

Бацыдис та йæм. Уый дæр та йын загъта:

– Омæ дын кæд фаг не сты, уæд ма дæлæ маймулийы азтæй дæр айс.

Райста та адæймаг маймулийы азтæй дæр. Фаг æм нæ фæкастысты йæ цæрæнбонты азтæ уæд дæр, фæлæ Хуыцаумæ бацæуын æмæ ма дзы ракурын йæ цæсгом нал бахъæцыд.

Уæдæй фæстæмæ адæймаг йæ царды бонтæ æрвиты лæджы, хæрæджы, куыдзы æмæ маймулийы цардæй: сывæллонæй бинонтæн вæйийы æлдары бынаты, цы хуыздæр бахæра, цы хуыздæр скæнайыл фæархайынц, стæй дæр æнæмæт вæйийы; йæ лæджы кармæ куы бацæуы, уæд æй бадомы хæрæджы куыст; уый фæстæ æнæбонæй никæйуал фæхъæуы æмæ куыдзау алцæмæдæр æнхъæлмæ кæсы; бынтон зæрондæй, куы ныхъхъырттæг вæйийы, йæ зонд куы фæцæуы, уæд та маймулийы цард фæкæны.

АДÆДЗÆ — ирон адæмон сфæлдыстады Хурæн ис æртæ чызджы: Адæдзæ — Нарты Уæрхтæнæджы иунæг фырт Сыбæлцы ус, Ацырухс — нæрæмон Сосланы цардæмбал æмæ Хорческæ — болатрихи Хæмыцы ус. «Сыбæлц æхсæвы райгуырди, — зæгъы кадæг «Уæрхтæнæджы фырт Нæртон Сыбæлц». — Куы сбон ис, уæд Хур рудзынгæй æрбакастис, æмæ Хуры тынтæ Сыбæлцы цæстытыл хъазын байдыдтой; лæппуйы цæсгом ныррухс ис Хуры тынтæй.

Уæрхтæнæг уый куы ауыдта, уæд бахудти, æмæ йæ йæ ус афарста:

– Цæуыл афтæ зæрдиагæй ныххудтæ, нæ лæг?

Уæрхтæнæг ын загъта:

– Æз ма йын уымæй тарстæн, хъуыддаг куы нæ суа, мыййаг, зæгъгæ, фæлæ ныр хорз рауад — дысон Хурæн дæр чызг райгуырди æмæ ныр рудзынгæй Сыбæлцы цæстытæм æрбакасти æмæ лæппуйы бауарзта, æмæ æз гъе ууыл ныхъхудтæн.

Адæдзæ-рæсугъд æмæ нæртон Сыбæлц сæ цард баиу кодтой Хуры хæдзары. Уырдæм Сыбæлцы аскъæфтой Хуры хъæуы лæппутæ, мæнæ нæ сиахс, зæгъгæ. Хуры хæдзарæй Нартмæ цæуын фæнд куы скодтой, уæд Адæдзæ йæ фыд Хурæн афтæ зæгъы: «Мæ хицауæн цы лæвар фæхæссон?». Æмæ йын Хур зæгъы: «Мæнæ йын ацы згъæр ахæсс». Æмæ йын радта згъæр. Згъæр та ахæм згъæр уыди, æмæ йе ‘фцæгъотæй заргæ кодта, йæ риутæй — хъырнгæ, йæ дыстæй — æмдзæгъд, йæ фæдджитæй та — кафгæ. Згъæр рахастой, афтæмæй æрцыдысты Сыбæлц æмæ Хуры чызг рæсугъд Адæдзæ, зæронд Уæрхтæнæджы хæдзармæ æмæ уым чындзæхсæвтæ фæкодтой».

АДÆЙМАДЖЫ СТЪАЛЫ — ирон динон уырнынадмæ гæсгæ алы адæймагæн дæр арвыл ис йæхи стъалы. Уый райгуыры йемæ æмæ ахуыссы, адæймаг куы амæлы, уæд. Уый куыд æрттива, афтæ амондджын у йæ царды адæймаг. Йæ хъуыддæгтæ хорз кæмæн фæцæуынц, уымæй фæзæгъынц: «Уымæн йе стъалы арвыл цæхæртæ калы», кæнæ: «Амондджын стъалыимæ райгуырд».

АДÆЙМАДЖЫ ХОРЗДЗИНÆДТÆ — «Кæсын æмæ иу ран мæ фæндагыл рифтæгтæ, — дзуры та Сослан Мæрдты бæсты Бедухайæн, — мæнæ цы рифтæгтæ ис, зæгъгæ, сæм ехсы хъæдæй уæлбæхæй æрæвнæлдтон. Тыхджын та куыннæ дæн — нарты хъæзтыты-иу барæг уæлбæхæй фелвæстон, фæлæ уыдоны, маразæгъай, змæлын дæр фæкæнон, мæ ехсы хъæд асаст. Мæнæ диссаг, зæгъгæ, æргæпп кодтон бæхæй, схæцыдтæн сыл иу къухæй, нæ мын скуымдтой сисын; дыууæ къухæй сæм февнæлдтон æмæ мæ уæрджыты сæртæй дæлæмæ зæххы афардæг дæн, уæддæр мын фезмæлын дæр нæ бакуымдтой. Мæнæ стыр диссаг, зæгъгæ, загътон æмæ сæ ныууагътон».

— Куыд сæ хъуамæ сфæрæзтаис! — загъта Бедуха, — уыцы рифтæггæ сты адæймаджы хорздзинæдтæ.

АДÆУ-УÆЙЫГ-ÆЛДАР — ис Нарты кадджыты, ис æм хæдкæрдгæ цыргъаг, адæмы цæгъдæг хотыхтæ.

АДÆХЪЫЗ — нæртон рæсугъд Уæзæфтауы мад. Йæ лæг раджы амард. Йæ чызг куы бахъомыл, уæд ын бар радта, йæхи кæмæй фæнды, уымæй смой кæнын. Уæзæфтау равзæрста Ацæмæзы. Адæхъыз Нарты ‘хсæн нымад уыд зондджын сылгоймагыл, йæ амындмæ хъуыстой, фарстой йæ зондæй (кадæг «Адæкези кизгæ Уæзæфтау»).

АДÆАЛ — кадæггæнæг афтæ дæр хоны еугуыппарты.

АДУХÆ — Нарты Уырызмæг æмæ Сатанайы чызг.

АДЫЛ — Нарты кадджыты тынг хъæздыг лæг. Кадæг «Сатанайы лæппу»-йы кæсæм Уырызмæджы ныхæстæ: «Дыууæ доны кæм баиу вæййынц, уыцы ран йæ галуаны цæры æмæ хæры Адыл… Адылы хъæздыгæн æндæр хъуамæ макуы разына». Йæ галуаны алыварс ис фидæрттæ. Ис ын иунæг чызг, хонгæ та йæ кæнынц Адылы рæсугъд чызг.

АДЫЛЫ РÆСУГЪД ЧЫЗГ — (вариант 1) Сатанайы лæппуйы ус. Кадæг нын зæгъы, зæгъгæ, Адылæн ис ахæм чызг, æмæ арв йæ къабæзтæ кæм ауагъта, уым уый хуызæн уындæй дæр, æгъдауæй дæр нæ разындзæн. Дунейы хæрзæджытæй йыл чи нæ сдзырдта, ахæм нал баззад, фæлæ нæ комы никæмæн. Адылы рæсугъд чызг зоны, йæ мойаг кæй у Нарты Сатанайы хорз лæппу, æмæ уымæ æнхъæлмæ кæсы. Æмæ куы баиу сты, уæд сын цæрынтæ бацайдагъ Адылы фидæртты, дыууæ доны астæу хуыдзыхау кæм фæци, уым, æппæтæй дæр æххæст, афтæмæй.

Адылы рæсугъд чызг йæ мойæн зæгъы: «Æвæдза, лæппуйæн бинонтæ куы фæци, афтæ йæ нал фæхæссы хæдзарæй йæ къах. Кæсын дæм, æмæ дæ гуымиры тых цæйбæрц райрæзт, уыйбæрц дæ зонд нæма у! Гуымиры тых та зонд куынæ араза, уæд фыдбылызы сæдзы адæймаг». Æмæ йæ арвыста Тархъы Сындзмæ сау рувасы ахсынмæ. Уымæн та йæ ныхыл уыд æртæ æрдуйы: сæ иу ын зондамонæг сси, аннæ йын фестад рон, æртыккагæй скодта æгънæджытæ, æвзист æмæ сыгъзæрин арæзт. Йæ усы зондæй Гуры фидар байсджыты разæй цæуæджы хай æртæ дзаумайы: æрчъиаджы султъы, нымæтын ехс æмæ гамхуд

дæр æрхаудысты уымæ. Уый фæрцы Нартæ базыдтой, йæ мой Сатанайы лæппу кæй у, æмæ йæ Адылы рæсугъд чызгимæ рахуыдтой Нарты бæстæм цæрынмæ.

АДЫЛЫ ЧЫЗГ — (вариант 2) цæры æрхуы мæсыджы уæллаг уæладзыджы. Мæсыгмæ бахизæны иу кадæгмæ гæсгæ зилынц налмас цæлхытæ, иннæ кадæгмæ гæсгæ та Адылы чызджы хъахъхъæнынц, мæсыджы алыварс зæххыл цыдæриддæр ис, уыдон, суанг дуртæ дæр. Аскъæфæн ын ис æрмæстдæр арвыл. Уый сæ къухы бафтыд Уастырджи æмæ Уациллайæн. Уацилла арв æмæ зæхх кæрæдзиуыл ныххоста. Адылы чызджы мæсыг дæр бындзарæй нызмæлыд, æмæ мæсыджы бадæг фæрсагæй ракаст, адæм иууылдæр фæцагъд сты, уый базоныны тыххæй. Уыцы рæстæг Уастырджи та цæргæсы хуызы бацыд æмæ бадт мæсыджы фæлгуырыл. Уастырджи чызджы фелвæста æмæ йæ рахаста Алыты Алымбеджы чызгмæ. (Кæс «Алыты Алымбеджы чызг»).

Адылы чызг у саурæсугъд, сауæрфыг. Йæ иу ракаст дæр — хурыскастау, йæ мидбылхудт дзæбæх кодта алы низтæ, йæ даргъ дзыккутæ — сынты базыртау, йæ æрфгуытæ — ног мæйау къæлæсытæ.

АДЗАЛ — адæймаджы царды кæрон, Стыр Хуыцау ын йæ райгуырæн боны кæдмæ фæцæрын сныв кæны, уый. Адзалæн — мадзал нæй, — фæзæгъынц ирон адæм. Ома, уый у æнæмæнг æрцæуинаг æмæ йын бауромæн нæй. Адзал адæймагæн у йæ хъысмæтæй кæнгæ.

АДЗАЛЫ ÆРТÆ ФАТЫ — таурæгъты кæлæнгонд фæттæ, кæуыл сæ æхстаис, уымæй сын фæивгъуыйæн нæ уыд, сæхæдæг æй агуырдтой, тахтысты йæм æмæ дзы ныхстысты. Раст абоны ракетæтау уыдысты рæстдзæвин.

АДЗАТЫ ИУЦÆСТОН УÆЙЫГ — цæры Нартæй авд цæугæдоны фале. У тыхгæнæг. Аскъæфта Уæрхтæнæджы дунейы рухс Хорæхæрзæйы æмæ йæ цырддзастæй хъахъхъæны. Йæ цæрæн хæдзары æфсæн дуæртты мидæмæ куы хизай, уæд ныхъхъылист кæнынц, æмæ Адзаты уæйыг фехъал вæййы. Æфсæн дуæрттæй куы бахизай, уæд та фембæлдзынæ иу уасæгыл. Уый ахæм уаст ныккæны, æмæ Адзаты иуцæстон уæйыг цыфæнды тарф фынæй уæд, æнæ сыхъал нæ фæуыдзæн. Уымæй дæр куы аирвæзай, уæд та — йæ бæх. Исчи мидæмæ куы цæуа, уæд æй йæ хъустæ хæрынц, æддæмæ цæуа, уæд та йæ къæхтæ. Ныммырмыр кæндзæн, æмæ дзы лæг æвыдæй нæ баззайдзæн.

Æппæт уыцы къуырцдзæвæнтыл ахизы Уæрхтæнæг йæ фондзыссæдз нæртон гуырдимæ æмæ цагъары цардæй ферваæзын кæны Хорæхæрзæйы. Уымæй чызгæн йæхи æххуысы фæрцы дæр. Фæсте сæ расырдта Адзаты иуцæстон уæйыг. Нартæ йыл сæхи æртæ æрдыгæй æрбауадзынц, Хорæхæрзæ дæр семæ, афтæмæй, æмæ йæ амардтой. Иу ныхас ма скодта уæйыг: «Нырæй фæстæмæ сылгоймагыл æууæнк макуы уæд, нæлгоймагæн та масты хос уæд».

АЗА-БÆЛАС — зайы Мæрдты бæсты. Дзæнæты бæлас. Йæ сыфтæм ис низтæ сурын æмæ мард æгас кæныны тых. Кадæг «Сослан Мæрдты бæсты»-йы. Сослан Хуры чызг Ацырухсы куы куры, уæд йæ ирæды ис Аза-бæласы сыфтæ, æмæ йын Сатана афтæ зæгъы:

«Аза-бæласы сыфтæ ацы дунейыл никуы ссардзынæ, уыдон ракурын хъæуы Мæрдты бæсты хицау Барастырæй, æмæ дын сæ дæ мард ус Бедуха куы нæ ракура, уæд дæ къухы нæ бафтдзысты». Сослан фæцыд Мæрдты бæстæм æмæ æрхаста Аза-бæласы сыфтæ.

АЗАН БÆЛАС — Донбеттырты фæткъуы бæлас.

АЗА-СЫФ — Аза-бæласы, Мæрдты бæсты Дзæнæты бæласы сыф.

АЗАУ (ХАН)-РÆСУГЪД — иу кадæгмæ гæсгæ Хурæн авд чызджы уыди. Æхсæзы дзы Залиаг калм бахордта. Æвдæмы, Азау-рæсугъды, хохы сæр мæсыджы бакодта æмæ йыл дзаума хуыйынæй хъалон сæвæрдта. Тагъд-тагъд хуыйгæйæ-иу йæ болат судзин куы сзынг, уæд ын йæ къухтæ сыгъта æмæ-иу æй цъитимæ баппæрста. Азау-рæсугъды Залиаг калмæй ферваæзын кæны фосы Фæлвæрайы фырт Дзудзумар. Дзудзумаримæ сæ фыццаг фендæй кæрæдзи бауарзынц æмæ куы фембæлынц, уæд «кæм ма уыд хуыд, кæм ма — сынк. Кæрæдзиуыл дæллагхъуыр-уæллагхъуыр кæнынц чызг æмæ лæппу», — зæгъы нын кадæг.

Азау-рæсугъд у зондджын сылгоймаг. Йæ зонды фæрцы Дзудзумар уæлахиз кæны цыфæнды зынтыл дæр. Ис æм нымæтын ехс, цыппарæрдæм æй рахæссы, æмæ йæ цы фæнды, уый йæ разы фесты.

АЗÆЛД — уынæры бардуаг, уддзæфы бардуаг Уахъæзы æфсымæр. Таурæгъмæ гæсгæ сæ мад амард, Азæлд дзурын дæр нæма зыдта, афтæ. Æмæ баззад йæ иунæг æнахъом хо Уахъæзы æвджид. Уый йын уыд хо æмæ мад дæр. Йæ хъомыл кæнын иууылдæр уыд уый бæрны. Уый йæм каст, рæвдыдта йæ, узæлыд ыл. Ахуыр æй кодта дзурын, къахдзæфтæ кæнын. Сæ кæрæдзийыл æрхъæцмæ нæ хъæцыдысты. Цардысты æмæ рæзыдысты кæрæдзийы цинæй. Фæлæ сæ мады фæстæ сæ удæнцойдзинад бирæ нæ ахаста. Фыд ус æрхаста. Уый æгъатыр фыдсыл разынд, æмæ сидзæрты æнæмæт, зæрдæрай цард фехæлдта, йæ мæрдты уæнгæл федта хо æмæ æфсымæрæй. Схуыст ныхас, рæхуыст йеддæмæ дзы иу рæвдыд ми нæ банкъардта Уахъæз. Сывæллон, дам, зæрдæ зоны — йæ иу фендæй дæр-иу скуыдта Азæлд. Æмæ уымæй ноджы карздæр кодта фыдыус.

Уахъæз бонæй-бон тынгдæр мысын райдыдта йæ мады. Кæугæ-дзыназгæ-иу, Азæлд йæ хъæбысы, афтæмæй балæууыд хъæуы сæр уæлмæрдты, йæ ингæны уæлхъус-иу бирæ фæбадт, йæ хъæстытæ йын-иу фæкодта. Иуахæмы та уæлмæрдты кæуын æмæ дзыназынæй куы бафæллад, уæд йе ‘фсымæры фарсмæ нæууыл æрфынæй. Азæлд ма уæд дæр дзурын нæ зыдта, æрмæст-иу фæзмæгау иугай ныхæстæ скодта. Зынтæй цыд къахыл дæр. Ныр дæр йæ хойы кæуынмæ Уахъæзæй раздæр æрфынæй нæууыл æмæ хъал дæр раздæр раци. Дыгъал-дыгъул кæнгæ слæууыд йæ къæхтыл æмæ уæлмæрды кæрон рындзмæ хъавгæ-цудгæ цыдæй араст. Араст йе сæфты фæндагыл. Чи йæ баурома, йæ къух æм чи бадара, уый йæ иунæг хо, фæлæ ууыл куыдвæлладæй хуыссæг фæтых, йæ быны йæ скодта, æмæ йæхи дæр не ‘мбары. Мад уа, æмæ ингæны къултæ куыд атона! Æндæр змæлæг нæй.

Азæлд рындзмæ бахæццæ, иу чысыл фæцудыдта, æмæ дæ фыдгул — афтæ. Рындзæй асхъиудта æмæ дуры къуыбарау дæлдзинæгмæ фæтæхы. Кæцæйдæр ма хаугæ-хауын йæ хойы номимæ йæ кæуын сыхъуыст. Уахъæз йæ бынаты фесхъиудта, фехъал æмæ, йе ‘фсымæры йæ фарсмæ куы нæ ауыдта, уæд хъæр кæцæй фехъуыст, уыцырдæм «Азæлд! Азæлд!» хъæргæнгæ фырадæргæйæ азгъордта. Хуыссæгхъæлдзæгæй йæ æрбайрох уæлмæрды кæроны рындз, æмæ дзы йе ‘фсымæры фæдыл асхъиудта.

Азæлд æмæ Уахъæзы агурæг хъæубæстæ фæфæдис сты, дæлдзинæгæй сæ схастой, фæмарой сыл кодтой, стæй сæ баныгæдтой сæ мады фæйнæ фарс. Саби зæд у, — фæзæгъынц ирон адæм. Сæ хъысмæтыл Хуыцауы зæрдæ дæр фæрыст æмæ сын се ‘взонг удтæ Мæрдты бæстæм нæ ауагъта. Ныууагъта сæ Зæххыл. Æмæ ма абон дæр иумæ Арвæй Зæххы æхсæн хæтынц. Систы уынæр æмæ уддзæфы бардуæгтæ. Азæлд ныр дæр ма дзурын нæ зоны æмæ фæзмæгау кæны алы уынæр дæр. Хъазы, худы, мах дæр йæ митыл цин кæнын кæны. Уахъæз ыл ныр дæр у иузæрдион, йæ хъæбысы йæ радав-бадав кæны хæхты, дæтты, быдырты сæрты, иумæ фæмидæг вæййынц хæхты цъассыты, лæгæтты, нарæг, къуындæг бынæтты, æмæ та уырдыгæй райхъуысы уынæры бардуаг Азæлды фæзмæгой хъæлæсы хъазт. Уахъæз æй рæвдауы, узæлы йыл. Йæ узæлд æнхъæвзы адæммæ дæр. Æнтæф бон ма Уахъæзы узæлдæй хуыздæр цы ис! Йæ андзæвд, йæ улæфт ын хуымæтæджы уддзæф нæ хонæм — нæ удты нын рæвдауы. Азæлд та нын фæзмы нæ ныхас æмæ нæ худын кæны нæхиуыл.

АЗГАР — тыхгæнæг. Бурæфæрныджы хæрæфырт. Цæры Дзылаты хъæуы.

АЗН — кадæг «Сослан æмæ Уырызмæджы» (В. Миллеры фыст) Азн у Нарты знаг. Сæ æдыхы рæстæг сыл хъалон сæвæрдта: карк кæмæ ис, уымæй сæдæ карчы, фос кæмæ ис, уымæй сæдæ фысы, хъуг кæмæ ис, уымæй сæдæ хъуджы, гал кæмæ ис, уымæй сæдæ галы, бæх кæмæ ис, уымæй сæдæ бæхы, бындзы сæры магъз къоппайы дзаг, хуысар хъуымацы сыгъдонæй батманы (тæсчъы) дзаг, царв, физонæггаг, Тутыры гуырд дыууæ галы, залгъæдæй сын æфсондз. Уыдон нын куынæ ссарат, уæд уæ хъæухаст ракæндзыстæм.

АЗНЫ ÆРТÆ ФЫРТЫ — Азн амард, фæлæ йын баззад æртæ фырты. Уыдон æнæнхъæлæджы фембæлдысты Сослан æмæ Уырызмæгыл æмæ сæ æрдомдтой сæ фыды хъалон. Нартæ сагъæсы бахаудтой. Уæд Сатана Уырызмæгæн афтæ: «Донбеттыртæм лæппу радтон, æмæ сын уый куы ницы хос скæна, уæд никæй бон суыдзæн». Стæй Сатана Донбеттыртæм фæцыди æмæ сын загъта: «Æз уæм цы лæппу радтон, уый рарвитут, кæд истæмæн бæззы, кæннод Нартæ сæфынц». Æмæ йæм уыдон рахуыдтой Уырызмæджы фырт Асанайы. Уый ацыдис Азны фырттимæ хæцынмæ æмæ æртæйы дæр амардта.

АЗНЫ БЫДЫР — Нарты Уырызмæг æмæ Сослан Азны æртæ фыртыл фембæлынц Азны быдыры.

АЗЫРТÆ — Нарты кадджыты фыдгæнæг адæм. Нарты адæмимæ нæ фидыдтой. Истой тыхæй, мардтой æмæ стыгътой. Адæмæн тых кодтой, фæлæ сын Уæрхæг

æмæ Уæрхтæнæгимæ уый нæ рауад. Уæрхæджы сæ уазисæнмæ мæнгардæй куы басайдтой æмæ йæ, цъæх арт кæй бын сыгъд, ахæм цæджджинаджы куы ныппæрстой, уæд æм Уæрхтæнæг æхху ысмæ фæзынд. Уæрхтæнæг сын сынæгæй сæ дурын къултæ стыдта æмæ тæвд агæй Уæрхæджы фелвæста.

Дыууæ æфсымæры сæ кæрдтæ фелвæстой, Азыртыл ралæууыдысты æмæ сæ мыггаг нал ныууагътой. Быны сау сæфт сæ фæкодтой, стæй сын Нартæм æртæлæт кодтой сæ ис, сæ бис. Азырты бæстæ дæр сæхи бакодтой.

АЗЫРТЫ ГУЫМИР — Азыртæ тыхджын æмæ фыдмыггаг уыдысты. Тых хастой алкæмæн, æмæ сæм ничи уæндыд. Уымæй уæлдай ма сæм уыд гуымир дæр. Уымæн йæ цæстытæ уыдысты цады йæстæ, йæ цæнгтæ — стыр хъæдтæ, дзых — авд ивазны бæрцæн, дæндæгтæ — дуæрттæ, зæнгтæ — цъынаты стæвдæн.

Тыхгæнæг ын тых нæ ардта. Йæ мæлæт та уыд йæхи кардæй. Уымæй дæр æй кæд раздæр æхсидгæ доны фæтъыстаис, кæннод ыл не схæцыдаид. Азыртæ сæ гуымиры сардыдтой Нартыл, цæмæй сæ мыггагскъуыд фæкодтаид. Фæлæ йыл Уæрхтæнæг зондæй фæтых: йæ сусæгдзинæдтæ дзы ракъахта, стæй йæ цæлы фынгыл авд гарзы ронгæй фæрасыг кодта. Æмæ гуымир куы афынæй, уæд æй йæхи кардæй барæхуыста.

АЙГУЫРТÆ — «Ахæм адæм уыдысты æмæ туг æмæ æхсырæй цардысты», — зæгъы нын кадæг «Фарнæг æмæ айгуыртæ». Айгуыртæ сæ хъомвосы дæйгæ дæр кодтой æмæ сын сæ туг дæр цъырдтой. Нæ ауæрстой адæмы туг цъирыныл дæр. Айгуыртæ алы майрæмбоны размæ бон кæнæ æхсыр, кæнæ тугæмхæццæ æхсыр хъуамæ нуæзтаиккой. Иуахæмы ныббырстой Нартæм дæр. Авд æхсæвы æмæ авд боны фæхæцыдысты Фарнæг æмæ Нартæ айгуыртимæ. Нартæ сыл фæтых сты, стæй айгуырты бæстæм ныфсæрстой æмæ сæ бындзагъд ныккодтой.

АЙНÆДЖЫ ФИДАР — арæх æмбæлы ирон адæмон сфæлдыстады, уæлдайдæр та — Нарты кадджыты. Сослан Бедухайы куы ракуры, уæд æй цæрынмæ ахоны Айнæджы фидармæ.

АЙСАНА — Нæртон Уырызмæг æмæ Сатанайы фырт. Кадæг «Уырызмæг æмæ Сырдон» нын зæгъы: «Нартæ æрæмбырд сты æмæ загътой: «Уырызмæг йæхиуыл фæхæцыди æмæ ферваæссыди йæхиуыл. Ныр ма уымæн зæнæг куы фæуа, уæд йæ зæнæг дæр сæ фыды хуызæн рахæсдзысты, æмæ ма уæд махæн Нарты ‘хсæн цæй цæрæн ис?» Рахъуыды-бахъуыды байдыдтой, ратæрхон-батæрхон, æмæ ницы сæ бон у æрымысын. Уæд загътой: «Сырдоны бафæрсæм». Сырдон Нартæм мæсты уыди æмæ сæ Ныхасмæ дæр нæ цыди. Ныхасмæ йæ æрбахонын та йæ ныфс ничи хаста, æмæ хъæлæба систой. Сæ хъæрмæ фæзынд Уырызмæг æмæ уый сразы Сырдонмæ фæцæуыныл, æцæг сæ цæмæн хъуыд, уый нæ зыдта. «Фæлтау мæ уадз, Уырызмæг. Дæуæй ма æфхæрд нæ зонын, æмæ мæм дæхи ма хæрам кæн», — зæгъы йын Сырдон, фæлæ йæ Уырызмæг æнæцæугæ нæ ныууагъта.

Нартæ æнцад нал уадзынц Сырдоны, мыхъытæ æмæ йæ гуыппытæ кæнынц:

«Раст нын зæгъ, Уырызмæгæй куыд фервæзæм, уый. Кæннод дæ марæм!». Уырызмæг æм дзуры: «Зæгъ, Сырдон, куыд мæ фервæзой, уый». «Уæдæ дæ тæригъæд дæхи: Сатанайæ дын цы зæнæг цæуа, уыдон дын кæронмæ ма цæрæнт! Уæд дæ Нартæ дæр фервæздзысты».

Сырдоны дзырдтæ Уырызмæгыл æрцыдысты. Сатанайæ цы цот гуырди æргомæй дæр æмæ фæсауунæй дæр, уыдонæй иу дæр лæджы рæгъмæ нæ хæццæ кодта — Уырызмæджы къухæй иу мæрдтæм бацыд. Уымæ гæсгæ-иу Сатанайæн лæппу куы райгуырд, уæд æй куы йæ мадырвадæлтæ Донбеттыртæм æмбæхста, куы йæ чырынгонд бæлæгъы æвæрдæй фурды æппæрста (кадæг «Сатанайы лæппу»). Айсана сын куы райгуырд, уæд та йæ уæларвон Сафа йæхицæн хъан скодта. Лæппуйæн куывд чи скодтаид, йæ хъаны бар уый уыди. Сафа урс галы æфцæгыл зæлдаг бæндæн бафтыдта æмæ йæ æркодта Нарты хъæумæ. Ныхъхъæр кодта Уырызмæджы дуарæй: «Чи райгуырд, уый цæринаг, йæ хъаны бар та мæн куыд уа!». Йæхæдæг гал аргæвста æмæ куывд скодта Нартæн. Лæппуйыл ном сæвæрдта Айсана, зæгъгæ, стæй йæ Сафа йемæ ахуыдта уæларвмæ.

Айсана куы рахъомыл, уæд æм Сафайы хæлæрттæ Уастырджи, Æфсати, Тутыр, Уацилла, Ногбон æмæ Елиа уынынмæ æрцыдысты. Сафа уазджыты бакодта хæдзармæ, æрбадын сæ кодта дывæхсыг бандæттыл æмæ сын сæ разы фынгтæ æрæвæрдта алыхуызон минасимæ. Айсана йæ худ систа æмæ уазджыты раз уырдыг лæууын райдыдта.

Уазджытæ фынгæй куы сыстадысты, уæд зæхмæ фæлгæсынц, кæсынц æмæ Нарты хъæуы Агуыры æфсæдтæ фаджысы бын фæкодтой. Нарты адæмæн сæ бæгуыдæртæ хæтæны уыдысты, иннæтæ иу ранмæ æртымбыл сты. Зæдтæ фæстæмæ баздæхтысты, æрбадтысты та фынгтыл æмæ дисгæнгæ радзырдтой Сафайæн, зæххыл цы федтой, уый. Сæ ныхæстæм Айсанайæн йæ дурын йæ къухæй æрхауд, загъта сын: «Нарты хъæуы зæронд мад æмæ фыд ныууагътон, æмæ сæ афонмæ Агуыры æфсæдтæ сæ бæхты къæхты бын ныккодтой, æз та ам кæрдзынтæ хæрын».

Айсанайæн Агуыры æфсадимæ тохмæ Уастырджи радта йæ къуылых уадсур бæх, Елиа — йæ хъæргæнаг, Тутыр — йæ хæдæхсгæ сагъадахъ, Уацилла — йæ болат кард. Ногбон та загъта: «Æз дæр ын æххуысгæнæг уыдзынæн хæсты быдыры, мæ лæвар райсдзæни хæсты фæстæ».

Айсана йæ бæхыл абадт æмæ, фырмæстæй цæхæртæ калгæ, Агуыры æфсæдты цур балæууыд. Байдыдта сæ цæгъдын, æмæ кæй мардта, уыдоны туджы зæй иннæты ласта, афтæмæй Агуыры æфсæдты ныццагъта. Нарты фервæзын кодта, уый нæ, фæлæ ма Сосланы усæн, хурныгуылдæй æмбисæхсæвмæ дидинæг чи æфтауы, æмбисæхсæвæй бонмæ рæгъæд чи кæны æмæ дыууæ хохы фырыты хæст кæуыл кæнынц, уыцы бæлас æрхаста æмæ йын æй йæ дуармæ ныссагъта. Йæхицæн усæн æрхаста Саумæрон Бурдзæбæхы. Уырызмæг, Сослан æмæ Хæмыц дæр хæтæнæй æрцыдысты,

æмæ уыдоны цинæн та æппын кæрон нал уыди, Агуыры æфсæдты пырхæй куы федтой, уæд.

– Йæ рынтæ йын бахæрон мæ чысыл Айсанайæн, нæ хъæу нын чи ферваæзын кодта знаджы бæхты сæфтджытæй, йæ цæрæнбон бирæ уа ме ‘рдхорд Сафайæн дæр, ахæм саггуырд лæппу чи схъомыл кодта Нартæн, — загъта Уырызмæг.

АЙСАТЫР — ирон мифологийы Уастырджийæн ис авд фырты, дыууæ дзы — Айсатыр æмæ Хæмæтхъан. Кадæггæнджытæ сæ хонгæ та кæнынц: «Уастырджийы сахъ фырттæ Айсатыр æмæ Хæмæтхъан.

АЙЧЫ ХЪУЗДЖЫ ЦÆРÆГ — Мæрдты бæсты иу ран иу сакъадахмæ доны сæрты ис хид арæзт растæндæр карды комы хуызæн, сакъадахы та Айчы хъузджы мидæг бады зæронд лæг. «Уый йæ цæргæ-цæрæнбонты уæлæуыл иунæгæй царди, — зæгъы Сосланæн йæ мард ус Бедуха, — нæ йын æмбал уыди, нæ хæлар: бæрæгбонæй, къаты бонæй нæ зыдта, уазæг циу, уый. Ныр ам, Мæрдты бæсты дæр иунæгæй йæ бонтæ æрвиты».

АКЫЛО — Ирыстоны-иу сæрдыгон хус рæстæг бирæ куы ахаста, Хур-иу зæххыл куы атылд, уæд рауарыны тыххæй алы магион митæ кодтой. Сæ хуымæтæгдæр уыд доны хæфс дурæй амарын. Уыцы хæс æвæрд уыд скъоладзауы кары лæппутыл. Нæлгоймæгтæ та-иу фыдæлтыккон зæппадзæй райстой адæймаджы стæгдары кæцыдæр хæйттæ кæрæдзийыл бастæй (сæры къуыдыр нæ) æмæ-иу сæ цæугæдоны ауагътой, дон сæ кæцæй нæ аласа, ахæм ран. Зæппадзæй сæ райсыны размæ-иу мардæй, дыууæ кæрдзынæй йын рухсаг зæгъгæйæ, хатыр ракуырдтой. Куы-иу рауарыд, уæд стæгдар фæстæмæ æвæрдтой йæ бынаты зæппадзы æмæ та йын-иу дыууæ кæрдзыны ныххæлар кодтой, бузныг ын зæгъгæйæ.

Ахæм хус рæстæджыты-иу сылгоймæгтæ та æрвдзавд дуры цур æрæмбырд сты. Даргъ хъилæй, кæнæ муссы уисойæ, фыйыагæй, кæнæ бæрзонд сылгоймагæй егъау «чындз-быдыргъ» сарæзтой. Сфæлыстой-иу æй сырх æмæ урс хъæцъилтæй, уæлæдарæсæй. Ахæм «чындз» хуынд Акыло. Сылгоймагæй арæзт, Акыло цæмæй бæрзонддæр зындаид, уый тыххæй-иу ын йæ къухтæ хæрдмæ схъил кæнын кодтой æмæ йын сæ-иу стыхтой, йæ æрмтты йын-иу цæсгом бакодтой, сæрбæттæн-иу ыл бабастой. Афтæмæй йæ фезмæлд æмæ митæ худæгдæр уыдысты.

Акыло-иу куы сцæттæ, уæд-иу устытæ æрвдзæвд дурыл, стæй Акыло æмæ кæрæдзийыл дон калын райдыдтой. Сæ хъазæн худт æмæ хъæлæба-иу дардмæ хъуыст. Донласт-иу ныккодтой æрвдзавд дур, Акыло æмæ кæрæдзийы.

АКУЛА — Нарты Батрадзы æмкъай, авд æфсымæры иунæг хо, арвы рухс æмæ зæххы фидауц. Чызгæн Нарты гуыппырсартæ бæллынц йæ уындмæ, фæлæ уый сæ къухы не ‘фты. Зæронд Уырызмæгæн бантыст Акулайы рæсугъды Нарты симдмæ æркæнын. «Мемæ расим! Мемæ расим!», зæгъгæ, йæм Нарты гуыппырсартæ радыгай цæуынц, фæлæ дзы Акула кæмæ цы фау æрхæссы, кæмæ

цы фау. Фæстагмæ йæм бацыд Батрадз. Уымæ ницы аипп ары Акула-рæсугъд, фæлæ йын йæ разы æвæры хæс: Нарты хистæртæй иуы — Уон, зæгъгæ, йæ ном — уый ахаста Хъæндзæргæс. Кæд Батрадз Уоны Хъæндзæргæсы уацарæй ракæна, уæд Акула сразы уыдзæн Батрадзимæ канд расимыныл нæ, фæлæ йæ цард бабæттыныл дæр (кадæг «Нарты симд, кæнæ Батрадз ус куыд ракуырдта»).

Батрадз ацыд, Хъæндзæргæсы амардта æмæ Уоны æркодта Нарты бæстæм. Акула йæ ныхас нæ фæсайдта. Акулайæн ис æхгæд тулæг рудзынгимæ.

АЛАЙ — раджы-иу адæм чындзæхсæвты Сафа æмæ Уациллайы кадæн зарыдысты зарæг «Алай». Йæ базард уыд ахæм:

Ой, алай, ой, алай! Ой, алай, ой алай!
Ой, алай, чындзалай, чындзалай, ой, алай!
Мах ахæм чындз фæхонæм, фæхонæм, ой, алай!
Нæртон хорз æй æсхонæм, æсхонæм æй, ой, алай!

АЛАРДЫ — ирон мифологийы æппæты карздæр бардуаг, сывæллæтты низ фадынæджы бардуаг. Рагон Ирыстоны-иу фадынæгæй сабитæ дзæвгартæй цагъды кодтой, цы сывæллон-иу дзы фæрынчын, уымæн-иу сдзæбæх æнхъæл ничиуал уыд. Афтæ карз уыд ацы низ, æмæ дзы ирон адæм тынг тарстысты. Уый тыххæй дзы нымд кодтой, фæсномыгæй йæ хуыдтой «дзуар».

Дзуары бынаты йæ сæвæрдтой. Аларды та уыд йæ бардуаг. Уымæ куывтой, уымæй агуырдтой, цæмæй сын сæ цотмæ фадынæг ма æрбауадза. Алардыйы хуыдтой рухс, сыгъзæрин. «Рухс, сыгъзæрин Аларды, табу дæхицæн, — куывта-иу хистæр. — Зæхмæ куы æрцæуыс, уæд-иу нæ хъазгæ-худгæйæ ныууадз! Де ‘ргом нæм макуы равдис. Дæ чъылдыммæ дæм сыгъзæрин тæбæгъты кувдзыстæм».

Алардыйы бæрæгбон афæдз вæйиы дыууæ хатты: уалдзæджы æмæ рагвæззæг, къуырийы бонтæй та — къуырисæры. Ирон адæммæ-иу уæлдай кадджындæр уыд, сывæллæттæ-иу фадынæгæй рынчын кæнын куы райдыдтой, уæд. Рынчыны цур хъæрæй ныхас нæ уагътой, чи йæм каст, уый та хъуамæ уыдаид хæрз сыгъдæг æмæ аив уæлæдарæсы. Алардыйæн æргæвстой урс уæрыччытæ, кæнæ афæдздзыд фыстæ: фыркъатæ æмæ далыстæ. Цæмæй йын йæ хорзæх ссардтаиккой, уый тыххæй-иу йæ номыл куывдтæ адаргъ сты мæйы бæрц дæр.

Алардыйы куывдты кæд устытæ нæ бадтысты, уæддæр ыл уыдонæй тынгдæр ничи аудыдта: цотгæнæг уыдон сты, сомы дæр дзы уыдон кодтой. Ногбоны-иу Фыссæн æхсæвы чызджытæ куывтой, цæмæй сын Аларды сæ фидæны цот фадынæгæй бахъахъхъæна. Уæдæ æппæты тынгдæр æлгъыст та уыд: «Алардыйы фыдæх ссар».

Фадынæгæй-иу цы сывæллон амард, ууыл Алардыйы тæсæй кæугæ дæр нæ кодтой. Алардыйы зарæг кæнгæйæ-иу æй банымæдтой.

Алардыйы зарæг

Табу дæуæн кæнæм, рухс Аларды!
Хуссары мæнæуæй — дæ чъирийаг.
Уæй, табу — дæ бæгæныйаг,
Табу дын фæуæд, рухс Аларды!
Фæлвæрайы фосæй дын урс уæрыкк нывондаг!
Табу дын кæнæм, сыгъзæринбазырджын рухс Аларды!
Фæрвы хуымæллæгæй — дæ бæгæныйаг.
Мысираг æвзист — дæ мысайнаг.
Меретаг бæмбæг — дæ æвæрæн.
Æй! Табу, табу дын кæнæм, рухс Аларды!
Уæй! Фидинаг чи у, уыдон дзæбæхæй бафидын кæнай,
Уæй! Табу, табу дын кæнæм, рухс Аларды!
Сыгъзæрин куы сты дæ базыртæ!

АЛАРДЫЙЫ ХУЫМ — комы, хъæуы зæххыты сæрмагонд хуым. Цы тыллæг дзы-иу систой, уымæй куывдтæ кодтой Алардыйы номыл.

АЛАСА — чысыл уæвгæйæ тынг фæразон æмæ тыхджын чи у, ахæм бæхы мыггаг кадджыты æмæ таурæгъты. Зæгъæм, кадæг «Уырызмæджы æнæном лæппу»-йы Уырызмæджы номхæссæн бæх Æрфæнæй дæр йæ фырты Аласа-бæх разыны фидардæр æмæ фæразондæр, арф миты цæугæйæ, æмæ йæ Уырызмæг разæй ауадзы, абонæй фæстæмæ кæстæрæн разæй цæуын худинаг мауал уæд, зæгъгæ.

АЛÆГАТÆ — Нарты сæйрагдæр æртæ мыггагæй иу. Кæс: «Æртæ Нарты». Алæгатæй сты Ацæ, Ацæмæз, Алымбег æмæ йæ фырт Тотрадз. Уырызмæджы фыццаг ус Елда. Ис сын Стыр хæдзар. Алæгатæ сты зондамонæг æмæ, æвæццæгæн, дингæнджытæ. Нарты Уацамонгæ дæр уыдонмæ æвæрд ис. Уыдон æй рахæссынц Нарты Ныхасмæ. Сты Уæллаг Нарт.

АЛÆГАТЫ ЧЫЗГ — афтæ хоны Нарты Уырызмæг йæ фыццаг ус Елдайы.

АЛÆЙ-БУЛÆЙ — чындзæхсæвы хæдфæстæ дыккаг æхсæв-иу чындзы къухылхæцæг æмæ чызг фæсивæд уатæй хæдзармæ Сафайыл бафæдзæхсынмæ, йæ хыз исынмæ заргæ куы кодтой, уæд-иу, стæй хæдзары дæр чызджытæ сæ зарды хъæрæй фæлхатт кодтой: «Алæй–булæй! Ой, алæй-булæй!». Уымæ гæсгæ ацы зарæг хуыдтой «Алæй-булæйы зарæг». «Алæй-булæй! Ой, алæй-булæй!» сты зарæджы ныхæстæ, зарæг цыренгæнæн фæрæз, фæлæ цы амонынц, уый бæрæг нæу. Хъаныхъуаты Инал дæр йæ этнографион очерк «В осетинском ауле (5 мая 1870 года, аул Брута)»-йы зарæг «Алæй-булæй! Ой, алæй-булæй»-ы тыххæй фыссы: «Я не могу передать смысл этих слов, ибо на осетинском языке они ничего не означают».

АЛÆМÆТЫ (диссаг, цард, бæстæ) — дзуринæгты дзуринаг диссаг. Æрцæуы аргъæутты, таурæгъты, кадджыты. Алæмæты цард æмæ бæстæ дæр сты адæмон сфæлдыстады æмæ дзурынц адæмы бæллиц, сæ тырнындзинадыл.

АЛÆФ — сохъхъыр уæйыг Æфсæроны хъал фырт. Нартæ Зилахары сарæзтой стыр симд, ахæм симд, æмæ зæхх сæ быны рызти. Симды Нарты гуыппырсартæй иу дæр нæ уыди, — нæдæр Уырызмæг, нæдæр Сослан, нæдæр Батрадз. Алæф сæм хохæй бынмæ касти æмæ загъта: «Цон, æмæ Нарты симдмæ ныццæуон, хорз фæсимон, фæхынджылæг кæнон Нарты фæсивæдæй æмæ сын сæ дзаумæттæ схæссон».

Бæргæ йын дзырдта йæ фыд Æфсæрон: «Уæ макæ, ма ацу, Нарты гуыппырсартæй дын исчи исты фыдбылыз сараздзæн — уыдонæй арв нæрын куы нæ уæнды. Фæлæ нæ байхъуыста фырт йæ фыды зондамындмæ. Ныццыд Нарты симдмæ тулдз къала бæласимæ. Симы, уæдæ цы, хъал Алæф æмæ Нарты фæсивæдæй кæмæн йæ къух бамур кæны, кæмæн йæ фæрстæ балхъивы. Хъæрзынц Нарты фæсивæд, фæлæ сæ уæддæр кæм уадзы. Изæры йæ фыдмæ хъæлдзæгæй куы сыздæхт, уæд æм уый дзуры: «Æнхъæлдæн, саудзагъд æмæ къуыпных лæппу уым нæ уыди!».

Дыккаг бон дæр та Нарты симды балæууыд Алæф. Уыцы рæстæджы Хæмыцы фырт Батрадз бадти хохы сæр цъитийыл, йе ‘ндон уазал кодта. Касти уырдыгæй æмæ уыдта, Зилахары цытæ цæуы, уый. Æмæ хæххон цæргæсау йæхи раскъæрдта. Симды æрхæцыд Алæфыл. Симгæ-симын ын йæ къахыл фæлæууыд æмæ йын йæ цонг скъуырдта. Атæбæкк ис Алæфы къах, йæ цонг та æлвæсгæ фæкодта. Лæгъзтæ кæнын байдыдта Батрадзæн, суадз мæ, зæгъгæ. Батрадз ма йæ арауурæрд-бауурæрд кодта иу чысыл, карчы цъиуы куыд арауурæрд-бауурæрд кæнай, афтæ, стæй йæ суагъта.

Алæфы æрдæгмардæй Æфсæрон адагæй галтыл куы сласын кодта, уæд æрфарста йæ фыды, цæмæй афтæ тыхджын у Батрадз, зæгъгæ. Уый йын загъта: Куырдалæгонæн йæхи кæй байсæрын кодта, уый тыххæй. Алæф дæр ссыд уæларв Куырдалæгонмæ йæхи сæрынмæ. «Батрадз æндон уыд, фæлæ ды басудздзынæ æмæ тæригъæд дæ», — зæгъы йын Куырдалæгон, фæлæ уый нæ сæтты. Куырдалæгон бирæ дзурын нæ уарзта, бавæрдта Алæфы куынцгомы æмæ йæм куынц сарæзта. Куыддæр æм арт бахæццæ, афтæ йæ дзыхыдзаг ныхъхъæр кодта, басыгъдтæн, зæгъгæ. Куырдалæгон ма йæм æртыскæнæй бæргæ фæлæбурдта, фæлæ дзы сыгъдæтты йеддæмæ ницыуал баззади. Куырдалæгон сыгъдæттæ райста æмæ сæ æнæдзургæйæ быræттæм акалдта.

АЛÆМÆТЫ РОН — хъæбатырæн йæ тыхыл тых чи æфтауы, ахæм рон, йæ астæуыл æй куы æрбабæтты, уæд.

АЛДЗÆН — æвæджиау æрцæугæ æмæ ‘нæрцæугæ, фенгæ æмæ ‘нæфенгæ диссаг. Æмбисондæн, тæхудиагæн чи баззад, ахæм диссаг.

АЛДЗÆН ФÆТТÆ — Сафайы арæзт фæттæ. Иу æхстæй авд-авды маргæ кæнынц, авд– авды та — цæфтæ.

АЛЛАЙЫ ЗАРÆГ — худинаджы, æгады, кæуинаджы зарæг. Ирон адæм кады зарджытæ скæнынц хъæбатыртыл. Аллайы худинаджы зарджытæ та — адæмы раз сæхи æвзæрæй, тæппудæй, гадзрахатæй цæуæгæй чи равдисы, уыдоныл.

АЛЛОН-БИЛЛОН — афтæ хонынц уæйгуытæ нæртон (хуымæтæг) адæмы таурæгъты æмæ аргъæутты. Æндæр адæмтæ нæ рагфыдæлты хуыдтой алантæ. Ном Аллон-Биллон дæр цæуы уыцы номæй, дзырдтæ зæлланг-мылланг, рæдзæ-мæдзæ, зылын-мылын æмæ иннæты уагыл.

АЛУПП — куыдзы ном Нарты кадджыты. Кадæг «Нарты Сосланы» иу варианты Уырызмæгæн æхсуыс кæны бирæгъы æхсыр самал кæныны хъуыддаджы. Йæ арæзт уæтæрмæ йын бирæгъты æртæры, æмæ сæ уым Уырызмæг æрдуцы. Æхсыр та хъæуы Сосланы байсæрынæн.

АЛЦРИ — Æхсæртæггаты чызг, Бурæфæрныджы ус.

АЛЫМБЕГ — Нæртон мыггаг Алæгатæй. Алымбегæн уыдис авд фырты æмæ иунæг чызг. Йæ фырттæй иу у Тотрадз. Йæ авд фырты æмæ йæхæдæг дæр Сосланы къухæй мард фесты. Баззадысты ма йæ ус æмæ йæ чызг, мыггаг скъуыд сæ фæкодта. Алымбег хæларæй цард зæдтимæ, Уастырджи æмæ Уацилла та уыдысты йæ лымæнтæ.

АЛЫТÆ — нæртон фæрсаг мыггæгтæй иу.

АЛЫТЫ АЛЫМБЕГ — Алыты мыггаджы æппæты зындгонддæр лæг. Нарты Ныхасы хистæр. Уыдис ын авд усы, фæлæ — æвæстаг. Æрмæст ын æвдæм усæй райгуырд иунæг чызг. Авдæны ма уыд чызг, афтæмæй амард Алыты Алымбег.

АЛЫТЫ АЛЫМБЕДЖЫ ЧЫЗГ — Алымбеджы иунæг хъæбул. Æвдæм ус ын æй ныййардта. Алымбег куы амард, уæд Нарты Ныхасæн хистæр нал уыд, æмæ Нарты адæм æнæфæнд, æнæуынаффæйæ сæфтмæ æрцыдысты. Уынаффæгæнджытæ дзы уыдис, фæлæ ницæмæн бæззыдысты. Æмæ сын уæд Ацæты зæронд Ацæмæз бацамоны: «Хъæуы уынаффæгæнджыты, цы сты, уымæй се ‘ппæты дæр аивут, стæй равзарут хицæуттæ ахæм мыггæгтæй, æртæ фæлтæрмæ хуыздæргæнгæ чи рахаста».

Нарт æрæмбырд сты, æмæ дзы Алытæй ничи уыд. Алымбеджы авд идæдзы хъынцъым кодтой сæ иунæг цъæх чызджы авдæны уæлхъус. Чызг сæ æрфарста, цæуыл кæут, зæгъгæ, æмæ сæ æрцагуырдта йæ фыды бæх, стæй йæ хæцæнгæрзтæ. Нæлгоймаджы уæлæдарæс скодта æмæ Нарты æмбырдмæ ныффардæг. Нарт базыдтой Алыты Алымбеджы бæх æмæ хæцæнгæрзтæ, фæлæ йын лæппу ис, уый æнхъæл нæ уыдысты. Чызг сын загъта, йæ æвдæм ус æй кæй ныййардта, хъомыл та йæ скодтой Къамбадатæ.

Афтæ рауад, æмæ Алымбеджы чызджы лæппу æнхъæл Нарт сæхицæн равзæрстой уынаффæгæнæгæй. Йæ хъуыддаг бæргæ хорз цыд, фæлæ арвы кæлæн Сырдон цæмæйдæр базыдта, сæ уынаффæгæнæг чызг кæй у, уый æмæ йæ ахъæр кодта. Уæд Нарт Алымбеджы чызгæн тыхæй ус курын кæнынц. Чызг усгур æфсон йæ сæр фесæфта Нартæй. Фæлæ йыл фæндагыл фембæлынц йæ фыды хæлæрттæ Уастырджи æмæ Уацилла. Уыдон ын æрхуы мæсыгæй раскъæфынц Адылы саурæсугъд чызджы. Уастырджи Хуыцауæй ракуры, Алымбеджы чызджы лæппу чи фестын кæны, ахæм фæткъуы, æмæ ныр Алыты Алымбеджы фырт æд ус æрфардæг вæййы Нартæм.

АЛЫПП — таурæгъон диссаджы, алæмæты бæхы мыггаг. Дугъы йæ разæй никæцы бæхы уадзы, йæ фæразондзинадæн та æмбал нæй. Суанг йæ мыр-мыр дæр æндæрхуызон у. В. Миллер Ирыстоны куы уыд, уæд Алыппы тыххæй фехъуыста æмæ ныффыста сæрмагонд таурæгъ. Уым загъд ис, зæгъгæ, иу хъæуæй адавдæуыд лæппу æмæ йæ æлдарæн ауæй кодтой. Иуахæмы лæппу фосы фæстæ цæугæйæ ссардта бæхы сæры кæхц. Биноныг æм фæкæстытæ кодта, стæй ныккуыдта. Фæндагыл цæуæг æй кæугæ федта æмæ йæ куы бафарста, цæуыл кæуыс, зæгъгæ, уæд ын уый дзуапп радта: «Ацы сæры кæхц хуымæтæг бæхы нæу, фæлæ Алыпп бæхы, алæмæты бæхы мыггагæй». Ныхас бахæццæ æлдармæ, æлхæд фыййау бæхы сæры кæхцыл хи æфсымæрыл кæуæгау куыд куыдта, уый. Æлдар лæппумæ фæдзырдта æмæ йæ бафарста, удæгас Алыппы дæр базондзынæ, зæгъгæ. Уый йын разыйы дзуапп радта. Æлдар æй сæхимæ ныууагъта æмæ йæ хъомыл кодта йæ цотимæ. Иуахæмы æлдар æлхæд лæппуимæ абалц кодтой Алыпп бæхы мыггаг агурæг. Бирæ фæагурыны фæстæ иу бæхрæгъауы лæппу бафиппайдта, иу фæлурс хъуын дæр кæуыл нæ уыд, ахæм сынтау сау-сауид бæхы æмæ йæ æлдарæн балхæнын кодта цыфæнды аргъæй дæр. Æндæр рæгъауæй та балхæдтой йæ ных æмæ фæстаг къахыл чысыл урс тæппытæ кæмæн уыд, ахæм згъар ефс. Æркодтой сæ хъæмæ, æмæ фæстæдæр æлдары зæрдæ лæппумæ фехсайдта алидзынæй. Ард ын бахæрын кодта, цалынмæ йын йæхæдæг зæгъа, «ацу мæнæй», зæгъгæ, уæдмæ дзы кæй нæ алидздзæн. Æлдар æрсабыр. Иуахæмы та æлхæд лæппу нæл бæхы, æлдар — ефсы дыууæйæ дугъ рауагътой. Лæппу æлдары бауырнын кодта, ефс алцæмæй дæр хуыздæр кæй у. Стæй йæхи бæхы ратæр-батæр кæнын райдыдта, æлдары бæхы-иу куы иуæрдыгæй скъуырдта, куы — иннæрдыгæй. Æлдар дзы куы сфæлмæцыд, уæд ыл фæхъæр кодта: «Ацу мæнæй!». Лæппуйы ма æндæр цы хъуыд — йæ бæхы фæцагайдта æмæ дæлæ фæтæхы. Æлдар йæ рæдыд бамбæрста, фæсте ма йæ бæргæ расырдта, фæлæ Алыпп бæхы дугъы чи æййæфта. Уайгæ-уайын иу рæстæджы се ‘хсæн дæрддзæг нал фылдæр кодта, æмæ лæппу йæхиуыл фæдызæрдыг, кæд, мыййаг, фæрæдыдтæн, Алыппы мыггагæй нæу мæ бæх, зæгъгæ, æмæ йæ уæд дон-дон дурджын фæндагмæ фездæхта. Уым дурджын фæндагыл уайтагъд фæбæрæг, згъæр ефсæн йæ фæстаг къæхтæ лæмæгъдæр кæй сты, урс тæппытæ сыл кæй ис, уымæй фæстеау зайын райдыдта.

Æлдар фæстæмæ раздæхт. Лæппу та йæ фыды хъæу бацагуырдта. Йæ бæхы бæхбæттæныл куы бабаста, уæд бæх ныммыр-мыр кодта, æмæ лæппуйы фыд базыдта, уый Алыпп бæхы мыр-мыр кæй у, æмæ йыл йæ фырт кæй æрыздæхт. Уымæн æмæ Алыпп бæхы мыггаг æндæр бæхты ‘хсæн базонын сæ бинонты йеддæмæ никæй бон уыд.

АМАДДЗАГ — æрвдзæфæй чи фæмард вæййы, уыцы адæймаджы цырт, зæппадз. Самайынц ын æй, арв æй кæм æрцавта, уыцы бынаты, хистытæ дæр ын скæнынц, уым Уациллайы номыл æргæвдынц сæгъ.

АМАЗОНÆ — сылгоймаджы ном кадджыты.

АМАН — дунейы фыццаг сылгоймаг (ирон Евæ), (кæс «Ата æмæ Аман»).

АМИНОН — Мæрдты бæсты хицау Барастыры æххуысгæнæг. Мæрдты къæсæрыл уый æмбæлы, чи амæлы, уыдоныл. Ставдæнгуылдз Амултахъ дæр сын Мæрдты дуар байгом кæны Аминоны барлæвæрдæй. Стæй сæ уый æвзары æмæ æрвиты, уæлæуыл хорз хъуыддæгтæ, хорз фæд чи ныууагъта, уыдоны — Дзæнæтмæ; æвзæрты, тæригъæдджынты та — Зындонмæ. Аминоны тæрхон карз у чырыстон дины, уаз Михаилы тæрхонау. Барастыр ыл æууæнды, æмæ уый дæр у йе ‘ууæнчы аккаг. Мæрдты бæсты къæсæрыл мидæмæ чи бахизы, уымæн фæстæмæ рацæуæн нал ис, тынг сæ куы бафæнда, уæддæр. Æрмæст Сосланæн баци йæ бон Мæрдты бæстæй раздæхын (кадæг «Сослан Мæрдты бæсты»). Уый дæр йæ мард ус Бедухайы фæрцы.

– Кæд мæрдтæм цæугæ æрбакодтай, уæд уый — дæ хъаруйы фæрцы, — зæгъы йын Бедуха. — Æндæр Хуыцауы æвастæй мæрдтæм фæндаг никæмæн ис, нæдæр фæстæмæ Мæрдты бæстæй уæлæуыл дунемæ ис цæуæн. Ды дæр иугæр мæрдтæм æрбацыдтæ, уæд дын фæстæмæ фæндаг нал ис. Фæлæ æз мæ цæстытæ куы æрныкъулон, уæд дæ бæхы цæфхæдтæ фæстæрдæм сагъд фестдзысты, æмæ-иу уæд цæугæ. Мæрдты адæм дæ фæсте сурдзысты, чидæр фæлидзы, æмæ мах дæр лидзæм, зæгъгæ, фæлæ фæдмæ æркæсдзысты, æмæ мидæмæ разындзæн; мæрдтæ раздæхдзысты фæстæмæ, алчи йæ бынатмæ…

Бедуха куыд загъта, афтæ бакодта, æмæ Сосланæн йæ бæхы цæфхæдтæ фæстæрдæм сагъд фестадысты…

Цас та фæцыдис Сослан, чи зоны, фæлæ иу афоны æрбахæццæ ис Мæрдты дуармæ.

– Дуар бакæн! — дзуры Сослан Аминонмæ.

– Сослан, иугæр Мæрдты бæстæм æрбацыдтæ, уæд ардыгæй фæстæмæ здæхæн нал ис, — дзуапп ын радта Аминон.

Куы нæ йын кодта Аминон дуар, уæд Сослан (нæрæмон куыд нæ уыд!) æрцæфтæ кодта ехсæй йæ хъандзалсæфтæг бæхы, рарæмыгъта дуар, афтæмæй тыхæй бацыд æмæ тыхæй рацыдис Мæрдты бæстæй.

Аминон тынг зæрдæдаргæ хъахъхъæнæг у. Мидæмæ дæр, чи амæлы, уыдоны уадзы æрмæст боны рухсæй. Мæрдты бæсты хур — Дыдзы хур ма куыд кæса, афтæ (кæс кадæг «Уырызмæджы æнæном лæппу»).

АМОНД — адæймагмæ царды хорзæй цы кæсы, йæ къухы хорзæй цы бафты, уый у амонд. Амæндтæ дæттæг, амæндтæ уарæг, дам, у Стыр Хуыцау, æмæ дæ уый хорзæх куы уа, уæд дæ цард, дæ хъуыддæгтæ дæр дæхи фæндиаг хорз ацæудзысты, тыхст æмæ уырыд нæ уыдзынæ, æнæнизæй, зæрдæрайæ бирæ азты фæцæрдзынæ. Ахæм у амонды мидис. Амонд дæ уæд æмæ цыфæнды дæр у», — зæгъы ирон æмбисонд. «Амонд — йæ хъахъхъæнæг ахæм æвзæрæн!» — зæгъы Къоста бирæгъæй æмдзæвгæ «Бирæгъ æмæ хърихъупп»-ы. Йæхицæй та: «Амонд… æрра дæн, цæй амондмæ дзурын! Ацы рæстæджы та амондджын чи у!».

АМРАН — Даредзанты таурæгъты сæйраг архайæг Амран у ирон адæмы уарзондæр таурæгъон хъæбатыртæй иу. Нарты Батрадзимæ сæ æрæвæрæн ис фæрсæй-фæрстæм. Батрадзау Амран дæр у рæстыл тохгæнæг, æгъдауджын, æнæ уæлдай ми, йæхи уæлдæр не ‘вæры, хистæртæн, сылгоймæгтæн кад кæны. Æгъатыр у знагимæ, æфхæрæгимæ тохы. Йæ хъару æмæ ныфсæн бæрц нæй. Никæмæй, ницæмæй тæрсы. У, ирон адæмон сфæлдыстады мæлæт кæмæн нæй, иунæг ахæм хъæбатыр. Абон дæр ма ис Уæрсæджы хохы лæгæты. У хуымæтæг, зæххон адæмы сæрхъызой. Уыдоны сæрыл фæбыцæу йæ мад Мариайы мады æфсымæр Хуыцауимæ дæр. Йæ фæлгонц у бердзенты адæмон сфæлдыстадæй Прометейы æнгæс. Амран дæр æмæ Прометей дæр Хуыцауимæ æмæ Зевсимæ фæбыцæу сты зæххон адæмы сæрыл. Уый фыдæй сæ дыууæйы дæр бабастой Кавказы (скифты — афтæ йæ хуыдтой рагон бердзентæ) хæхтыл, æмæ сын сæ игæр хæры цæргæс.

Амран у Даредзанты Йамоны æмæ Хуыцауы хæрæфырт Мариайы фырт. Мариайæн йæ сыгъзæрин дзыккутæй уыд йæ мæлæт, æмæ йын сæ фынæйæ Йамоны фырттæ (йæ фыццаг усæй) Бадри æмæ Мысырби болат хæсгардæй куы алыг кодтой, уæд ма йæ мойæн ныффæдзæхста:

– Мæ дзыккутæй ма иу æрду фæхæцыди, æмæ ма мын цæрæнбон ис стъалы скæсынмæ. Мæнæн дæуæй мæ хуылфы равзæрди лæппу. Уый мæ дзидзийы хъæстæ куы фæцадаид, уæд ын тыхгæнæг тых не ссардтаид. Ныр стъалы куы скæса, уæд амæлдзынæн, æмæ мын мæ рахиз тæн бакъæртт кæн, райс мæ хуылфæй судзгæ-уыраугæ лæппу æфсæн æртысгæнæй æмæ-иу æй Сау денджызмæ фехс. Уый кæд уым схъомыл уа, уый йеддæмæ йын схъомылгæнæн нæй. Хуыцауы зондæй фæстаджы бонмæ куы бафта дæ къухы, уæд-иу ыл сæвæр ном Даредзанты Амран.

Йамон усы фæнд сæххæст кодта æмæ, лæппуйы Сау денджызмæ куы фехста, уæд фурд ныххуыскъ кодта йæ тæвдæй.

Амран Сау денджызы бахъомыл. Иу бон Бадри æмæ Мысырби фурды былты фæцæуынц. Кæсынц æмæ денджызы уылæнты æхсæн иу лæппу хъазы: фурдаг галтæ, бæхтæ, къамбецтæ рахиз къухæй хæрдмæ калы æмæ сæ галиуæй ахсы. Хабар сæ фыдæн куы радзырдтой, уæд Йамон скъæтæй нывондагæн урс гал сдавта æмæ Хуыцаумæ скуывта:

– Хуыцау, нывонд дын фæуæд ацы гал. Уый у дæ хæрæфырт Амран æмæ мæ къухы куыд бафта!

Стæй Бадри æмæ Мысырбийæн загъта, се ‘фсымæр кæй у, æмæ сын бацамыдта, фурдæй йæ куыд расайæн ис, уый. Райсомæй айдæн æмæ сæрдасæн семæ денджызы былмæ ахастой. Уым лæппутæ кæрæдзи адастой. Амран сæм бахæлæг кодта æмæ уый дæр йæхи адасын кодта. Изæрæй куы фæхицæн сты, уæд Амран денджызы йæхи баппары æмæ та йæ денджыз фæстæмæ раппары, стæй йын афтæ: «Мæнмæ дын фæндаг нал ис, фæлæ кæм цæрдзынæ, уырдæм фæцу!».

Амран лæппутæм радзуры: «Фæлæуут мæм, иумæ цом! Фыдæбон уын фæуæд, æз уын мæхи уымæн нæ хъæр кодтон, мæ дæлæрмттæ ма гом сты, æмæ ма мæ рæстæгмæ куы ныууагътаиккат, æндæр æз дæн уе ‘фсымæр Амран, Хуыцауы хæрæфырт, æмæ иумæ цæуæм». Амран Даредзантимæ цæрын куы райдыдта, уæд бирæ лæгдзинæдтæ æмæ хъæбатырдзинæдтæ равдыста. Йæ фыды хойы мойы марæг фарастсæрон Æхсон уæйыгæй йæ туг райста. Йæ фыды хо йæ бæргæ фæдзæхста, мыййаг ыл куы фæтых уай, уæд æй дзурын ма суадз. Амран æм нæ байхъуыста, æмæ йын уæйыг йæ æлгъыстæй йæ тыхæй йæ бынаты æппындæр ницыуал ныууагъта, цалынмæ Тандет-Тундеты чызг буц Тамар усæн йæ къухы бафтыд, уæдмæ. Уый тыххæй бирæ зындзинæдтæ бавзæрста, бахаудта тæссаг уавæрты: Бахъ-Бахъ гуымирыйы ус æй арцыл кондæй тыгъд быдыры сауыгъта, сау уæйыджы авдæны сывæллон æй авдæны хъæдыл фæхоста. Залиаг калм æй аныхъуырдта, Амран æй мидæгæй ныррæхуыстытæ кодта, амардта йæ, фæлæ рæстæгмæ бынтон ныллæгуын калмы маргæй. Суанг ма йын фынæйæ йæхи (сауджын ыл хинæй рацыд) æмæ йæ дыууæ æфсымæры Мысырби æмæ Бадрийы дæр амарынц. Фæлæ сæ Тамар райгас кæны æгасгæнæн суадоны донæй. Стæй йын йæ фыды хо Тамаримæ диссаджы чындзæхсæв скодта: арвыста алы калакмæ, иу мин хъом фæцагъта, æртæ мины — лыстæг фос. Адæмы чындзæхсæвæй æртæ мæйы нæ ауагъта.

Амран йæ тых кæимæ нæ бавзæрста, ахæм нал уыд зæххыл. Ничи йыл тых кодта. Æмæ уæд йæ ныфс бахаста Хуыцаумæ дæр. Иуахæмы йæ бæхыл бадгæйæ Хуыцау сæмбæлд Амраныл æмæ йын загъта: «Амран, мемæ хæцынæй ницы скæндзынæ ды». Хуыцау æм ехс раппæрста æмæ йæм дзуры: «Уæдæ ма мæм гъе уый сдæтт». Амран æрæвнæлдта ехсмæ æмæ йæ змæлын дæр нæ фæкодта. Уæд æм Хуыцау фæмæсты æмæ йæ зæдтæн Уæрсæджы хохыл лæгæты бабæттын кодта. Афæдзæй-афæдзмæ йæ дуар иу хатт гом кæны. Иуахæм таурæгъон цуанон Дзудты Кудзи бафтыд лæгæты цурмæ, æмæ йæ дуар Хуыцауы зондæй фегом. Бакаст Кудзи мидæмæ, æмæ Даредзанты Амран æфсæн рæхыстæй баст, йæ бынаты цъæх арт, цъæх фæздæг уадзы. Йæ цæстытæ сты галы къæлæтыйæстæ, йæ цæнгтæ — хъæды стæвдæнтæ.

Цуанон дзы фæтарст. «Тæрсгæ æппындæр ма фæкæн, æз Даредзанты Амран дæн, æмæ мæм рацу æввахсдæр, — дзуры йæм Амран. — Уæртæ къулыл мæ кард ис, æмæ мæм æй æрбахæстæг кæн». Кард змæлын дæр нæ фæкодта Дзудты Кудзи. Уæд ын Амран афтæ: «Дæ иу къухæй карды босыл хæц, иннæ къух æри ардæм». Цуанон афтæ бакодта, æмæ йын Амран йæ цæнгтæ фæцæйскъуыдта. Кудзи ныхъхъæр кодта. Амран æй феуæгъд кодта æмæ йæм дзуры: «Цæугæ кæн тагъд. Уæларвæй рауадзгæ рæхыс кæд искуы зоныс, уæд мæм æй схæццæ кæн ардæм, усы хъæлæба дыл куыд нæ сæмбæла, афтæмæй. Æз уын кæд аирвæзон, зæххон адæм, уæд уæ амонд æрцæудзæн».

Кудзийæн йæхимæ уыд уæларвæй рауадзгæ рæхыс æмæ атагъд кодта, цалынмæ лæгæты дуар гом у, уæдмæ йæ куыд схæццæ кодтаид, афтæ. Æрхæццæ

сæ хæдзармæ, раппæрста сæ рæхыс æмæ йæ фæхæссы. Йæ ус æй куы федта, уæд æм фæсте ныхъхъæр кодта: «Кæдæм мын фæхæссыс мæ рæхыс?!».

Афтæмæй Амраныл лæгæты дуар сæхгæдта æмæ, зæгъынц, Арвыкомы фæндагыл Ганисы сæрмæ абон дæр ис бæрзонд къæдзæх хохы лæгæты бастæй фæллойгæнæг адæмы æнхъæлцау. Куы суæгъд уа, уæд зæххон адæмыл скæндзæн уæлион дзæнæты дуг. Зæххыл æфхæрæг тых фесæфдзæн. Йæ ферваæзын кæнын та у адæмы хæс. Ома, адæмæн сæ амонд аразгæ у сæхицæй.

Уыцы бæллиццаг хъуыдытæ базыртæ сагътой ирон драматургийы æмæ театры бындурæвæрæг Брытъиаты Елбыздыхъойыл, сæвзæрд æм трагеди «Амран» ныффыссыны фæнд æмæ йæ къухы æнтыстджынæй бафтыд — ирон адæмæн балæвар кодта, рагон бердзенаг трагедиты фарсмæ чи лæууы, ахæм драмон уацмыс. Йæ ныффыссынæй фæстæмæ йæ сценæйы стыр æхсызгонæй æвæрынц Цæгаты æмæ Хуссары дæр. Йæ фæлгонц саразын цы артистмæ æрхауы, уый та йæхи фæхоны амондджын.

Ирон адæмы Даредзанты хъæбатыр æмæ зондджын Амраны, зæххон фæллойгæнæг, рæстзæрдæ адæм сæ бæллицтæ кæуыл бастой, уый фæлгонц æнæфæцагайгæ нæ ныууагъта Ирыстоны иннæ стыр курдиатджын хъæбул, нывгæнæг Тугъанты Махарбеджы зæрдæ æмæ уды фарн дæр. Нывкæнынады аивады йын равдыста йæ зын, йæ хъару æмæ æнæбасæттондзинад. Йæ фæлгонц ын скодта цалдæр хуызы.

АМУЛТАХЪ — Мæрдты бæстæйы дуаргæс, ставдæнгуылдз æмæ мызыхъарæзт лæг. Мæрдты дуар бакæнын æрмæст уый хъару уыд, æцæг Аминоны барлæвæрдæй.

АНГУСАГ САРГЪ — кадджыты æмæ таурæгъты сæйраг хъайтартæн сæ бæхтыл ис ангусаг саргъ. Цыдæр диссаджы фæлмæн рæсугъд, нывæфтыд саргъ, барæг æмæ бæхимæ аив чи фидыдта, ахæм. Ангус цы бæстæ амоны, уый бæрæг нæу.

АНДИАГ НЫМÆТ — таурæгъты, кадджыты Ангусаг саргъ кæмæ ис, уымæн фылдæр хатт йæ уæлæ вæйиы Андиаг нымæт. Аив, рог æмæ хъарм уæйлаг нымæт, диссагæн дзуринаг нымæт. Цы бæстаг æмæ кæй æууæрст у, уый сбæлвырд кæныны фæлтæрæнтæ акодтой ахуыргæндтæ, фæлæ сæ хатдзæгтæ уырнинаг не сты. Андиаг нымæт таурæгъон у, æмæ йæ равзæрд афтæ æнцон равзарæн нæу! Кадæг «Сæууай» нын зæгъы: "… йе 'фтаугæ йæ быны бакодта (Сæууай), саргъ — йæ нывæрзæн, йæ Андиаг нымæт йæ уæлæ æркодта, афтæмæй æрхуыссыди æмæ бафынæй ис».

АНИГОЛ — мыдыбындзыты бардуаг. Ирон адæмы фыдæлтæ мыды куыст рагæй кæй кодтой, уый бæрæг у Нарты кадджытæй. Нартæ йæ кæнынц ронгыл, æмæ афтæмæй у æнцондæр нуазæн, хæрзаддæр. Кадджыты арæх æмбæлæм æртæ мыдамæстыл («Батрадз Уырызмæджы куыд ферваæзын кодта», «Сослан Сатанайы зындоны цадæй куыд ферваæзын кодта» æмæ æндæрты). Уырызмæджы Борæтæ марынвæнд куы скодтой, уæд Сатана тагъд-тагъд æртæ мыдамæсты ракодта. Кувæн къуыпмæ ауади æртæ мыдамæсты æмæ ронджы дурынимæ æмæ скуывта: «Хуыцæутты Хуыцау, мæхи Хуыцау! Кæд мæ

истæмæн скодтай, уæд ме ‘нæныйаргæ фырт Батрадз Донбеттыртæм ис æмæ ам куыд феста, уый ды радт!». Кæнæ йын йæхи зындоны цады æппарынвæнд куы скæнынц, уæд дæр та «Æртæ мыдамæсты ракодта, доны былмæ ныццыди æмæ, Сослан цы дурæй райгуырди, уыцы дурыл сбадти, æртæ мыдамæстæй та скуывта. Сосланы æрцагуырдта, æмæ та йæ куывд æрцыд».

Нарты кадджыты ис сæрмагонд кадæг «Нартæм мыдыбындзытæ куыд фæзынд». Уым ныхас цæуы, зæгъгæ, иуахæмы та Нартæн сæ лæгтæ стæры куы ацыдысты, уæд сæ устытæ сфæнд кодтой: «… се ‘рцыдмæ сын мах та суджы цæгъдтæ æрласæм, сæ къух сын уымæй фенцондæр кæнæм». Араст сты фæсхох иу тар хъæдмæ, æмæ сыл дымгæ сыстад. Дымгæ бæлæсты бынты-бынæй фæлдæхта, ахæм тыхджынæй дымдта. Нарты сылыстæг адæм æрæмбырд сты иу рæттæм. Бæлæстæй сæхи хъахъхъæдтой. Кæсынц æмæ бæлæсты бынтæй бындзытæ тæхы, сæ гуыв-гуыв цæуы. Бындзытæ кæцæй тахтысты, уырдæм фæкомкоммæ ис Сатана æмæ мыдадзы кæрдихтæ ауыдта. Бацыд сæм æввахс, систа дзы йæ къухмæ, адардта йæ йе ‘взагыл, æмæ йæм хорз фæкасти. Иннæ устытæн дæр дзы авæрдта, æмæ адджын мыд сæ зæрдæмæ тынг фæцыд. Сатана загъта: «Сугты бæсты адон куы фæхæсиккам, уæд æвзæрдæр нæ уаид».

Нарты сылыстæг Сатанайы фæндæй изæрмæ хъæды баззадысты. Изæры бæрзбæласы цъæрттæ хæтæлыстыгъд фæкодтой, кæрæдзимæ сæ фæбастой æмæ сæ чыргъæдтæ фæцарæзтой. Куы æрталынг, уæд чыргъæдты мыдадзы кæрдихтæ æд мыдыбындзытæ бавгæдтой, сæ сæртæ сын бамбæрзтой æмæ сæ сæ хæдзæрттæм æрхастой. Мыдыбындзытæ сбирæ сты æмæ фæзгъæр мыдæй дзаг кодтой чыргъæдтæ. «Нарты сылыстæг мыд лæдæрстой æмæ йæ нуæзтыл кодтой, мыдамæстытæ фыхтой, афтæмæй Нарты зæрæдтæм зылдысты», — загъд ис кадæджы.

Мыдыбындзыты æмæ сæ бардуаг Аниголы тыххæй та дзуры таурæгъ «Биндзитæ куд рантæстæнцæ Дигори». Уым Ахмæтхохы цард Хуыцауы уарзон пахуымпар. Иуахæмы йыл Хуыцауы зæрдæ фæхудт æмæ йæ бафæлварыны тыххæй йæ буары урс зулчъытæн хæрын кодта. Кæд тынг хъизæмары бахаудта, уæддæр Хуыцауыл йæ зæрдæ нæ сивта. Уый Хуыцау куы базыдта, уæд зулчъыты базырджынтæ фестын кодта æмæ сын загъта, хъизæмар нæ, фæлæ йын ахъаз куыд кæнат, зæгъгæ. Кæлмытыл базыртæ куы разад, уæд Ахмæтхохмæ атахтысты. Уым сæ иу цуанон ссардта, сæ мыдæй фæхъæстæ æмæ сæм уалдзæджы йе ‘мбалимæ ссыд хæссынмæ. Раздæр уал балы цъæрттæй сæмбу скодтой, уый фæстæ сæ сæртæ басылыхъытæй стыхтой æмæ афтæмæй бындзыты сæ мадимæ сæмбуйы сæвæрдтой æмæ сæ хъæумæ æрхастой. Уым сæ бæтманмæ ныттардтой. Уыцы бæтман мыддартæ абон дæр ма хонынц фыццаг мыды чыргъæд.

Уæдæй нырмæ, дам, Дыгургомы цæрджытæ кæнынц мыды куыст æмæ кувынц мыдыбындзыты бардуаг Аниголмæ. Анигол та, дам, уыд, Хуыцауы

фæндæй урс зулчъытæ кæй фæсонтæ хордтой, уыцы пахуымпар — Хуыцауы уарзон адæймаг. Мыддартæ тынг аргъуц кæнынц Аниголæн, алы аз дæр уалдзæджы, сæ бындзыты чыргъæдтæй куы рауадзынц, уæд ын скæнынц куывд, иумæ йын аргæвдынц нывондаг тохъыл æмæ йæм скувынц, цæмæй сæ чыргъæдтæй æрæвзæра бирæ мыд.

АПРАСИОН — Даредзанты таурæгъты Амосаулеты паддзах, Индостаны фыдызнаг, йæ чызг Манидза.

АРАБИ — чызг уæвгæйæ цæры нæлгоймаджы хуызы. У Хуыцауы хæрæфырт, æмæ йын Хуыцауæй ис дзырд: чи йыл фæтых уа, уый йеддæмæ йын æндæрмæ мой скæнæн нæй. Хъараман-паддзахы хæсгæ фырт Астаногълыимæ куы фембæлдысты, уæд кæрæдзийыл сæхи ныццавтой æмæ байдыдтой хæцын. Астаногълы йæ ныххуырста зæххыл. Араби йæ быны цæхæры тъыфыл ныккалдта æмæ фестадис сыгъзæрин дзыккуджын чызг. Уæд æй лæппу феуæгъд кодта, фæстæдæр алæууыд æмæ йæм дзуры:

– Цы зæды хай дæ? Баххуыс кæн, æнæзонгæ бырст мын фæдæ.

Чызг ын йæ хабар радзырдта æмæ йын загъта: «Ныр мæ ды абырстай æмæ мыл кæд æввæрсыс, уæд мæ Хуыцау дæуæн загъта, æмæ мæ фæкæн, дæ хæдзар кæм ис, уырдæм». Астаногълы йемæ сразы, фæлæ уал хъуамæ раздæр йе ‘фсымæр Хъарабогълыйæн æрхастаид æстдæс уæйыджы хойы. Семæ йæ стох кæнын кæй бахъæудзæн, уый зыдта Араби æмæ Астаногълыйæн йæ амонæн æнгуылдзæй рафтыдта сыгъзæрин къухдараен æмæ йын афтæ: «Уыцы къухдараен де ‘нгуылдзыл бакæн æмæ дæм цы тых ис, иу ахæм тых ма дæм æрцæудзæн».

АРАХЪАН БÆХ — Бызгъуан уæйыджы бæх. Баст у ныккæнды. Уæйыджы цагъайраг — искæйон Сосланæн зæгъы: «Кæд дæ йæхиуыл бадын бауадза, уæд хорз, кæд дæ нæ уадза, уæд æй йæ фæстаг къæхтæй ныззил: уый дæ йæ барæг фенхъæлдзæн, æмæ йыл сбад. Уæларвмæ дæ аскъæфдзæн…» Сослан афтæ бакодта. Бæх æй аскъæфта уæларвмæ, стæй та — зæхмæ.

АРÆХДЗАУ — Бедзенæджы фырт чысыл Арæхдзау. Йæ фыд уыд Дæллаг Нартæй — Борæтæй, йæ мад та Уæллаг Нартæй — Алæгатæй. Кадæг «Бедзенæджы фырт чысыл Арæхдзау»-ы кæсæм: «Дæллаг Нартæн лæппу райгуырди. Уæллаг Нартæн та — чызг. Дыууæ дæр иу æхсæв. Лæппу-иу авдæнæй сбырыди æмæ-иу ноггуырд чызгмæ бахъуызыд æмæ-иу æхсæв-бонмæ йемæ фæци. Уый адыл гыццыл чызгыл йæ авдæнбæттæнтæ нал æххæссыдысты. Дис кодтой, уæдæ нæ чызг цæмæй дæнгæл кæны, зæгъгæ. Уалынмæ чызгæн лæппу райгуырди — йæ коцора сыгъзæрин, ахæм. Сатанамæ фæуадысты: «Нæ чысыл чызг лæппу куы ныййардта». «Быны хъæр уæ рацæуæд! Уый уæ Дæллаг Нартæ куы фехъусой, уæд уæ фæндырты фæцæгъддзысты», — загъта Сатана æмæ сын бацамыдта, сывæллонæй куыд фервæзой, уый. Алæгаты аххæрæджы кæрон ныллыг кодтой, уымæй лагъз сарæзтой æмæ сывæллоны уым нывæрдтой, тæлытæ йыл бакодтой, стæй йæ фурды баппæрстой.

Быдыры кæмдæр царди Бедзенæг-æлдар: уыди æнæзæнæг лæг. Фос æм бирæ уыди, уыдис æм ноджы кæфахсджытæ. Иубон куы уыди, уæд кæфахсджытæ сæмбæлдысты лагъзыл æмæ йæ доны былмæ раппæрстой. Схастой йæ Бедзенæг-æлдармæ. Сæфтыдтой лагъзы сæр æмæ дзы лæппу систой. Æмæ йæ æлдар йæхицæн бахъомыл кодта.

Арæхдзауæй ахæм гуырд рауад, æмæ Нарты хуыздæртыл дæр, Батрадзæй фæстæмæ (кадæг «Хæмыцы фырт Батрадз æмæ Деденæджы (Бедзенæджы) фырт Арæхдзау»), уæлахиз кодта. Фæхæрам сæм уа, уый сæ нæ фæндыд, æмæ йæм дзы уæлдай ныхас ничи кодта. Сослан та у йæ номæвæрæг — афтæ бафæндыд Бедзенæджы. Йæ бæх Уырызмæджы Хъулонæй у тыхджындæр, йæ хæцæнгæрзтæ йын Нарты рагъæнтæй иу дæр нæ уромы, æртонынц сæ. Балæвар ын сæ кодта йе схæссæг фыд Бедзенæг. Бæх у асткъахыг æмæ цыппæрхъусыг. Æмбисонд йæ кард, йæ хъæргæнæг хæстмондагæй цъæх арт уадзы.

АРВ — ирон адæм кæд зæххон сты, уæддæр цины æмæ зыны дæр се скаст арвмæ уыд æмæ у. Раст сæм цыма арвæй чидæр кæсы, чидæр хъусы, уыйау хъавгæ у сæ архайд, хъуыдыгонд — се сныхас. Суанг сæ цины фынгыл æртæ чъирийы куы æрæвæрынц, уæддæр сæ раст цыма уæларвыл бадæг Хуыцауæн, зæдтæн æвдисынц, мæнæ æркæсут — æртæ сты, зæгъгæ, уыйау сæ скувыны размæ кæрæдзийæ фæхицæн кæнынц, куыд разыной, афтæ. Ирон адæм сæ таурæгъон фыдæлтæй афтæ зæгъынц: «Нартæ зæдтæ æмæ дауджытимæ æмвынг уыдысты». Афтæ сæм каст, цыма зæххыл цыдæриддæр кусынц, уымæ уæларвæй цæстдарæг сты, сæ фарсмæ кæд æрбаддзысты, уый зын зæгъæн у, æмæ сæ митæ арвы бын, Хуыцауы раз кодтой æргом, æдзæстхизæй. Суанг фынджы бадт дæр.

Арв авд дихы кæны. Уæларвы цæры Стыр Хуыцау. Дæларв æмæ Зæххыл — дауджытæ, Уæларв æмæ Дæларвы æхсæн та — зæдтæ. Нарты гуыппырсартæй зæдтæй хæлар кæмæн нæй, ахæм зын ссарæн у. Кæрæдзимæ цæуынц уазæгуаты. Нæртон гуырдтæ хъаны цардæй цæрынц арвыл зæдтæм. Даредзанты Амран та у Хуыцауы хæрæфырты фырт. Сосланы йæ мигъæмдзу æмæ уадæмдых бæх арвæй зæххы астæуты скъæфы. Йæ усаг Косер-рæсугъдæн та ис тæхгæ мæсыг. Арвмæ йæ суадзы æмæ æруадзы.

Сатанайæн арвимæ бастдзинæдтæ кæй ис, уый бæлвырд у, Уастырджийы чызг кæй у, уымæй. Кадæг «Сæууай»-йы та кæсæм: «Уыцы афон та-иу (ома, æхсæв æмæ бон кæрæдзийæ хицæн куы фæкæнынц, уæд) Сатана цыдис авд æддæгуæлæйы сæрмæ куывды, уырдыгæй-иу касти, зæххыл æмæ уæларв амондæй æмæ æнамондæй цы ис, уыдон базоныны тыххæй». Арвмæ ахаста Пакъуындзæ Бадри æмæ Мысырбийы. Сæ фервæзын кæнынмæ сæм фæзынд Амран.

Ирон мифологийы арвæн ис сæр дæр æмæ бын дæр, цæст æмæ сæмæн дæр, рон æмæ æрдын дæр, чызг æмæ куыдз дæр. Арвæй аразгæ у адæймаджы цард

æмæ Зæххы хъысмæт дæр. Хъаймæт æмæ Ахæрæт дæр цæуынц арвæй. Уымæн æмæ Уæларвы цæры æмæ бады Дунескæнæг Иунæг Хуыцау. Ирон адæймагыл стыр цины хабар куы æрцæуы, уæд фæзæгъы: «Мæ зæрдæ Хуыцауы фарсмæ уæларв абадт». Сырдон ын у зæххы хин æмæ арвы кæлæн.

АРВАЙДÆН — кадджыты, таурæгъты æмæ аргъæутты æвæджиауы айдæн (кæсæн), куы дзы кæсай, уæд, дам, Дун-дунейы, ома, зæххы уæлцъарыл, арвы тыгъдады æмæ дæлзæххы фарастгай фæлтæры цыдæриддæр ис æмæ архайд цæуы, уый чи равдиса, ахæм Арвайдæн ис Нарты Сатанамæ, æмæ дзы бахъуыды сахат Нартæ курынц, акæс-ма дзы, зæгъгæ. Ис сæрмагондæй «Арвайдæны аргъау». Уым лæг æмæ усæн æрæджиау райгуыры иунæг лæппу.

Куы бадынджыр, уæд, кæдмæ фæраздзыстæм ацы мæгуырæй, зæгъгæ, йæ хъысмæт бавзарыны охыл араст йæ амонд агурæг. Йемæ айста, хæрынæн адджын, хæссынæн рог чи уыд, ахæм хæринæгтæ. Йæ даргъ фæндагыл фембæлы бирæгъыл, цæргæсыл, рувасыл æмæ кæфыл. Алкæйдæр дзы хæрынвæнд скæны, фæлæ йæм уыдон куы бахатынц, ма мæ бахæр, искуы дæ æз дæр истæмæн бахъæудзынæн, зæгъгæ, уæд та сын фæтæригъæд кæны. Уый нæ, фæлæ ма сын се ‘хсызгон хъуыддаг дæр сæххæст кæны: бирæгъæн йæ гуыбын ахафы, рувасæн йæ ком ахуылыдз кæны, цæргæсæн арвмæ стæхынæн баххуыс кæны, кæфы та (денджызы былмæ хусмæ рахауд) мæлæтæй ферваэзын кодта.

Æппынфæстаг лæппу бафты æлдары хъæумæ. Уым Къулбадæг усмæ æрфысым кæны. Уый йын радзуры:

– Не ‘лдары чызгмæ ис арвайдæн. Уый баздæхы æмæ фæзæгъы йæ курæгæн: «Æртæ хатты бамбæхс, кæм дæ фæнды, уым. Æз райсдзынæн мæ армы айдæн æмæ дæ агурын райдайдзынæн. Кæд æмæ дæ не ссарон, уæд мæ Хуыцау радта дæуæн. Намæ дæ куы ссарон, уæд дын ракæндзынæн дæ сæр æмæ дын æй мæ кауы михтæй иуыл æркæндзынæн».

Фæцыдысты йæм курæг алы хæрзæджытæ алы бæстæтæй, фæлæ… Курджытæн-иу чызг ралыг кæнын кодта сæ сæртæ æмæ сæ-иу кауы михтыл æрсадзын кодта. Иу сæр хъуаг ма уыд кау. «Мæ амонд мын æнæ бавзаргæ нæй», — загъта лæппу æмæ дыккаг бон минæвар барвыста чызгмæ. Чызг сразы, æмæ лæппу араст денджызы былмæ кæфмæ æххуысагурæг æмæ йын зæгъы: «Арвайдæнæй кæсдзæн æлдары чызг, куыддæр мæ ссара, афтæ сæфын. Кæф фæхæлиу кодта йæ дзых, лæппуйы аныхъуырдта æмæ денджызы бынмæ афардæг.

Афтæ арф æй бамбæхсынц цæргæс, бирæгъ æмæ рувас дæр. Цæргæс æй ахаста авд хохы сæрты æмæ йæ иу ран айнæджы бын бамбæхста, бирæгъ та йæ бамбæхсы дард сау хъæды къодæхты бын, рувас — уæрмы, фæлæ йæ уæддæр æхсинчызг Арвайдæны фæрцы ссары, æмæ йын алы рæтты уыйбæрц хорз хæлæрттæ кæй ис, уый тыххæй бар радты цыппæрæм хатт бамбæхсынæн дæр.

АРВАЙДÆНЫ ЗГЪÆЛÆНТÆ — фæззæг халас æппарын куы райдайы, уæд дзы халасæй хуры рухсмæ чи ферттивы, уыдон, дам, сты Арвайдæны згъæлæнтæ. Сæтгæ та йæ акодта, цы æхсинмæ уыд, уый, сидзæр лæппуйы æртыккаг хатт куы нал ссардта, уæд.

АРВАЙДÆНЫ РУХСЫ ТЫН — Арвайдæнæн ис рухсы тын. Уый фæрцы, кæмæ вæййы, уый æрзилы зæххыл, уæларвыл æмæ ма суанг фурдты, зæххы бынмæ дæр ныккæсы. Арвайдæн рухс тынтæ уадзы, æмæ дзы кæй фæагурынц, ууыл куы сæмбæлынц, уæд æй уымæй базоны, кæй йæ ссардта.

АРВ-УАЦИЛЛА — Тыллæджы бардуаг Уацилла. Уæлæрвты кæй хæты, уый тыххæй ма йæ хонынц Арв-Уацилла дæр. Хæрзæгъдау, аив, рæсугъд ас нæлгоймагæй хуыздæрæн фæзæгъынц, Арв-Уациллайау йæ бакаст, зæгъгæ.

АРВЫ АСИНТÆ — Арвы дуар куы фегом вæййы, уæд дзы разынынц Арвы асинтæ дæр. Уыдоныл уæларвмæ цъиуау стæхæн ис. Борæйы минæвæрттæн Хуыцауы фæндæй Арвы дуар куы байгом, уæд та асинтæ раргом сты, се схизæны уыд фондз (минæвæрттæ цал уыдысты, уал) фæлыст зæрин цырыхъы. Зæронд урсзачъе минæвæрттæ сæ скодтой æмæ асинтыл цъиутау тахтысты Хуыцауы кæртмæ.

АРВЫ ДУАР — ирон адæммæ амондджын адæймаджы тыххæй æмбисондау баззад ахæм дзырдбаст: «Уый арвы дуар гомæй федта». Нæ фыдæлтæн се скаст æдзухдæр уыд арвы тыгъдадмæ. Зыны сахат æмæ цины рæстæг дæр сæхи фæдзæхстой уæларвон тыхыл: Стыр Хуыцауыл, Уастырджи æмæ иннæ зæдтыл. Уыдонæй æххуыс агуырдтой сæ хъарджыты æмæ зарджыты дæр. Сæ аудындзинады æрцыдмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, æнхъæлцауæй сæ цæст биноныг хастой арвы къуырфыл, æмæ сын йæ райдзаст уынд дæр æхцондзинад хаста. Арвæн сын уыд Сæмæн стъалы — Полярная звезда — æмæ Цæст дæр — Сириус. Арвы цæсты фæрцы, дам, Хуыцау уыны, Зæххыл цыдæриддæр цæуы, уыдон, зоны сæ Уастырджи æмæ иннæ уæларвон зæдты фæрцы.

О, фæлæ Арвæн ис дуар дæр. Уый, дам, афæдз иу хатт иу уысм фегом вæййы, æмæ йæ гомæй чи фена, уый ауындзæн уæларвон уаз диссæгтæ æмæ сусæгдзинæдтæ. Уыцы сахат, цалынмæ дуар нæ ахгæдта, уæдмæ дæ зонд æмæ дæхæдæг: Стыр Хуыцауæй цы ракурай, уый, дам, дын ратдзæн.

АРВЫ ДУР — Ирон адæммæ ис ахæм ныхас: «арвæй дур æрхауæгау». Фæзæгъынц æй, исты æвирхъау хъуыддаг куы æрцæуы, кæнæ æнæнхъæлæджы цардбарæг адæймаг куы амæлы, уæд. Ома, арвæй дур æнæнхъæлæджы куы æрхауид, нæхи бахизын дзы куы нæ базониккам, æмæ афтæмæй стыр фыдбылызтæ куы скæнид, уыйау. Уыцы абарст хуымæтæджы нæу. Æвæццæгæн, æрцыд ирон адæмыл ахæм цаутæ, арвæй сыл-иу дур куы æрхауд æмæ-иу стыр знаггадтæ, адæмы мæрдтæ куы æрцыд. Уыдон ирон адæмы зонды уыйбæрц арф фæд ныууагътой, æмæ сæ кæд абон ничиуал хъуыды кæны, уæддæр нæ ныхасы сæ кой ис, бынтон нæ ферох сты. Арвы дур наукон литературæйы хуыйны метеорит. Ахуыргæндтæн зындгонд у, ахæм дуртæ арвы тыгъдады дзæвгар кæй

ис, йæ фæндагæй дзы чи фæиуварс вæййы, уый Зæххы æлхъывдад йæхимæ æрæлвасы, æмæ егъæуттæ кæй нæ вæййынц, уымæ гæсгæ тæхгæ-тæхын, сæ фæд уадзгæ арвыл басудзынц. Уыдон фенгæйæ ирон адæм фæзæгъынц: «Стъалы атахт».

Ахуыргæндтæ зæгъынц Арвы дуртæ — метеориттæ раздæр дзæвгар фылдæр кæй уыд æмæ дзы кæддæр сæ егъæуттæй Зæхмæ бирæ кæй æргæргæр кодта, тынг æй кæй ныххостой, уый тыххæй йæ æрдзыхъæд кæй фæивта. Арвы дурты фæдтæ хæбуз дзыхъхъыты хуызæнæй зынынц Зæххы уæлцъарыл. Ахæм стыр æрвон дуртæ ма Зæхмæ æрхауд ссæдзæм æнусы дæр. Сæ тæккæ егъаудæр æмæ зындгонддæр у Тунгусы метеорит. Æрхауд 1908 азы 30 июны, райсомы 7 сахатыл Сыбыры Красноярскы крайы. Кæм æрхауд, уым фæйнæрдæм 15-30 километры хъæд ныффæлдæхт. Йæ гуыпп та фехъуыст 1000 километры дæрддзæфмæ. Йæ æрхауæн бынатмæ хæстæг цæрæн хæдзæртты рудзгуыты æвгтæ æрызгъæлыдысты. Адæм æмæ цæрæгойтæн сæ къахыл лæууын сæ бон нæ уыд, зæхх афтæ нызмæлыд. Хорз уыд æмæ æдзæрæг ран æрхауд, æмæ адæмыл фыдбылызтæ не ‘рцыд. Арвы дур — Тунгусы метеоритæй ницуал баззад — басыгъд иууылæр, йæ сыгъдон рыг-фæздæг уæлдæфы ахæлиу 800 квадратон километры фæзуаты æмæ цалдæр сахатмæ не ‘рбадт.

АРВЫ ДЗÆНГÆРДЖЫТÆ — ирон адæмон сфæлдыстады арвæн ис дзæнгæрджытæ дæр. Даредзанты Ростъом сæ йæ усæн кæнын кæны сæ лæппу Зураппы æфцæджы.

АРВЫ КУЫДЗ — ацы дзырдбаст баззад ирон æвзаджы. Зæгъæм, фæзæгъынц: немыц партизантæй Арвы куыдзы тарст кодтой. Ирон адæмон сфæлдыстады йыл нырма никуы фембæлдтæн, æрмæст таурæгъ «Мæйхорты» загъд ис: «Самелийæн баззад фырттæ, æмæ уыдон къæбылаты хуызы ратæх-батæх кæнынц Арвæй Зæххы астæу».

АРВЫ МИНÆВАР — кадджыты афтæ хонынц зæрватыччы. Уымæн Арвы дуар кæдфæнды дæр гом у.

АРВЫ НÆМЫГ — Уацилла хæйрæджыты куы æрцæвы, уæд, дам, йæ нæмыг зæххы ацæуы, кæнæ къайдуры хуылфы баззайы.

АРВЫ НÆРД — уалдзæджы арв фыццаг хатт куы нынæры, уыд ирон адæм сæ фæсонтæ дуртæй, æфсæнтæй фæхойынц, мæ фæсонтæ дурæй, æфсæнæй хъæбæрдæр дзургæйæ. Ома фидар æнæниздзинад сæм куыд уа. Зæхкусæг бинонтæн-иу се ‘фсин уайтагъд арынджы уæлхъус балæууыд. Æртæ уæливыхы-иу ракодта æмæ сæ-иу хистæр нæлгоймаг скуывта. Уациллайæ-иу æркуырдта, цæмæй сыл фæззæг хорз хорыкондимæ æрцæуа.

АРВЫ РÆСУГЪД — афтæ дæр хонынц Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæджы мад Арвы чызджы.

АРВЫ РÆХЫС — ис Хуыцаумæ, æмæ Нартæм куы смæсты, уæд æй зилгæ-зилгæ æрбайста сæ хæд сæрмæ — Уазы стыр къуыпмæ æмæ райдыдта бынмæ гæрæхтæ кæнын. Арвы фатыгтæ нырттивынц дардыл.

АРВЫ ТАЛЫНГТÆ — исчи искæмæй истæмæй тынг куы фæтæрсы æмæ лидзæг куы фæвæййы, тынг куы фæцагайы, уæд дзы фæзæгъынц: «Фыр тæсæй Арвы талынгты тахт». Цы амоны ацы дзырдбаст, арвимæ баст цæмæн у, уый бæрæг нæу.

АРВЫ ХИН ÆМÆ ЗÆХХЫ КÆЛÆН — Нарты Сырдон уыд арвы хин æмæ зæххы кæлæн, куырысмæдзæуæг, зинтæ æмæ дæлимонтимæ цæрæг, стæй уыд уацхъуыд хæссæг зæххæй уæларвмæ. Хонынц ма йæ Нарты фыдбылыз дæр. Фæлæ сын сарæзта фæндыр, Хуыцауимæ куы схæцыдысты, æмæ сыл Рыны бардуаг низ куы бафтыдта, уымæн дæр хос уый æрхъуыды кодта, стæй, хæхты уал æрæмбæхсæм, зæгъгæ, нартæн уый бацамыдта.

АРВЫ РОН — Нарты Сосланы æрдын, Батрадзы рон, Арвæрдын — фæсуарын уæлдæфы зæххæй арвмæ егъау къæлæты хуызæн кæркæ-мæркæ авдхуызон тынты быд. Йæ сæрты, дам, чызг куы агæпп кæна, уæд лæппу фестдзæн, лæппу та — чызг.

АРВЫ ЦÆРДЖЫТÆ — Нарты кадджыты афтæ хонынц зæдты. Арвы цæрджытæ аудынц Борæйы чындзхæсджытыл.

АРВЫ ХЪУГ — ис ирон æвзаджы ахæм дзырдбæстытæ «Арвы хъугæй бæрæгдæр дары», «Арвы хъуг куыд давдæуы», «Арвы хъугау дзы дардмæ лыгъд». Адæмон сфæлдыстады йын йæ фæд нæма ссардтон.

АРВЫ ЧЫЗГ — Хуыцауы чызг, Арвы чызг æй уымæн хонынц, æмæ Хуыцау ис уæларвы. Цард Бæртæлæджы хæдзары. Уым ын Хуыцауы зондæй Нартæй райгуырдис дыууæ фаззоны — Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæг. Уæрхæг ын райгуырд фыццаг, æмæ Бæртæлæг зæрватыккæн зæгъы: «Табу Хуыцауæн, Нартæ мыггагдзагъд нæ фесты. Фæтæх Хуыцаумæ æмæ йын зæгъ: хæрæфырт ын райгуырд». Дыккаг, Уæрхтæнæджы тыххæй дæр — афтæ. Æмæ сыл сæ конд æмæ уындмæ гæсгæ нæмттæ Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæг дæр сæвæрдта, сырды æхсыры сæ нынныйын кодта Хуыцау йæхæдæг.

АРГАН-ПУРГЕНЫ ÆФСÆДТÆ — цыдæр тыхгæнæг адæмы æфсæдтæ кадджыты.

АРГЪАУЫН — искæуыл, истæуыл уаздзинад æфтауын, Хуыцауыл, йæ фырт Чырыстийыл æй фæдзæхсын. Аргъауы сауджын аргъуаны, кæнæ равзæрст бынаты.

АРГЪУЫД — сауджын кæуыл, цæуыл саргъуыдта, уый. Зæгъæм, аргъуыд адæймаг, аргъуыд дон, бынат, бæстыхай, агъуыст.

АРД — ирон мифологийы хъайтартæ ард хæрынц Хуыцауæй, зæххæй, Нарты гуыппырсартæ — сæ Уацамонгæйæ дæр ма. Ард хæрынц, дыууæ нæлгоймаджы кæрæдзийæ æфсымæртæ куы фæзæгъынц, уæд дæр. Ардхæрыны æгъдау нæм скифты дугæй æрхаста, дыууæйæ иу къусæй кæм ныуазынц, уыцы згъæрыл конд ныв. Уымæн æвдисæн у рагон бердзенаг фыссæг Лукианы (цард 120-180 азты) уацмыс «Токсарид кæнæ æрдхорддзинад». Уым скиф Токсарид бердзенаг ахуыргонд лæг Минесиппимæ быцæуы скифты тыххæй дзургæйæ цы уарзондзинады æнкъарæнтæ æвдисы, сæ цардæй æрдхорддзинады

фæдыл цы цаутæ дзуры, уыдон сæ бердзентæй сисынц уæлдæр. Ууыл басæтты Минесипп йæхæдæг дæр.

– Фыццаджыдæр дын радзурдзынæн, — зæгъы Токсарид Минесиппæн, — мах, ома, скифтæ, æрдхæрдтæ, кæнгæ æфсымæртæ куыд кæнæм, уый. Сымахау дзаг фынджы уæлхъус нæ, стæй иумæ кæй байрæзтысты кæнæ сыхæгтæ кæй сты, уый тыххæй дæр нæ.

Адæймаджы, дам, хорзæй, хъæбатырæй, лæгдзинæдтæ равдисынхъомæй куы базонæм, уæд иууылдæр фæтырнæм æрдхорд, æфсымæр дзы скæнынмæ. Уый тыххæй алчидæр архайы æрдхорддзинады аккаг хъуыддæгтæ кæныныл. Æмæ сæ искæй куы равзары, уæд бацæдис вæййынц, стæй стыр ард бахæрынц: иумæ хæларæй кæй цæрдзысты, куы бахъæуа, уæд та кæрæдзийы сæраппонд сæ цард дæр кæй ратдзысты. Æмæ сæ ардбахæрд мæлæты бонмæ кадимæ æххæст кæнынц. Ард чи фæхæры, уыдон сæ æнгуылдзтæй туг рауадзынц иу нуазæн къусмæ, сæнимæ йæ схæццæ кæнынц. Уый фæстæ сæ цирхътæ кæрддзæмтæй сласынц, дыууæ дæр кæрæдзиуыл фидар æрхæцынц æмæ афтæмæй сæны къус иумæ бануазынц. Ахæм ардбахæрды фæстæ царды ахæм тых нæй, уыдон чи фæхицæн кæна. Ærдхорд скæнæн та ис æрмæстдæр æртæ адæймагимæ. Бирæ æрдхæрдтæ кæмæн ис, уый сæм уæгъд сылгоймагæй кадджындæр нæ уыд. «Мах афтæ хъуыды кæнæм, æмæ дæ ардбахæрд бирæтыл куы уарай, уæд дзы тых нал вæййы», — зæгъы Токсарид.

Ардбахæрды фидардзинадæн æвдисæнæн æрхæссы Дандамид æмæ Амизокы, Беллит æмæ Басты æрдхорддзинад. Уыдонæй иу иннæйы сæрвæлтау радты йе ‘нæниздзинад æмæ цард дæр.

Ард хæрынц абоны ирæттæ дæр. Ардбахæрд сæм у табуйаг, æгъдау. Сомы кæнынц Хуыцауы, зæххы ардæй, нымд кæнынц адæмы ардæй; фæдзæхсынц кæрæдзи: «Дæ ардхæрдыл комдзог ма рацу!». «Мæ ард мын ма фæсайын кæн!» Фау хæссынц, æнæард дæ, зæгъгæ. Ælгъитынц: «Ард дæ хæдзары!», «Дæ ард дæ фæдыл æфтыд фæуæд!», «Ард дæ баййафæд!» æмæ афтæ дарддæр.

Ард хордтой, дыууæ лæппуйы-иу кæрæдзийæ æфсымæртæ куы загътой, уæд. Ард хордта, къухылхæцæг кæй къухыл рахæцыд йæ амонды фæндагыл, уыцы чындзимæ; лæппу хæларæй цы чызгимæ цард, уыимæ. Афтæ фæзындысты ирон æвзаджы дзырдтæ «æфсымæргонд» æмæ «хогонд». Ард та хордтой æмгæртты, æууæнкджын адæмы раз. Арахъы кæнæ бæгæныйы агуывзæйы-иу æвзист æхца ныппæрстой. Хистæр сæ-иу Стыр Хуыцау æмæ Уастырджийыл бафæдзæхста, сæ ардбахæрд фидар, фæзминаг куыд рауайа, уый тыххæй-иу скуывта. Стæй нозт ныуæзтой æфсымæртæ, кæнæ хо æмæ æфсымæр кæрæдзийæ чи загъта, уыдон радгай. Ærдхорд æфсымæртæ, стæй хо æмæ æфсымæр цы чызг æмæ лæппу загътой, уыдон æргæвстой кусарт, æрцæттæ-иу кодтой цæлы фынг.

Ард хордта, лæгмарынæй дызæрдыг кæуыл кодтой, уыцы нæлгоймаг дæр. Ныхасы лæгтæ-иу æй марды ингæныл слæууын кодтой, æмæ-иу хъуамæ

загътаид: «Ард хæрын, æмæ йыл кæд мæ къухæй исты æрцыд, уæд мæ йæ тæригъæд баййафæд!». Карздæр æмæ фидардæр ардбахæрд нæ уыд, æмæ ацы æгъдауыл мæнгардæй разилын йæ ныфс ничи хаста. ««Ард» понимается как магическая сила, — фыссы Абайты Васо «Ирон æвзаджы историон–этимологион дзырдуат»-ы. — Культовое происхождение слова подтверждается алан, ард «бог» в названии Феодосии Ардавда (город) семи богов».

АРД ХÆРЫН — кæс «Ард». Æрæджы дæр ма ард хордтой Цъæйы комы Рекомы бын.

АРИСТ — арцы æнгæс хæцæнгарз, йæ кæрон кардау цыргъ.

АРС — кадæг «Сосланы мæлæт»-ы Арсæн йæ иузæрдиондзинады тыххæй Сослан зæгъы: «Ахæм амонд дын Хуыцау радтæд, æмæ дæ фæд адæмыл тас куыд æфтауа, стæй лæгæты фондз мæйы æнæхæргæйæ куыд цæрай». Æмæ йыл гъе арфæ æрцыд.

Арсыл ирон адæмон сфæлдыстады бирæ æмбисæндтæ ис. Арсы, дам, мыдмæ тыхæй ластой æмæ йын йæ хъустæ атыдтой, фæстæмæ ласгæйæ та йæ æнæкъæдзил фæкодтой». (Уымæн ын ис чысыл хъустæ æмæ цыбыр къæдзил). «Чидæр, дам, арсæн йæхи уыдта, афтæмæй йын йæ фæд агуырдта». «Арсы хъуыны мæлдзыг». Ис арсы тыххæй сæрмагонд таурæгътæ: сидзæргæсимæ хъæды куыд фембæлд; мæлдзгуытимæ куыд тох кодта; йæ къахы суджы схъис сласынæн ын хъæддзау куыд баххуыс кодта, æмæ йæ уый тыххæй арс мыды фæзгъæрмæ куыд бакодта.

Арс ирон адæммæ табуйаг сырд у. Йæ æвзæры кой ничи ракæндзæн. Уый нæ, фæлæ ма йæ хонынц адæмæй. Хуыбиатæй, дам, равзæрд. Уый фæдыл ис ахæм таурæгъ: «Байрæзт, бахъомыл Хуыбиатæй иу рæсугъд, фердæхтджын, фырнымд чызг. Моймæ цæуыны кары куы бацыд, уæд йæ амонд ссардта фæрныг хæдзары. Царды ницæмæй фæлмæцыд. Рæвдз алы хъуыддагмæ дæр. Лæджы хъару йæм уыд. Йæ фезмæлдыл цæст нæ хæцыд. Хистæртæн лæггад кæнынмæ нæ зивæг кодта. Иу фæсахсæвæр та æрхуыссыны размæ йæ хицауы къæхтæн дон ахъарм кодта, ахсадта сæ æмæ йын сæ хус хæцъилæй асæрфон, зæгъгæ, сонтæй рæвдз куы фæгуыбыр кодта, уæд феваст. Хистæр цыма ницы фехъуыста, афтæ йæхи акодта, фæлæ чындзы уавæр æндæр уыд. Фыræфсæрмæй цы фæуыдаид, уый нал зыдта æмæ сагъдау аззад. Йæхи ма цы фæкодтаид, уымæн амал нал ардта. Стæй тыргъмæ разгъордта.

Æхсæвы сатæг уæлдæф ын йæ судзгæ рустыл куы сæмбæлд, стæй йæ хицауы куы нал уыдта, уæд феуæгъд йæ æнтъыснæг уавæрæй, фæлæ йæ æфсæрмдзастдзинад æнцад нæ уагъта. Ныр-ма цы цæсгомæй æрлæудзынæн мæ хицауы раз, куы фæхудинаг дæн, уæд, зæгъгæ. Йæ сæрæн куы ницыуал зыдта, уæд скуывта: «О, Стыр Хуыцау, ме сфæлдисаг Хуыцау, кæд мæ истæмæ дарыс, нымайыс мæ, уæд мæнæн ацы фæхудинаджы фæстæ нæдæр ацы хæдзары цæрæн ис, нæдæр — адæмы æхсæн, æмæ мæ фестын кæн ахæм сырды мыггаг, сырдтæ дæр кæмæй тæрсой æмæ адæм дæр!».

Чызджы куывд Хуыцаумæ фехъуыст — æмæ йæ сырд фестын кодта: тыхджын,

зондджын егъау Арс, адæмыл æмæ сырдтыл дæр тас чи æфтауы, ахæм».

Таурæгъ таурæгъ у, фæлæ Хуыбиатæм таурæгъ нæ кæсы. Арсы нымайынц сæхиуыл, æмæ йыл цуан нæ кæнынц, йæ фыд дæр ын нæ хæрынц. Дзимыргомы кæддæр Хуыбиаты хæрæфырт цуанæттимæ арсыл цуанмæ ацыд. Æрхъула йыл кодтой æмæ йæ куы фæцæф кодтой, уæд Хуыбиаты хæрæфырты æрдæм фефсæрста æмæ йын фыдмитæ бакодта. Раст цыма афтæ зæгъынмæ хъавыд, чи, чи, фæлæ ды та нæ хæрæфырт куы дæ, уæд мæм дæ къух куыд систай. Адæм æй уыцы хуызы бамбæрстой.

АРТ — арт, зынг ирон адæмон сфæлдыстады æмбæлынц сæ комкоммæ нысаниуæгимæ æмæ фæсномыгæй дæр. Ныр дæр ма арæх фехъусæн вæйиы ахæм зæгъдтытæ: «Мæ артыл дон бакалд!», «Артæн бын фæнык ын нæй», «Мæ арт бауазал!», «Мæ зынг ахуыссыд!». Зынг (арт) царды ахсджиаг фæрæз кæй уыд, уымæ гæсгæ йæ нымадтой арвæй, Хуыцауæй æрхæсгæйыл. Бердзенæгтæн æй сæ мифологийы æрхаста Прометей, ирæттæн — Амран. Сæ дыууæйы дæр уый тыххæй Зевс æмæ Стыр Хуыцау байтындзынц: сæ иуы хохы фахсыл, иннæйы та — тарф лæгæты.

Арт, зынг адæмы царды, удты бауагътой тафс. Уымæ гæсгæ йæ цæстыгагуыйау хъахъхъæнынц, табуйаг сын у. Алы æхсæв дæр-иу алы хæдзар дæр зынг йæ артдзæсты фæнычы баныуæрста, бамбæхста. Кæмæн-иу ахъуызыд, уый-иу йæхицæн бынат нал ардта. Зынггур-иу цыдысты хорз сыхагмæ, хионмæ. (Скифтæм уыдис ном Атрагур — Артагур). Артдзæстæй кодтой аргъуц, дон ыл нæ калдтой, йæ зынгæй хъазын нæ фæтчыд сывæллæттæн. Арт сæ хъахъхъæдта уазалæй, сырдæй æмæ ма суанг æбæрæг фыдæх тыхтæй дæр.

Къонайы арт фарн æфтыдта бинонты æнгомдзинадыл. Йæ алыварс бадгæйæ бирæ хорз æгъдæуттыл сахуыр сты бирæ фæлтæртæ, бирæ кадджытæ, таурæгътæ, аргъæуттæ æмæ æмбисæндтæ дзы равзæрд кадæггæнджыты зонды. Æртхурон æмæ æртхутæг дæр артимæ баст сты. Иу дзы фæрныг цардагурынимæ баст у, иннæ бастъæлынимæ, фæлæ уый дæр æвдисы арты тых. Дунейы фыццаг хъаймæт дæр уыд артæй.

Арт ирон адæммæ табуйаг кæй у, нымд дзы кæй кæнынц, уый бæрæг у, зианджыны хæдзары фыццаг дыууæ боны пецы арт кæй нæ кодтой, арынджы фарсмæ балæууын къæбæр скæныны охыл кæй нæ фæтчыд. Æрмæстдæр æртыккаг бон — йæ ныгæнæн бон — бакæнын æмбæлы арт зианджыны хæдзары фынгыл хойраг æрæвæрыны тыххæй. Æмæ ахæм æгъдау æрмæст ирæттæм нæ уыд. Рагон ромаг фыссæг Луций Апулейы (цард 125-180 азты) уацмыс «Метаморфозы»-йы (М.: Издателъство Академии наук СССР, 1954) архайджытæй иу ус, йæ лæджы мард хъахъхъæнæг дзы æхсæвæрæн хæрд, нозт куы бацагуырдта, уæд ын афтæ зæгъы: «Да ты в своем уме? В доме, где траур, ищешь остатков от ужина, когда у нас который день и кухня не топится!». Ис ирон бæрæгбон «æртгæнæнтæ». Вæйиы Цыппурсы хæдфæстæ сабаты. У,

афæдзы дæргъы чи амæлы, уыдон æрымысынæн. Сæ номыл скæнынц æртытæ, бон æмæ æхсæв кæрæдзийæ куы фæхицæн кæнынц, уæд. Раздæр-иу арт кодтой марды ингæны дæр. Ныр та — ингæныл йæ баныгæныны хæдфæстæ Фыдрайсомы. Зынгæй йын фæхъæстæ кæнынц йæ мæрддзаг уæлæдарæс æмæ йе ‘мбæрзæн дæр.

Уæдæ Ногбоны æртытæ цас æхсызгондзинад хæссынц ирон адæмæн! Сæ алыварс кафынц, сæ сæрты гæппытæ кæнынц, сæ цæхæрмæ сойы фæзгъæртæ феппарынц.

Артæй нымд кæнын нæм æрхæццæ нæ рагфыдæлтæй. Уыцы миниуæг нæ бæтты иннæ ариаг адæмтимæ, сæ фыдæлтæ артмæ кæмæн куывтой, уыдонимæ.

АРТÆРДХÆРДТÆ — нартæм сæ артдзæстæй зынг дæттын нæ фæтчыд. Фæлæ фыццаг хатт, дæлимонтæй æфхæрд адæмы сæ фарсмæ Уæрцы фæзы куы æрцæрын кодтой, уæд уыдонæн, — сæ уазджытæн сæ артæй радтой æмæ сæ сæхицæн артæрдхæрдтæ схуыдтой.

АРТÆЙ ХЪАЙМÆТ — ирон адæмы динон уырнынадмæ гæсгæ Зæххыл Хуыцауы фæндæй уыд дыууæ Хъаймæты: артæй æмæ донæй. Сæ дыууæйы кой дæр ис ирон мифологийы. Артæй хъаймæтимæ баст ис ахæм чысыл таурæгъ: «Адæмы цард æрдзæ сæдæтæй нымайгæ у. Царды цыды сыл бирæ бæллæхтæ æрцыд. Сæхи аххосæй, Хуыцауы азарæй. Уыдонæй æппæты хъазайрагдæр сты Хъаймæт æмæ Ахæррæтт. Уыдис донæй хъаймæт. Фæлæ ма уый размæ уыд Артæй хъаймæт дæр. Уæд зæххыл сыстад зынг, арты æвзæгтæ бавнæлдтой, цыдæриддæр судзынмæ бæззыд, уыцы зайæгойты æмæ цæрæгойты буармæ. Уыцы уавæры ма адæмæй алчидæр уыд, æрмæстдæр йæхи сæр кæм фæцавтаид, ууыл. Згъоры быдыры иу мад дæр йæ дзидзидай сывæллонимæ. Арт æй фæсте суры, зæххы уæлцъар судзгæ.

Бафæллад мад, фæлæ уæддæр йæ хъæбулы йæ риумæ тынг нылхъывта, афтæмæй лидзы арты æвзæгтæй. Мæнæ йæ æрбаййафынц, ацахстой йын йæ къабайы фæдджитæ, асыгъдысты йæ зæвæттæ. Сау мæры къуыбырыл ма алæууыд, фæлæ уый дæр йæ къæхты бын фæнык фестад, æмæ йæ къæхты бынтæ ссыгъдысты. Уæд ус йæ сывæллонмæ фæлæбурдта, йæ къæхты бын æй авæрдта æмæ йыл алæууыд. Арт сæ дыууæйы дæр басыгътаид, фæлæ Хуыцауы зæрдæ мады мийæ ныккæрзыдта æмæ йæ ралгъыста:

– Гъемæ кæд цард афтæ бирæ уарзыс, уæд иннæ Хъаймæтмæ фæцæр.

Фæцардис, дам, уыцы ус иннæ хъаймæтмæ. Ныхъхъырттæг хъаймæтмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ. Æдзух йæ былалгъыл дардта иу дзырд: «Мæлæт, мæлæт, мæлæт». Фæлæ йæм удхæссæг æввахс нæ цыд.

АРТÆРТХУТÆГ — Зынджы бардуагæн ис дыууæ фырты: Зынгæвзалы æмæ Артæртхутæг. Сты йæ æххуысгæнджытæ, йæ цумагæнджытæ. Зынгæвзалы æвзалы кæны, Артæртхутæг та йæ æртхутæджы бын кæны, æмæ зынгæн ахуыссæн нæй.

АРТЪАУЫЗ — мæйрухс æхсæв цалхыдзаг Мæймæ биноныг куы ныккæсай, уæд ыл

адæймаджы цæст цыдæр æндæрджы хуызæн равзары. Уый уæйыг у, зæгъгæ-иу, дзырдтой хистæртæ кæстæртæн. Йæ ном Артъауыз. Адæмы знаг, фыдгæнæг. Уый тыххæй йæ Хуыцауы фæндонмæ гæсгæ Уацилла æфсæн зæгæлтæй ныххуыдта Мæймæ, йæ тымбылæджы куыд бацыд, афтæ. Уæлæ йæ сæр, йæ гуыр, йæ къæхтæ, зæгъгæ-иу къухæй амыдтой. Артъауыз куы раирвæза, уæд адæмы бахæрдзæн. Цæмæй ма раирвæза, уый тыххæй алы куырд дæр хъуамæ уæлдай цæф кодтаид йæ хъæсдарæг. Æмæ куырдтæн уый сси æгъдау. Артъауызы тыххæй ис ахæм таурæгъ: «Хуыцау сфæлдыста цыппар хорзы: се ‘ппæты сæйраг — Артъауыз, иннæ — лæг, иннæ — фыс, иннæ — мæнæу. Лæг, фыс æмæ мæнæуæн семæ сфæлдыста фæйнæ хæйрæджы. Гъеныр æртæ хорзæн семæ ис æртæ хæйрæджы, æмæ сыл фæсмон кæны Хуыцау: «Куы нæ сæ сфæлдыстаин фæлтау».

Уыдон цавæр хæйрæджытæ сты? Лæгæн — ус йемæ, фысæн — сæгъ, мæнæуæн — сысылы.

Артъауыз нын хорзæн фæлдыст уыд бæргæ, фæлæ адæмты ардыдта иууыл зыгъуыммæдзинадыл. Уæд Хуыцау Уацилла йæн загъта, Артъауызы куыд сласа йæхимæ. Уацилла арвыл авæрдта мигъы сыг, ныкъкъæрцц æй ласта æмæ Артъауызы фелвæста йæхимæ. Уæд ма Артъауыз фелвæста йæ дыууæ къухы дзаг хуыртæ æмæ дуртæ, ракалдта сæ æмæ загъта: «Уым цал муры ис, уал змæлæджы фестут, баззайут зæххон адæмæн фыдбылызæн».

Уæд æй Мæйы мидæг æфсæйнаг зæгæлтæй ныххуыдтой. Уыцы хуыртæ æмæ дуртæ фестадысты, зæххыл æнæххуыс змæлæг чи ис, уыдон: кæлмытæ æмæ бындзытæ, хъæндилтæ æмæ цъиутæ.

АРФÆГОНД ФÆТТÆ — Хуыцауæй арфæгонд фæттæ уыд Хызы фырт Челæхсæртæгмæ. Уыдонæй æнæмæнг йæ бон уыд æртæ лæджы амарын. Спайда сæ кодта, Нарты Гаджийы усы куы аскъæфта, уæд æм Хызы фидармæ Гаджи, Уазы фырт Чех æмæ Бедзенæджы фырт Арæхдзау куы ныббырстой, уæд. Адон мæ ныræй уынгæгдæр рæстæг нæ бахъæудзысты, зæгъгæ, сæ рахаста. Радыгай сæ хæрдмæ фехста афтæ скувгæ: «Æ, Хуыцау, ме сфæлдисæг Хуыцау! Ацы фат дæумæ ссæуæд æмæ фæстæмæ æрцæуæд мигъы æврагъы астæу æмæ Уазы фырт Чехы амарæд». Стæй та — Бедзенæджы фырт Арæхдзауы æмæ Нарты Гаджийы.

АРФÆЙЫ НУАЗÆН — марды фæдыл хæрнæджы æгъдау. Зианæвæрæн бон марды хæрзхиуæттæ æгъдауæвæрæг сыхагимæ хисты бадæг хистæртæм рацæуынц фыдызгъæлы хаимæ, дыууæ агуывзæйы рауадзын кæнынц уырдыглæууæгæн. Иу дзы райсы сыхаг, иннæ зианджыны хæрзхионты хистæр. Сыхаг зианджынты номæй арфæ ракæны бадты адæмæн, сæ зыны сæ фарсмæ кæй балæууыдысты, уый тыххæй. Стæй нуазæнтæ радтынц бадты хистæр æмæ æрцæуг адæмы хистæрмæ. Уыдон сыхы æмæ æрцæуæг адæмы номæй фæзæгъынц бинонтæн бузныджы æмæ ныфсы ныхæстæ, Хуыцауыл сæ бафæдзæхсынц, рæсугъд хабæрттæ сыл куыд цæуа, сæ Арфæйы нуазæн Цины нуазæнтæй куыд раивой,

афтæ æмæ сæ бануазынц. Уый фæстæ, мыггаджы хистæртæй фынгыл чи бады, уымæн, стæй сæ уæлхъус чи æрбалæууыд, уыдонæн дæр мардæн рухсаг зæгъын кæнынц. Арфæйы нуазæн бануазыны тыххæй нæу, фæлæ æрхъуыдыйы, бузныг зæгъыны, æгъдау раттыны, мардæн рухсаг зæгъыны тыххæй.

АРФÆТÆГÆНÆГ — ирон царды, стæй адæмон сфæлдыстады дæр ис арфæтæгæнджытæ. Уыдон фылдæр сты сылгоймæггæ. Арфæтæгæнæджы ми арæзт у хæрзаудæнырдæм, дзæбæх кæны цæстдзыд сывæллæтты, стæй хæдзарон фос. «Цæстдзыд кæны мад йæхи сывæллоны дæр», — фæзæгъынц ирон адæм. Гъе уымæ гæсгæ æгæр макæуыл, мацæуыл бадис кæн. Нæдæр дæ сывæллоныл, нæдæр дæ хъуджы æхсыры æркондыл — фæцæстдзыд сæ кæндзынæ. Стæй сæ искæй æвзæр цæстæй дæр хиз — арфæтæгæнæджы лæггад дæ бахъæудзæн.

АРХЪАНЫ БÆХ — Бызгъуан уæйыджы бæх.

АРХЪЫЗЫ ДÆНДАГ (Хъох-дæндаг) — уыдис æрмæстдæр Хæмыцæн. Уыцы дæндагмæ ахæм миниуæг уыд, æмæ-иу æй сылгоймаджы мыггагæй кæмæдæриддæр равдыстаид Хæмыц, уый-иу ын йæ фæндоныл дыууæ нæ загътаид. Уымæ гæсгæ бирæты зæрдæхудт райста. Борæты Бурæфæрныджы усмæ дæр фæрæдыд, æмæ йæ сæ хæрæфырт Сайнæг-æлдарæн амарын кодтой. (Кадæг «Хæмыцы мæлæт»).

Хæмыцæн Архъызы (Хъох) дæндаг радта йæ фыдыхо Хъызмыдæ, цæмæй йæ йæ æлгъысты азарæй бахиза. Æлгъитгæ та йæ Нарты скъæты баст хæрæгæй ракодта, Уырызмæджы Хæмыцæй хистæр кæй рахуыдта, уый тыххæй.

АРЫГ — ирон мифологийы Доны хъаймæтæй Хуыцауы зондамынды фæрцы чи аирвæзт, ахæм лæг. Йæ ус Мæграимæ Хуыцаумæ кувæг уыдысты, æмæ Хуыцау адæмы донæй фесафын куы сфæнд кодта, уæд сæм зæрватыччы æрæрвыста, ахæм ныстуанимæ: «Уæхицæн чырын саразут, фос, хор æмæ маргъы мыггаг уæ цы хъæуы, уыдон дзы бакæнут, уæхæдæг дæр дзы бацæут æд фæллой æмæ æртæ бонмæ уæ чырын ма бакæнут». Афтæ бакодтой ус æмæ лæг, дон сын сæ чырын уæлæмæ систа, æмæ Доны хъаймæтæй ферваæзтысты æд фос, æд мæргътæ.

АРЫХЪ САПОН, АРЫХЪÆХСАД — Арыхъыты ранæй-рæтты ис фынкгæнаг цъæх æлыг. Кадджытæм, таурæгътæм гæсгæ дзы раджы заманты адæм сæ бæхты найгæйæ æхсадтой. Арыхъ сапонæй адæм надтой сæхи дæр, æхсадтой дзы сæ дарæс, Арыхъ сапонæй над, æхсад, — ома, хæрзнад, хæрзæхсад.

АСА — фысы фæстаг агъды чысыл стæг, лæппутæ æмæ чызджытæ асайы стæг Ногбоны æхсæв æвæрдтой сæ нывæрзæны, уæд, дам, дæ уарзоны, дæ фидæны цардæмбалы дæ фыны фендзынæ.

АСАНА — Уырызмæг æмæ Сатанайы фырт, бахъомыл Донбеттыртæм. Уый амардта, тыхгæнæг тых кæмæн нæ ардта, Азны уыцы æртæ фырты. Уыдон уыдысты Нарты знæгтæ, ахæм хъалон сыл сæвæрдтой, бафидæн кæмæн нæ уыд, æмæ сæ сæ цæрæн бынатæй сурын сфæнд кодтой. Уыцы худинаджы уавæрæй сæ ферваæзын кодта Асана, фæлæ йын йæхи дæр мæнгардæй амарынц

Борæтæ. «Асана фыдгæнæг уыди æмæ нæ уагъта Борæты цæрын, — загъд ис кадæг «Сослан æмæ Уырызмæджы». — Нард гал-иу сæм куы уыд, уæд-иу æй ныргæвста, нард бæх сæм куы уыд, уæд та ууыл бадт. Уæларв Куырдалæгонмæ та куырд ахуыр уыди, æмæ бирæ фос Куырдалæгонæн ныббастой Борæтæ, ай нын амар, зæгъгæ. «Амæн амарæн нæй», — загъта Куырдалæгон, фæлæ сын авд ивазн уæрм скъахын кодта куырдадзы фарсмæ, уæрмы сæрыл урс бинаг байтыдтой æмæ уым Асана ныххауди, куырды куыст куы кодта, уæд. Борæтæ йæ уæрмы фидар нымбæрзтой».

АСÆГО — Нарты æнæзæнæг ус æмæ лæджы æрæджиауы лæппу. Куы сын райгуырд, уæд ын, авдæн саразæм, зæгъгæ, хъæдмæ ацыдысты. Семæ сывæллоны дæр ахастой. Уым æй бæласы бын урс уæлдзармы тыхтæй æрæвæрдтой. Сæхæдæг авдæны хъæдæрмæг æвзарыныл фесты. Куы сын сцæттæ æмæ дзы сывæллоны бæттын куы сфæнд кодтой, уæд сæ хъæбулы нал ссардтой. Хуыцау нын æй радта æмæ нын æй фæстæмæ айста, зæгъгæ, хъыгкæнгæ æрыздæхтысты сæ къонамæ.

Асæгойы стыр хохы фидары цæрæг уæйыг ссардта æмæ йæ сырды фыдæй хæссын райдыдта. Лæппу куы бахъомыл, уæд уæйгуытæй хъаруджындæр разынд, бакастæй дæр уыдоны хуызæн нæ уыд. Æмæ йæ мад, фыды бацагуырдта. Нарты æхсæн цæргæйæ бирæ хъæбатырдзинæдтæ равдыста.

АСÆХЪ-МАСÆХЪ-ХЪУЛОН РИХИ — Нарты кадджыты йæ Сослан мæнгардæй амардта. Йæ хъулон рихи йын æд боцъо растыгъта æмæ йæ бафтауын кодта, Нарты устытæ æмæ чызджытæ йын цы кæрц хуыдтой, уымæ, ссис йе ‘фцæгготы фаг. Раст Елтагъанæн куыд бакодта, афтæ. Кадæг хуыйны «Сослан Нарти адæми закъитæй кæрцæ куд скодта».

АСТАНОГЪЛЫ — Хъараман-паддзахы ссаргæ лæппу. Хъараман сау хохы сæрæй йæ бæсты кæрæттæм кæсæн цæстæй куы акаст, уæд дзы йæ хъæды кæрон сау хъæды цъæх æрдузы суыдта, йæ дзыхæй хъуымыз кæмæн калд, йæ цæстытæ галы къæлæтты йæстæ кæмæн уыдысты, йæ бынатæй цъæх арт, цъæх фæздæг чи уагъта, ахæм лæппуйы хуысгæ. Хъахъхъæнгæ та йæ кодтой дыууадæс домбайы. «Мæ адæмæй мын уый мæ къухы чи бафтын кæна, уымæн уыдзæн йæ хъаймæты бонмæ мæ къазнатæм фæндаг», — загъта Хъараман-паддзах. Дыууадæс теуайыл æмæ æртындæс æмбалæй ацыдысты, уарийы ахст цæргæсы цъæхахст кæнгæ. Домбæйттæ хъæрæй фæтарстысты æмæ фæлыгъдысты хъæдмæ. Æртындæс æмбалæй схæц-схæц кæнынц лæппуйыл æмæ йæ нæ фæразынц теуайы рагъмæ. Теуайы æрхуыссын кодтой æмæ йын æй афтæмæй йæ рагъмæ батылдтой. Æрхастой йæ Хъараман-паддзахмæ. Йæхи усæн дæр уыд авдæны лæппу. Дыууæ лæппуйы иумæ хъомыл кæнын райдыдтой. Йе ссаргæ лæппуйыл сæвæрдта ном Астаногълы, йæхи лæппуйыл — Хъарабогълы.

Астаногълыйæн тыхгæнæг тых нæ ардта. Йе ‘фсымæрæн усæн æрхаста æстдæс уæйыджы кæстæр хойы — бæсты рæсугъды, йæхæдæг ракуырдта Хуыцауы хæрæфырт Арабийы. Уыцы хъуыддæгты æвдисы диссаджы хъару

æмæ арæхстдзинад.

АСТАНОГЪЛЫЙЫ ЛÆДЗÆГ — йе ‘фсымæр Хъарабогълыйæн æстдæс уæйыджы хойы хæссынмæ куы цыд Астаногълы, уæд æй зыдта, тыхы сæр æй кæй бахъæудзæн, уæйгуытæ сæ хойы æнæсхæцгæ кæй нæ ратдзысты, æмæ йæхицæн саразын кодта æфсæн лæдзæг. Лæдзæг та ахæм уыд æмæ Хъараманы паддзахады цыдæриддæр æфсæйнагæй уыд, уыдонæй конд, куырдтæ сфæлдахын, сæнкъуысын кæнын кæй нæ фæрæзтой, йе ‘хсидæнты рæстæг авд комæй авд æвдиуы кæуыл дымдтой, йæ зынгæй паддзахады сахартæ æмæ хъæутæ сыхгай кæмæн басыгъдысты. Астаногълы йæ лæдзæгæй хæлдта къæдзæхтæ æмæ уæйгуыты фидæрттæ, фæцагъта уæйгуыты.

АСТÆУМАРХО — ирон уалдзыгон бæрæгбон. Ирон адæм мархо дардтой авд къуырийы, Куадзæнæй (комуадзæнæй) фæстæмæ ранымайгæйæ. Астæумархомæ Стыр комбæттæнæй ис æртæ къуырийы æмæ æртæ боны, Астæумархойæ Куадзæнмæ дæр — раст уыйбæрц — æртæ къуырийы æмæ æртæ боны. Астæумархойæн ма ис æндæр ном дæр — Кæфхæрæн. Уымæн æмæ комдарæны рæстæг æрмæстдæр уыцы бон фæтчыд кæфы фыд хæрын. Æнæуый авд къуырийы дæргъы нæдæр сойаг хæрæн уыд, нæдæр — фыдызгъæл, афтæ кæф дæр.

Стыр комбæттæнæй цыппæрæм къуырийы цыппæрæмы вæййы Астæумархо. Уæд-иу нæ фыдæлтæй куыстхъом нæлгоймæгтæ сæ ком суагътой. Уæдæй фæстæмæ сын хæрыны бар уыдис фыдызгъæл æмæ урссаг дæр. Уый царды домæн уыд. Уалдзæджы комытæф æрбакæлы, æмæ райдайынц уалдзыгон уæззау куыстытæ. Уæззау куыстæн та хъару хъæуы. Хъару та адæймагмæ æрцæуы хорз хæринаджы фæрцы. Гъе уымæ гæсгæ куыстхъом нæлгоймæгтæ фæкæсинаг уыдысты хæринагæй, æмæ-иу сын бар радтой сæ ком суадзынæн. Стæй та-иу сæ ком «бабастой» Куадзæнæй къуыри раздæр. Къуырийы дæргъы хордтой, иннæтæ цы хæринæгтæ хордтой, æрмæст уыдон. Куадзæны-иу иууылдæр иумæ сæ ком суагътой.

АСТÆУККАГ НАРТ — Нарты хъæуы æртæ сыхæй иу. Кæс «Æртæ нарты». Астæуккаг сыхы цæрынц номдзыд Æхсæртæггатæ, сæ сæрмæ арв нæрын кæмæй нæ уæнды, маргъ атæхын. Æндонриу æмæ гуыппырсар Æхсæртæггатæ.

АСТÆУККАГ ЦÆДЖЫНДЗ — рагон ирон хæдзарæн уыд йæ хъæугæдæр хæйттæй иу. Ууыл æнцой кодтой аххæрджытæ. Стыр уæз ыл кæй цыд, уымæ гæсгæ хъуамæ уыдаид фидар, æмæ йæ арæзтой æппæты фæтæндæр хъæдæй.

Йæ нысаниуæгмæ гæсгæ йын аргъ кодтой бинонтæ. Уый зонгæйæ-иу æм хæдзараразæг биноныгдæр базылд, саив, срæсугъд-иу æй кодта нывæфтыдтæй, саджы сыкъатæй. Астæуккаг цæджындз баст уыдис хæдзары бынаты фарнимæ æмæ бинонтæн уыд табуйаг, нымд дзы кодтой, баст уыд æгъдæуттимæ.

АСТФИСЫНОН, ЦЫППАРКЪУЫМОН ХÆДЗАР — нæ фыдæлтæм хæдзæртты, фидæртты, мæсгуыты арæзтады архитектурæ бæрзонд æвæрд кæй уыд, уый ирдæй зыны Нарты кадджыты. Кадæг «Уырызмæджы мæсыджы» дыууæ

фаззон æфсымæры Уырызмæг æмæ Хæмыц фæбыцæу сты, чи сæ хистæр у, ууыл. Уый сбæрæг вæйиы, йæ мæсыг сæ чи хуыздæр æмæ тагъддæр самадта, уымæй. Кадæг «Фæндыр куыд фæзынди»-йы та Нартæ иумæйаг æмбырддон хæдзар арæзтой æмæ йыл фæцархайдтой афæдзæй-афæдзмæ. Уæддæр сын æм Сырдон фаутæ æрхаста. Уæдæ диссаг та куыд нæ сты Борæты Æрдамонгæ хæдзар, стæй Алæгаты куывдтæгæнæн хæдзар! Фидардæрæн та сæ арæзтой æдде астфисынон, мидæгæй та — цыппаркъуымонтæ.

АСТЫМГÆРДÆГ-КЪУЫСТЫМХАЛ — астымты, дурджын рæтты кæрдæг тыхджын вæйиы, дурты æхсæнты дæр сзайы, æмæ уыйау фидар у.

АТАЙТЫ КЪОДАХ — ирон мифологийы зындгонд сты Атайты Цыкурайы фæрдгуытæ, фæлæ ма сæм уыд къодах дæр. Къодахы фæдыл ис ахæм таурæгъ: «Раджы заманы Атайтæй иу лæг ацыд хъæдмæ суг ласынмæ. Иу бæласы раз æрлæууыд æмæ йæ гъа ныр фæрæтæй ныццæва, зæгъгæ, афтæ кæцæйдæр хъæр фæцыди: «Ма ныццæв!» Лæг дыккаг бæлас акалынмæ хъавыд, фæлæ та йæ уыцы хъæр баурæдта. Уæд æртыккаг бæласыл фæрæт æруагъта, æмæ нæзы бæласы фæрæтдзæфæй рахъардта æхсыр æмæ туг. Уæдæ ай бæркады хос у, — загъта Атайы-фырт, бæласæй стыр къодах ралыг кодта æмæ йæ сæхимæ раласта. Цæуы фæндагыл, æмæ йæм чидæр дзуры: «Хъахъхъæн уыцы къодахы».

Къодах бафснайдтой се скъæты, æмæ уæдæй фæстæмæ Атайтыл цард хæцын байдыдта, схъæздыг сты. Уый у мыггаджы дзуар, æмæ йын алы аз дæр кæнынц кусарт æмæ кувинæгтæ. Атайтæ ма сæ Цыкурайы фæрдыгæн дæр æрвылаз кодтой куывд.

АТА ÆМÆ АМАН — ирон мифологийы Адам æмæ Евæ, Стыр Хуыцау зæххыл фыццагдæр кæй сфæлдыста, æмæ адæм кæмæй рацыдысты, уыцы лæг æмæ ус. Ис ахæм ирон дзырдбаст: «Иратаманæй нырмæ ахæм хъуыддаг нæма æрцыд». Ома Ата æмæ Аманы Хуыцау куы сфæлдыста, уæдæй абонмæ ахæм Ирыстоны нæма уыд. Иратаман у æвастхъæры хуызы дæр: «О, Иратаман!».

АТЫНÆГ — сæрдыгон хъæууонхæдзарадон бæрæгбон. Хонынц ма йæ Цыргъисæн æмæ Халмæвналæн дæр. Вæйиы Кæхцгæнæнты фæстæ дыккаг хуыцаубоны. Баст у хосгæрдæнты райдайæны бонимæ. Нæ фосдарæг фыдæлтæ хосгæрдæнтæн уæлдай аргъ кодтой, ахсджиаг куысты афон сын уыд, æмæ-иу ын цалынмæ йæ бæрæгбон — Атынæг — сбæрæг кодтой, уæдмæ-иу йæ къухмæ цæвæг ничи райста. «Уыгæрдæнтæ-иу гъæйтт зæгъгæ, кæрдинаг куы уыдаиккой, уæддæр уыцы бæрæгбоны размæ иу ирон дæр йæ къухмæ цæвæг нæ райстаид, — фыста ахуыргонд Уарзиаты Вилен йæ чиныг «Ирон бæрæгбæттæ незамантæй абонмæ»-йы. — Уырныдта сæ: хос кæрдыны фæтк хæлд куы æрцæуа, уæд сæ уæларвон тыхты азар баййафдзæн — къæвда æрцæудзæн, науæд бæстæ басудздзæн. Æмæ фыдбылыз дæу аххосæй æрцæуа, уый кæй бафæндыдаид».

Атынæджы бæрæгбонмæ цæттæ кодтой рагацау, сыхтыл-иу къусбар æрзылдысты, мысайнаг æмбырд кодтой нывондагæн. Фыхтой бæгæны. Куывдмæ алы хæдзар дæр хаста æртæ хæбизджыны. Хистæр-иу йæ фыццаг

сидтытæй хъæубæсты бафæдзæхста Стыр Хуыцауыл, Уастырджийыл, стæй-иу ссардта Атынæджы ном, къусбар цы хæдзæрттæ скодтой, уыдонæн сæ цыргъаг æнæкъуылымпытæй куыд бакæна хосæфтауц кæныны куыстытæ, зæгъгæ.

Атынæджы бæрæгбоны куывтой Елиа æмæ Уацилламæ дæр. Фаг-иу фæбадтысты цæлы фынгтыл. Фæссихор-иу адæмæн хистæрæй кæстæрмæ бацайдагъ ерысæй кафт, дугътæ æмæ алыхуызон хъæзтытæ суанг æнафонтæм. Къуырисæр сын уыд фæлладуадзæн бон. Дыццæджы-иу куыстхъом нæлгоймæгтæ иууылдæр æрлæууыдысты хосгæрсты сæр. Рагацау-иу куывды сбæрæг кодтой, фыццаг уис æркæрдыны бар кæмæ æрхаудзæн, уыцы, хуыздæр æмæ амондджындæр къух кæмæн ис, хосдзауы, æмæ-иу уымæн уыцы бон фыццаг уис æрхæссын кодтой. Стæй-иу райхъуыст иннæты цæвджыты æхситт дæр зарæг æмæ опп-оппимæ.

АУУОН — Сырдонмæ ахæм миниуæг уыдис, æмæ-иу адæймаджы уд йæ буарæй фæхицæн кодта. Иу кадæджы йæ фырты Нарты хъал фæсивæдæн мысанæн куы сæвæрдта, уæ фаттæй йæ æхсут, зæгъгæ, уæд дæр ын Сырдон йæ уд йæ аууоны бамбæхста. Æмæ йын сæ бон ницы уыди, дзæгъæл æхстæй уæлдай, æмæ сыл, æдылытыл куыд худай, афтæ худынæй йæхи рæвдыдта. Уыцы афон Сослан балцæй æрбаздæхт æмæ сæ фæсивæды уыцы худинаджы уавæры куы федта, уæд рамæсты. Сырдонæн загъта, æз дæр фехсон, зæгъгæ. Уый йын бар радта. Сослан зыдта Сырдоны хин ми æмæ лæппуйæн ныхъхъавыд йæ аууонмæ. Дæ фыдгул дæр — афтæ. Уыцы бонæй фæстæмæ Сослан æмæ Сырдон уыдысты туджджынтæ.

АУЫГЪД ДУР — Куырттаты комы Дзывгъисмæ хæстæг иу бынат хуыйны Хъæдæргъæвæн. Ам хæххон цæугæдоны хæд галиуварс рагон хохæгтæ къæдзæх-къулрæбын айгæрстой уæрдонвæндаг. Уæлбылмæ схизæны тынг къæдз-мæдзытæ арæзт уыд. Хъæдæрмæг ласгæйæ дзы галуæрдон нæ арæхст, æмæ фæзилæнты хъæд æргъæвтой хæрдмæ лæгдыхæй. Уымæ гæсгæ йæ ном дæр афтæмæй баззад — Хъæдæргъæвæн. Ссæдзæм æнусы æхсайæм азты йæ рæмудзæн æрмæгæй фехæлдтой. Фæлæ ма иуæй-иу ран йæ зæронд фæд зыны. Ныр дзы бынты асфальтæй æмбæрзт, лæгъз фæндагыл автомашинæтæ згъорынц. Ам донфыцæны тæккæ сæрмæ дыууæ къæдзæхы арвыл æмбæлынц. Сæ цъуппыты æхсæн сагъдæй лæууы стыр хохдур, æрдзон хид. Рагфыдæлтæ йæ Ауыгъд дур рахуыдтой. Таурæгъ ыл баззад. Кæддæр, дам, хæхтæ ма сæ мидбынæтты куы змæлыдысты, сæ кæрæдзи фырытау куы хостой, уæд, цæмæй ам цæугæдоны фæд ма сæхгæдтаиккой, уый тыххæй Хуыцау дур арвæй æрæппæрста дыууæ къæдзæхы æхсæнмæ. Уый къæдзæхты æрбангом кæнын нал бауагъта, æмæ комы цæрæг адæм доны сæфтæй ферваæзтысты.

АУЫСТÆН — дзырд «ау» Абайты Васо йæ «Ирон æвзаджы историон-этимологион дзырдуат»-ы тæлмац кæны — сила, прочность — ома, тых æмæ фидардзинад. «Стæн» та амоны нымдгæнын, дæуыстæн, мæ мады, мæ фыдыстæн, зæххыстæн, Хуыцауыстæн, Ауыстæн — тыхы, фидардзинадыстæн.

АФÆДЗЫ ГУЫЛ — ирон адæммæ ноггуырд табуйаг кæй у, уый бæрæггæнæг у, афæдз ыл куы рацæуы, уæд афæдз ын кæнын зæгъын сæ цæст кæй нæ уарзы, уый дæр. Ома, афæдз мардæн фæкæнынц, æмæ йын уыцы дзырд йæ дарддæр хъысмæтыл æвзæрæрдæм куы сахада, хæрам тыхтæ йын исты фыдбылыз куы ракæной. Æмæ ма йыл бафтыдтой гуыл — Афæдзы гуыл.

Афæдзы гуыл кæнынц лæппуйæн æмæ чызгæн дæр. Цины бон вæййы уæд сылыстæг бинонтæн æмæ хæрз хæстæджытæн, хæрз сыхæгтæн. Уæлдайдæр та кæстæр кары чызджытæн, сæ хъæбысæй йæ дæлæмæ нал фæуадзынц. Алчидæр фенхъæлмæ кæсы, ноггуырд гауызгондыл йæ алыварс æвæрд дзаумæттæй цы равзардзæн, йæ цыппæртыл дзы цæмæ бацæудзæн, йæ фидæнæн цавæр дæсныйад равзардзæн. Йæ алыварс та йын æрæвæрынц алыхуызон кусæндзаумæттæ: чызгæн — иутæ, сылгоймæгтæ цæмæй архайынц, уыдон; лæппуйæн та — нæлгоймаджы кусæнгæрзтæ. Чиныг, ручкæ, фæндыр — æнæмæнг. Кæй зæгъын æй хъæуы, гуыл дæр. Уæдæ Афæдзы гуыл цæмæн хуыйны. Саби дзы ныййарджытæн зæрдæйы фæндон дзаума — йæ фидæны дæсныйад æвдисæг куы равзары, уæд ма сын сæ циныл цин бафтауы.

Уый фæстæ хистæр сылгоймæгтæ Афæдзы гуылмæ цæттæ фынгыл скувынц ноггуырдæн. Бафæдзæхсынц æй Стыр Хуыцауыл, Лæгты дзуарыл, Бынаты бардуагыл, Мады-Майрæмыл, Алардыйыл, Дзæбæхæй куыд байрæза, йæ фидæны дæсныйады стыр æнтыстытæ куыд равдиса, ууыл вæййынц сæ кувдтытæ.

АФÆДЗЫ ХИСТ (КÆНД) — ирон адæм мардыл сау дарынц афæдзы дæргъы. Афæдзы дæргъы сæхи бирæ цæмæйдæрты бахизынц, уæлдайдæр — хъæлдзæгдзинадæй, цæмæйдæрты сæхи хъуаг ныууадзынц, фæлæ мардæн йе ‘гъдæуттæ скæнынц. Йæ амардыл афæдз куы рацæуы, уæд та йын скæнынц Афæдзы хист. Уыцы бонæй фæстæмæ нымад æрцæуы хæдзарвæндаджы, хиуæтты, мыггаджы зæронд мæрдтыл. Уыцы бон хисты æгъдау куы ахицæн вæййы, уæд фынджы хистæр йæ размæ рахæссын кæны æртæ хæбизджыны.

Лæугæйæ сæ скувы. Стыр Хуыцауы, йе сконд зæдтæ æмæ дауджыты ном ссары, хæдзарæн ахъазгæнæг куыд уой, хорздзинæдтæ сыл куыд цæуа. Стæй арфæ ракæны бинонтæн, сæ мардæн афæдзæй-афæдзмæ хорз æгъдæуттæ кæй фæкодтой, уый тыххæй. Адæмы раз сын æргом æмæ фидарæй фæзæгъы ныр, бинонтæй чындзы цæуыны, ускурыны кары цы кæстæртæ ис, уыдонæн хъуыддаг бакæнын, амонд ссарын æгъдау бар кæй дæтты, уый.

Афæдзы кæнд æнæмæнг йæ амæлæн боны кæнгæ нæу. Нæ йæ кæнынц раздæр дæр. Йæ бонæй чысыл фæстæдæр кæнгæ у, науæд, дам, мардæн хъыг вæййы, фæтагъд мыл кодтой, зæронд мæрдтыл мæ банымадтой, зæгъгæ.

АФСАМБИТТ — «Хуыцауыæйгуыты куы сфæлдыста, уæд уыдысты æртæ æфсымæры: Æфсадагъ, Харахсей æмæ Афсамбитт», — зæгъы таурæгъ «Уæйгуытæ».

АХАР-КАЛАК — Нарты кадджыты знæгты фидар. Басæттæн кæмæн нæ уыд, ахæм сахар-фидар, фæлæ Батрадзы ныхмæ фæлæууын нæ бафæрæзта. Уый

йæ басаста. Ахар-калак — сахар Нарты кадджыты. «Нарты сау рувасдзарм»-ы Хæмыц йæ кой кæны. Кæфтæ æлхæнынмæ йæм ныццыд. Æвæццæгæн, сахар уыд денджызы был.

АХÆНÆТ — Æфсатийы иунæг чызг, ракуырдта йæ Хуры фырт Хæмæтхъан. Зарджыты ма йæ хонынц Хайырхъыз дæр. Уым та йæ уæларвмæ аскъæфы Сесана.

АХÆРА-ДУР — ирон уырнынадмæ гæсгæ Хъаймæты бон арвæй æрхаудзæн Ахæрадур. Йæ цæфæй Зæхх афтæ тынг нынкъуысдзæн, æмæ фегæмттæ уыдзæн. Аныхъуырдзæн, цыдæриддæр ыл цæрæг ис, уыдоны. Суанг ма стъалыты, Мæй æмæ Хуры дæр.

АХÆРÆТ — бынсæфты Хъаймæт. Ирон мифологимæ гæсгæ уыд Артæй хъаймæт, стæй та — Донæй хъаймæт. Æмæ та адæм ногæй сбирæ вæййынц. Уый уымæн, æмæ сæ Хуыцау бындзагъд нæ кæны. Йæ бон сæ бынтон фесафын кæй у, уый сын равдисы, æмæ та сын иу хаттæй иннæ хаттмæ фæлварæн рæстæг радты. Фæлæ сæм хуыздæр зонд куы нæ æрцæуа, сæ цардыуагыл биноныг куы нæ ныхъхъуыды кæной, сæ адæймагдзинад куы фесафой, уæд сын Хуыцау рахæсдзæн карз тæрхон Ахæрæт — бынсæфты Хъаймæт. Хуыцау Арвы дуар фегом кæндзæн, æмæ судзгæ æрвон дуртæ зæхмæ æргæр-гæр кæндзысты, ныххойдзысты йæ, цæрæг æмæ дзы зайæгой куыд нал баззайа, афтæ.

АХМИНÆ — афтæ дæр хонынц Сатанайы.

АХМÆТХЪАН — Мæйы фырт.

АХОХ-ДЕНДЖЫЗ — Нарты кадджыты «Батрадз йе ‘фсымæры хæйрæджыты уацарæй куыд ракодта», уым ын уæларвон Найсын афтæ зæгъы: «Де ‘фсымæр æмæ зæронд лæджы лæппу (уыцы-иу рæстæг фесæфтысты), Ахох-денджыз æмæ Хъара-денджыз иу кæм бавæййынц, уым сты хæйрæджыты къухы». Батрадзы æфсымæр баст уыди, зæронд лæджы лæппу та — уæгъд, æмæ сæ æргæвдынмæ нард кодтой Хæйрæджыты æхсæвмæ. Батрадз сæ дыууæйы дæр хæйрæджытæй тыхæй байста.

АХРУМАН — раздæр-иу, йæ сывæллоны кæуын кæнæ хъæрахстæй чи сфæлмæцыд, ахæм тыхст ирон мадæй фехъусæн уыд ахæм æлгъыст: «Ахруман (захруман) — дæ хъуыры, кæд ололи нæ фестадтæ. Ахруманыл нырма ирон адæмон сфæлдыстады æндæр никуы сæмбæлдтæн. Ахруман кæд, мыййаг, зороастрийæгты дины чиныг «Авестæ»-йы кæуыл æмбæлæм, уыцы Анхра-Манью у. Персайнæгтæ та йæ хонынц Ахриман, æмæ нæм кæд уыдонæй æрбахæццæ. Æниу нæ рагфыдæлтæ иу куы уыдысты…

Зороастриаг дингæнджытæ табу кæнынц зынгæн. Сæ дины сæйраг у Хæлар æмæ Хæрам тыхты тох. Хæлар тыхтæ цæуынц Ахура-Маздайæ, Хæрам тыхтæ та — Анхра-Маньюйæ (Ахриманæй) — фыдæхы бардуагæй. Кæд, мыййаг, карз æлгъыст «Ахруман — дæ хъуыры» — уый тæвагæй фæзынд ирæттæм. Æнæ уый дæр нæ рагфыдæлтæ зынгæн, артæн табу кæй кодтой, уый зындгонд куы у. Ныр дæр ма нæм ис бæрæг бон Æртгæнæнтæ, Ногбоны æртытæ та диссагæн

дзуринаг куы фæвæййынц сывæллæттæн. Уæдæ Ногбоны Æртхурон та? Раздæр-иу мардæн йæ ингæн куы фæлдыстой, уæд ингæны арт кодтой. Ныр дæр ын фыццаг табæты йæ уæлæдарæс, æмбæрзæнтæ фæзынгдзæф кæнынц, стæй йæ куы баныгæнынц, уæд ын йæ ныгæнæн боны хæдфæстæ райсом — Фыдырайсомы йæ уæлмæрдыл арт скæнынц. «Мæлæтæй нæ тæрсын, фæлæ мын мæ фæстæ мæ уæлмæрдмæ чи хæсдзæн суг?» — хуымæтæджы нæ фыста Къоста.

АХСАБИЙЫ ДЗУАР — кувæндон Куырттаты комы. Кæддæр уыдис абоны рынчындоны кæрты. Комбæстæ-иу июны фæстаг хуыцаубоны ардæм æрæмбырд æмæ-иу уæлмонц, хъæлдзæг æмæ зæрдæрайæ арвыстой сæ рæстæг. Фæстæдæр Фыййагдоны æрзæткъахæнты кусджытæн цæрæн поселок куы арæзтой, уæд ын йæ систæ æмæ брутæ фехæлдтой, сæ дуртæ сын арæзтадмæ фæластой. Фæлæ та кувæндон ногæй сарæзтой, æмæ йæм адæм кувынмæ цæуынц.

АХСТ — «цæргæсы хъæр æмæ сыл уарийы ахст фæкодта», — афтæ арæх бакæсæн ис адæмон сфæлдыстады. Ома фосы æмæ бæхы рæгъæуттыл. Хъæр цы у, уый бæлвырд у, ахста — цъæхахст, цъæхснаг хъустæ арауæгау тыхджын хъæр.

АХУРАМ — зонд æмæ рухсдæттæг бардуаг.

АХУЫ — Царциатæй. Дзырддзæугæ лæг, æппæтзонаг. Обауы сæр ын стыр мæсыг уыд. Уырдæм æм Уырызмæг æмæ Хæмыц ссыдысты фæрсынмæ, сæ дыууæйæ чи хистæр у, уый базонынмæ. Уырызмæг йæхи разæйцæуæг фæкодта æмæ йæ фæрсгæ дæр уый бакодта: «Мах фаззæттæ стæм, æмæ нын зæгъ, хистæр нæ чи у æмæ кæстæр?».

Ахуы сын зæгъы: «Ау, æмæ йæ уе ‘рбацыдæй уæхæдæг куы равдыстат, уæд ма мæ цы фæрсут. Бæлццæттæй дæр фысымтæм раздæр хистæр æрбадзуры (дзургæ дæр æм Уырызмæг бакодта). Хистæры раз кæстæрæн ахæм бар нæй». Хæмыц æм ууыл фæмæсты æмæ йæ ралгъыста. Нартæн та сæ ныхас цæуаг уыд æмæ, Уырызмæг куы нæ уыдаид, уæд Ахуы йæ мæсыджы бын ныммардаид, Хæмыцы æлгъыстæй йыл ныккалдаид. Ахуыйы мæсыг фæцудыдта, фæлæ йын æй Уырызмæг ногæй рацарæзта, стæй дзы Хæмыцы бæсты хатыр ракуырдта.

АХЪ-ДЕНДЖЫЗ — Азовы денджыз Нарты кадджыты. Нарты фæсивæд сæ бæхтыл дугъы уайынц Ахъ-денджызæй Хъара (Сау) денджызмæ.

АХЪМИНЦА — адæмон сфæлдыстады (аргъæутты) фæсномыгæй афтæ хонынц хæсгард.

АХЪЫЗ — къæсы бадæг усы лæг.

АЦАХОДЫН — чындзæхсæвы кæнæ куывды хистæрты фыццаг ракуывды фæстæ кувинæгтæй фыццагдæр аходынц кæстæртæ — сæ удтæ сыгъдæгдæр кæй сты, уый тыххæй, номыл куывды уыцы хъуыддаг хауы, кæй номыл æй скодтой, уымæ.

АЦÆ — Нарты Алæгаты Ацæйæн уыдис æртæ фырты. Кæстæр Ацæмæз — Ацæйы фырт чысыл Ацæмæз. Ацæ куы амард, уæд æфсымæртæ уарыныл

ныллæууыдысты. Уаргæ-уарын нæ фидыдтой æмæ авд Ныхасмæ рахастой сæ хъуыддаг. Фæстагмæ сæ уарæг уыдис Мæгуырæг. Уый стæрхон кодта: фос — хистæр фырттæн, æнусон сыгъзæрин уадындз та — кæстæрæн.

АЦÆГ — алæмæты аргъау «Фæныкгуыз Ацæджы» сæйраг архайæг, æртæ æфсымæрæй кæстæр. Уый, фæныкгуыз уæвгæйæ, йе ‘фсымæртæй разынд зондджындæр æмæ хъаруджындæр. Йæ фыды мард уый бахъахъхъæдта Сау, Сырх æмæ Урс уæйгуытæй. Уый сæ амардта. Сæ бæхтæ æмæ хæцæнгæрзтæ сын бафæсвæд кодта… Æмæ æртыккаг бон Мæликк куы фехъусын кодта, мæ иунæг чызджы авдбынатон мæсыджы сæр сæвæрдзынæн, йæ къухы дардзæн йæ къухсæрфæн æд къухдарæн, чи йын сæ раскъæфа, уымæн æй дæттын, зæгъгæ, уæд ын уыцы хæс сæххæст кæнын бантыст уæйгуыты бæхты фæрцы, уæлдайдæр та Урс уæйыджы бæхы фæрцы. Иннæ бæхтæ æд хæцæнгæрзтæ балæвар кодта йе ‘фсымæртæн æмæ йæхицæн усæн æрхаста Мæличчы чызджы.

АЦÆМÆЗ — Нарты Ацæйы кæстæр фырт. Алæгатæй. Кадæг «Ацæмæз æмæ Насран-æлдар» зæгъы: «Ацæтæй мыггаг нал уыдис — Ацæ йæхæдæг зæронд баци, йæ фырт Ацæмæз та ма дзидзидай уыдис». Ахæм уавæры æрæййæфта зæронд Ацæйы йæ хæрæфырт Насран-æлдары усы скъæфты рæстæг, æмæ йемæ сæ бинонтæй фæдисы чи ацыдаид, уый нæ уыди. Ууыл сагъæстæ кæнгæйæ Ацæмæзы авдæны бабастой йæ дыууæ мады — йæ ныййарæг æмæ йе схæссæг, — йæ фæйнæварс æрбадтытсты æмæ йæ ауызтой: «А-ло-лай, а-ло-лай! Сауболат æмæ цъæх болатæй дæ авдæн, уæйыджы рагъдзарм гæрзтæй — дæ авдæнбостæ. Фæлæ нын нæ гал аргæвддзысты иварæн, нæ фæнычы къæрмæг нын дымгæмæ сдардзысты, нæ артыл нын дон ауадздзысты, Насран-æлдарæн йæ рæсугъд усы аскъæфтæуыд, æмæ уый æфсады махæй æфсæддон кæй нæй, уый тыххæй».

Лæппу сæм авдæнæй æнæнхъæлæджы сдзырдта, æз ацæудзынæн, зæгъгæ. Стæй йæхи аивæзта авдæны мидæг, авдæнæн йæ иу фарсы фæйнæг раппæрста, æмæ фæйнæг денджызы сæмбæлдис — денджыз хæрз хуыскъ бацис, — йе ‘ннæ фарсы фæйнæг хъæды сæмбæлдис, æмæ хъæд цъæх арт суагъта, йæ нывæрзæны фæйнæг та Сау хохыл сæмбæлдис, æмæ Сау хох фæлæбырдтытæ ис; йæ дæлфæдты фæйнæг та Урс хохы сæмбæлдис, æмæ уый дæр фæлæбырдтытæ ис. Лæппу рабадтис æмæ загъта: «Гъеныр мын бæх æмæ хæцæнгæрзтæ æриут, æмæ асурон æфсæддонты æмæ сæ байййафон».

Цымыдисаг сты, Ацæмæз йæхицæн бæх æмæ хæцæнгæрзтæ куыд агуры, уыцы цаутæ. Уæлдай цымыдисагдæр та, æфсадимæ куыд баиу вæййы, стæй Мысыры бæстæйы æлдаримæ лæгæй-лæгмæ хæсты цы хъæбатырдзинад равдыста, куыд ыл фæуæлахиз æмæ Насран-æлдарæн йæ рæсугъд усы куыд байста, уыдæттæ.

Кадæг «Ацæмæз æмæ Агуындæ-рæсугъд»-ы Ацæмæз у Ацæйы æртыккаг — кæстæр фырт. Ацæ куы амард, уæд æм йæ мулчы уæрсты æрхаудта æнусон

сыгъзæрин уадындз. Ацæйæн æй радта Æфсати. Хистæр æфсымæртæ тынг разыйæ баззадысты. Ацæмæз дæр райста уадындз æмæ сфæнд кодта Сау хохмæ Сайнæг-æлдары чызгмæ усгур фæцæуын.

Нарты сагсур фæсивæдæн-иу сæ бæхты фынк калди Агуындæ-рæсугъды цæстмæ хъазынæй, фæлæ сæм уæддæр Агуындæ-рæсугъд иу хатт дæр нæ ракаст Сау хохы айнæджы сæрæй. Нарты хистæртæн сæ галдзарм уæфсытæ баихсыдысты Сау хохы сæрмæ Сайнæг-æлдары чызг Агуындæ-рæсугъдмæ минæвар цæуынæй. Нартмæ ахæм фæсивæд нал баззад, Сайнæг-æлдармæ Агуындæйы тыххæй чи нæ баминæвар кодта, фæлæ дзы Агуындæ-рæсугъд иуæн дæр нæ бакуымдта.

Ацæйы фырт чысыл Ацæмæз рахаста йæ фыды хæзна, æнусон сыгъзæрин сауæфтыд уадындз. Схызти Сау хохмæ. Бæрзонддæр къæдзæхыл æрбадти æмæ зарынтæ байдыдта уадындзæй.

Ацæмæзы зардмæ сæрджын сагтæ уæд галхъæлæсæй уасын байдайынц, сæ сыкъатæ бæрзонд сисынц æмæ лыстæг расирынц. Сау хъæды сычъитæ чъыллипп кафт кæныныл схæцыдысты. Сау хохы сау нæл сæгътæ æрызгъордтой сау айнæгæй æмæ диссаджы хъæзтытæ æмæ кæфтытæ систой, уырынгсыкъа гал-дзæбидыртимæ рог симд кæнын байдыдтой. Хъуазтæ æмæ, дын, сæгуыттæ Туацъæйы былмæ куы разгъорынц, уым куы амбырд вæййынц, сыкъайæ хъазын куы сисынц. Тæрхъустæ æмæ рувæстæ сæхи куынæуал бауромынц æмæ куы радугъ кæнынц фæтæн быдырты; Æфсатийы фос дзугтæ-дзугтæй айнæджы бынмæ æмбырд кæнын куы байдайынц. Фæлвæрайы фос дзугтæ-дзугтæй фæтæн быдырты куы рацæйцæуынц.

Ацæйы фырт чысыл Ацæмæз та ноджы зæрдиагдæрæй куы ныззары; хъуыр-хъуыргæнгæ райхъал сты уæд хуссары æрсытæ, сæ хъарм хуыссæнтæ ныууагътой æмæ уæззаугомау лæпп-лæпп симд самадтой Сау хъæды астæу. Гæмæх быдырты уæд алыхуызон рæсугъд дидинджытæ куы равзæрынц. Сæ алыварс гæлæбутæ æмæ стонг мыдыбындзытæ гуыв-гуывгæнгæ ратæх-батæх уæд куы байдайынц. Сау хъæды мæргътæ сæ уасынæй Сау хъæд сæ сæрыл куы сисынц æмæ Нæртон Ацæмæзæн сæ алыхуызон хъæлæстæй хъырнын куы райдайынц. Гуымы быдырты цъæх дудахъытæ æмæ сау совахъыты кафтмæ дуне куы ‘ркæсы.

Мигъы цъуппытæ кæрæдзийы фæстæ уæд куы раræнхъ вæййынц. Сау хъæды рæбынты, зæххыл сæ хъарм цæстысыг згъалгæ; арвы нæрын дæр уæд куы фехъуысы, æмæ кæрдæджы хал цингæнгæ йæхи уарынмæ уæд куы бацæгъды. Ацæмæз дæр та ноджы йæ арæхст къух куы бацаразы æмæ рæсугъддæр йæ уадындзæй куы базары. Сау хъæд тъыфылтæй хæрдмæ хауын уæд куы байдайы, гæмæх æрдузтæ æмæ гæмæх къуылдымтæ, кæрдæджы хал кæм нæ зади, уыдон цъæх зæлдаг уадзын уæд куы байдыдтой.

Ацæмæзы уадындзы зардмæ хæхтæ хъырнын райдыдтой, уый фæстæ та, дын, куы скафиккой Сау хох æмæ Урс хох, æмæ Сау хох лæбырдтытæ фæци, Урс

хох урс змис фестади.

Ацæйы фырт чысыл Ацæмæз ноджы рæсугъддæр базары, æмæ æнæхъæн дунетæ æрыхъал вæййынц: æнусон цъиститæ тайын куы байдайынц; уынгæг кæмтты хæххон уайаг дæттæ хæлхæлгæнгæ уæрæх быдыртæм згъорынтæ куы сисынц.

Уалдзыгон хур йæ рæсугъд цæстæй æгас дунемæ хъæлдзæгæй уæд куы ракæсы; сыгъдæг уæлдæфмæ алы адæймаг дæр йæ уæнгтæ уæд куы айвазы. Æмæ йæ фæтæн риуы дзаг уæд куы сулæфы.

Ацæйы фырт чысыл Ацæмæз йæ уадындз аст æвзагæй сифтындзы æмæ ноджы рæсугъддæр ныззары, æмæ Сау хохы айнæг дуары йас куы фегом вæййы: Агуындæ-рæсугъд Ацæйы фырт чысыл Ацæмæзы зарджытæм куынæуал фæлæууы, йæ куыст куы фæуадзы, айнæджы тигъæй куы ракæсы.

Ацæмæз, дын, тынг фæдис кодта: «Ау, ай цы хъуыддаг уа: Сайнæг-æлдары чызг Агуындæ-рæсугъды хур дæр куы никуыма федта: æдзух Сау хохы мæсыджы æмбæхстæй куы бады, уæд ныр цæмæн ракасти айнæджы былæй?!» Ацæмæзæн уарзондзинад йæ уæнгты куы ахъары. Агуындæ-рæсугъд дæр, лæппуйы ауынгæйæ, уарзондзинадæй куы базыр-зыр кæны.

Ацæйы фырт чысыл Ацæмæзæн Агуындæ-рæсугъды сау хохæй рахастой Нарты фæсивæд. Къухылхæцæг ын уыдис бæрзонд Уастырджи, дыккаг æмбал — Нарты Уырызмæг, сæ разæй цыдис бæрзонд Ныккола, тырысахæссæг та сын уыдис Быдыры зæд. Цытджын Елиа сæ размæ бæхыл æрхъазы. Зæрдæхъæлдзæгæй йæ æрхастой æмæ йæ Нарты хæдзармæ бакодтой Сатанайы размæ.

Ацæмæз у ирон Орфей. Кæд Сырдон фыдохы бон йæ хъыгæй дыууадæстæнон фæндыр сфæлдыста кадджытæ æмæ таурæгътæ кæнынæн, уæд Ацæмæзы уадындзы зæливылæнтæ та сты кæлæнгæнæг зарæджы хуызæн, адæймаджы нæ, фæлæ æппæт цæрæгойты дæр, хæхты, дæтты, зайæгойты йæхимæ арф чи ныхъхъусын кæны, музыкæйы, аивады, рæсугъддзинады тых тынгдæр кæм зыны, ахæм.

АЦÆРА — Бурæфæрныджы чызг, иу кадæджы Сосланы ус.

АЦÆТÆ — Нæртон мыггаг Алæгатæй. Ацæмæз æмæ йæ дыууæ хистæр æфсымæры сты Ацæтæй.

АЦЫРУХС — Хуры чызг. Авд уæйыджы хъан. Нæрæмон Сосланы æртыккаг æмæ фæстаг ус. Авд уæйыджы йын æрхæссын кодтой Мæрдты бæстæйы Дзæнæты бæлас — Аза-бæласы сыфтæ ирæды иу хæсæн. Кадæг «Сослан Мæрдты бæсты»-йыл фембæлы цуан кæнгæйæ, Уырызмæг ын саг кæм бацамыдта, уым. Саджы фæлгонцы та бацыд Ацырухс, æмæ Хур куыддæр скаст, афтæ йæм сарæзта йæ тынтæ. Хуры тынтæ сагæй фæстæмæ здæхтысты лыстæг хæрдгæ ‘ндæхтæй æмæ цæстытæ къахтой. Сослан, гъа ныр æй фехсон, куыд загъта, афтæ кæсы, æмæ йæ фæттæ фæпырх сты — иу дæр дзы йæ фатдоны нал аззад. Саг йæ бынатæй дæр нæ фезмæлыд. Цирхъимæ йæм куы балæбурдта, уæд уыцы-иу

гæпп фæласта æмæ йæ ных Сау хохмæ сарæзта æмæ иу лæгæты фæмидæг. Сослан дæр — йæ фæдыл æмæ уыны авд æддæгуæлæ галуан. Ам Ацырухс авд уæйыгмæ цæры хъанæй. Зонынджын у æмæ зоны, йæ мойаг Сослан кæй у, уый. Уæйгуытæ йын куы загътой, иу уазæг нæм æрбафтыд æмæ йæхи Нарты Сослан хоны, уæд сын загъта: «Сосланæн йæ дыууæ уæны астæу ис æрдзæй рахæсгæ сау стъæлф. Сбæгънæг æй кæнут, æмæ кæд ахæм стъæлф уа йæ дыууæ уæны астæу, уæд уый æцæгæйдæр мæ мойаг Нарты Сослан у».

Уæйгуытæ Сосланæй Ацырухсæн ирæд æрдомдтой: денджызы был æфсæйнагæй сау галуан, йæ цыппар фисыны Аза-бæласы сыфтæ сагъд куыд уа, афтæмæй, стæй æртæ сæдæ сырды — уыдонæй иу сæдæ сагтæ куыд уой, иу сæдæ дзæбидыртæ, иу сæдæ та — алымыггаг æндæр сырдтæ.

Сослан ирæд бафыста Сатана, йæ мард ус Бедуха æмæ Æфсатийы уадындзы руаджы. Авд уæйыджы куы федтой сæ ирæд, уæд радтой сæ хъан — Хуры чызг Ацырухсы Сосланæн усæн.

– Æ –

ÆВÆДДОН — зайæг хал æмæ цæрæгой сæ æрдзон фæд кæм нæ уадзынц, сæ хъæстæ кæм сыскъуыйы, ахæм æлгъысты бæстæ адæмон сфæлдыстады.

ÆВÆДЗ — цыдæр диссаджы хотых сæрдæн, йе згæ йын чи иста, хъæбæрдæр æй чи кодта, ахæм. Кадæг нын зæгъы: «Æхсар йæ кард айсæрста æвæдз сæрдæнæй».

ÆВÆТЧИАГ — кæс Нæфæтчиаг.

ÆВГЪÆДГÆС — æвгъæддоны-иу арæг усмæ йæ хъус чи дардта, цæмæй æнцондæрæй ныйийардтаид йæ сывæллоны, йæхæдæг та æнæнизæй, æнæ фыдбылызæй баззадаид, ууыл чи архайдта, сывæллоны чи дзæбæхтæ кодта, ахæм ацæргæ, фенаг сылгоймаг. Абоны акушеркæ.

ÆВГЪÆДЫ БАДÆГ — æнхъæлцау сылгоймагæн йæ арыны афон куы æрхæццæ вæййы, уæд æй уæлдай фезмæлдæй дæр хъахъхъæнгæ фæкæнынц, æмæ-иу уый æвгъæддоны схуыссын кодтой рагацау (ныр та — арæндоны). Хонгæ та йæ кодтой æвгъæды бадæг.

ÆВГЪÆДДОН — арæндон. Хæхбæсты ирон адæмы æнхъæлцау сылгоймæгтæн арæндон — æвгъæддонæн скъæты дардтой сæрмагонд бынат. Уым ын-иу, родтæ æмæ уæрыччытæн цы фæлмæн æмæ хæрздæфгæнаг хос æрцæттæ кодтой, уымæй уат бакодтой, хæрзæхсад гобанæмбæрзæн-иу ыл æрытыдтой, афтæ хъæццул, баз æмæ иннæ фæрæзтæм дæр уæлдай тынгдæр цæстдард уыд. Уыдысты табуйаг. Къоста дæр райгуырд ахæм æвгъæддоны, йæхæдæг æй куы фыссы: «Æз райгуырдтæн хохы… Нæ хъæдкъул ыскъæт, — Ныр дæр мæ нæу рохы, — Æвгъæддон уыд уæд…»

Æвгъæды бадæг сывæрджын сылгоймагмæ йæ хъус дардта, хъуыддаг хорз чи зыдта, арынæн ын чи феххуыс кодтаид, ахæм фæлтæрдджын сылгоймаг. Хуыдтой йæ æвгъæдгæс. Æвгъæддон скъæты цыдæриддæр архайд цыдис,

суанг ныхасыл дæр æфтыд уыдис фарн. Сæ фезмæлд, сæ февнæлд кодтой æдыхстæй æмæ бæстон. Хæрам тыхтæй, цæстдзыдæй йын тæрсгæйæ æвгъæды бадæджы хъахъхъæдтой алцæмæй дæр, аудыдтой йыл.

ÆВГЪИЛ — нывондаг урс нæл фысы царм, кувæндоны-иу æвæрд уыд, хъилыл кондæй.

ÆВДАДЗ — æвдадзы хос — ирон адæмон сфæлдыстады æппæт низтæ дæр чи дзæбæх кæны, сафы, ахæм диссаджы хос. Ныр дæр арæх фехъусæн вæйиы рынчынæн исты хос кæнæ хæринагæй ахæм арфæ: æвдадзы хос дын фæуæд! Дæ низтæ дын фесафæд.

ÆВДАДЗÆЙ КÆСЫН — хæлар, уарзон, æхцон цæстæнгасæй кæсын, æхсызгондзинад, рæдау цæстæнгас тауын. Æрхъæцмæ нæ лæугæйæ æнхъæлмæ кæсын.

ÆВДАДЗУАТ ЧЪЫССА — ис, Æхсæртæгæн дæлимонтæм фæндаг цы зæронд лæг бацамыдта, уымæ. Цы нысан ын ис, уый кадæджы бæрæг нæу.

ÆВДАСАРМ — лыстæг фосæй цины кусарты раззаг хæйттæ фæрсчытæ æмæ уæн суанг базыгимæ. Уæлдай кадджындæр у рахизфарс. Уымæн йæ æртæ фæрскæй, кæнæ фондзæй дзуары номыл кæнынц физонæг, йæ уæн æвæрд цæуы фынгыл, сæр æмæ бæрзæйы уæлæ, йæ базыг вæйиы фынджы хистæры къухы кувгæйæ, стæй йæ кувæггагимæ адæтты кæстæртæм. Бæрæгбоны хæдзары кусарты галиу æвдасарм æртæ чъирийы æмæ ностимæ æрвитынц, бинонтæн сæ сылыстæг цотæй фæстагдæр чындзы чи ацыд, уымæн, куыд йæ бæрæгбоны хай. Афтæ амоны æгъдау, цалынмæ йæ чындзы ацыдыл иу аз нæ рацæуа, уæдмæ.

ÆВДÆЗ — хъазуаты æвдæз, хæстмæ цæуыны агъоммæ æгъдау. Сæрмагонд æгъдау. Алыккаты Хазбийы зарæджы ис ахæм ныхæстæ:

«Ныхасæй Хазби бацæуы
Сæ хæдзармæ.
Кæрты дуарæй
Хъæргæнгæ бадзуры:
– Слонаты чызг,
Мæ рæсугъд Фырдæуыз!
Тас æмæ хъуывгъан мын рахæсс,
Æз Æвдæз сисон, Хъазуаты Æвдæз,
Ныртæккæ хæстмæ цæуын хъæуы.

ÆВДТАГ — авд уæладзыджы кæмæн ис, ахæм мæсыг, кæнæ гæнах. Авд æддæгуæлæйы.

ÆВДТАДЖЫ СÆР — авдуæладзыгон агъуысты сæр.

ÆВДИУ — хæйрæг, дæлимон.

ÆВДУДОН — авд уды кæмæн ис, ахæм дæлимон. Гæдыйы дæр фæхонынц авдудон (æвдудон).

ÆВДЗÆРÆН — гуымирты хистæр, Нарты цыфыддæр знаг Буртæджы хæлар. Иумæ сусæг-æргомæй, мæнгардæй архайынц Нарты Борæйы амарыныл, Нарты æвæстаг фæкæныныл. Борæ, Æвдзæрæны хин куы базоны, уæд ын йæ арц йæ

риуы ныссадзы, стæй йын йæ мард доны баппары.

ÆВЗАГ — паддзах, дам, йæ лæггадгæнæгæн бафæдзæхста: «Ацу æмæ мын æрбахæсс, дунейыл æппæты адджындæр цы у, уый».

Лæггадгæнæг ацыд æмæ йын æрбахаста æвзаг. Уæд та йæ арвыста, «дунейыл æппæты мастдæр цы у», уымæ. Дыккаг хатт дæр та паддзахмæ æрбахаста æвзаг.

ÆВЗАЛЫ ÆМÆ ХÆНТУРС ÆРТХУТÆГ — Кар æмæ Кæрæф Нарты уæзæгыл, нæртон адæмыл куы æртыхстысты, дойныйæ, стонгæй æмæ сæ уазалæй куы стыхсын кодтой, уæд семæ схæцыдысты Борæйы фаззон фырттæ Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæг. Уыдонæн Æвзалы æмæ Æртхутæг куы нæ аххуыс кодтаиккой, уæд сыл нæ фæтых уыдаиккой. Æвзалы æмæ Æртхутæг Кар æмæ Кæрæфы фæсырдтой дард. Мæличчытæ сæ фарс хæцыдысты, æмæ уыдонæн та сæ уæзæг æмæ сæхи зынджы амæттаг бакодтой. Уый тыххæй сæм Хуыцау смæсты æмæ сæ дзыхъмард фæкодта: фестадысты æвзалы æмæ хæнтурс æртхутæг.

ÆВЗÆНГÆ — рагон ирон зымæгон бæрæгбон.

ÆВЗÆНДАДЖЫ БАРДУАГ — ирон мифологийы цавæрдæр бардуаг. «Æвзæндаджы гоцъобийы арахъ ныккодта æмæ йæ йемæ ахаста дзургæ дзуармæ», — зæгъы нын таурæгъ. Йæ кувæндон ис Куырттаты комы Уæллаг Къорайы сæрмæ. Кувынц æм ардыгæй ралидзгæ мыггæгтæ: Томайтæ, Лазартæ, Абайтæ, Теместæ æмæ иннæтæ. Йæ бæрæгбон вæййы июны дыккаг хуыцаубоны. Куывды цæуынц йæ кувæндонмæ. Ам ис егъау дур, æрдзæй цыппæрдигъон. Йæ уæлæ дуары хуызæн фæд. Уый фæдыл ис сæрмагонд таурæгъ. Кæддæр, дам, дуры хуылфмæ ацы дуарæй уыд бахизæн, æмæ бардуаг бадт мидæгæй. Ауылты йæ рæзты Куырттаты комæй Уæлладжырмæ цæуы фæндаг, æрхизы Уналыл. Фæндагыл дыууæрдæм бирæ цæуæг уыд. Бæлццæттыл аудыдта бардуаг, суазæг сæ-иу кодта, бахæрын сын-иу кодта. Гъе уыцы миниуæг ын фæфиппайдта иу магусайæ цæлуарзаг лæг æмæ дын йæ рæзты йæхи куы абæлццон кæнид. Бардуаг æй хорз федта, æмæ магуса хъыдымтæгæнгæ фæндагыл Уæлладжыры ‘рдæм фæхæрд кодта. Иу дзæвгар куы суад, уæд цъæх нæууыл йæхи æруагъта æмæ афынæй. Дзæбæх куы баулæфыд æмæ куы сæххормаг, уæд та Куырттаты коммæ фæуырдыг кодта. Æвзæндаджы кувæндоны та йæхи бафсадын уыд йæ зæрды, фæлæ йын йæ сайæн ми бардуаг базыдта æмæ йыл дуар рахгæдта. Уæдæй абонмæ, дам, уыцы дуар у æмыр æхгæд, дуры хуылфмæ бахизæн нал ис.

ÆВЗÆР ЦÆСТ — цæстдзыд чи кæны, ахæм адæймаджы цæст.

ÆВЗИН НЫСТУАН — кадджыты знагæй фидыды ныстуан.

ÆВЗОНДЖЫ СУАДОН — ирон мифологийы, йæ донæй бануазгæйæ зæронды æвзонг чи кæны, ахæм æвæджиау суадон.

ÆВИДИГÆ — фæуæн кæмæн нæй, ахæм хæрд æмæ нозт. Уæле дзы исгæйæ, бынæй кæуыл æфты (ахады), сихсийæн кæмæн нæй, ахæм фæрзиу — бæркад. Дæ зонд, дæ тых, дæ амонд, де ‘нæниздзинад æвидигæ уæд, зæгъгæ, дæр фæзæгъæм,

адæмон сфæлдыстадæй пайда кæнгæйæ.

ÆВИДИГÆ ХЪÆЗОН ÆРТЫКЪАХЫГ ПÆЛÆХСАР ФЫНГ — Æхсæртæгæн бæлццоны хæринаг Донбеттыртæм æрæвæрынц Æвидигæ хъæзон æртыкъахыг пæлæхсар фынгыл.

ÆВИЛЛОН — æвиллон бæстæ, кæлæнгонд, кæлæнгæнджытæ кæм цæрынц, рацæуæн кæцæй нал вæйиы, ахæм бæстæ. Æвиллон тых, рæстæй кæуыл нæ фæтых уыдзынæ, ахæм хæрам тых. Кæлæнты фæрцы чи сæвзæры, ахæм удгоймаджы тых дæр у æвиллон тых, æнæбасæттон тых, æмæ уый фæрцы, уый къухæй кæнынц сæ фыдгæнд. Æвиллон рæсугъд уыд Æхсæртæггаты чызг, алкæй зæрдæйы дæр-иу ныххауд, ахæм диссадæжы рæсугъд уыд. Бадт мæсыджы æмæ моймæ ацыдаид, йæхæдæг рудзынгæй кæмæ ракастаид, уымæ.

ÆВИЦОН БÆСТÆ — кадджыты æнæхæрд хъæздыг æцæгæлон бæстæ.

ÆВРАГЪЫ ЗÆД — æврæгътæ æмбырдгæнæг æмæ пырхгæнæг зæд. Сæрдыгон хур бон Æврагъы зæд кадæджы, таурæгъы, аргъауы хъæбатырæн йæ сæрмæ фестын кæны ауондарынæн мигъы стыгæврагъ, адæймаджы цæст йæ развæндаг кæм нæ уыны, ахæм сылæг мигъæй та йæ хъахъхъæнгæ кæны.

ÆВРИАГЪД — тар мигъты, тыхкъæвдаты, ихуарынты бардуаг. Сау мылазон мигъты арвыл раскъæр-баскъæр кæны æмæ, кæмæ фæмæсты вæйиы, уый хуымты куы ихæй ныххойы, куы лæсæны бын фæкæны. Хæхбæсты та хуымы зæххы гæппæл, хор, халсар туджы аргъ уыдысты. Стæй хæхбæсты цæмæн? Быдыры дæр тых къæвдатæ æмæ ихуарынтæ афæдзы фæллой сафынц. Гъе уымæ гæсгæ нæ фыдæлтæ табу кодтой Æвриагъдæн. Куывтой йæм, куырдтой дзы сæ хуымтæ æмæ цæрæн бынæттæ сын тых къæвдатæ æмæ ихуарынтæй бахизын. Йæ кувæндæттæ та уыдысты хъæуты иумæйаг мæсгуыты хæлддзæгты.

ÆВЫДЫ-ВЫДОН РÆСТÆГ — ахæм рæстæг, дам, уыд, уæйгуытæ, хæйрæджытæ æмæ адæм иумæ куы цардысты, адæм дурæй, хъилæй хæцын куы нæма зыдтой, æмæ уæйгуытæ æмæ хæйрæджытæн хъалон куы фыстой, уæд. Хъалон та фыстой удгоймæгтæй: фарастгæйттæ, æвдгæйттæ, æртыгæйттæ. Кæмæн цавæр хъалон фыстой, уымæ гæсгæ сæ хуыдтой фарастсæронтæ, авдсæронтæ, æртæсæронтæ.

Уастырджи адæмы сахуыр кодта дур æмæ хъилæй хæцын, æмæ уæйгуытæ æмæ хæйрæджытæй фервæзтысты. Фæлæ та уæйгуыты бæсты æрбадтысты: фарастсæроны бæсты — залым, авдсæроны бæсты — æлдар, æртæсæроны бæсты — Ченджы хъул, хæйрæджыты бæсты — базаргæнæг, æмæ ныр дæр знаггад кæнынц фæллойгæнæгæн.

ÆГАСГÆНÆН СУАДОН — ис Даредзанты таурæгъы. Амран, Мысырби æмæ Бадрийы мæнгардæй куы амарынц, уæд сæ Тандет-Тундеты чызг буц Тамар райгас кæны Æгасгæнæг суадоны донæй.

ÆГОММÆГÆС ЛÆППУ — Сослан Мæрдты бæсты кæсы, æмæ зæппадзы бады иу лæппу хæрз бæгънæгæй, йæ фындзыхуынчъытæй рондз цæуы, йæ хъæлæсæй

та туг кæлы. «Ууыл дæр ма дис кæн, — загъта Бедуха, — уый, уæлæуыл цæргæйæ, йæ мад æмæ фыды коммæ никуы бакаст, тухийæ сæ мардта, иу æмæ дыууæ æлгъысты нæ баййæфта уыдонæй. Ныр ам фæсмон кæны, афтæ тынг кæуы, æмæ йæ фындзæй рондз цæуы, йæ хъæлæсæй туг кæлы».

ÆГЪДАУЫ ФЫНГ — ирон адæм фынгтыл арæх бадынц зæрдæйæ зæрдæмæ аныхас кæныны фæдыл. Поэт Дзаболаты Хазби хуымæтæджы нæ фыста:

Адæм ирон фынгыл куы бадынц æмæ куы нуазынц,
Уæд уыдон се ‘гас расыггæнаг не сты,
Фæлæ, æвæццæгæн, сæ кæрæдзийы уарзынц,
Фæлæ, æвæццæгæн, сæ ныхæстæ нæ фесты,
Æмæ сæ карз фынгыл ирон сидтытæ уадзынц.

Фæлæ вæййы æндæр фынг дæр — Æгъдауы фынг: бæрæгбоны, ноггуырды, райгуырæн боны, рынчыны, бæлццоны, исты стыр зæрдылдарæн цауы фæдыл фынг дæр. Уым æртæ æртæдзыхонæй, æртæ кæрдзынæй æгъдау раттын фæхъæуы, фынг кæй æмæ цæй фæдыл вæййы, уымæн, бинонтæн, уазджытæн, сыхбæстæн. Æгъдауы фынгимæ стыр фарн баст ис æмæ дзы хистæрты, кæстæрты раз стыр хæстæ æвæрд вæййы. Ахæм фынг æрмæст бахæрд æмæ баныуæзтæн нæу, фæлæ дзы сæйрагдæр у æгъдау.

ÆГЪУЫЗАТÆ — ирон адæм цы фондз таурæгъон мыггагæй равзæрдысты, уыдонæй иу. Æгъуызатæ дæр Цæразонтау уыдысты паддзахтæй. Æгъуызаты (Гæбæраты) Иуанейы уацмыс «Алгъуызы кадæг» фыст у, Æгъуызатæ паддзахиуæг куы кодтой, уæд цы хæстон сгуыхтдзинæдтæ равдыстой, Ирыстоны паддзахад куыд сфидар æмæ цардхъом скодтой, ууыл.

ÆГЪУЫСТАГ — кадджыты, таурæгъты, аргъæутты, чи нæма уыд, чи нæма æрцыд, ахæм алæмæты диссаг хонынц æгъуыстаг. Æгъуыстаг — алæмæты диссаг, æмбал кæмæн нæй, ахæм.

ÆДДÆХЪУС — «Иу ран та иу ус ставд теманæй хæхты скъуыдтæ æмпъузы, — дисгæнгæ дзуры Сослан йæ мард усæн. — Бафæллад, мæгуырæг, фæлæ йын æрæнцой кæнæн нæй уæддæр». «Уый та уæлæуыл йæхи лæджы сайгæ кодта: æндæр лæг дардта, æмæ-иу уымæн лыстæгхуыд кодта, æнæзивæгæй, йæхионæн та — ставд сынчъытæ, хъуырхъуыргæнгæйæ», — загъта Бедуха.

ÆДЗА — Донбеттырты хистæр сылгоймæгтæй иу.

ÆДЗÆВ БАНДОН — зæдты уæларвон бандон. Царциаты диссæгты ис ахæм бынат: Хур Æдзæв бандоныл бады æмæ ныхас кæны Мæйимæ.

ÆДЗÆДЗЫ МÆСЫГ — æртæ гуымиры хойы бадæн мæсыг.

ÆДЗÆЛЛÆГ-ÆМÆЛЛÆГ — цæрдтæй мæрдты æхсæн, мæлын чи нæ фæразы æмæ цæрынæн дæр чи нал у, ахæм адæймаг.

ÆДЗÆЛЫ НОЗТ — донбеттырты нозт, адæймагæн цæлы фынгыл йе ‘фсис чи сæфта æмæ йæ æвронг чи кодта, ахæм нозт.

ÆЛÆМ — мардæгъдауимæ баст хæринаг. Йæ мардæн-иу зазхæссæн чи кодта, уый-иу æрцæттæ кодта æлæм дæр. Дыргътæ æмæ адджинæгтæ æндахыл кондæй

арæзтой тырысагонд кæнæ нæлгоймаджы хæдоны хуызæн. Бафтыдтой-иу æй егъау хъилыл, кæнæ бæласгондыл, æмæ-иу æй барæг уигъгæ скъæфта хъæуæй уæлмæрдмæ æмæ фæстæмæ. Уыгъта йæ афтæ, йæ дыргътæ æмæ адджинæгтæ куыд згъæлдаиккой. Æмæ-иу сывæллæттæ йæ фæстæ згъордтой, дыргътæ æмæ адджинæгтæ уидзгæ. Ныр та йæ уæлмæрдмæ хæссынц устытæ æмæ йæ уым мардæн ныххæлар кæнынц, йæ уæлæ цы хæринæгтæ конд вæййы, уыдон та байуарынц сывæллæттæн æмæ сыхы мидæг.

ÆЛÆНДОН — кадджыты æмæ таурæгъты мардæгасгæнæн бынат.

ÆЛГЪÆНЦЪ — таурæгътæм гæсгæ, йæхи 'гъдауæй рæхойгæ æмæ кæрдгæ дæр чи кодта, ахæм арц, сæрдасæнгонд.

ÆЛГЪÆНЦЪЫТÆ — хæдкæрдгæ цыргъаг хотыхтæ, хъахъхъæнынц Адæу-уæйыг — æлдары фидармæ бацæуæнтæ, нæй сæ астæуты æвыдæй ахизæн. Æрмæст Ацæмæзæн бантыст Æрфæныл сæ астæуты ахизын. Иугæр сыл уæйыджы бар нал цыд, уæд фæйнæрдæм ацыдысты æмæ фæндаг дæттынц Ацæмæзæн.

ÆЛГЪÆНЫ ХОС — цавæрдæр алæмæты хос, арæг сылгоймаджы дзы-иу куы айсæрстой, уæд-иу æнцонæй ныййардта. Кадджыты дзы пайда кæны нуазыны доны бардуаг Гæтæг.

ÆЛДАР — хъæздыг, бонджын лæг, бирæ фос æмæ хъомрæгъæуттæ, зæххытæ кæмæ ис, æххуырстытæ æмæ цагъайрæгтæ чи дары, йæхæдæг кусгæ нæ, фæлæ йæ рæстæг уазджытимæ цæлы фынгтыл, хъæлдзæгдзинæдты чи æрвиты, ахæм. Æлдæрттæ ис ирон адæмон сфæлдыстады дæр: Нарты кадджыты, таурæгъты, аргъæутты. Сæ фылдæр сты æппæрццæг архайджытæ, фæлæ дзы ис, адæймаджы, адæмы рис кæмæ хъары æмæ рæсугъддзинады фарс чи балæууы, ахæмтæ дæр. Ирыстоны æлдæрттæ уыд Октябры революцийы агъоммæ дæр ма. Сæ цотæй, Европæйы культурæйы тæваг кæмæ фæхæццæ, уыдон систы ирон адæмы хуыздæр фырттæй. Тугъантæй ахæмтæ сты Махарбег æмæ Батырбег.

ÆЛЛО — сылгоймаджы æлгъыст ма æрцæуайы тых кæм ис, ахæм уаз дзырд. Æлгъитæджы алы ныхасы фæстæ дæр æлло куы зæгъай, уæд, дам, йæ æлгъыстæн йæ тых сæтгæ кæны, æмæ дзы тас нал вæййы. Уый фембары æлгъитæг сылгоймаг дæр, æмæ æлло цы сылгоймаг фæдзуры, ууыл йæ пырх акалы.

ÆЛУТОН — ирон адæмон сфæлдыстады цавæрдæр диссаджы хæрд-нозт, йæ чысыл фæхъæстæйæ дæр адæймаджы стонг чи сæтты, йæ низтæ йын чи суры, рынчыны чи дзæбæх кæны, марды чи æгас кæны, адæймаджы цард даргъдæр чи кæны, ахæм. Æлутон фых бæгæны, — афтæ хуыдтой нæ фыдæлтæ хицæн уагыл конд бæгæны. Ома, нард нæл фыс-кусарт — тохъыл батайыны онг цы бæгæныйы фæфыхтой, уый. Ахæм æлутон бæгæны ахъаз уыд нозтæн дæр æмæ хæрдæн дæр. Уымæй дард балцы хæссынæн уыд рог (æнцон), хæрынæн — æхцон (тайæн). Æрæгмæ туаг кодта æмæ бирæ рæстæг уыд бæлццонæн хъацæн. Нарты фæткъуы дæр уыд «æлутон» хос адæмæн, иу адзал не здæхта

фæстæмæ, уый йеддæмæ цы хъæдгом нæ дзæбæх кодта, цы низæй нæ ирвæзын кодта, ахæм нæ уыдис.

ÆЛХÆД ТЕУРЕЗ — Деденæджы цагъайраг.

ÆМБÆЛÆГГАГ — дæттынц æй, фынгмæ ног адæймаг куы æрбацæуы, уæд уымæн. Рагзаманты цуанæттæм тынг фидар уыд æмбæлæггаджы æгъдау. Цуанæй здæхгæйæ-иу цуаноныл фыццагдæр чи амбæлд, уымæн йæ сырды мардæй æнæмæнг хай — æмбæлæггаг радтаид. Ацы æгъдау чи фехæлдтаид, уый, дам, цуаны нал фæфæндараст уыдаид. Цуаноны æмбæлæггаг Æфсатийы фæдзæхст уыд Нартæн. «Сау хохы-иу сырд куы амара (нæртон), уæд-иу ын йæ рахиз сгуы радтæд, фыццаг ыл чи сæмбæла, уымæн — æмбæлæггаг», — зæгъы Сосланæн Æфсати. Æмбæлæггаг лæвæрдтой фосы кондæй здæхгæйæ дæр, суанг абырджытæ дæр.

ÆМБОЙНЫ ДУГЪ — рагзаманты марды фæдыл дугъ йæ ныгæнæн бон.

ÆМБЫРДДОН — Нарты кадджыты Æхсæртæггаты зæронд хæдзар. Стыр хъуыддæгтыл, Нарты иумæйаг фарстатыл-иу уынаффæтæ уым кодтой.

ÆМДЗУАРДЖЫН — лæппу ус курын куы сфæнд кæны, уæд йæхæдæг, стæй бинонтæ дæр ахъуыды кæнынц, чындзæхсæв куы сырæза, уæд чындзы рахиз къухыл чи рахæцдзæн йæ ныййарджыты хæдзарæй ракæнгæйæ. Уый вæйиы къухылхæцæг æмæ стыр хæс райсы йæхимæ Хуыцауы, зæдтæ æмæ дауджыты раз. Уыдоны фарн ыл бафтауынц усгур æмæ йæ бинонтæ. Ахæм хъуыддаджы бацæугæйæ, уый свæйиы дзуарджын (æвзæр адæймагæй дзæгъæлы нæ фæзæгъынц, уый æнæдзуар у, зæгъгæ). Къухылхæцæджы фарсмæ цы нæлгоймаг æрбалæууы, арфæйаг хъуыддаджы йын бахъуыс кæнынмæ, уый та хуыйны æмдзуарджын. Æмæ къухылхæцæгимæ æмдзуарджын — иумæ дзуарæн æхцон хъуыддаг кæнынц. Уымæй дæр ирон адæм архайынц, цæмæй кæстæрты — ног къайы амондыл мацы къæм абада, мацы йын ратых кæна, рæсугъд, аив æмæ æнæлаз уа.

ÆМХИЦХÆРÆН БÆРÆГ ОБАУ — Уырызмæджы æнæном лæппу стæры ахæтыны размæ йæ фыдмæ æнхъæлмæ каст Æмхицхæрæн Бæрæг обауыл.

ÆМЦЕГ — раджы уыдис ахæм æгъдау, æдыхдæр мыггаг, хæдзар-иу тыхджындæр мыггаджы бинонтæй хъомыл кæнынмæ райста лæппу. Æмæ-иу уæд дыууæ мыггаджы систы æмцегтæ, бахъуыды рæстæг кæрæдзийæн — æнцойтæ. Цы лæппу иу хъомыл кодтой, уый та хуынд хъан. Æмбисондæн куы баззад: «Хъаны цард кæны», ома, хорз цæры.

ÆНА — Алæгаты Тотрадзы мад. Уый зæгъы дыууæ лæппуйæн: «Фæцæут сæ хæцæн бынатмæ (Сослан æмæ Тотрадзы) æмæ кæд разæй цæф у мæ фырт, уæд-иу æй æрхæссут — æз ыл кæуынæй мæхи бафсадон, æмæ йæ нæ уæлмæрдты бавæрон; кæд фæсте цæф у, уæд æй искуы фаджысы баныгæнут — уæлмæрдты ныгæныны аккаг нæу, уымæн æмæ уæд лидзгæ кодта æмæ афтæмæй фæцæф ис». Уый фæстæ мады цæссыгæй йæ ингæн ныххуынкъ ис, æмæ уыцы хуынкъæй Алымбеджы фырт чысыл Тотрадзмæ хуры рухс кæсын райдыдта.

ÆНÆБАРЫ — Нарты кадджыты сохъыр Алийы æртыккаг фырт. Дыууадæссæрон уæйыг æй куы амары, уæд ын йæ æртыкъахыг фынг Али радты Батрадзæн.

ÆНÆБЫН ТÆСКЪ — Сослан Мæрдты бæсты иу ран иу зæронд лæджы федта бæрзонд хохмæ хуыр æмæ змис æккойæ хæлд æмæ æнæбын тæсчъы хæсгæ, æмæ йын дзы ницы æнтысы. «Уый та-иу уæлæуыл кайаг уыд арæнæй — йæ уавæр ын æмбарын кæны Бедуха, — афтæмæй мæгуыр адæмæн сæ зæххы гæппæлтæ давта. Ам сæ ныр фиды».

ÆНÆЗÆГЪИНАГ — хæйрæджы фæсномыг кадджыты, таурæгъты, аргъæутты.

ÆНÆЗГÆ — æнæзонгæ.

ÆНÆМБАР ХÆСТ — æнæмбæрц тыхты хæст.

ÆНÆНОМ ЛÆППУ — кæс «Уырызмæджы æнæном лæппу».

ÆНÆНОМЫ САБАТ — цы сабат нæй, уый. Сайынæн æмгъуыд Æнæномы сабатмæ загътой хæйрæгæн. Уæд хæйрæг нымайы, нымайы, æмæ Æнæномы сабат нæй æмæ нæй. Афтæмæй сайды фæци.

ÆНÆНЫЙЙАРГÆ ФЫРТ — афтæ хоны Сослан æмæ Батрадзы Сатана, уымæн æмæ сæ аргæ уый нæ ныккодта, хъомыл та йæ къухты систы, се ‘нæныйййарæг мад уыд.

ÆНÆРАСТ ТÆРХОН — Сослан Мæрдты бæсты иу ран федта зæронд лæгты бадгæ, их сыл схæцыд: сæ зачъеты ‘рдджытæ сын ихын сæрдасæнтæ дасыны æфсон тонынц. «Уыдон-иу адæм рæстæнхъæл тæрхоны лæгтæн равзæрста, — зæгъы йын Бедуха, — фæлæ раст тæрхон нæ кодтой: тыхджынтæн-иу кæддæриддæр сæ фарс хæцыдысты, куы гæртам, куы та зонгæйы фæдыл. Гъеныр ам мæрдты æгъдауæй сæ тæригъæдтæ фидынц».

ÆНÆРЦÆФ НАРТÆ — Нартæ сæхиуыл цæф нæ уагътой, æфхæрд нæ барстой. Уый фыдæй-иу зæдты зæххыл сæ бадæнтæй фæтардтой, ныуурæдтой-иу йæ цыдæй Хуры.

ÆНÆСÆРЫД — Нарты гуыппырсартæ Сослан æмæ Батрадз сæхи хæцынхъомæй куы банкъарынц, уæд се стырдæр мæт сваййы сæ буары хъæбæрдзинад, сфидар æй кæнын, кард æй куыд нæ кæрда, фат дзы куыд нæ хиза, афтæ йæ байсæрын. «Мæнæн кæй дæттут, уый иу куыдзæн дæттут, æмæ уын уæ къæсæр хъахъхъæндзæн! — зæгъы Сослан Сатанайæн. — Æз адæймагæн не сбæздзынæн, бирæгъы æхсыры мæ Куырдалæгонæн куы нæ байсæрын кæнат, уæд! Куыд домдта, афтæ бакодтой. Куырдалæгон ыл фыццаг иу ададжы æвзалытæ ныккалын кодта æмæ йыл сæдæ куынцæй дымын райдыдтой. Сослан куы сзынг æмæ худын куы райдыдта, уæд æй Куырдалæгон цæхæрæй райста æмæ йæ бæлæгъы бирæгъы æхсыры нысхуыста. Бæлæгъ Сырдоны амындмæ-фыдгæндмæ гæсгæ цыппар æнгуылдзы цыбырдæр кæй уыди, уый тыххæй дзы Сосланæн адаргъгæнæн нæ уыди йе ‘мбæрц, æмæ уæрджытæ бæлæгъы къæдзæй баззадысты. Бирæгъы æхсыр уæрджытæ нæ бамбæрста, æмæ уыйадыл æнæсæрыдæй баззадысты. Сослан фестад сыгъдæг болат, æрмæст йæ уæрджыты сæртæ æнæсæрыдæй-фæлмæнæй баззадысты. Уыдонмæ йын

бахъавыд Балсæджы Цалх æмæ йæ амары. Уыдонæй уыд йæ мæлæт.

Батрадзы та залиаг кæлмыты æвзалыйы бахсыста Куырдалæгон. Къуырийы дæргъы йыл куынцытæ фæдымын кодта, Батрадз куы сзынг, уæд æй æртыскæнæй райста æмæ йæ денджызмæ нынтъыхта. Денджыз сфыхти æмæ байсыст — арвмæ фæцыд тæфæй. Кæфтæ, кæсæгтæ хуыскъыл аззадысты æмæ хъылдымтæ кодтой. Батрадз цъæх æндон сси. Æрмæст ма йæ иу тъанг æнæсæрыдæй баззади, денджызы дон кæй байсыст, кæй йын не сфаг, уый тыххæй. Æмæ уыцы тъангæй уыд йæ мæлæт. Зæдтæ æмæ дауджытимæ хæсты сын Хуыцау зæгъы: «Йæхæдæг йæхи æгъдауæй куы нæ амæла, уæд ын мæлæт нæй». Уый амындмæ гæсгæ йæ Хæзмы быдырмæ басайынц, Хур уырдæм, афæдзæй-афæдзмæ йæм цы тæвд ис, уый радта. Батрадз хæцгæ-хæцын зынг кæнын райдыдта. Йæхи доны ауазал кæныны фæнд æм уыд, фæлæ йæ алыварс суадæттæ æмæ фурдтæ дæр хурмæ бахуыскъ сты. Бынтон сзынг Батрадз, йæ æнæсæрыд тъанг асыгъд æмæ амард.

ÆНÆНТАУ — æмбал кæмæн нæй, ахæм адæймаг, хъуыддаг, дзаума. «Æнæнтау макуы фæуай», — фæзæгъынц хистæртæ кæстæртæй, сæ зæрдæ сæ тынг куы барухс вæййы, уæд.

ÆНÆУÆРСТ АДÆМ — ирон адæм афтæ хонынц сылгоймæгты. «Æнæуæрст адæмæй дæ амонд уæд», — фæзæгъынц арфæйы хуызы усгур лæппуйæн. Ома сылгоймæгтæ нæлгоймæгтыл уаргæ не сты æмæ, дам, дзы кæй ракурай, уый дæм уæрсты не ‘рхаудзæн, фæлæ йæ дæхæдæг æвзардзынæ æмæ куыд нæ фæрæдийай, уыцы амонд дæ уæд. Уаргæ-уарын та адæймагмæ цы æрхауа, ууыл: хорз уа, æвзæр, хъæцы. Йæхимæ ницы азым хæссы.

ÆНДÆРГТЫ БÆСТÆ — хæйрæджыты бæстæ.

ÆНУСОН ХÆДЗАР — адæймаг а дунейæ, цардæй куы ахицæн вæййы, йæ сыджыты хайыл куы сæмбæлы, уæд кæм æрæнцайы, уым ын йæ ингæн ирон адæм хонынц «æнусон хæдзар». Ингæн чи скъахы, байбын кæнæ йæ кæнгæ чи скæны, уыдонæн — ингæнкъахджытæн арфæ кæнгæйæ дæр фæзæгъынц: «Мæнæ дын де ‘нусон хæдзар чи скодта, уыдоныл хæрзмæ ауд. Фылдæр цæрæн хæдзæрттæ куыд аразой, ахæм арфæ сыл æрцæуæд».

ÆНУСОН ХÆЗНА — Нарты Ацæмæ уыд Æнусон хæзна — сыгъзæрин сауæфтыд уадындз. Балæвар ын æй кодта Æфсати. Ацæ куы амард, уæд ын йæ бынтæ йæ æртæ фыртыл байуæрста Нарты хистæр — зæронд чъиуцæст Мæгуырæг. Уый фос бахай кодта дыууæ хистæр æфсымæрæн, кæстæр Ацæмæзæн та — Æнусон хæзна сыгъзæрин сауæфтыд уадындз.

Уадындз та ахæм уыд æмæ дзы-иу Ацæмæз куы зарыд, уæд æм-иу æрыхъуыстой хæхтæ æмæ хъæдтæ, сырдтæ æмæ мæргътæ.

ÆРВГÆЛÆН — ирон адæм сæ историон фæндагыл мингай азты дæргъы цы федтой, цы бавзæрстой хорзæй, æвзæрæй, зындзинадæй, уыдон баззадысты сæ зæрдæты, сæ зонды, сæ дунеæмбарынады, адæмон сфæлдыстады. Æмæ сæ иу фæлтæр дæтты иннæмæ, мæрдырохæй сæ хъахъхъæнынц сæ удты фарн,

сæ тырнындзинæдтæ. Уый фæрцы нæ ферох ирон адæмæй, Зæхмæ уæларвæй уазджытæ кæй цыд æмæ Нартæ семæ æмвынг кæй уыдысты.

Нæ сæ ферох арвæй Хуыцауы хорзæх, стæй фыдæх дæр кæй цæуы. Æмæ йæ фыдæхæй хи хъахъхъæнгæйæ сæ цард арæзтой хæрзуагыл. Намæ-иу адæм афтæ куы нæ кодтой, уæд-иу æфхæрд баййæфтой Æрвгæлæнæй, Хъаймæтæй. Зæххыл царды бынсæфт та уыдзæн Ахæрæт, арв æй йæ зынг дуртæй куы æрхойа, уæд.

Хъаймæт, дам, уыд зынг æмæ донæй. Æрвгæлæн та вæййы арæхдæр: арвæй дуртæ куы æрызгъæлынц кæнæ тыхуарынтæ бирæ рæстæг куы ахæссынц, арвæй дон къæртайæ кæлæгау куы фæкæны æмæ адæмæн стыр фыдбылызтæ куы ракæнынц, уæд. «Арв зæхмæ æрхауд, æркалд», — афтæ дæр ма-иу дзырдтой хистæртæ.

ÆРВДЗÆВДЫ ДУР — арв бæлас æрцæвы, æви хæдзар, дур — алцыдæр дзы табуйаг свæййы ирæттæн, æндæр цæстæй йæм акæсынц, арвы тых дзы цыма бацæуы, уыйау. Уый, фыццаджыдæр, уымæн, æмæ арв кæм æрцæвы, уырдæм хæйрæг æввахс нал цæуы, æмæ сыгъдæг бынат свæййы, иннæмæй та йыл Уациллайы рæхыс ауад, æмæ йæ фарнæй фæхайджын. Стæй ма: арвы æрцавды фæстæ-иу удæгас цы адæймаг баззад, уыдонæн сæ фылдæр дæсны кодтой. Гъе уымæ гæсгæ Æрвдзавд дур дæр хуымæтæг нал вæййы, хус рæстæджы дзы уарын дæр уымæн куырдтой нæ фыдæлтæ.

ÆРВДЗÆВДЫ КУЫВД — раджы заман-иу арвы цæфæй исчи куы фæмард, уæд-иу йæ бинонтæ афæдзы фæстæ, арв æй кæм æрцавта, уым хъуамæ скодтаиккой куывд. Уый хуынди Æрвдзæвды куывд — Уациллайæн табуйаг куывд. Арв-иу кæй æрцавта, уый-иу куы нæ амард, уæд-та йæ хиуæттæ æрвдзæвды бынаты æрвылаздæр хъуамæ æргæвстаиккой Уациллайæн нывондаг: уæрыкк кæнæ сæныкк. Кæй йын ныххатыр кодта, уый тыххæй. «Арв кæй æрцæва, уый Уациллайы хъыджы бацыд, æмæ йыл кæуын нæ фæтчы. Уацилла махмæ дæр фæфыдæх уыдзæн», — хъуыды кодтой ирон адæм, æмæ-иу æрвдзæвдæй чи фæмард, ууыл кæугæ нæ кодтой, стæй йæ иумæйаг уæлмæрдты дæр нæ ныгæдтой. Галуæрдоны-иу æй сæвæрдтой, стæй-иу галты фæсвæд аздæхтой, æмæ-иу кæм æрлæууыдысты, уым ныгæдтой æрвдзæвдæй марды.

Ирон адæм æрвдзæвдæй сæхи хъахъхъæдтой, фæлæ-иу куы æрцыд, уæд та йыл хъыг кæнын сæхи нæ уагътой. Арвы цæфæй хæдзар, хосы цъына куы ссудза, уæд æй ахуыссын кæнын дæр нæ фæтчыд, фæлæ-иу йæ алыварс цоппай кодтой (кæс: Цоппай). Фылдæр та хъуыды кодтой: «Уацилла хæйрæджытыл цуан кæны, æмæ хæйрæг кæм фæмидæг вæййы, уырдæм йæ фæттæ саразы, хæрам тыхты цæгъды».

ÆРВИТÆН ÆХСÆВ — ирон адæммæ бирæ бæрæгбæттæ ис. Сæ фылдæр ахæссынц иу æхсæв-боны дæргъы, æмæ ууыл ахицæн вæййынц. Джеоргуыбайы, Фацбадæны æмæ Тбау-Уациллайы бæрæгбæттæ та ахæссынц къуырийы дæргъы æмæ къуырийы бонтæй кæцыйы райдайынц, иннæ уыцы боны

изæрæй та вæййы сæ æрвитæн æхсæв.

ÆРВНÆРДЫ БАРДУАГ — Уациллайы фæсномыг.

ÆРВОН ЗГЪÆР — арвæй цы згъæр æрхауы, уый. Ахæм згъæрæй конд уыд Сайнæгæлдары цирхъ. Болат æндонæй у хъæбæрдæр. Йемæ бирæ хабæрттæ — таурæгътæ баст ис. Зæгъынц, иу лæг, дам, ахæм згъæр дур ссардта, æмæ йæ куырдмæ бахаста, амæй мын æхсаргард сараз, зæгъгæ, рагацау дзы къæртт раппæрста, афтæмæй. Куырдæн цы базонын хъуыд згъæры хъæбæрдзинад, æмæ афæнд кодта лæджы асайын: æндæр згъæрæй конд æхсаргард æм рахаста. Лæг, æрвон згъæрæй раздæр цы къæртт раппæрста, уый кардыл æруагъта, æмæ йыл йæ фæд аззад. «Ай, æз цы згъæр æрхастон, уымæй конд нæу», — загъта йын лæг. Æмæ йын куырд уæд æрвон згъæрæй цы æхсаргард сарæзта, уый радта. Лæг та ууыл дæр згъæры къæртт æруагъта. Ихыл адæймаг фæбырæгау, ацъыгъгъуыт йыл кодта, æмæ уæд лæг загъта, ай мæн у, зæгъгæ, стæй йæ йæ астæуыл ронау æрбатасын кодта.

ÆРВОН ЗЫНГ — арвæй æрхаугæ цæхæр, æвæццæгæн, метеориты, кометæйы хауæццæгтæй зæхмæ чи æрхæццæ вæййы, ахæм фыдбылызы цæхæр кæнæ Нарт сæхи кæмæй сæрын кодтой, ахæм зынг. Æрвон зынгæй, дам, уыд Артæй хъаймæт дæр.

ÆРВОН ТЫХ — Хуыцау æмæ зæдтæй цæуæг тых.

ÆРВОН ЦАРД — Стыр Хуыцау æмæ зæдты цард.

ÆРВОН ФÆТЫГ — кадæг «Æхсар æмæ Æхсæртæджы райгуырд»-ы Куырдалæгон Уæрхæджы фаззæттыл сæвæрдта нæмттæ. Номæвæрæджы лæварæн та йын радта Удæвдз йæ куырдадзы фæтыгæй, болат æндонæй арæзт Куырдалæгон уæларвы цæры, æмæ фæтыг дæр у æрвон.

ÆРВОН ЧЫЗДЖЫТÆ — Нартæ зæдтæ æмæ дауджытимæ æмвынг уыдысты. Иудзинад ссардтой зæдтимæ, æмæ сæм уыдон дæр уæларвмæ цыдысты уазæгуаты. Нартæй хъантæ уыд зæдтæм. Батрадз иудадзыг бады уæларвы æмæ уырдыгæй æххуысмæ фæзыны йæ адæммæ. Сослан æмæ Айсана сты Сафайы хъантæ. Нартæ сæхицæн устытæн хастой Æрвон чызджытæ дæр. Ахæм иудзинад уыд Нарты заман арв æмæ зæххæн.

ÆРВХЪИЛ — æрвдзæф мардæн-иу йæ ингæныл ныссагътой хъил, йæ уæлæ та йын-иу æркодтой йæ хисты Уациллайы номыл æргæвст сæгъы царм.

ÆРВЫГ — Нартæн сæ цæхæрадоны задис фæткъуы бæлас: йæ дидинджытæ-иу æрттывтой Æрвыгау, æмæ йыл зади иунæг фæткъуы, сыгъзæрин, зынгау-иу æрттывтытæ калдта. Донбеттырты хæдзар та ахæм уыд, æмæ йæ къултæ æргъæу уыдысты, йæ бын — цъæх авг, йæ сæр — сæууон стъалы. Цъæх авг æмæ сæууон стъалы цы сты, уый зонæм, æргъæу — рæсугъд æмæ зынаргъ дуры мыггаг, перламутр. Нарты кадджыты ис «Æргъæуон цæхæр цæппæрджын» кæсаг дæр. О, фæлæ Æрвыг цы у? Йæ миниуæгмæ гæсгæ у бриллиант.

ÆРГЪÆУ ДÆНДАГ — аргъæутты болат дæндаг.

ÆРГЪÆУ УАТ — кадæг «Дзерассæ-рæсугъд»-ы Донбеттырты хæдзарæн йæ къултæ

сты æргъæу, йæ бын — цъæх авг, йæ сæр — сæууон стъалы. Кадджыты ис æргъæу уат дæр. Уый дæр — Донбеттыртæм.

ÆРГЪÆУОН ЦÆХÆР КÆСАГ — кадджыты æргъæухуыз цæппæрджын кæсаг. Æргъæу — алыхуызон рæсугъд æрттывд чи кæны, ахæм зынаргъ дуры мыггаг. Уырыссаг æвзагмæ тæлмацæй йæ хонынц перламутр.

ÆРДАМОНГÆ ХÆДЗАР — æмбæлы Нарты кадджыты. Зæгъæм, кадæг «Батрадз Уырызмæджы куыд фервæзын кодта»-йы загъд ис: «Цалдæр боны фæстæ куывд сцæттæ ис Борæты æрдамонгæ хæдзары…» Æвæццæгæн, нæлгоймæгты хæдзары. Æрд, ома, нæл æви сыл у, уый чи амоны, ахæм хæдзар. Æрдамонгæ хæдзар уыд æрмæст нæлгоймæгты, сылгоймагæн дзы, æвæццæгæн, æрбадын, æрулæфын не ‘мбæлд æгъдаумæ гæсгæ.

ÆРДХÆРÆН — æвæджиау исты хъуыддаг, бæстæ, бынат. Æвæццæгæн, равзæрд, лæппу фæсивæд-иу ард кæм хордтой, уымæн аргъ кæнынæй, кувæндоны хуызæн дзы аргъуц, нымд кодтой. Арфæйаг-иу сын уыд, сæ ардбахæрд мæлæтыл дæр кæй тых кодта, уый тыххæй. Уæлладжыры комы ирæттæ ард хордтой Рекомы кувæндоны бын. Ард хордтой згъæр — æвзист æхца бæгæныйы къусы ныппаргæйæ, фаттæй æмæ æндæр зынаргъ дзаумæттæй, стæй сæ-иу ныууагътой уым.

ÆРДХÆРДТÆ — ард чи бахордта, ахæм дыууæ нæлгоймаджы. Кæс «Ард».

ÆРДХОРД — æфсымæрдзинады тыххæй æцæгæлонимæ ард чи бахордта, уыцы нæлгоймаг. Æфсымæрдзинады тыххæй ард хæрыны æгъдау нæм æрхæццæ скифтæй. Уый тыххæй бакæсæм бердзенаг авторты уацмысты. Историйы фыд Геродот диссагæн хæссы скифтæ Дандамид æмæ Амизочы æрдхорддзинад. Иу дзы иннæйы уацарæй ссæрибар кæныны тыххæй радта йæ дыууæ цæсты. Уæдæ Белитт та йе ‘рдхорд Басты домбайы дзыхæй иста, уый тыххæй йын йæ хъæлæсы йæ къух тъыста. Домбай Басты æрдæгмардæй фæуагъта æмæ Белиттыл йæхи ныццавта. Амардта уый дæр, фæлæ ма Белиттæн бантыст домбайы риуы йæ цирхъ ныссадзын. Æмæ æртæйæ дæр иумæ фæмардысты. Скифтæ сæ бавæрдтой дыууæ обауы бын: иуы — дыууæ æрдхорды, чысыл фалдæр иннæйы та — домбайы.

Æрдхорды хъомысы тыххæй бирæ ирон æмбисонды хабæрттæ ис. Сæ иуы æрдхæрдтæй иу чызгскъæфты тыххæй чызджы фыды къухтæм куы бахауы, уæд æй сфæнд кодтой амарын. Зымæджы хъызты йæ фыд рог уæлæдарæсы хохы рындзыл уазал дымгæмæ бæласыл фидар бабæттын кодта, кæстæрты бафæдзæхста, суæгъд кæнынмæ йæм куыд ничи ссæуа, афтæ йæ цыртдзастæй хъахъхъæнын. Карз тæрхон ын рахаста: хохаг зымæгон хъызт æхсæвы бар ын бакодта йæ хъысмæт, басийын æнхъæл ын уыд. Лæг æм райсомæй бæрæггæнæг куы ссыд, уæд йæ дисæн кæрон нал уыд: лæппу нæ ныссалд — нæ амард. «Цы зæд, цы дуаг дын баххуыс кодта? — фæрсы йæ. — Удæгас ма куы дæ… Куы нæ ныссалдтæ?»

– Мæ зæд æмæ мæ дуаг дæр у мæ æрдхорд æфсымæр. Дысон бонмæ мын

арт кæны æмæ мæ йæ зæрдæйы артæй тавы.

Лæг рамæсты йæ кæстæртæм, æввахс æм макæй суадзут сын куы бафæдзæхстон, зæгъгæ. Лæппуйы алыварс акæстытæ кодта арты фæд агургæйæ. Лæппу йæ бамбæрста æмæ йын афтæ:

– Ам æй ма агур, — ардæм ын æрбацæуæн нæ уыд. Уартæ рындзы ныхмæ къардиуыл… ныр дæр ма уым ис. Йæ арты цæхæр мæ ныр дæр æндавы.

Чызджы фыд рындзы бакомкоммæ фаллаг фарс миты уæлæ арты æвзæгтæ æмæ лæппуйы æрдхорды куы ауыдта, уæд йæ зæрдæ къæссавæлдæхт фæци. Æрдхорддзинады тых дардмæ дæр кæй ахады, йæ хъомыс ын йæ сиахсаджы зымæгон æхсæвы хъызтæй кæй бахъахъхъæдта, уый йæ æрфæлмæн кодта. Лæппуйы райхалын кодта, йæ зын сахаты цыфæндыйæ дæр адæймаджы иунæгæй чи нæ уадзы, ахæм æрдхæрдтæ кæмæн ис, уый мын сиахсæн цæуылнæ сбæздзæн, зæгъгæ, æмæ йын загъта: «Цæугæ дæ хæдзармæ æмæ дæ минæвæрттæ рарвит! Мæн дæуæй хуыздæр сиахс нæ хъæуы!».

ÆРДУЙЫ ХИД — Мæрдты бæстæйы дуармæ бацæуæны раз цæугæдоны сæрты ис Æрдуйы хид. Ууыл бахизын у, чи амæлы, уый фыццаг фæлварæн. Къостайы уацмыс «Уæлмæрдты» Бæхфæлдисæг мардмæ дзургæйæ афтæ зæгъы:

«… Иу ехсы февзидтмæ
Бахæццæ уыдзынæ иу æрдуйы хидмæ, —
Маргъ ыл нæ тæхы!
Армытъæпæнæй чъылбыс-иу куыд фелвæса,
Де ‘фсургъы агъдæй та чъепси куыд фесхъиуа,
Афтæ цæв бæхы!
Мæрдты дуармæ дæ дæ цæсты фæныкъуылдмæ
Баскъæфдзæн де ‘фсургъ раст хуранымгуылынмæ…»

ÆРДЗÆ — нымæц ирон адæмон сфæлдыстады, уæлдайдæр та — Нарты кадджыты, амоны мин. Æрдзæтæй нымайынц мард сырдты, æфсæдты.

ÆРЗÆМАЙХУÆ — Нарты хъомгæс.

ÆРМИДАУ — раджы заман хортауæджы хуыдтой ахæм номæй. Уыдис-иу сæрмагондæй ахæм нæлгоймаг, хор тауыны фарн æфтыд кæуыл уыд, йæ армæй фылдæр бæркад кæмæн цыд, йæ къух кæмæн рæстмæ кодта, йæ тыд тауинаг-иу æмгуыппæй кæмæн сзад. Æрмæстдæр уымæн бар кодтой сæ тауинаг бинонтæ, сыхбæстæ. Мыггаг мæры куы нæ схæца, æмæ дæм æвзæрст тауинаг куы нæуал уа, уæд йе ссарын зын уыд, æмæ фыдвæззæг фыдцарды æппæрста бинонты.

ÆРМИЙÆ-ÆРМИМÆ — ома, армæй-арммæ. Адæмон сфæлдыстады, стæй рагзаманы дæр фидæрттæ, мæсгуытæ, галуантæ, хæдзæрттæ арæзтой бирæ адæм æмæ аразæн æрмæг арæзтады бынатмæ лæвæрдтой армæй-арммæ (æрмийæ-æрмимæ).

ÆРТÆ — нымæц æртæ стыр цымыдисаг у. Æрмæст ирон адæммæ нæ, фæлæ ма бирæтæм тынг кадджын у, уæларвон нысаниуæг ын ис бирæ динты. Чырыстон динæн та, зæгъæн ис, у йæ бындур: Фыд Хуыцау, Хуыцауы Фырт æмæ Сыгъдæг

Удыл æнцой кæны.

Нымæц æртæйæн стыр нысаниуæг ис ирон адæмы царды, дзырд фарнау у бирæвæрсыг æмæ уæларвон хъуыдыйыл баст, Хуыцауы комытæф æм хæццæ кæны. Нæ фынг у æртæкъахыг. Æртæ кæрдзынæй куывдты æмæ чындзæхсæвты арæм Хуыцауы ном. Фынгыл фыццагдæр æвæрæм æртæ нуазæны, æртæ фынджы. Дзуары бынмæ кувынмæ цæуæм æртæ æртæдзыхонимæ. Хуыцау дæр Батрадзыл æрæппæрста æртæ цæссыджы, Нæртон мыггæгтæ дæр уыдысты æртæ. Сæ фæткъуы давынмæ дæр цыдысты æртæ æхсинæджы. Сатана куы фæтыхсы, уæд ракæны æртæ мыдамæсты æмæ Хуыцаумæ скувы.

Нымæц æртæйæ аргъуц, нымд кæнынц ирон адæм. Бафтыдтой йыл сæ фарн, се ‘гъдау. Нæ фыдæлтæн суанг сæ фæттæ дæр æртæтигъонтæ — æрттигътæ уыдысты.

ÆРТÆ АБОНЫ КУЫВД — æртæ къуырийы куывд.

ÆРТÆ ÆРТÆДЗЫХОНЫ — Адæмы истори азтæ æмæ æнустæй баргæ нæу. Адæймаг царды цыды йæ фæстæ цы фæд ныууагъта æмæ абон цæмæй цæры, уый у сæйрагдæр. Бирæ адæмтæн æгæр-мæгуыр сæ бон нæ баци се ‘взаг, сæ дин бахъахъхъæнын дæр. Ирон адæмыл, Хуыцауæй разы, уыдоны хъысмæт не скодта, уыдоны хал нæ ахордтой. Ирон адæмæн цыфыддæр зын уавæрты дæр бантыст сæ ариаг фыдæлты æвзаг æмæ дин бахъахъхъæнын. Æмæ абон скифты, сæрмæтты, аланты æвзаг дæр зæлы дунейы эфиры, ис ын йæхи фыссынад æмæ мыхуыры фæрæзтæ.

Не ‘взагимæ нæ дин æмæ не ‘гъдæуттæ цардхъом разындысты. Æрхæццæ сты махмæ. Не ‘гъдæуттыл бирæ дзурæм, фыссæм. Афтæ нæ фыдæлты диныл дæр. Æмæ не ‘гъдæутты кæд хаттæй-хатт ныссуйтæ вæййæм, уæд нæм нæ фыдæлты дин та æрхæццæ бынтон хæццæ–мæццæйæ. Фæлæ æндæр динты тæваг нæ тых кæны йæ мидисыл, æрмæст ын фæивы йæ хуыз. Уый аххосæй Уастырджийы хонын райдыдтам Уасгеорги (Уасджырджи, Уасгерги), Мадизæды — Мады-Майрæм æмæ афтæ дарддæр. Фæлæ сын ирон адæм сæ миниуджытæ æмæ хæстæ нæ аивтой. Цы хъуыддæгтимæ баст уыдысты, цæмæ сæм куывтой, цы сæ куырдтой, куыд сæ аргъуц кодтой, куыд бæрзонд сæм æвæрд уыдысты, уыдон сæ зæрдæты æнæивдæй баззадысты.

Æмæ æрмæст уыдон нæ, фæлæ нæ фыдæлты динон бирæ æгъдæуттæ æмæ фæткон хъуыддæгтæ рæстæг æмæ иннæ динтæн басæттын нæ бакуымдтой. Æрхæццæ сты махмæ дæр, æххæст сæ кæнынц, ирæттæй чырыстон, пысылмон динтæ чи райста, стæй диныл чи нæ æууæнды, уыдон дæр ма. Хатт сын сæ мидис нæ фембарынц, уæддæр сæ æххæст кæнынц. Уымæн æмæ сыл сæ фыдæлты фарн æфтыд ис. Æмæ уый, кæй зæгъын æй хъæуы, хорз у, фæлæ адæймаджы фæфæнды, æгъдау афтæ цæмæн амоны, уый базонын.

Цы амонынц æртæ æртæдзыхоны? Æртæ чъирийæ, стæй хæрнæджы фынгыл дыууæ чъирийæ дæр Хуыцауы ном ссарæм. Фæлæ уæ искуы исчи фехъуыста, фынгыл федта дыууæ æртæдзыхоны? Дзыхы бадгæ дæр нæ

кæны. Чъири хурдзалхы æнгæс кæй у, хурыл æй кæй барæм, уый бæлвырд у. Æртæдзыхон та? Геометрион æмасфарс æртæкъуымоны хуызæн.

Ахæм дыууæ æртæкъуымонæй конд у дзуттæгты æхсæзтигъон стъалы. Æхсæзтигъон. Æхсæз къайон нымæц у. Къайон нымæц кадджын нæу ирон адæммæ. Дыууæ та сæм баст у мæрдтимæ. Рухсаггаг æй хонынц. Дыууæ чъирийы, дыууæ мыдадзын цырагъы, дыууæ дидинæджы… — марды ном арынæн. Хуымæтæджы нæ фæзæгъынц: иу — æлгъыст, дыууæ — фæлдыст, æртæ — æнтыст. Гъе, уымæ гæсгæ æртæдзыхонтæ дæр сты æртæ. Фынгыл сæ кувгæ-кувын кæрæдзийæ нæ хицæн кæнæм, фæлæ сæ æрзилæм, сæ æппæт тигъæ дæр куыд разыной, афтæ. Æмæ нæ цæстыты раз саразынц фарасттигъон стъалы. Кæд, мыййаг, уый нæ фыдæлты стъалы у, æмæ уый æвдисæг фæрæз сты æртæ æртæдзыхоны. Нымæц фарастыл хуымæтæджы фарн æфтыд нæй ирон адæймаджы зонды. Ног чындзæн йæ хыз исгæйæ хызисæг фæзæгъы: «Фарн, фарн, фараст лæппуйы æмæ иу цъæх чызг!» Нæ адæмон сфæлдыстад стыр æхцонæн дзуры æстдæссион, йæ сыкъатæ дыууæрдыгæй фæйнæ фарасты кæмæн сты, ахæм саджы тыххæй.

Æртæ æртæдзыхонæй фынгыл рауайы рæсугъд стъалы. Фарасттигъон! Уæларвон стъалыйау аив æмæ табуйаг.

ÆРТÆ ИУОНЫ — æртæ иуæджы: Фыд Хуыцау, Хуыцауы Фырт æмæ Сыгъдæг Уд. Чырыстон дин лæууы ацы дунеæмбарынадыл. Гуырдзиаг æвзагæй нæм æрбацыд Сани (ме) ба номимæ. Уырыссагау та сæ хонынц Троица.

ÆРТÆ КÆРДЗЫНЫ — ирон адæймаджы динон дунеæмбарынадмæ гæсгæ Стыр Хуыцау адæмæн цæрынæн сфæлдыста Зæхх, Дон æмæ Хур. Æнæ уыдон, æцæгдæр, фæцæрæн нæй. Зæххыл лæууæм, йæ бæркæдтæй цæрæм. Доны фæрцы ис уæлдæф, хуымы бæркад, кæрдæг, дыргъ, цæрæгойтæ. Фæлæ сæ Хур куы нæ рæвдауид йæ фæлмæн хъарм тынтæй, уæд нæдæр дон уæлдæф кæнид, нæдæр цæрæг æмæ зайæгой уаид. Уый зонгæйæ ирон адæм сæ цины фынджы сæр æвæрынц æртæ кæрдзыны — æртæ уæливыхы: бинаг — Зæхх, астæуккаг — Доны æмæ уæллаг — Хуры кадæн. (Афтæ æртæ æртæдзыхоны дæр). Æртæйæ иумæ та сты цины æмæ рæсугъд æгъдауы нысан.

Зианы фынг фыдохы фынг у, æмæ йын равдисын фæхъæуы йæ миниуæг. Уымæ гæсгæ фынгыл æрæвæрынц дыууæ чъирийы: Зæхх æмæ Дон чи нысан кæны, уыцы чъиритæ. Хуры номыл конд дзы нæ вæййы. Уымæн æмæ мардыл йæ хур аныгуылд, йæ уæлеон дуне йыл баталынг, ницыуал бар æм дары. Баззадис ма йын Зæхх æмæ Дон. Уыдоны номыл вæййынц хæрнæджы фынгыл дыууæ чъирийы. Уыдонæй арæм Хуыцауы ном. Уымæн æмæ адæймаг куы амæла, уæд дæр йæ уд ис Хуыцауы бар, æмæ йæ ууыл фæдзæхсæм. Уымæй чъиритæ кæрæдзийæ нæ фæхицæн кæнæм, цины фынгыл сыл фæйнæрдæм ахæцæм, раст цыма нæм Хуыцау уæле бынмæ кæсы, æмæ сæ уымæн æвдисæм, æркæс-ма нæм, нæ фынг цины фынг у, нæ хæбизджынтæ дидинæгау куыд райхæлдысты. Зианы фынгыл та баззайынц кæрæдзийы сæрыл æмæ уæлæмæ фæзынынц иу

цалхау, царды æнусон цалхау, цард æмæ мæлæты иудзинад æвдисæгау.

Æртæ кæрдзыны ма адæм хонынц æртæ чъирийы, æртæ уæливыхы, æртæ хæбизджыны, иннæтæй алкæмæн дæр йæ ном йæ уæлæ ис. Чъири та у æппæтæн сæ иумæйаг ном. Уæливыхтæ сæ хонæм, уымæн æмæ сæ раздæр фыхтой къонайы артыл къæйы уæлæ — уæлкъæй фых уыдысты. Кæрдзын нартхоры ссадæй кæнынц, æмæ уымæй дæр джынуæливыхтæ кодтой, иннæ кæрдзынты та фыхтой фæнычы. Хæбизджынтæ сты цыхтджынтæ. Хуыцауы, йе сконд зæдты æмæ дауджыты ном ссарынæн чъиритæ кæнынц хæбизджынтæ — цыхтджынтæ. Афтæ æртæдзыхонты дæр. Иннæ джын-уæливыхтæн сæ нысан у къаддæр. Æрмæст дзы марды номыл нæ кæнынц фыдджынтæ (сæ нысан баст у цинимæ), стæй картофджынтæ — Мæрдты бæсты, дам, æмбигæ кæнынц.

ÆРТÆ МЫДАМÆСТЫ — Нарты кадджыты Сатана йæ тыхсты рæстæджы ракæны æртæ мыдамæсты, уæлвонг ранмæ сæ сдавы, скувы Стыр Хуыцаумæ, йæ фыд Уастырджимæ, æмæ йын йæ куывд сæххæст кæнынц. Кадæг «Батрадз Уырызмæджы куыд ферваæзын кодта»-йы Уырызмæг куы бамбæрста, йæ царды кæрон кæй æрхæццæ, уый, уæд зæлдаг кæлмæрзæн æрæппæрста зæхмæ. Кæлмæрзæн Сатанамæ февзæрд (ахæм миниуæг æм уыд, æмæ уый сæ бадзырды нысан уыд). Сатана бамбæрста хъуыддаг. Тагъд-тагъд æртæ мыдамæсты ракодта. Кувæн къуыпмæ ауади æртæ мыдамæсты æмæ ронджы дурынимæ æмæ скуывта: «Хуыцæутты Хуыцау, мæхи Хуыцау! Кæд мæ истæмæн скодтай, уæд ме ‘нæныйаргæ фырт Батрадз Донбеттыртæм ис æмæ ам куыд феста, уый ды радт!». Æмæ та йæ куывд æрцыд. Батрадз фурдæй ратæррæст ласта æмæ Уырызмæджы мæлæтæй ферваæзын кодта.

ÆРТÆ НАРТЫ — Нæртон адæм уыдысты иу хъæуы æртæ сыхау, æртæ Нарты: Уæллаг Нарт — Алæгатæ, Астæуккаг Нарт — Æхсæртæггатæ æмæ Дæллаг Нарт — Борæтæ. Нарты сæйрагдæр æртæ мыггаджы: Борæтæ — фосджын æмæ бонджын уыдысты, Æхсæртæггатæ — æхсарджын æмæ зонынджын, Алæгатæ та — æвзыгъд æмæ номдзыд. Борæтæ сæ дыууæтæй дæр уыдысты фылдæр, æппæты къаддæр та — Алæгатæ.

Æртæ мыггаджы знаджы раз æнгом, æмзонд уыдысты, фæлæ кæрæдзийы ‘хсæн нæ фидыдтой. Сæ хъаугъатæ, хылтæ, быцæутæ æмæ кæрæдзи цæгъдыны цаутæ фыст цæуынц бирæ кадджыты. Зæгъæм, «Æхсæртæггатæ æмæ Борæты хæст», «Тотрадз æмæ Сослан», «Батрадз Уырызмæджы куыд ферваæзын кодта» æмæ æндæртæ. Фылдæр хатт сæ кæрæдзийыл ардауы, стæй бæтты «Арвы хин æмæ Зæххы кæлæн Нарты Сырдон».

ÆРТÆФАДЫГОН ХÆЛАФ — ирон таурæгъты æмæ кадджыты ис ахæм хæлафы кой. Бахуыйынц æй, сырдтимæ чи фæхъомыл кæны, ахæм лæппуйы æрцахсынæн. Зæгъæм, Даредзанты Росаппы таурæгъы Росаппы куы амардтой, уæд ын йæ æнахъом фыртты Автандил, Талиар æмæ Придоны та аппæрстой æдзæрæг быдырты. Автандил æмæ Придоны адæм уайтагъд ссардтой. Талиарыл та мæличчы цуанæттæ æрæджиау бамбæлдысты саг дæйгæйæ. Саг сæ

бафиппайдта, фæгæпп кодта æмæ дæлæ фæлидзы. Лæппу дæр — йæ фæдыл æмæ уайтагъд йæ разæй фæци, афтæ рæвдз згъордта. Уыцы хабар цуанæттæ диссагæн радзырдтой сæ мæликкæн. Уый сын бахæс кодта лæппуйы æрцахсын æмæ æрхæссын, фæлæ йын ницы амал ардтой. Уæд сын къулбадæг ус бацамыдта æртæкъахыг (æртæфадыг) хæлаф бахуыйын. «Сырдты слидзæн рындзыл æй цæвæрут, — зæгъы сын къулбадæг ус. — Адæймаг у æмæ хæлаф куы фена, уæд æй скæндзæн». Цуанæттæ афтæ бакодтой, æмæ лæппу хæлаф куы скодта, уæд æй йæ æртыккаг фадыг тыхсын кодта, афтæ тагъд згъорын ын нал æнтыст, æмæ йæ рындзылбадæг цуанон æрцахста.

ÆРТÆ ФÆРСЧЫ — арфæйы, цины хъуыддаджы, кусарты, — фæнды лыстæг фосæй уа, фæнды ставд фосæй, — йæ рахиз фарсы раззаг æртæ фæрсчы сты сæйраг кувинæгтæй. Æмæ сæ сфыцынц иумæ, æнæ фæхицæн кæнгæйæ. Афтæмæй сæ æрæвæрынц дыккаг хистæры раз Стыр Хуыцаумæ, йе ‘сконд зæдтæ æмæ дауджытæм скувынмæ.

ÆРТÆФТУД — æгъатыр адæймаг.

ÆРТГÆНÆНТÆ — мæрдæгъдау, вæййы Цыппурсы хæдфæстæ сабаты райсомæй. Афæдзы кæнд цы мæрдтæн нæма скæнынц, уыдоны бинонтæ Ногбоны размæ фæархайынц, зæронд азы сæ мæрдтæн цыдæриддæр æгъдæуттæ хъуыд, уыдон æххæстæй ахицæн кæныныл. Фæстагмæ ма йын Æртгæнæнты рахицæн кæнынц йæ арты хай дæр. Уый тыххæй йæ номыл хæдзары дуармæ рахæссынц дыууæ чъирийы, арахъ, дыууæ агуывзæйы, фынгыл сæ æрæвæрынц, скæнынц арт, ныффæлдисынц ын æй, мах куыд бахъарм кодта, афтæ дæу дæр карз зымæг куыд тава, зæгъгæ. Сыхæгтæй чи куыд æрбацæуы арты фарсмæ, афтæ йыл сугтæ бавæры, стæй мардæн рухсаг фæзæгъы. Уый фæстæ йын рухсаг фæзæгъынц фынджы дзагæй хæдзары. Æртгæнæнтæ искуы иу хатт Цыппурсимæ иу бонмæ æрцæуынц, фæлæ кæрæдзи нæ хъыгдарынц.

ÆРТКЪАХЫГ — Уастырджийы бæх, йæ цæфхæдты цæхæр калынц, арт уадзынц, судзынц, æмæ йæ хонынц æрткъахыг æвсургъ, аласа, уадсур бæх. Æрткъахыг-æртхурон, æртытæ, æртыскæн, æртхутæгдон.

ÆРРАБИ — ирон адæмон сфæлдыстады Зондабийы ныхмæвæрд фæлгонц.

Иумæ архайынц аргъæутты æмæ цыбыр хабæртты. Æрраби кæны зыгъуыммæ хъуыддæгтæ, Зондаби йын сæ раст кæны, уый фæрцы ирвæзы фыдбылызтæй. Фæлæ хатт йæхи митæ дæр куырмæхстау фæрæстмæ вæййынц.

ÆРТТИГЪТÆ — æртæтигъон æфсæнфындз фæттæ. Сæ кой ис Нарты кадджыты, æмæ æцæг уыдис ахæм фæттæ нæ рагфыдæлтæм — алантæм.

ÆРТХУРОН — Ногбоны гуыдын. Æфсинтæ йæ егъау хурдзалхы хуызæн уæрæх ныззилынц. Скæнынц æй ног азы Хур цытджын скæнынæн, сæ къонайы арт æмæ Хуры иудзинады фидардзинадæн. Хур у царддæттæг, æмæ йæ минæвар æдзухдæр сæ къонайы куыд уа, цардыхос сын куыд хæсса, уый нысанæн. Хуымæтæджы йын не скувынц: «Бур Æртхурон, уæларвмæ цæуыс, нæ хорз хабар нын фæхæсс, хорз æмæ дзæбæхтæ нæм æрхæсс». Хуымæтæджы йæ бур

нæ хонынц, хуымæтæджы йæ Хуры хуызæн нæ кæнынц. Хурæн, артæн куывтой нæ фыдæлтæ.

Æртхуроны æвæрд ис бинонты фидæн. Йæ хуылфы йын-иу бакодтой æвзист æхца, хоры нæмыг, фыды мур æмæ æндæртæ. Скувыны фæстæ-иу æй бинонтæ цал уыдысты, уал хайы куы акодтой, уæд-иу йæ карсты кæмæн цы разынд, уымæ гæсгæ цинæнхъæл уыд йæ фидæнæй: æхцаимæ — уыдзæн æхцаджын, хоры нæмыгимæ — хорджын, фыды муримæ — фосджын…

ÆРТХУТÆГ — Гæнгæл, Уæнгæл æмæ Æртхутæг уыдысты Цъыбырттæй.

ÆРТХЪИРÆНЫ МÆЙ — афæдзы дыккаг мæй — февраль. Уый дæр у латинаг ном. Амоны хи ссыгъдæггæнæн. Рагон Ромы ацы мæй раздæр уыд афæдзы райдайæн, æмæ-иу зæронд азæй сæхи сыгъдæг кодтой. Ацы динон бæрæгбон та хуынд «Февруарий» — ссыгъдæггæнæн. Уымæ гæсгæ фæзынд мæйы ном февраль. Ирон адæм та йæ зонынц «Æртхъирæны мæйæ». Дзырд æртхъирæн цы амоны, уый бæрæг у, фæлæ мæй афтæ цæмæн хуыйны, кæмæ æртхъирæн кæны, уый алчи нæ зоны. Уый фæдыл ис сæрмагонд таурæгъ. Куыддæр февраль кæронмæ фæцæйхæццæ кæны, афтæ адæм уалдзæджы комулæфт банкъарынц æмæ зымæгмæ зынæввæрсон цæстæй акæсынц, нал дзы фæтæрсынц. «Зымæгæн йæ хъару фæци — цигайнаг йæ кæрц уæймæ рахаста», — афтæ арæх фæзæгъынц.

Кæддæр, дам, февралы фæстаг бон фыййау бацин кодта, зымæджы кæрон кæй æрцыд, ныр йæ фосæн æххормагæй фесæфæн кæй нал ис, ууыл. Миты бын цъæнут дæр хæрдзысты, зæгъгæ. Æмæ уадындзы хъæлæсæй базарыд. Уый февралмæ хъыг фæкаст, цæуылнæ мæ тæрсы, зæгъгæ. Æмæ йæм бартхъирæн кодта, фæлæ йын йæ бон ницыуал уыд, — йæ рæстæг фæци. Уæд æрхатыд мартъимæ, æркуырдта дзы æртæ боны, фыййауæй йæ маст райсынæн, æз, дам, ын йæ фос æххормагæй фæцæгъдон.

Радта йын æртæ боны мартъи… Уыцы æртæ боны ахæм хъыст-тымыгъ скодта, æмæ йæ фындз дæр æддæмæ ничи радардта. Фыййау æрхъуыдыджын разынд. Хæлын дзæкъулы гæды нывæрдта æмæ йæ фосдарæн скъæты бæрзонд сауыгъта. Гæды иудадзыг архайдта дзæкъулæй раирвæзыныл æмæ, хæлыны хыбар-хыбурæй тæрсгæйæ, фос æртæ æхсæв-боны сынæр не сцагътой æмæ не сæххормаг сты. Афтæмæй аирвæзтысты.

Гъе, уымæ гæсгæ фæзынд Æртхъирæны мæй. Ирон адæм ма йæ хонынц **комахсæны** æмæ **фæндагкъулгæнæн** мæй дæр. Ном «комахсæн» у динимæ баст, «фæндагкъулгæнæн» та амоны, хæхбæсты бирæ мит кæм уарыд, уым фæндæгтæ акæныны рæстæг.

ÆРФÆН — Нæртон куырыхон æмæ зондджын хистæр Уырызмæджы бæх. «Сырдоны кадæг æнусмæ Нарты Уæрхтæнæгыл» нын зæгъы: «Дзерассæйы мæрдон гуыбыны Уастырджийы комы тæфæй сæвзæрдис Нарты Сатана, сылгоймаг; бæхы мыггагæй — æфсургъ; куыдзы мыггагæй та — Силæм… Хæмыц æмæ Уырызмæг бацыдысты сæ мад Дзерассæйы зæппадзмæ бæрæггæнæг æмæ Дзерассæйы ингæнæй райстой чызг, байраг æмæ къæбыла æмæ сæ схъомыл

кодтой». Байрагæй æмбисонды бæх рауад. Уырызмæджы бæх сси, ном ыл сæвæрдта Æрфæн. Кадджытæм гæсгæ, уый у «зæххон бæхты фыдæл». Ома, дам, бæхты мыггаг зæххыл уымæй равзæрд. Æрфæн Уырызмæгæн балцы у йæ æнцой, зын сахаты — йæ хорз уынаффæгæнæг, тохы — йæ хæстон æмбал. Дзуры адæймаджы æвзагæй, зоны арв æмæ Зæххы 'хсæн хæтæнтæ. Тæхы маргъау дæр. У хъаруджын æмæ фæразон, уадæмдых. Бирæ хæрзты бацыд Уырызмæгæн. Хоны ма йæ Хъулон дæр.

ÆРФÆНЫ ФÆД — Уырызмæджы бæх ирон адæммæ æвæджиау, æмбал кæмæн нæй, ахæм бæхыл нымад у, кадджыты, таурæгъты дзуринаг. Ирд æхсæвты цъæх арвыл кæрæй-кæронмæ цы урсбын фæтæн тæлм фæзыны, уый дæр «Æрфæны фæд» хонынц.

ÆРХОН КЪÆЛÆТДЖЫН БАНДОН — Донбеттырты мад Базых (Уазыхъ) Æхсæртæджы, куы сæм ныфтыд, уæд æрбадын кæны Æрхон къæлæтджын бандоныл.

ÆРХУЫ МÆСЫГ — арæх æмбæлы кадджыты, таурæгъты, аргъæутты. Згъæр æрхуы дæр кадджын уыд ирæтты фыдæлтæм, æмæ йæ уыцы уавæры æвæрынц таурæгъгæнджытæ дæр.

ÆРХЪУЫН — дзуары бынæй хæсгæ фæтыг — исты уаз дзаума: æвзист нуазæн, кæнæ æндæр исты ахæм табуйаг, суанг дзуары къулæй æфтыд дзæнхъа дур, къæртт дæр. Æндæр хъæуы, комы дзуары бынат, кувæндон скæнынæн.

ÆРЦÆУИНАГ ХЪУЫДДÆГТÆ — Сослан Мæрдты бæсты уыны, иу дуары фæстæ заинаг гадза хуыссы, фынæй кæны, æмæ йæ рæзты куы æрбахызт, уæд ыл йæ хуылфæй йæ къæбылаты рæйын ссыди. «Уый уый нысан кæны, — зæгъы йын Бедуха, — æмæ ахæм рæстæг æрцæудзæн, кæстæртæ хистæртæн уынаффæгæнæг кæд суыдзысты, зонд сын кæд амондзысты». Кæрийы раз голлаг æмæ хызыны быцæу «Æз фылдæр дæн»-ыл та йын зæгъы: «Ахæм заман скæндзæн, æмæ адæмæн æфсис нал уыдзæн, стыр æмæ чысыл æмбартæ суыдзысты». Хуыдзарм дзабыры уæлахиз сæрак дзабырыл (бæласы цъупмæ бырынæй) йын амоны: «Ахæм заман æрцæудзæн, æмæ сау адæм уæздан адæмыл фæтых уыдзысты, сæ разæй фæуыдзысты».

ÆРЦÆУÆГ АДÆМ — афтæ хонынц ирон адæм, зианы фæдыл хæдзармæ æндæр рæттæй чи æрбацæуы, уыдоны. Фынджы хистæр уыдоны цæрæнбоны тыххæй æнæмæнг рæгъ рауадзы. Сæ фыдæбон сын мардæн ныххæлар кæны.

ÆРЦЫХЪÆДТÆ — сагътой сæ-иу Ногбоны æхсæвы размæ скъæтты дуæрттыл, рудзгуытыл. Сындзджын кæй уыдысты, уымæ гæсгæ, дам, хæдзары фос хъахъхъæнынц сæ бæркадсафæг æбæрæг тыхтæй. Сындзытæй тæрсгæйæ уыдон сæ ныфс нæ бахæсдзысты дуæртты æмæ рудзгуыты зыхъырты мидæмæ балæсын. Уæлдай тынгдæр та сæ фосæн тарстысты æцæгæлон куырысмæдзæуæгæй.

ÆРЧЪИАГ — кадæг «Сырдон уæйгуыты куыд фæсайдта»-йы йын уæйгуытæ зæгъынц: «Ис нæм æрчъиаг, фынг æмæ бæндæн. Æрчъиагмæ ис ахæм миниуæг, æмæ йыл куы сбадай, уæд дæ, кæдæм фæнда, уырдæм бахæццæ кæндзæн. Фынджы та

нымæтын ехсæй куы ‘рцæвай, уæд хæрд æмæ нозтæй айдзаг вæййы. Бæндæнæй та æнæхъæн хор-хос куы сбæттай, уæддæр дын уæз нæ кæндзысты». Сырдон уæйгуыты фæсайы, стæй æрчъиагыл фынг авæры, бæндæн йæ къухмæ райсы, æрчъиагыл абады æмæ йæм сдзуры: «Уæдæ мæ гъеныр нæ уæлхæдзар фестын кæн!» Æмæ уыцы ныхасмæ сæ уæлхæдзары фестад.

ÆСТДÆС УÆЙЫДЖЫ — æстдæс æфсымæры-уæйыджы сæ хонынц, фæлæ сты нудæс. Нудæсæм уыд къуылых, уый хæдзарæй æддæмæ нæ цыди. Цæрынц арвы кæрон. Хуыцау адæмтæй куы сфæлдыста мыггаг, уæд уыцы æстдæс уæйыгæн загъта: «Сымахæн тыхгæнæг тых ма ссарæд». Хуыцауæй сты арфæгонд. Ис сын цыппар хойы. Хистæр хо у Сау хохы авдсæрон Сау уæйыджы ус. Иннæ у Урс хохы Урс уæйыджы ус, æртыккаг — Сырх хохы Сырх уæйыджы ус. Кæстæры Астаногълы рахаста йе ‘фсымæр Хъарабогълыйæн. Ацы уæйгуытæ сты тыхгæнæг. Сæ хотæ та — хингæнæг, æмæ Астаногълыйæн Хуыцауы хæрæфырт Араби зæгъы: «Се ‘фсымæртыл сын куы фæтых уат, уæддæр уæ уыцы цыппар хойы ахæм хохмæ басайдзысты, æмæ уыл хохы дуæрттæ сæхгæндзысты». Фæлæ Астаногълы фæуæлахиз æфсымæртыл æмæ хотыл дæр.

Æстдæс уæйыджы хо — диссаджы бæсты рæсугъд. Йæ цæсгомы рухсæй рухс кодта бæстæ. Хъараман паддзахы фырт Хъарабогълы йын фыццаг хатт йæ ныв федта, сæ æхгæд æстæм уаты дуар куы бакодта, уæд къулыл. Йæ зæрдæмæ афтæ тынг фæцыд, æмæ йын æнæ уый цард ад нал кодта.

ÆСТÆМÆЙ-АСТМÆ — иу абонæй-иннабонмæ амоны къуырийы, мæйы, афæдзы иу абонæй иннæ абонмæ, ома, къуыри, мæй, кæнæ афæдз. Нартæ номыл куывдты бадтысты иу абонæй-иннабонмæ. Æвæццæгæн, къуырийы дæргъы. Къуырийы авд боны йеддæмæ нæй, уæд цымæ æстæмæй-астмæ цы амоны? Кæд мæйы æстæм бонæй иннæ мæйы æстæм бонмæ.

ÆСТДÆССИОН САГ — Ирон адæмон сфæлдыстады хъæддаг сырдтæй уæлдай уарзондæр, хæлардæр, лæгъздæр, рæвдаугæдæр ныхæстæй фæдзурынц саджы тыххæй.

Рæвдз, хъуыддаджы адæймагæй дæр фæзæгъынц, саглæг у, зæгъгæ, æлвæст лæппуйæ та — сагартæн. Фæлæ таурæгъгæнджытæ се ‘ргом тынгдæр здæхтой сагæн йæ сæрмæ. Хуыдтой йæ сæрджын саг, æстдæссион (æстдæссыкъаджын) саг. Æстдæссион саг арæх æмбæлы ирон адæмон сфæлдыстады, уæлдайдæр та Нарты кадджыты. Кадæг «Сослан мæрдты бæсты»-йы кæсæм: «Бирæ фæхаттæн, фæлæ мыл ахæм æмбисонд никуыма сæмбæлд, — загъта Уырызмæг. — Ацы бон хъамылы уыдтæн цуаны. Кæсын, æмæ иу ран хуры тынтæ ныккастысты æстдæссион сагмæ». Æмæ афтæ дарддæр. Æстдæссион, йæ дыууæ сыкъайы, бæласы къалиутау, фæйнæрдæм æстдæс къабазы кæмæн ауадзынц, ахæм саг.

Саг, уæлдайдæр та æстдæссион саг, нæ рагфыдæлтæм дæр кадджын кæй уыд, уымæн æвдисæн у музейон скифаг саджы фæлгонц, нæ азнымады размæ VI æнусы йæ сыгъдæг сыгъзæринæй скодта скифаг æрмдæсны. Ахуыргæндтæ йæ хонгæ дæр кæнынц Сыгъзæрин саг. Ссардтой йæ Кубаны

зæххыл Костромайы обауы. 2600 азы бæрц ыл цæуы, фæлæ йæ хуыз нæ аивта, тæмæнтæ калы. Йæ кæнæг дзы æвдисы саджы сонт, рæвдз фезмæлд, уды хъару, тæрæмондзинад. Йе ‘ргом здахы йæ фæлгонцмæ, уæлдайдæр та — йæ æстдæс сыкъайы æвæрдмæ. У агæпп кæнын æввонг.

ÆСХЪÆРЦÆГ — хæстоны уæлæйы дзаума, згъæр цæгтæй быд хæдон.

ÆФСАДАГЪ — фыццаг æртæ уæйыгæй — æртæ æфсымæрæй хистæр.

Кæс: «Афсамбитт».

ÆФСАДЫ ГАЛ — æфсады гал уæ курынц, зæгъгæ, загъд ис кадæджы, фæлæ цы амоны, уый бæрæг нæу. Æвæццæгæн, æфсадæн хæлцæн хъалоны ивары хуызы.

ÆФСАТИ — тугдзых чи нæу, уыцы сырдты æмæ сыл цуан кæныны бардуаг. Ис йæ фосы æхсæн маргъ дæр — зым. Цæмæн? Уый фæдыл ис иу таурæгъ — «Зым — Æфсати»-йы. Загъд дзы ис, зæгъгæ, тæрхъус хъæдæй адзæгъæл быдырмæ æмæ æрцард мæргътимæ. Зым та дзæбидырты фæдыл бафтыд.

Уый фыдæй Æфсати æмæ мæргъты бардуаг Кæрчигуылой фæзулдзых сты. Алчидæр сæ агуырдта йæхион. Сæ хъаст бахастой Хуыцаумæ. Уый тæрхъусы ныууагъта Кæрчигуылойы бар, зымы та — Æфсатийы. Уæдæй фæстæмæ зым дзæбидыртимæ уæлвонг хæхты цæры, тæрхъус та — мæргътимæ дæлвæзты.

Æфсатийы бадæн у хæхты бæрзонддæр, таурæгътæм гæсгæ, Адайы хох. Æфсатийыл арæхдæр æмбæлæм Нарты кадджыты, ис ыл ирон адæмон зарджытæ цалдæр варианты. Бынтон диссаг та рауад Къостайы фыст уацмыс «Æфсати».

Æфсати у Хуры фырт, ис ын авд фырты æмæ иунæг чызг Аханат (хонынц ма йæ Хайырхъыз дæр).

Йæ кæстæр æфсымæр Хуыджыры та у æрсыты æмæ хъæддаг хуыты бардуаг.

Æфсатийы цæрæн бынат у мусонг. «Комиайы-фырты зарæг» нын куыд зæгъы, афтæмæй мусонгæн йæ къултæ сты сагдзармæй, йæ сæр — æрсдзæрмттæ, йæ бын та — сæгъдзæрмттæй, йæ алы къулыл — саджы стджытæй рагъæнтæ. Хæлар æмæ уарзонæй цæры Нарты гуыппырсартимæ. Хайджын сты йæ фосæй. Уæрхæгæн йæ фаззон фыртты райгуырды боны фарнæн скодта нæртон куывд сырды фыдæй. Ацæмæзы усаг Агуындæйы æвзист уæрдоны ифтыгъд уыдис авд сæрджын саджы — Æфсатийы лæвар. Кадæг «Нарты сау рувасдзарм»-ы Уырызмæджы кæлæнгæнæг ус куыдз куы фестын кæны, æмæ куыдзы цардæй куы сфæлмæцы, уæд æм арсы хуызы æххуысмæ фæзыны Æфсати. Æмæ йын бацамоны, кæлæнгæнæгæй куыд фервæзæн ис, йе ‘рдзон хуыз ын куыд райсæн ис, уый.

Нæртон адæм цæмæ баулæфынц Æфсатимæ, уый сын рæдауæй сæххæст кæны. Кадæг «Дауджыты лæвæрттæ Сосланæн»-ы Æфсати зæгъы: «Хорз, бахай кæндзынæн æз Нартæн мæ фосæй, фæлæ бынтон лæвар нæ: цуанон-иу цуаны куы цæуа, уæд-иу рахæссæд йемæ æртæ чъирийы æмæ-иу сæ æфцæгыл мæ ном ссарæд. Стæй-иу сау хохы сырд куы амара, уæд-иу ын йæ рахиз сгуы радтæд, фыццаг ыл чи сæмбæла, уымæн — æмбæлæггаг». Уыцы фæтк-фæдзæхст фидар

æвæрд уыд æрæджийы онг дæр ма ирон цуанæттæм.

Æфсати уыд Нарты æмæ ирон адæмы уарзондæр зæдтæй иу. Уыцы æнкъараен нæм æрхæццæ абоны онг. Йæ фæлгонц, йæ зарджытæ нын сты æхцон. Йæ фæлгонц йæхимæ тынг здахы ирон нывгæнджыты æргом. Ныв æй кæнынц. Уæлдай зындгонддæртæ дзы сты Тугъанты Махарбеджы конд ныв Къостайы «Æфсати»-мæ гæсгæ æмæ Дзбойты Михалы скульптурæ Буронæй Цъæйы коммæ бахизæны.

ÆФСАТИЙЫ УАДЫНДЗ — диссаджы уадындз. Уымæй куы ныууасы, уæд йæ уастмæ æрбацæуынц, цал æмæ цахæм сырдтæ йæ фæхъæуы, ахæмтæ. Сосланæй Авд уæйыджы сæ хъан — хуры чызг Ацырухсы тыххæй ирæд цас сырдтæ æрцагуырдтой, уыдон уымæн дæр йæ къухы бафтыдысты Æфсатийы уадындзы фæрцы. Сатана йын æй Æфсатийæ ракуырдта, æмæ дзы Сослан куы ныууасыд, уæд денджызы был Сатанайы къухдарæны фæрцы стыр сау галуан фестын кодта ирæды хардзмæ, уымæ æрцыдис æртæ сæдæ сырдтæ: уыдонæй иу сæдæ сагтæ, иннæ сæдæ — дзæбидыртæ, аннæ сæдæ та — æндæр алымыггаг сырдтæ.

ÆФСÆРОН — сохъыр уæйыг. Нарты кадджыты цæры уæлхох ран. Адæмон сфæлдыстад иртасджытæ йæ хонынц авдсæрон. Æвæццæгæн, растдæр уыдзæн, йæ ном ын æфсæримæ куы бабæттæм, уæд. Ома, стыр æфсæрджын. Куыд фæсохъыр, уый тыххæй та нын бæлвырд дзуры кадæг «Батрадз æмæ Сохъыр уæйыг Æфсæроны фырт Алæф». Йæ фырт хъал Алæф Нарты симдмæ цæуынвæнд куы скодта, цон хорз фæсимон, фæхынджылæг кæнон Нарты фæсивæдæй æмæ сын сæ дзаумæттæ схæссон, зæгъгæ, уæд ын афтæ зæгъы: «Уæ, ма кæ, ма ацу, Нарты гуыппырсартæй дын исчи исты фыдбылыз скæндзæн, — уыдонæй арв нæрын куы нæ уæнды. Æз дæр дæ хуызæн хъал уыдтæн, фæлæ мыл иу хатт Нарты фæсивæд фембæлдысты, загъд сæ ракъахтон æмæ, кæсыс, мæнæ, мæ цæст мын сæппæрстой».

ÆФСÆН ДУÆРТТÆ — Донбеттыртæ кæм цæрынц, уыцы фурдæн ис Æфсæн дуæрттæ. Байгом сæ кæнынц æмæ рахизынц сур зæхмæ. Уыцы дуæрттæ зæххон адæймагæн йæ бон бакæнын нæу. Донбеттыртæ сæ куы бакæнынц æмæ мидæмæ куы бахизынц, уæд фурды, зæххы бынты цæуынц. Борæ æфсæн дуæрттыл куы бахизы, уæд бынты нарты зæхмæ бахæццæ вæййынц. Уым ын Донбеттыр зæгъы: «Дæ цæстытæ ныр ды ам фæцъынд кæн!». Æвиппайды дын уым зæхх фегом и, æмæ Борæ хуыскъмæ рахызти.

ÆФСÆНДЗЫХ БИРÆГЪ — Терк-Турчы бæстæйы рæгъæуттæ хъахъхъæнæг. Уый фæрцы æдас уыдысты сæ фос, фæлæ йыл Уырызмæджы æнæном лæппу фæтых. Уый йыл фат суагъта, æмæ дæ балгъитæг уыйау, — фæмард ис бирæгъ уыцы ран. Лæппу йын йæ хъус слыг кодта æмæ йæ йæхимæ бафснайдта.

ÆФСÆНДЗЫХ КУЫЙТÆ — æфсæрон уæйгуыты фидæртты дуæрттæ хъахъхъæнæг куыйтæ. Сæ тæсæй сæ сæрты цъиу атæхын дæр нæ уæндыд. Дзылæу æмæ Болатбæрзæй сæ галы фыдæй асайынц æмæ уæйгуыты хойы раскъæфынц.

ÆФСÆН УÆЙЫГ — уæйыджы ном адæмон сфæлдыстады.

ÆФСÆН УЫРС — Терк-Турчы бæстæм уыд æфсæн бæх дæр. Уырызмæджы æнæном лæппуйы Аласа йæ йæ уæрджытæм зæххы афсæрста. Лæппу йæм баскъæфта йæ саргъ, уыцы хуызæнæй йæ авæрдта уырсыл æмæ балиуырдта йæ рагъмæ. Æфсæн уырсы базмæлын кодта, Терк-Турчы дзыллæ куывды кæм бадтысты, уым балæууыд. Лæппу æрхызт Æфсæн уырсæй. Бæхбæттæныл æй бафтыдта æмæ хистæрты размæ бацыд. Фынгыл рахаста йæ цæст. Систа æфсæндзых хъæрццыгъайы сæр æмæ æфсæндзых бирæгъы хъус. Сæр хистæрты фынгмæ баппæрста, хъус — кæстæрты размæ æмæ загъта: «Хистæртæ, сæр хъуаг уыдыстут, æмæ уын мæнæ уый сæр; сымахæн та, кæстæртæ, мæнæ хъус, æгъдау куыд амоны, уымæ гæсгæ; уæртæ уын, уæдæ, бæхбæттæны та уе ‘фсæн уырс».

ÆФСÆНДЗЫХ ХЪÆРЦЦЫГЪА — Уырызмæджы æнæном лæппу æфсæндзых бирæгъы куы амардта, уæд уалынджы Æфсæндзых хъæрццыгъа дæр ратæхы, лæппу та уымæ дæр фæцырд ис, фатæй йæ фехста, æмæ хъæрццыгъа зæххыл йæ базыртæ батылдта. Уымæн дæр та лæппу ракъуырдта йæ сæр æмæ йæ афснайдта.

ÆФСИН — ирон адæммæ къонайы артдзæсты сылгоймаг бардуаг. Уый аудыны фæрцы зынг нæ хуыссы къонайы артдзæсты. Бинонты хъæрмуд, цæрдхуыздзинад, цардбæллондзинад æмæ суанг сæ фæрныгад дæр уымæй аразгæ у. Уый номæй нæлгоймаг фырбуцæн хоны йæ цардæмбалы.

ÆФСИНЫ ХЪÆУ — йæ лæг кæмæн амард, ахæм хъæздыг сылгоймаджы хъæу. Ахæм усмæ-иу мидæгмоймæ чи бацыд, уый та хуыдтой Æхсины лæг.

ÆФСУРГЪ — ирон адæмон сфæлдыстады тæхгæ æмæ æвæллайгæ, æвæлмæцгæ таурæгъон бæх. Бердзенты Пегасы æмæ гуырдзыйы Меранийы æнгæс.

ÆФСЫМÆРГОНД — сылгоймагæй, кæнæ нæлгоймагæй æндæр мыггаджы лæппуйæ адæмы раз ‘гъдауыл, æртæ чъирийæ скувгæйæ йæхицæн æфсымæр куы фæзæгъы, уæд уый свæййы йе ‘фсымæргонд.

ÆФЦÆГ-КЪУБАЛ — кусартæн бæрзæйæ раззагдæр хай, сæримæ йæ бæтты бирæгъы хай. Арæх кæстæриуæггæнджытæ бæрзæй къубалæй фæхицæн кæнын нæ базонынц æмæ бæрзæйы æфсон фынгыл хистæрты раз æрæвæрынц къубал. Уымæй ма хатт йæ бирæгъы хай дæр йæ уæлæ баззайы. Æмæ сын уæд хистæртæ сæ рæдыд бамбарын кæнынц.

ÆХСАР — Нарты кадджыты хъæбатыр, Нарты хистæр Уæрхæджы фаззон фырт, Æхсæртæджы халдих фаззон, йæ хистæр, райгуырд фыццаг кæркуасæны, ном ыл сæвæрдта уæларвон Куырдалæгон.

Æхсар æмæ Æхсæртæг иу æхсæв иумæ хъахъхъæдтой Нарты фæткъуы. Æхсæвæр куы бахордтой, уæд ын Æхсæртæг загъта: «Æрхуысс уал, Æхсар, радыгай хъахъхъæнæм — æмбисæхсæвмæ ды бафынæй кæн, уырдыгæй бонмæ та — æз. Æхсар сразы ис æмæ æрхуыссыд. Æмбисæхсæв фехъал ис æмæ дзуры Æхсæртæгмæ: «Хуыцау мын æй ныббарæд — æгæр афынæй дæн». Фæлæ йæ Æхсæртæг сыстын нæ бауагъта — фæтæригъæд кодта йæ хуыссæгхъæлдзæг æфсымæрæн æмæ хуыснæг æртæ æхсинæджы уый федта,

уый сæ фехста фатæй. Стæй цæф маргъы фæдыл цæуын дæр уый сфæнд кодта, йæ туджы æртæхтимæ зæлдаг кæлмæрзæны.

Æхсар ын загъта: «Æз дæр цæуын, ды кæдæм цæуай, уырдæм». Фæлæ денджызы был фæхицæн вæййынц, æмæ ам æвæстагæй йæ мæлæт æрцæуы йе ‘фсымæры къухæй, Æхсæртæг ыл йæ ус Донбеттырты чызг Дзерассæйы бафхæрынæй кæй фæдызæрдыг, уый фыдæй. Афтæмæй та Æхсар уыд уæздан æмæ æгъдауыл хæст. Дзерассæимæ — йæ чындзимæ иумæ мусонджы æхсæвы куы баззадысты, уæд æм йе ‘ргом нæ лæвæрдта, кæд æй уый Æхсæртæг æнхъæл уыд, уæддæр. «Хуыссын афон куы æрцыд, уæд Æхсар йæ нымæт Дзерассæйы бын бакодта, Æхсæртæджы нымæт та сæ уæлæ ныккодта æмæ, цæмæй кæрæдзимæ хæстæг нæ уыдаиккой, уый тыххæй йæ кард фелвæста æмæ йæ сæ дыууæйы астæу нывæрдта», — зæгъы кадæг.

ÆХСÆ-БУДАЙ — Нокары фырт, цæры Уæрппы бæрзондыл. У тыхгæнæг æмæ, цы адæмы нæ басаста, ахæм нал баззад Нартæй фæстæмæ. Нартæм куы ныббырсы, сæ адæмы сын уацары куы ракæны, уæд æй Уырызмæджы фырт Айсана, Æхсæ-Будайæн йæхи усы æххуысæй, амары. Нарты, æмæ ма уый размæ цы адæмы сцагъар кодта, уыдоны суæгъд кæны.

ÆХСÆВ ÆМÆ БОН ХИЦÆНГÆНÆН АФОН — Нарты кадджыты, стæй абоны ирон адæммæ дæр æхсæв æмæ бон кæрæдзийæ хицæнгæнæн афон æмæ хурыскаст цыдæр æрвон сусæгдзинады æнкъарæнтæ гуырын кæнынц, тавс хъуыдытыл сæ æфтауынц. Æхсæв æмæ бон кæрæдзийæ хицæн куы фæкæнынц, уыцы афон-иу «Сатана цыдис авд æддæгуæлæйы сæрмæ куывды, уырдыгæй-иу касти, зæххыл æмæ уæларв амондæй æмæ æнамондæй цы ис, уыдон базоныны тыххæй».

ÆХСÆВИДАР — æхсæвы сау æндæргтæ, талынджы адæймаджы цæстытыл цы нывтæ, змæлджытæ ауайынц, уыдон. Адæймаг сæ йæхи хъахъхъæны, уæлдайдæр дзы сау бæхыл, сау нымæты чи рацу-бацу кæны, уымæй. Дæ фæрсты дæр, дам, куы ‘рцæуа, уæд дæр дын фыдбылыз æрхæсдзæн.

ÆХСÆДТОН — мыггаджы ном Нарты кадджыты.

ÆХСÆРТÆГ — Æртæ Нартæй иуы — æхсарджын æмæ зонынджын мыггаг Æхсæртæггаты фыдæл, Нарты хистæр Уæрхæджы фырт, Æхсары халдих фаззон, йæ кæстæр. Æхсар райгуырд фыццаг кæркуасæны, Æхсæртæг та — дыккаг кæркуасæны, Бонвæрноны скастмæ. Уæрхæг йæ лæппуты райгуырды боны фарнæн скодта нæртон куывд сырды фыдæй. Æрхуыдта уæларвæй Куырдалæгоны, фурдæй — Донбеттыры, Нартæй та — Борæйы æмæ æндæрты. Дыууæ фаззоныл буц нæмттæ сæвæрдта уæларв Куырдалæгон. Æхсар æмæ Æхсæртæг та цæмæн? Уымæн, æмæ Æхсар, хистæр æфсымæр, уыд æхсарджын, Æхсæртæг та, кæстæр æфсымæр, — Æхсарæй æхсарджындæр. Номæвæрæджы лæварæн Куырдалæгон радта Уæрхæгæн Удæвдз йæ куырдадзы фæтыгæй, болат æндонæй арæзт.

Уайтагъд айрæзтысты Æхсар æмæ Æхсæртæг: бон рæзтысты уылынг, æхсæв та — уыдисн. Сарæзтой сæхицæн фаттæ æмæ æрдынтæ æмæ арвыл

маргъ тæхын нæ уагътой — æрмийæ-иу æй æрæппæрстой. Айхъуыст дунейыл, зæгъгæ, Нарты Уæрхæгæн рахъомыл хъæбатыр фырттæ. Уыдон-иу æхсæв Нарты цæхæрадоны иумæ хъахъхъæдтой æвæджиау фæткъуы бæласы иунæг сыгъзæрин фæткъуы, адæмæн æлутон хос чи уыд æмæ бахъахъхъæнын кæй нæ фæрæзтой, уый. Æфсымæртæ йæ хъахъхъæнгæ та хъуамæ кодтаиккой радыгай. Æмбисæхсæвмæ — Æхсæртæг, уырдыгæй бонмæ — Æхсар. Фæлæ Æхсæртæг йе ‘фсымæрæн фæтæригъæд кодта æмæ бонмæ дæр хъахъхъæнæг йæхæдæг ныллæууыд. Æхсæв æмæ бон кæрæдзийæ куыд хицæн кодтой, афтæ цæхæрадонмæ æрбатахт æртæ маргъы. Æхсæртæг бады, йæ фат æмæ йе ‘рдын йæ къухы, афтæмæй. Кæсы, æмæ æвиппайды бæлас ныррухс и, æмæ йыл бадт æртæ æхсинæджы. Фæткъуымæ куыддæр фæцæйæвнæлдтой, афтæ сæ Æхсæртæг фехста, æмæ атахтысты, æрмæст сæ иуæн йæ туджы æртæхтæ æркалдысты зæхмæ. Æхсæртæг сæ æрбамбырд кодта æмæ сæ зæлдаг кæлмæрзæны батыхта. Кæлмæрзæн йæ фæснахы атъыста.

Куыддæр сбон, афтæ Æхсæртæг Æхсары райхъал кодта, æмæ араст сты тугвæдыл, æмæ сæ уый бакодта денджызы былмæ. Уым фæд денджызы бынмæ ныххызт. «Æз цæуын денджызы бынмæ, — зæгъгæ, загъта Æхсæртæг. — Ды ам денджызы был æнхъæлмæ кæс, æмæ, кæд денджыз сырх фынк хæсса, уæд-иу нæ хæдзармæ аздæх — мæнæй дын пайда нал ис, кæд урс фынк хæсса, уæд мæм-иу афæдзы бонмæ банхъæлмæ кæс». Æхсар баззад денджызы был. Æхсæртæг та йæ дзаумæттæ æрбатымбыл кодта æмæ ныффардæг ис денджызы бынмæ.

Æхсæртæг денджызы бын Донбеттырты хæдзармæ бафтыд. Хæдзар та ахæм хæдзар уыд, æмæ йæ къултæ — æргъæу, йæ бын — цъæх авг, йæ сæр — сæууон стъалы. Ам йæ цæф маргъ разынд авд æфсымæры æмæ дыууæ хойы хо Дзерассæ, йæ фидæны цардæмбал. Дзерассæ уыд мæлæтдзаг цæф. Йæ хос ма уыдысты йæ туджы æртæхтæ. Уыдон ыл куы бафу кæнай, уæд ферваæзтаид, кæннод ын ферваæзæн нал уыд. Æхсæртæг ыл сæ бафу кодта, æмæ Дзерассæ-рæсугъд, цы уыдис, уымæй авд ахæмы хуыздæр фестад.

Фараст боны æмæ фараст æхсæвы чындзæхсæв фæкодтой Æхсæртæг æмæ Донбеттыры чызг Дзерассæйæн. Арвыл хур æмæ мæйау фидыдтой. Уым бонтæ æмæ къуыритæ фæцардысты, стæй ныллæууыдысты цæуыныл.

Æхсар уæдмæ цуан кодта, сарæзта фурды был тар хъæды сырддзæрмттæй мусонг æмæ æнхъæлмæ касти йе ‘фсымæрмæ. Уæд иубон кæсы, æмæ денджыз урс танхъа хæссы. Сцин кодта Æхсар, ме ‘фсымæр хъæлдзæгæй ссæуы, зæгъгæ, æмæ йæхинымæр афæнд кодта: «Цон æмæ цуаны ауайон, кæд исты амарин йе ссыдмæ». Æхсæртæг æмæ Дзерассæ денджызы былмæ куы ссæуынц, уæд Æхсæртæг та Æхсары агурæг ацæуы. Дыууæ æфсымæры нæма фембæлдысты, афтæ та фæхицæн вæййынц. Уалынмæ Æхсар йæхæдæг æрцыд. Дзерассæ йæ йæхи лæг фенхъæлдта, уымæн æмæ Æхсар æмæ Æхсæртæг æмхуызæттæ уыдысты, асæй дæр æмæ уындæй дæр: бурхил, дæргъæлвæс, фæтæн риу æмæ цæхæрцæст гуырдтæ, æмæ сæ ничи зыдта, чи сæ кæцы у, уый, Хуыцау æмæ

Зæххы йеддæмæ.

Ус лæппумæ йæхи ласын байдыдта, фæлæ йæм Æхсар йе ‘ргом нæ лæвæрдта. Хуыссын афон куы æрцыд, уæд Æхсар йæ нымæт Дзерассæйы бын бакодта, Æхсæртæджы нымæт та сæ уæлæ ныккодта æмæ, цæмæй кæрæдзимæ хæстæг нæ уыдаиккой, уый тыххæй йæ кард фелвæста æмæ йæ сæ дыууæйы астæу нывæрдта. Ус фæмæсты ис, фестади æмæ бустæгондæй хицæнæй сбадтис.

Уæд уалынмæ Æхсæртæг æрхæццæ ис æмæ саджы мард æрхаста æд къала бæлас. Æмæ Дзерассæйы æнкъардæй, бустæгондæй бадгæ куы федта, уæд йæ зæрдæ фехсайдта, — афтæ ‘нхъæл уыдис, æмæ йын Æхсар батых кодта. Æмæ хъама фелвæста æмæ йе ‘фсымæр Æхсары ныццавта æмæ йæ амардта. Уæд ын ус радзырдта, куыд уыдис, уый. Æхсæртæг фæсмоны бацыдис, ме ‘фсымæры æнаххосæй амардтон, зæгъгæ, æмæ йæ хъама фелвæста, йæ фистон ын Æхсары риумæ сарæзта, йæ фындз та йæхи зæрдæмæ æмæ йыл йæхи æруагъта, æмæ хъама йæ зæрдæйы сфардæг ис, æмæ фæмард ис.

Фæстæдæр Дзерассæйæн Æхсæртæгæй райгуырд дыууæ фаззоны — Уырызмæг æмæ Хæмыц.

ÆХСÆРТÆГГАТÆ — Нарты сæйрагдæр мыггæгтæй иу. Æхсæртæггатæй сты Æхсæртæджы байзæддаг: Уырызмæг, Хæмыц, Сослан, Батрадз, Сатана. Æхсæртæггатæ фылдæр сты хæстон адæм, тыхгæнæг сын тых нæ ары, ничи сыл уæлахиз кæны. Ныфсхаст, хъаруджын æмæ зондджын. Батрадз та у тынг ныфсхаст æмæ уæндон. Зæдтæ æмæ дзы дауджытæ дæр тæрсгæ кæнынц, Хуыцауимæ дæр кæны быцæу.

ÆХСÆРТÆГГАТЫ ЗÆРОНД ХÆДЗАР — Алæгаты стыр хæдзар, Борæты æрдамонгæ хæдзар. Нарты иумæйаг хæдзар, Нарты æмбырддон хæдзар. Адон сты Нарты мыггæгты кæнæ æнæхъæн адæмы уынаффæгæнæн бынæттæ.

ÆХСÆРТÆГГАТЫ ЗИВÆГ — куыстæн нæ уыд, Зивæг ном дæр ыл уымæн сбадт, фæлæ йæ ныхас, йæ ракуывд цæуаг уыд. Борæты Бурæфæрныджы чызг ыл кæй худт, уый тыххæй йæ æнæлæгæй басывæрджын кæнын кодта. Уый фыдæй сæ Нарт къамбецы цармы тыхтæй фурды баппæрстой. Фæлæ сæ уылæнтæ иу атагъамæ раппæрстой, æмæ уым Бурæфæрныджы чызджы уынаффæйæ, Зивæджы скуывд æмæ сæ цуанон лæппуйы фæрцы схъæздыг сты. Нарт сæ куы базыдтой, уæд сæ хатыр ракуырдтой æмæ сæ фарсмæ æрцардысты.

ÆХСИН — æнæлæгæй йæхæдæг лæгиуæг чи кæны, ахæм хъæздыг сылгоймаг. Фылдæр хатт йæ лæг вæййы мард, кæнæ цæры, йæ хъæздыгдзинады тыххæй йæм мидæгмоймæ чи бацыд, æмæ рæстмæ сдзурыны бар дæр кæмæн нæй, йæ алы ныхасыл дæр ын «о» чи кæны, хион, намыс кæмæй ферох вæййы, ахæм лæгимæ. Йæ лæг уыцы уавæры йæ намыс нæ, фæлæ йæ ном дæр фесафы, æмæ йыл-иу сбадт ном Æхсины лæг. Ахæмы фæлгонц ирдæй æвдисы Къоста йæ æмдзæвгæ «Æхсины лæджы».

ÆХСИНÆГ — æхсыргъуыз рæсугъд бæлон. Кадджытæм гæсгæ зæдтæ зæхмæ

тахтысты æхсинæджы хуызы, æмæ-иу кæм æрбадтысты, уым-иу сæ рухсæй ныррухс ис. Уыцы миниуæг уыд Донбеттырты æртæ хомæ дæр. Уыдон æхсинæджы хуызы тахтысты Нарты цæхæрадонмæ Нарты фæткъуы давынмæ. Уыцы хуызы Дзерассæйы йæ фатæй Æхсæртæг фæцæф кодта æмæ йæ тугвæдыл ацæугæйæ ныфтыд Донбеттыртæм.

ÆХСИНБАДÆН — сылгоймаджы хицæн уат Нарты кадджыты. Иунæгæй кæнæ-иу йæ дыджызæ æмæ фæсдзæуин чызджытимæ йæ рæстæг кæм æрвыста исты хиирхæфсæн хъуыддæгтыл. Куырттаты комы Хæрисджынæй фалæмæ Уæлæмæсыджы кувæндоны бакомкоммæ Цъæззиудоны галиуварс айнæг къæдзæхы астæу ис дурамад. Фыдæлтæй нырмæ йæ амы цæрджытæ хонынц «Æхсинбадæн». Йæ бынмæ къæдзæхыл цæуы Хилакъмæ фæндаг.

Ам Фыййагдоны рахизфарс уæзæгыл цы стыр айнæг къæдзæхдур ис, уый та хуыйны «Фатдзæф дур». Кæддæр, тынг раджы, дам, «Фатдзæф дуры» цур цардис иуцæстон уæйыг. Уый æнцад-æнцойæ цæрын нæ уагъта «Æхсинбадæн»-ы цæрæг сылгоймаджы. Æмæ уæд Æхсин Хуыцаумæ бахъаст кодта уæйыгыл. Хуыцау уæларвæй йæ минæвары уæйыгмæ æрæрвыста. Уый йын рафæзмыдта Хуыцауы ныхас, цæмæй ма хъыгдара Æхсины æмæ адæмы, науæд æй йæ азар байййафдзæн. Уæйыгмæ Хуыцауы ныхас нæ бахъардта. Уый нæ, фæлæ ма сбустæ кодта, мæнæн Хуыцау чи у, зæгъгæ. Уæд æй Хуыцау уæларвæй фатæй æрæхста, æмæ уæйыг æд хæдзар къæдзæхдур фестад.

Дурæн ма абон дæр йæ фарсыл фаты цæфы фæд зыны, «Фатдзæф дур» дæр æй уымæн хонынц. Йæ алыварс та, дам, рæдзæгъдтæй лæууыдысты чысыл дуртæ — йæ хæдзары мигæнæнтæ: аг, саргъ, дзæккор, лæдзæг æмæ æндæртæ, фæлæ сæ адæм Фыййагдоны дурлыггæнæн цехмæ цыртытæн фæластой.

ÆХСИНТЫ ÆХСИН — кадæггæнæг афтæ хоны, Борæмæ Донбеттыртæ кæстæртимæ хонæг цы цытджын æфсины рарвыстой, уый.

ÆХСОН УÆЙЫГ — Даредзанты таурæгъты цæры Тесы къæдзæхты Фарастсæрон уæйыг. Иуыл у æхсонæй арæзт. Цирхъ æй нæ кæрды, фат дзы нæ хизы. Йæ хъæлæсæй цæхæр калы. Йæ мæлæт у йæхи цирхъæй. Амран ыл фæтых, йæ сæртæй йын аст ахауын кодта, фæлæ йæ фарæстæмæй сдзурын бауагъта, æмæ йæ уый ралгъыста: «Уæдæ Тандет-Тундеты чызг буц Тамар цалынмæ усæн дæ къухы бафта, уалынмæ дæ тых мауал уæд!». Уæйгуытæн се ‘лгъыст цæуаг уыд, Амран цалынмæ буц Тамары усæн æрхаста, уæдмæ йæ тыхæй йæ бынаты æппындæр ницыуал уыд.

ÆХСЫН АРВ — æвæрд дзаума куы нал фæарынц, уæд фæзæгъынц: «Æхсын арв æй йæхимæ фæхаста». Æхсын цы амоны, уый абон зын зæгъæн у. Æхсын ма фæхонынц тыхджын, къобор галтæй дæр — Æхсын галтæ.

ÆХСЫН ГАЛТÆ — тыхджын, къобор, тарбын бур галтæ. Кадæггæнæджы хъуыдымæ гæсгæ цыфæнды уæззау уæзæгтæ аласын дæр афæраздзысты.

ÆХСЫРФÆМБАЛ — кусарты раззаг хуылфыдзаумæтты кæрдихтæ фиуы тыхтæй уæхстыл конд физонæг. Кæнынц æй фырбуцæн дзуары номыл, уазæгæн

уæлдай кад скæнынæн. Ныры дуджы ма физонæджы хæйтты æхсæнты уæхстыл бакæнынц халсары кæнæ дыргъы кæрдихтæ дæр.

ÆХСЫРФÆФТАУÆН — бæрæгбон, кодтой йæ, хор-иу куы æркарстой æмæ-иу æй куы бафснайдтой, уæд.

ÆХСЫРЫ ЦАД — Нарты кадджыты æвдсæрон уæйыг Хъæндзæргæсы бæстæйы хохыдагъы ис Æхсыры цад. Уымæй йæхи чи цынайы, уый, ног милтæ кæуыл рахæцы, ахæм лæппу фесты. Батрадз дзы цылыхъы æрхаста, уымæй Хæмыцы æрæхсадта, æмæ йæ фыд усгур лæппуйы карæн фестад.

ÆХСЫРДИАН — æхсыры бæрæгбон. Бæрæг æй кодтой сæрды райдайæны. Хъомгæсæн, фыййауæн урсагæй конд хуыздæр хуын чи сæрвыстаид, ууыл цыд ерыс æфсинты ‘хсæн. Аргъгæнæг та сын уыдысты сæхæдæг, æмæ-иу уайтагъд хъæуыл айхъуыст хуыздæр æфсины ном. Уыцы бон уæлдай кадджындæр, дзаджджындæр уыдис хъомгæстæн, фыййæуттæн æмæ хуындзау сывæллæттæн, Хабархæссæг дæр уыдысты хуындзæуттæ.

ÆЦÆГ ДУНЕ — ирон адæмы динон уырнынадмæ гæсгæ Зæххыл цард у Мæнг дуне, Æцæг дуне та хонынц Мæрдты бæстæ. Гъе, уымæ гæсгæ марды уæлхъус ныхасгæнæг, стæй йын æрцæттæгонд хойраг хæлар кæнгæйæ, фæзæгъынц: «Æцæг дунемæ бацыдтæ, æмæ дзы Дзæнæт — дæ хай».

– Б –

БАБИАГ (æфтаугæ) — æбæрæг бæстæйы, адæмыхатты ном ирон адæмон сфæлдыстады. Бабиаг æфтаугæ йæ бæхыл кæмæн ис, уый дзы хъал у. Æвæццæгæн, хорз æмæ хæрзхъæд æрмæгæй.

БАГАР — нæртон лæг, Уастырджийы хæрæфырт.

БАГЪОДЗ — нæлгоймаг Æхсæртæггатæй.

БАДÆНТÆ — ирон мардæгъдау. Ныр æй кæнынц Ногбоны хæдфæстæ къуырисæры æхсæвы. Афæдзы дæргъы чи амæлы, уыдоны бинонтæ сын уыцы æхсæвмæ алкæмæн дæр йæ уаты æрцæттæ кæнынц фынджыдзаг алыхуызон хæринæгтæй, ноздытæй, халсартæй æмæ адджинæгтæй, стæй — йæ райстбавæрды фæлыст. Мардмæ æввахсдæр хæстæг сылгоймаг рагацау æрцæттæгонд дыууæ хъилимæ уаты къуымы æрлæууы хъарæггæнгæ. Дзуарæвæрд сæ бабæтты. Уый фæстæ сыл марды уæлæдарæс скæны. Афтæмæй дзы рауайы сæ марды æнгæс быдыргъ. Быдыргъ фынджы фарсмæ бандоныл æрфидар кæны, раст цыма йыл, чи амард, уый бадгæ кæны, афтæ. Фынгыл фæсудзынц мыдадзын цырæгътæ. Йæ фæйнæфарс фæбадынц: нæлгоймæгтæ — иуæрдыгæй, сылгоймæгтæ — иннæрдыгæй. Къулыл-иу ауыгъд уыд, цы хæцæнгæрзтæ дардта, цавæр æрмдæсныйы кусæнгæрзтæй куыста, цавæр фæндырæй цагъта, уыдон. Дуар кæнæ рудзынг та хъуама уа зыхъыр — мардæн цæмæй хæдзармæ, фынджы размæ бацæуын уа.

Хъыггæнæг адæм æхсæв-бонмæ уæгъд нæ уадзынц марды фынг.

Ræстæгæй–ræстæгмæ райхъуысы сæ хъарæджы ныхæстæ, кæуын æмæ ма суанг хъæрæй ныхас дæр. Мард, дам, æнæ хъæлдзæг ныхас нæ фидауы, фæзæгъынц ирон адæм. Бонивайæнты хистæр фынджыдзаг ныххæлар кæны мардæн, стæй арфæ ракæны æхсæвбадæнты мардæн лæггадгæнджытæн. Уый фæстæ фынгыл æрбадынц. Бадæнты хæрнæджы фынгмæ хонгæ нæ кæнынц. Нæлгоймæгтæ дзы бирæ нæ фæстиат кæнынц.

Ирон динон уырнынадмæ гæсгæ, чи амæлы, уый уд афæдзы дæргъы йæ кæндты æрыздæхы йæ хæдзармæ, йæ бинонтæм йæ хъус дары, сæхи куыд дарынц, уымæ гæсгæ сыл хæрзмæ ауды. Уымæ гæсгæ йын мæрдджынтæ йе ‘гъдæуттæ куыд аивдæр кæныныл архайынц, сæхи уæздан дарынц — хæдзарæй хъæр-хъæлæба хъуамæ ма райхъуыса, саударæг хъуамæ макæимæ фæхыл уа, йæ цуры иннæтæ дæр сæхи дарынц, аргъуц дзы кæнгæйæ. Мæрдджын йæ дзыхмæ ног дыргъ, халсар, хорз хæринаг не схæсдзæн, цалынмæ дзы йæ мардæн рухс зæгъа, уæдмæ. Уымæ гæсгæ йын афæдзы алы афон дæр цæттæ кæны фынджыдзаг. Ногбон куы ралæууы, уæд уый хæдфæстæ Бадæнтæ дæр уыцы æгъдауы фæлгæты вæййынц. Уæдæ мах Ногбоныл куы фæцин кодтам, алыхуызон хæрд æмæ ностæй нæхимæ куы фæкастыстæм, уæд дзы, фарон ацафон дæр ма нæ фарсмæ чи уыд, уый хъуагæй куыд ныууадзæм, зæгъгæ. Æмæ уымæн йæ фынджыдзаг фæбæркадджындæр вæййы. Ног мард, дам, афæдзы дæргъы йæ алы кæндмæ дæр Мæрдты бæсты хицау Барастырæй йæхи ракуры уæлзæхмæ æмæ йæ уд æрбацæуы сæ хæдзармæ. Йæ райстбавæрд уæлæдарæсæй йын цы быдыргъ скæнынц, уым бацæуы æмæ йæ фынджыдзаджы хæринæгтæй йæхи хорз фены: сæ хæрз æмæ адджын тæфæй. Хæргæ та сæ æхсæвбадæнты устытæ æмæ лæгтæ бакæнынц.

Раздæр, дам-иу, марды быдыргъмæ хатгæ дæр кодтой. Ома, мæнæ уыцы хæринагæй, дыргъæй, халсарæй дæр ахæр, ацы ностæй дæр ануаз. Сæрмагондæй йын-иу дзыкка дæр ма скодтой. Стæй-иу æй фæсæмбисæхсæв марды хуыссæны дæр схуыссын кодтой. Хуыссыны размæ-иу ын йæ къæхтæ æмæ къухтæ ныхсынæн æрбахастой дон, сапон æмæ хисæрфæн, стæй нуазыны дон. Боныцъæхтыл-иу йæ уд атагъд кодта Мæрдты бæстæм.

Æппæт уыцы кæнгæ митæ уыдысты «куы уаиды» митæ. Бинонты ма фæфæнды, иу æхсæв ма уæддæр се ‘хсæн куы уаид, сæ иузæрдион æнкъарæнтæ йæм равдисын. Фæлæ ирон адæммæ хуымæтæджы нæ баззад ахæм ныхас: «Бадæнты бандон сайаг у».

БАДРИ — Даредзанты Йамоны хистæр фырт, йæ фыццаг усæй.

Бадри Мысырбийæ фыдуагдæр, рæвдздæр, æвзыгъддæр уыд. Йæ кæстæр Мысырбиимæ, цæмæй сæм сæ фыд Сау хохæй мидæгмойæ фæстæмæ æрыздæхтаид, уый тыххæй йын йæ дыккаг ус Мариайы сыгъзæрин дзыккутæ алыг кодтой. Мариайæн та йæ мæлæт уыд йæ дзыккутæй.

Бадри æмæ Мысырби Сау денджызæй расайдтой сæ кæстæр æфсымæр Амраны, æмæ сæ адзалмæ уыдысты йæ фарсмæ, йе ‘мбæлццон, йе

‘ххуысгæнджытæ, куы та — къуылымпыйы хос. Фæлæ сæ кæрæдзийы зæрдæхудт никуы райстой, иу дзы иннæйы зындзинады никуы ныууагъта.

БАЗЫГ — цины фынджы сæр æртæ хæбизджыныл кæстæртæ рагацау æрæвæрынц астæуæй базыг, йæ рахизæрдыгæй — æртæ фæрсчы физонæг, галиуæрдыгæй та — раззаг хуылфыдзаумæттæй æхсырфæмбал физонæг. Æртæ хистæры сæ сæ галиу къухтæм райсгæйæ: фыццаг хистæры къухы вæййы базыг (Нарты кадджыты дæр кæсæм: «Уырызмæг, Нарты æгъдаумæ гæсгæ, базыг цирхъы фындзыл бакодта æмæ кувы), дыккаджы — æртæ фæрсчы, æртыккаг хистæры къухы та — физонæг; сæ рахиз къухты та — нозт, æмæ сæ афтæмæй лæугæйæ скувынц. Стæй сæ адæттынц: æппæты хистæр — æппæты кæстæрмæ. Дыккаг хистæр йæ кувæггаг адæтты æппæты кæстæрæй чысыл уæлдæрмæ, æртыккаг хистæры нуазæн æмæ физонæг та æвæрд цæуынц фынджы астæумæ.

Базыг фынгыл æвæрд цæуы æмæ йæ кæстæртæм адæттынц, уымæн æмæ ирон адæммæ кадджын у, фидардзинады, тыхы нысан ын ис. Нæ рагисторийы хъæбатыр лæгтыл ном Базыг дæр ма æвæрдтой. Базыгджын тых æмæ хъару æвдисæг у. Кæстæртæ та нæ фидæн, нæ ныфс, не ‘нхъæлцау сты, уыдон хъуамæ уой фидар æмæ хъаруджын. Базыг сын сæттинаг дæр уымæн вæййы. Æмæ йыл сæ тыхтæ фæлварын райдайынц, хистæрты раз сæхи хъаруджынæй равдисыныл, кады нуазæны аккаг разынныл сæхи фæхъарынц. Чи йæ асæтты, уый йæхи равдисы бадты кæронмæ хæстæг, æмæ йын хистæр сæрмагонд нуазæн радты.

БАЗЫРЫХЪ — Нарты гуыппырсартæй иу.

БАЗЫХЪ — Донбеттырты мад, айнæджыйас, уæйыгæнгæс, карз ус.

БАЙБЫН ИНГÆН — нæ фыдæлтæ сæ мæрдтæн арæзтой зæппæдзтæ, кæнгæ ингæнтæ, къахтой байбын ингæнтæ. Ахæм ингæнтæ абон дæр фенæн ис Хъæрæсейы-Черкесийы нæ рагфыдæлты комы — Æрвхуызы (Архызы) комы стыр æртæ аргъуаны бакомкоммæ цæугæдоны фаллаг фарс хохы фахсыл æмæ Змейкæмæ æввахс ран æлыг къулы Байбын ингæн къахтой æмæ ма ныр дæр иуæй-иу хъæуты къахынц фæз ран дæр. Райдианы зæхх бынмæ арф ныкъкъахынц, стæй йын йæ иу фарсы байбын скæнынц æмæ мард уым бавæрынц.

БАЛГЪÆ — бæстæ Нарты кадджыты.

БАЛСÆГ (МАЛСÆГ) — уæларвы цæрæг зæд. Нарты кадджыты йын ис чызг æмæ æмбисонды Цалх. Бар цæуыл дары æмæ йæм цы бартæ ис, уый бæрæг нæу. Сосланимæ фæхæрам вæййы йæ чызджы сæрыл æмæ йæм йæ Цалхы рауадзы.

БАЛСÆДЖЫ ЧЫЗГ — Нарты Сослан Хуры чызг Ацырухсы йæхицæн усæн куы æрхаста, уæд цуан кæнынмæ фæцахуыр Зилахары быдырмæ. Иуахæмы кæсы, æмæ иу хъуаз æрбацæуы дон нуазынмæ. Афтæ рæсугъд уыдис уыцы хъуаз, æмæ йæ конд, йæ уындæн æмбал нæ уыди, йæ дæллагхъуырæй Бонвæрнон тыбар-тыбур кодта. Сослан æм фат фæцарæзта æмæ йæ, гъа, ныр фехсон, куыд загъта, афтæ хъуаз чызг фестадис æмæ дзуры: «Сослан, æз уæларвæй ардæм дæу фенынмæ куы ‘рцæуын æмæ дыл куы никуы æмбæлын, уæд кæм вæййыс?

Ацал-ауал азы дæм æнхъæлмæ фæкастæн, ныр мæ дæхицæн бинонтæн фæхон».

– Ам дзæгъæл чызгæй кæй арон, уыдон мæхицæн бинонтæн куы хонон, уæд Нарты хъæуы дæр куы нæ бацæудзысты, — загъта Сослан.

– Макæ, фæсмон кæндзынæ, Сослан, — дзуры та йæм чызг.

– Дæу хуызæн цады бадæг дзæргъытæ Сослан бирæ федта æмæ уыдоны бинонтæн куы хастаид, уæд йе ‘ндон сау æфсæйнаг куы суыдаид.

Чызг æваст йæ цæнгтæ фæйнæрдæм фæкодта, базыртæ йыл фестадис, ныппæр-пæр кодта æмæ атахт. Сослан ма йæм бæргæ фæлæбурдта, фæлæ ницыуал… Тæхгæ-тæхын ма иу дзырд скодта чызг:

– Нæртон Сослан, æз дæн Балсæджы чызг, æмæ дæм ныр бæрæг уыдзæнис.

Ууыл Балсæджы (Малсæджы) чызгæн кадджыты йæ кой дæр нал ис.

БАЛСÆДЖЫ (МАЛСÆДЖЫ, ОЙНОНЫ) ЦАЛХ — цавæрдæр хæстон хотых. Балсæджы чызг йæ фыдæн куы радзырдта, Сослан æй кæй бафхæрдта, уый, уæд Балсæг йæ Цалхæн загъта: «Цæугæ æмæ Сосланы амар!». Рараст ис гуыргуыргæнгæ Балсæджы Цалх Сосланы марынмæ. Ныхъхъæр кодта Балсæг Сосланмæ: «Фæхъахъхъæн мæ дæхи, Нæртон гуырд!».

Болат Сослан æм йæ дыууæ æрфыджы астæу сарæзта. Ныццæлхъ æй ласта Балсæджы Цалх æмæ Сосланы болат ныхæй фæстæмæ фесхъиудта, цъæрræмыхст дæр æй нæ фæкодта. Фæлæбурдта йæм бæргæ Сослан, фæлæ йæ бон нæ баци Цалх рацахсын. Гуыр-гуыргæнгæ та рауагъта Цалх йæхи Сосланыл. Болат Сослан дæр та йæм йæ риу ныддардта. Ныццæлхъ та йæ кодта. Цырд æм фæлæууыд Сослан дæр æмæ ныр фæстæмæ асхъиуа, зæгъгæ, афтæ йæм фæлæбурдта æмæ йæ болат къухтæй рацахста. Йæ быны йæ ракодта æмæ йын йæ фæрчытæй дыууæ æрбасаста. Ныллæгъзтæ йын кодта Балсæджы Цалх: «Мæ уд мын ма аскъуын, Сослан, æмæ мæхи «Сосланы Цалх» хондзынæн ардыгæй фæстæмæ». Хуыцауæй йын ард бахордта. Бауунæндыд ыл Сослан æмæ йæ суагъта. Цалхыл сæ хæдзармæ цæугæйæ Нарты фыдбылызы Сырдон амбæлд æмæ йæм дзуры:

– Дæ фæндаг раст, Балсæджы Цалх!

– Сосланы Цалх мæ хон, Балсæджы Цалх мæ ма хон, æндæра мæ Сослан амардзæн.

– Гъе, фесæфай, Балсæджы Цалх! Дæ бирæ тых цæуыл фесæфт? Де стыр кад цæуыл фесæфт? — зæгъы йын Сырдон.

– Ма дзур, Сырдон, ардхор лæг дæн! — загъта Балсæджы Цалх.

– Дæ кæстæр æнгуылдзæй туг рауадз, уымæй дæ ард ссæудзæн, Сосланæн йæ адзал дæуæй у. Куырдалæгонмæ ссу æмæ йын болат фæрчытæ саразын кæн. Стæй æрцу æмæ Сосланæн йæ уæрджытыл атул, хуысгæ куыд кæна, афтæмæй, — зæгъы йын Сырдон.

Фæсасти Балсæджы Цалх Сырдоны ныхæстæй. Æмæ йын куыд бацамыдта, афтæ бакодта. Раздæр уал ын Сосланы уым æнхъæлæй мусонджы хуысгæйæ

йæ дыууадæс æмбал цуанонæн сæ зæнгтæ ахауын ласта. Сослан æй фæсте расырдта. Быдырты йæ расур-басур систа æмæ йын йæ бауромынæн быдыр, хæхтæ, бæлæстæ æмæ æндæр зайæгойтæ куыд æххуыс кæнынц, ахæм арфæтæ сын кæны. Фæстагмæ йæм æхсæры къутæрæй хуымæллæг йæ бæндæнтæ æруагъта, Балсæджы Цалхыл стыхстысты æмæ йæ ныуурæдтой. Сослан æй иу æхст бакодта фатæй æмæ йын йæ иу фарк ныппырх кодта, дыккаг æхстæй дыккаг фарк дæр ныппырх ис. Стæй фелвæста йæ цирхъ, æркъуыхтæ кæнон Балсæджы Цалхы, зæгъгæ, куыд загъта, афтæ та йын уый ныллæгъзтæ кодта.

«Хорз, — загъта Сослан, — дæ бинонтæй мын дыууадæсы амар (йæ цуанон æмбæлттæй йын цал амардта, уал), æмæ дæ удæгасæй уадзын». Ард ын бахæрын кодта æмæ та йæ ауагъта. Сырдон дæр та хабар базыдта æмæ Балсæджы Цалхыл фæндагыл æртæ хатты фæдвæливæнæн фембæлы зæронд лæджы, зæронд усы æмæ лæппуйы хуызы. Æртæ хатты дæр æй ардауы Сосланыл, амоны йын, дæ ард цæмæй ма фехалай, уый тыххæй дæ бинонтæн дыууадæсæн кæмæн йæ къахы ныхтæ ракæн, кæмæн — йæ къухы ныхтæ, зæгъгæ. Уæддæр нæ разы кодта Балсæджы Цалх. Фæлæ йыл æргомæй йе ‘взаг куы суагъта Нарты фыдбылыз Сырдон, уæд та Куырдалæгонмæ ацыд æмæ та йæ саст фæрчытæ сыгъдæг болатæй саразын кодта. Стæй Сосланыл, Зилахары гуыбыныл сырдмæ куы фæцæйхъуызыд, уæд ыл сусæгæй йæхи рауагъта æмæ йын йæ уæрджытæ сæ тæккæ сæртыл атæхын кодта. Йæхæдæг сфардæг уæларвмæ. Уырдыгæй йæ лæгæй-лæгмæ хæстмæ Хызы быдырмæ æрхуыдта Сосланы хæрæфырт. Уый рагацау Куырдалæгонæн æфсæйнагæй стыр мæцъис саразын кодта æмæ йын уымæй йæ фæрчытæ ныххырхта.

Балсæджы Цалх фæтарсти, йæхи ацц фестын кодта æмæ фæтæхы. Лæппу та йæхи хъæрццыгъа фестын кодта æмæ йæ фæсуры. Стæй та цъæнутджын фæтæны амбæхсы. Лæппу йæ къухты цæхæрæй фæтæн æмсыгъд скодта. Цалх йæхи хъæддаг карк фестын кодта æмæ стахт. Лæппу дæр та цæргæс фестад æмæ йæ фæсуры. Балсæджы Цалх куы суынгæг ис, уæд Нарты хъæумæ батахт æмæ къулбадæг усы хæдзары смидæг. Лæппу йæхи лæг фестын кодта æмæ йæ фæдыл усмæ бацыд. Бартхъирæн æм кодта, æмæ йын уый бацамыдта, Балсæджы Цалх уæлмæрды нæуæгдæр цы мард ис, уый ингæнмæ кæй ныххызтис. Лæппу йæ ракъахта, ингæнæй йæ фелвæста æмæ йæ Сосланы ингæнмæ бахаста æмæ дзуры йæ хъæлæсы дзаг:

– Сослан, Балсæджы Цалх дын мæрдты фæлдыст фæуæд, дондзау æмæ дын лæггадгæнæгæй фæхæтæд, уæлæуыл та дын цырт уыдзæн!

Йæ цирхъ фелвæста лæппу, Балсæджы Цалхæн йæ сæрастæу ныххырхта æмæ йæ йæ астæуыл æрфаста: йæ иу æрдæг ын Сосланы ингæнæн йæ нывæрзæн ныссагъта, йæ иннæ та — йæ дæлфæдтæм.

БАЛЦ — ирон адæмон сфæлдыстады, уæлдайдæр та Нарты кадджыты, Балцæн ис цыдæр кадджын æмæ бæрнон нысаниуæг. Нарты гуыппырсартæ дард бæстæтæм цæуынц афæдз æмæ ноджы фылдæр рæстæджыты балцы.

Рæстдзинад, кад æмæ намыс агурæг, сæ хъару, фæразондзинад æмæ ныфсхастдзинад æвдисæг.

БАРАГДЖЫН — хъæды ус. Хъæддаг сырдау тугмондаг сылгоймаг, цæры тархъæдты. Пыхцылсæр æмæ ссырджын. Йæ иу бакастæй дæр тас æфтауы адæмыл. Уымæ гæсгæ-иу хъæддзаутæ архайдтой ма йæ бахъыгдарыныл, йæ хъыджы ма бацæуыныл. Сæхи дзы хызтой.

БАРАСТЫР — Мæрдты бæсты хицау. Уæлæуыл цыдæриддæр ис, уыимæ удæгас адæм дæр, уыдон сты Стыр Хуыцауы фæрцы. Чи амæлы, уыдон та бахауынц Мæрдты бæстæм, Барастыры дæлбармæ. Барастырмæ стыр бартæ ис. Цалынмæ адæймаг амæла, уæдмæ йын йæ бæстæм фæндаг нæй, куы амæла, уæд та йын цардмæ фæстæмæ раздæхæн нæй. Уым — Мæрдты бæсты — алцыдæр ис Барастыры къухы. Уый зоны, уæлæуыл чи куыд фæцард, æмæ йын уымæ гæсгæ Мæрдты бæсты — «йе ‘цæг дунейы» — тæрхон кæны, Дзæнæтмæ йын æмбæлы, æви йæм Зындоны хъизæмæрттæ æнхъæлмæ кæсынц. Уыцы хъуыддаджы йæ рæстзæрдæдæр æххуысгæнджытæ сты Мæрдты бæсты дуаргæс ставдæнгуылдз Амултахъ æмæ æгъдауæвæрæг Аминон. Уыдон фæрцы алцыдæр ис йæ уагыл. Æрмæст иунæг хатт Нарты Сослан фехæлдта Мæрдты бæсты æгъдау. Тыхæй батыдта дуар æмæ бацыд йæ мард ус Бедухайы агурæг. Уый рахаста уæлæуыл адæммæ Мæрдты бæсты сусæг хабæрттæ. Цы диссæгтæ дзы федта, уыдон ын райхалы Бедуха, стæй йын Барастырæй ракуры, æрмæстдæр Мæрдты бæсты чи зайы, уыцы Аза-бæласы сыфтæ.

Барастыр иузæрдион у Нартыл. Уæлдай тынгдæр та ауды æнахъомæй мард æнæхин сабитыл. Рæвдауы сæ. Уырызмæджы æнæном лæппуйæн та йæ бадæн ис Барастыры уæрагыл. Æмæ ма йæ суанг рæстæгмæ уæлзæхмæ дæр рауадзы.

БАРÆГ-БÆРЦ — Нарты бæстæйы иумæйаг фосхизæн.

БАРÆН КЪÆЙ — Тулдзджын рагъыл Борæ йæ фæттæй иу нысайнагæн Барæн къæйыл сæвæрдта, — зæгъы нын кадæг «Борæ æмæ Донбеттыртæ». Уый фæстæ, суанг ын мæлæтæй тæссаг куы уыд, уæд дæр дæлимонтæй тырны, йæ фат цæуыл æрæвæрдта, уыцы Барæн къæймæ. Æвæццæгæн-иу къæйыл æвæрд фат бæрæг кодта, ацы хъæды цуанон кæй ис, уый. Фат къæйыл æвæрдæй куы баззайа, уæд та — цуанæй кæй нал æрыздæхт, цыдæр бæллæх ыл кæй æрцыд, уый. Хуымæтæджы не схъомпал сты Нартæ кадæг «Борæ дæлимонтæм»-ы Барæн къæйы цур. Цуанæй æмгъуыдмæ кæй не ‘рыздæхт æмæ йæ фат къæйыл кæй уыд, уымæ гæсгæ йæ агурæг рацыдысты.

БАРДУАГ — бæрæг исты бар кæмæ ис, ахæм дуаг. Абоны бардуаг. Рыны бардуаг. Бынаты бардуаг.

БАРДУАДЖЫ ФЫРТ — Нартæм бæрзондæй кæсы, йæ тулдз адæгыл сæм арвы талынгæй фæзыны. Иу кадæджы Батрадзы æнахъом сабийæ бæрзонд уæларвмæ Мигъты бардуагмæ йæ адæгыл схæссы цæхæртæ калгæ. Йæ адæгыл ифтыгъд ис сагтæ.

БАРЗ — рагон ирон дзырд, амоны бæрзонд, уæлхох. Барзы æфцæг, барзы хъæу

æмæ æндæртæ.

БАРСÆГ — иу кадæджы Куырдалæгоны хистæр æфсымæр, цæугæ æмæ зилгæ цалхы хицау. Ис ын чызг. Сослан йæ зæрдæмæ цæуы, фæлæ йæ уый бафхæрдта ныхасæй, æмæ йæм Барсæг уый тыххæй хæрам хæссы.

БАРТÆЛÆГ — Нартæн хæлар паддзах. Хæндыхъдзу дзы йæхицæн хъалондар кæны, йæ адæмы йын цæгъды, йæ зæххытæ йын исы. Нартæ йæ фарсмæ æрбалæууыдысты Фæрдыгдоны был æмæ йæ Хæндыхъдзуйæ ферваæзын кодтой.

БАРЫСЧЪИ — мардæгъдау, Барысчъи, ома, мархо сылгоймæгтæ дардтой сæ мард лæгты, æфсымæрты, лæппутæ æмæ тиуты тыххæй, фыдызгъæл æмæ урсаг нæ хордтой.

БАСМАХЪТÆ — рагон къахы дарæс, хæдзары дарынæн, схъæл фындзтæ сын, сæ зæвæттæ та — гом.

БАСЫГ — Нарты сгуыхт фæсивæдæй.

БАСТ УИСОЙ — иу лæгæн бирæ фырттæ уыдис, фæлæ хъæрмуд нæ уыдысты, æмæ сæ цард нæ цыд. Уæд сæм иуахæмы фыд фæдзырдта кæртмæ. Къуымæй сын уисой рахæссын кодта. Загъта сын:

— Абон хъуамæ уæ тых бафæлварат уисойыл. Чи йæ асæтта, уый уыдзæн æппæты хъаруджындæр.

Фырттæ иугай фæархайдтой баст уисой фæдыууæ кæныныл, фæлæ сæ къухы нæ бафтыд. Уæд сын фыд афтæ: «Æриут-ма йæ ардæм».

Фыд уисой райста, райхæлдта йæ æмæ йæ уисгай сæттын райдыдта.

— Афтæ, мæ хуртæ, сымах дæр æнгом куы уат, уæд уын ничи ницы кæндзæн, уæ цард фæрныгдæр уыдзæн. Иугæйттæй та уыл алчидæр тых у, уæ хъомыс — къаддæр. Æмæ кæрæдзи æруарзут.

Ацы цау ирæттæм æрхæццæ скифтæй. Нæ рагфыдæлтæ скифты зындгонд паддзах Скилур цард 2400 азы размæ. Уыд ын 80 фырты. Йæ адзал куы æрхæццæ, уæд се ‘ппæтмæ дæр фæдзырдта, алкæмæй дæр дзы иу фат райста æмæ фатты куырисбаст фидар бакодта. Исчи ма уæ сæ афтæмæй асæттæд, зæгъгæ, сæм фатты баст радта. Афæлвæрдтой, фæлæ дзы никæй бон сси сæ фыды ныхас сæххæст кæнын. Уæд Скилур фаттæ райста æмæ сæ иугай ныссаста. Гъе, афтæ, мæ хуртæ, зæгъгæ, сын загъта, иумæ æнгом-æмзондæй куы цæрат, уæд уыл никуы ничи фæтых уыдзæн. Хицæнтæй куы уат æмæ кæрæдзи куы нæ æмбарат, куы хылтæ кæнат, уæд та уыл алчидæр тых уыдзæн.

БАСЫЛТÆ — Ногбоны æхсæвы хæринæгтæ — æнæнхъызт хыссæйæ конд алыхуызон адджинæгтæ: цæрæгойты фæлгонцтæ. Къоста йæ «Нæуæгбоны зарæджы» хæдзаронтæн зæгъы: «Уæ басылы къух мæн куыд фæуа!».

БАТ — Хъæзыгайы фырт Нарты кадджыты.

БАТРАДЗ (БАТРАЗ) — Нæртон мыггаг Æхсæртæггатæй. Болатрихи Хæмыцы болат æмæ æндонриу фырт, йæ дыууæ уæны астæуæй гуырд. Йæ мад — Быценон. «Нартæн сæ тæккæ хъаруджындæр, — фыссы Нигер, — æппындæр аипп кæмæ

нæ арынц Нарт, уыцы болат Батрадз. Лæгæй-лæгмæ æргом чи цæуы знаджы ныхмæ, хиндзинадæй мисхалы бæрц дæр кæмæ нæ хæццæ кæны. Нарт се ‘хсæн хуыздæраен кæй равзæрстой, уый. Сослан æмæ Батрадз кæд дыууæйæ дæр æндон гуырдтæ сты, кæд сæ дыууæйæн дæр сæ хъæбатырдзинадæн кæрон нæй, уæддæр сты хицæн фæлгонцтæ, сæ сурæттæ дæр æмæ сæ удыхъæды дæр иудзинадæй ницы ис. Батрадзæн тыхгæнæг тых никуы ссардта. Батрадз Сосланау цъыссымы никуы бахауд. Раст, æнæхин, æнæкæлæн».

Нæртон адæмы ‘хсæн куыннæ уыд, чындздзон чызджы зæрдæмæ чи фæцыдаид, ахæм гуырдтæ. Чи цы загътаид уынд æмæ кондæй дурæйгуырд Сосланæй, кæнæ Къандзы фырт хæрзконд Сæууайæ? Фæлæ авд æфсымæры иунæг хо, арвы рухс æмæ зæххы фидауц Акула-рæсугъд йæхицæн равзæрста, тыхгæнæг тых кæмæн нæ ардта, уыцы саудзагъд, къуыпных æмæ хорадзаст болат Батрадзы (Кадæг «Нарты симд», кæнæ «Батрадз ус куыд ракуырдта»).

Батрадз у Донбеттыртæй равзæргæ мыггаг Быценты хæрæфырт. Быценон æй ныуулæфыд Хæмыцы уæнты астæумæ, æмæ уым февзæрди сынкъ. Сатана райдыдта бонтæ æмæ мæйтæ нымайын, æмæ афон куы æрхæццæ, уæд акъæртт кодта Хæмыцы сынкъ, æмæ дзы сырх зынгæй рагæпп кодта æрдæгæй уæлæмæ — æндон, уырдыгæй дæлæмæ — болат, ахæм лæппу æмæ асхъиудта денджызмæ. Уый уым схъомыл. Фæстæдæр æй Сатанайы ныхасæй Нарт расайдтой денджызæй. Уый уыд болат æмæ æндонриу хъæбатыр Батрадз.

Нарты кадджыты сæрмагонд цикл ис Хæмыц æмæ йæ æнæрцæф фырт, саудзагъд, къуыпных æмæ хорадзаст болатриу Батрадзы тыххæй. Уым цы кадджытæ ис, уыдонył куы афæлгæсай, уæд дзы дыууæ сты: «Хæмыц ус куыд ракуырдта» æмæ «Хæмыцы мæлæт», иннæ ссæдз — Батрадзы кад æмæ намысыл, хъару æмæ зондыл дзурæг. У Нарты сæрхъуызой, æфхæрын сæ нæ уадзы, хъахъхъæны сæ тыхгæнæгæй, уæлдайдæр та уæйгуытæй (Хъулонзачъе уæйыг, сохъыр уæйыг Æфсæрон, йæ фырт Алæф, Тыхы фырт Мукара). Хицæн кадджытæ сты «Батрадз Уырызмæджы куыд ферваæзын кодта», «Батрадз Нарты гуыппырсарты куыд ферваæзын кодта», «Батрадз Сосланы куыд ферваæзын кодта». Кæнæ «Батрадз йæ фыды туг куыд райста».

Æппæты сæйрагдæр та дзы у, Батрадзы удыхъæд, зондахаст, дунеæмбарынад, хъару æмæ уæлахизмæ тырнæг хæстон лæджы зонд ирдæй кæм разындысты, уыцы кадæг «Нарты æмбырд» (кæнæ «Нарт чи хуыздæрыл куыд дзырдтой»). Ам, фыццаджыдæр, ныхас цæуы адæмы удварныл, адæм адæм цæмæй сты, уыдæттыл, стæй Хуыцауы сконд адæймаджы миниуджытыл. Адæм сæрыстыр кæмæй сты, æмдзыхæй «хорз у» кæмæй фæзæгъынц, сыгъдæгзæрдæйæ сæхицæн раздзæуæгæн кæй равзарынц, йæ дзыхæй рæстдзинад йеддæмæ кæмæн ницы ирвæзы, рæстдзинадыл чи архайы, йæ дзыллæйы сæрыл мæлын дæр чи зоны, ахæм разамонæг. Ахæмæй равзæрстой Батрадзы, æмæ йæ уый хъуыддагæй равдисы.

Батрадз тæригъæдгæнаг у, бараг мæгуырæн, лæмæгъ адæймагæн,

сылгоймагæн, æгъатыр у знагимæ. Йæ фыды марæгæй цалынмæ йæ туг нæ райста, уæдмæ йæхицæн бынат нæ ары, фæлæ æгъдауы сæрты никуы ахизы, æнаххосæй никæй бафхæры. Хæмыцы фæстæ йæ зæрдæйыуаг, йæ ахастдзинæдтæ фæивтой Нартмæ, мæ фыд Хæмыцы марды дæр æнаххос не стут, мæ мад Быценоны дæр мын фæсырдтат, æмæ мын мæ мады ‘фхæрд æмæ мæ фыды туг бафидут, зæгъгæ, сын фыдмитæ кæны. Сæ сæрæн дзы куынæуал уыдысты, уæд сæ Сырдон уыцы уавæрæй ферваæзын кæны. Зæдтæ æмæ йæ дауджытыл сардыдта: «Цы дын æй æмбæхсон — дæ фыды дын амардтой зæдтæ æмæ дауджыты ардыдæй. Ныртæккæ дæр та Уарпы фидары æмбырдæй бадынц æмæ тæрхон кæнынц Хæмыцы удæн».

Батрадз Нарты æрæмбырд кæнын кодта æмæ сæм дзуры: «Фатыл мæ бабæттут æмæ мæ æрдынæй Уарпы фидармæ фехсут!».

Куыд сын загъта, афтæ бакодтой. Батрадз фидар йе ‘мбæрц батыдта, йæ цирхъ фелвæста æмæ ралæууыд зæдтæ æмæ дауджытыл æмæ сæ æнæцæнгтæ, æнæбазыртæ фæкодта.

Уымæй фæстæмæ зилын райдыдта зæдтæ æмæ дауджыты фæдыл æмæ сыл кæм хæст кодта, уым сæ тыхсын кодта, цагъта сæ. Уыдон сæ хъаст бахастой Хуыцаумæ. Хуыцау сын зæгъы: «Йæхæдæг йæхи æгъдауæй куы нæ амæла, уæд ын мæлæт нæй. Æмæ ацæут æмæ Хурæн зæгъут, афæдзæй афæдзмæ йæм цы тæвд ис, уый иу бон куыд радта, афтæ. Сымах асайут Батрадзы Хæзмы быдырмæ, зды дурнад кæнут æмæ йыл æй афтæмæй цæвут. Уый фырхæстæй куы сзынг уа, уæд йæ доннуазæн суадонмæ цæудзæн, цæмæй йæ тæвд æрцæуа, уый тыххæй, фæлæ æз суадон байсысын кæндзынæн. Уырдыгæй цæудзæн фурдмæ, æмæ æз фурд дæр байсысын кæндзынæн».

Афтæ бакодтой, æмæ Батрадз бынтон куы сзынг, уæд ма йæхи Куырдалæгонæн куы сæрын кодта, уæд йæ хуылфы æнæсæрыдæй цы иу тъанг баззад, уый асыгъд. Батрадз æрхаудта æмæ амарди. Зæдтæ æмæ дауджытæ йæ сæрты ратæх-батæх кæнын райдыдтой. Уæд Батрадз ахæм тæф рауагъта, æмæ зæдтæ æмæ дауджытæй бирæ суртæ фæци, бирæ та дзы мæлгæ акодта. Æмæ та сæ хъаст Хуыцаумæ бахастой. Уый сæм дзуры:

«Ацæут æмæ йæ уæларв Софиайы зæппадзы бавæрут». Фæлæ йыл цалынмæ Тутыры гуырд дыууæ уæныджы сифтыгътой, уæдмæ йæ дыууадæс цæды галтæй йæ бынатæй æнкъуысын дæр нæ фæкодтой. Софиайы зæппадзмæ йæ бæргæ сластой, фæлæ мидæмæ бахæссынæн ницы амал ардтой: йæ сæр-иу размæ куы уыд, уæд-иу йæ рæмбынкъæдзтæ ныббыцæу кодта зæппадзы дуармæ, йæ къæхтæ размæйæ та — йæ къæхтæ. Хуыцау сæм дзуры, уый мæнæй лæвар агуры, зæгъгæ, æмæ йыл æртæ цæссыджы æрæппæрста. Æмæ сын уæд зæппадзмæ бахæссын бакуымдта. Хуыцауы æртæ цæссыджы кæм æрхаудтой, уым та февзæрди æртæ кувæндоны: Таранджелос, Мыкалгабыртæ æмæ Реком. Æндæр кадæджы Батрадз Хуыцауы дзырдæй амæлы, йæ цирхъ ын денджызы куы ныппарынц, уæд. Амæлы йæ цирхъимæ. Йæ цирхъæн дæр уд ис, æмæ дзы

фæхицæн, куы фæдæлдон, уæд.

БАФОНЫ ÆФЦÆГ — æфцæг Нарты кадджыты.

БАХТАНЫ БÆСТÆ — Нарты кадджыты афтæ хонынц Сирийы зæхх.

БАХЪ-БАХЪ ГУЫМИРЫ — Даредзанты таурæгъты йын йæ усы аскъæфта Пиллон гуымиры æмæ йæ къуыри хъахъхъæдта арæсæны бадгæйæ. Уал боны æнæхуыссæгæй сфæлмæцыд æмæ йæ арц йæ ныхмæ дары, афтæмæй рæдзæ-мæдзæ кæны. Ægæр тарф фынæй куы авæййы, уæд йæ ных арцмæ æрхæссы, æмæ туг лæсæнтæ кæны, цæугæдон дзы рауад. Амран, Мысырби æмæ Бадри æхсæвы куы сдойны сты, уæд донæфсон баныздой Бахъ-Бахъ гуымирыйы тугæй. Цæхджын кæй уыд, уымæй йыл фæдызæрдыг сты æмæ йæ донвæд ссыдысты. Афтæмæй йыл фембæлдысты, æмæ йын Амран зæрдæ бавæрдта, афынæй кæн, æз дæ сыхъал кæндзынæн, зæгъгæ. Хъал та йæ ракодта, Бахъ-Бахъ гуымиры йын куыд бацамыдта, афтæ: арвыл мæй рухсы хуызæн куы фæзына, уæд-иу мæ дæ тых дæ бонæй ныццæв мæхи арцæй. Уыцы рухс йæ усы цæсгомæй цыд.

Бахъ-Бахъ гуымиры фæмард Пиллон гуымирыимæ хæсты.

БÆГÆНЫ ÆЛУТОН ФЫХÆЙ — фысы мард-иу кæм сфыхтой, ахæм бæгæны.

БÆЛГЪÆ — бæстæ Нарты кадджыты. Æмбæлæм дзы ахæм дзырдбæстытыл: Бæлгъæйы адæм, Бæлгъæйы æфсад, Бæлгъæйы быдыр, Бæлгъæйы æлдары фыййау. Бæлгъæйы адæм цæрынц Нарты фарсмæ æмæ сты се знæгтæ.

Арæх схæцынц æмæ кæрæдзи фæцæгъдынц. Бæлгъæ сты æнæууæнк, фыдцъылыс, змур адæм (кадæг «Нарты балц»).

БÆЛГЪÆЙЫ ÆЛДАР — цавæрдæр бæстæйы æлдар, ис æм бирæ æмæ тыхджын æфсад, фосы дзугтæ, рæгъæуттæ. Кадджыты ис Бæлгъæйы быдыры кой дæр.

БÆЛГЪУЫР — хæйрæджыты паддзах. Адæмон сфæлдыстады æвдыст цæуы мæстыгæр, мæтъæл æмæ фыдзондæй. Йæ фæлгонц ын хорз равдыста Брытъиаты Созырыхъо йæ уацмыс «Дзеджы фырт Дзеджы».

БÆЛДÆР — ирон мифологийы æрдзы бардуаг. Зæххы цъарыл царды цыдыл бар дары Бæлдæр. Цæрæгойæ зайæгоймæ Хуыцауы раз йæ бар ис сæ гуырæн, зайæн, рæзæн, зæйц æмæ фылдæргæнæн хъомыс. Бæлдæры фæндæй мыггаг кæнынц æппæт зайæгойтæ æмæ цæрæгойтæ дæр. Уый аудындзинады фæрцы равзæры гуырдз, цæрæгой, билцъ зайæгойы мыггаджы, æмæ нæ сæфы сæ хъæстæ.

БÆЛДÆРÆН — Бæлдæрмæ кувæн бæрæгбон. Уалдзыгон бæрæгбон. Ærлæууы, æрдз йæ зымæгон фынæйæ куы райхъал вæййы, рæдзæ-мæдзæ куы нал фæкæны, фæлæ Хуры хъарммæ бынтондæр куы базмæлы, уæд. Æхсæв æмæ бон сæ бартæ кæрæдзимæ куы радтынц æмæ бон даргъдæр кæнын куы райдайы, уæд йæ тыхы бацæуы Бæлдæр, йæ хъомыс байзæры зæххыл, æмæ гуырдз кæнынмæ, билцъ уадзынмæ фæвæййынц, чидæриддæр, цыдæриддæр йæ фæстæ мыггаг уадзы, уыдон.

«Ирон адæмы уырнынадмæ гæсгæ, Хуыцау фыццаг сфæлдыста хъæд, дуртæ, фос, — фыссы ахуыргонд Цыбырты Людвиг, — фæлдисгæ та сæ скодта

къæйттæй, æмæ Бæлдæрæны уыдонæн вæййы къайады бон, уæд бауддзыд вæййынц. Дзырдтой, зæгъгæ, хъæд джыртмæ цæуы. Афтæмæй Бæлдæрæн цасдæр бæрцæй нымад цыдис «бауддзыдуæвыны стыр боныл». Иугæр афтæ уыд, уæд дзы сылгоймæгтыл дæр æмбæлдис иукъорд нæфæтчыйы æгъдæуттæ кæнын. Уыцы бон уыдонæн нæ фæтчыдис дурыл кæнæ хъæдыл бадын, хъуамæ-иу бадтаиккой зæххыл, уымæй дæр уæгъдибар æнæгъдау бадтæй нæ, фæлæ, йæ къæхтæ йæ быны æрбатымбыл кодтаид, афтæмæй».

Бæлдæрæны нæ фæтчыдис хъæд калын, бæлæстæ æмæ æндæр зайæгойтæ æхсæдын, бæрæгбонæн сыл кусарт æргæвдын. Уымæн æмæ цæмæдæриддæр уддзыдæй зæрдæхсайæн уыд, уый æрмæст бахъыгдарын дæр тæригъæдыл нымад уыд. Уыцы бон æгъдаумæ гæсгæ хъуамæ алчидæр уыдаид хъæлдзæг, зæрдæрухс, боныгон фынæй кæныны бар никæмæн уыд. Æппæт æрдз дæр куы райхъал, уæд ды та фынæй кæныс!

Бæлдæрæны бæрæгбон, дам, куыдæй арвитай, афтæ уыдзæн дæ цард афæдзы дæргъы. Уымæ гæсгæ адæм сæхи дардтой хъæлдзæг, кодтой Бæлдæрæны куывдтæ, архайдтой фынгтæ куыд бæркадджындæрæй æвæрыныл, куывтой Стыр Хуыцаумæ, Уастырджимæ, Бæлдæр æмæ иннæ зæдтæм, дауджытæм, куырдтой сæ ивгъуыд азæй хуыздæр хæрзтæ, хъæздыг тыллæг, сæ фосæн бирæ æмæ хæрзхъæд зæйц. Уыцы бонмæ йæхиуыл хæс ничи уагъта, фыстой фыйййæутты æмæ хъомгæсты афæдзы мызд дæр æмæ йæ хуыдтой Бæрнаг фидæн бон дæр. Уыцы бонæй фæстæмæ фосæн скъæты, хæрæны холлаг нал лæвæрдтой.

Бæлдæрæны бæрæгбоны æгъдæуттæ сты Ногбоны æгъдæутты æнгæс. Æмæ уый хуымæтæджы нæу. Нæ рагфыдæлтæ Хуры царддæттæгыл куы нымадтой, артæн, зынгæн нымд куы кодтой, уыцы заман Ног азы æрцыд нымадтой, Хур-иу Зæхмæ фæстæмæ куы раздæхт, цард ыл-иу йе'ппæт хъарутæй куы бафтыдта, бон-иу æхсæвæй даргъдæр кæнын куы райдыдта, уæд. Ныр дæр ма уыцы афон Ногбон бæрæг кæнынц уыцы диныл хæст зороастриæгтæ Иран, Афганистан æмæ Индийы. Æмæ, æвæццæгæн, уыдон, стæй нæ фыдæлтæ дæр растдæр уыдысты. Уымæн æмæ æппæт æрдзæн: цæрæгойæ-зайæгоймæ йæ ног аз бæлвырдæй уæд райдайы, уæд сыл æрбакæлы царды комытæф йе'ппæт тыхтæй æмæ монцтæй. Уæд вæййы бирæ цæмæндæртæн сæ райдайæн. Кæй зæгъын æй хъæуы, афæдзæн дæр.

Афтæ чи зæгъы, Бæлдæрæн Куадзæны хæдфæстæ хуыцаубоны вæййы, уыдон та рæдийынц. Чи зоны, ирон комуадзæны фæстæ. Ныры Куадзæн та куы апрелы вæййы, куы — майы. Бон æмæ æхсæв æмийасы рæстæг та æрвылаз дæр æрæййафы мартъийы.

БÆНДÆН — уæйгуытæм ахæм бæндæн ис, æмæ дзы æнæхъæн хор-хос куы сбæттай, уæд дæр дын уæз нæ кæндзысты (кæс: «Æрчъиаг»).

БÆНДÆНÆЛВÆСТЫТÆЙ ХЪАЗТ — нæртон хъазт. Лæгты хъазт, кæрæдзи тых æмæ фæразондзинадæй фæлварыны хъазт.

БÆРГЪУЫН — Нарты зæххытæй бонцыд æддæдæр æд адæм цардис Нозы фырт Бæргъуын. Нартæ уæйгуытимæ куы схæцыдысты, æмæ уыдонмæ Мæликк æххуысмæ куы фæзынд, уæд Нартæ та цуртфæдисæттæ æххуыс агурæг Бæргъуынмæ барвыстой. Бæргъуын йæ æфсад хæстмæ æрæмбырд кодта. Æртæ сыхæй йæм æрбацыдысты, æрмæст Дæллаг сых йæ фæндоныл не сразы сты. Уый фыдæй сæм йе ‘фсад фæстæмæ раздæхта æмæ Дæлæсыхы нæлгоймаг удæгас нал ныууагъта, сæ хæдзæрттæ та сын судзгæ бакодта.

Бæргъуыны æфсадæй ма Мæликкимæ хæстæй чи аирвæзт, уыдон æмæ йын йæхи та Дæлæсыхы чызджытæ, сæ сæргъы Дæргъæфсæры чызг, афтæмæй фæцагътой — сæ нæлгоймæгты туг райстой.

БÆРЗÆЙ, СÆР, ХЪУС — ирон æгъдауы фынджы сæйрагдæр хæйттæй иу у бæрзæй. Фæхицæн æй кæнынц кусарты къубал æмæ астæуыстæгæй. Фыхæй йæ æрæвæрынц цины фынгыл кусарты сæрæн йæ галиуварс, стæй ма æртыккаг хайæн сæ сæрыл — уæн. Хæрнæджы фынгыл æй æрæвæрынц сæры рахиз фарс, цæмæй йæ галиу хъус зына æмæ амона хæдзарыл галиудзинад, ома, зиан кæй æрцыд, уый. Цины галиу хъус æмбæхст вæййы бæрзæйæ, рахиз та — гом æмæ æвдисы рахиздзинад — æхсызгондзинад. Æртыккаг хистæр æй куы ралыг кæны, уæд æй æртæ дихы акæны, æмæ йæ æхсызгонæй адæттынц нуазæнимæ кæстæртæм. Хæрнæджы фынгыл лæггадгæнджыты — кæстæрты цæрæнбоны тыххæй рæгъ куы ацæуы, уæд сæры галиу хъус хистæртæй иу ралыг кæны, дыууæ дихы йæ акæны, цæхх ыл æрызæрды æмæ йæ сæрыл æрæвæры, йæ хъус кæстæртæм здæхтæй.

Хъус кæстæртæм дæттынц, цæмæй хистæртæм хъусой, алцæмæ дæр къæрцхъус уой. Бæрзæй — цæмæй бæрзæйау фидар уой. «Арсау бæрзæйджын, каркау бæдулджын» нæм куывды хуымæтæджы нæ баззад. Сæр — алцæмæн дæр ис сæр, райдайæн, фæлæ ам сæры нысан у, алцыдæр сæры зондæй куыд лыг кæнæм. Тых æмæ хъару æнæ сæры зондæй царды ницы бакæндзысты. Хъару, дам, уæйгуытæм дæр уыд, фæлæ се ‘нæзондæй фесæфтысты — ацы хъуыды бирæ рæтты фæлхат кæны ирон адæмон сфæлдыстады. Æвæццæгæн, уыцы хъуыды кæстæртæн зæгъыны охыл æвæрын райдыдтой нæ фыдæлтæ сæр хистæрты раз. Æнæуый дæр бæлвырд куы æркæсай ирон фынджы фæткмæ, биноныг куы ныхъхъусай хистæрты сидтытæм, уæд ирон фынг хъуыдыйæ у, æгъдауæй æнгом баст у куырисау. Хистæр кæнæ дзы кæстæр йæ уагыл, йæ бынаты куы нæ уа, уæд æнæбаст куырисау айхæлы.

БÆРКАДХÆСДЖЫТÆ — афтæ дæр хонынц хæйрæджыты. Адæймаджы фыдæбонæн, дам, йæ бæркад уыдон куы нæ хæссиккой, уæд фыдтухитæ дæр нæ кæнид — йæ гыццыл бакуысты стыр бæркад уаид. Бæркадхæсджытæй тæрсгæйæ нал дзурын дæр нæ уагътой нæ фыдæлтæ. Нал ис цæмæй фæзæгъæм, уый бæркад, дам, хæйрæджытæ уайтагъд аскъæфынц. Гъе уый фыдæй нæ фыдæлтæ «нал ис» нæ дзырдтой, фæлæ «дзаг ис».

БÆРНАГ ФИДÆН БОН — Бæлдæрæнæй бон раздæр-иу фыййæуттæн, хъомгæстæ

æмæ бæхгæстæн алчидæр æнæмæнг бафыстаид сæ мызд. Бæлдæрæны бæрæгбон баст у рагон ирон Ногбонимæ, йæ æгъдæуттæ дæр сты Ногбоны æгъдæуттæ, æмæ ныр дæр Ног азмæ йæхиуыл хæс ничи уадзы. Бæлдæрæны тыххæй бæлвырддæр бакæсæн ис йæхи æрмæджы.

БÆРТÆЛÆГ — Нарты Сæуæссæйы хæлар. Гуымиртæ сæм куы æрбабырстой, уæд Борæ зæронд Сæуæссæйæн зæгъы: «Дæ идæдз чындзытæн сæ афæдз æрцыд. Афæдз фæбадтысты, æмæ сæ арвит ныр кад æмæ радæй. Арвы чызджы та Бæртæлæгмæ фæкæн. Уадз æмæ уал уым уæд. Дæхæдæг дæр ацу йемæ». Бæртæлæг æххуыс кæны Борæйæн гуымиртимæ хæсты. Уыцы хæсты Борæ фæмард, Арвы чызгæн та Бæртæлæджы хæдзары райгуырд фаззон дыууæ лæппуйы — Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæг. Нæмттæ дæр сыл сæвæрдта Бæртæлæг: Уæрхæг уæрхмæ уæрх, бæзнмæ бæзджын кæй уыд, Уæрхтæнæг та бæзнмæ тæнæгдæр кæй уыд, уымæ гæсгæ.

БÆРЦБÆРЦ — банымайæн кæмæн нæй, ахæм бирæ, æнæнымæц. Уырызмæг сыл нымайын схæцыд, фæлæ бæрцбæрцыл куыд фæтых уыдаид.

БÆРЦЫТÆ — ирон нæлгоймаджы рагон уæлæдарæс куырæт аивгæнæнтæ. Æмæ æрмæст аивгæнæнтæ нæ уыдысты, фæлæ топпыхос æвæрæнтæ — бæрцуæттæ. Хъæдæй æмæ стæгæй конд, сæ сæртæ — пылы стæг æмæ æвзистæй аивгонд. Уыдысты-иу риуы гуыдырыл тæртты онг дыууæрдыгæй: æртыгæйттæ (кæстæр кары лæппутæн), фæндзгæйттæ, æвдгæйттæ æмæ фарастгæйттæ хицæнтæй æнæкъæйттæ.

БÆСТЫ БИКЪ — «Бæсты бикъ æмæ комы дæгъæл», — ахæм дзырдбаст ныффидар ирон ныхасы. Уый хуымæтæджы нæу. Æвæццæгæн, ирон мифологийы «Бæсты бикъ» цыдæр хъуыды æвдыста, ууыл цыдæр таурæгъ кæнæ кадæг конд уыд. Адæймаджы йæ бикъ йæ мады гуыбыны йæ ныйиарæгимæ кæй бæтты, царды хостæ уый фæрцы кæй исы, уый зындгонд у. Кæд Бæсты бикъ та Зæххы Хуыцауимæ, Космосимæ бæтты, йæ цард уымæй аразгæ у, æмæ йæ нæ фыдæлтæ бафиппайдтой. Ирон адæм «Бæсты бикъ æмæ комы дæгъæл» фæхонынц, йæхимæ æгæр бирæ бартæ чи фæисы, ахæм адæймаджы. Ам «Комы дæгъæл» æмбæрстгонд у — коммæ бахизæн кæй къухы ис, уый.

БÆСТЫРÆСУГЪД — адæмон сфæлдыстады афтæ фæхонынц бæстæйы æппæты рæсугъддæр чызджы. Фылдæр хатт уымæй кæнгæ вæйиы æнæхъæн адæмы хъысмæт, æмæ сæ сæрвæлтау Бæстырæсугъд радты йæ цард.

БÆСТЫСÆР — бæстæйы, ома, Зæххыл æппæт бартæ дæр кæмæ ис, уый.

БÆСТЫСÆРЫТЫХ — Андиаты Барисы фыст Нарты кадджытæй иуы ныхас цæуы Бæстысæрытыхы тыххæй. Уый у фыццаг Нæртон лæг. Равзæрд Сæуæссæйау æрвон зынгæй. Уыйбæрц хъару йæм ис, æмæ Хуыцау старст, Зæххæн исты фыдбылыз куы ракæна, куы йæ ныффæркгай кæна. Уый фыдæй йæ æууæнкæй сабыргай басайдта Зæххы хуылфы астæумæ. Уым ын йæ фидар уæнгтæ Зæххы сывæлдæг цъæрттæ æрбалхъывтой æмæ тъымы-тъымамæ баззад Зæххы астæу. Хорз æмæ ма йын уæлæуыл цот ныууадзын бантыст — Нæртон адæмы.

Фыццаг Нæртон адæймаг Бæстысæрытых Зæххы астæуæй йæхи ратонынл

куы ацархайы, уæд, дам, бауигъы зæхх, æмæ рауайы зæххæнкъуыстытæ, — зæгъы кадæг.

БÆСТЫ ФАРН — бæстæйы хъомыс, намыс æмæ кад.

БÆТÆГ — цæугæдæтты æмæ суадæтты бардуаг. Гæтæджы иуæй-иу кадæггæнджытæ хонынц Бæтæг.

БÆТÆУЫР — бæстæйы ном Нарты кадджыты.

БÆХ ÆУУÆРДЫН — дугъон бæхы дугъмæ цæттæ кæнын: хæрзхъæд холлаг, хор, сысджыйæ йæ хæссын, сыгъдæг æй дарын æмæ йæ дугъæй фæлварын.

БÆХÆЙ ÆРХЫЗТ — фыдуацхæссæг, хъæргæнæг-иу бæхæй æрхызт рахизæрдыгæй, йæ ехс та-иу уыд йæ галиу къухы. Бæхыл бадгæ æмæ дзы æрхизгæ та у галиуæрдыгæй, рахиз къах исгæйæ.

БÆХФÆЛДИСÆН — рагон ирон мæрдæгъдау. Адæймаг-иу куы амард, уæд ын фæлдыстой йæ уæлæдарæс, йæ хæцæнгæрзтæ, стæй йæ бæх дæр. Хорз бæх ын-иу куы нæ уыд, уæд ын агуырдтой хуыздæр, — Мæрдты бæсты йæ Дзæнæтмæ чи бахæццæ кæндзæн, ахæм. Бæх фæлдисыны æгъдау иттæг хорз ныффыста Къоста йæ уацмыс «Уæлмæрдты»-йы.

Ирон адæмон сфæлдыстады ис Бæхфæлдисæджы раныхасы цалдæр хуызы æмæ сты тынг цымыдисаг, æвæрд сæ ис царды философи æмæ ирон адæймаджы дунеæмбарынад, йæ зондахаст, адæймагдзинад. Мардæн бæх фæлдисыны æгъдау ирон адæммæ æрхæццæ сæ рагфыдæлтæ скифтæй. Уыдоны дунеæмбарынадмæ гæсгæ адæймаг Мæрдты бæстæйы дæр цæргæ кæны, æмæ йæ уым дæр хъæуы бæх, хæцæнгарз, стæй хæдзары мигæнæнтæ дæр. Æмæ сын сæ æвæрдтой семæ, ныр сæ археологтæ обау-уæлмæрдты ссарынц сæ фарсмæ, бæхæн та — йе стæгдар. Уæд-иу æй ныффæлдисыны фæстæ маргæ кодтой. Æмæ æрмæст бæх нæ фæлдыстой æмæ нæ мардтой. Кадджын лæгæн фæлдыстой йæ усы æмæ йæ фæсдзæуинты дæр. Стæй уый фæстæ уыдоны дæр кодтой маргæ æмæ йын сæ йæ фарсмæ, чи йæм дзы куыд хæстæгдæр уыд, афтæ æввахсдæр ныгæдтой.

Фæлдыст бæх ирон адæммæ маргæ нал кодтой, фæлæ йын-иу йæ хъус ныуугард кодтой, йæ хъуынтæй-иу ралыг кодтой, стæй йæ буцæн дардтой. Саргъ сæвæрдæй уæлдай йыл тыхкуыст нæ кодтой. Кæннод та-иу æй рæгъаумæ ауагътой. Мардæн ныр дæр ма кæмдæрты бæх фæлдисынц, фылдæр та бæхы бæсты — йæ машинæ.

БЕГЕНДИ — ирон адæмон сфæлдыстады ис ахæм æлгъыст — «Бегендийы гал фест!» Ома, фыдгуысты, фыдцарды амæттаг фæу. Æвæццæгæн, Бегенди уыд фыдлæг, йæ фосыл дæр чи нæ ауæрста, тæригъæд сын чи нæ кодта, ахæм.

БЕДУХА — Нарты Сосланы ус. Хызы фырт Челæхсæртæджы чызг. Сослан æй куырдта, фæлæ йын æй йæ фыд нæ лæвæрдта, уæд ын æй уый Алæгаты стыр куывды сæ быцæу, чи хуыздæр акафдзæнис, зæгъгæ, уым амбылдта. Хызы фырт мæстæйдзагæй фестади, абадтис йæ бæхыл æмæ афардæг йæ хæдзармæ — Хызы фидармæ. Фæсайдта Челæхсæртæг йæ дзырд. Сослан сфæнд кодта Хызы фидар басæттын, Бедухайы тыхæй байсын.

Æмæ уый йæ къухы дæр бафтыд. «Байдыдтой цæрын иумæ ус æмæ лæгæй Сослан æмæ Бедуха æмæ цардысты хъæлдзæгæй, кæрæдзи уарзгæйæ», — зæгъы кадæг «Сослан Бедухайы куыд æрхаста».

Кадджыты Бедуха æмбæлы дыккаг хатт кадæг «Сослан Мæрдты бæсты»-йы. Ам Сослан куры Хуры чызг Ацырухсы, фæлæ дзы уый æрцагуырдта диссаджы зынбафидæн ирæд. Сæхимæ Сатанайæн ирæды хабар æнкъардæй ракодта.

– Æрбад-ма мæ фарсмæ, — загъта Сатана, — æмæ мæм байхъус. Дæ ирæдæн ссарæн ис, æз дын куыд зæгъон, афтæ куы бакæнæм, уæд. Æфсæйнагæй сау галуан æнцон скæнæн у: мæнæ мæ диссаджы къухдарæн куы ахæссай æмæ дзы денджызы был стыр зиллакк куы æркæнай, уæд уыцы зиллаккыл фестдзæнис æфсæйнаг стыр сау галуан; стæй дын æз Æфсатийæ уадындз куы ракурон, æмæ дзы ды уыцы галуанæй куы ныууасай, уæд дæм сырдтæ иууылдæр сæхи къахæй æрцæудзысты. Фæлæ Аза-бæласы сыфтæ ацы дунейыл никуы ссардзынæ, — уыдон ракурын хъæуы Мæрдты бæсты хицау Барастырæй, æмæ дын сæ дæ мард ус Бедуха куынæ ракура, уæд дæ къухы нæ бафтдзысты.

Сослан Мæрдты бæстæм фæцыд Бедухайы агурæг. Фæндагыл бирæ диссæгтæ федта. Бахæццæ ис уалынмæ йæ ус Бедухайы бынатмæ, æмæ — уæуу, мæнæ диссæгтæ! — Бедухайæн йæ гуыр — уым, йæ сæр уым нæй. Фæлæ уайтагъд йæ сæр дæр уым фестад æмæ аныхæст гуырыл.

Бирæ фæцин кодтой кæрæдзийыл. Стæй йын Бедуха райхæлдта, Мæрдты бæсты цыдæриддæр диссагæй федта, уыдон. Барастырæй йын ракуры Аза-бæласы сыфтæ дæр.

«Дунейы дзыллæты эпосты ис, йæ лæгыл иузæрдион чи уыд, ахæм сылгоймæгты фæлгонцтæ, — фыссы Нигер. — Уыдоны æхсæн Бедухайы фæлгонц йæхимæ æркæсын кæндзæн, Беатричейы фæлгонцау. Сослан Мæрдты бæстæм куы бафтыд Аза-бæласы сыфтæ агурæг, уæд уым фембæлд йæ мард ус Бедухайыл». Сослан æй фæфæрстытæ кодта, Мæрдты бæсты цы диссæгтæ федта, уыдонæй. Бедуха йын дзуаппытæ фæлæвæрдта. Уæд æй Сослан фæстагмæ фæрсы:

– Ардæм куы æрбацыдтæн, уæд дæ сæр дæ гуырыл цæуылнæ уыд? Уый та цы диссаг у?

– Æмæ уый та куыннæ зоныс? — загъта Бедуха. — Мæ сæр æдзухдæр демæ вæййы. Æз дын ардыгæй бирæ æххуыс кæнын. Ардæм куы сфæнд кодтай, уæд дæр дын фæндæгтæ мæ руаджы суæгъд сты. Ды дард балцы куы вæййыс, æмæ дæ сæрмæ сау асæст куы фæцæуы, уæд дын уый дæр æз вæййын, цæмæй хурæй ма фæлмæцай. Хæсты куы вæййыс, уæд демæ чи фæхæцы, уыдонæн сæ сæрмæ тыгъдызæй куы ныллæууы, уæд уый дæр æз вæййын, де ‘фсæдтæ кæд фæтыхджындæр уаиккой, зæгъгæ.

Бедухайы уарзондзинад йæ фыдмæ дæр у диссагæн дзуринаг. Йæ марды уынынмæ йæ Сослан куы бакодта, уæд йæ дысы болат хæсгард бамбæхста æмæ йæм куы ныккаст, уæд хæсгардæй йæ зæрдæсæр фæрæхуыста æмæ мардæй

йæ фыд Челæхсæртæгыл ныххауд. Йæхицæн йæ фыды фæстæ цæрæн бон йæ цæст нал уарзта. Фæлæ йæ Сослан фервæзын кæны.

БЕДУХАЙЫ СÆР — Сослан Мæрдты бæсты йæ мард ус Бедухайы бынатмæ куы бахæццæ, уæд кæсы, æмæ йæ гуырыл сæр нæй. Сослан йæ цæссыгтæ æркалдта, йæхи кæуынæй мары, мæ усæн йæ сæр йæ гуырыл цæуылнæ ис, зæгъгæ, æз ардæм уый фенынмæ куы æрцыдтæн. «Йæ сæры дæр тагъд ардæм хъæуы», — загътой йын мæрдтæ. Æмæ æцæгдæр уайтагъд сæр уым фестад æмæ аныхæст гуырыл.

БЕДУХАЙЫ ФÆДЗÆХСТ — Сослан Мæрдты бæстæй фæстæмæ куы здæхт, уæд æй Бедуха ныффæдзæхста: «Фыдæбоны лæг дæ, Сослан, стырзæрдæ лæг. Дæхи æнцад цæрын никуы ныууадздзынæ! Цæрынæй хæрынмæ мæ коммæ никуы бакастæ, фæлæ дын фæдзæхсын: ардыгæй куы ацæуай, уæд цыдæриддæр хæзнайыл сæмбæлай дæ фæндагыл — кæсгæ дæр-иу æм ма фæкæн, дæ фæндаг-иу дар». Фæлæ та йæм нæ байхъуыста Сослан. Æмæ цынæ хæзнатыл сæмбæлд — йæхи бирæ фæурæдта, æрмæст иу худы зæрондмæ нал фæлæууыд, цæмæн бакастæн мард усы коммæ, мæхи æнæхай цæмæн фæкодтон ахæм хæзнатæй, зæгъгæ, йæ систа. Ацы худы зæронд нæ чындзытæн уæддæр ахæссон, нæ куыройы сын фалгæрæттæ расæрфынæн бабæздзæн, зæгъгæ, æмæ йæ атъыста йæ роны. Уый та уыдис Нарты фыдбылыз Сырдон, йæхи худ фестын кодта — æмæ сæ йæ бæхимæ кæрæдзийыл сардыдта, цæмæй сæ дыууæйæн дæр сæ адзал цæмæй у, уый базона. Уый йæ къухы куы бафтыд, уæд-ма Сослан бæргæ асгæрста йæ рон, фæлæ худы зæронд уым нал уыд. Бамбæрста йæ уæд, Бедуха йын цæуылнæ уагъта, йæ фæндагыл цы хæзнатыл æмбæлд, уыдон исын. Сырдон куы фехъуыста, цæмæй у Сосланæн æмæ йæ бæхæн сæ мæлæт, уæд уайтагъд сæ амарыныл кусын райдыдта.

БЕДЗЕНÆГ (Деденæг) — Нарты кадджыты у æнæзæнæг лæг. Цæры кæмдæр быдыры. Фос æм бирæ уыд, уыдис æм ноджы кæфахсджытæ дæр. Иу бон куы уыди, уæд йæ кæфахсджытæ сæмбæлдысты лагъзыл æмæ йæ доны былмæ раппæрстой, мæнæ цы дзæбæх лагъз у, зæгъгæ. Бедзенæг-æлдары цур ын йæ сæр сæфтыдтой, æмæ дзы сывæллоны цъæхахст ссыди. Бедзенæг-æлдар æркасти лæппумæ æмæ ныццин кодта: «Уæ, йæ рынтæ йын бахæрон Хуыцауæн. Ай цæрынæй-хæрынмæ цæмæ бæллыдтæн, уый мын куы радта!» Стæй йæ усы тыхæвгъæды сбадын кодта, æмæ йын лæппуйы йæ фарсмæ сæвæрдтой. Бедзенæг-æлдар фидиуæгмæ фæдзырдта: «Дунетæн фехъусын кæ, Бедзенæгæн лæппу райгуырд, зæгъгæ». Лæппу та Уæллаг Нарты лæппуйæ райгуырд Дæллаг Нарты чызгæн. Æмæ Уæллаг Нарты цæсты цæмæй ма фæхудинаг уыдаиккой, уый тыххæй сын æй Сатана сæрмагонд арæзт лагъзы нывæрын кодта, стæй йæ фурды баппæрстой.

Бедзенæг хæларæй цæры Нартимæ, уæлдайдæр та — Сосланимæ. Йе ссарæггаг лæппуйыл дæр ын хъуамæ ном сæвæра Сослан, æмæ йыл цалынмæ фембæлы, уæдмæ лæппу цæры æмæ рæзы æнæномæй. Сæвæры

йыл ном Бедзенæджы фырт чысыл Арæхдзау. Бедзенæгæн ис номæндзуринаг хæцæнгæрзтæ æмæ бæх. Кæй фæзæронд, уымæ гæсгæ сæ æвæрдæй дары ныккæнды, сæ уæлæ сын æрфæлдæхта, дыууæ галы кæй нæ фæразынц, ахæм къæй. Бæх у Уырызмæджы Хъулонæй тыхджындæр, йæ хæцæнгæрзтæ йын нæ уромынц Нарты рагъæнтæ.

Бедзенæг йе ссаргæ фыртимæ фурды был кæй цæры, кæсаджы куыст кæй кæнынц, уый тыххæй сыл худы Хызы фырт, дæ кæфы смаг калгæ ардæм цы ссыдтæ, зæгъгæ.

БЕРКÆФ — денджызы чи цæры, ахæм стыр кæф. Кадджытæм гæсгæ йæ лæппынты цасдæр рæстæг æхсырæй фæхæссы. Батрадзмæ йæ мадæрвадæлтæ беркæфтæ æрбакодтой, æмæ уыдоны дадта.

БЕЗАН — Даредзантæй. Уæйгуыты бæстæйы Пиллонгомы фæзынд иу æвирхъау налат хуы. Уый тых кодта адæмæн, стæй уæйгуытæн дæр. Йæ амарынмæ йæ ныфс бахаста æрмæст Даредзанты Безан. Хуы та ахæм уыд, æмæ таурæгъы Безанæн йæхæдæг афтæ зæгъы: «Акæс-ма уыцы сау обаумæ, уый æз кæй фæхордтон, уыдонæн сæ сæрыхъуынтæ сты. Акæс-ма уыцы обаумæ, ноджы уыцы сырх цадмæ: уый та у, æз кæй фæхордтон, уыдонæн сæ туг. Ноджыдæр акæс уыцы урс обаумæ: уый та у се стæгдар». Фæлæ дзы Безан уæддæр нæ фæтарст: схæцыд йемæ, фæсте сургæйæ йæ фатæй фехста, æмæ йæ дыууæ уæны астæу ныууади, риуыгуыдырæй ахызти æмæ разæй гутоны хахх кодта фаты æрттигъ. Хуы амард. Безан ын йæ сыгъзæрин ссыртæ ралыг кодта æмæ сæ йæ бæх Ресийы фæсарц æрбаста, æмæ зæхмæ æрхæццæ сты.

Безаныл йе ‘ххуырст Гурген уыцы тохы фæстæ мæнгардæй рацыд, æмæ уый фыдæй бахауд Апрасионты паддзах Пиранмæ уацары. Паддзахы чызг Манидзанимæ кæрæдзи бауарзынц, фæлæ Пиран уый дæр ницæмæ æрдары — хъоргъы йæ ныппары. Манидзан Безанæн уырдæм хæринаг хæссы, йæ цард снывонд кодта йæ уарзонæн. Уæдмæ сæм Безаны фыд æмæ фыдыфсымæр Ростъом æххуысмæ фæзындысты æмæ йæ Манидзаны æххуысæй ферваæзын кодтой. Апрасионты паддзах Пиран сæ йæ фырт æмæ йе ‘фсадимæ фæсте расырдтой. Куы сæ æрбаййæфтой, уæд паддзах æмæ йæ фырт Ростъом æмæ Безанимæ лæгæй-лæгмæ хæст расидтысты. Даредзантæ сыл фæуæлахиз сты, æмæ хъазгæ-худгæ æрфардæг сты сæ райгуырæн бæстæм. Уым Безан æмæ Манидзан сæ цард баиу кодтой.

БИГЪУЫЛА БÆХ — Сосланы диссаджы бæх, йæ бон у æд барæг зæххы бынты цæуын дæр.

БИДАС — Нарты кадджыты номдзыд адæймаг. Æвæццæгæн, хæстон кæнæ хæцæнгæрзтæ аразæг лæг.

БИДАСЫ ТАХЪА, БИДАСЫ СÆРЗÆНТ — Бидас фылдæр зындгонд уыд йе ‘мбисонды згъæр худ — тахъайæ. Уымæ диссаджы миниуæг уыд: хæсты коймæ-иу йæхæдæг абадти хæстоны сæрыл, æмæ-иу уыцы хæстон лæджы уæд кард дæр нал карста, фат дæр дзы нал хызти.

БИРÆГЪ — тотемон, ома, табуйаг цæрæгой у Нарты кадджыты. Уæрхæгæн у йæ фæсномыг. Сослан йæхи Куырдалæгонæн байсæрын кодта Бирæгъы æхсыры, æмæ йæ цы бæлæгъы сæрыдтой, уый Сырдоны фыдæй цыппар æнгуылдзы цыбырдæр арæзт кæй æрцыд, уый аххосæй Бирæгъы æхсыр уæрджыты сæртæ нæ бамбæрзта. Уый адыл æнæсæрыдæй баззадысты, æмæ уыдонæй æрцыд йæ мæлæт. Ахæм стыр тых ис Бирæгъы æхсырæн ирон адæмон сфæлдыстады. Кадæг «Нарты сау рувасдзарм»-ы Уырызмæг æмбары Бирæгъты æвзаг æмæ ныхас кæны семæ.

Бирæгътæн ирон мифологийы ис сæрмагонд бардуаг — Тутыр. Уый куыд бафæнда, афтæ сæхи дарынц бирæгътæ. Уымæ гæсгæ нæ фосдарæг фыдæлтæм кадджын уыд Тутыр. Куывтой йæм, куырдтой дзы, цæмæй сын тугдзых бирæгътæй сæ фос хъахъхъæдтаид. Нымд кодтой сæхицæй бирæгътæн дæр. Хуымæтæджы нæ баззад ахæм ныхас-куывд: «Нæ Бирæгъы хай дæр нæхи уæд». Уæдæ алы кусартæй дæр къубалы стæгæй Бирæгъæн ныр дæр ма хай кæй кæнынц, уый дæр цæуылдæр дзуры.

БИРÆГЪДЗАРМÆЙ КÆРЦ — адæмон сфæлдыстады ис, бирæгъдзармæй кæрц чи дары, ахæм архайджытæ дæр, æмæ сæ хъахъхъæны хæйрæджытæй, дæлимонтæй. Уыдон бирæгъæй тынг тæрсынц, дзагъыр цæстытæй сæ ахсы æмæ хæры. Уымæ гæсгæ сæ йæ цармы тæф дæр тас уадзы. Тотрадзы бæх дæр дæлимонтæм схъомыл æмæ уый дæр, Сослан йæхиуыл Сатанайы амындмæ гæсгæ Бирæгъдзарм куы скæны, уæд дзы фæтæрсы, æмæ йын бауромæн нал уыд. Уыцы миниуæджы руаджы Сослан фæуæлахиз вæйййы Тотрадзыл.

БИРÆГЪЫ ÆХСЫР — ирон адæмон сфæлдыстады æбæрæг тых æмæ хъомыс ис бирæгъы дæндагæн, нуарæн æмæ йе ‘хсырæн. Сосланы хуымæтæджы нæ байсæрынц Бирæгъы æхсыры. Сырдоны фыдракæндæй дзы йæ уæрджытæ æнæсæрыдæй баззадысты, æмæ йын Балсæджы Цалх уыдонмæ бахъавыд æмæ йын сæ ахауын кодта. Йæ буар Бирæгъы æхсырæй сæрыд кæм уыди, уым та йæ цъæрræмыхст дæр нæ фæкодта.

БИРÆГЪЫ НУАР — уымæ бирæгъы нуар ис, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, уымæн йæ хъуыддæгтæ хорз цæуынц, йæ куысты бирæ бæркад ис, тæссаг ын ницæмæй у. Æвæццæгæн, хæрам тыхтæ, хæйрæджытæ бирæгътæй кæй тæрсынц, уый тыххæй, ома, йæ уыцы тыхтæ нæ хъыгдарынц, хæйрæджытæ йын йæ куыст бæркадмæ не ‘вналынц.

БИРÆГЪЫ ХАЙ — ирон лæг табу кæны хæлар тыхтæн, йæхи хизы хæрам тыхтæй: хæйрæджытæй, дæлимонтæй, зинтæй æмæ афтæ дарддæр… суанг бирæгъæй дæр. Æмæ ма абон дæр кусарт куы акæны, уæд сын дзы иу хай ралыг кæны æмæ йæ иуварс аппары: «Цъæхой, ай та дæ балбирæгътæн», — зæгъгæ. Кусарты уыцы хай хуыйны Бирæгъы хай, иу стæджы хъæбæр къубалыл, сæрæй йæ кæм фæхицæн кæнынц, уым. Стæджы мур у, фæлæ æрхъуыдыйæн — фагæй фылдæр, цæмæй сын сæ фосæн знаггад ма кæной, уый нысанæн. Кувгæ-кувын афтæ дæр ма фæзæгъынц: «Хуыцау нын нæ Бирæгъы хай дæр нæхицæн уадзæд». Ома

сæм бирæгъ цæмæ лæбура, уый — фос куыд уа, æмæ дзы бирæгътæн дæр хай куыд кæной.

БИБЫЦ — Тары кæстæр фырт. Тыхгæнæг ын тых нæ ары, йæ амарынæн фæрæз нæй. Уымæн æмæ йæ тых, йæ ныфс, йæ уд кæм сты, уый ничи зоны. Сослан йæ амарынæн (кадæг «Сослан æмæ Тары фырттæ») сайдæй, æз Сосланы фыййау дæн, зæгъгæ, цынæ фæлтæрæнтæ фæкодта, фæлæ йын нæ бантыст. Бибыц та схæцынмæ агуры Нарты Сосланы. Йæ раны бахаудта нæртон гуырд. Æмæ йæ уыцы уаварæй фервæзын кæны йе ‘нæныййаргæ мад Сатана. Уый Бибыцыл йе ‘взаг ауадзы æмæ дзы ракъахы: «Мæнæн мæ тых, мæ ныфс æмæ мæ уд сты хохы фидары, Бур айнæджы сæр; уым болат лагъзы мидæг ис æртæ бæлоны. Уыдонæй иу у мæ тых, дыккаг — мæ ныфс, æртыккаг та — мæ уд.

– Ау, æмæ дын сын фенæн нæй? — фæрсы Сатана.

– Куыннæ сын ис фенæн та! Мæнæ мæ кард дуарæй куы адарай, уæд сæ цурмæ тæлм адардзæни.

Сатана Бибыцæн сусæгæй ронджы нуазæныл хуыссæджы хос ныккодта æмæ йын æй афтæмæй бануазын кодта. Бибыц куыддæр афынæй, афтæ йын Сатана йæ кард сласта. Кард хурæрдæм адардтой, æмæ Бур айнæджы сæр лагъзы комкоммæ арвы ронау тæлм адардта. Сослан уыцы тæлмыл æрмахуыр хъæрццыгъайы ацардыдта, æмæ уый уайтагъд лагъзы æрхæццæ кодта. Сослан æртæ бæлоны уырдыгæй систа. Бибыцы райхъал кодта æмæ йын фыццаг йæ тыхы бæлонæн йæ къубал сыскъуыдта, стæй — йæ ныфсы. Базыдта йæ Бибыц, уый фыййау нæ, фæлæ Сослан йæхæдæг кæй уыд, йæ хистæр æфсымæр Мукарайы дæр ын уый кæй амардта, æмæ ма йын йæ бон цы уыд. Сослан ын йæ уды бæлонæн дæр йæ къубал сыскъуыдта, æмæ Тары дыккаг фырт дæр амардис.

БИГАР — Уастырджийы хойы фырт. Мæлæтæй йæ фервæзын кæны Нарты Уырызмæг.

БОГЪАЗ — æлдар Борæтæй. Бонджын. Йæ цæхæрадоны зади фæткъуы бæлас, æмæ-иу лæвæрдта, æвдадзы хос чи уыд, ахæм дыргътæ. Иуæй-иу кадджыты та йæ хонынц Бурон-æлдар, æмæ йын йæ фæткъуыйы дыргъ давынмæ Донбеттыры чызг цæуы цæллаг рувасы хуызы.

БОДЗО — Сохъыр уæйыджы цæу, йæ фосы раздзог. Уый сæ акæны хизынмæ æмæ æрбакæны фæстæмæ лæгæтмæ — уæйыджы цæрæн бынатмæ. Уырызмæг Сохъыр уæйыджы дзæбæх цæсты сырх зынг уæхст куы фæтъыста, уæд ын йæ Бодзо-цæуы æрбаргæвста æмæ йæ мæхæлыстыгъд акодта, йæ сыкъатæ дæр ын йæ цармыл ныууагъта, афтæмæй. Сæумæрайсом цæудзарм йæ уæлæ æркодта. Уæйыг (куырм уæйыг) дæр та фос хизынмæ уадзын афон лæгæты дуар байгом кодта, хæлиу та ныллæууыди дуарыл æмæ дзуры цæумæ:

– Рацу, Бодзо, дæ фæхъхъау фæуон, аскъæр та хизынмæ дæ фос æмæ та сæ изæры, афоныл, фæстæмæ бæрæгæй æрыскъæр!

Уырызмæг дæр цæудзармы мидæг фосы разæй рараст ис. Уæйыгмæ куы рахæццæ ис, уæд йæ сыкъатæ фæхъил кодта, æмæ йæ уый уырзæй хорз нал

æрысгæрста æмæ йæ нæ базыдта. Афтæмæй уæйыджы сагæхты феддæдуар ис æмæ йæ уаваræй фервæзт Уырызмæг.

БОЛАТБÆРЗÆЙ — Нарты фыдæл Сæуæссайы кæстæр фырт. Йæ хистæр æфсымæр Дзылæуæн баххуыс кæны Æфсæрон уæйгуыты иунæг хойы раскъæфынæн. Скъæфгæ-скъæфын Дзылæу куы фæмард вæййы, уæд уæйгуытимæ схæцыд, сисхалæн мæцъисæй сын сæ фидæрттæ фехæлдта, æмæ йæм сæ хистæр æфсымæр Борæ æххуысмæ куы фæзынд, уæд сыл фæтых вæййынц.

Болатбæрзæй уæйгуытимæ хæсты базоны, Нартæн æххуысмæ чи фæзынд, уыдон чызджытæ кæй сты: лæгæй-лæгмæ хæсты Дæргъæфсæры чызгæн йæ сæрзæнт зæхмæ куы æрхауди, йæ зæрин хилтæ уæд хуры тынтау йæ сынæгдыхыл æрызгъæлдысты. Болатбæрзæйы зæрдæмæ фæцыд, тохы мидæг æм йæ хъус дардта, æмæ чызджы къух кардæй куы фæцæф, уæд æй йæ дарæнгъаумæ йæ тыхджын къухтыл æрбахаста, æмæ уым сæ цард баиу кодтой.

Дыккаг бон изæрæй æфсæдтæ сæ хæст куы баурæдтой, уæд Болатбæрзæй кардæй хæцгæйæ уæйгуыты астæу иунæгæй аззад. Балбирæгътау ыл æртыгуыр сты. Кардæй йæ карстой, фатæй йæ цавтой, йæ амарынæн амал нæ ардтой — болатбæрзæй уыд. Æхсæв-бонмæ йыл фæтухæн кодтой. Боныцъæхтыл ын йæ къухтæ сбастой, сысчъил ын кодтой уæлæмæ йе ’згъæр, арц ын ныссагътой йæ уæнты астæу.

Болатбæрзæйы туг райсы Дæргъæфсæры чызг, тырæнхъæл дзы кæй у, уый нысанæн ын йæ марды тары нывæры йæ сæры хилæй пирæнгом. Æмæ йæ Садвæн зæппадзы — хæсты мард хæстонты æвæрæн зæппадзы — бавæрдтой.

БОНВÆРНОН — миты бардуаг. Таурæгъ «Гуырдзыхан æмæ Бонвæрнон»-ы Бонвæрнон ис чырыны, кæрæдзийы хуылфы æвæрд æстæм чырыны мидæг у ахст. Уæды рæстæджы мит нæ уарыд, æмæ бæстæ хъулонæй, рæсугъдæй лæууыд. Фосæн уæд холлаг нæ хъуыдис — уыдысты уæгъдæскъæрæны, зæххы бæркæдтæн ныккæнæн дæр нæ уыд. Фæлæ Гуырдзыхан балцы размæ йæ къæбицы æфсин Къудзамæ йæ хæдзары дæгъæлтæ, уыдонимæ аст чырыны дæгъæлтæ дæр иу босыл бастæй куы радта, уæд къæбицы æфсины хæйрæг смондаг кодта, уыцы чырынты цы æвæрæнтæ ис, уыдон фенынмæ. Къудза æстæм чырын куыддæриддæр бакодта, афтæ Бонвæрнон фæпæррæст кодта æмæ арвыл абадтис, æмæ иу цæстыфæныкъуылдмæ ставд пирæнгомæй мит уарын райдыдта. Уæдæй-нырмæ алы зымæг дæр уары мит.

БОН — УЫЛЫНГ, ÆХСÆВ — УЫДИСН — афтæ рæзыдысты фаззон æфсымæртæ Уырызмæг æмæ Хæмыц.

БОРА-БОЛАТ-КУЫРД — нæртон адæмы номхæссæн куырд, йæ хорзы кой дæрдтыл айхъуыст. Куыст бирæ уыд Бора-Болат-Куырдæн Нарты бæсты — нæртон адæм-иу сæ хæцæнгарз хæсты знаджы тугæй куы сахуырстой, уæд æй дыккаг хатт тохы быдырмæ нал хастой.

БОРÆ — Нарты фыдæл Сæуæссæйæн уыд æртæ фырты: Борæ — болатгуырд, сгуыхт, æнæрцæф, Дзылæу — цæхæрцæст æмæ Болатбæрзæй. Борæ — сæ

хистæр у æмæ сын æдзухдæр æххуысмæ у цæттæ, Болатбæрзæйы та уæйгуыты уацарæй фервæзын кодта. Борæйæ равзæрд Нарты æртæ мыггагæй иу. Йæ номимæ баст ис цалдæр кадæджы: «Борæ æмæ Донбеттыртæ», «Борæ Дзуары хъæды», «Борæйы чындзæхсæв». Борæ хæларæй цæры Донбеттыртимæ. Уыдоны фæрцы фурды бынты цæугæ хуыскъмæ рахизы, æххуыс ын кæнынц цуан кæнгæйæ. Сæ амынд ныхасмæ сын куы фæхъусы, уæд йæ хъуыддæгтæ цæуынц. Фæлæ иуахæмы Донбеттыртæ Борæмæ дзурынц, дæ цæстытæ та гъеныр фæцъынд кæн, зæгъгæ, æмæ сæм уый нæ байхъуыста, афтæмæй фурды багæпп кодта, æмæ йæ фурды уылæнтæ аныхъуырдтой. Дæлимонтæ фурды ленк кодтой, æмæ йæ уыдон фæдæлдон кодтой. Уайтагъд æй сæ зындонмæ бахизæн дуар Сарыхъæрзæны балæууын кодтой. Фæлæ йæ Цæрддзумæ бакæнын сæ къухы нæ бафтыд. Борæ йæ фæринк кард цæрдæг фелвæста, йæ разæй сæ уым скъуымбил кодта. Сæ паддзахы сын Сивтæрхæгыл тар фынæйæ баййæфта, йæ даргъ рихитæй йын æртæ бур хъисы йæ кардæй æрдаста. Карддзæф куы фæци, уæд ын хъисхъуагæй дæлдзæх фæуæн нал уыд, æмæ Борæйы бар-æнæбары уæлдзæхмæ схаста. Уым Нартимæ Бартæлæджы сæрыл Хæндыхъдзуйы æфсады фæцагъта.

Кадæг «Борæ Дзуары хъæды» фембæлы йе суинаг ус Хуыцауы хæрæфыртимæ. Уый йæм æрбатæхы урс æхсинæджы хуызы æмæ йæ йæ фæдыл асайы тар хъæдмæ. Уым Борæ арвы дуар гомæй фены. «Бæстæ ныххудти æмæ цин кодта, бæрзонд нæзытæ, уым тулдз бæлæстæ налхъуыт-налмасæй æмæрттывд кодтой. Уым урс суадæттæ хуыртæ æхсадтой, амонды уацтæ уæд дардмæ ластой».

Уыцы бонæй фæстæмæ Борæ иу къуыри æхсæвдзу кодта Дзуары хъæдмæ. Æвдæм бон æм æртахт Арвы минæвар зæрватыкк æмæ йын бамбарын кодта, Хуыцау разы кæй у йæ минæвæрттæ сæрвитыныл.

Борæ æмæ Хуыцауы хæрæфырт стыр чындзæхсæв скодтой. «Арв æмæ Зæххыл змæлæг цы уыд, уыдон се ‘ппæты уырдæм æрхуыдтой, — зæгъы нын кадæг, — зæдтæ æмæ дауджытæ уым бадтысты, хæрд æмæ ностмæ æрмæст смыстой, уый йеддæмæ дзы хæргæ нæ кодтой. Хистæртæ хордтой, уым ронг ностой, кæстæртæ хъазты тымбыл симд симдтой».

БОРÆМÆЛГЪÆ — адæмон сфæлдыстады цавæрдæр æбæрæг маргъ, хонынц æй амондхæссæг. Уымæ гæсгæ сын йæ фæзынд хæссы æхсызгондзинад.

БОРÆТÆ — Нарты æртæ мыггагæй иу. Равзæрд Сæуæссайы фырт Борæйæ. У бонджын, мулкджын мыггаг. Сæ зындгонддæр у Борæты Бурæфæрныг (Борæфæрныг). Сæ фæрныгдзинадæн ныккæнæн дæр нæй. Сæ исбонæй сæ сæр бæрзонд хæссынц æмæ Нартæн фыдбылыз ракæнынмæ сты æмхиц. Фæлæ сыл Æхсæртæггатæ сты тых.

БОРÆТЫ ЦÆДЖДЖИНАГ — Борæтæ сты Нарты æртæ мыггагæй æппæты фылдæр, æппæты хъæздыгдæр, æмæ бæгæныфыцæн егъау æрхуы цæдджджинæгтæ, агтæ дæр сты уыдонмæ.

БОРÆТЫ ЦЪÆХ ХÆРÆГ — хæрæджы кой арæх ис ирон адæмон сфæлдыстады. Борæты цъæх хæрæг æндæр у. Уый раздæр уыд кæлæнгæнæг ус æмæ Уырызмæджы йæхимæ басайдта. Уыд æм Нымæтын ехс. Уый фæрцы Уырызмæджы фестын кодта фыццаг бæх, стæй — хæрæг, фæстагмæ та — куыдз. Куыдз куы уыд, уæд æй цуанæттæ цуаны акодтой. Уым Æфсати арсы хуызы сæ размæ рацæуы æмæ Уырызмæджы йæ фæдыл асайы. Цуанæттæй куы фæиуварс вæййы, уæд æм Æфсати æрлæууы æмæ йын зæгъы: «Æз арс нæ дæн, Æфсати дæн æмæ дын дæ хъуыддæгтæ куы бамбæрстон, уæд арсы хуызы бацыдтæн… Ныр уадз, æмæ цуанæттæ цуан кæной, ды цæугæ дæ хæдзармæ æмæ дæхи срынчын кæн». Æмæ йын бацамыдта, йæ Нымæтын ехс ын куыд адавæн ис, æмæ «дзы-иу дæ къахæй дæхи æрсæрф. Æмæ Уырызмæг уыдтæ æмæ Уырызмæг фестдзынæ».

Æфсати йын куыд бацамыдта, афтæ бакодта Уырызмæг. Кæлæнгæнæг усы Нымæтын ехсæй æрцавта, хæрæг фест, зæгъгæ, æмæ ус хæрæг фестад. «Æртардтон æй, — зæгъы Уырызмæг, — Нартæм, æмæ йæ алчидæр зоны сымахæй — уый у Борæты цъæх хæрæг».

БОРÆТЫ ЧЫЗГ — кадæг «Сатана æмæ Борæты чызг» нын зæгъы: Сатана райста йæ зæронды хуыз. Уырызмæгмæ бацыд æмæ йын зæгъы:

«Мæнæй дын бинонтæ нал ис, фæлæ дæхицæн мæ удæгасæй бинонты кой бакæн». Уырызмæг иудзæвгар нæ разы кодта, фæлæ куы бакаст усы уынгæгдзинадмæ, уæд йæ бæх Æрфæны сифтыгъта æмæ далæ Дæлæсыхы Борæтæм ныццыди. Борæты Бурæфæрныгæн авд лæппуйы æмæ иунæг чызг уыд. Уырызмæджы куы федта Бурæфæрныг, уæд ыл бацин кодта.

Æрхаста Уырызмæг йæхицæн усагæн Борæты чызджы. Хæмыц ын уыд хистæр уазæг, Сослан — нымæттухæг, Батрадз — къухылхæцæг. Гъа ныр чындзæхсæвы адæм ацыдысты, æмæ Уырызмæг Борæты чызгимæ æмуат цæудзæн, зæгъгæ, афтæ та Сатана райста йæ чызгон хуыз. Уырызмæг æй куы федта, уæд Борæты чызгмæ æмгæрон дæр нал æрцыд. Нартыл айхъуыст уыцы хъуыддаг, æмæ Борæты чызджы иу фæсмæргомау (къæйных) лæппу йæхи бакодта.

БУГЪÆГАЛÆН САБАТ — бæрæгбон. Кодтой йæ Дыгургомы уалдзæджы хуымгæнæнты. Ахæм бæрæгбон уыд ирæттæм дæр. Хуыдтой йæ Зулчъы бон. Скувынмæ-иу скодтой лакъамиджынтæ.

БУДЗУМАР — Æфсатийы авд фыртæй иу. Йæ æвзыгъддæр фырт. Цуанæтты размæ дæр уый рарвиты.

БУЗНАГ, БУЗНАГ НÆЛ ХУЫ — афтæ хонынц таурæгъты æмæ аргъæутты, адæмæн знаггад чи кæны, чи сæ цæгъды, ахæм егъау ссырджын æмæ зынамарæн нæл хуыйы. Фæлæ йыл таурæгъон хъæбатыр фæтых вæййы.

БУРАДЗАГЪД — нæртон мыггаг Борæтæй. Чысылæй йæ йæ мад сæ кæрты фæуагъта, æмæ йæ Нарты знаг сау Доллау адавта. Бæргæ ма йæ агуырдтой æппæт Нартæй, фæлæ ничи зыдта, Доллау кæм царди, уый. Бурадзагъды мад

æмæ фыд сæ иунæг хъæбулы мæтæй мæрдтæм бацыдысты.

Сау Доллауæн цот нæ уыд æмæ Бурадзагъды йæхицæн фыртæн бахъомыл кодта. Доллау хъæздыг уыд æмæ буцæй дардта йæ фырты. «Нæ» йын ницæмæй дзырдта. Æрмæст, иуахæмы цуаны куы цыд, уæд ын афтæ: «Сырдтæ нæ хъæдты бирæ ис, кæмфæнды дæр сæ ссардзынæ, фæлæ Уарпы хохы 'рдæм ма цу». Бурадзагъд нæ байхъуыста Доллаумæ, æмæ Уарпы хохыл Нарты Батрадзимæ иу урс саджы дыууæрдыгæй æмæхст фæкæнынц. Саджы мæлæтдзаг цæфтæ фæкæнынц сæ дыууæ дæр. Мард саджы уæлхъус сæ уæздандзинадæй кæрæдзийы зæрдæмæ фæцæуынц æмæ кæрæдзийæ æфсымæртæ загътой. Бурадзагъд ахоны Батрадзы сæхимæ уазæгуаты. Сау Доллау æй куы базоны, Батрадз Нартæй у, уæд фæдфæливæнтæ кæны, Бурадзагъды Нарты хъæумæ Батрадзимæ нæ уадзы.

Батрадз Сатанайæн Бурадзагъды тыххæй куы радзырдта, уæд уый уайтагъд базыдта, Борæты сæфт лæппуйыл кæй фембæлд. Сырдонимæ йæм ацыдысты æмæ Бурадзагъдæн раргом кодтой йæ сæфты хабар. Батрадз æмæ Бурадзагъд сау Доллауы къухтыл фæхæцыдысты, йæ гуырæй йын сæ атыдтой, стæй йæ Сау денджызы баппæрстой.

Сырдон, Батрадз æмæ Бурадзагъд Доллауы исбонимæ æрыздæхтысты Нартæм.

БУР АЛАСА — Нарты Сосланы бæхтæй иу.

БУРÆМÆДЗ — Нарты кадджыты æмæ аргъæутты æвæджиау сасым. Кадæг «Нарты балцы» Нарты гуыппырсартæ: Уырызмæг, Хæмыц, Сослан æмæ иннæтæ иугай зынгагур авд уæйыджы хæдзармæ куы бафтынц, уæд сæ уыдон фæхс бандоныл æрбадын кæнынц æмæ сын сæ быны бурæмæдз ауадзынц. Афтæмæй иууылдæр бандонмæ нынныхæстысты, сыстын нæ, фæлæ сæ бон фезмæлын дæр нал уыд, цавддуртау бадгæйæ баззадысты фæрсæй-фæрстæм. Уæйгуытæн Сырдон сайын нæ бакуымдта, æнæбын хуыскъ мигæнæны, дам, мын фæнык ныккæнут, мæнæн уыдоны фарсмæ бадæн нæй, зæгъгæ. Уыдон дæр ын æнæбын хуыскъ мигæнæны фæнык акодтой æмæ йыл бурæмæдз ауагътой. Сырдон ыл куы 'рцæйбадти, уæд æй иуæрдæм фенкъуыста, æмæ фæнык æмæ бурæмæдз акалдысты. Сырдон æрбадти бæстон æнæбын мигæнæныл æмæ уæйгуытæн сæ кæрæдзи фæцæгъдын кодта.

БУРÆНÆЛФЫС — зæдтæ æмæ дауджыты номыл кадджын уыд нæл фыс (дзæбæх-гонд фыр) кæнæ уæрыкк æргæвдын. Нæл фыстæй та урс кæнæ сау нæ, фæлæ бур. Бур нæл фыс нард кæнынмæ у æмхицдæр, стæй йæ дзидза дæр у хæрзаддæр. Гъе уымæ гæсгæ кадджыты, таурæгъты æмæ аргъæутты архайджытæ зæдты, дауджыты æмæ цыты уазджыты номыл кусартæн æвзарынц Бурæнæлфыс. Сафа Уырызмæгтæм уазæгуаты куы æрцыд, уæд ын Сатана дæр æргæвдынмæ æрбакæны Бурæнæлфыс. Афтæмæй Бурæнæлфысæн радтой цыдæр уаз нысан.

БУРÆФÆРНЫГ — Борæты мыггаджы зындгонддæр æмæ хъæздыгдæр лæгтæй иу. Æдзух быцæуы ис Æхсæртæггатимæ. Хъал æмæ ныфсджын уыд йæ фырттæй

æмæ сæ буц дардта, уыдис сын иу уæлдзармæй хорасан худтæ, иу фæсмынæй — куырæттæ, иу сæракæй — зæнгæйттæ æмæ дзабыртæ. Хæстон æмæ тыхæвзарæн ерысты сыл ничи тых кодта, цалынмæ сыл Батрадз рамбæлд, уæдмæ. Бурæфæрныджы хъал фырттæ ницы æнхъæл уыдысты фæныкæйдзаг лæппу Батрадзæй, сæ худтæ, стæй та куырæттæ сын мысанæн куы æрæвæрын кодта, уæд. Дыууæ æхсты дæр йæ фат мысаныл сæмбæлд æмæ сын сæ худтæ, стæй та сæ куырæттæ фæркгай фæкодта. Иннæ хатт та сын айкыл судзин ныссадзын кодта, æмæ йæ фат судзины быны ауад, стæй айтæ-уйтæ нал фæкодта æмæ авды дæр æргъом баст акодта æмæ сæ Дæллаг Нарты Ныхасмæ æрбахаста.

Бурæфæрныг у, Сатана ма удæгас уыд, афтæмæй Уырызмæг æртыккаг усæн кæй æрхаста, уыцы чызджы фыд. Æмæ чызджы Уырызмæг фыдæнхъæл кæй фæкодта, уый тыххæй дæр æм мæсты уыд. Æхсæртæггаты гуыппырсартæ хæтæны куы ацыдысты, уæд æй Бурæфæрныджы фæндæй Борæтæ марынвæнд скодтой. Фæлæ та уый дæр Батрадз ферваæзын кодта.

БУРДЗÆБÆХ — кæс Саумæрон Бурдзæбæх.

БУРСАМДЗЕЛИ — Хуссар Ирыстоны бæрзонд хох, Дзомагъ æмæ Чеселты астæу, йæ рагон ном Хурбадæн хох. Ам ис Бурсамдзелийы кувæндон дæр.

БУРТÆ — цыдæр адæмыхатт, чынтимæ æмцæдисæй хæцынц Нарты ныхмæ.

БУРТÆГ — Нарты цыфыддæр знаг. Борæйы дæлимонтæ дæлзæхмæ куы ахастой, уæд ын йæ чысыл æфсымæрты Дзылæу æмæ æнахъом Болатбæрзæйы Сæуæссæйæ байсы, тыхæй сæ ахæссы сæхимæ. Буртæджы æфсад хъæды сыфтæрæй фылдæр уыдысты, фæлæ сыл Борæ фæтых. Дæлимонты хистæры сæрыхъуынтæй æртæ æрдуйы фæрцы, Буртæг та фидауынмæ фæрæвдз и. Борæ йæ амардта æмæ йын йæ разæй скодта йæ рæгъæуттæ. Ракодта йæ дыууæ æфсымæры Дзылæу æмæ Болатбæрзæйы æмæ Нартæм æрцыдысты.

БУРТÆДЖЫ ФЫРТТÆ — Буртæг раджы бабын Нарты Борæйы æхсарæй. Йæ фидæртты цæргæйæ баззадысты йæ дыууæ фырты. Фидæрттæ Нартæй уыдысты авд цæугæдоны фале, сæ къултæ — æндонæй. Æндон фидæрттæн басæттæн нæ уыд. Мидæгæй та ахстæй дардтой, Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæг цы чызджытæ хъуамæ ракуырдтаиккой, уыдоны, стæй бирæ цагъайрæгты.

Нæртон лæппутæ Зæрисæры чысыл лæппуйы фæндæй сын сæ æфсæн дуары бын стыр арт скодтой, æмæ йе ‘вдузæнтæ уæгъд зылд кæнын райдыдтой. Уæрхæг æмæ йæ Уæрхтæнæг иу цæф ныккодтой æмæ йæ мидæмæ батыдтой. Мидæгæй дурдзæджытыл ауыдтой æртæ зæронды рæхыстæй бастæй: куыройы фыдтæ зилынц радгай æмæ ссынц нартхоры нæмыг. Сæ хид лæдæрсы зæрæдтæн. Нартхоры ссад се уæнгтыл æрмæрины бæзнæн сбадт. Уæддæр сæ куыст нæ уадзынц. Сæ хуыз фæцыди æмæ ма тыхулæфт кæнынц. Сæ рæхыстæ сын раræмыгътой. Уый фæстæ та Бурæджы фырттæн сæгом кæнын кодтой ныккæнды дуæрттæ. Ахст адæм уырдыгæй цыдысты æмæ цыдысты. Сæ хуыз мæрдон фæлурс æвдыстой. Хъæуы адæм уый куы ауыдтой, уæд дзы чи йæ фырты агуырдта, чи — йæ фыды, чи — йæ чызджы, чи — йæ мады. Адæмы

курдиатмæ гæсгæ Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæг Буртæджы фыртты арты цæхæры басыгътой, цæмæй сæ тæссаг макæмæн уал уа. Стæй Буртæджы фидары цы дыууæ чызджы ахст уыд, уыдонимæ, къуыри чындзæхсæвы фæстæ Зæрисæры лæппуйы адæгыл Нартæм æрфардæг сты.

БУРХАН — Зæрисæры чызджы æфсады иу чызг хуыйны Бурхан. Уый æдзухдæр йæ хъус дары Зæрисæры чызгмæ, хъахъхъæны йæ. Болатбæрзæй куы фæмард, уæд Нартæм дæр æрцыд йемæ.

БУРХОРАЛИ — тыллæджы бардуаг. Зæхкусджытæ-иу сæ хортæ фæззæджы куы æрæмбырд кодтой, уæд-иу бузныггады куывдтæ кодтой Бурхоралийæн. Иуæй-иу зарджытæ æмæ кадджытæм гæсгæ Бурхорали у Хорæлдары фырт. Нарты кадджыты йæ амары Батрадз. Кадæг «Батрадз æмæ Нарты Уацамонгæ»-йы Хорæлдар бамбæхст, Уацамонгæйы цы къуымæл уыдис, уым, цæппузыры мидæг, йæ фырты йын чи амардта, уый куы базонид, зæгъгæ. Æмæ Батрадз æртыккаг хатт Уацамонгæйы фарс бахойгæйæ йæ рæстдзинады охыл куы загъта: «Хорæлдары фырт Бурхоралийы дæр æз амардтон», уæд ма йыл цы дызæрдыг кодта.

БУРЧЫЗГ — Нарты номдзыд рæсугъд, цæры Уырызмæг æмæ Сатанайы хæдзары.

БЦЕГ — Нарты Сидæмоны фыд амардта йæ Схуалийы уæйыг.

БЫДÆ — УÆЙЫГ — ТЫХГÆНÆГ — Нарты знаг, тугцъир. Ацæмæз æй басаста æмæ йæ сындзын арты басыгъта.

БЫДЫРЫ ЗÆД — йæ бадæн ис быдыры Куырыппы бæрзондыл. Кадæг «Ацæмæз æмæ Агуындæ рæсугъд»-ы Нарты Ацæйы фырт чысыл Ацæмæз сæумæрайсом йæ бæх арыхъ сапонæй ныхсадта. Хур куы скасти, уæд рараст сты Нарты сагсур фæсивæд æмæ Нарты гуыппырсартæ Сау хохы Сайнæг æлдармæ Агуындæйы хæссынмæ. Нарты фæйнæгфарс хорз Сослан, йæ нæртон æфсургъыл бадгæйæ, цыдис Ацæмæзы рахизфарс хистæрæн. Сæ чындзхæсджытыл сæ фæндаг ракодтой. Уыдонæй иу уыд Быдыры зæд, æмæ йæм ссыдысты Куырыппы бæрзондмæ. Уый фæстæ Агуындæйы хæсгæйæ та сын Быдыры зæд уыд тырысахæссæг.

Быдыры зæдмæ куывтой быдырдзаутæ, сæхи йыл фæдзæхстой, сæ хуымты бæркадыл сын куыд аудыдтаид, уый дзы куырдтой.

БЫЗАР — Нартæн сæ хуыздæрты бындар, баззад дзидзийыл. Йæ мад цард хъæуы кæрон. Бызар куы бахъомыл, уæд сарæзта авд æддæгуæлæ мæсыг æмæ фæдзырдта иннæ Нартæм: «Уæ сæрмæ æгаддзинад ма хæссут! Нæ хорз хистæрты фæдзæхст æххæст кæнæм, æмæ ныл уæд ницавæр знаг фæуæлахиз уыдзæн».

Нартæ иууылдæр æрбамбырд сты Бызары алыварс, йæ ныхасмæ хъуыстой, æмвæнд уыдысты йемæ. Уыцы рæстæг Нартæн сæ цыфыддæр знаг уыд Хуыцауы хæрæфырт Елынаты Елой. Йæ хойы чызджы йын аскъæфта Бызар, фæлæ йæ сæйрагдæр сагъæс у, Елоймæ цы æвæджиауы лæдзæг ис, уый байсын. Цалынмæ уый Елоймæ уа, уæдмæ йæ алы хъуыддаг дæр рæстмæ кæны. Зынтæй йыл ис фæуæлахиз уæвæн. Уый фæрцы амары Бызары дæр. Фæлæ йын

Елынаты хæрæфыртæй цы лæппу райгуырд, уый йын Елойæ йæ туг райсы. Уый ссæрибар кæны нæртон адæмы (кадæг «Нарты Бызар æмæ йæ фырт»).

БЫЗГЪУАН УÆЙЫГ — Цæры айнæджы сæрыл фидары. Нартæн у знаг. Сосланы амарынмæ агуры, æмæ йæ фидармæ æнæнхъæлæджы куы бафты, уæд хорз, æмæ йæхи нæ раргом кæны. Йæхи Сосланы æххуырст рахоны. Уымæн æмæ йын тыхæй ницы бакодтаид. Сослан уæйыгæн уыд йæ фадхъулты онг. Уый Бызгъуан уæйыджы фидары хуыррытт фынæй кæнгæйæ байййæфта, æмæ йæ фындзы хуынчъыты тæфæй уæлхæдзары къæйтæ схау-схау кодтой. Сослан базыдта, Бызгъуан уæйыг тыхгæнæг кæй у, æмæ йæхи мæгуыр лæджы хуызы равдыста, Нарты æххуырсты уыдтæн, Сосланы хъуг мын бирæгътæ бахордтой, æмæ дæумæ æрбалыгътæн, зæгъгæ. Нартмæ йæ Сосланы агурæг арвиты йæхæдæг йе ‘ххуырст — искæйоны фæрцы базоны: «Уымæн мæлæт нæй, æрмæст мæсыджы сæрмæ ис сагъд æртæ фаты. Иу дзы йæ уд у, иннæ йæ ныфс, æртыккаг — йæ тых. Ды бавдæл, ныггæнды цы сау арахъан бæх баст ис, уый ралас, кæд дæ йæхиуыл бадын бауадза, уæд хорз; кæд дæ нæ уадза, уæд æй йæ фæстаг къæхтæй ныззил, уый дæ йæ барæг фенхъæлдзæн, æмæ йыл сбад. Уæларвмæ дæ аскъæфдзæн, фæстæмæ здæхгæйæ, мæсыджы фæрсты ратæхдзæн, æмæ-иу ды æртæ фаты дæр раскъæф, стæй уæд цæттæ дæ».

Сослан афтæ бакодта, æмæ Бызгъуан уæйыг Нарты фосимæ йæ фидармæ куы сыздæхт, уæд æй Сослан уыцы æртæ фатæй радгай фехста: фыццагæй йæ тых æрсаст, дыккагæй — йæ ныфс. «Сослан, мæ уд ма мын ныууадз, — дзуры йæм уæйыг, — æмæ мæ фæллой иууылдæр ахæсс». Сослан æм нæ байхъуыста. Æмæ ма уæйыг йæ туг райсыны охыл спайда кæнынмæ хъавы йæ сæры астæу иу урс хилæй, куы мæ амарай, уæд æй де ‘нгуылдзыл атух, æмæ дæм цы тых ис, дыууæ ахæмы дæм бафтдзæн, зæгъгæ. Фæлæ нæрæмон Сосланыл зондæй ничи фæтых уыдзæн. Уый уал уæйыджы сæры урс хил раздæр авд бæласыл æрбатыхта, æмæ урс хил авды дæр ахауын кодта. Йæ фыдракæнды хъару куы асаст, уæд æй йæ кæстæр æнгуылдзыл бабаста, æмæ йæ тых фæдыварæр. Нарты æмæ Бызгъуан уæйыджы фос йæ разæй ратардта, йæ галуантæ та йын искæйонæн ныууагъта.

БЫЛАР — бынсæфт.

БЫЛАРÆФТАУÆГ — бындурæй сафæг.

БЫНАТЫ БАРДУАГ — Ирон динон уырнынадмæ гæсгæ алы бынатæн дæр ис хицау, бар ыл чи дары, ахæм дуаг. Уый тыххæй ис ахæм æмбисонды хабар:

«Иу бæлццон изæрдалынгты хъæды къохмæ бахæццæ. Бæласы бын йæ уæлæфтау æрытыдта, йæ худ йæ нывæрзæн бакодта æмæ йæхи йæ Бынаты бардуагыл бафæдзæхста:

– О, Бынаты бардуаг, табу дæхицæн, де уазæг мæ бакæн, дæ быны æрулæфыдтæн æмæ дыл мæхи фæдзæхсын.

Бæлццон рæдзæ-мæдзæ кæнын куы райдыдта, уæд йæ хъустæ цыдæр ныхæстæ ацахстой. Ныхъхъуыста къæрцхъусæй. Фаллаг бæлæстæй

æрбайхъуыст:

– Ардæм рацу, нæ ныхасмæ.

– Нæ! Уазæг мæм ис, йæхи мыл бафæдзæхста, æмæ йæ куыд ныууадзон, — дзуапп сын радта, цы бæласы бын æрхуыссыд, уый сæрæй цыдæр.

Лæг фыццаг фæтæрсæгау кодта, фæлæ, бæласы сæрæй цы дзуапп фехъуыста, уый дзы ныфс бауагъта, æмæ уайтагъд афынæй.

Афтæ алы бынатæн дæр ис хицау, æмæ дæхи йæ уазæг куы бакæнай, уæд дыл ауддзæн».

БЫНАТЫ ХИЦАУ — Бынаты бардуаг, хæдзарыл, бæлвырд бынатыл бар чи дары, ахæм дуаг, ома йæ хицау. Ирон адæм абон дæр ма нымд кæнынц Бынаты хицауæн. Хæдзары кæнæ æндæр бынаты, суанг хъæдрæбын дæр фынджы уæлхъус ирон лæг Бынаты бардуаджы (хицауы) ном æнæссаргæ нæ фæвæйиы. Бынаты хицауæн (бардуагæн) афæдзы ирон бæрæгбæтты æхсæн ис сæрмагонд бон. Вæйиы зæронд нымадæй Цыппурсæй Ногбоны ‘хсæн æртыццæджы.

Æнæуи алы къуырийы æртыццæг дæр у Бынаты бардуаджы бон, фæлæ Цыппурсы фæстæ æртыццæджы æхсæв уæлдай бæрæгбондæр хуыз райсы ирон царды. Бынаты æхсæвмæ цæттæ кæнын райдайынц рагацау. Алы хæдзар дæр фæтырны сау кæнæ тарбынхуыз карк кæнæ уасæг аргæвдынмæ. Раздæр-иу, ирон адæм ма бирæ фос куы дардтой, уæд бирæтæ уыцы æхсæвы æргæвстой сæгъ. Бынаты бардуаджы (хицауы) номыл-иу æртæ кæрдзынимæ дзадджын фынг куы æрцæттæ кодтой, уæд-иу хæдзары рухс ахуыссын кодтой, бинонтæ та-иу æддæмæ рацыдысты. Уымæй Бынаты хицауæн фадат лæвæрдтой, куыд ничи йæ фена, афтæ фынджы бæркадæй саходынæн.

Бынаты хицауæн (бардуагæн) йæ бынат æнхъæл уыдысты, Сафайы рæхыс ауыгъд кæм уыд, уыцы хатæны, бинонтæ-иу æмбырдæй кæм бадтысты, хæргæ æмæ нуазгæ кæм кодтой, уым рахиз къуымы кæнæ хистæр сылгоймаджы къæбицы. Йæ бынат ын сыгъдæг дардтой. Кæм хъуамæ «бадтаид», уым æвæрдтой бæмбæг кæнæ зæлдаг хъуымац. Кæд-иу æй бинонтæй уынгæ ничи фæкодта, уæддæр æнхъæл уыдысты, æхсæв йæ фарны бынатæй кæй рахизы æмæ уæттыл, къуымтыл кæй æрзилы, йæ хъус дары бинонты царды уагмæ, сæ æнгомдзинадмæ, се ‘гъдаумæ, сæ сыгъдæгдзинадмæ. Æмæ сæхи куыд дарынц, афтæ сыл ауды. Гъе, уымæ гæсгæ бинонтæй алчидæр тырныдта йæхи æгъдауджынæй æвдисынмæ, сæхи хъахъхъæдтой хъæр, тæрконæг ныхасæй, хылтæй. Æрхуыссыны размæ сылгоймæгтæ къус, тæбæгъ æнæхсадæй нæ уагътой, хæрзæфснайд кодтой уæттæ.

Бынаты хицауы (бардуаджы) бинонтæй никуы ничи федта, фæлæ, зæгъынц, дæснытæ æмæ кæлæнгæнджытæн, дам, сæ бон уыд сæ фенын. Уымæ гæсгæ-иу бинонты бафæндыд, сæ Бынаты хицау цыхуызæн у, уый базонын, æмæ дæсныты хуыдтой сæхимæ. Уыдоны ныхæстæм гæсгæ сæм-иу Бынаты хицæуттæ сæхи равдыстой алыхуызæттæй: æрыгон лæппуйы, ссырджын усы, урс уæрыччы кæнæ æндæр хуызты. Лæппуйы, урс уæрыччы хуызтæ-иу сæхи кæй Бынаты хицæуттæ равдыстой, уыдон-иу цин кодтой, нæ Бынаты хицау сабыр æмæ

уæздан у, зæгъгæ. Ссырджын усы хуыз-иу кæмæн райста, уыдон та дзы тæрсгæ кодтой, йæ хъыджы ма бацæуынылсæхи хъардтой, куы фæтæрк кæна, зæгъгæ.

Бынаты хицау сылгоймæгтæм, æфсинтæм æввахсдæр у. Хæдзары йæ бынат дæр уыдоны æрдыгæй уыд. Ныр дæр йæ бынат ис, бинонтæ хæргæ кæм фæкæнынц, уым рахизæрдыгæй. Кувгæ-кувын хистæр йе ‘ргом уыцырдæм аздахы.

Ныры дуджы Бынаты æхсæв Хæйрæджыты æхсæвимæ кæй хæццæ кæнынц, уый рæдыд хъуыддаг у. Раздæр-иу Бынаты æхсæвы фыдбылызгæнæг хæйрæджыты ном дæр æрымысыдысты. Сæ номыл сын-иу къуымы æрæвæрдтой ныллæг стъолыл хицæн фынг гуылтæ, быламыхъ æмæ æндæр цауддæр хæринæгтимæ, нуазинæгтимæ. Кувгæ сæм нæ кодтой, фæлæ сæ куырдтой, уæ фыдбылызтæй нæ бахизут, мæнæ уын уæ ном дæр куы ссардтам, зæгъгæ. Цæмæдæр гæсгæ уыцы фынгимæ абоны ирæттæй иуæй-иутæ бæттынц Бынаты бардуаджы фынг дæр.

БЫНВÆНДАГ — зæххы бынты хæйрæджыты, дæлимонты фæндаг. Уырдыгæй æхстой Сосланы бæх æмæ йæ амардтой.

БЫНЕЛЕТ — Даредзанты таурæгъты афтæ дæр хонынц Талынгыстоны. Апрасион-мæликк Индостанмæ йæ æфсæдтæ куы бакæны æмæ быны сæфт куы фæкæны Джекуæз-паддзахы, уæд уый йæ цагъарæн зæгъы: «Ацу, Ростъом Бынелеты кæм бады, гъе уырдæм, æмæ йæм ныхъхъæр кæн: «Бæстæ фесæфт, Ростъом, фæлæ æддæмæ!». Уый лæджы хъæр куы фехъуса, гъе уæд йæ лæппуйæн райхъалы хъомыс нал уыдзæн, æмæ æддæмæ куы нæ рацæудзæн, куы нæ». Ростъомы иу азы йеддæмæ нал хъуыди. Йæ лæппу фыдызмæлд райдыдта æмæ райгас уыдаид, фæлæ Бынелетмæ цагъары хъæр куы фехъуыста, уæд æвиппайды фестад мæстыйæ, йæ сæрыхъуынтæ тонгæйæ рацыд Бынелетæй, йæ хъæр æмæ хуызæй фæсуры кодта Апросионы йе ‘фсадимæ.

БЫНЫ ЧЫЗГ — иу бинонты кæнæ хæдзарвæндаджы нæлгоймæгтæ куы амæлынц, æмæ сæм лæппу куы нал райгуыры, уæд кæстæр чызджы фæхонынц Быны, Бындары чызг. Ахæм æлгъыстытæ дæр ма нæм ис: «Быны чызгæй баззай!» кæнæ «Бындар фæу!», ома дæ фæстæ мачи баззайæд. Быны чызг-иу чындзы куы ацыд, кæнæ-иу чындзыцыдæй йæ цæгаты фæстаг нæлгоймаг куы амард, уæд-иу зианы бон сæ хæдзары Сафайы рæхыс йе ‘фцæджы æрæфтыдта, стæй-иу æй йæ цæрæн хæдзармæ ахаста, цæмæй йæ фарн хынджылæггаг ма суа. Къоста куы амард, уæд йæ хо Уæлгъа дæр сæ хæдзары Сафайы рæхыс афтæ æркодта йæ æфцæджы. Ис нæм ахæм æгъатыр æлгъыст дæр: «Уæ хæдзары Сафайы рæхыс де ‘фцæджы æфтыд фæуæд». Хуыцау нæ уыцы æлгъыстæй бахизæд.

БЫРÆН ХЪИЛ — ирон мæрдæгъдау. Марды кæндты рæстæг-иу равзæрстой лæгъзгуыбын, æмдымбыл хъæд, йæ сæрыл ын-иу ныффидар кодтой, лæварæн дзаумæттæ цæуыл æрцауындзæн уыдаид, ахæм ауындзæнтæ. Алыхуызон лæвайрæгтæ-иу ыл куы сауыгътой, уæд-иу æй сæрмагондæй æрцæттæгонд дзыхъхъы арф ныссагътой. Уый фæстæ-йу йæ сæрмæ сбырын æмæ дзы марды

номыл лæвар райсыныл фæсивæды æхсæн ерыстæ стыхджын сты. Уымæй мæрдджын кад кодта йæ мардæн, йæ ном ын рох кæнын нæ уагъта.

БЫЦЕНÆГТÆ — Нартæн фыдгæнæг адæмыхатт кадджыты.

БЫЦЕНОН — Болатрихи Хæмыцы ус, æмæ æндонриу Батрадзы мад. Хæмыц æм Нарты хæрзæджытимæ курынмæ куы ныццыд, уæд сæ Быцентæ хорз федтой, стæй, Сослан къухылхæцæг уыд æмæ иу афон бар ракуырдта, мæ хойы фенон, зæгъгæ. Рацыдис уатмæ. Уым амæй-ай рæсугъддæр чызджытæ рæнхъ лæууынц. Арфæ сын ракодта Сослан, стæй сæ фæрсы: «Адонæй мæ хо кæцы у?», — зæгъгæ. «Мæнæ дæ чындз», — зæгъгæ, йæм гобæтты æхсæнæй хæфс куы фелвæстой, уæд сын исдуг хъазын æнхъæл уыд, фæлæ йæ куы бауу æндын кодтой, сæ чындзыл æцæгдæр хæфсы цъар ис, ууыл, уæд æддæмæ рауади æмæ йе ‘мбæлттæм хъæрæй дзуры:

– Хæмыц нырмæ дæр æнæ усæй уымæн баззади, æмæ хынджылæггаг уыди, ныр Нарты хæрзæджыты дæр фæхудинаг кодта. Алчи уæ йæ бæхыл сбадæд, æмæ цом нæ хæдзæрттæм.

Быцентæ бавдæлдысты æмæ Хæмыцæн йæ саргъы къуыдырæй æфтаугæты ‘хсæн сæвæрдтой уыцы хæфс, æмæ афтæмæй æнкъардæй рараст кодта уый дæр сæхимæ. Йæ бæх куы бафснайдта, уæд йæ саргъ сæргуыбыр æмæ уæнтæхъилæй агъуыстмæ бахаста, къуыммæ йæ баппæрста æмæ мæстæлгъæдæй йæ сынтæджы бафæлдæхт. Хæмыц куы афынæй, уæд хæфс саргъæй ралæст æмæ фестадис чызг — арвы рухс, зæххы фидауц, ахæм чызг: йæ дзыккутæ йæ уæхсчытыл æрпырх сты æмæ фадхъултæм хæццæ кодтой; сæ рухсæй агъуыст ныррухс ис, цыма йæ царыл хур февзæрд, уыйау.

Хæмыц фехъал ис æмæ дзуры чызгмæ: «Цы зæд, цы дуаг дæ?» «Зæд дæр нæ дæн æмæ дуаг дæр, фæлæ дæн, Быцентæй цы чызджы ракуырдтай, уый. Бон мын хæфсы цъарæй ралæсæн нæй, æхсæв та — хæфсы цъары фæлæууæн».

Чызг æхсæвæй бонмæ, сæдæ лæгæн къахæй-къухмæ цыдæриддæр хъæуы фæлыстæй, уый кæрдгæ дæр æмæ хуыйгæ дæр бакодта. Дыккаг æхсæв дæр та — афтæ. Дыууæ сæдæ лæджы фаг куы сцæттæ кодта, уæд зæгъы Хæмыцæн:

«Ныр бавдæл æмæ сæ Нартæн байуар, сæ хуыздæртæ — чи куыд мæгуырдæр у — афтæмæй, нал уыдзæн, зæгъгæ, уымæй ма тæрс: æз цæмæ бавналон, уымæн сæвидийæн нæй!».

Хæмыц йæ усыл æрхъæцмæ нæ хъæцыд, æмæ-иу кæдæм цыдаид, уырдæм æй йемæ хаста. Суанг Нарты Ныхасмæ дæр. Сырдоны фыдбылыз уый цыдæрхуызы базыдта æмæ Ныхасы загъд ракъахта. Уый фæрцы йын Хæмыцæн бауайдзæф кæныны фадат фæци: «Кæсут-ма Хæмыцмæ — кæд æрхаста Быценоны йемæ разагъды Нарты стыр Ныхасмæ». Хæмыц ма Сырдоны тугомынтыл бæргæ фæкодта, фæлæ уыцы уайдзæфы фæстæ Быценонæн Хæмыцимæ цæрæн нал уыд — Быцентæ уайдзæфæй мæлгæ кодтой, æмæ йæхи сæхимæ æрхæссын кодта. Уым ын зæгъы: «Æртæ хорздзинады бакæнинаг дын уыдтæн, фæлæ дзы ныр иу сæххæст кæнын йеддæмæ мæ къухы нал бафтдзæн… Ныр дын цы зæгъон, уымæ хъус: дæуæй мæнмæ ис нæлгоймаджы гуырдз. Мæхи

дзидзийæ куы схъомыл уыдаид, уæд ын дунетыл æмбал нæ разындаид: кард æй нæ карстаид, фат дзы нæ хызтаид. Фæлæ ма цы, гъа! Æрбадар дæ уæнтæ, æмæ дын гуырдз уырдæм ныуулæфон… Ацу æмæ-иу æй Сатанайæн радзур, уый дын зæгъдзæн, йæ къæртт кæнын афон кæд уыдзæн, уый».

Афон куы æрцыд, уæд Сатана Хæмыцы сынкъ акъæртт кодта, æмæ дзы сырх зынгæй рагæпп кодта æрдæгæй уæлæмæ — æндон, уырдыгæй дæлæмæ — болат, ахæм лæппу — Батрадз æмæ асхъиудта денджызмæ.

БЫЦЕНТЫ ДЗАМБОЛАТ (ÆРЫСХАН) — Нарты кадджыты архайæг.

БЫЦЕНТЫ ЕЛАЗАР — цуанон лæг, Дзерассæ-рæсугъд уымæй фехъуыста, уæлдзæхы, дам, Нартæм ис хорз дыргъдон, йæ бæлæстæй иуыл цы фæткъуы зайы, уый æхсæвæй-бонмæ кæмæн рæгъæд кæны, ахæм. Дзерассæ фæткъуымæ бацыбæл, йæ сæры хил аивæзта цыкурайы сахат, кæсаг фестад æмæ фурды былмæ сфардæг.

БЫЦЕНЫ ФЫРТ АЦЕКО — Хæмыцы каис, асæй гыццыл уæвгæйæ у хъаруджын, сæрæн, уæздан.

БЫЦЕНТÆ — Хæмыцы каистæ, Батрадзы мадырвадæлтæ. Нарты кадджыты сыл фыццаг хатт æмбæлæм кадæг «Хæмыц ус куыд ракуырдта»-йы. Уым Хæмыцимæ æнæнхъæлæджы цы гыццыл лæг бахауы, уый диссаджы хъару, арæхстдзинад æмæ æгъдау равдисы, æмæ фæстагмæ Хæмыц йæхи нал бауромы, æрфæрсы йæ:

— Ныббар мын, чи дæ, кæмæй дæ, уымæй дæ кæй нæ бафарстон, уый.

— Æз дæн, — зæгъы йын гыццыл лæг, — Донбеттыртæй равзæргæ, мæ мыггаг — Быцентæй, цæрæм зæххы бын.

Хæмыц ын зæгъы:

— Чысыл уæвгæйæ ахæм хъаруджын чи у, уыдонæй мæ стæггаг куы уаид, уый мæ фæнды.

— Хорз уаид — мах дæр фæнды, Нартимæ хæстæгиуæг куы кæниккам, уый. Фæлæ хъуыддаг афтæ у: мах стæм кæрзмаст, цыбыр хъуыр, лыстæг мыггаг — нæ бæрзæнд у дыууæ уыдисны, нæ уæрх та — уымæй къаддæр. Тых æмæ нæ лæджыхъæдæй æвзарын нæ хъæуы. Ис мын иу хо, æмæ дын æй бæргæ радтаиккам, фæлæ сымах стут фидисгæнаг; мах та фидисæй рынчын кæнæм, уайдзæфæй — мæлгæ. Тæрсын, йæ бавæрын дæ бон куынæ бауа!

Хæмыц лæппуйы сразы кодта, æмæ йын уый æмгъуыд скодта, уæд-иу нæм фæзын, зæгъгæ, æмæ йын сæ цæрæн бынат амоны: «Раст-иу мæ фæд, мæ фæд рацу: æз мæ цирхъ фæрсмæ дардзынæн, æмæ сау хъæды мидæг хъæууынджы хуызæн кæндзынæн, быдырмæ куы ахизон, уæд та мæ иу къах зæххыл ласдзынæн æмæ ауæдзгæнгæ цæудзынæн суанг мæлдзыджыты губаччы онг. Гъе, уым зæххы бын — нæ хæдзар.

БЫЦЕНТЫ ЛÆППУ — Нæртон Хæмыцы каис. Иумæ фембæлынц цуаны. Йæ фезмæлд, йæ хъару, йæ æгъдау Хæмыцы зæрдæмæ афтæ тынг фæцыдысты, æмæ йæ бафæндыд, чи у, уый базонын, стæй сæ мыггагæй ус ракурын. Æмæ йæ хъуыддаг афтæ дæр рауад. Быценонæй — йæ фыццаг усæй — йын уыд æндонриу Батрадз.

– Г –

ГАБОНИ ДЗУАР — Дыгургомы Гуылæры хъæуы кувæндон.

ГАДЖИДАУ — ирон цины фынг æрмæст гуыбыны домæнтæн нæу, фæлæ — зонды, монцы, кады æмæ рады æнкъарæнтæ схъауæн дæр. Уыцы уаг дзы куы нæ уа, уæд фынг зæрдæйыл нæ сæмбæлы, нæ йыл сахады. Фыр нозт æмæ хæрдæй та сæр фæриссы, буар æлдыгъы уагъдау вæййы. Гъе уымæ гæсгæ æгъдауæй фидауы. Æгъдауыл та йæ æвæрынц гуыбыныл фæстæмæ хæцгæйæ рæсугъд сидтытæ, нуазыны аккаг чи у, уазæгæй, хионæй, уыдонæн кад скæнын.

Нуазæнæй хуыздæр æгъдау нæй ирон фынгыл. Йæ кад, йæ нысан стыр у. Хуымæтæджы нæ фæзæгъынц, ирон адæммæ ордентæ æмæ майдантæ нæ уыд, уыдоны бæсты сгуыхт адæймæгтæн куывды æмæ чындзæхсæвы бирæ дзыллæйы цур лæвæрдтой Кады нуазæн. Нуазæнау кадджын у Гаджидау дæр. Рæсугъд фынгыл æй рауадзынц намысджын адæймаджы кæнæ хорз уазæджы, цытджын уазæджы цæрæнбоны тыххæй. Гаджидау у иу адæймагæн, кæнæ уазджытæ скадджын кæныны тыххæй сæрмагонд сидт. Фæлæ разыны ахæм хистæр, гаджидауы кад чи æрдæлæмæ кæны. Куыдæй? Цы сидтытæ кæна, уый нæ фæзоны æмæ хъæуа-нæ хъæуа фынджы бадты алкæй цæрæнбоны тыххæй дæр гаджидæуттæ фæуадзы. Хуымæтæджы нæм нæ баззад ахæм ныхас: «Цы гаджидæуттæ уадзут?». Ома æгæр бирæ цæмæн бадут, дæ цæрæнбон, мæ цæрæнбоны сидтытæ цы кæнут? Ирон фынджы æгъдау цæмæн халут?

ГАДЖИ — Нартæй иу Гаджи хуынди æмæ ус курын нæ куымдта, æнæмастæй цæрын мæ цæуылнæ уадзут, зæгъгæ. Йæ хæстæджытæ йæ куынал æмæ куынал уагътой, уæд иу хорз лæджы чызджы ракуырдта. Авд азы куы ацардысты, уæд иуахæмы ныссагъæс кодта, цон хæтæны, науæд адæм ахъуыды кæндзысты, Гаджи йæ усы цурæй нал цæуы. Хæтæны ацыд, уый Хызы фырт Челæхсæртæг куы базыдта, уæд ын йæ усы аскъæфта. Гаджи хабар куы фехъуыста, уæд Хызы фидармæ ныббырста, Челæхсæртæджы æддæмæ расайдта. Схæцыдысты, кæрæдзи амардтой. Челæхсæртæджы хо Пагуындзы сæм æрцыд, йæ зæлдаг кæлмæрзæн сыл асæрфта, æмæ дыууæ дæр райгас сты. Адæм сæ фæйнæрдæм акодтой. Пагуындзы Гаджийы æмтохгæнджытæ Уазы фырт Чех æмæ Бедзенæджы фырт Арæхдзауы дæр райгас кодта. Стæй сын адæм стæрхон кодтой: Пагуындзыйы Гаджийæн радтой, Гаджийы усы та Челæхсæртæгæн ныууагътой.

ГАДЗА — Дзæнæты дуаргæс сыл куыдз. Кадæг «Сослан Мæрдты бæсты» Сослан цъæх нæууыл хъазæг алыазыккон сидзæртæй мард сывæллæтты куы барæвдыдта, стæй сæ куы фæхицæн, уæд та æрбахæццæ иу дуармæ. «Дуарæн йæ фæстæ гадза, заинаг гадза хуыссы, — зæгъы Сослан Бедухайæн. — Куыддæр æрбахызтæн, афтæ йæхæдæг фынæй уыд, фæлæ йæ хулфæй йæ къæбылаты рæйын ссыди. Тынг дис мæм фæкасти уый». «Уый та уый нысан кæны, æмæ ахæм рæстæг æрцæудзæн, кæстæртæ хистæртæн уынаффæгæнæг кæд уыдзысты, зонд сын кæд амондзысты», — загъта йын Бедуха.

ГАЛАУДУР — кувæндон Куырттаты комы.

ГАЛÆГОН — дымгæйы бардуаг. Бады бæрзонд хæхтыл. Куывтой йæм хор фыййагæй сыгъдæггæнгæйæ. Дзырдтой-иу: «Радым, радым, нæ хор нын йæ зыгуымæй, цъæмæлтæй асыгъдæг кæн, æмæ дын сырх уасæг аргæвддзыстæм, фæстаг фыййаг дæу уыдзæн». Æмæ-иу, æцæгдæр, сæ ныхас сæххæст кодтой: фæстаг фыййаджы дзаг хор-иу бæрзонд сæхстой, æмæ-иу æй дымгæ ахаста, стæй-иу ын сырх уасæг дæр аргæвстой. Уыцы миниуæг ирон адæммæ æрхæццæ сæ таурæгъон фыдæлтæ Нартæй. Кадæг «Дауджыты лæвæрттæ Сосланæн»-ы Галæгон афтæ зæгъы: «… фæззæджы уæ хоры кæритæ куы сыгъдæг кæнат, уæд-иу æз дымгæ арвитдзынæн, æмæ-иу уый уайтагъд хоры нæмгуытæ фæхицæн кæндзæн зыгуым æмæ цъæцъайæ».

– Бузныг, Галæгон, — загъта йын Сослан, — фæлæ дын дзырд дæттын æз дæр, Нæртон дзырд, нæ кæритæн-иу сæ фæстаг фыййаг дæуæн кæй ратдзыстæм, ууыл».

ГАЛÆРГÆВДÆН ХУЫЦАУБОН — ирон адæм афæдзы дæргъы ком дардтой æртæ хатты: Куадзæны агъоммæ авд къуырийы, Майрæмы куадзæны размæ дыууæ къуырийы æмæ цыппор боны Джеоргуыбайæ Цыппурсмæ. Куадзæнмæ комдарæн-иу райдыдта Комахсæнæй. Комахсæн та — Галæргæвдæн хуыцаубонæй. Хуыцаубоны-иу галтæ кæй аргæвстой, уымæ гæсгæ йæ хуыдтой Галæргæвдæн хуыцаубон.

Ирон адæммæ бирæ бонтæ чи ахæссы, уыцы бæрæгбæтты райдайæны — афæдз дыууæ хатты вæйийы Галæргæвдæн хуыцаубонтæ: Комахсæны æмæ Джеоргуыбайы. Комахсæны райдайæны гал аргæвдынц, æмæ къуырийы дæргъы сæ фынгтæ фыдызгъæлæй не сцух вæййынц.

Джеоргуыбайы — Уастырджимæ кувæн къуырийы размæ хуыцаубоны дæр, йæ царды уавæр кæмæн амоны, уыдон, стæй сыхгай, цалдæргай хæдзаргай аргæвдынц галтæ. Уыцы бон дзы ссарынц Стыр Хуыцау æмæ Уастырджийы ном, фæлæ бæрæгбон райдайы, къуырисæры куы баизæр вæйийы, уæд. Уæд, дам, Уастырджи Хуыцауы разæй рараст вæйийы, æртæхы Ирыстонмæ, æмæ йæм къуырийы дæргъы кувынц, сæхи йыл фæдзæхсынц. Сæ фынджы сæйраг бæркад та вæйийынц йæ номыл конд æртæ æртæдзыхоны æмæ æргæвст нывондаджы фыдызгъæл. Йæ кусарт къуырийы дæргъы хæрд кæмæн нæ фæвæйийы, уый дзы дарддæр фæфæлхас кæны.

ГАЛЗИЛÆН — сæрдыгон бæрæгбон. Кæнынц æй Джызæлы цæрджытæ, æмæ, уырдыгæй æндæр рæттæм цæрынмæ чи алыгъд, уыдон. Хонынц ма йæ Рыны бардуаджы бон дæр. Йæ кувæндон ис Джызæлы хурныгуылæнварс. Алы бæрæгбон æмæ кувæндоны бынаты равзæрд дæр хуымæтæджы хъуыддаг нæу. Цыдæр æфсон сын вæйийы. Цыдæр уаз хъуыддагимæ баст вæйийынц. Галзилæн бæрæгбон дæр равзæрд цардæй. Кæддæр нудæсæм æнусы хъæдгæройнаг бинонтæ хæстæгдзинад бакодтой джызæйлæгтимæ. Чызгæрвысты фæстæ джызæйлæгтæ хуын аластой Хъæдгæронмæ. Фысымтæ сыл хорз фæцин кодтой, фæсæмбисæхсæвмæ сæ къæрццæмдзæгъд нæ банцад. Уый фæстæ уазджытæ

цæуынвæнд скодтой. Семæ рацыдысты чындзæмбæлттæ дæр. Афтæмæй бæхтыл æмæ уæрдæтты быдырты комкоммæ рараст сты Джызæлмæ. Цыдысты хъæлдзæгæй: нæлгоймæгты хистæрты къуымæлдзæфæй, лæппутæ сæ бæхтыл хъазыдысты, чызджытæ сæхимид цыдæртæ дзырдтой, æмæ та-иу сæ худын райхъуыст.

Джызæлмæ куы æрбаввахс сты, уæд сæ сæрты цæхæркалгæ цыдæр æнахуыр маргъ æрбатахт. Къуымæлдзæфтæй йæм чидæр йæ хъыримаг фæдардта. Уæд ахæм фæндагыл иу хъæуæй иннæмæ æнæхæцæнгарзæй цæуын тæссаг уыд. Уæлдайдæр æхсæвыгон. Абырджытæ арæх стыгътой бæлццæтты.

Æхсæвы тары гæрах ныннæрыд, фæлæ маргъæн ницы уыд. Атахт æмæ хъæугæрон бæрзонд æмæ пæлæхсар бæласы цур цыдæр æрбаци. Бонæй дæр ын йæ фæд нал ссардтой, æрмæст уæлæсыхы (хуындзæутты сыхы) сывæллæттæ сæ хуыссæнтæй сыстынæн нал уыдысты, рарынчын сты.

Уыцы бонæй фæстæмæ уæлæсыхæй хъæлдзæг ныхас нал райхъуыст. Уый нæ, фæлæ сыл зиантæ дæр æрцыд, æмæ сыхбæстæй алчидæр сагъæсы бацыд — сæ рынчын сывæллæтты мæтæй цы фæуыдаиккой, уый нал зыдтой. Фæстагмæ хистæртæ Ныхасы æртæ нæлгоймаджы равзæрстой æмæ сæ абалц кодтой Тбау-Уациллайы дзуары лæгмæ фæрсынмæ, цы кæнгæ сын у, уымæй.

Гуццаты дзуары лæг Джызæлы уæлæсыхы минæвæрттæм биноныг байхъуыста æмæ сын загъта: «Уыцы æхсæв зæды уæхимæ фæхъыг кодтат æмæ дзы хатыр ракурут». Бацамыдта сын: «Уæхимæ куы ныздæхат, уæд-иу изæры уæ хъомы размæ рацæут, æмæ дзы разæй цы гал цæуа, уый фæхицæн кæнут нывондагæн. Райсомæй йæ сыхы уæгъдæй ауадзут, æмæ, кæй хæдзары раз æрхуысса, уый кæрты йæ аргæвдут. Хъæугуывд скæнут уым æмæ зæдæй хатыр ракурут. Цы бæласмæ батахт, уый бын та кувæндон саразут».

Афтæ бакодтой уæд джызæйлæгтæ, æмæ рын фæлыгъд сæ хъæуæй. Уæдæй абонмæ алы аз дæр, йæ бæрæгбоны, цы зæд сын ныххатыр кодта, уый ном арынц йæ кувæндоны. Уый размæ та нывонд галы, йæ сыкъатæ хъуымацы уадздзагтæй аивгондæй, заргæ æмæ кафгæ æрзилын кæнынц хъæуы уынгты.

ГАЛИУ ÆМÆ РАХИЗ — ирон адæммæ галиу æмæ рахиз æрмæст дыууæ фарсы нæ амонынц, фæлæ сын ис уырнынады мидис дæр. Зæгъæм, хорзы тыххæй алцыдæр кæнæм рахизæрдæм. Къухылхæцæг ног чындзæн йæ ныййарджыты хæдзары рахæцы йæ рахиз къухыл, Сафайы рæхысы алыварс-иу æй æртæ хатты æрзилын кодтой рахизæрдæм, йæ хыз ын хызисæг сисы, Сæрызæды хæцъил — тырысагонд ын йæ сæры алыварс æртæ хатты рахизæрдæм куы æрзилы, уæд. Цины хъуыддаджы Хуыцау æмæ йе ‘сконд зæдты ном арæм кусартæн йæ рахиз базыг æмæ рахиз æртæ фæрскæй, кувæндонмæ дæр хæссæм йæ рахиз æртæ фæрсчы, фынгыл ын йæ рахиз хъус дарæм гомæй, цæмæй амона рахиз — хорз хъуыддаг. Ног хæдзармæ, фатермæ, уазæг йæ фысымтæм бахизы рахиз къахæй, дзабыр раздæр скæнæм рахиз къахыл, фембæлгæйæ исæм кæрæдзийы рахиз къухтæ æмæ афтæ дарддæр. Галиу амоны фыдох, фыдæх, маст, æнæрастдзинад,

фæхъæуын. Хуымæтæджы нæм нæ фæзынд дзырдтæ: галиузонд, галиудзинад, галиуад. Фыдуаг сывæллонæй дæр ма фæзæгъæм «галиу у», схъæр ыл кæнæм, галиу ма кæн, зæгъгæ. Бæллæхы куы бахауæм. уæд фæзæгъæм: «Мæнæ мыл мæ амонд галиуæрдæм куыд разылд». Адæймаджы фæхъуыд дæр нымайæм галиудзинадыл. Уымæ гæсгæ йе 'гъдæуттæ арæзт цæуынц галиуæрдæм. Æрзилын æй куы фæхъæуы, уæд æй зилæм галиуæрдæм, чырыны (табæты) сæр ын галиуварс æвæрæм, йæ рахизфарс бадынц устытæ, цæмæй йæ галиуфарс уа гом æмæ æвдиса галиудзинад. Йæ хæрнæджы фынгыл дæр гом у кусарты сæры галиу хъус.

ГАЛТЫ ДЗУАР — Фæлвæра, афтæ йæ хонынц сылгоймæгтæ.

ГАЛУАН — галуантæ ирон адæмон сфæлдыстады сты алыхуызон: фидæрттæ æмæ цæрæнтæ. Галуан — фидармæ цъиубатæхæн дæр нæй, ис æм сусæг бацæуæнтæ, йæ дуæрттæ дын бакæндзæн, йе 'взагæй йæм куы сдзурай, уæд. Ис сын цалдæргай систæ. Иу дзы куы батонай, уæддæр дын иннæтæ барæмудзын нæ бантысдзæн, æмæ цъысымы бахаудзынæ. Цæрæн Галуаны цæры æлдар, мæликк, æхсин кæнæ хъæбатыр сæ биноитимæ, æхкуырстытимæ, сæ хъахъхъæнджытимæ. Галуантæ арæх вæййынц, уæлдайдæр та Нарты кадджыты, астфисонтæ æмæ цыппаркъуымонтæ.

ГАМЕРИТÆ — ирон мифон дунеæмбарынадмæ гæсгæ, Хуыцау дуне куы сфæлдыста, уæд архайдта, чи дзы цæра, ахæм адæм сфæлдисын дæр. Уый тыххæй скодта авд фæлварæны. Æвдæм ын фæрæстмæ. Гамеритæ уыдысты Хуыцауы æртыккаг фæлварæн, фæлæ йын асæй æмæ тыхæй æгæр стыр рауадысты. Æмæ сæ баивын бахъуыд.

ГАМХУД — аргъæутты æмæ кадджыты ахæм худ — дæ уæлæ йæ куы æркæнай, уæд дæ ничиуал уындзæн, дæхæдæг та алкæйдæр уындзынæ (шапка-невидимка).

ГАЧЪЫР — хæйрæджыты мад.

ГÆБУТДЗАЛИ — хоры Уациллайы фырт. Уæрхтæнæджы хъугæмттæ хъахъхъæдта цырд, Уæрхтæнæджы хуымтæм нæ уагъта мигъæй, æврагъæй ихы сыг æмæ Нафы фыдæхæй — тыхдымгæтæ.

ГÆВЗ — мæгуырдзинады, мæгуыргæнæг бардуаг. Ис ыл сæрмагонд аргъау. Хуынгæ дæр афтæ кæны — «Гæвз». Дыууæ æфсымæры фæйнæ хъæуы цардысты, иу — хъæздыгæй, иннæ та — мæгуыræй. Иу хатт иу стыр бæрæгбоны мæгуыр æфсымæр хъæздыгмæ фæцыд æмæ йын загъта: «Ме 'фсымæр, ацы стыр бæрæгбоны дæм уымæн æрцыдтæн, кæд мæ хорз фенис!.. Махсымæйæ мæ фæхынц». «Дæ аккаг махсымæ дæ разы къуыстилы, нуаз, цæйбæрц дæ хъæуы, уыйбæрц!». Къуыстилы та уыдис дон.

Мæгуыр æфсымæр дон банозта æмæ мæстджынæй рараст сæхимæ. Фæндагыл йæхицæн Уастырджийы зарæг кæны. Хъусы æмæ йын чидæр зæрдиагæй хъырны, фæлæ йæ нæ уыны.

– Чи дæ, чи? Чи мын хъырны, уый? — фæрсы.

– Æз, Гæвз, мæгуыры æмбал.

– Æмæ ныр кæдæм цæуыс?

– Демæ цæуын, демæ. Иууылдæр демæ хæтын.

– Æз куыддæр хъæмæ бацæуон, афтæ мæлгæ кæндзынæн.

– Гъемæ æз дæр демæ!..

Мæгуыр æфсымæр куыддæр йæ хæдзармæ бахæццæ, афтæ марды чырын аразынмæ фæци. Куы йæ скодта, уæд дзуры:

– Ныр мæ чырын цæттæ у, æмæ мæлгæ кæнын… Гæвз, о, Гæвз! Ды дæр мемæ цæуыс мæрдтæм?

– Уæдæ цы æнхъæл дæ?

– Уæдæ тагъд ныххиз чырынмæ, — стæй йæ бафарста, — Гæвз, о, Гæвз, чырыны дæ?

– О, ам дæн, рацу ды дæр!

Мæгуыр тагъд-тагъд чырыны сæр ахгæдта, зæгæлтæй йæ фидар ныххуыдта æмæ йæ уæлмæрды баныгæдта. Æмæ уæдæй фæстæмæ хъæздыг кæнын райдыдта. Йæ хъæздыджы кой дардыл куы айхъуыст, уæд æм йе ‘фсымæр хæлæг кæнын райдыдта. Æрбацыд æм æмæ йæ фæрсы, цæмæй афтæ схъæздыг дæ, зæгъгæ. Уый йын йæ хæларæй радзырдта, Гæвз — мæгуыргæнæгæй куыд фервæзти, уый.

Хæлæг æфсымæр ацыд уæлмæрдмæ, скъахта Гæвзы чырын, йæ сæр ын сæгом кодта. Гæвз ныдздзынæзта чырынæй, мæлын, зæгъгæ. Æфсымæр æм дзуры: «Цом ме ‘фсымæрмæ, уый ныр тынг хъæздыг у, æмæ йæ фæмæгуыр кæн!».

– Нæ! Æз демæ цæуын. Уый мæ бынтон амардзæн. — Гæвз хъæздыг æфсымæрыл бафтыд æмæ йæ фыдмæгуыр фæкодта.

ГÆНДЗÆХИН — лыстæг фосы мыггаг Нарты кадджыты.

ГÆРКЪУЫР — сиахсæггаг дæр ма йæ хонынц. Кусарты кæрæзимагыл, риуы гуыдыры рæбын ис тымбылæг æргъиу, кусартгæнæг æй, риуы гуыдыр гом кæнгæйæ, æппæты фыццаг ралыг кæны æмæ йæ хæдзары дуары сæрмæ къулыл нытътъæпп кæны. Кæд къулыл хорз аныхæса, уæд, дам, сæ сиахс бинонтыл нымад у, иузæрдион сыл у, кæд æрхауа, уæд дзы бинонтæн ницы пайда ис. Ирон æмбисонд хуымæтæджы нæ зæгъы: «Хорз сиахс кæмæн ис, уымæн йæ фырттыл бафтыд, æвзæр — уымæй йæ чызг дæр фæиппæрд».

ГÆРНÆГОН — рог дымгæйы бардуаг Галæгоны æхху ысгæнæг.

ГÆДЫ ÆМÆ КУЫДЗ — Лæг амард. Мæрдты бæсты Дзæнæтмæ фæндагыл бирæ фæлварæнты бахауд. Æмæ мæнæ æппынфæстаг æрбахæццæ Дзæнæты дуармæ. А ныр мидæмæ бахиза, афтæ йæ гæды кæцæйдæр рауад æмæ йын йæ разы аомдта. Лæг омдзæгыл фæбырыд æмæ фæкалд.

Лæджы куыдз къæсæры рæбын хуыссыд æмæ гæдымæ загъд кæны:

– Афтæ цæмæн бакодтай? Æвзæрæй дын цы фæци? Мæнау сæрдæй-зымæгæй, къæвдайæ-хурæй йæ фæсдуар куы нæ уыдта, йæ хæринаджы уæлдæйттæ куы нæ хордтай. Йæ фæлмæндæр хуыссæны хуыссыдтæ, йæ

хуыздæр хæринагæй дын хай куы кодта.

– Æз ницы федтон, — бахъуыр-хъуыр кодта гæды.

Гæды цъынд цæстæй хæры.

ГÆТÆГ — цæугæдæтты æмæ суадæтты — дзыхыдоны (нуазыны) доны бардуаг, Сырдоны фыд. Нарты рæсугъд Дзерассæ, Донбеттыры чызг, рацæйцыд донмæ. Доны хицау Гæтæг æм схудт, йæ цæст æм æрныкъуылдта æмæ йæм дзуры: «Уæ, мæ хуры хай, урсцъар рæсугъд Дзерассæ, бауарз мæ, кæннод дын дон нæ ратдзынæн!». Фæтарст Дзерассæ Гæтæгæй, аздæхт æнæдонæй. Фæлæ йæ дыккаг цыдæн уæддæр фæрæдийын кодта, æмæ йын райгуырд фырт Сырдон, хонгæ дæр æй кодтой Гæтæджы фырт Сырдон.

Гæтæг Нартæн балæвар кодта донгуырой.

ГЕМУДÆ — Нарты Къандзы фырт Сæууайы бæхы ном. Къандзæн цæмæй цот рацыдаид, уый тыххæй йæм Хуыцау уæларвæй цы фæткъуы æрæрвыста, уый æппытæй иу йæ усæн бахæрын кодта, иннæ та — йæ ефсæн. Æмæ уыцы-иу бон йæ усæн фырт Сæууай райгуырд, йæ ефс та байраг Гемудæ ныззад. Иу рæстæджы байрæзтысты кæрæдзийæн. Гемудæ уыд ныллæггомау æфсургъ, фæлæ фæразон, дугъы йæ ничи æййæфта. Нарты бæхты дугъы размæ йыл худгæ кодтой, ай та ацы бæхимæ цы ныфсæй рацыд, кæд æм, фæсте чи баззайа, уый хай — æртæ цагъайраджы æрхауой, æндæр. Дугъы райдайæны Сæууай фæсте аззад, фæлæ фæстæдæр Гемудæйæн йæ къæхтыл цæст куы нал хæцыд, уæд дугъæтты иугай фæсте уадзын райдыдта. Уымæй дзы-иу Гемудæ кæмæн йæ бæхы хъус атыдта, кæмæн йæхи хъус. Сæууайы бынатмæ æртæ боны раздæр æрбахæццæ, фæлæ дугъæттимæ уыд, уый Нарты нæ бауырныдта. Æмæ сæ уæд, фæсте чи баззайдзæн, уый хай æрцагуырдта. Уалынмæ дугъæттæ дæр иугай æрбахæццæ сты, æмæ дзы кæмæн йæ бæхы хъус тынд уыди, кæмæн — йæхи. Цы хабар уыл æрцыд, зæгъгæ, сæ куы бафарстой, уæд иууылдæр Сæууайы бæх Гемудæмæ амыдтой. Дугъуадзджыты уæд бауырныдта, Сæууай дугъы кæй фæразæй, æмæ та йын фæраззаджы хай — авд цагъайраджы дæр радтой. Афтæмæй Сæууай дугъæй йемæ æркодта дæс цагъайраджы.

ГИМЫРЫ ÆЛДАР — Нарты знаг, Балсæджы хæлар. Цæры Гимыры зæххыл, у Сосланы фыдæзнаг.

ГОМДЗЫХ ХЪÆД — Бызгъуан уæйыджы цæрæн айнæгæй Нарты ‘хсæн фæндагыл сæрмагонд бынат.

ГОМРУС — Нарты кадджыты фыдгæнæг Къæцциты фæсивæды разамонæг.

ГУЫБАТÆ — Быцены фырт.

ГУЫДЫН — егъау уæливых. Скæнынц æй чындзæн йæ цæгаты чызгæрвысты рæстæг, æмæ вæййы йæ хуынимæ. Гуыдын ахæм егъау вæййы, æмæ йæ уæлæ хицæнтæй — фæрсæй-фарсмæ æвæрдæй бацæуынц, йемæ йын цы æртæ æртæдзыхоны ныварынц, уыдон дæр. Ног чындзæн йæ мойы хæдзары йæ хуын куы байгом кæнынц, уæд фыццаджыдæр Стыр Хуыцау æмæ Бынаты бардуагмæ скувынц æртæ æртæдзыхонæй.

ГУЫЛДЫ — æфсæн дзæккор. Æмбæлы адæмон сфæлдыстады.

ГУЫМАГ ЛÆГ — Гуымаг лæгыл Сослан фембæлы, Гуымы комы иу саджы фæстæ куы бафты, уæд. Саг уыйбæрц рæсугъд уыди, æмæ йæ Сосланы цæст фехсын нæ уарзта. Йæхи-иу куы базмæлын кодта саг, уæд-иу йæ хъуын алы æвзагæй суасыди. Гъеныр æй фехсон, куыд загъта, афтæ фаты æхситт фæцыд, æмæ дæлæ саг фæтулы. Йæ марæг та уыд Гуымаг лæг. Сослан йемæ сбыцæу, уый мæ саг уыдис, зæгъгæ, фæлæ Гуымаг лæг тынг æгъдауджын разынд. Саг иумæ бастыгътой. Гуымаг лæг æй æртæ дихы акодта, Дыууæ хайы дзы рахицæн кодта Сосланæн, куыд дардбæстагæн, иу та — йæхицæн. Уый нæ, фæлæ ма йын зæгъы: «Нæртон лæг, ай дын кæнæ мæ кард, кæнæ мæ бæх, кæнæ мæ сагъадахъ. Бар дæ ис, лæвар дын кæнын, æмæ йæ мæ номыл фæхæсс Нарты бæстæм». Сослан ницы бакуымдта, фæлæ куы фæхицæн сты, уæд æм фæсмон æрцыд, æмæ йæ фæсте асырдта. Дыууæ лæгæн дзырд дзырды фæдыл асайдта, æмæ цирхъытæй кæрæдзи æстдæсгай цæфтæ фæкодтой. Уæдмæ æризæр ис, æмæ баныхас кодтой, афæдзы бонмæ сæ цæфтæ куы сдзæбæх уой, уæд уыцы ран фембæлын. Афæдзы фæстæ куы фембæлдысты, уæд бафидыдтой. Гуымаг лæг æй Гуымы хъæумæ фæхуыдта, иу абонæй иннабонмæ йæ фынгæй сыстын не суагъта. Иннабон куы æрцыди, уæд Сослан сфæнд кодта цæуын сæхимæ. Гуымаг лæг ын балæвар кодта йæ сагъадахъ, ноджы йын балæвар кодта саджы царм. Уыцы царм та ахæм уыдис, æмæ хъисæн хъуытаз æмæ æрдуйæн мырмыраг, æмæ-иу æй куы фезмæлын кодтаис, уæд-иу алы æвзагæй суасыди. Сослан дæр æй Нарты бæстæм фæхуыдта, балæвар ын кодта йæ бæх. Æмæ уæдæй фæстæмæ æрдхорд æфсымæртæй цардысты.

ГУЫМИРГОМЫ ÆЛДАР — Нарты знаг, тыхæй, зондæй сыл нæ тых кæны æмæ сыл уæд хинæй разилын сфæнд кæны. Сæ хæрзæджыты сын фæхуыдта Гуымиргоммæ. Уым сæ цæлы фынгыл срасыг кодта æмæ сæ ахæстоны бамидæг кодта. Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæджы та акæнын кодта йе ‘рхуы мæсыгмæ æмæ сæ мæсгæны ныппæрстой. Сæ сæрыл сын къæй ныффæлдæхтой. Йæ æфсады раздзог Уæдæræджы йын кæй амардтой, уый тыххæй сæ йæ маст хъуамæ райстаид. Фæлæ уый йæ къухы нæ бафтыд. Нартæ та уыцы уаваræй дæр раирвæзтысты, гуымир æфсады ныддæræн кодтой, Гуымир-æлдары та Уæрхтæнæг æрхуы мæсыджы сæræй рахста, æмæ ныппырх ис. Гуымиргомы адæм, стæй æлдары цагъайрæгтæ ферваæзтысты сæ тыхгæнæгæй æмæ риуыдзаг сулæфыдысты.

Гуымиргомы æлдар бадт уырынгæздыхт, сыгъдæг пылыстæгæй арæзт къæлæтджыныл, йæ уæхсчытыл дардта тинты кæрц.

ГУЫМИРЫТÆ — «Хуыцау дуне куы сфæлдыста, уæд адæмы скодта, — амынд ис ахуыргонд Биазырты Алыксандры арæзт чиныг «Нарты таурæгътæ æмæ хабæрттæ»-йы таурæгъ «Гуымирытæ, уæйгуытæ, Нартæ»-йы. — Хуыцауы уынаффæмæ гæсгæ зæххыл равзæрдысты Уадмиртæ. Уыдон уыдысты ставд æмæ тыхджын адæм: кæмтты цæугæ нæ кодтой, зæххæн та уæззау уыдысты. Æртæ фондзыссæдз азы куы рацыд Уадмирты равзæрынæй, уæд Хуыцау

сфæлдыста Къамбадаты: зондæй дæр, тыхæй дæр Уадмирты хуызæн, фæлæ асæй та — къаннæгдæр, раст ныры дæсаздзыд сывæллоны йас. Къамбадатæ æгæр чысыл разындысты зæххыл цæрынæн. Æртæ фондзыссæдз азы куы рацыд уыдон сфæлдисынæй, уæд та Хуыцау скодта Гамериты, фæлæ та уыдон дæр æгæр стыр разындысты асæй дæр æмæ тыхæй дæр. Æртæ фондзыссæдз азы та куы рацыд Гамериты сфæлдисынæй, уæд та Хуыцау скодта Гуымирыты. Уыдон дæр зæххы аккаг нæ фесты. Æртæ фондзыссæдз азы куы рацыд Гуымирыты сфæлдисынæй, уæд та Хуыцау сфæлдыста Уæйгуыты. Уыдон дæр ын дзæбæх нæ фæрæстмæ сты, æгæр стыр разындысты».

Хуыцау ацы таурæгъмæ гæсгæ æртæ фондзыссæдз азы фæстæ та сфæлдыста Нарты, æмæ йын уыдон фæрæстмæ сты, уыдоны байзæддаг та сты ирон адæм.

Гуымирытæ уыдысты стыр, тыхджын, æдылы адæм. Артæй сæхи фæстæмæ аласын дæр нæ зыдтой, æмæ-иу сæ ныхтæ бамбæрзтой къæйдур кæнæ фæйнæгæй. Иухатт федтой, куыдз арты фарсмæ хуыссыди æмæ куыд тæвддæр кодта, афтæ æддæдæр йæхи ласта. Уымæ гæсгæ Гуымирытæ базыдтой артæй сæхи хъахъхъæнын.

ГУЫМИРЫ — Нарты кадджыты Гуымиры хонынц, бахъуыды рæстæг хæдзар кæнæ адæймаджы тыхмийæ чи ферваæзын кæндзæн, ахæм æххуырстыты кæнæ уацайрæгты. Ныр дæр хъæздгуытæ æмæ бæрнон бынæтты чи ис, уыдон сæхицæн дарынц ахæм хъахъхъæнджыты. Кадæг «Сæууа»-йы Сæууайæн Сатана уазæгдонмæ йæ сыгъзæрин фынгыл уазал ницыгомау хæринæгтæ куы арвыста, уæд ын хъыг уыдис, хъæддзау, мыййаг, куы нæ дæн, зæгъгæ. Фынг йæ къахæй скъуырдта, æмæ уынджы сæмбæлдис, цыппар дихы фæцис. Сатанайæн тынг хъыг уыдис æмæ уацайраг Гуымирымæ бадзырдта: «Ацу æмæ уыцы уазæджы ныммур кæн. Куыд бауæндыдис уый, нырма махæн ахæм ми куы ничима бакодта!». Гуымиры йæм ацыдис. Кæрæдзимæ фæлæбурдтой. Сæууай йæ къулыл ныццавта, æмæ Гуымиры лыстæг пырх ныццис.

ГУЫМЫ ÆФЦÆГ — Сослан иу бон цуаны тæрхъус амардта, æндæр йæ къухы ницы бафтыд. Тæрхъусы игæртæй физонæг уæхстыл скодта, йæ иннæ уæнгтæ йын цармы батыхта. Физонæг куы сфыхтис, уæд дзы Хуыцау æгас загъта. Уый куы загъта, уæд тæрхъус фестадис æмæ алыгъдис. Сослан йæ къухтæ ныццагъта, ай хуызæн диссаг ма уыдзæн, зæгъгæ. Тæрхъус æм фæстæмæ дзуры: «Уый æппындæр диссаг нæу, диссæгтæ Гуымы æфцæгæн æдде ис». Ахызтис Сослан уымæй диссагдæртæ фенынмæ авд æфцæгыл, æстæм æфцæг та уыдис Гуымы æфцæг.

ГУЫМЫ БÆСТÆ — Гуымы æфцæгыл Сослан ныххызт Гуымы бæстæм.

ГУЫМЫ БЫДЫР — бæстæйы ном Нарты кадджыты.

ГУЫППЫРСАРТÆ — Нарты разагъды адæм: Уырызмæг, Хæмыц, Сослан, Батрадз, Айсана, Сæууай, Мæргъуыдз, Арæхдзау, Сыбæлц æмæ иннæтæ. «Уæд та иухатт Нарты гуыппырсартæ — Уырызмæг, Хæмыц æмæ Сослан — ацыдысты цуаны», — зæгъы нын кадæг «Батрадз Нарты гуыппырсарты куыд ферваæзын кодта».

Гуыппырсартæй у Батрадз йæхæдæг дæр. Уымæй хъару, зонд æмæ æгъдауæй дæр нæртон адæм хуыздæрыл кæй нымайынц, Нарты Уацамонгæ йæхæдæг йæхи кæмæ сисы, уыцы рæстагдæр гуыппырсар. Нæртон гуыппырсартæ сты сæ адæмы ныфс æмæ сæрхъуызой — зын æмæ тæссаг уавæрæй сæ чи фервæзын кæны, ахæмтæ.

Нарты гуыппырсартæ цæуынц афæдз балцыты, стæрты. Суанг уæларвмæ дæр. Рæстдзинад агурæг, хъару æмæ æхсар равдисынмæ. Ничи сыл уæлахиз кæны. Хæларæй цæрынц уæларвон зæдтимæ, се знæгтæ сты уæйгуытæ æмæ тыхгæнæг адæмтæ. Алыхуызон тохты фæмард вæййынц Хæмыц, Сослан æмæ Батрадз. Иннæтæ, сæ сæргъы Уырызмæг, афтæмæй бирæ тыхгæнджыты тых басастой. Нал сын уыд, сæ тых кæимæ бавзæрстаиккой, ахæм. Æмæ сæ уæд арвы кæлæн, зæххы фыдæх Сырдон Хуыцауы ныхмæ сардыдта. Уыцы æнæмдых тохы æрцыд се сæфт Нарты гуыппырсартæн дæр æмæ æппæт Нартæн дæр.

ГУЫТАЗ — Батрадзы стыр мады хо, цæры Цырддоны.

ГУЫЦМÆЗ-ÆЛДАР — Нарты кадджыты Мысыры æлдар æмæ Тогус-æлдары халдих архайæг. Уый дæр у тыхгæнæг, æмæ йæ амары Ацæмæз.

– Д –

ДАГОМЫ НЫХАС — æппæт ирон адæмы ныхас Уæлладжыры комы. Ардæм-иу æрæмбырд сты алы кæмтты дзырддзæугæ лæгтæ, рабадтысты-иу Мадизæны кувæндоны бын æмæ лыг кодтой, иу кæнæ иннæ комы ныхасæн-иу цы ахсджиаг хъуыддаг нæ бакуымдта скæнын, уый. Уымæ гæсгæ йæ хуыдтой Иры иумæйаг уынаффæдон. Ам фидауын кодтой цыфыддæр тудджынты, хордтой ард. Æвдисæнæн та сын уыдысты Уастырджи æмæ Мадизæн — Мады зæд. Ам-иу цы тудджынтæ нæ бафидыдтой, уыдон æнусмæ уыдысты тудджынтæ, ам-иу цы хъуыддаг нæ алыг кодтой, уый-иу акондæй баззад.

ДАГЪВÆНДАГ — усгуры фæндаг йæ амонд агургæйæ.

ДАДÆЙ — ДÆДАДÆЙ — ирон хъæлдзæг зарæджы фæлхатгæнаг дзырдтæ. «Ælгъыстæй, уæд надæй цы нæ бавзæрстон! — фыссы Къоста «Чи дæ?»-йы, Уæддæр-иу «дæ-да-дæй» куы ныццæлхъ ластон».

ДАРÆНГЪАУ — æфсады æхсæвиуаты бынат хæцыны размæ.

ДАРВ — згъæргæрзтæ сыгъдæггæнæн, цæмæй сæ-иу сæрттивын кодтой, ахæм æрмæг.

ДАРЕДЗАНТÆ — Даредзанты таурæгъты сæйраг æвæрццæг хъæбатырты мыггаг. Даредзанты таурæгътæ, Нарты кадджытау, ирон адæмæн хорз зындгонд сты куыд Цæгат Ирыстоны, афтæ Хуссар Ирыстоны дæр. Ирон адæмæн уарзон сты сæ хъæбатыртæ, уæлдайдæр та — Амран. Сты цуанæттæ, цæрынц сырды фыдæй. Сæ цот бон рæзы уыдисн, æхсæв — уылынг.

Даредзантæ бынсæфт фесты авдсæрон уæйыджы æлгъыстæй. Даредзанты Домбай йын йæ æхсæз сæры куы акъуырдта, уæд ма уæйыг куырдта, цæмæй ма

йын æвдæм ныууадза. Даредзантæ ууыл куы нæ сразы сты, уæд сæ ралгъыста: «Хæрзсæфт фæут, Даредзантæ, уæ мыггагæй иу дæр куыд нал баззайа».

Уæйгуыты æлгъыст цæуаг уыд, Даредзантыл дæр æрцыд, æмæ быныскъуыд фесты. Даредзанты таурæгътæ ирон адæммæ кæд фæзындысты æмæ кæцæй æрбафтыдысты, уый ничима сбæлвырд кодта. Тынг сыл зыны стыр персайнаг-таджикаг куырыхон поэт Фирдоусийы «Шах-Наме»-йы тæваг. Уый тыххæй фыста Абайты Васо йæ наукон куыст «Амран» «Осетинский эпос-ы. Иннæ ахуыргæндтæ йæ бæттынц гуырдзиаг эпос «Амираниани»-имæ. Уый дæр ист у персайнаг адæмон сфæлдыстадæй. Даредзанты хъæбатырты таурæгътæ ирон адæмæн се 'мирайнаг персайнæгтимæ иумæйаг сты, æви сæ гуырдзыйæ райстам, уый сбæлвырд кæнын у ахуыргæндты хæс.

ДАРЕДЗАНТЫ ДОМБАЙ — Даредзантæ бирæ æфсымæртæ уыдысты. Иу дзы хуындис Домбай. Иузаманы сæ дыргъдонмæ уæйгуытæ — авд æфсымæрæй фæцахуыр сты. Уæд сæм Даредзанты Домбай рацыд æмæ сæ марынтæ байдыдта. Фæлæ та сыл-иу сæ сæртæ фæстæмæ аныхæстысты. Даредзантæм уæйгуытæй чындз уыдис. Уый йын загъта, сæр куы акъуырыс, уæд ыл-иу уайтагъд фæнык акæн. Домбай афтæ бакодта æмæ уæйгуыты фæцагъта. Афтæмæй сæ дыргъдон бахъахъхъæдта.

ДАУДЖЫТÆ — ирон æппæтадæмон бæрæгбон. Тынгдæр æй бæрæг кæнынц Куырттаты комы, Къуыдаргомы, Уæлладжыры æмæ Дыгургомы. Куырттатæгтæ йæ кæнынц, Кæрдæгхæссæнæй иу къуыри куы рацæуы, уæд хуыцаубоны. Бæрæг æй кодтой хъæугай, сыхгай, стæй, кæй зæгъын æй хъæуы, алы хæдзар дæр. Ирон адæмон сфæлдыстады, стæй ныхасы арæх æмбæлы дзырдбаст «зæдтæ æмæ дауджытæ». Зæдтæ цæрынц уæларвы, ис сын базыртæ, зонынц тæхын. Адæмæй арæх фехъусæн вæйиы, зæд атахт, зæгъгæ. Фæлæ никуы фæзæгъынц «дуаг атахт». Дуаг, дауджытæ цæрынц зæххы кæмфæнды дæр: хохы сæр, хъæды æрдузы, хъæдрæбын, комы дымæджы, быдыры, суанг алы хæдзарæн дæр ис дуаг — бардуаг — бынаты хицау. Цы бынæтты цæрæм, нæ фос цы скъæтты дарæм, нæ хуымгæндтæ, хосгæрдæнтæ, хъæдтæ кæм сты, уыдонæй алкæмæн дæр ис дуаг — бынатыл махæй фылдæр бартæ кæмæ ис, ахæм æбæрæг тых — Бынаты бардуаг, Бынаты хицау. Уыдон иууылдæр сты дауджытæ, æмæ дæм цæмæй ма фæтæрк кæной, ма фæхæрам уой, æмæ дæ цæрæн бынат амондджын уа, дæ фосы пайда, дæ алы хъуыддаг арфæйаг уа, уый тыххæй сæм кувын хъæуы, ма сæ рох кæн, — ахæм хъуыды æвæрд ис ирон лæджы дунеæмбарынады.

Ирон адæймаг зæды хæрамæй йæхи афтæ тынг нæ хызта, дауджытæй куыд тарст. Фыдлæгæй хи хъахъхъæнæгау сæ хъыджы нæ цыд, æмæ йын хæрзты цыдысты. Дауджытæ ирон динон уырнынады сты хæлар æмæ хæрам тыхты æхсæн. Кæцырдæм фæуыдзысты, уый бæрæг нæу. Уымæ гæсгæ сын хатт табуйаг дæр уыдысты. Ариаг мифологийы хæлар тыхтæ — ахурты (зеды) æмæ хæрам тыхтæ дэвтæ (девтæ) ныхмæ æвæрд сты ирон адæмон сфæлдыстады, зæдтæ æмæ дауджытæ та арæх иумæ дæр æмбæлынц.

ДАУДЖЫТЫ ЛÆВÆРТТÆ — Уæларв Сафа сфæнд кодта дауджытæн куывд кæнын. Æрхуыдта лæгты дзуар Уастырджийы, æрвнæрынгæнæг Хоры Уациллайы, сырдты хицау Æфсатийы. Фысвосы бардуаг Фæлвæрайы, уæларв Куырдалæгоны, дымгæты бардуаг Галæгоны, стæй фурдæй — дæтты хицау Донбеттыры. Бадынц дауджытæ Сафайы хæдзары, адджын сау бæгæны дзæбидыры сыкъайæ нуазынц: уырдыгыстæг та сын Нарты Сослан уыдис.

Уæд Сосланы цæрæнбоны тыххæй рауагъта гаджидау Уастырджи. «Лæвар кæнын æз Нарты Сосланæн, — загъта Уастырджи, — мæ фæринк кард, кæддæр æй мæнæн дæр уæларв Куырдалæгон ахæм куывды ралæвар кодта».

«Хорз, — загъта сырдты хицау Æфсати, — бахай кæндзынæн æз дæр Нартæн мæ фосæй, фæлæ бынтон лæвар нæ; цуанон-иу цуаны куы цæуа, уæд-иу рахæссæд йемæ æртæ чъирийы æмæ сæ æфцæгыл мæ ном ссарæд. Стæй-иу Сау хохы сырд куы амара, уæд-иу ын йæ рахиз сгуы радтæд, фыццаг ыл чи сæмбæла, уымæн — æмбæлæггаг». «Цæмæй цъæх бирæгътæ дæ фосæй къаддæр давой, уый тыххæй дын, Нарты Сослан, æз бацамондзынæн арфæтæ, — загъта Фæлвæра, — дæ фосмæ-иу дын сæрвæты бирæгътæ куы фæлæбурой, уæд-иу ды уыцы арфæтæ зæгъ, уый йеддæмæ æз сæ уæлхъус фестдзынæн æмæ дын дзы иу дæр нæ бауадздзынæн ахæссын».

«Æз ратдзынæн хоры нæмгуытæ Нартæн, — загъта хоры Уацилла. — Уалдзæджы, куыддæр зæхх стæфса, афтæ-иу сæ хуссарварсы байтаут, æмæ сæ афæдзæй-афæдзмæ хæрынæн цы хъæуы, уый уын дзы æрзайдзæнис хор».

«Бамбæрстон дæ, зондджын Сафа, — загъта Куырдалæгон, — цæмæ æрхуыдтай ды мах, уый: зæххон адæмæн нæ хорздзинæдтæ курыс. Хорз, фæуæд! Сараздзынæн æз Нартæн дзывыр мæ куырдадзы, æмæ уымæй уалдзæджы сæ хуымтæ кæндзысты».

«Æз та дын уый зæгъын, Нæртон Сослан, — дзуры тызмæг Галæгон, — Нартæн сæ хортæ хъахъхъæндзынæн алцы фыдбылызтæй: хур сæ куы хъыгдара, уæд сæм-иу мигътæ æрбадымдзынæн, æмæ-иу фæлмæн къæвда рауардзæн. Къæвда сæ æгæр куы тыхсын кæна, уæд-иу мигътæ фæйнæрдæм ныппырх кæндзынæн. Фæззæджы уæ хоры кæритæ куы сыгъдæг кæнат, уæд-иу æз дымгæ арвитдзынæн, æмæ-иу уый уайтагъд хоры нæмгуытæ фæхицæн кæндзæн зыгуым æмæ цъæцъайæ».

«Нæртон гуырд, — дзуры Донбеттыр Сосланмæ, — мæ дæттыл-иу саразут куыræйттæ. Æз бафæдзæхсдзынæн мæ чызджытæн, цæмæй сын доны мидæг сæ цæлхытæ æнæрынцойæræвдз зилой. Мæнæй та уый фæуæд Нарты адæмæн лæвар».

ДÆ АРД — ДÆ УАЗÆГ — ома, дæ ард, дæ ныхас ма фæсай. Арæх æмбæлы ацы дзырдбаст Нарты кадджыты.

ДÆ АРД — ДÆ ФÆДЫЛ — кæд дæ ардхæрд фæсайдтай, уæд дæ йæ фыдæх басудзæд, дæ фæдыл æфтыд фæуæд. Ацы дзырдбаст арæх æмбæлы адæмон сфæлдыстады.

ДÆЛДОН САУ САКЪАДАХ — авд доны бын Донбеттырты цæрæн бынат.

ДÆЛИМОНТÆ — ирон мифологи ариаг мифологиимæ æнгом баст кæй у, уымæн ма иу æвдисæн у уый, æмæ ирон адæмон сфæлдыстады дæр æнусты кæрæдзиимæ тохгæнæг сты хæлархæссæг æмæ хæрамхæссæг тыхтæ. Хæрам, фыдæх хæссæг тыхты минæвæрттæ сты авд дæлдзæхы цæрæг дæлимонтæй, уæлзæхх цæрæг уæлимонтæм: хæйрæджытæ, зинтæ, уæйгуытæ æмæ ма суанг дауджытæ дæр. Уыдонæй йæхи хъахъхъæны ирон адæймаг, цæмæй йæм ма фæфыдæх уой, ууыл архайы, æмæ сын сæ ном ссары, дауджытæй фæстæмæ иннæтæм кувгæ нæ кæны. Дæлимонтæ цæрынц Авд дæлдзæхы, зинтæ — доны малты, туацъæты, цъымараты; хæйрæджытæ — хæхты цъассыты, æрхыты, хибар рæтты, дауджытæ — уæлзæхх. Иутæн дæр дзы фенæн нæй. Уынынц, дам, сæ гæдытæ, бирæгътæ æмæ дæснытæ, æнкъарынц сæ иуæй-иу цæрæгойтæ, уæлдайдæр — бæхтæ.

Дæлимонты паддзах у Елызбар. Кадæг «Сослан Косеры куыд ракуырдта»-йы йæ хонынц æлдар. Ис ын æртæ чызджы, æмæ æртæйы дæр устытæн хъары Сосланæн. Дæлимонтæн ис æвæджиауы диссаджы бæх Дзындз-Аласа. Нæртон адæм сæм схæссынмæ радтынц сæ байрæгтæ. Хорз бæхтæ сæ рауайы, фæлæ бирæгъæй тынг тæрсынц. Дæлимонтæм ис дыууæ зæронд дзабыры. Уыдон дæ къæхтыл бакъуыр æмæ Хуыцаумæ скув, кæм дæ фестын фæнды, уый тыххæй, æмæ уым фестдзынæ. Уыдоны фæрцы Сослан Авд дæлдзæхæй раирвæзт.

Дæлимонтæ архайынц Нартæн фыд ракæныныл. Уыцы хъуыддаджы сын æххуыс кæнынц зинтæ. Уыдон фæуæлахиз сты Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæгыл æмæ сæ дæлдзæхмæ ахастой. Уыдон Сырдоны ардыдæй амарынц Сосланы бæхы. Æмæ ма йæ бæхы, йæхи зондæй, мæхæлстыгъд куы бакæны, йæ хуылфы йын хъæмп куы нынæмы, уæд дæр ма йæ хъæмпын бæх хæссы. Фæлæ та Сырдоны ардыдæй дæлимонтæ сæ фаттæ тæвд кæнын райдыдтой æмæ мæхæлстыгъд хъæмпын бæхы бынæй уæлæмæ æхсынц æмæ йæ басыгътой. Иуахæмы та Сосланы зæгæлтæй бахойынц къулыл.

ДÆЛИМОНТЫ ХИСТÆР — Борæйы дæлимонтæ сæхимæ куы ахастой, уæд æй дурдзæджындзмæ бабастой. Йæ зонды фæрцы йæ куы суæгъд кодтой, уæд сæ йæ кардæй æвзидгæ басырдта. Дæлимонтæ сæ сæр æфснайыныл фесты. Уыцы рæстæг сæ хистæр хурмæ хуыссыди æргъæу сынтæгыл. Борæ йæ йæ сæрыхъуынтæй ацахста æмæ йын йæхи Нарты бæстæмæ схæссын кодта. Уым ын йæ сæрыхъуынтæ суадзы, фæлæ дзы æртæ æрдуйы аззад йæ къухы. Дæлимонты хистæр уыдон дæр куырдта, фæлæ йын сæ Борæ нал радта æмæ сæ Буртæгимæ хæсты йæ карды фистоныл радгай куы атыхта, уæд та йын-иу хæцын фенцондæр, æмæ йыл фæуæлахиз.

ДÆЛЛАГОН — сусæггаг хъуыддæгтæ æмæ хабæртты, сусæгдзинæдты, æмбæхсинаг цауты бардуаг.

ДÆЛЛАГ НАРТÆ — Нарты æртæ мыггагæй, сыхæй иу — Борæтæ. Уæллаг Нартæ сты Алæгатæ, Астæуккаг Нартæ — Æхсæртæггатæ. Дæллаг Нартæй уыдысты

Борæ, Бурæфæрныг, йæ авд фырты æмæ сæ хо.

ДÆЛМÆГУЫР — Мæрдты бæстæ афтæ дæр хонынц адæмон сфæлдыстады.

ДÆЛТЪУР — рагон ирон хæдзары артдзæсты фæйнæфарс-иу уыдис дуртæ æвæрд æхсидæвты кæрæттæ æрæвæрынæн. Хуыдтой сæ дæлтъуртæ.

ДÆРГЪÆФСÆРЫ (ЗÆРИСÆРЫ) ЧЫЗГ — Нарты Болатбæрзæйы цардæмбал, Нарты кадджыты сылгоймаг хæстонты раздзог. Нарты зæххытæй бонцау æддæдæр Нозы фырт Бæргъуын цардис æд адæм. Нартимæ хæлар уыд, æмæ Нартæ уæйгуытимæ куы схæцыдысты, уæд æм цуртфæдисон æрбарвыстой. Фæдисы рараст Бæргъуын, фæлæ дæлæсых фæдисы хъæрмæ нæ сыстадысты. Уæд куы разылдысты уым дæлæсыхыл, хæстхъом нæлгоймаг сæ нал ныууагътой, сæ хæдзæрттыл сын цъæх арт суагътой æмæ уый фæстæ фæдисы ацыдысты. Уыцы рæстæджы дæлæсыхы Дæргъæфсæры чызг æрæмбырд кодта чындздзон чызджыты, æмæ сæ мæрдтæн садвæн зæппадз сарæзтой. Уым сæ бавæрдтой æмæ зæппадзы ард бахордтой, куыд се стыр æфхæрд нæ ныббардзысты, сæ фыдæлты туг нæ ныууадздзысты.

Дæргъæфсæры чызг сыхы чызджытæн
Сæвæрдта бæхтыл се ‘взаргæдæрты
Æмæ сæ йемæ акодта хъæдмæ.
Тар хъæды астæу æрæнцадысты,
Сæ сыхбæстæйы цы хотых баззад,
Уыдон дæр семæ ахастой хъæдмæ;
Тыхæвзарæн хæстмæ сæхи æууæрстой:
Æхстой уым фатæй, кардæй фæлвæрдтой,
Цæст нæ ивгъуыдтой фатæй æхсгæйæ,
Лæгыл тых кодтой кардæй хæцгæйæ,
Афтæ сдæсны сты уыдон хæцынмæ,
Цæттæ уыдысты хæстмæ, бырсынмæ.
Ызгъæртæ скодтой, хотыхтæ райстой,
Сæ фæринк кæрдтæ рухскалгæ сластой.
Цъилы дæндæгтау сæ тулдзы ныссагътой,
Цыргъаджы комæй туг-ард бахордтой.

Дæргъæфсæры чызджы æфсад афæдзы фæстæ схæцы Бæргъуынимæ æмæ йын йе ‘фсад бындзагъд ныккæны. Бæргъуыны урс сæр семæ æрхастой æмæ йæ сæ арæзт зæппадзыл æрсагътой. Гъе уыцы хуызы Дæргъæфсæры чызг йæ маст суагъта, туг-тугмæ райста, стæй йæ чызг-æфсадимæ Нарты фарсмæ æрлæууыд уæйгуытимæ хæсты. Чызджытыл хæстон дарæс уыд, æмæ сæ Нартæ нæлгоймаг æфсад фæхуыдтой. Дис кодтой сæ арæхстдзинадыл æмæ фарстой сæхи, чи сты нæ æххуысгæнджытæ, зæгъгæ. Фæлæ дыккаг бон лæгæй-лæгмæ хæст куы сцырын кодтой, уæд Дæргъæфсæры чызгæн йæ сæрзæнт зæхмæ æрхауди, æмæ йæ зæрин хилтæ хуры тынтау йæ сынæгдыхыл æрызгъæлдысты. Чызджытæ йæ се ‘хсæн фæкодтой æмæ йæм слæвæрдтой йæ сæрзæнт. Йæ

сыгъзæрин хил куы афснайдта, уæд та хæцын байдыдта. Болатбæрзæй федта уыцы хабар æмæ Дæргъæфсæры чызгæй иуварс нал ацыд. Хæцыдис йæ фарсмæ. Æртыккаг бон хæрзæнæбары чызджы къух кардæй хæсты фæцæф и. Болатбæрзæй йæ йæ дарæнгъаумæ йæ тыхджын къухтыл æрхаста, æмæ уым сæ цард баиу кодтой.

Фæстæдæр Болатбæрзæй уæйгуыты къухæй фæмард, æмæ йын йæ туг райста Дæргъæфсæры чызг.

ДÆРГЪÆВСЫ ЗÆППÆДЗТÆ — Ирыстоны хæхты рагон зæппæдзтæ бирæ ис, фæлæ дзы Дæргъæвсы зæппæдзтæн æмбал нæй. Уыйбæрц бирæ зæппæдзтæ Кавказы хæхтыл иу ран дæр нæй. Дæргъæвсы зæппæдзтæ (уырыссагау сæ «Город мертвых» — Мæрдты горæт хонынц) сты 95 зæппæдзы. Сты хицæн мыггæгты æмæ бинонты. Ахуыргæндты хъуыдымæ гæсгæ арæзт æрцыдысты XV-XVIII æнусты? хæхбæсты-иу рын, емынæ куы фæзынд, уæд.

ДÆСНЫ — ирон мифологийы арæх æмбæлæм дæснытыл. Уыдонæй иутæ сты, адæмыл кæлæнтæ чи æфтауы, ахæмтæ. Хонгæ дæр сæ фылдæр кæлæнгæнджытæ кæнынц. Иннæ дæснытæ та адæмы дзæбæх кæнынц кæлæнтæй, амонынц сын, куыд сæ ферваæзæн ис, дзурынц сын, фидæны сæм цы фыдбылызтæ æнхъæлмæ кæсы, æмæ дзы сæхи куыд бахъахъхъæной, уыдæттæ. Гъе, уымæ гæсгæ сæм фæрсынмæ цæуынц рынчынтæ, ныфссаст æмæ лæмæгъ адæм. Æмæ æрмæст уыдон нæ, хатт сæм кадæджы, таурæгъы кæнæ аргъауы хъæбатыр дæр балæууы хабар базоныны фæдыл.

Дæснытæ фарстой æмæ фæрсынц къæбæлтæй, фаттæй, хъæдуртæй æмæ æндæр цæмæйдæрты. Геродот куыд фыссы, афтæмæй нæ рагфыдæлтæ — скифтæм дæр дæснытæ, зонынджынтæ, арфæтæгæнджытæ æмæ кæлæнгæнджытæ бирæ уыд. Дæснытæ фарстой донхæрисы къалиутæй конд къæбæлтæй. Егъау бæстытæ дзы-иу зæххыл æрæвæрдтой, стæй сæ-иу иугай равæрдтой æмæ афтæмæй дæсны фарстой, дзырдтой рынчынæн йæ низы аххосаг, цы æрцæуудзæн, уый. Уыцы дæсныйад уыдон истой сæ фыдæлтæй. Сылæнгæс нæлгоймаг дæснытæ та архайдтой сусхъæды хихты цъылынгæндтæй. Æртæ лыджы-иу æй акодтой, се ‘нгуылдзтыл-иу æй стыхтой æмæ, уыдон халгæйæ, дæсны фарстой.

В. Ф. Миллеры фыстытæм гæсгæ, ирон дæснытæ дæр дæсны фæрсынц, зæххыл гауыз кæнæ урс дари райтаугæйæ æмæ базыл бадгæйæ цыппар къæбæлæй. Хæсты размæ Урстуалтæм зындгонд уыд дæсны Быгъуылты Сандро. Хъуды комы — Рубайты Кысыло. Афтæ алы комæн дæр уыд йæхи дæсны, кæнæ дæснытæ. Кæмæ нæ уыд, уыдон та дæсны фæрсынмæ цыдысты иннæ кæмттæм. Ныр дæр арæх фехъусæн вæййы: Заманхъулы дæсны, кæнæ Лескены дæсны, Озречы дæсны æмæ афтæ дарддæр.

Йæхи тыххæй дæсны чи кодта, адæмы мæгуырдзинадыл, тыхстдзинадыл ма ноджыдæр чи æфтыдта æмæ æфтауы, ахæмтæ дæр уыд æмæ ис. Уыдонæй иуы Коцойты Арсен йæ радзырд «Дадолты мæт»-ы ирдæй равдыста.

ДÆСНЫ КУЫРД — кадджыты афтæ хонынц Сафайы. Йæ арызт кæрдтæ, рæхыстæ, æрдынтæ æмæ фаттæн æмбал нæй. Уастырджи та йын саразын кодта, иу фехстæй знæгтæй авд-авды чи мары, авд-авды та дзы цæфтæ чи кæны, ахæм фаттæ.

ДИУ — фыдгæнæг бардуаг.

ДОГЪ — хъуг, фыс, сæгъ иу дыгъдæн цы æхсыр æркæны, уый.

ДОЛЛАУ (САУ ДОЛЛАУ) — Нарты знæгтæй иу. Цæры Уарпы хохы фале Сау денджызы был, егъау лæгæты. Йæ лæгæты къултæ сты кæсаджы стæгæй конд. Йæ цæрæн дзаг у алыхуызон хæзнатæй. Хъæздыг лæг у Доллау, фæлæ æнæзæнæг æмæ фырзыд. Нартæй адавы чысыл лæппу — Борæты Бурадзагъды. Уый фыдæй бабын вæййы Батрадз æмæ Бурадзагъды къухæй.

ДОНÆЙ ХЪАЙМÆТ — ирон мифологийы ныхас цæуы Артæй хъаймæт æмæ Донæй хъаймæтыл дæр. Адæмы хъаймæт фыццаг уыд артæй, стæй та — донæй. Донæй хъаймæты кой ис Библийы дæр.

ДОНБЕТТЫР — денджызты æмæ фурдты, стыр цæугæдæтты бардуаг. Цæры денджызты, фурдты бын. Ис ын бирæ чызджытæ. Кадæг «Дзерассæ-рæсугъд»-ы йæ цот сты æртæ хойы æмæ авд æфсымæры.

Донбеттыр хæларæй цæры Нæртон адæмимæ. Уæрхæгæн дыууæ фаззоны куы райгуырд, уæд æй фæхуыдта йæ сырды фыдæй нæртон куывдмæ. Æмæ буц уазджытæ уыдысты æртæйæ: уæларвæй — Куырдалæгон, фурдæй — Донбеттыр, Нартæй та — Борæ. Донбеттыр фæскуывд фесты æргъæуон цæхæр кæсаг æмæ ныцъцъыллинг кæны фурды бынмæ. Йæ хæдзары къултæ сты æргъæу, йæ бын цъæх авг, йæ сæр — сæууон стъалы.

Уæларвон Сафа сфæнд кодта дауджытæн куывд скæнын. Æрхуыдта уырдæм Донбеттыры дæр. Уырдыгыстæг та сын уыдис Нарты Сослан. Уым, Сафайы фæндæй, дауджытæ лæвæрттæ кæнынц Сосланы номыл нæртон адæмæн. Фæстагмæ Сосланы цæрæнбоны тыххæй гаджидау банызта денджызты æмæ, денджызтæм комкоммæ чи кæлы, уыцы стыр цæугæдæтты бардуаг Донбеттыр. Уымæн дæр та, æгъдаумæ гæсгæ, Нарты Сослан арфæ ракодта æмæ загъта: «Доны бардуаг Донбеттыр, зонæм æй, дæттæ иууылдæр дæ бар сты. Бирæ тых дæм ис, æмæ дæуæй дæр Нарты адæмæн курын исты хæрзиуæг». «Нæртон гуырд, — дзуапп ын радта Донбеттыр, — мæ дæттыл-иу саразут куырæйттæ. Æз бафæдзæхсдзынæн мæ чызджытæн, цæмæй сын доны мидæг сæ цæлхытæ æнæрынцойæ рæвдз зилой. Мæнæн та уый фæуæд Нарты адæмæн лæвар».

ДОНБЕТТЫРЫ ЧЫЗГ — Сæуæссæйы ус, Нарты Борæ, Дзылæу æмæ Болатбæрзæйы мад. Куы амард, уæд æй бавæрдтой стыр зæппадзы. Зæппадзы ныхыл æрттиваг болат ныссагътой. Сæ мады номыл арвмæ фехстой æфсæн фæттæ. Уыдон хурыл сæмбæлдысты, æмæ хур æрдынæг æркодта зæппадзыл.

ДОНБЕТТЫРТÆ — цæрынц фурдты æмæ денджызты доны бын. Се ‘гъдæуттæй, сæ митæй сты Нæртон адæмы æнгæс. Доны бын сын ис галуантæ, диссаджы галуантæ, æмæ сæм Нартæй исчи куы бафты, уæд æй суазæг кæнынц. Афтæ

уыд, Борæ сæм, цуангæнгæйæ, æхсæв æввахс куы бафтыд, уæд. Фæхуыдтой йæ æмæ ма йын дыккаг бон йемæ æмбал дæр рарвыстой. Уый йын бацамоны дæлдон цæуыны сусæгдзинад.

Нартæ æмæ Донбеттырты ‘хсæн ис хæстæгдзинад. Уырызмæг, Хæмыц æмæ Сатана сты сæ хæрæфырттæ: сæ мад Дзерассæ у Донбеттыры æртæ чызгæй иу. Нарты Сатана йе ‘нæном лæппуйы хъомыл кæнынмæ радты Донбеттыртæм. Уырызмæг æмæ Хæмыц куы фæбыцæу вæййынц, чи сæ хистæр у, ууыл, уæд ын Уастырджи бацамоны мæсыг амайынмæ йæ мадырвадæлтæй æххуыс бацагурын. Æрмæст, цæмæдæр гæсгæ, Донбеттыртæ доны бынæй уæлзæхмæ цæуынц æхсæвыгон. Нарты фæткъуы давынмæ Дзерассæ йæ æртæ хоимæ цыд æхсæвыгон. Уырызмæгæн дæр мæсыг Донбеттыртæ амадтой æхсæвыгон.

ДОНБЕТТЫРЫ ЧЫЗДЖЫТÆ — Донбеттыры чызджытæ кадæг «Нарты фæткъуы»-йы сты æртæ — Дзерассæ æмæ йæ дыууæ хойы. Хицæн кадджыты та сæ хонынц авд чызджы.

ДОН — КÆСТÆРÆЙ — Ирон адæммæ хистæр кадджын у, æгъдауы бæрзонд æвæрд у. Уый фæрсынц зондæй, фæлтæрддзинадæй, уый нымайынц, уый æрхъуыды кæнынц фыццагдæр алы хъуыддаджы дæр. Æрмæст нæм дон нуазгæ у кæстæрæй. Цæмæн? Уый фæдыл ис ахæм таурæгъ:

Кæддæр, дам, дард балцы цæуæг ирон адæмы иу къорд тыгъд быдыры бирæ рæстæг фæцыдысты. Бафæлладысты, бастадысты, фæлæ фылдæр сфæлмæцыдысты æнæ донæй. Хус быдыры нæ мæсчъы доныл сæмбæлдысты, нæ — суадоныл, нæ цъайыл, æмæ дойныйæ сæ хъару батад, сæ ныфс асаст. Зæрондæй-ногæй, стырæй-чысылæй дзой-дзой кæнгæ цыдысты, хылдысты размæ. Кæдæм уыд сæ балц, уый сæ рох дæр фæци, æрмæст ма агуырдтой дон нуазынмæ.

Æмæ иуахæмы бахæццæ сты фæндаггæрон зæронд цъаймæ. Дон дзы систой æмæ йыл фæхæлоф кодтой. Уыцы рæстæг сæ айрох уæрдоны сæ чысыл æртæаздзыд саби. Уый сæ дон нуазгæ куы федта, уæд ноджы смондаг æмæ сæм йæ гыццыл къухтæ бæргæ тылдта, сдзурын йæ бон нал уыд, фæлæ йæ ничи бафиппайдта. Сæ зæрдыл куы æрлæууыд, уæд ма йæм дон бæргæ баскъæфтой, фæлæ уый уæдмæ йæ уд систа. Адæм куыддæр фергъуыйау сты, сæ дойны кæй суагътой, уый æхсызгондзинад дæр сын æрбайсæфт. Бирæ фæфæсмон кодтой, фæмæт кодтой, стæй рахастой ахæм фæнд: «Абонæй фæстæмæ дон нуазгæ уæд кæстæрæй, цæмæй ахæм бæллæх макæуыл уал æрцæуа!». Уыцы хъуыды ахæлиу æппæт ирон адæмыл, æмæ нæм дон нуазгæ у кæстæрæй.

ДОНЫСКЪÆФÆН (ТÆ) — Ногбонæй фондз боны фæстæдæр вæййынц Доныскъæфæнтæ. Ирон рагон бæрæгбон. Чырыстон дин парахатгæнджытæ йæ бабастой, Чырыстийыл Иуан донæй куы саргъуыдта, уыцы бонимæ. Фæлæ бæлвырд у, ирон-ариаг дин чырыстон динæй дзæвгар рагондæр кæй у, уый. Нæ фыдæлтæ рагæй-æрæгмæ Доны бардуагæн кæй куывтой. Ногбоны фæстæ

та алцыдæр ногдзинад, сыгъдæгдзинадимæ бастой. Ирон адæмы уырныдта, Ногбоны æрцыдимæ алцыдæр аивы, ног тых райсынц æрдзон фæзындтытæ, æрдзы митæ. Уый уыдтой сæхи цæстæй. Уымæн æмæ Ногбон бæрæг кодтой, уалдзæджы бон æмæ æхсæв-иу æмиас куы систы, уæд. Уалдзæджы та æрдз йæ тыхы бацæуы, хуры хъарммæ базмæлы, æппæт дæр фæивы йæ хуыз, йæ мидис. Доны хъомыс дæр фæфылдæр вæййы. Гъе уымæ гæсгæ-иу Доныскъæфæнты алы хæдзарæй дæр кæстæр сылгоймæгтæ æнæсыппæй сæумæдæвдæгæй, æз фæраздæронæй, атындзыдтой, нуазыны дон кæцæй хастой, уырдæм. Семæ-иу ахастой царвы, стуры сойы къæртт. Доны бардуагыл, Доны чызджытыл-иу сæхи бафæдзæхстой, стæй–иу суадоны кæнæ цæугæдоны сой ныппæрстой æмæ ног донимæ згъоргæ фæстæмæ. Доныскъæфæнты хаст донмæ, дам, æвдадзы хос хæццæ кæны, низтæ æмæ тæригъæдтæ суры.

«Цы арфæтæгонд дон-иу æрбахастой хæдзармæ, — фыссы ахуыргонд Цыбырты Людвиг, — уымæй-иу бинонтæ сæхи ныхсадтой, хыссæ-иу дзы скодтой, нуазгæ та дзы кодтой æххормагæй. Ацы дон-иу хæдзары къуымты бапырх кодтой, чи ма-иу дзы баззад, уый та хæдзары æфсин дурыны нывæрдтаид æмæ-иу дзы æнæхъæн афæдзы дæргъы «хос кодтаид».

Бирæ хатт-иу арфæгонд доны дурыны стуры нард фыды кæрдих дæр ныппæрстой, афтæмæй сой цард цæмæй кæной, уый тыххæй.

ДОНЫ ЧЫЗДЖЫТÆ — ирон адæмон сфæлдыстады Донбеттыры чызджытæ æмæ Доны чызджытæ арæх иу кæнынц, сæ митæ, сæ хæстæ цыма иу сты, фæлæ Доны чызджытæ уыйбæрц сты, æмæ сын банымайæн дæр нæй. Стæй сын кадæггæнæг сæ нымæцы кой кæнгæ дæр нæ кæны. Доны чызджытæ сты Доны бардуаджы бар, Доны бардуаг та — Донбеттыры бар. Доны чызджытæ сты алы ран дæр. Суанг суадоны дæр фæмидæг вæййынц. Сты рæсугъд, даргъдзыкку, гуырвидауц чызджытæ. Цæрынц доны бын, хусмæ рахизынц æхсæвыгон. Куывтой сæм сылгоймæгтæ, уæлдайдæр та дондзау æмæ чындздзон чызджытæ, уарзæттæ. «Доны чызджыты хорзæх дæ уæд», — ахæм арфæ абон дæр фехъусæн вæййы зæронд устытæй. Карз у æлгъыст: «Доны чызджыты фыдæх дæ уæд», — зæгъгæ.

Доны чызджытæ кæуыл аудынц, уыдоны хъахъхъæнынц доны ныххауынæй, дæттынц ын, хæдзары бæркад, амонд фылдæр чи кæны, ахæм нуазыны дон. Доны чызджытæ уарзынц дидинджытæ. Ис «Доны чызджытæ», зæгъгæ, ахæм æрвгъуыз сырхцæст дидинæг. Зайы доны былтыл. Уарзæттæ йын тонынц йæ дидин æмæ йæ Доны чызджытæн аппарынц донмæ. Дидинтæ доны нæ ныгъуылынц, доны сæр фæхъазынц уылæнтимæ.

Доны чызджытыл бирæ хæстæ æвæрд ис: зилынц донгуырæйтты фыдтæ æнæрлæугæ, адæмы хъахъхъæнынц фæдæлдонæй, нуазыны дон сыгъдæг æмæ бæркадхæссæг кæнынц. Уымæй уæлдай ма халынц уарзæтты куырмæлхынцъытæ. Гъе, фæлæ, дам, сæхæдæг дæр уарзын зонынц, æмæ рæсугъд лæппуйы куы бауарзынц, уæд æй донмæ басайынц æмæ йæ нал рауадзынц — фæдæлдон вæййы.

ДОФФА — кæсæгтæ, кæфтæ æмæ цæугæдæтты иннæ цæрæгойты бардуаг. «Кæсæгтæ, уырдтæ — уыдоны бардуаг у Доффа, — дзырдта-иу Куырттаты Хидыхъусы цæрæг Цæгæраты Созырыхъо. — Кæсаг ахсынмæ исчи куы фæцæуы, уæд ын йæ мад йемæ хæссынæн æртæ чъирийы скæны, æмæ дзы доны был скувы: «Доффа, доны был дæн, донæй цы хай агурын, уымæй хайджын куыд уон, уыцы арфæ мын ракæн!»». (Дзиццойты Юри, «Фидиуæг», 1988, № 9) Стæй дзы ацаходы æмæ чъиритæ доны бакалы. Уыдонæй цы кæсæгтæ саходой, уыдон, зæгъы, мæ хардз куыд фæуой, афтæ! Стæй хæдзармæ кæсæгтæ куы æрхæссы æмæ сæ куы сфыцы, уæд хæрыны агъоммæ скувы: «Доффа! Дæ фосæй дын физонæг скодтон, æмæ дын бирæ куыд уой, уыцы арфæ дын Стыр Хуыцау ракæнæд! Махæн дзы хай куыд дæттай, уыцы арфæ та махæн ракæн!». Дæллагхъæуккаг Уаниаты Хъауырбег та куыд дзырдта, афтæмæй кæсæгты, мæргъты паддзах уыди Доффа. Куырттаты комы Лæцы хъæуы Нартимæ цард (ам ис Нарты Ныхас дæр). Базыртæ йыл уыди, тæхгæ кодта. Лæг уыд, дзургæ кодта иронау, Нарты æвзагæй, фæлæ иуафон атахти. Кæсæгтæм цыдæр æвзагæй дзырдта, æмæ-иу йæ ныхасмæ æрæмбырд сты. Исты кадджын уазæг-иу æм куы уыд, уæд уымæн лæвæрдта сæ егъаудæрты. Кæфтæ дæр Доффамæ уыдысты. Базыртæй мæргътæм тахт, кæсæгты та доны æмбырд кодта.

ДУАГ — дауджытæ сты дуæгтæ, æмæ сæ ирон æвзаг ныхасы бирæон нымæцы дауджытæ скодта.

ДУАДЖЫ ХÆРАМ — ирон адæм Хуыцауы сконд зæдтæ æмæ дауджытæм табугæнгæ кувынц, сæхи сыл фæдзæхсынц, сæ фыдæхæй сæхи хизынц. Дауджыты хæрамæй та тæрсгæ кæнынц. Зæдтæ фæлмæнзæрдæ æмæ рæдау сты, хатыргæнаг, дауджытæ та — æгъатыр. Гъе уымæ гæсгæ сæ хæрамæй ирон адæм сæхи хъахъхъæнынц. Уый тыххæй сæхи афтæ дарынц, уыйбæрц æгъдæуттæ сын кæнынц, цæмæй сæ зæрдæхъыджы ма бацæуой.

ДУГЪ — рагон ирон марды æгъдау. Кодтой йæ алы ран марды кæндты алы рæстæджыты, алыхуызон. Фылдæр та Бадæнты æмæ Зазхæссæнты. Дугъы-иу разæй чи æрбацыд, уымæн цæттæ уыд йæ лæвар. Мардæн дугъ рауадзын нымад уыд удыбæстæйыл. Кодтой-иу фынджыдзаг дæр. Гъе уымæ гæсгæ баззад ахæм ныхас: «Кæмæн ис, уый йæ зæронд мæрдтæн дæр дугъ уадзы». Мардæн удыбæстæйаг дугътæ уагътой Нæртон адæм дæр.

ДУДÆГВАД — афтæ дæр хонынц Сосланы, ома хæлиувад.

ДУНЕ ДУАР — «Кæсын, æмæ хохæй быдырмæ ставд бæндæн баст: йæ быны ацæуæн нæй, йæ сæрты ахизæн. Уалынмæ йæ кæрон феуæгъд и æмæ иуæрдæм батылд. Фæдис ыл кодтон, фæлæ йын ницы бамбæрстон», — загъта Сослан йæ мард усæн. «Дæ фæндагæй (ома Мæрдты бæсты) уæдæ æцæг куы ницы бамбæрстай, — загъта Бедуха. — Уый амоны уый, æмæ фæстагмæ дуне адæмæн дуар суыдзæн».

ДУНЕЙЫ СУСÆГДЗИНÆДТÆ — «Рацыдтæн уырдыгæй, — дзуры Сослан Мæрдты бæстæйы Бедухайæн, — фæндагыл лæууы алыхуызон æндæхты къуыбылой.

Уæдæ ацы къуыбылойæ куы айсин мемæ, зæгъгæ, загътон мæхицæн, фæлæ къуыбылой уæддæр къаддæр нæ кæны. Фæдис ыл кодтон бирæ, фæлæ йæ æмбаргæ нæ бакодтон».

– Уыцы къуыбылой нысан кæны Дунейы сусæгдзинæдтæ: цыфæнды тырнай сæ базонынмæ, базондзынæ дзы æрмæст хæрз чысыл, — загъта Бедуха.

ДУРÆГОНТÆ — адæмыхатт Нарты кадджыты, Уырызмæджы марынвæнд кæнынц, æмæ йæ ферваæзын кæнынц Сослан æмæ Батрадз.

ДУР-ДУРА — Нарты Хæмыцы бæх.

ДУРДЗЫХ — Тутыры куыдзы ном.

ДУРЕДЗИ — маргъы мыггаг адæмон сфæлдыстады.

ДУРТÆ — ирон адæмон сфæлдыстады, адæмы царды дуртæн ис сæхи уаз бынат. Сослан равзæрд æмæ райгуырд дуры гуыбынæй. Ирон адæймаджы динон æмбарынады дурæн дæр ис уд, зоны æнкъарын, цæуын, йæ бынат ивын. Хуыдтой сæ хонгæ дуртæ. Кадæггæнджытæ, стæй, адæмон сфæлдыстад хорз чи зыдта, уыдон-иу тынг æцæгхуызæй дзырдтой, раздæр, дам, дуртæ адæмы хуындмæ гæсгæ цыдысты, мæсыгамайæджы курдиатмæ гæсгæ-иу сæхæдæг мæсыгмæ уæлæмæ хызтысты. Мæсгуыты æмæ гæнæхты, дам, ахæм егъау дуртæ уымæн ис. Ахæм бæрзонд æвадат ранмæ сæ адæймаджы бон сисын нæ бауыдаид, сæхæдæг куы нæ цыдаиккой, уæд.

ДЫГОППОН — ирон таурæгъмæ гæсгæ Дыгоппон раздæр уыд авд æфсымæры иунæг хо — саби чызг. Буцæй, зæрдæхъæлдзæг, уæнгрог æмæ рæвдыдæй рæзыд. Фæлæ йын цæрын бирæ нæ бантыст. Иу æнамонд бон кæрты хъазгæ-хъазын фæкалд, йæ сæр дуры тигъмæ бахаста, маргъау йæ тыбыртæ ацагъта æмæ йæ уд систа. Мад, фыд æмæ йæ авд æфсымæрыл цы фыд æрцыд, уый уæз æвиппайды нæ бамбæрстой, стæй йæ сæ удтæй, сæ зæрдæтæй куы банкъардтой, уæд сæхи марынмæ æрцыдысты, зæхх сын нæ урæдта сæ хъыг. Фыдохы бон сæ «хуры тыныл» уæлмæрды сыджыт ныккалой, уый сæ бон нæ уыд, æмæ сæ кæуын, сæ еу-додой, марой арвы кæрæттæм хъуыст. Сыхъуыст уæларвмæ Хуыцаумæ дæр, сфæлмæцыд сæ дзыназынæй æмæ Уастырджийы рарвыста: ныццу æмæ ма базон, куыд сын фæрог кæнæм сæ рис. Уастырджи æртахт зæхмæ, уавæр федта æмæ Хуыцауы раз балæууыд. Загъта йын: «Зонын æй, дæ æвастæй дунейыл ницы цæуы, фæлæ æгæрон у сæ хъыг, сæ уарзон адæймаджы буар сыджыты бын фæкæной, уый ныфс æмæ хъару сæм нæй. Исты æрхъуыды кæн, дæ хорзæхæй». Уастырджийы лæгъстæ ныхас бахъардта Хуыцаумæ, æмæ авд æфсымæры иунæг хойы уд фестын кодта маргъ. Уæлмæрды мæрддзыгой адæмты раз йæ табæтæй стахт.

Адæмы сæрмæ цалдæр зылды æркодта æмæ йæ коцора фæпæлæхсаргæнгæ атахт. Маргъ та ахæм Дыгоппон, рæсугъд маргъ, æмæ æрдзы рæсугъд хуызтæ æрæмбырд кодта йæ систыл.

Мæрддзыгой æмыræй, сабыræй аззад, стæй кæйдæр ныхас райхъуыст: «Уый йæ уд у, маргъ фестад æмæ атахт». Адæм сæ æгуыппæгæй феуæгъд сты,

сæ рис фæрогдæр æмæ, ныхас кæцæй райхъуыст, уый алчидæр йæхимидæг агуырдта. Чызджы баныгæдтой. Æмæ уыцы бонæй фæстæмæ баззад ахæм хъуыды: рæзгæ чызг куы амæлы, уæд йæ уд фесты тæхгæ маргъ дыгоппон. Уалдзæджы-иу мæргътæ дард бæстæй тæхын куы райдыдтой, уæд-иу ахæм зианджын бинонтæ æнхъæлмæ кастысты сæ мард чызджы уды фæзындмæ. Хæдзармæ æввахс къалиуыл-иу дыгоппон куы абадт, уæд-иу ныйиарæджы хъарæг дардмæ хъуыст, мæнæ нæм нæ зынгхуыст чызг дыгоппоны хуызы æртахт, зæгъгæ.

ДЫГУРГОМЫ УАСТЫРДЖИ — йæ кувæндон ис Дыгургомы Стыр Дыгуры хъæуы сæрмæ. Бæрæг æй кæнынц октябры дыккаг хуыцаубоны.

ДЫДЗЫ ХУР — мæрдты хур, — афтæ йæ хонынц кадджыты, таурæгъты. Дзырд «дыдзыйæн» ис дыууæ нысаниуæджы: дыдзы арахъ, ома, дыууæ хатты уагъд арахъ; дыдзы хур та амоны уæлæнгай, гæзæмæ чи кæсы, ахæм хур. Изæрыгæтты хур куы æрныгуылы æмæ ма хæхты фæсфæхстыл, цъуппытыл цы хуры тынтæ фæхъазынц, уыдон. Мæрдты хур та йæ уымæн хонынц, æмæ, ирон динон уырнынадмæ гæсгæ, Мæрдты бæстæм хурныгуылды бахизæн, бацæуæн нæй, уыцы афон ныгæнгæ дæр уымæн нæ кæнынц. Æмæ кадджыты, таурæгъты мæрдтæй рацæуæг хъайтар фæстæмæ здæхгæйæ, кæд ыл хур аныгуылы, уæддæр ма йæ тынты цæхæр æрвгæрон хæхтыл кæй не ‘рмынæг, уымæй фæпайда кæны, æмæ йæ Аминон бауадзы. Афтæ кадæг «Уырызмæджы æнæном лæппу»-йы Уырызмæг æмæ Сатанайы æдзард фырт йæ фыдимæ стæры фæстæ Мæрдты бæстæм куы здæхт, уæд æй Сатана фæсте асырдта, фенон æй, зæгъгæ, лæппу йæм не ‘рлæууыд, тагъд кодта, мæрдты дуар куы сæхгæной, зæгъгæ, фæлæ уæддæр айræджы кодта, æмæ йæ мидæмæ нал уагътой. Уæд ын Сатана скуывта: «Хуыцæутты Хуыцау, мæ Хуыцау, кæд ды мады зæрдæйы кæсын зоныс, уæд ма хæхтыл дыдзы хур æрбакæсын кæн». Æмæ уæд хæхтыл дыдзы хур æрбакаст. Дуаргæс та Мæрдты дуар бакодта. Лæппу, мидæмæ бахизон, зæгъгæ, куыд загъта, афтæ ма иу здæхт фæкодта Сатанамæ. Сатана йын йæ фæдджитæ æмæ йæ цæсгом иу уынд акодта æмæ лæппуйыл йæ къухдарæн фехста. Къухдарæн лæппуйæн йæ къухыл абадти, æмæ йæ йемæ мæрдтæм бахаста.

ДЫДЗЫ ХЪАРМ — хъæрмуст. Дыдзы хуры дæр тых бирæ нал вæйиы.

ДЫУУАДÆС КЪÆБИЦЫ — уал къæбицы уыдис Сатанайæн, хæрд æмæ нозтæй дзаг уыдысты. «Адон æппæт мын фервыстой Нарты стыр куывдтæй хуынтæн, ном ссарынæн», — зæгъы Сатана Уырызмæгæн.

ДЫУУÆ КÆРДЗЫНЫ (ЧЪИРИЙЫ) — Ирон адæймаджы динон дунеæмбарынадмæ гæсгæ Стыр Хуыцау адæмæн цæрынæн сфæлдыста Зæхх, Дон æмæ Хур. Æнæ уыдон, æцæгдæр, фæцæрæн нæй. Зæххыл лæууæм, йæ бæркадæй цæрæм, Доны фæрцы ис уæлдæф, хуымы бæркад, кæрдæг, дыргъ, цæрæгойтæ. Фæлæ сæ Хур куы нæ рæвдауид йæ фæлмæн хъарм тынтæй, уæд нæдæр дон уæлдæф кæнид, нæдæр цæрæг æмæ зайæгой уаид. Уый зонгæйæ ирон адæм сæ цины

фынджы сæр æвæрынц æртæ кæрдзыны — æртæ уæливыхы: бинаг — Зæххы, астæуккаг — Доны æмæ уæллаг — Хуры кадæн. Афтæ æртæ æртæдзыхоны дæр. Æртæйæ иумæ та сты цины æмæ рæсугъд æгъдауы нысан.

Зианы фынг фыдохы фынг у, æмæ йын равдисын фæхъæуы йæ миниуæг. Уымæ гæсгæ фынгыл æрæвæрынц дыууæ чъирийы: Зæхх æмæ Дон чи нысан кæны, уыцы чъиритæ. Хуры номыл конд дзы нæ вæййы. Уымæн æмæ мардыл йæ Хур аныгуылд, йæ уæлеон дуне йыл баталынг, ницыуал бар æм дары. Баззадис ма йын Зæхх æмæ Дон. Уыдоны номыл вæййынц хæрнæджы фынгыл дыууæ чъирийы. Уыдонæй арæм Хуыцауы ном. Уымæн æмæ адæймаг куы амæлы, уæд дæр йæ уд ис Хуыцауы бар, æмæ йæ ууыл фæдзæхсæм. Уымæй чъиритæ кæрæдзийæ нæ фæхицæн кæнæм, цины фынгыл сыл фæйнæрдæм ахæцæм, раст цыма нæм Хуыцау уæле бынмæ кæсы, æмæ сæ уымæн æвдисæм, æркæс-ма нæм, нæ фынг цины фынг у, нæ хæбизджынтæ дидинæгау куыд райхæлдысты, цæрын цæй фæрцы фæразæм, уымæн дын æвдисæн. Зианы фынгыл та баззайынц кæрæдзийы сæрыл æмæ уæлæмæ фæзынынц иу цалхау, царды æнусон цалхау, цард æмæ мæлæты иудзинад æвдисæгау.

Зианы стыр хисты хойрагæй дæр æфсинтæ скæнынц æртæ чъирийы. Хыссæйы æмæ цыхты змæсты сæртæй. Фæлæ сæ фынгмæ нæ рахæссынц. Къæбицмæ хистæр нæлгоймæгтæй искæйты бахонынц, æмæ дзы уыдон Стыр Хуыцауы ном ссарынц, бинонты йыл бафæдзæхсынц, ахæм фыдбылыз сыл тагъд рæстæджыты куыд нал æрцæуа, дыууæ чъирийы кæныны сæр сæ куыд нал бахъæуа, афтæ.

Вæййы зианы фынгыл дæр æртæ чъирийы. Афæдзы кæнды! Цардæй ныйиарæг: мад кæнæ фыд куы фæхъæуы, æмæ йæ цотæй куринаг чызг кæнæ усгур лæппу кæмæн баззайы, ахæм марды афæдзы кæнд кæронмæ куы ахæццæ вæййы — Мæрдты бæсты йæ Мыкалгабыртыл куы бафæдзæхсынц, уæд хистæр рахæссын кæны æртæ чъирийы. Лæугæйæ сæ скувы, Стыр Хуыцауы, йе ‘сконд зæдты æмæ дауджыты ном ссары, хæдзарæн ахъазгæнæг куыд уой, хорздзинæдтæ сыл куыд цæуа. Стæй арфæ ракæны бинонтæн, сæ мардæн афæдзæй-афæдзмæ хорз лæггæдтæ, æгъдæуттæ кæй фæкодтой, уый тыххæй. Адæмы раз æргом æмæ фидарæй фæзæгъы, бинонтæй чындзы цæуыны, усгуры кары цы кæстæртæ ис, уыдонæн хъуыддаг бакæныны бар кæй ис, уый.

ДЫУУÆ ХУРЫ — кадджытæм гæсгæ тынг хурвæлтæр куы скæны, уæд арвыл дыууæ хуры вæййы. Хур дыууæ зынг цæстæй фæкæсы.

ДЫУУÆИЗÆРАСТÆУ — фæсизæр, бон æмæ æхсæв кæрæдзийæ куы фæхицæн кæнынц, уыцы афон. Боны цъæхтыл æхсæв æмæ бон кæрæдзийæ куы фæхицæн кæнынц, уыцы афонау уый дæр æрдзон æмæ æрвон сусæг тыхтимæ баст у, Хæйрæджы сайдæн æмæ йæ фенынæн фадаты афон, сæ æргом цæуæн рæстæг.

ДЫУУИССÆДЗÆМ БОНЫ КÆНД — адæймаг куы амæлы, уæд ын йæ амæлæн бонæй дыууиссæдзæм бон кæнынц кæнд. Динон уырнынадмæ гæсгæ, дам, мардæн йæ уд мæрдтыл бафты дыууиссæдз боны фæстæ. Дыууиссæдз боны

дæргъы нæдæр мæрдтимæ вæйиы, нæдæр удæгæстимæ, хатт æрбаздæхы йæ цæрæн хæдзармæ. Дыууиссæдзæм боны фæстæ Мæрдты бæсты æрæнцайы, æмæ йын уыцы бон фæндаггагæн скæнынц хист. Бинонтæ фæдзурынц хæстæг-хиуæттæм, сыхбæстæм æмæ хойрагæй, фыдызгъæлæй, дыргъæй, халсарæй, ностæй цы æрцæттæ кæнынц, уыдон ын ныххæлар кæнынц.

Нæ рагфыдæлтæ скифтæ та, историйы фыд Геродот куыд фыссы, афтæмæй-иу сæ зындгонд адæмæй, фæтæг-паддзæхтæй, æфсады разамонджытæй исчи куы амард, уæд æй табæты æвæрдæй уæрдоны дыууиссæдз боны дæргъы ралас-балас кодтой сæ паддзахады иу цæрæнбынатæй иннæмæ.

ДЫХЪУСЫГ, ЦЫППАРХЪУСЫГ — тъæпъæнбын стыр æрхуы аг — цæджджинаг дыууæ æмæ цыппар схæцæнимæ. Сæ асмæ гæсгæ уыдысты дыхъусыгтæ æмæ цыппархъусыгтæ. Цыппархъусыг агтæй, дам, ахæм егъæуттæ уыд, æмæ йæ хуылфы стур лæугæйæ æрзылдаид. Дыхъусыгтæ, дыхъусджынтæ уыдис егъау дурынтæ дæр.

ДЫЧЕНÆГ — Быценты хистæртæй иу.

– Дж –

ДЖЕОРГУЫБА — ирон адæмы кадджындæр æмæ дзаджджындæр бæрæгбæттæй иу. Фæззæджы фæстаг мæйы æртыккаг хуыцаубоны райдайы æмæ ахæссы къуыри. Хуыцаубоны йæ райдайынц, галтæ чи фергæвды, уыдон. Уыцы бон хонгæ дæр кæнынц Галæргæвдæн хуыцаубон. Къуырисæры изæрæй та вæйиы Уастырджимæ кувæн æхсæв, дыккаг хуыцаубоны — Уастырджийыл фæдзæхсæн бон æмæ йæ хæдфæстæ къуырисæры изæрæй — Уастырджийы æрвитæн æхсæв.

Къуырийы дæргъы ирон адæм фæбадынц бæрæгбоны фынгтыл, сæ кадджын уазджытæ вæйиынц, семæ иннæ адæмтæй хæларæй чи цæры, уыдон дæр. Джеоргуыбайы хæдфæстæ фæуазалтæ кæны, æмæ адæмы ‘хсæн баззад ахæм ныхас: «Джеоргуыба мын зæгъ, æмæ дын зымæг зæгъон».

Джеоргуыба рагон ирон бæрæгбон кæй у, уый бæрæг у, адæмон сфæлдыстады дæр ыл кæй æмбæлæм, уымæй. Фæлæ бæлвырд нæу, Уастырджиимæ йæ цæмæн бæттæм, уый.

Уымæн æмæ йæ ном конд у чырыстон дины сыгъдæг уд хæстон лæг Георги æмæ гуырдзиаг дзырд «оба» — бæрæгбонæй. Джеорг (Георг) + уыба (оба) — Джеоргуыба. Йæ номыл гуырдзиаг æвзаджы, стæй чырыстон дины тæваг бæлвырдæй зыны. Бæрæг у, чырыстон дин Ирыстоны цы гуырдзиæгтæ — дины лæгтæ — парахат кодтой, уыдон зæрдиагæй кæй бакуыстой. Кæд раздæр ирæттæм ацы бæрæгбон Уастырджиимæ баст уыд, уæд сæ къухы бафтыд, йæ ном ын цæмæй ферох кодтаиккой, уый. Стæй ма Джеоргуыбайы фынгыл цæмæдæр гæсгæ дыккаг сидт вæйиы Уастырджийы номыл, æртыккаг та — Джеоргуыбайы бæрæгбоны фæдыл. Иннæмæй та къуырийы дæргъы кувынц Уастырджимæ, дзурынц, Хуыцауы разæй рараст, къуыри Иры зæххыл зилы,

нæ куывдтытæ нын айс, зæгъгæ. Бæрæгбон æрвитæн æхсæв дæр та Хуыцауы размæ сæ куывдтытимæ, курдиæттимæ фæндараст кæнынц сыгъзæринбазыр Уастырджийы.

ДЖЕОРГУЫБАЙЫ (НОЯБРЬ) МÆЙ — Джеоргуыба — Уастырджимæ кувæн къуыри, у ирон адæмы иумæйаг бæрæгбон. Вæййы ацы мæйы. Фæззæджы кæронмæ йæ хуымæтæджы нæ ахастой. Зæхкусæгæн, фосдарæгæн уæд къаддæр куыст вæййы. Йæ тыхст рæстæджытæ — хосгæрдæнтæ, хорæфснайæнтæ ахицæн кодта, хостæ, хортæ бафснайдта. Ныр ын ис фадат йæ кадджындæр зæд Уастырджийы ном ссарынæн, фæллад суадзынæн æмæ цæлы фынгтыл бадынæн дæр. Уæд-иу кодтой чындзæхсæвтæ дæр, æмæ йæ хонынц Чындзæхсæвты мæй дæр.

ДЖЕРЫ ДЗУАР — Джеры Уастырджийы кувæндон ис Хуссар Ирыстоны Джеры комы. Йæ бæрæгбон вæййы фæззæджы Ичъынаимæ уыцы иу хуыцаубоны.

Джеры Уастырджийы бæрæгбон ныры дуджы дзæвгар фæраздæр кодтой, бабастой йæ Республикæ Хуссар Ирыстон сарæзты бонимæ.

Джеры дзуар ис уæлвонг ран. Йæ кувæндон у аив арæзт, æрмæст æй тынг бахъыгдардта зæххæнкъуыст. Цымыдисаг ма уымæй у, æмæ æппæт Хуссар, стæй Астæуккаг Ирыстоны дæр зындгонд у йæ къæдзæх-къардиуæй. Ардæм нывонд кусæрттагимæ дзæбæх кæнынмæ кодтой, йæ зонд-иу кæмæн фæхæццæ, фæхæйрæджджын ис, зæгъгæ, кæмæй дзырдтой, ахæм рынчынты. Къæдзæхы сæрмæ-иу æй скодтой, йæ къæхтæ æмæ къухтæ-иу ын фидар бабастой, афтæмæй йæ бæндæныл бастæй къардиуæй уагътой бынмæ, домдтой дзы йæ хæйрæджыты нæмттæ зæгъын. Науæд æй тæрсын кодтой феуæгъд кæнынæй. Рынчын-иу тарст, хъæр-цъæхахст кодта, фæлæ æгъатыр уыдысты, хос ын чи кодта, уыдон. Исты нæмттæ сдзурын-иу куы сфæрæзта, уæд сæ фыстой гæххæттыл. Стæй сæ-иу арты баппæрстой. Зæгъынц, рынчын, дам, сæ-иу судзын нæ уагъта. Фæлæ-иу нæмтты куы басыгътой, уæд, дам-иу, æрсабыр, стæй сдзæбæх, æмæ-иу йæ цæстытыл цытæ уад, йæ хъустæ цы хъуыстой, уыдон фæзмыдта. Къæдзæхæй бынмæ уадзгæйæ, дам, мын хæйрæджытæ сæ нæмттæ дзурын нæ уагътой, бынæй уæлæмæ, дам, мæм дзырдтой, уадз æмæ дæ раппарой, мах дæ ам ацахсдзыстæм, æмæ дын ницы уыдзæн, зæгъгæ.

ДЖЕКУÆЗ ПАДДЗАХ — Индостаны паддзах. Знаг æм куы æрбабырсы, уæд æххуыс агуры Даредзантæй, йæ ирвæзынгæнæг та у Ростъом. Фæлæ йыл йæхæдæг мæнгардæй цæуы: йæ фырты йæхи къухæй куы барæхойы, уæд ын удæгасгæнæн хос бæргæ радта, фæлæ бацархайдта, цæмæй йæм ма бахæццæ уа. «Куы йæм баввахс уай, гъе уæд дæхи фæкæлын кæн, дæ хос куыд акæла, афтæ», — фæдзæхсы цæхæрадонгæсæн. Уый дæр афтæ бакодта. Ростъом, цæмæй йæ фырт Зурапп райгас уа, уый тыххæй æртæ азы æмгъуыдмæ Талынгыстоны — Бынелеты бады. Афæдз ма йæ хъуыд, афтæ Индостаны знаг ныббырста, æмæ Джекуæз фæдис арвыста Ростъоммæ — йæ фырты райгас кæнын ын нæ бауагъта. Ростъомы æххуыс æй хъæуы, фæлæ йæ нæ фæнды, йæ фырт бахъомыл уа, уый, уæд, дам, дыууæйæ Индостан æмæ æгас дуне дæр сæхи

бакæндзысты. Ростъом дæр ын йæ дыууæ фырты къубæлттæ стоны, фынгыл ын сæ йæ разы æрæвæры, æмæ зæгъы: «Гъемæ Джекуæз, æмæ хъæбулы мард адджын у æви нæ, гъе уый базонай».

ДЖИБИ — Даредзанты Ростъомы фыд. «Дæлæ Джекуæз — паддзах куы сæрвыста Индостанæй Даредзантæм: «Уæ Даредзантæй уынгæджы куы фæдæн: Апросион мæм куы ‘рбарвыста йе ‘фсады æмæ йæ рæгъæутты, бын сæфт мæ куы кæнынц, бын сæфт! Джиби, йæ фырт Ростъомæй исчи сæмбæлæд, æрбаахъаз мын кæнæд, мæ бæстæ сæфы», — загъд ис таурæгъ «Даредзанты Ростъом йæ фырты куыд амардта»-йы.

ДЖИГО — Нарты хистæртæй иу, Залмы фырт.

ДЖИХ ÆМÆ СÆУÆ — нæртон фæсивæдæй. Джихы хонынц Хъæбатыр Джих. Хызы фидармæ бырсгæйæ ис Сосланы фарсмæ.

ДЖЫНТÆ — ирон адæмон уæлкъæйфых чъиритæ, уæливыхтæ, æртæдзыхонтæ, хæбизджынтæ (цыхтджынтæ), фыдджынтæ, цæхæраджынтæ, картофджынтæ, насджынтæ, хъæдурджынтæ, фиуджынтæ, къабускаджынтæ æмæ афтæ дарддæр. Картофджынтæ мардæн хæлар кæнын не ‘мбæлы, йæ разы, дам, æмбыдæй фæлæууынц.

– Дз –

ДЗАГДАР — ирон фынгæн ис уырдыгыстæг, бадты адæмæн лæугæйæ сæ агуывзæтæ ностæй чи дзаг кæны, фынгмæ йæ хъус чи дары, ахæм лæггадгæнæг. Дзагдар та у нуæзтытыл дзуапдæттæг, уырдыглæуджытæн сæ цайдантæ, дурынтæ бæгæныйæ, сæнæй, арахъæй чи дзаг кæны, ахæм бæрнон лæг. Ныры дуджы ма Дзагдар фæхонынц, фынгыл æнæ уырдыглæууæгæй куы фæбадынц, уæд бадгæйæ агуывзæтæ ностæй дзаг чи фæкæны, уый.

ДЗАГ У — ацы дзырдбастæн дæр дины тæваг ис. Ирон адæмы уырнынадмæ гæсгæ нал ис, зæгъгæ, цы хойрагæй, ностæй, хæлцæй, аразæн æрмæгæй… суанг фæтæгенæй дæр зæгъай, уымæн, дам, йæ бæркад хæйрæджытæ аскъæфынц. Уый фæдыл нæ адæмон сфæлдыстады ис аргъæуттæ. Иуы дзы Дзамболат, — архайæг ныййарджытæм куы бахауы, уæд сæ фынгыл бадгæ федта талынджы. Иууылдæр æнхъæлмæ кастысты, цырагъ кæд ссудздзысты, уымæ. Уалынмæ, æрæджиау, цырагъ æрбахастой кæстæртæ. Хисæртæ сæм загъд кæнынц, куыд æрæгмæ амал кодтат цырагъ, зæгъгæ. Уыдон сын афтæ: «Цырагъæй нал ничиуал дзырдта, иууылдæр «Дзаг у, дзаг у» кодтой. Фæстагмæ иу æрыгон чындз «нал и» загъта, æмæ йæ мах раскъæфтам». Гъе уымæ гæсгæ ма абон дæр хистæртæй бирæтæ «нал и»-йы бæсты «дзаг у» дзурынц. «Нал и»-йыл хъоды бакодтой.

ДЗАМБОЛАТ — ирон адæмон сфæлдыстады афтæ хонынц Уастырджийы авд фыртæй иуы. Фæлæ ис таурæгъ «Лæджийы фырт Дзамболат» дæр. Лæджийы фырт Дзамболат уыд хорз цуанон. Иуахæмы, цуан кæнгæйæ, тар æхсæвы бирæгъы дзыхæй байсы хæйрæджы лæппуйы. Уый адыл æй хæйрæг ахоны

сæхимæ, хæйрæджыты хæдзармæ. Рагацау æй бафæдзæхста: «Тæрсгæ ма кæн æппындæр. Мæнæн ис бирæ файнустытæ æмæ бирæ тиутæ, фæцин дыл кæндзысты æхсæв-бонмæ. Лæвæрттæ дын кæндзысты райсомæй, фæлæ-иу мацы баком æппындæр. Æрмæст дзур: «Мæхион — мæхи». Лæджийы фырт катайы бацыд: «Æз хæсгæ куы ницы акæнон, уæд цы уыдзæн «мæхион — мæхийæ»?». Фæлæ хæйрæджыты хæдзары йæ хъуыды аивта, уым бамбæрста: «Нæ фæллой хæйрæджыты къухы куы ис, æмæ йæ куыд нæ зонæм мах. «Нал» æмæ «нæй» цæмæй фæзæгъæм, уый хæйрæджыты хай куы кæны». Æмæ райсомæй куы сбон ис, цæуыны къахыл куы ныллæууыдис Дзамболат, уæд æм алыхуызон диссæгтæ лæварæн хæссын куы райдыдтой, уæд фидарæй дзуры: «Мæхион — мæхи, æндæр мæ ницы хъæуы». Уæд хæйрæджыты æфсин йæхи нынкъард кодта, æмæ йæм цæуынц бинонтæ радыгай хатынмæ: «Радт Лæджийы фыртæн йæхион». Фæстагмæ сразы вæййы æмæ Дзамболатæн афтæ зæгъы: «Дæ бæркад мæ къухы ис, Лæджийы фырт, мæ чындз дын æй бацамыдта, бæлвырд, æндæра йæ ды цæмæй зыдтай. Абонæй фæстæмæ дæхи фæуæд дæ бæркад, æз дын æм ницыуал бар дарын».

Дзамболат сæхимæ куы æрцыд, уæд «мæхион — мæхи» цы у, уый бафæлварыны охыл йæ усмæ дзуры:

«Кæрдзын ма скæн тагъд». Йæ ус ссад балуæрста арынджы, дон ыл ныккодта, æмæ хыссæ нал цæуы арынджы. Уæд Лæджийы фырт Дзамболат базыдта: «Мæ бæркад мæхи баци». Арвыста куыроймæ хор, æмæ йын йе ссадæн хæссынæн ницыуал фæрæзтой. Аходæнмæ-иу хуым куы бакодта, уæд ын дзы-иу афæдзы фаг хор æрзад.

Лæджийы фырт Дзамболат у, хæйрæджытæм уазæгуаты чи уыд æмæ сын сæ сæйрагдæр сусæгдзинад чи базыдта, уый.

ДЗАХАНА-МАХАНА — Мæрдты бæсты Зындон.

ДЗÆБУГГОМ — куырдадз Нарты кадджыты.

ДЗÆБУГЫЛ БАДÆГ — афтæ хонынц Куырдалæгоны кадæггæнджытæ. Уымæн æмæ зæххæй арвы æхсæн тæхы йæ дзæбугыл, цæхæркалгæ.

ДЗÆГЪÆ ФÆРДЫГ — тынг чи æрттивы, рухс чи кæны, ахæм фæрдыг.

ДЗÆНÆТ — ирон адæмон сфæлдыстадмæ гæсгæ Мæрдты бæстæ дих кæны дыууæ хайыл: Дзæнæт æмæ Зындоныл. Дзæнæтмæ бахауынц рæстаг адæмы удтæ, Зындонмæ та — тæригъæдджынтæ. Дзæнæт мæрдтæн у тæхудиаджы бæстæ. Уымæ гæсгæ алы мардæн дæр удæгæстæ курынц Дзæнæт, дзурынц ын: «Дзæнæты бад». Хорзæй фæзæгъынц: «Уый дзæнæттаг у» кæнæ «Дзæнæты бадинаг». Барастыры бынат дæр ис Дзæнæты. Зæдау сыгъдæг чи у, уыцы мард сабитæ дæр бахауынц Дзæнæтмæ. Ныгæнгæйæ сын хуымæтæджы нæ фæзæгъынц: «Мæрдты бæстæйы Дзæнæты Барастыры уæрагыл дæ бадæн».

Дзæнæты ис Уырызмæджы æнæном лæппу дæр.

ДЗÆНÆТЫ БЫДЫР — Сослан Мæрдты бæстæйы куы уыд, уæд иу быдырмæ бахæццæ. Уым цы нæ уыдис хоры мыггагæй, фосæй, сырдæй, ахæм нæй.

Сырдтæ хизынц фосимæ. Быдыры ис стыр дон; доны был сæдæ чызджы симыныл ныххæцыдысты, сæ разы та алы хæринаг, алы нуазинагæй йедзаг. Семæ йæ симыныл ныххæцын кодтой. Уый сæ куырдта хæринаг, æмæ йын афтæ зæгъынц: «Махимæ цæр, уæлæуыл дунемæ мауал бæлл, æмæ дæ уæд бафсаддзыстæм, — нæ разы цы хæринæгтæ ис, уыдонæй ды дæр мах хуызæн æфсæст уыдзынæ». «Уый уыдис Дзæнæты быдыр, — зæгъы йæ мард ус Бедуха Сосланæн, — чызджытæ та уыдысты, куринагæй æмæ куырдуаты чи амардис, ахæмтæ. Хæринæгтæ та, уæлæуыл дунейы сын кæй ныффæлдыстой, уыдон сты. Ныр сæ разы, куыд федтай, афтæ лæууынц, æмæ сæ уындæй æфсæст сты».

ДЗÆНÆТЫ СУАДОН — Æвæццæгæн дзы алкæмæн нуазыны бар нæй. Марды уæлхъус ныхасгæнæг хуымæтæджы нæ фæзæгъы: «Дзæнæты суадонæй дын нуазыны бар уæд». Фылдæр — сывæллон кæнæ æрыгоны тыххæй.

ДЗÆНÆТЫ ЦÆХÆРАДОН — Мæрдты бæсты æрмæстдæр Дзæнæты цæхæрадоны ис зайæг хал. Аза-бæлас дæр зайы Дзæнæты цæхæрадоны. Йæ халсартæ æмæ дыргътæ сты, æнахъомæй мæрдтæм чи бацыд, уыдоны удтæ рæвдауынæн.

ДЗÆНÆТЫ БÆЛАС — Аза-бæлас. Зайы æрмæстдæр Мæрдты бæсты Дзæнæты. Йæ сыфтæй йын уæлзæхмæ схаста Сослан йæ мард ус Бедухайы æххуысæй.

ДЗÆНÆТЫ ЦЪÆХ НÆУУ — Мæрдты бæсты йыл хъазынц сывæллæттæ. Сослан дæр сыл фембæлы уым. Мæнæ куыд зæгъы йæ мард ус Бедухайæн: «Æрбахæццæ дæн бирæ сывæллæттæм: алыхуызон дзауматы, алы азыккæттæ, цъæх нæууыл хъазыдысты. Чи дзы бæгъæмвад уыд, чи — ронбæгъд, чи та — æнæхуд. Худтæ сæ рæтты тъыст уыдысты, рæттæ сæ хъуырты æфтыд, дзабыртæ — фæдджиты, фæдджитæ та — сæртыл тыд. Чи мæ дзы йæ мад хуыдта, чи мæ йæ фыд хуыдта; куыннæ сын фæтæригъæд кодтаин: барæвдыдтон сæ, алкæй дзы йæ дзауматы, куыд æмбæлы, афтæ сарæзтон. Рараст дæн, æмæ мæм фæсте дзурынц: «Сослан, фæндараст фæу, цы хъуыддаджы фæдыл цæуыс, уый дæ къухы бафтæд!». «Уыдон уыдысты, — загъта Бедуха, — сидзæрæй чи амард, ахæмтæ. Барæвдыдтай сæ, æмæ дыл сæ арфæ æрцæудзæн».

ДЗÆНÆТЫ ЦЪИУ — цæры Дзæнæты цæхæрадоны сывæллæтты цинæн.

ДЗЕРАССÆ-РÆСУГЪД (САСАНА — ахæм номимæ дæр æмбæлы кадджыты) — Донбеттыры чызг, Нарты Æхсæртæджы ус, Уырызмæг, Хæмыц, Сатана æмæ Сырдоны мад. Уымæй равзæрдысты дунейы фыццаг куыдз Силæм æмæ Уырызмæджы бæх хъулон Æрфæн-зæххон бæхты фыдæл. Уый йæ дыууæ хоимæ фæцалх Нарты диссаджы фæткъуы бæласы иунæг æлутон фæткъуы æхсæвыгон давынмæ. Æртæ маргъы — æхсинæджы хуызы. Æхсæртæг æй давгæ-давын фатæй фехста, æмæ ма уый цæфæй ныллæджыты атахт денджызы бынмæ. Æхсæртæг ын йæ туджы æртæхтæ æрбамбырд кæны зæлдаг кæлмæрзæны æмæ йæ фæдыл денджызы бынмæ Донбеттыртæм ныххизы. Ам куыд базоны, афтæмæй уыцы æртæ æхсинæджы сты æртæ хойы — Донбеттыры æртæ чызджы, цæф та хуыйны Дзерассæ, æмæ йæ ферваæзыны амал ис йæ къухты — йæ туджы æртæхтæй. Куы йыл сæ бафу кæнай, уæд ферваæздзæн, кæннод ын

фервæзæн нал ис. Æмæ йæ чи сдзæбæх кæна, уыцы лæгæн æй Хуыцау саккаг кодта, уымæн æй усæн радтиккой.

Бацыд Æхсæртæг рынчыны размæ, æмæ уый цæстытæй мах дæр кадæджы уынæм Дзерассæ-рæсугъды: «Чызг сынтæджы хуыссы, йæ сыгъзæрин дзыккутæ зæхмæ зæу-зæу кæнынц, йæ цæсгомæй худынц хуртæ, йæ дæллагхъуырæй кæсынц мæйтæ; разылд Æхсæртæджы 'рдæм.

Уæд Æхсæртæг бахудти йæ мидбылты фырцинæй æмæ фелвæста йæ фæснахæй зæлдаг кæлмæрзæны тыхтæй чызджы туджы æртæхтæ æмæ йыл сæ бафу кодта. Дзерассæ-рæсугъд, цы уыдис, уымæй авд ахæмы хуыздæр фестади.

Фараст боны æмæ фараст æхсæвы чындзæхсæв фæкодтой Æхсæртæг æмæ Донбеттыры чызгæн. Арвыл Хур æмæ Мæйау фидыдтой иумæ Дзерассæ æмæ Æхсæртæг».

Мæнæ куыд зæгъы Уастырджи та Дзерассæйæ, Æхсар æмæ Æхсæртæг денджызы был кæрæдзийы кæрдтыл куы бафтыдысты æмæ йæ уыдоныл тыхст хъарæг кæнгæ, ныр сын цы ми кæнон… сæ хъамбул уæрджытæ, сæ цæхæр цæстытæ æмæ сæ сырх уадултæ сынтытæн, рувæстæн хæрынмæ куыд ныууадзон, зæгъгæ, куы æрбаййафы, уæд: «Уæ хурты хур æмæ арвы фидауц, уæ мæ рухс дуне æмæ бæсты рæсугъд! Æз рагæй дæр дæ фæдыл куы зилын, уæд цæуыл хъыг кæныс, цы дыл æрцыд?».

Уастырджи йæ ехсы фындзæй зæхх æркъуырдта, æмæ дыууæ æфсымæры марды ингæны фестадысты, сæ ингæныл та фæзынд диссаджы цырт, чъыр æмæ дурæй амад, рæсугъд галуан йæ алыварс, афтæмæй. Фæлæ йын Дзерассæ уæддæр усæн нæ бакуымдта. Йæ æдзард мой Æхсæртæгыл иузæрдион уыд æмæ Уастырджийы асайдта, денджызы был мæхи ахсон, зæгъгæ, йæхæдæг ныффардæг йæ цæгат Донбеттыртæм.

Уастырджи йæм бартхъирæн кодта: «Гъей, додой дæ къона! Уæлæуыл дыл нæ фæхæст уыдзынæн, фæлæ мын мæрдты та кæдæм ирвæздзынæ». Дзерассæ зоны, Уастырджи йæ æвыдæй кæй нæ ныууадздзæн, уый æмæ куы мард, уæд йæ фырттæн ныффæдзæхста, зæгъгæ, хорз лæгæй хæс нæ дарын, мæрдты дæр мæ нæ ныууадздзæн, æмæ мæ-иу фыццаг æртæ æхсæвы дзæгъæлæй ма ныууадзут. Фыццаг дыууæ æхсæвы йæ Уырызмæг бахъахъхъæдта. Æртыккаг æхсæв æй Хæмыц зæппадзы иунæгæй ныууагъта, йæ гуыбыны фæдыл ацыд чындзæхсæвмæ, æмæ Уастырджи уайтагъд зæппадзы фестад. Нымæтын ехсæй æрцъыкк ласта Дзерассæйы, æмæ Дзерассæ удæгасæй цы уыд, авд ахæмы хуыздæр фестад. Æмæ йæм бацыд, стæй та йæм бауагъта йæ бæхы æмæ йæ егары. Уый фæстæ та йæ нымæтын ехсæй æрцъыкк ласта, æмæ ус фæстæмæ куыд уыд, афтæ мардæй фестад.

Афæдзы фæстæ Дзерассæ-Сасанайæн мардæй зæппадзы райгуырд Сатана, Æрфæн æмæ Силæм.

Дзерассæйы фыццаг зæнæг сты Æхсæртæджы фаззон фырттæ Нарты номдзыд хистæр Уырызмæг æмæ болатрихи Хæмыц. Фæстæдæр ын

цæугæдæтты æмæ суадæтты бардуаг Гæтæгæй та æнæбары райгуырд Нарты фыдбылыз гæды Сырдон. Йæ фырттæ Уырызмæг æмæ Хæмыц та йæ сæ фыды фыд Уæрхæгæн сус кодтой.

Дзерассæ-рæсугъд (Сасана) у Нарты Стыр мад — царддæттæг мад. Зæххау у рæдау, рæвдауæг æмæ бæркадджын. Йæхи нæ, фæлæ йыл иннæты аххосæй дæр цы бæллæхтæ æрцыд, уыдоны фæстиуджытæ дæр Нартæн сты хорзы, хæрзаудæны æмæ кады хос.

ДЗЕХ — Нарты кадджыты Уазы фырт.

ДЗИГЛО — афтæ хонынц уæйгуытæ нæртон адæмы, фылдæр та: «Хæххон дзигло».

ДЗИНКЪУЫР — иуæй-иу аргъæутты хæйрæджыты хистæры хонынц Дзинкъуыр, хæйрæджыты та уымæ гæсгæ — дзинкъуыртæ.

ДЗИНКЪУЫРТÆ — адæймаджы цæрæн бынатмæ, йæ исбонмæ бар чи дары, знаггадæй сын тас кæмæй у, уыцы хæйрæджытæ.

ДЗИНКЪУЫРТЫ ÆХСÆВ — дзинкъуыртæ у хæйрæджыты фæсномыг, Дзинкъуыр та — сæ хистæр. Кæддæр ирон адæм хæйрæджытæн дæр кодтой сæрмагонд æхсæв, æмæ йæ фæсномыгæй хуыдтой Дзинкъуырты æхсæв. Хæйрæджытæн сæрмагонд æхсæв кæй кодтой, уый уымæй дæр бæрæг у, æмæ ма абон дæр иуæй-иутæ Бынаты хицауы (бардуаджы) æхсæв Хæйрæджыты (Дзинкъуырты) æхсæв дæр хонынц.

ДЗИРИЙЫ ДЗУАР — кувæндон Куырттаты комы, Цымытийæ Хæрисджыны æхсæн бæрзонд хохы сæр. Йæ бон вæййы Хетæджы Уастырджийы бæрæгбонимæ иумæ. Куывды йæм цыдысты æмæ цæуынц Цымытийы, Къадаты, Хидыхъусы, Хæрисджыны, Къора æмæ Уырыхъæуы цæрджытæ. Раздæр-иу бæрæгбоны размæ нæлгоймаг кæстæртæ дзуары лæгтимæ кусарт акодтой Дзуары бын, стæй-иу ссыгътой цырагъ, цæмæй кувæндон æнæхъæн æхсæв рухс кодтаид. Уым-иу бахсæвиуат кодтой уæйлаг нымæттыл. Райсомæй-иу сæм адæм ссыдысты куывды. Алы хæдзарæн дæр дзуары лæг лæвæрдта, афæдзы дæргъы кувæндоны бæрцуаты цы фæдзæхсæн бæгæны æвæрд уыд, уымæй. Сæ бæгæныйыл-иу сын дзы æркалдта. Афæдзмæ-иу йæ ад уæлдайхуызон дæр нæ фæци.

Цъæх нæууыл-иу хъазт скодтой. Кувæндонмæ раздæр къахыдарæсы ничи цыд. Фæстæдæр уыцы æгъдау ферох.

Уалдзæджы-иу Дзуары лæг хъæутыл æрзылд, хæлттæ-иу сæппæрстой, æмæ-иу кæй хал схаудта, уыцы хæдзар сæрдмæ хаста æхсæны кусæрттаг. Ныр æй æлхæнынц мысайнæгтæй æмæ йæ цæттæ æргæвстæй сласынц дзуары бынмæ.

ДЗУАР — кувæндон, стæй, кувæндон кæй номыл ис, уыцы сыгъдæг уд. Ирыстоны Дзуар — кувæндæттæ фылдæр сты чырыстон аргъуанты кæнæ сæ хæлддзæгты. Уый уымæн, æмæ ирон адæмы æхсæн Чырыстон дин чи хæлиу кодта, уыдон аргъуантæ арæзтой ирон кувæндæтты бынæтты. Цæмæй сæм адæм фылдæр цыдаиккой, æмæ сæ сæхи дины ‘рдæм здæхтаиккой. Ахæм Дзуæрттæ-кувæндæттæ Ирыстоны фæзынд Уасджеорджийæн (Уасгергийæн), Мады-

Майрæмæн, Елиайæн, Фыд Иуанæн æмæ Чырыстон дины иннæ сыгъдæг удтæн. Уыдоны ирон динон уырнынад æмæ Чырыстон дин куырмæлхынцъау систы, æмæ сæ фылдæр хатт фæхицæн кæнæн зын вæййы.

Дзуар хонынц кæрæдзийыл цæхгæрмæ æвæрд дыууæ хъилы, Чырыстийы кæуыл байтыгътой, уый дæр. Ахæм Дзуæрттæ-дзуарæвæрдтæ ис алы аргъуаны цъупп сæрыл дæр, стæй сæ бахизæнты æмæ мидæгæй. Алыхуызон згъæртæй æмæ ма суанг хъæдæй дæр, фылдæр та сыгъзæрин æмæ æвзистæй конд Дзуæрттæ сæ риутыл Чырыстийы фæлгонцимæ, стæй æнæ уымæй дæр дарынц дины кусджытæ æмæ адæм.

Дзырд дзуары мидис ирон адæмон сфæлдыстады хатт рахизы Дзуар-кувæндоныл аудæг пахуымпар лæгмæ дæр. Зæгъæм, кадæг «Батрадз Нарты дзуары куыд фæнадта». Иуæй-иу кадæггæнджытæ хæццæ кæнынц зæдтæ æмæ дауджыты. Уый нæ, фæлæ ма сæ дзуæрттæ дæр хонынц.

ДЗУАРÆВÆРД — дыууæ лæдзæджы, хъилы кæрæдзийы уæлæ цæхгæрмæ æвæрдæй хуыйнынц дзуарæвæрд. Дзуарæвæрды дины тæваг бауагъта Есо Чырысти. Уый байтыгъта уыцы хуызы: дыууæ хъæды кæрæдзийыл цæхгæрмæ хуыдыл. Ахæм расткъуымон дзуарæвæрдтæ зынаргъ згъæрæй ис аргъуанты цъуппытыл, дуæрттыл, къултыл, уаз бынæтты, чырыстон дингæнджыты риутыл. Кувгæйæ дæр сæхиуыл дзуар æфтауынц уыцы хуызы. Дзуарæвæрдтæ кæнынц ирæттæ дæр: кувæндæтты, сæ хæдзæртты астæуцæджындзтыл, згъæр æмæ хъæдын дзаумæттыл. Æцæг алыхуызæттæ. Фылдæр дамгъæ Х-йы хуызон. Зæгъæм, цины цы кусарт акæнынц, уый фых сæры ныхыл кардæй скæнынц ахæм дзуарæфтыд: хæххытæ сыкъаты бынтæй æруадзынц цæстыты бынтæм. Афтæ уымæн, æмæ ирон адæмы фыдæлтæм чырыстон дин æппæты фыццаг æрбахаста Есо Чырыстийы ахуыргæнинаг, апостол Андрей (Æндри). Уый чырыстон дин парахат кодта Чысыл Азийы, Фракийы, Македонийы, Сау Денджызы цæгатварс бæстæты, скифтæм, Днепры цæугæдæттыл, схæццæ суанг абоны горæт Киев кæм ис, уый онг. Уыд славянтæм дæр. Нæ азнымады 40 азы æрбацыд кавказаг алантæм дæр. Чырыстон дин æцæгæлон адæмты æхсæн парахат кæнгæйæ Æндри бирæ хъизæмæрттæ бавзæрста: надтой йæ, сырдтой йæ хъæутæй, горæттæй. Апостол фæстæдæр бафтыд горæт Патртæм, йæ хицау Эгсат æй æрцахсын кодта, æмæ цæмæй фыдмард акодтаид, уый тыххæй йæ Чырыстийау байтыгъта. Цы дзуарæвæрдыл æй байтыгътой, уый та уыд дамгъæ Х-йы хуызæн. Ацы дзуарæвæрд уырысмæ хуыйны «Андреевский крест» — Æндрийы дзуарæвæрд. Ис Уæрæсейы денджызон флоты тырысайыл дæр. Хуынгæ дæр «Андреевский флаг» кæны. Ис орден «Андрея Первозванного». Æндри нæ ферох ирæттæй дæр: йæ ном æвæрдтой æмæ æвæрынц сæ фырттыл, йæ дзуарæвæрд ис нæ кувæндæтты, æвæрæм æй цины хъуыддаджы фæдыл æргæвст кусæрттаджы фых сæры ныхыл.

ДЗУАРГУРТÆ — хъæуæй-иу æндæр ранмæ чи алыгъд, уæлдайдæр-иу ног хъæу куы скодтой, уыдон-иу фæндыд, сæ раздæры бынаты цæргæйæ цы зæдмæ

куывтой, уымæн сæ ног хъæуы дæр куы куывтаиккой, цæмæй сын, раздæр куыд æххуыс кодта, афтæ сыл ауда сæ ног цæрæн бынаты. Уый тыххæй-иу сæ зæронд хъæумæ ирон æгъдауимæ — фылдæр хатт нывонд кусæрттагимæ — æрбарвыстой æртæ лæджы — дзуар курынмæ. Дзуары бын-иу акодтой кусарт, хорз-иу скуывтаиккой, дзуар кæй номыл арæзт уыд, уыцы зæдмæ. Стæй-иу дзуары бынæй ахастой æрхъуын (кæс — «Æрхъуын»).

ДЗУАРЫ БОН — алы аз дæр алы кувæндоны дзуарæн дæр вæййы иу бæрæгбон — Дзуары бон. Уыцы бон, дам, ам арвы дуар гом вæййы, æмæ цы зæд, цы дуагмæ фæкувынц адæм, уымæ сæ кувын хуыздæр фехъуысы, хуыздæр æм æрыхъусы, æмæ сын арфæйагдæр вæййы. Гъе уымæ гæсгæ алы ирон дæр фæтырны йæ дзуарæн йæ боны йæ ном хуыздæр æмæ зæрдæхъæлдзæгдæрæй ссарынмæ. Уæлдайдæр Уастырджимæ кувæн бæрæгбæтты. Уæд, дам, уый Стыр Хуыцауы разæй рацæуы æмæ йын зæхмæ йæ хорздзинæдтæ æрхæссы адæмыл байуарынмæ.

Аларды æмæ Тутырмæ та афæдзы дæргъы вæййы дыууæ сæрмагонд кувæн боны: уалдзæджы æмæ фæззæджы сбæрæг кæнæм: Уалдзæджы Аларды, стæй Фæззæджы Аларды. Афтæ Тутыртæ дæр.

ДЗУАРЫ ЛÆГ — Дзуар-кувæндонмæ цæстдарæг, куывддонты зæдыл, дуагыл, дзуарыл чи бафæдзæхсы, сæ кувинæгтæй сын чи скувы, уыцы бæрнон æмæ куырыхон лæг. Уый у, кувæндон кæй номыл у, уымæй адæмы æхсæн минæвар. Рæстаг, сыгъдæг удæй, йæ хъуыддæгтæй æмæ буарæй дæр æгъдауджын, адæмы æмæ зæды, дуаджы, дзуары уарзон удгоймаг. Раздæр-иу æй æвзæрстой хъæуы кæнæ комы Ныхасы. Уым-иу адæм æмхуызонæй се ‘хсæнæй рахицæн кодтой, йæ кары чи бацыд, ахæм цалдæр лæджы. Дзуары бынмæ сыгъдæг удæй бацæуыны аккагыл кæй нымадтой, ахæмты. Уый фæстæ-иу, цал уыдысты, уал халы скодтой. Хæлттæй иуыл, æрмæстдæр иуыл, хъуамæ фыст уыдаид «Хуыцауы хал», иннæтæ уыдысты сыгъдæг. Кувæндоны бæгæныйæ кувæн стыр хъæзын къусмæ — уацамонгæмæ-иу сæ æркалдтой, къусы сæр-иу сыгъдæг хæцъилæй æрæмбæрзтой. Хæлтты-иу сцагътой, стæй æвзæрст лæгтæ æнæдзургæйæ иугай бæрнонæй, къусмæ нæ кæсгæйæ, ластой хæлттæ.

«Хуыцауы хал» фыст кæуыл уыд, уый-иу чи сласта, уымæн, дам, Хуыцау дæр æмæ, кувæндон кæй номыл арæзт у, уый дæр æххуыс кодта, уыдоны фæндон дæр у, уыдон æй равзæрстой, æмæ хъуыддагыл дызæрдыг ничиуал кодта. Ног æвзæрст дзуары лæгыл-иу кувæндоны фарн бафтыдтой, æмæ-иу уайтагъд йæ хæстæ æххæст кæнын райдыдта.

Хатт Дзуары лæджы дæсныйад цыдис фыдæй фыртмæ. Уый-иу кувæндон йæ фарн кæуыл бафтыдта, уыдонмæ. Ныр дæр Тбау-Уациллайы кувæндон хонынц Гуццаты найфат. Уæдæ Дзывгъисы Уастырджийы кувæндон дæр фылдæр ис Елхъанаты бæрны.

Дзуары лæджы хæс стыр æмæ бæрнон у адæмы æууæнчы раз. Бæззы, уæд ын зæд, дуаг, дзуар исы йæ куывд, аккаг нæу, йæхи хорз нæ дары, уæд йæ

фыдæбон — дзæгъæлы. Уый тыххæй дзы алы бæрнон адæймаг дæр фæтырны зæды, бардуаджы, дзуары æмæ адæмы хъыджы мацæмæй бацæуынмæ, сæ ацыд, æрбацыд, сæ ныхас аив цæмæй уа, æхсызгонæй æххæст кæнынц æгъдау æмæ фæтк.

ДЗУАРЫ ФÆДОНТÆ — кувæндонмæ чи зилы, дзуары лæджы хæстæ фыдæй-фыртмæ кæмæ цæуынц, уыцы бинонтæ сты дзуары фæдонтæ. Зæгъæм, Дзывгъисы Уастырджийы кувæндонæн дзуары фæдонтæ сты Елхъанатæ, Тбау-Уациллайы кувæндонæн та — Гуццатæ.

ДЗУАРЫ ХУЫМ — хъæубæсты иумæйаг хуым, сæрмагондæй сæ хъæузæды номыл кæй дардтой, иумæ кæй куыстой, ахæм зæххы хай. Куыстой йæ æрмæстдæр нæлгоймæгтæ. Сылгоймæгты Дзуары хуыммæ нæ уагътой. Цы тыллæг дзы-иу систой, уый уыд нæфæтчиаг. Хардз æй кодтой Хъæузæды номыл иумæйаг куывдты. Хорæй уагътой бæгæны, арахъ, фыхтой чъиритæ, Дзуары хуымтæ цы хъæуты уыд, уыдоны сæ зæды кæнæ бардуаджы ном ссарыны куывдтæм цæттæ кæнгæйæ къусбар зилын нæ хъуыд, æмæ уый уыд бирæ аивдæр.

ДЗУАРЫ ХЪÆД — арæх ыл æмбæлæм адæмон сфæлдыстады. Борæ йæ фидæны цардæмбалимæ фыццаг хатт фембæлы Дзуары хъæды.

ДЗУДТЫ КУДЗИ — таурæгъон цуанон, Даредзанты Амраны иунæг уый федта Уæрсæджы хохы лæгæты æндон рæхыстæй бастæй. Ирон адæм ын стыр кад кæнынц: йæ арæхстдзинадæн, йæ зæрдæхæлардзинадæн, «мæгуырты мад» кæй уыд, уый тыххæй. Скодтой йыл кадгæнæг зарджытæ. Дæлдæр дзы — иу вариант.

ДЗУДТЫ КУДЗИЙЫ ЗАРÆГ

Афтæ, афтæ иу мады фырттау, ей,
Афтæ, афтæ бирæ цæрат, ей,
Дзудты Кудзи хорз цуанон, ей,
Ей-рирæ-рирæ, бирæ фæцæрат.
Ой йæ топпы къæдз — рæхсæнтæй баст,
Афтæмæй цуаны рараст и
Сывæллæтты мæгуырдзинады тыххæй.
Сывæллæттæ комахсæнты къахыл куыдтой.
Уæлæ сойæгтæй куы раппæрста
Уырдыгæй сывæллæттæн саджы мард.

ДЗУДЗУМАР — фосы Фæлвæрайы фырт. Гыццыл лæппу уыд Дзудзумар, æмæ йын фыстæ ахсын нæ куымдтой, æмæ-иу ын, фыййау цæугæйæ, æрмахуыр цъæх фысы æнæдыгъдæй ныууагътой. Уасхойы бæрзæндтыл-иу ривæд кодта алы бон дæр. Иу бон та ривæды афон æрмахуыр цъæх фысмæ фæсидтис. Йæ къус сисы æмæ фысы æрдуцы. Къус куы байдзаг вæййы, уæд Хуыцау фысты фæтæрсын кæны. Уыдон къус дæр фæдæлгоммæ кæнынц, æмæ лæппу дæр сæ быны фæвæййы. Афтæ йын æртæ хатты бакæны Хуыцау. Лæппу фæтæргай æмæ йе ‘взист иуæрдæм цæлвасы, йæ пæлæз — иннæрдæм, фосы та Хъылмайы коммæ æртæры. Уым сæ ныууадзы дзæгъæл.

Дзудзумарыл хъæугæрон къулбадæг ус амбæлы æмæ йæ уый Хуры чызг Азауханы æрдæм сардауы. Азаухан цæры Хохы сæр мæсыджы, дзаума хъалондар у Залиаг калмæн. Дзудзумар Залиаг калмы амары. Хуры чызгмæ ис нымæтын ехс. Уымæй быдыры лæгъз бынаты æбуалгъы галуан фестын кæны, йæ хуылфы та пылыстæгæй бандæттæ, сынтæджытæ, хуыссæнгарзæй цы ‘мбæлы, уыдон, æмæ кæрæдзи уарзгæйæ гъæйтт-мардзæ, зæгъгæ, дзæбæх цæрын райдыдтой.

ДЗУСХЪАРА — Нарты Батрадзы æвæджиау цирхъ. Кадджытæ нын куыд дзурынц, афтæмæй-иу Дзусхъара йæхæдæг дæр сыстад знæгты ныхмæ æмæ сæ дзæнгæлтæ кодта. Иу кадæджы Батрадз куы мæлы, уæд, цæмæй йæ цирхъ знæгты къухмæ ма бахауа, уый тыххæй Нартæн бафæдзæхста Дзусхъарайы денджызы ныппарын. Цирхъ егъау æмæ уæззау уыд, цалдæр цæды галтæ йыл баивтыгътой æмæ йæ тыххæйты денджызы былмæ баластой. Денджызы йæ куы ауагътой, уæд Батрадз æнцад-æнцойæ амæлы.

ДЗЫВГЪИСЫ УАСТЫРДЖИ — кувæндон Куырттаты комы. Йæ бæрæгбон ын кæнынц сæрды Уациллайæ къуыри раздæр. Æрæмбырд æм вæййынц комбæстæ, стæй сæ хæрæфырттæ æмæ, Куырттаты комæй æндæр рæттæм цæрынмæ чи алыгъд, уыдон. Иумæйаг куывдæн мысайнæгтæй балхæнынц нывондæгтæ — галтæ. Йæ бынмæ хицæн бинонтæ кувинагæн хæссынц æртыгай æртæдзыхонтæ, æртыгай фæрсчытæ, дзыкка, алыхуызон нозт æмæ мысайнæгтæ.

Куырттаты комы Дзывгъисы хъæуы Уастырджимæ кувæндон-дзуар куыд равзæрд, уый тыххæй фыдæлтæй абонмæ æрхæццæ ахæм хабар. Иу зымæджы, зæгъы, тынг бирæ мит ныууарыд. Рæгъты, фæхстыл бирæ æрæвæрдта, фæндæгтыл зын цæуæн сси. Æрмæст Дзывгъисы ацы фæзгондыл мит не ‘рхæцыд. Адæм дис кодтой ацы хабарыл. Фарстой, цæмæн афтæ у, зæгъгæ. Уæд дзы чидæр афтæ бакодта: «Хуыцау нын амоны ацы ран кувæндон саразын, æмæ ма цæмæ кæсæм». Уыйадыл ам сарæзтой сыджытсæр агъуыст — кувæндон æмæ дзы кувын райдыдтой Уастырджимæ.

Афтæ равзæрд Дзывгъисы дзуар-кувæндон. Фæстæдæр æй комбæстæ æмдыхæй ногæй рацарæзтой, фæегъаудæр æй кодтой. Чырыстон дин парахатгæнджытæ йæ Уаз Георгиимæ бабастой æмæ йын XVII æнусы Гуырдзыйы паддзæхтæ Арчил æмæ Георгий XI егъау дзæнгæрджытæ балæвар кодтой. Арчил ын цы дзæнгæрæг балæвар кодта, ууыл гуырдзиагау фыст ис: «Хуыцау зæгъæд, йæ зæллангмæ куыд цæуой дæуæн кад кæнынмæ». Ацы дзæнгæрæг ныр æвæрд ис Бæстæзонæн музейы.

Уастырджимæ кувæндон-дзуармæ сæ хъус тынг дарынц комбæстæ. Нымд дзы кæнынц æмæ йæ рæстæгæй-рæстæгмæ цалцæг кæнынц. Йæ бахизæны къулыл уырыссагау ис ахæм рагон фыст: «На имя св. Георгия Победоносца подя название Дзивгись Дзуарь строение издревле сторожами, Уги Елканов, Бимбол и Хаматхан Хаматовы. Ремонтирована Илья Цгоевым. 1902». Кувæндон ногæй арæзт æрцыд цалдæр азы размæ дæр. Фæуæрæхдæр сты йæ авналæнтæ, йæ

фадæттæ. Дзуары лæгтæ дзы раздæр уыдысты Хæмæтаты Науырыз, йæ фырт Саукуыдз, уый фæстæ — Елхъанаты Мули.

«Дзывгъисы дзуары цурты чи фæцæйцыдаид бæхыл бадгæйæ, уый-иу рахызт йæ бæхæй, — фыссы Къарджиаты Бекызæ йæ чиныг «Ирон æгъдæуттæ»-йы. — Уæрдоны чи бадтаид, уый дæр — афтæ. Æхца — дыууæ урс суарийы, æртæ урс суарийы, йе та абази — кæмæ уыдаид, уый дзы-иу цæвæрдта мысайнаг, цæмæй йæ дзуар фæндараст фæкæна, уый тыххæй. Быдырмæ-иу исчи куы лыгъдис, уæд уый дæр уыцы ран куывта чъиритæ, физонæг æмæ ноз тæй, цæмæй йæ Дзывгъисы дзуар фæндараст фæкæна. Чындз-иу Дзывгъисы дзуары цурты чи хаста, уыдон-иу уым рахызтысты æмæ-иу æмхуызонæй фæкуывтой, цæмæй сын сæ ног чындзы Дзывгъисы дзуар амонджын фæкæна, уый тыххæй. Дзывгъисы дзуары бынты цыдæриддæр адæймаг цыдаид, уымæн йæ худ æнæсисгæ нæ уыдис…» Ныр дæр ацы æгъдæуттæ æххæстгонд цæуынц зæрдиагæй.

ДЗЫГУЫН ГАЛТÆ — Нарты кадджыты егъау, фидар, уæнгдых, гуырдых тыхджын галтæ. Кæд, мыййаг, къамбецгалтæ. Дзыгуын амыдта къамбец.

ДЗЫККА КЪАХ — фырты райгуырдмæ бæлгæйæ, мадæлтæ куывтой Мады зæдмæ, Мады-Майрæммæ, фыдæлтæ — Фыры дзуармæ. Сæ кувын хъуырыцъарæй уыд æмæ ныр дæр вæййы, фæд-фæдыл чызджытæ кæмæн фæгуыры, уыцы чындзæн, йæ бинонтæн, йæ цæгатæн. Æмæ та йын чызг куы райгуыры, уæд ма сæ маст суадзынц ноггуырдæн ахæм арфæйæ: «Дæ къах дзыккайы тъыст фæуæд!». Чызджы цæгатæн та: «Иннæ хатт кæхц хæсджын куыд фæуат, уый уын Хуыцауы цæст бауарзæд!».

Кæхцгæнæнты раздæр æмæ ныр дæр, чызджы фæстæ лæппу кæмæн райгуыры, уыцы бинонтæ сфыцынц дзыкка, къусы йæ æруазал кæнынц, стæй дзы, фынгыл хистæртæ æртæ чъирийæ куы скувынц, уæд, фырты размæ цы чызг райгуырд, уый къахвæд сисынц. Куы райгуырд, уæд ын цæмæ фæкуывтой, уый — «Дæ къах дзыккайы тылд фæуæд» — сæххæст кæнынц. Ахæм чызджы хонынц: «Дзыкка къах».

ДЗЫЛАТ — кувæндон æмæ бынат Елхоты бакомкоммæ Терчы фале. Кувæндон ис хохы рагъыл. Раздæр æм адæм уæлæмæ куывддоны цыдысты. Ам сæхи Уастырджийыл, Хоры Уацилла æмæ Фосы Фæлвæрайыл фæдзæхстой. Ныр кувæндон фæндаджы былмæ æрхастой, æмæ дзы бæлццæттæ сæхи Фæндагсар Уастырджийыл бафæдзæхсынц.

ДЗЫЛАТЫ ХЪÆУ — хъæу Нарты кадджыты. Ис ын быдыртæ, зымæгон хизæнтæ.

ДЗЫЛÆУ — Нарты фыдæл Сæуæссæйы æртæ фыртæй астæуккаг. «Дзылæу — цæхæрцæст», — афтæ йæ хоны кадæг. Иу бон, цуан кæнгæйæ, сау хъæды астæу цъæх нæуу æрдузы йæ цæст æрхæцыд дыууæ нæл сагыл. Дыууæ нæл саджы сбыцæу сты, — гуыппытæ кæнгæ кæрæдзи айстой æмæ пыхсыты тынг стыхстысты. Бæласы саггомы фæфидар сты. Афтæмæй сыл Дзылæу йæхи рауагъта, цъиусурау се ‘ккой абадт. Сбæттынмæ сæ хъавыди, фæлæ сагтæ фыр

тæсæй бæлас атыдтой æмæ Дзылæуы се ‘ккой ахастой.

Дыууæ саджы, дын, хауыны тасæй
Дзылæу йæхимæ тынг æрбалхъывта.
Сагтæ йæ хастой, пакъуыйау, рогæн,
Тæхынц, цæргæсау, нæй сын уромæн.

Нарты зæххæй йæ ахастой æмæ уæйгуыты зæххыл фыццаг быруйы сæрты басæррæтт ластой, фæлæ дыккаджы сæрты нал афæрæзтой æмæ йæ цуры дзыхълæуд фæкодтой. Дзылæу сæ сæрты размæ атахти, йæхи ныццавта æмæ бауадзыг. Уæйгуыты хо йæм æрхызт, йæ хъæдгæмттæм ын базылд, сагахсæн хыз ын радта. Дзылæу дыууæ саджы æрцахста. Сæхъис бæндæнæй сын сæрбос скодта, æмæ йæ уæйгуыты хо, йе ‘фсымæртæй йын тæрсгæйæ, Нартмæ рарвыста.

Æфсæрон уæйгуыты хо æмæ Дзылæу кæрæдзийы зæрдæмæ фæцыдысты. Уæйгуытæ йын æй æнæсхæцгæ кæй нæ ратдзысты, уый зыдта Дзылæу, æмæ йæ фæстæдæр йе ‘фсымæр Болатбæрзæимæ аскъæфтой. Уæйгуытæ сæ базыдтой æмæ сæ фæдисы расырдтой. Семæ схæцыдысты, æмæ уыцы тохы фæмард вæййы Дзылæу.

Дзылæу стыр сгуыхтдзинæдтæ кæм æвдисы, ахæм кадджытæ нæй, фæлæ йæ номимæ баст у адæджы равзæрд. «Тулдзы хихтæм, дын, Дзылæу февнæлдта, ыстыр адæг дзы уый ацарæзта, сæрджын сагты дзы куы баифтыгъта», — зæгъы нын кадæг. Адæгæй ирон зæхкусæг адæм пайда кодтой, похци цалынмæ нæ фæзынд, уæдмæ. Кадæджы Дзылæу йæ адæгыл сæвæры, йæ фыды хуым бакæенынæн ын æй цы чысыл лæппу ракуры, уый, æмæ йæ æд сагтæ ауадзы.

Ирон стыр курдиатджын нывгæнæг Тугъанты Махарбег сфæлдыста, сагтæ бæласы саггомы куыд стыхстысты, стæй Дзылæуы Нарты зæххæй куыд ахастой æмæ сæ, адæджы ифтыгъдæй, Зæрисæры лæппу куыд фескъæры, ахæм æртæ нывы. Уыдон кадджыты мидис кæнынц ноджы цымыдисагдæр.

ДЗЫЛЫ — Нæртон лæг, Уациллайы хæлар.

ДЗЫНДЗ-АЛАСА — зæлдаг, сыгъзæринхуыз аласа. Чысыл уæвгæйæ тыхджын, фæразон, уайгæ æмæ тæхгæ дæр чи кæны, ахæм таурæгъон бæх. Кадæг «Сослан Косеры куыд ракуырдта»-йы Сосланы Косеры тæхгæ æмæ цæугæ мæсыг арвы хæдбынмæ куы схæццæ кодта, уæд фырмæстæй уырдыгæй йæхи раппæрста æмæ йе ‘мбæрц зæхх ныттыдта, авд дæлдзæхы фæци æмæ хæйрæджытæм ныххаудта. Уым хæйрæджытæн сæ рæгъау фæтардæуыд, æмæ хæйрæджыты æлдар Сосланы дæр арвиты фæдисы. Уый тыххæй йæ, куыд хорз уазæг, афтæ сбадын кæны Дзындз-Аласайыл.

ДЗЫНДЗ-ÆРДУ — адæмон сфæлдыстады сыгъзæрин æрду. Хæйрæджытæм ис ахæм æрду бæх. Хонгæ дæр æй кæнынц: «Дзындз-Аласа».

ДЗЫХЫ ДОН — Нартæ нуазыны дон кæцæй хастой, уый.

– Е –

ЕГУЫНА ХУД — мæгуырау худ адæмон сфæлдыстады.

ЕЛДА — Уырызмæджы фыццаг ус. Уырызмæг йæ лæджы бынатмæ куы бахæццæ ис, уæд ракуырдта Алæгаты рæсугъд Елдайы, фæлæ сæ Сатана цæрын нæ бауагъта. Мой кæныны афон ын куы æрцыди, уæд зæдты æхсæн дæр Уырызмæгæй хъаруджындæр æмæ зондджындæр никæй ардта. Æмæ йæ мæнгардæй йæхирдыгæй фæкодта. Уырызмæг æмæ Сатана æхсæвы сæ уаты дыууæйæ куы баззадысты, уæд ма Елда дуæрттæ хоста, рауай-бауай кодта, æмæ йын дуар куынæ кодтой, уæд мæстæй фæзæрдæдзæф — амард.

ЕЛНАТÆ — хицæн кадджытæм гæсгæ зæххыл фыццаджы фыццаг цардысты Елнатæ.

ЕЛИА — Уациллайы афтæ дæр хонынц ирон адæмон сфæлдыстады. Кадæг «Ацæмæз æмæ Агуындæ-рæсугъд»-ы кæсæм: «Сæ чындзхæсджытыл сæ фæндаг ракодтой: Æрджынарæгмæ бацыдысты Тæтæртупмæ, Куырыппы бæрзондмæ ссыдысты Быдыры зæдмæ, Тбауы хохмæ — рухс Елиамæ (ома Тбау-Уацилламæ), Уазайы бæрзондмæ — хорз Ныкколамæ, Адайы цъупмæ — кадджын Æфсатимæ, Хъæриуы хохмæ — фосы Фæлвæрамæ, уæларвæй та ракодтой бæрзонд Уастырджийы». Хонынц æй мæнгæрдты сурæг æмæ æхсарджын рухс Елиа. Хæларæй цæры Нартимæ. Ацæмæзæн у чындзхæссæг. Цæуы чындзхæсджыты разæй, йæ бæхыл хъазгæ: йæ ехсы цъыкк вæййы арвы нæрынау, йæ арцы цæхæр та у арвæн йæ ферттывд, йæ бæхы къахы фæд — æнæхъæн адаг, йæ бæхы фынк та — зымæгон тымыгъ.

ЕЛТАГЪАН — Нарты кадджыты Куыцыччы фырт. Сосланимæ Сахъолайы уæзæгыл хæснагыл хъулæй ахъазыд, фембылд ын ис, æмæ йын Сослан йæ сæры царм растыгъта. Йæ кæрцæн тæрттæ нæ уыд, æмæ сæ Сырдоны ардыдæй Куыцыччы фырт Елтагъаны сыгъзæрин сæрыдзармæй баххæст кодта. Сосланы кæрц та уыд лæджы сæрдзæрмттæй æмæ рихидзæрмттæй хуыд.

ЕЛЫЗБАР — дæлимонты паддзах. Авд дæлдзæхы — йæ цæрæн бынат.

ЕЛЫНАТЫ ЕЛОЙ — нæртон лæг, Хуыцауы хæрæфырт.

ЕРДО — рагон ирон хохаг хæдзары цары астæу, артгæнæны сæрмæ хуынкъ-фæздæгдзæуæн. Иуæй-иу рæтты ердо афтæ аив, фæрæзджын цъуппарыст кодтой, æмæ уыцы-иу рæстæг уыд рудзынгау рухсдзæуæн дæр.

– З –

ЗАДАЛЕСЧЫ НАНА — Дыгургомы Задалесчы хъæуы фарсмæ лæгæты ис кувæндон. Йæ кой йын, æвæццæгæн, алчидæр фехъуыстаид, фæлæ йын йæ равзæрд алчи нæ зондзæн. Цыппæрдæсæм æнусы кæрон æвирхъау залым тыхгæнæг Тимур (Тамерлан) зынг бафтыдта æгас Кавказыл. Йæ фыдбылыз царæфтыд бакодта кæддæры фидар æмæ тыхджын Аланты паддзахады дæр. Йæ быдырты йын йæ сахартæ æмæ хъæутыл дур дурыл нал ныууагъта, адæмы цагъта стырæй-чысылæй, зæрондæй-ногæй. Адæмæй ма йæ сæрæн чи уыд, уыдон сæхи айстой хæхты цъассытæм Дыгургоммæ дæр.

Уыцы рæстæджы, адæмы фарн æмæ Хуыцауы хорзæхæй хайджын иу алайнаг сылгоймаг, куыддæртæй удæгасæй баззад æмæ хъæды знаджы сусæгæй æмбырд кæнын райдыдта хæлд æмæ сыгъд хъæутæ æмæ сахартæй æвæгæсæг сидзæр сабиты. Йæ уды хъармæй сæ барæвдыдта, цыдæр бызгъуыртæ сыл баппæрста, хæринагæй сæ фæхъуыртхъом кодта æмæ сæ хæхтæм — Дыгургоммæ акодта. Уым Задалесчы хъæуы цур (уæд дзы хъæу нæма уыд) æрцард йæ сабитимæ егъау лæгæты. Ссис сын иумæйаг мад, хонгæ та йæ кодтой Нана. Хъæддаг дыргъ æмæ халсарæй сæ бахъомыл кодта. Уый фæстæ лæппутæ устытæ ракуырдтой. Чызджытæ чындзыты фæцыдысты æмæ хъæутæ сарæзтой.

Афтæ Хуыцауысконд иу сылгоймаг Нана (йæ мыггаг ын ничи зоны, йæ ном у Иронæ) бахъахъхъæдта æнæхъæн комыдзаг адæмы фидæн æмæ баззад адæмы зæрдæты, зарæджы, историйы хорзæн мысынæн. Бацыд ирон адæмы мады фæлгонцы, æмæ йæ æдзухдæр кадимæ, намысимæ æрымысæм.

Задалесчы хъæуы цæрджытæн та уыцы лæгæт Нанайы хъомылгонд цоты фæдзæхстмæ гæсгæ ссис кувæндон. Хонынц æй Задалесчы Нанайы кувæндон. Алы аз дæр ын скæнынц куывдтæ æмæ йæ фарныл сæхи бафæдзæхсынц. Суанг талынгтæм сæ хъæлдзæг зард æмæ къæрццæмдзæгъд фæарауынц Колосчы комы хæхтæ.

ЗАЗХÆССÆН — мардæгъдау. Кæнынц æй Куадзæнæй къуыри раздæр сабат боны, афæдзы дæргъы чи амард, уыдоны рухс ном æрымысынæн. «Зазхæссæны бон мыггаг, сыхæгтæ æмæ хæстæджытæ марды ном ардтой мархойы хæринæгтæй, — фыста Хозиты Федыр йæ чиныг «Ирон фынджы æгъдæуттæ»-йы. — Хæлар ын кодтой йæ дзаумæттæ æмæ йæ дарæс. Фынгыл æвæрдтой арахъ, бæгæны, бæзджын æмæ тæнæг къуымæл, суары къус, доны къози, кæфы фыд æмæ цæхджын кæсæгтæ, æнхъизæнджынтæ, цуанитæ, тыппырæттæ, задынтæ, лакъамитæ, скъудаджынтæ, хъæдурджынтæ, нартхор, мæнæу æмæ хъæдуры дзæрнатæ, ихын æмæ хуымæтæджы сæкæртæ — цыбыр дзырдæй, мархойы хæринæгтæй къухы цы уыди, уыдон се ‘ппæт дæр. Семæ-иу фынгыл æнæмæнг æрæвæрдтой цæхх æмæ кард дæр. Хæлар сæ кодтой ацæргæ лæгтæ æмæ зæронд устытæ. Фæйнæ сыкъайы-иу баныздтой хæдзарвæндаг æмæ сыхаг лæгты къорд».

Уыцы бон-иу, стæй ныр дæр, иуæй-иу хъæуты зазы стыргомау къалиу сфæлыстой алыхуызон дыргътæ æмæ адджинæгтæй. Сауыгътой-иу ыл къаффеттæ, дыргъты хустæ, æнгузтæ æмæ æндæр хæрзад хæринæгтæ хæлттæгондæй. Хуыдтой йæ Æлæм. Зазы къалиу — Æлæм-иу мардæн куы ныххæлар кодтой, уæд æй хастой уæлмæрдмæ. Ацы марды æгъдау Зазхæссæн дæр уымæн хуыйны. Зазы къалиу — Æлæм уæлмæрдмæ хаста барæг, ныр та — устытæ. Фæндагыл ын йæ дыргътæ, адджинæгтæ байуарынц сывæллæттæн. Хæларгонд хæринæгтæй сывæллæтты барæвдауын ирон адæмы уырнынадмæ гæсгæ мардæн мæрдты бæсты æхцон у. Зазы къалиуыл ма цы чысыл муртæ аззайы, уыдонимæ йæ уæлмæрдмæ бахæццæ кæнынц. Уым дæр та мардæн Æлæм æмæ сæ хæссинæгтæй, рухсаг у, фæзæгъынц. Стæй йын зазы къалиу йæ цырты фарсмæ ныууадзынц.

ЗАЛИАГ (ЗАРИАГ) КАЛМ — аргъæутты æмæ таурæгъты хъæбатыртæ тох кæнынц цыдæр æбæрæг хилаг цæрæгойимæ, адæмæн фыдбылыз чи хæссы, ахæмимæ. Æмæ йыл тыххæйты фæуæлахиз вæййынц. Залиаг калм аныхъуыры Амраны. Уый йæ мидæгæй йæ кардæй ныллыгтæ кæны, амары йæ æмæ йæ хуылфæй раирвæзы бынтон лæгуынæй. Батрадз та сæ бирæгæйттæй цæгъды. Уый нæ, фæлæ ма сын сæ мæрдтæй Куырдалæгон æвзалы кæны æмæ Батрадзы уыцы æвзалыйæ байсæры.

ЗАЛТЫ МИТ — ирон адæмон сфæлдыстады амоны тынг бирæ мит. «Залты мит æмæ æнусты цъити — иттæг бирæ мит æруарыд».

ЗАЛДЗÆГ — цæгтæй конд æфсæн хæдон. Арæх æмбæлы адæмон сфæлдыстады. Ахæм хæдон дарынц хъæбатыртæ.

ЗАЛЫМ — адæмы тыхæй йæ дæлбар чи бакæны, адæймагæй сыл хъалон чи сæвæры, ахæм фыдгоймаг адæмон сфæлдыстады.

ЗÆД — ирон мифологийы, стæй абоны ирон ныхасы дæр арæх æмбæлæм: «Зæдтæ æмæ Дауджытæ æххуысгæнæг уæнт», — зæгъгæ, ахæм дзырдбастыл. Зæдтæ æмæ Дауджытæм кувынц Нарты адæм дæр, æмæ сын ахъаз кæнынц. Зæдтæ æмæ Дауджытæ сты Хуыцауы дæлбар. Уæлдæр загъд уыдис Дауджыты тыххæй. Уыдон цæрынц Зæххыл, сæ бон у кæмфæнды дæр февзæрын, æмхиц сты адæймагæн тых ракæнынмæ. Уымæ гæсгæ сын табу кæнæм.

Зæдтæ цæрынц уæларвы. Хуыцауы размæ бацæуæн сын ис, куы сæ æрцагура, уæд. Æрмæст иунæг Уастырджи йæм цæуы æнæ бар ракургæйæ. Арæх фехъусæн вæййы: «Æз æхсæвыгон зæд атæхгæ федтон…». Ироны дунеæмбарынадмæ гæсгæ, Зæдтæ арвæй тæхынц Зæхмæ, уæлдайдæр та сæ кувæндæттæм. Æмæ хорз у, тæхгæ сæ куы фенай, уæд.

Зæдтæм хæрамдзинадæй ницы ис. Æдзухдæр сæ тæрхæттæ сты рæстдзинадыл, адæмæн бахъуысыл. Сæ тæрхоны бынæттæ та сты Уарпы æмæ Хъæриу-хохы бæрзæндтыл, Уазайы цъуппыл. Зæдтæ хæларзæрдæ сты, адæймаджы хъыджы нæ цæуынц, фæлæ сыл Сырдон Батрадзы сардауы, дæ фыд Хæмыцы дын уыдоны, фæндонæй амардтой, зæгъгæ, æмæ сæ уый фыдæй

Батрадз цагъта.

ЗÆДЫ КЪАЛИУ — зæды æххуысгæнæг, йæ цумагæнæг, уырыссагау ангелочек.

ЗÆНДЖЫ УАСТЫРДЖИ — кувæндон Куырттаты комы.

ЗÆППАДЗ — хæхбæсты зæхх кæй нæ фаг кодта, æвæццæгæн, уый тыххæй ирон адæм иу рæстæджы сæ мæрдты ныгæнгæ нал кодтой, фæлæ сын арæзтой зæппæдзтæ. Нарты гуыппырсартæ-иу куы амардысты, уæд уыдоны дæр æвæрдтой зæппадзы. Зæппадзы мард баваерын, æвæццæгæн, кадджын уыд, æмæ уыцы кады фæдыл дæр цыдысты нæ фыдæлтæ. Нæ хæхбæсты кæцыфæнды комыл дæр дæ цæст ахæсс æмæ дзы фендзынæ бирæ зæппæдзтæ. Дунейæн зындгонд у Хохы Дæргъæвсы зæппæдзты горæт. Уырыссагау та йæ рахуыдтой Мæрдты горæт. Сты 95 зæппадзы — алы мыггæгты æмæ хицæн бинонты. Ахуыргæндтæ куыд зæгъынц, уымæ гæсгæ арæзт æрцыдысты XV-XVIII æнусты, хæхбæсты-иу рын адæмы куы ныццагъта, уыцы рæстæджыты. Зæппадзы мард æвæргæ кæй кодтой, уымæ гæсгæ ма абон дæр дзурæм: мардæвæрæн бон, мард кæд æвæрынц, ныгæныны бæсты.

ЗÆППАДЗЫ ÆДДЕ ОБАУ СКОДТОЙ — иу кадæгмæ гæсгæ Нарты Батрадз Къибиты фæзы Хуры азарæй æнæдон зæххыл сырх зынг фесты æмæ амæлы. Зæххыл куы ахауд, уæд дзы йæ уæзæй ныдздзыхъхъ кодта. Уырдыгæй йæ нартæ сисын нал сфæрæзтой æмæ йыл зæппадз сарæзтой. Зæппадзы æдде та обау скодтой, егъæуттæ обау, дардмæ куыд зына, æнусты æнусмæ бæрæг куыд дара.

ЗÆРВАТЫКК — Нарты, стæй ирон адæмы уарзондæр маргъ. Сатанайы фæдисон, Хуыцауы цумагæнæн. «Адæмæн уарзон маргъ фæу, зæрватыкк», — ахæм арфæ йын Сослан ракодта, Зилахары быдыры йын Балсæджы цалх йæ уæрджытæ куы ахауын кодта, уæд ын Æхсæртæггатæм фæдисхъæргæнæг кæй атахт, уый тыххæй. «Бахæццæ ис зæрватыкк Нарты хъæумæ, Æхсæртæггаты хæдзары аххæрæгыл абадтис. Ныцъцъыбар-цъыбур кодта:

«Сосланы уын Балсæджы Цалх йæ уæрджытыл ахауын кодта Зилахары быдыры, æмæ мæлы уым æнæ цæстыл хæцæгæй», — зæгъы нын кадæг «Сосланы мæлæт». Кæнæ Сатана куы фæтыхсы, уæд йæ фæдисхъæргæнæг чи вæйиы? Зæрватыкк. Æххуысагур æй арвиты Нарты гуыппырсартæм. Нартæ Хуыцауимæ сæ тых бавзарын куы сфæнд кодтой æмæ йæм куы нал куывтой, уæд дæр сæм Зæрватыччы рарвыста, фæцу-ма Нартмæ æмæ мын сæ бафæрс, цæуыл у сæ тæргай, зæгъгæ. Зæрватыкк æртахти, Нарты Ныхасы талайыл абадт æмæ сын хатиагау радзырдта Хуыцауы фарст. Уырызмæг æй бамбæрста. Зæрватыкк зоны нæртон æмæ хатиаг æвзаг дæр.

ЗÆРВАТЫКК ÆМÆ КАЛМ — Зæрватыкк иу ирон таурæгъы мæлæтæй фервæзын кæны сабийы. Цæвиттон, донæй хъаймæты рæстæг иу хуыцауыуарзон адæймаг йæ бинонтимæ, цæрæгойтимæ Хуыцауы фæндæй иу науы куы бамбырд сты, уæд сын сæ нау мыст фæхуынкъ кодта, æмæ дон мидæмæ цæуын байдыдта. Хуынкъ калм йæ къæдзилæй сæхгæдта, фæлæ хуыцауыуарзон адæймагæй фыдхæрыны бар æркуырдта. Уыцы уавæры йын «нæ» зæгъын йæ бон нал

уыд… Калм бындзы арвыста: «Ацу æмæ мын базон, цæрæгойтæй кæй фыд у адджындæр».

Бындз сбæрæг кодта, сывæллоны фыд кæй у æппæты адджындæр. Хабар калммæ нæма бахæццæ, афтæ йæ зæрватыкк базыдта, бындзы фæсте басырдта æмæ йын йе ‘взаг йæ рæбынæй стыдта. Калм та зæрватыкмæ фæлæбурдта æмæ ма йын йæ къæдзилыл фæхæст. Зæрватыкк дзы йæхи атыдта, йæ къæдзилæй ма иу хай калмы дзыхы аззад. Фæлæ бындз дзурын нал зыдта, йæ дывдывæй та йын æмбаргæ ницыуал бакодта, æмæ сывæллон мæлæтæй фервæзт.

Уæдæй абонмæ зæрватыккæн йæ къæдзил у саджилæг, бындз дзурын нал зоны, æрмæст ма дыв-дыв кæны, калм та йæ маст нæ рох кæны æмæ нæ ауæрды адæмыл хæцынæй.

ЗÆРДÆВÆРÆН — ирон адæммæ уæлдай уаздæр бынаты æвæрд сты ног мæрдтæ, афæдзы кæндтæ кæмæн нæма скодтой, уыдон. Афæдзы дæргъы сын сæ ном бирæ бæлвырд бонты æрымысынц сæ хиуон-хæстæджытимæ, сыхæгтимæ, зонгæтимæ. Уыцы бонтæй иу у Зæрдæвæрæн. Вæййы майы мæйы фæстаг цыппæрæмы.

Раздæр ирон адæм сæ марды ингæныл цырт æвæрдтой хохаг къæй дурæй, тъæпæн къæйдур ын-иу æрфæлдæхтой йæ риуыл дæр. «Дæ ингæны къæй дыл æрфæлдæхæд», — ахæм карз æлгъыст дæр ма нæм куы ис. Ингæны къæйы алыварс-иу уалдзæджы бадзæбæхтæ кодтой нæуцъар зæххы гæппæлтæй, цæмæй йыл кæрдæг схæца. Ногкъахт зæххыл хæмпæлгæрдæг ма фæтых уа æмæ иннæ уæлмæрдты хуызæн аив уа. Ацы мæрдты бон Зæрдæвæрæн — Зæлдæвæрæн дæр уымæн хуыйны. Зæлдæ рагон ирон æвзаджы амоны, цъæх кæрдæг, фылдæр мæхсискъ кæуыл зайы, ахæм нæуцъар. Дыгурмæ абон дæр ма нæуу у зæлдæх. Стæй ма нæм ис дзырд зæлдфæлындæн дæр: горæтты æмæ хъæуты уынгтæ бæлæстæй, къудзитæй, дидинджытæй, таугæ кæрдæджытæй фæлындын, аив кæнын. Ном Зæлдæвæрæны мыр-дамгъæ **л** рахизы **р**-мæ, æмæ дзы рауад Зæрдæвæрæн.

Иннæтæ та йын йæ номы хъусынц кусарты **зæрдæ** æмæ **æвæрын** — бавæрын. Æмæ уыцы бон мардæн рухсаг зæгъыны тыххæй цы кусарт акæнынц, уый зæрдæ фыхæй хæссынц уæлмæрдмæ. Уым æй баныгæнынц — бавæрынц сæ марды уæлмæрды. Уыцы æнæгъдауыл чидæртæ ноджыдæр ма бафтауынц æмæ уæлмæрды зæрдæимæ баныгæнынц кусарты къах, стæй ногахст кæсæгтæ. Ацы ми равзæрд «нæзоныны» фыдæй, «цыракæнонты» сæры. Кæй зæгъын æй хъæуы, уый раст нæу. Уый нæ, фæлæ ма сæ марды уæлмæрд куыйтæ æмæ гæдытæн дæр сфæйлауын кæнынц. Уыдон тæф тынг æнкъарынц, æмæ ныгæд зæрдæ, къах, кæсæгтæ скъахынц. Æнæфæтчиаг бахæрынц, æмæ уымæй мард кæны æгад.

Зæрдæвæрæн ирон адæм тынг рагæй бæрæг кæнынц, æвæццæгæн, чырыстон дин куы нæма фæзынд, уæд дæр æй бæрæг кодтой. Æмæ йæ сæйраг нысан у ног марды уæлмæрдмæ базилын, саив æй кæнын. Стæй йын уалдзыгон

халсартæ, гагадыргътæ ныххæлар кæнын. Марды уæлмæрдмæ æвналгæйæ, цырт ын ныссадзыны, къæйтæ æмæ йыл гæрæнтæ æвæрыны размæ дзы хатыр ракурын, стæй йын рухсаг зæгъын амоны не ‘гъдау, нæ дин. Зæрдæвæрæн — зæлдæ-нæууæвæрæн дæр уыд æмæ у ахæм бон, æмæ йын уый фæдыл йæ номыл скæнынц кæрдзынтæ, аргæвдынц далыс. Уыдонæй, халсартæй, гагадыргътæй адджинæгтæй, ностытæй, хæдзары йын сæ куы ныххæлар кæнынц, уæд иу хай устытæ ахæссынц уæлмæрдмæ. Уым ын сæ ныххæлар кæнынц. Иннæ æрцæттæгонд фынджыдзагæй та йын нæлгоймæгтæ рухсаг фæзæгъынц хæдзары.

ЗÆРДÆВÆРÆНЫ МÆЙ — май у афæдзы фæндзæм мæй. У Ромы мифологийы сылгоймаг бардуаг Майе-имæ баст. Майе латинагау амоны мад, дзидзидарæг мад. Ацы мæйæн нæ фыдæлтæ радтой цалдæр номы: Зæрдæвæрæны, Сыфтæры æмæ Ныкколайы мæй. Сыфтæры мæй цæмæн, уый æмбæрстгонд у, бæлæстыл сыфтæр уæд сарæх вæййы. Ныкколайы бæрæгбон дæр вæййы майы. Цы амоны зæрдæвæрæн? Фылдæр адæм æй афтæ цæмæн хонынц? Зæрдæвæрæн у ирон адæмæн иумæйаг мæрдты бон. Уæд нæуу феварынц ингæнтыл. Нæуу рагон ирон æвзагыл у зæлдæ. «Зæлдæ» рахызт «зæрдæмæ», «дзывырдарæй» «дзывылдар» куыд рауад, афтæ. Сонорон æмхъæлæсонтæ кæрæдзи æнцонæй ивынц.

ЗÆРИНÆ — Æртхуроны чызг. Ног чындзы-иу къухылхæцæг æмæ æмдзуарджын заргæ, фæндыраей цæгъдгæ æмæ кафгæ хистæрты раз куы ‘рлæууын кодтой, уæд-иу хистæры скуывды æнæмæнг хъуамæ уыдаид ахæм ныхас: «Æртхуроны зæрин чызг Зæринæ Хурмæ цы амонд ахаста, уый æмбал дæ Стыр Хуыцау фæкæнæд!».

ЗÆРИН ДУАР — Донбеттыртæ Дæлдон сакъадахы цæрынц авд-авд лæгæты. Уыдон сты тынг аив æмæ амæй ай хуыздæр. Фæлæ дзы иу у уæлдай рæсугъддæр, хъæздыгдæр, æфснайддæр, уынджындæр, йæ рахизфарсыл та ис Зæрин дуар. Уый у Донбеттырты рахизæн донмæ.

ЗÆРИНДЖЫН ЦАД — зæххы бын цад, дæлимонтæн дзы сæ цагъар адæм зæрин дуртæ къахынц.

ЗÆРИН КЪУХДАРÆН — Æхсар æмæ Æхсæртæгæн æй радты сæ фыд Уæрхæджы мад Арвы чызг — Арвы рæсугъд, дæлимонтæм Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæджы ирвæзын кæнынмæ куы цыдысты, уæд. Уым сын æй дæлимон адавы. Æмæ та сæ йæ байсыны тыххæй ногæй авд дæлдзæхмæ цæуын бахъуыд.

ЗÆРИНОН (фæзыбадæг сылгоймаг) — кувæндон Куырттаты комы, Андиаты хъæумæ æввахс. Йæ бæрæгбон вæййы Джеоргуыбайæ къуыри раздæр.

ЗÆРИН УАТ — Фурды бын Донбеттырты галуаны иу уат афтæ хонынц Нарты кадджыты. Уым цæфæй хуыссы Дзерассæ. Зæрин уатæй йын йæ хъæрзын, йæ уынæргъын фехъуыста Æхсæртæг.

ЗÆРИН ЦУРХЪЫТÆ — Арвы дуар куы байгом вæййы, уæд дзы разыны Арвы асинтæ. Уыдон амонынц Хуыцауы размæ Уæларвон фæндаг. Фæлæ дын

Хуыцауы фæндæй асинты цур зæрин цурхъытæ куы нæ уа, уæд асинтыл цъиуау стæхын дæ фадат нæ уыдзæн. Зæрин цурхъытæ сты рæсугъд, цæхæртæкалæг.

ЗÆРИСÆР — Нарты кадджыты афтæ дæр хонынц Дæргъæфсæры чызджы фыды. Ис ын чысыл лæппу. Дзылæуæй уыцы лæппу ракуры адæг саразын æмæ, Дзылæу цы дыууæ саджы æрцахста, уыдонæй йæ фыды хуым баласын. Адæг куы сцæттæ, сагтæ йыл куы баифтыгъта Дзылæу, уæд ын чысыл лæппу зæгъы, адæгмæ ма мæ сæргъæв, зæгъгæ. Адæгыл æй куы æрæвæрдта, уæд сæ уисæй æрцæфтæ кодта, æмæ Дзылæуы уым лæугæйæ фæуагъта. Фæстæмæ ма йæм рахъæр кодта: «Дæ хорзыл фæсмон ма фæкæн, хуым мæхæдæг баласдзынæн».

ЗÆРИСÆРЫ ЧЫСЫЛ ЛÆППУ — Нартæй æртæ бонцауы æддæдæр царди Нозы фырт Бæргъуан. Уый, Дæллагхъæуы фæсивæд Нарты ныхмæ хæцынмæ кæй нæ рацыдысты, уый тыххæй сын сæ хæстхъом нæлгоймæгты ныццагъта. Дæллагхъæуы ма баззад иу зæрон лæг — Зæрисæр. Уый хъæуы чызг фæсивæдæн бауынаффæ кодта: «Æз рынчын уыдтæн. Нæ чысыл лæппу хуым бакодта, фæлæ йæ баласын нæ фæрæзта. Нарты Дзылæуы адæг акодта æмæ йæ уый сагтæй баласта. Нартæ æххуысæн æххуыс сты, хæстæн — хæст. Нартæн баххуыс кæнут гуымирытимæ хæсты, Бæргъуанæн та ацы маст ма ныббарут». Ацы фæдзæхст рох нæу йæ чысыл лæппуйæ дæр. Дзылæу уæйгуытимæ хæсты куы фæмард, уæд ын йæ кæртæй йæ сагты тулдз бæлæсты къалиутæй быд адæгимæ сæхимæ ракодта, æмæ йæм Нартæ цы уысм фæдзурынц æххуысмæ, уыцы уысм сæ уæлхъус балæууы. Æмæ сæ йæ адæгыл хæхты æмæ цæугæдæтты сæрты, уæлæрвты скъæфы, кæдæм сæ хъæуы, уырдæм.

ЗÆРОНД МÆРДТЫ ХИСТ — Кæмæ ис, уый, дам, йæ зæронд мæрдтæн дæр хист кæны, — зæгъы ирон æмбисонд. Æмæ хорз у зæронд мæрдты ном дæр арæхдæр ссарын. Цæмæй сæ аудындзинадæй хайджын уой удæгæстæ. Зæронд мæрдты хистыл æмбæлæм Нарты кадджыты дæр. Арæхдæр æй кæнынц бонджын Борæтæ, сæ хъом æмæ фосрæгъæуттæ сæрвæтты кæмæн нæ цæуынц, сæ хоры конд — гонты, уыдон. Кадæг «Сæууайы» та сæ зæронд мæрдтæ кæнынц кады хист æмæ æртæ азы раздæр фидиуæгæн фехъусын кæнын кæнынц: «Борæтæ æртæ азы фæстæ хист кæнынц сæ зæронд мæрдтæн, æмæ алчи йæ дугъон бæхмæ куыд базила, дугъ та уыдзæн Ахъ-денджыз æмæ Хъара-денджызы астæу сакъадахæй Нарты Хъазæн фæзмæ; Хъазæн фæзы уыдзæн тырыса сагъд, æмæ уыцы тырысамæ чи æрбаразæй уа, уымæн фыццаджы хай — уацайраг лæппу, дыккагæн та — уацайраг чызг; аннæ бæхтæй дæр иу дæр æнæхай нæ уыдзæнис: хæцæнгарзæй, фосæй æмæ æндæр хæзнатæй».

ЗÆРОНД ХЪУД — хæхты бардуаг йæ бæрзонд бадæнæй бынмæ, сæрсæфæнмæ згъалы митæмхæццæ ихы фæзгъæртæ. Хъуды комы иу хъæуы кæройнаг хæдзары кæддæр цард ирон мæгуыр бинонтæ, Хуыцау сын радта иунæг цъæх чызг Нинæйы. Æнæхъæн Ирыстоны дæр нæ уыд Нинæйы хуызæн рæсугъд сывæллон, æмæ дзы Зæронд Хъуд дæр рæвдыдта йæхи, хъæуа-нæ хъæуа йыл аудыдта, йæ цæст æм дардта. Нинæйы-иу хохы фахсыл хæрдмæ цæуын куы

бафæндыд, уæд-иу фæндаг йæ разы араст, алæгъз, дуртæ æмæ къæдзæхтæ-иу æнцон схизæн асинтæ фестадысты. Йе ‘мбæлттимæ-иу дидинджытæ, хæрынæн бæзгæ кæрдæджытæ агурæг куы ацыд, уæд ын-иу Хъуд сæ хуыздæрты æмбырд кодта æмæ сæ æмбæхста дурты бын. Гыццыл гыкъына сæм-иу куы баввахс, уæд-иу дуртæ цыдæр фесты, æмæ-иу йæ раз дидинæгдон фестад. Нинæйы цинæн ма-иу ныккæнæн уыд. Бинонты фондз фысæй иу дæр никуы фесæфт: рындзæй дзы нæ ахауд, бирæгъ дзы нæ бахордта.

Хъуд йæ фидар цæнгтæ къæйдур рæгътыл æрæвæргæйæ, не ‘фсæст чысыл Нинæйы фæдыл кæсынæй. Фырцинæй-иу фемæхстысты йæ сусæг цæссыгтæ æмæ-иу æрсаха кодтой йæ урс даргъ боцъойыл, уырдыгæй схъиудтой дурты рæдзæгъдтæм æмæ къада дæттæй хæццæ кодтой суанг хæхты рæбынтæм.

Афтæ рацыд фынддæс азы. Нинæйæ рауад диссаджы рæсугъд чызг, фæлæ уый раздæрау не ‘мбæрста Зæронд Хъуды аудындзинад æмæ арæхæй-арæхдæр бакæс-бакæс кæнын райдыдта сæ сыхæгты æрыгон лæппу Соскъомæ. Хъуды зæрдæ дывыдон арты судзын райдыдта, мæсты кодта Соскъомæ. Цуаныиу æй зын, фæцу æмæ марцу фæндæгтыл бафтыдта, йæ развæд ын æмбæхста, ахауæн рындзтæ мигътæй æмбæрзта, мит-тымыгъ ыл-иу сыстын кодта. Фæлæ Соскъо уыд фидар, рæвдз æмæ æвзыгъд. Цыфæнды тæссаг ранæй дæр-иу рацыд æвыдæй, æмæ–иу уæд зæронд Хъуды маст йæ былтæй акалд. Йæ æдыхдзинад æй æрра кодта æмæ-иу йæ сæрыл бæстæ систа, митæмбæрзт хæхты цъуппытыл-иу йæхицæн бынат нал ардта, мит-тымыгъ-иу фестад, бынмæ æвзылдта дуры цæндтæ, фæйнæрдæм зыгъгъуытт кодта мит-хъæпæнтæ, сыстын-иу кодта бырдæн, æмбырд кодта саувадыг мигътæ, цъыччытæ-иу кодта арвæрттывдтытæй. Хъуд фырадæргæй хæхты цъуппытыл рауай-бауай кодта, адæм та-иу бынæй комы фыртæссæй сæ хæдзæртты бамбæхстысты. «Зæронд Хъуд та цæуылдæр смæсты», — дзырдтой-иу уыдон.

Зæронд Хъудæн йæ ныфс нæ саст, Соскъойæ йæ маст кæй райсдзæн, кæй сæ фæхицæн кæндзæн, уый йæ уырныдта. Æмæ иуахæмы тар зымæджы куыддæр Соскъо æмæ Нинæ æнæнхъæлæджы хæдзары иунæгæй аззадысты, æмæ сæ уарзон ныхæстæн фæуæн куы нал уыд, уæд сыл Хъуд егъау митзæй рауагъта. Хæххон къæс миты бын фæци, зæй сæ ингæнау баныгæдта. Фыццаг уарзæттæ цин дæр ма бакодтой, ома сæ иу чысыл рæстæг ничиуал бахъыгдардзæн, сæ ныхæстæ кæронмæ зæгъдзысты: бандзæрстой къонайы æмæ æдыхстæй фæрсæй-фæрстæм арты раз æрбадтысты. Кæрæдзийыл цинтæ кодтой, кæрæдзийæн адджын ныхæстæ кодтой.

Фæлæ уалынмæ сæстонг сты. Хæдзары къæбицы цы дыууæ луасигонды æмæ цыхты чысыл къæртт ссардтой, уыдон дæр сын бирæйы фаг не систы.

Рацыд ма иу бон, æмæ уаты хъæлдзæг ныхас æмæ цины худт нал хъуыст, миты бын ахст уарзæттыл стонг фæтых: сæ уарзондзинадыл нал хъуыды кодтой, сæ мæт сси хæринаг. Цыппæрæм бон æххормагæй бынтон стыхстысты. Соскъо тыхст æмæ уырыдæй йæхицæн бынат нал ардта, иуахæмы феррагонд æмæ

йæхи Нинæйыл сырдау ныццавта, йе уæхскыл ын йæ дæндæгтæй фæхæст…

Уыцы уысм сæм фæсдуарæй æрбайхъуыст адæмы хъæлæстæ, стæй ферттывта рухсы цъыртт, æмæ дуар байгом. Нинæ æмæ Соскъо сæхи баппæрстой сæ ирвæзынгæнджытыл. Кæрæдзийæн та фестадысты уæнгæл æмæ æнæуынон.

Ууыл сцин кодта зæронд Хъуд, йæ хъæлæсы дзаг афтæ тынг ныххудт, æмæ æнæхъæн хохамад дуртæ æркалдысты цъаламæ, Дæлимонты фæзмæ. Йæ фылдæр фæзуат ныр дæр ма æнгом æмбæрзт у уыцы дурты цæндтæй.

ЗÆСХÆБУДА — Нарты кадджыты архайæг, фыдуацхæссæг. Йæ мæлæт æрцыд Батрадзы къухæй, Хæмыцы кæй фаудта, уый тыххæй. Хицæн кадджыты йæ Цæцхайы фырт Цæцхæбудай дæр хонынц.

ЗÆХХ — раздæр, дам, Хур æмæ Мæй иумæ уыдысты, фæлæ Хуыцауы хъыджы бацыдысты, æмæ сæ фæхицæн кодта. Æмæ Хур бонæй кæсын райдыдта, Мæй та — æхсæвыгон. Хуыцау сæм куы смæсты, уæд йæ бандон афтæ ныццавта, æмæ дзы къæртт асхъиудта, къæртт атахт æмæ Хуры сыкъайыл (уæд ма, дам, Хур сыкъаджын уыди) сæмбæлди. Хуры сыкъа агæпп ласта æмæ фæтæхы, Мæйы уаз уддзæфыл сæмбæлди, Хуыцау ихдон ракалдта, æмæ сыкъа æруазал. Мæй йæ алыварс зилынтæ систа, æмæ йæ дарддæр хауын нал уагъта. Хур æдзæв бандоныл æрбадт æмæ дзуры Мæймæ: «Ауадз æй æмæ ахауа, йæ алыварс цы зилыс». Мæй зæгъы: «Нæ йæ ауадздзынæн, ды мæнæй адард дæ Хуыцауы зондæй, уадз æмæ дын дæ сыкъамæ уæддæр кæсон». Хур бахудти, йæ сыкъамæ хъарм бауагъта, æмæ сыкъа Зæхх фестади. Стæй хур загъта: «Уадз уый нын уа бынат нæ тынтæ æрæвæрынæн, бон æм æз кæсдзынæн, æхсæв та — ды».

Зæхх кодта æхсидгæ, йæ хуылфæй цыд тæф, æмæ Хуыцауы йæхимæ кæсын нæ уагъта. Хуыцау смæсты, йæ артæй иу судзгæ æхсидав фехста. Уый Зæххы хуылфы арф абырыди, йæ сæрмæ мигътæ суагъта. Зæхх абузынтæ систа, дæлæмæ-уæлæмæ кодта, кæм стыр уæрмытæй баззад, кæм та — къуылдымтæй, кæм дзыхъхъытæ ныцци, кæм фæзтæ сси. Дзыхъхъыты дон дзаг кодта, æмæ сæ фурдтæ рæзти.

Гъе афтæ равзæрд Зæхх нæ фыдæлты хъуыдымæ гæсгæ æмæ сси нæ дарæг, нæ уромæг.

ЗÆХХЫ ТЫХ — афтæ хонынц Стыр Хуыцау, зæдтæ æмæ дауджытæ Нарты. Стæй ма — рæстылдзу дæр.

ЗГЪÆР. ЗГЪÆР ХÆДОН — ис Нарты Уæрхтæнæгмæ. Йæ чындз Хуры чызг Адæдзæрæсугъд ын æй йæ цæгатæй лæварæн æрхаста йемæ. Згъæр та ахæм згъæр уыди, æмæ йе ‘фцæгготæй заргæ кодта, йæ риуæй — хъырнгæ, йæ дыстæй — æмдзæгъд, йæ фæдджитæй та — кафгæ. Уæрхæг-иу æй йæ уæлæ скодта æмæ-иу афтæмæй Нарты Ныхасы бадти.

ЗЕГИМАН — дзулы цæттæ хорты бардуаг, хъахъхъæны сын сæ бæркад, сæ ахадындзинад; гонты сæ хъахъхъæны уымæладæй, смæрæй, бамбыйынæй, фесæфынæй.

ЗИЛАХАР — Нарты хъазæн, тыхæвзарæн æмæ арæхстдзинæдтæ æвдисæн фæзбыдыр. Нартæ фат æмæ æрдынæй, кардæй æмæ цирхъæй, бæхтыл дугътæ уадзынæй, кафын æмæ зарынæй сæ кæрæдзи кæм æвзæрстой, цуаны кæдæм цыдысты, ахæм бынат. Хъазæн фæз — афтæ дæр ма йæ хуыдтой. Кадæг «Сослан — тыхагур»-ы Нарты фæсивæд æмгуыппæй Хъазæн фæзы æрæмбырд сты. Стыр симд самадтой уыцы ран. Сосланæй хуыздæр ничи сарæхст симынмæ, зæххыл куыд арæхсти, фæсивæды уæхсчытыл дæр — афтæ. Уæдæ фатæй æхсынæй, фурды сæрты уæнгуытæ æхсынæй дæр. Басаста Хъазæн фæзы Нарты фæсивæды Сослан. Кадæг «Сосланы мæлæт»-ы та дзы цуан кæны. «Ærхаста Сослан Хуры чызг Ацырухсы йæхицæн усæн», — зæгъы кадæг. — Цæрынтæ, хæрынтæ байдыдтой, бонтæ, азтæ сыл ивгъуыдтой. Арæх-иу цыдис Сослан цуаны Зилахары быдырмæ». Балсæджы цалх дæр ын йæ уæрджытæ сæ тæккæ сæртыл Зилахары быдыры атæхын кодта, сырдмæ гуыбыныл куы фæцæйбырыд, уæд. Йæ фæндиæгтæ ам фæдзырдта зайæгойтæн, бæлæстæн æмæ хъæддаг цæрæгойтæн, мæргътæн.

Майрæмбон Нартæн сæ хæцæн, сæ тыхæвзарæн бон уыд, æмæ йæ æвзæрстой Зилахары.

ЗИЛГÆ-ЦАД — арæх æмбæлы кадджыты, таурæгъты, аргъæутты. Йæ быны зилгæ дзæнхъа куыройы цъилау зилдух кæны, йæхи æхсон дуртыл хафы, цæхæртæ калы, мæйдар æхсæвы доны бын бонау рухс кæны.

ЗИМАЙХУÆ — Нарты хъомгæсы фырт.

ЗИН — æвæццæгæн, джин. Персайнаг фольклоры джин ахст ис хъуырауы хуылфы, æмæ йæ уырдыгæй чи суæгъд кæны, уый хоны йæ хицау, уымæ хъусы, йæ фæндон ын æххæст кæны æнæ уæлдай ныхасæй. Æмæ йæ бон та бирæ у, йæ хъомыс æххæссы дæрдтыл æмæ уæрæх. Ирон Зин æввахсдæр лæууы дæлимонмæ. Зинтæ бадынц фæсвæд рæтты: лæгæтты, цъымараты, хъæды къохты, арф кæмтты, рындзтыл.

ЗИУ — ирон цардуагон æгъдау. Зиу раздæр стыр ахъаз уыд хъæууон мæгуыр адæмы цард фæрогдæр кæнынæн. Стыр аргъ ын кодта Къоста дæр. Уымæн æмæ-иу зиуы рæстæг хъæубæстæ æмдыхæй лыг кодтой æхсæнадон царды ахсджиаг фарстатæ: арæзтой цæугæдоны сæрты хид, фæндæгтæ хъæумæ, хосгæрстмæ, иумæйаг куырой æмæ афтæ дарддæр. Уæлдай арфæйагдæр та уыд æвæгæсæг, æнæлæг бинонтæн зиуæй хæдзар саразын, сæ уыгæрдæн сын æркæрдын, зымæгмæ сын суг æрцæттæ кæнын. Зиу адæмы æнгом кæны, æнгом бинонтæ та цард арынц, æмæ йæ нысан абон дæр у стыр. Йæ тыхы йæ бацæуын кæнын, сног æй кæнын, уый та у хъæуты, сыхты Ныхасты ахсджиагдæр хæс. Уымæй йын ис хъомыладон стыр нысаниуæг дæр.

ЗОЛАХЪ ФÆРДЫГ — цыдæр æбæрæг зынаргъ дурæй конд фæрдыг, сусæг тых кæмæ ис, ахæм.

ЗОНДАБИ ÆМÆ ÆРРАБИ — ирон адæмон сфæлдыстады бирæ алыхуызон фæлгонцтæ ис, æмæ дзы алкæмæн дæр ис йæхи хицæн миниуджытæ, баст

сты, цы уаваэрты æмæ æууæлты бахауынц, уыдонимæ. Уым рабæрæг вæйыынц сæ курдиат, тых, зонд æмæ гæнæнтæ. Ис дзы къай-фæлгонцтæ, кæрæдзийæ фæхицæнгæнæн кæмæн нæй, ахæм къæйттæ-къæйттæ ныхмæвæрд фæлгонцтæ. Уыдон иугæйттæй нæ ахадынц, кæрæдзийы хъомысæй æмæ кæрæдзийы æфхæрынæй, æлхыскъ кæнынæй цæрынц, сгуыхтдзинæдтæ æвдисынц, адæмы сæхиуыл, сæ кæрæдзиуыл худын кæнынц. Ахæм къæйттæ — адæмон фæлгонцтæ сты Зондаби æмæ Æрраби, Сæтти æмæ Бæтти. Уыдон фæзмгæйæ ма нæ фысджытæй чидæртæ сæ хъæлдзæг радзырдтæн æрхъуыды кодтой ахæм ныхмæвæрд архайджытæ — Тедо æмæ Симон, Атто æмæ Битто, Худæг æмæ Дудæг, Гикъор æмæ Сикъор.

Æвæццæгæн, ахæм ныхмæвæрд къай-фæлгонцтæй ирон адæмон сфæлдыстады фыццаджыдæр фæзындысты Зондаби æмæ Æрраби. Иу дзы аразæг тых у, иннæ — халæг. Царды дæр фылдæр афтæ у: иутæ аразгæ кæнынц, иннæтæ — халгæ. Æмæ адæймаджы фæнды, цæмæй æдзухдæр аразæг тых уæлахиз кæна. Зондаби дæр Æррабийыл уæлахиз у.

ЗОНЫНДЖЫН — кæддæр цы æрцыд æмæ цы æрцæудзæн, уый чи фæзоны, ахæм адæймаг. Зонынджын уыдис Нарты Сатана.

ЗУРАПП — Даредзанты Ростъомы иунæг фырт, йæхи къухтæй йæ мæрдтæм барвыста æнæнхъæлæджы. Ростъом Индостаны паддзах Джекуæзмæ æххуысмæ фæдисы куы цыд, уæд ын йæ ус афтæ зæгъы: «Аринаг куы дæн, уæд мæ дзæгъæл кæмæн уадзыс?». «Æппын мын æндæр мадзал нæй æнæ цæугæ. Лæппу дын куы райгуыра, уæд-иу йæ ном Зурапп уæд… Лæппу куы схъомыл уа æмæ мæ агурын куы райдайа, уæд ын-иу йе ‘фцæджы бафтау Тутыры конд æртытæ, Арвы дзæнгæрджытæ Йайы сыфтæ. Æмæ йын-иу иттæг бафæдзæхс: цалынмæ мæм æрхæццæ уа, уалынмæ сæ ма фесафæд æмæ сæ хорз бахъахъхъæнæд — уыцы нысанæй йæ æз базондзынæн, куы мæм æрбацæуа, уæд».

Усæн лæппу куы райгуырд, уæд ыл ном сæвæрдта Зурапп. Лæппу куы бахъомыл æмæ йæ фыды куы æрцагуырдта, уæд ын йе ‘фцæджы Тутыры конд æртытæ, Арвы дзæнгæрджытæ æмæ Йайы сыфтæ бафтыдта. Йæ фыды фæндагыл æй ныллæууын кодта æмæ йæ бафæдзæхста: «Цалынмæ дæ фыды фенай, уалынмæ сæ ма фесаф, мæ бон, дæ нысантæ! Ахæм хъуыддаг ма бакæн, дæ фыдæй ацы хъуыддаг фæдзæхстгонд у». Фæлæ лæппуйыл фæндагыл хæйрæджытæ сагъуыд сты, алы æфсæнттæй йын йæ нысантæ йæ æфцæгæй рафтауын кодтой. Æмæ куы фембæлынц, уæд æй Ростъом тыхгæнæг фæхоны. Уарийы цъæхахст æмæ цæргæсы хъæр куы ныккæны: «Ай чи куыдз, чи хæрæг дæ ам мæ цæхæрадоны? Ам мæ тасæй халон хауæг, цъиу тæхæг куы нæ уæнды, уæд ды ам цы ми кæныс?». Хæцынтæ байдыдта фыд йæ фыртимæ. Уалынмæ лæппу Ростъомы куы рабырсид. Гъе уæд Ростъом бынæй хъама фелвæста æмæ дзы лæппуйы фæрæхуыста. Зурапп ма уæд ныхъхъæр кодта: «Амардтай мæ! Фæлæ додой дæ къона кæны, ахæм фыд мын ис Ростъом, æмæ кæд уæларвмæ

цæуай, уæд дæ ахсдзæн дæ фæстаг къахæй. Кæд æмæ дæлзæхмæ цæуай, уæд та — дæ коцорайæ». Уæд æй базыдта Ростъом æмæ куы ныккуыдта, мæхи фæцагътон, зæгъгæ. Удæгасгæнæн хосмæ ма йын бæргæ арвыста Джекуæз-паддзахмæ, фæлæ йын æй йæ цæст нæ бауарзта, Талыгыстон — Бынылеты йемæ дыууæ азы дæр ма фæбадт, цæмæй райгас уыдаид, фæлæ æртæ азы хъуыд, æмæ йын уыцы ми дæр кæронмæ ахæццæ кæнын Джекуæз-паддзах нæ бауагъта.

ЗЫГУЫМОН — ирон æгъдау фæззæджы бæркæдты тыххæй хуынди Зыгуымоны æртæ кæрдзыны. Скодта-иу сæ алчидæр, Джеоргуыбамæ ма æртæ къуырийы куы хъуыд, уæд æмæ сæ-иу скуывтой сæ хор найгæнæн бынаты. Æвæццæгæн, Зыгуымоны æртæ чъирийы дæр уымæн хуыйнынц. Уыцы афон-иу найгæнæн бынаты зыгуым йеддæмæ ницыуал уыди.

ЗЫГЪУЫМКЪАХДЖЫНТÆ, СÆФТÆГДЖЫНТÆ — дæлимонты фæсномыгтæ.

ЗЫМ — ÆФСАТИ — Иуахæмы сырдты бардуаг Æфсати æмæ мæргъты Кæрчигуылой фæхъаугъа сты. Сæ быцæу та уыд тæрхъус æмæ зымыл. Тæрхъус быдырмæ адзæгъæл æмæ мæргътимæ æрцард, зым та дзæбидырты фæдыл бафтыд. Зæдтæй алчидæр агуырдта йæхион, фæлæ тæрхъус тар хъæдыл суæлæхох, зым та — дæлвæзтыл.

Æфсати æмæ Кæрчигуылойы сæ фыд Хуыцау бафидауын кодта афтæ: тæрхъусы ныууагъта Кæрчигуылойы бар, зымы та — Æфсатийы бар. Уæдæй фæстæмæ зым дзæбидыртимæ цæры уæлвонг хæхты, тæрхъус та — Кæрчигуылойы фосимæ дæлвæзты.

ЗЫНГÆВЗАЛЫ — Зынджы бардуагæн ис дыууæ фырты — Зынгæвзалы æмæ Артæртхутæг.

ЗЫНГÆЙ ГУЫРД, ДОНÆЙ СÆРСТ — афтæ хонынц нæртон адæмы.

ЗЫНДОН — Мæрдты бæстæйы иу хай, фыдгæнджытæ кæдæм бахауынц, уый. Уым сæ тæригъæдтæ фыдтухитæй фидынц. Чи дзы йæ къахæй ауыгъд у, чи — йæ цонгæй, чи — йе ‘взагæй, чи та йæ хурхæй, сæ быны дойнаг дуртæ цырынæй судзынц. Уæлæуыл цы бирæ æвзæрдзинæдтæ фæкодтой, уыдон Мæрдты бæсты зындзинæдтæй фидынц: афæдз сæ кæмæн æртæ боны, кæмæн къуыри, кæмæн фылдæр — ахæм хъизæмар æвзарын тæрхонгонд у Мæрдты хицау Барастырæй. Уымæй уæлдай ма, уæлæуыл мæрдтæй йæхи чи куыд æвзæр дардта, ахæм фæсмонгонды цардæй æрвитынц сæ рæстæг Мæрдты бæсты.

ЗЫНДОНЫ ЦАД — йæ кой ис кадæг «Сослан Сатанайы Зындоны цадæй куыд ферваæзын кодта»-йы. Уым Сослан йæ мигъæмдзу æмæ уадæмдых бæхыл Хурыскæсæны ‘рдæм афæдз балцы куы ацыд, уæд æм мæсты чи уыд, уыдон ын йæ нæныййаргæ мад Сатанайы ныппарынц Зындоны цады. Сослан æй Мæрдты Барастырæй ракуры. Цахæм у Зындоны цад, Нарты фыдзондтæ цыфыддæрæн Сатанайæн кæй равзæрстой, уый? Кæсæм кадæг «Сослан Мæрдты бæстæ»-йы: «Рацыдтæн уырдыгæй. Æрбахæццæ дæн иу цадмæ, — дзуры Сослан. — Кæсын, æмæ дзы бирæ адæм хæфсытимæ, кæлмытимæ æмæ æндæр ахæмтимæ доны

аныгъуылынц æмæ та фæстæмæ фæзынынц. Дзырдтой мæм: «Ферваæзын нæ кæн, Сослан!». Фæлæ сын æз загътон, Сосланы бон ам ницы у, зæгъгæ. Цы кодтой, мæгуырæг, уыдон та?»

– Уый та уыдис Зындоны цад. Сæ уæлæуыл царды давынæй æмæ хахуырæй цы нæ бакодтой уыдон, ахæм нæ уыдис: ныр сын мæрдты æгъдауæй ахæм тæрхон ис, — загъта Бедуха».

ЗЫНДЖЫ БАРДУАГ — Арт, Æвзалы æмæ Æртхутæг сты йæ дæлбар. Уыдон фæрцы Куырдалæгон бахсиды Нæртон адæмы, æмæ сын тыхгæнæг тых нæ ары. Уымæ гæсгæ Нæртон адæмы хонынц артæй гуырдтæ. Уæвгæ Нарты фыдæл Сæуæссæ дæр дунемæ фæзынд Зынджы бардуаджы курдиатмæ гæсгæ, æмæ йæ йæхæдæг йæ арты бахсыста.

«Зынджы бардуаг Уазы къуылдымыл арт скодта, æмæ артæн йæ фæздæг арвмæ цыд, — зæгъы нын таурæгъ «Нарты равзæрд». — Зæдтæ æмæ йæм дауджытæ смæсты сты æмæ йыл Галæгонмæ бахъаст кодтой: «Нал нæ уадзы цæрын йæ фæздæгæй, фæхæсс-ма йын йæ арт искуыдæм». Галæгон сдымдта, æмæ арт тынгдæр сцырын, хъæдыл сирвæзт, кæрдæг ссыгъди, дуртæ сырх зынг фестадысты æмæ тъæнджытæ хаудтой, зынджы тæлмытæ схæццæ сты зæдтæм, æмæ хъаст райдыдтой Хуыцаумæ: «Ферваæзын нæ кæн Зынджы бардуагæй. Æмбиссыгъд фестæм, æмбиссæфт фæкодтам».

Хуыцау Зынджы бардуагæн зæгъы: «Æгæр сæ фæцагътай. Мауал сæ саф». «Нæ сæ ныууадздзынæн, Хуыцау. Фæлтау, мæ цæхæрыл физонджытæ чи кæна æмæ дæуæн дæр чи кува, ахæм лæг сæвзæрын кæн дунейыл, æмæ сæ ныууадзон». Хуыцау сæумæраджы сæвзæрын кодта лæг æмæ йæ Зынджы бардуагмæ æрæрвыста. Зынджы бардуаг лæджы арты бахсыста, сæмæдоны йæ ныппæрста, æмæ лæг цъæх æндон фестад. Уый уыди Сæуæссæ.

Зынджы бардуаг иннæ кадæджы та Нарты ферваæзын кæны их æмæ хъызты бардуæгтæ Кар æмæ Кæрæфæй.

ЗЫНДЖЫ ХАЙ — ирон адæмы динон уырнынадмæ гæсгæ алы адæймагæн дæр арвыл ис йæхи сæрмагонд стъалы, зæххыл та — йæ зынджы хай. Куы амæлы, уæд арвыл йе стъалы ахуыссы, зæххыл та — йæ зынджы хай. Ис нæм уый фæдыл æлгъыст дæр: гъæ, дæ зынджы хай ахуысса, зæгъгæ, фæзæгъынц, сылгоймæгтæй исчи нæлгоймаг фæсивæдæй искæмæ куы фæмæсты вæйиы, уæд. Мардæн дæр ма йæ зынджы хай уæлмæрдмæ ахæссынц йæ банынгæнæн боны фæстæ фыццаг райсом — Фыды райсом. Уæд ын йæ ингæныл арт скæнынц. Йæ æмдзæвгæ «Æнæ хай»-ы Къоста дæр фыссы: «Мæлæтæй нæ тæрсын, фæлæ мын мæ фæстæ мæ уæлмæрдмæ чи хæсдзæн суг?». Арт кæнынмæ — йæ Зынджы хайæн. Мардæн йæ Зынджы хай ныффæлдисынц Ногбоны размæ Æртгæнæнты дæр.

– И –

ИБЛИС — хæйрæг, дæлимон.

ИДАУÆГ — дыгуронау амоны Дуаг. Дыгурмæ Идауæг кадджын у. Сæрмагондæй йын ис бæрæгбон дæр — Фацбадæн. Вæйййы тъæнджы мæйы Бадæнты фæстæ хуыцаубоны æмæ ахæссы къуыри. Идауæгæн ахæм стыр кад уымæн кæнынц, æмæ сæ емынæйæ ферваæзын кодта.

Раджы кæддæр Стыр Дыгуры емынæ фæзынд. Адæм уый куы фехъуыстой, уæд хъæууынгтæм ракалдысты, фæлæ нæ зонынц, сæхи цы дзуарыл бафæдзæхсой, — Уастырджийыл æви Идауæгыл, — уый. Уæд Хъуыргъостæй иу Байтемырыхъо хуынд, æмæ уый сфæнд кодта иу хъуыддаг бавзарын. Райста фат æмæ æрдын æмæ загъта: «Æз фехсдзынæн ацы фат, æмæ кæд Идауæгмæ фæтæха, уæд уый уыдзæн нæ ирвæзынгæнæг, кæд æмæ Уастырджимæ фæтæха, уæд та ууыл фæдзæхсæм нæхи». Фат фехста, æмæ сæмбæлд Идауæджы чъырыныл (кувæндоныл). Уæд адæм уыцы дзуармæ ныххæррæтт ластой æмæ уым æрæнцадысты.

Идауæг хъæубæстæ емынæйæ кæй ферваæзын кодта, уый номыл скодтой бæрæгбон Фацбадæн.

ИДÆДЗБАДÆН — Нарты хъæутæй иу, Гимыры бæстæйы æлдар æм ныббырсы, йæ адæмы йын уацары акæны, фæлæ сæ Сослан ферваæзын кæны.

ИДÆДЗ УС — Нарты сыхаг, нæртон адæмыл у иузæрдион. Йæ лæг æмæ фырт Сæумæдзæхы — Мæйвæлурсы мойаджы йын фыдгæнæг ахаста, æмæ йæ Идæдз ус уымæн хонынц. Нартæ йын бахъуыс кæнынц — ферваæзын ын кæнынц йæ лæг æмæ фырты уацарæй.

ИДЫЛ — афтæ хонынц Нарты кадджыты Европæйы егъаудæр цæугæдон Волгæйы.

ИМАН — Цыбырцонджы фырт, Сосланы хæлар. Чехимæ йын æхъуыс кæны Сайнæг æлдаримæ хæсты.

ИНАЛДЫХЪО — Уастырджийы фырт.

ИНГÆН — ирон адæммæ сывæллоны авдæны бастой йæ райгуырдæй æртыккаг бон, марды дæр ныгæнынц йæ амардæй æртыккаг бон. Уымæй йын ингæн къахынц йæ ныгæнæн бон. Раздæр нæ фæтчы. Ингæн къахтæй æхсæвы куы баззайа, уæд, дам, æй хæйрæг йæхицæн æрцахсы, æмæ дзы афтæмæй мард куы баныгæнай, уæд, дам, æй æнцад хуыссын нæ уадзы. Ингæн цæмæй йæхи уа, уый тыххæй йын æй баныгæныны размæ хъæуы ныффæлдисын ахæм ныхæстимæ: Де ‘нусон хæдзар дын фæлдыст уæд, мачи дын æм мацы бар дарæд. Чи дын æй сарæзта, уыдон цæрæн хæдзæрттæ аразæнт, хæрзмæ сыл ауд».

ИРАТАМАН — ирон адæмон сфæлдыстадмæ гæсгæ Хуыцау зæхъыл фыццаг цы лæг æмæ ус сфæлдыста, уыдон хуындысты Ата æмæ Аман. Гъе уымæ гæсгæ арæх фехъусæн вæйййы ахæм ныхас: «Иратаманы хабар», кæнæ «Иратаманы диссаг». Ома Ата æмæ Аманы Стыр Хуыцау куы сфæлдыста, уæдæй абонмæ Иры, Ирыстоны, ирон адæммæ ахæм хабар не ‘рцыд.

ИРÆД — къайад кæныны рагон ирон æгъдау. Лæппуйæн æнæ ирæд чызг ничи лæвæрдта. Ирæд лæвæрдтой фосæй, зынаргъ дзаумæттæй, æхцайæ. Йæ ас уыд алыхуызон. Сиахсаджы чызджы бинонтæ сæхицæн аккагыл куы нæ нымадтой, уæд-иу æй ноджы фæфылдæр кодтой. Гъе уый фыдæй бирæ ирон лæппутæ æнæусæй зæронд кодтой, иннæтæ ирæд кусынмæ цыдысты суанг Амырыкмæ дæр. «Мæ ирæд цæттæ у… Æххуырсты мыздæй æрæмбырд… Цы хъæуы, Æппæт дæр хыгъдæй», — цин кæны Къостайы «Чи дæ?»-йы сæйраг архайæг.

ИРОНВÆНДАГ — мæрдæгъдау. Ивгъуыд æнусы дыккаг æмбисы дæр ма-иу мард ныгæнæн бон фенæн уыд ацы æгъдау. Уый ноджы карздæр кодтой, ирæтты фылдæр хай ма хæхбæсты куы цард, уæд. Иронвæндаг кодтой мардæн йæ ныгæнæн бон саударæн, хъыггæнæн æмæ бузныджы раныхæсты размæ. Мардыл адæмы кæуын кодтой хъарæггæнджытæ. Уыдонæй карздæр та-иу фесты иронвæндаггæнджытæ.

Иронвæндаджы æгъдауы-иу архайдтой, чи амард, уый хотæ æмæ хæстæг æрвадæлты чызджытæ, кæд йæ мад æрыгон у, уæд уый, стæй сын кæд чындзытæ ис, уæд уыдон дæр. Хотæн-иу се ‘фсымæр æрыгонæй куы амард, уæд-иу сæ дзыккутæ æрыхæлдтой æмæ сæ-иу сæ цæнгтыл æрытыхтой. Ælгъыст дæр ма баззад: «Дæ хотæ дæ мæрдæй сæ дзыккутæ æрыхалой!». Иронвæндаггæнджытæ-иу гом кулдуары æддæ цыппæргæйттæй-æхсæзгæйттæй-æстгæйттæй æрлæууыдысты, сæ галиуæрдыгæй разæй хъарæггæнæг ус, иу санчъех фæстæдæр — кæд æрыгон мард уыд, уæд — йæ мад, йæ хотæ, сæ чындзытæ, стæй æрвадæлты чызджытæ, хæрæфырттæ, æрвадæлты чындзытæ. Хъарæггæнæг ус йæ хъарæджы дзуры, табæты (чырыны) цы мард ис, уымæ. Йæ размæ иронвæндаджы йæ мæрдæй чи æрлæууыд, уыдоны зæрдæйы рыст æвдисы «дæ-дæй, дæ-дæ-дæй» кæнгæ, æмæ йын уыдон дæр, сæ уæрджытæ æмæ рустæ хойгæйæ, марой кæнгæйæ, иумæ дзуапп дæттынц «дæ-дæй, дæ-дæ-дæй» дзургæйæ. Хъарæггæнæг иу къахдзæф акæны æмæ та ныхъхъарæг кæны. Алы акъахдзæфы фæстæ дæр йæ хъарæг вæййы æндæр адæймагмæ: чи амард, уый мадмæ, фыдмæ, кæд ын ус ис, уæд уымæ, фыдыфыд, фыдымадмæ, мадымад, мадыфыдмæ, каистæм, хотæм, йæ цотмæ æмæ афтæ дарддæр. Хъарæг кæны карзæй-карздæр. Иронвæндаггæнджыты еу-додоймæ кæуынц, æрдиаг кæнынц æппæт хъыггæнæг адæм дæр. Хуымæтæджы адæмон сфæлдыстады загъд нæй: «Сæ кæуынмæ дуртæ дæр скъуыдысты, хæхтæ лæбырдысты, къæдзæхтæ хæлдысты».

Афтæ-иу, кæугæ, æрдиаггæнгæ, сæхи хойгæ, рустæ, сæрыхъуынтæ тонгæ, иронвæндаггæнджытæ къахдзæф къахдзæфы фæстæ бахæццæ сты марды уæлхъусмæ. Кæд мард ас нæлгоймаг уыд, уæд-иу йæ чындзытæ йæ разы зонгуытыл æрлæууыдысты. Уымæй йын кодтой йæ фæстаг лæггад. Йæ сæрыхъуынтæ-иу чи ныттыдта, уый сæ бындзыггай æвæрдта марды чырыны.

Иронвæндаг кодтой æмæ ма ныр дæр ранæй-рæтты кæнынц нæлгоймæгтæ дæр. Æрмæст мыггаджы нæлгоймæгтæй кæнæ хистæр сылгоймæгтæй исчи

куы амæлы, уæд уый табæты уæлхъусмæ. Сæ разæй фæцæуы хъарæггæнæг ус. Мардмæ куы бахæццæ вæййынц, уæд ыл алчидæр йæ къух авæры æмæ раздæхы. Хъарæггæнæгæй Цгъойты мыггагæн æмæ хæстæг-хиуæттæн дзæвгар фæлæггад кодта Цгъойты Никъолозы чызг Еличка. Рухсаг уæд. Уый-иу зианы бон мыггаджы нæлгоймаг фæсивæды разæй, зæрдæхалæн хъарæггæнгæ, марды уæлхъусмæ куы цыд, уæд йæ ныхæстæм цыфæнды хъæбæр зæрдæйы хицау адæймаг дæр æнæскæугæ нæ фæлæууыдаид. Ирон адæммæ та, мардыл цас тынгдæр фæхъыг кæной, уыйбæрц кадджындæр кодта, цас фылдæр цæссыг ахæсса, уыйбæрц ын Мæрдты бæсты Дзæнæтмæ фæндагыл æнцондæр цæуæн уыдзæн, цæссыг, дам, ын йæ фæндаг рухс кæны.

Мардæгъдау иронвæндаджы тæваг ирон адæммæ, æвæццæгæн, æрхæццæ нæ рагфыдæл скифтæй. Уыдоны мардæгъдæутты тыххæй рагон бердзенаг, историйы фыд Геродот фыста, зæгъгæ, скифтæн-иу се ‘лдар кæнæ паддзах куы амард, уæд уыдысты тынг фыдох. Раздæр уал ын-иу, паддзæхты кæм ныгæдтой, уым егъау дзыхъ-ингæн скъахтой, уый фæстæ-иу марды уæрдоны сæвæрдтой æмæ йæ ластой иу ранæй иннæ ранмæ. Афтæмæй-иу æй æрзилын кодтой, æлдариуæг кæнæ паддзахиуæг цы зæххытыл кодта, уыдоныл. Алы ран дæр-иу адæм лыг кодтой сæ хъустæй чъылбыз, сæрыхъуынты бындзыг, кардæй кодтой сæ къухтыл тымбыл лыг, цъæррæмыхстытæ кодтой сæ ныхтæ æмæ фындзтæ, сæ галиу æрмттæ-иу фæхуынкъ кодтой фатæй.

ИРЫ ПАДДЗАХ — Ир ма цæнгæтау æнгом æмæ йæ хъаруйыл куы уыд, уæд ын тыхгæнæг тых нæ ардта. Иуахæмы та йæм знаг ныббырста, æмæ йын Ир бæрзæйсæттæн цæф куы ныккодта, уæд фидауынмæ фæци. Æрбарвыста йæ фидауджыты.

– Мах дис кæнæм уæ ныфс æмæ хъаруйыл! — загътой Иры лæгтæн, сæ хæс куы сæххæст кодтой, уæд. — Кæцæй уæм цæуынц? Фæтасын куы нæ комут.

– Нæ паддзах нæ афтæ домы, — уыдис сæ дзуапп.

– Æмæ йемæ фембæлæн, аныхас кæнæн нæй?

– Ныртæккæ фынæй кæны. Куы райхъал уа, уæд бæргæ, фæлæ дзургæ нæ кæны.

– Уынын нын æй уæддæр фæкæнут, — ныллæууыдысты фидауджытæ.

– Хорз, — загътой фысымтæ æмæ цасдæры фæстæ иу мадæн рахæссын кодтой йæ ноггуырд лæппуйы.

– Уый у нæ паддзах. Уый фидæныл хъуыды кæнгæйæ стæм æнæбасæттон, ныфсджын. Уый нæ домы йæхи æмæ йæ зæхх хъахъхъæнын.

ИРОН ФЫНГ — ирон фынг хæрд æмæ нозты тыххæй нæу, стæй бæркад æмæ хъæздыгдзинад æвдисынæн дæр. Ирон фынгæвæрд вæййы æгъдауы фæдыл: чындзæхсæвы, чызгæрвысты, зæдтæ æмæ дауджыты бæрæгбæтты, лæппуйы куывды, бæлццоны æрыздæхты, рынчыны сдзæбæхы, фæндарасты, сгуыхтдзинады, æнтысты æмæ уазæджы сбуц кæныны фæдыл.

Ирон фынг — фынджыдзаг вæййы мардæн рухсаг зæгъыны тыххæй дæр,

йæ ном ын æрымысын, йæ уæлеон цард ын кæстæртæн равдисыны, йæ хорздзинæдтæ йын радзурыны æмæ сæ кæстæртыл бафтауыны тыххæй. Ног халсар, дыргъ, гагадыргъ, хоры æмæ фосы кондæй йын рухсаг зæгъынæн. Ирон фынг у царды скъола, фарны фынг. Ам кæстæртæ хистæртæй исынц зонд, царды фæлтæрддзинад, базонынц ирон рæсугъд æгъдæуттæ, банкъарынц ирон æвзаджы аивдзинад æмæ тых, ахуыр кæнынц хистæрæн, сылгоймагæн лæггад, кад кæнын, æгъдау дæттын, уазæджы фæхынцын, сбуц кæнын.

Ирон фынг «уазæгæн йæ фæллад сафы, зианджынæн — йæ хъыг». Йæ фарн, йæ хъомыс бирæ у. Уымæн æмæ æгъдауыл, хъуыдыйыл æнцой кæны. Ирон хæдзармæ уазæг куы æрбафты, уæд уазæг сæ цæсты уыйбæрц кадджын у æмæ «Уазæг — Хуыцауы уазæг» хонынц. Ома, Хуыцау нын æй радта, æмæ Хуыцауæй фæдзæхст уæд. Æмæ кæд хæдзаронтæм уый фаг фадат нæ разына суазæг кæнынæн, уæд æй Хуыцауы фæрцы куы баххæст кæниккой, уымæ фæкувынц.

Ирон хæдзармæ уазæг куы æрбацæуы æмæ йын фынг куы æрæвæрынц, уæд фынджы сæр хистæрæй æрбады фысым. Цытджын уазæг куы вæййы, æмæ йæ тынгдæр сбуц кæныны тыххæй сыхæгтæм дæр куы фæдзурынц, уæд та фынгыл хистæрæй æрбадын кæнынц, сыхæгтæй æгъдаумæ хуыздæр чи сарæхса, уый.

ИРЫХЪÆУЫ КУВÆНДОН — кæддæр, дам, Ирыхъæуыл сыстад рын. Амы цæрæг ирон адæммæ цæрыны ныфс нал уыд, сæ зæрдæтæм рухсы цъыртт никæцæй-уал цыд. Иу зиан иннæ зианæй уыд уæззаудæр. Сагъæсты, мæт æмæ катайы бахауд мæгуыр фосдарæг, бирæ сывæллонджын Гуырцъыты Пипо дæр. Æмæ йæм иуахæмы йæ фыны рацыд урсзачъе зæронд лæг. Уый йын афтæ: «Уæ уавæр уын бæргæ æмбарын, æмæ дын æз куыд зæгъон, кæд афтæ бакæнай, уæд уæ Рыны бардуаг суæгъд кæндзæн». Æмæ йын бамбарын кодта, цæмæй Ныхасы хистæртимæ сæ хъомрæгъаумæ армыдзаг хоримæ бацæуой, æмæ сæм рæгъауы æхсæнæй цы гал рацæуа, уый хъæуы сæр суадзой, кæм æрхуысса, уым æй Пипо йæхæдæг куыд аргæвда. Уым хъæугуывд куы скæной, Стыр Хуыцау æмæ Уастырджийыл сæхи куы бафæдзæхсой, уæд сæ рын йæ азарæй суæгъд кæндзæн. «Æрмæст, Пипо, дæуæн уыцы бонæй фæстæмæ цæрæнбон нал уыдзæн. Æмæ ахъуыды кæн!» — загъта-ма урсзæлдаг зачъе зæронд лæг, æмæ ууыл Пипо фехъал. Йæ бирæ бинонтыл йæ цæст ахаста, стæй сыхы хистæртыл разылд. Йæ фыны хабар сын радзырдта. Æцæг сын урсзачъе зæронд лæджы — Уастырджийы фæстаг ныхæстæ не схъæр кодта.

Хистæртæн уыцы уавæры цы æнæразыгæнæн уыд Пипойы фыны фæндонимæ.

Рæгъауæй сæм цы урс гал рацыд, уый, хъæуы сæрмæ кæм æрхуыссыд, уым Пипо аргæвста, стæй, мæ уæлæдарæс аивон, зæгъгæ, сæхимæ æрцыд.

Йæхи ныхсадта, йæ уæлæдарæс аивта æмæ йæ усмæ уатмæ фæдзырдта, æхсæвы цы фын федта, уый йын бинонытæй радзырдта, ракодта йын Уастырджийы фæстаг ныхас дæр. Стæй сынтæджы мæлынмæ æрхуыссыд. Ус

йæхи æрхоста, скуыдта, фæлæ йæ Пипо басабыр кодта, нæ фæтчы, зæгъгæ. Загъта йын: «Абон куы амæлон, уæд дæр, цалынмæ куывд фæуа, уæдмæ йæ сыхæн ма фæхабар кæн! Кæуын нæма фæтчы».

Пипо уыцы бон йæ уд систа. Ус ын йæ фæстаг фæдзæхст сæххæст кодта. Дыккаг бон Ирыхъæуы цæрджытæ куыдтой йæ мæрдæй, уæд базыдтой, сæ сæрвæлтау йæ уд кæй радта, уый. Æртыккаг бон æй кад æмæ радимæ бавæрдтой хъæуы уæлмæрды. Пипойы фæстæ, дам, дзæвгар рæстæг йæ дуæрттæ уыдысты æхгæд — рынæй фервæзтысты.

Ирыхъæу уыцы цауы фæстæ, гал кæм æрхуыссыд, уым скодтой Уастырджийы рухс кувæндон. Йæ бæрæгбон вæййы Майрæмы куадзæны хæдфæстæ хуыцаубоны.

ИУ АБОНÆЙ ИННÆ АБОНМÆ — ацы дзырдбаст арæх æмбæлы Нарты кадджыты, Даредзанты таурæгъты, аргъæутты. Кадæггæнджытæ йæ дзурынц алыхуызон, фыст дæр афтæ æрцыдысты. Зæгъæм, Даредзанты таурæгъты иу ран кæсæм: «Даредзанты æгъдау та афтæ уыди: иннабонæй иннабонмæ куы нæ хъал кодтой». Хъуамæ уыдаид иу абонæй иннæ абонмæ. Уый та амоны иу къуырийы иу бонæй иннæ къуырийы уыцы бонмæ. Ома къуыри. Ирон адæмæн мæйтæ кæрæдзийæ тынг нæ хицæн кодтой, фæлæ къуырийы бонтæ авд кæй сты, уый сæм бæлвырд уыд, æмæ мæйтæ дæр бонтæй нæ, фæлæ къуыритæй нымадтой. Иу абонæй иннæ абонмæ къуырийыл нымад кæй у, уый ма бæлвырд кæны, адæмон сфæлдыстады кæй ис ахæм дзырдбастытæ: «иу цыппæрæмæй иннæ цыппæрæммæ», «абон майрæмбон — иннæ майрæмбоны», «афæдзы ацы бонæй иннæ азы ацы бонмæ», «æстæмæй астмæ».

ИЧЪЫНА — фосдарынимæ баст фæззыгон бæрæгбон. Бæрæг æй кодтой, фос-иу сæрдыгон хизæнтæй куы æрыскъæрдтой, уæд. «Ичъына вæййы рагвæззæгæй æрæгвæззæгмæ рахизыны рæстæджы, фосæлвынæн афон, — фыссы ахуыргонд Цыбырты Людвиг йæ чиныг «Ирон адæмон бæрæгбонты». — Уый у фосдарыны культимæ баст стыр бон».

Кæддæр нæ фосдарæг фыдæлтæм Ичъына кадджын бæрæгбон уыд, Ирыстоны йæ алы ран дæр парахатæй бæрæг кодтой. Ныр рох кæнын райдыдта.

ИЧЪЫНАЙЫ КАЛМ — Ичъынайы бæрæгбон вæййы хъæууон хæдзарадон куыстыты фæстæ. Уæдмæ калм йæ зымæгон хуыссæн бынат бацагуры, æхсæвы уазалæй тæрсгæйæ. Ичъынайы ма калм фенын диссагау у, æхсæвы уазалтæй куыд нæ тæрсы, куыд нæ басыд, зæгъгæ. Уый стæм хатт вæййы. Æмбисондæн дæр уымæн акæнынц: «Ичъынайы калмау уæлæуыл баззад». Ома, мæлыны хъомыс ын нал ис, нал мæлы.

– Й –

ЙАЙЫ СЫФТÆ — цыдæр зайæгойы сыфтæ, Даредзанты Ростъом сæ кæнын кæны йæ фырт Зураппы æфцæджы, цæмæй сæ уыдонмæ гæсгæ базона.

ЙАМОН — Даредзанты мыггаджы хистæр, Бадри, Мысырби æмæ Амраны фыд. Йамон йæ бинонты хæссы сырды фыдæй. Уый тыххæй алы хатт дæр кæркуасæнты фесты йæ хуыссæнæй æмæ фæраст вæййы цуаны, фылдæр хатт Сау хохмæ. Цуан кæны фат æмæ æрдынæй. Ус æрхаста авд æфцæджы æдде. Уымæй йын райгуырд дыууæ лæппуйы Бадри æмæ Мысырби. Амран ын у йæ дыккаг ус Хуыцауы хæрæфырт Мариайæ. У ныфсхаст, худинаг йæ сæрмæ нæ хæссы, йæ цотыл иузæрдион.

ЙАМОНЫ ХО — йæ мойы йын Æхсон уæйыг амардта, цæры иунæгæй. Йæ цæгатæй дæр æм змæлæг нал уыд, æмæ сæ бабæрæг кæнын сфæнд кæны. Йæхи саг фестын кæны. Æртæ æфсымæры Бадри, Мысырби æмæ Амран уыцы бон цуаны нæ ацыдысты, сæхицæн хорз сихор сцæттæ кодтой, хорз цæл фæкодтой. Стæй сæ мæсыджы сæрыл рæнхъæй рабадтысты. Саджы куы суыдтой, уæд æй Мысырби фехста, фат йæ фæсарм сæмбæлди æмæ йын йæ игæры кæрдихтæ акалдта. Саг цæфæй алыгъд. Йæ игæры кæрдихтæ йын сæмбырд кодтой, афтæмæй йæ туджы фæдыл ссыдысты йæ хæдзармæ. Уым зæронд усы хъæрзгæ баййæфтой. Уый сын йæ цæфы хабар радзырдта. Загъта сын:

– Игæры кæрдихтæ ма мæ куы уаиккой, уæд бæргæ ферваæзин.

Амран ын сæ хъарм донимæ адардта: ус цы уыд, уый фестад.

Афтæ базонгæ йе ‘фсымæры цотимæ. Уыдон ын райстой йæ лæджы туг Æхсон уæйыгæй.

ЙÆ НЫВЫ КОНД — йæ цардамонд, йæ хъысмæт, йæ ныхыфыст.

ЙЕЛÆХСÆРДТОН — Нарты кадджыты Йелæхсæрдтон æмæ Негор-æлдар сты адджын, æнгом æмæ æмвæнд дыууæ æфсымæры. Ис сын иунæг хо, йæ ном — Агуындæ.

ЙЕМÆ РАЙГУЫРГÆ КАРД — кадджыты, таурæгъты æмæ аргъæутты æмбæлæм ахæм архайджытыл (фылдæр сты фыдгæнджытæ), семæ кард кæмæн райгуырд. Æмæ сæ мæлæт у æрмæст уыцы кардæй.

ЙЕМЫЛÆГ — æнæус лæг. Донбеттыртæ афтæ хонынц Нарты Сæуæссæйы, фыццаг хатт æй куы фенынц, уæд.

ЙЕУХÆРА — Борæты хистæртæй иу.

– К –

КАДГÆНÆГ ЗАРÆГ — хъæбатыртыл, адæмы, рæстдзинады сæрвæлтау тохы, хъазуаты, æхсæнадон архайды йæ удыл дæр чи нæ ауæрды, ууыл ирон адæм снывæндынц кадæг-зарæг. Æмæ йæ ном æнусты фæцæры йæ зарæгимæ. Уый сваæйы рæзгæ фæлтæры, фæсивæды раст хъомылады стыр хотых. Ахæм зарджытæ ис Къостайыл, Черменыл, Хазбийыл, Таймуразыл, Гуыйманыл, Тотрадзыл, Иссæйыл æмæ иннæтыл.

КАДЗИТÆ — кадджытæм гæсгæ цæрынц фурды бын. Ис сын сæхи Сатана, ис сæм фæстæмæкъахджынтæ. Кадæг «Батрадз æмæ Тыхы фырт Мукара»-йы Мукара Батрадзæй куы фæтæрсы, уæд алидзы фурды бын Кадзитæм. Куы сæм ныххæццæ, уæд сын зæгъы: «Ахæм хæцæг æрбацæуы мæ фæдыл, æмæ ма йын кæд исты бакæнæм, уæд — хиндзинадæй, кæннод уымæн тыхæй ничи ницы ракæндзæн». Кадзитæ, дын, бавдæлдысты æмæ Батрадзы бацæуæны ахæм уæрм скъахтой, æмæ йæ бынæй йæ сæрмæ хъæр нæ хъуысти. Ноджы йыл уæле байтыдтой гауызтæ.

Æрбацæуы Батрадз, æмæ Кадзитæ афæнд кодтой: «Нæ иутæ йæ размæ ацæуæнт æмæ йыл сæхи бафæдзæхсæнт. Не ‘ннæтæ та уыйбæрц дур æмæ къуыдыр æрхæссæнт, æмæ сæ ацы уæрм куыд байдзаг кæнæм».

Сæ иутæ дур, къуыдыр æрцæттæ кодтой, се ‘ннæтæ та Батрадзы размæ рацыдысты æмæ йын зæгъынц: «Мах ницыгæнæг стæм, дæ фæндагыл дын байтыдтам гауызтæ, æмæ нæм рацу хæстæг».

Араст и Батрадз æмæ фæцæуы ныфсджынæй, ницы ‘нхъæлæй. Уæрммæ куы бахæццæ ис, уæд дзы ныххауди. Кадзитæ ныццин кодтой, багъæц, гъеныр дæ ссардтам дæ раны, зæгъгæ. Калын ыл байдыдтой дурæй, къуыдырæй цыдæриддæр æрцæттæ кодтой, уый. Батрадз йæ цирхъ йæ сæрыл сæвæрдта, йæ ком хæрдмæ, афтæмæй. Кадзитæ йыл цы ныццæвынц — дурæй, хъæдæй, уый цирхъыл æмбæлы æмæ лыг кæны, æмæ йæ лыггæгтæ бынмæ Батрадзы къæхты бынмæ згъæлынц. Афтæмæй уыдоныл хæрдмæ-хæрдмæ цæуы Батрадз. Йæ сæр куы фæзынди, уæд Кадзитыл фæхъæр кодта: «Агъæцут, фæхизын уæм, фыд мыггаг!». Йæ хъæрæй фæсуртæ сты Кадзитæ. Уæрмæй фæгæпп ласта Батрадз, мæсыджы фæмидæг ис: фæмард кодта фыццаг Мукарайы, стæй Кадзиты бынцагъд ныккодта.

КАДЗИТЫ САТАНА — «Кадзиты Сатана йæ лæппуйæн кæхц кодта æмæ рарвыста Кадзиты чызджытæн сæ рæсугъддæрты æмæ сын загъта: «Ацæут Нарты Сатанамæ кæхцгур; лæвæрттæ уын фæкæндзæн, æмæ-иу фæстæмæ афоныл раздæхут, — зæгъы нын таурæгъ «Батрадз Сосланы куыд фервæзын кодта».

Чызджытыл фæндагыл фембæлд Сослан æмæ сын фыдмитæ фæкодта. Фæстæмæ ныццыдысты чызджытæ Кадзиты Сатанамæ. Уæд Сатана фæдзырдта Кадзитæн сæ фæстæмæкъахджынтæм. Загъта сын: «Ацæут, Сослан кæмдæриддæр и — ссарут æй æмæ мæм æй æркæнут. Фæстæмæкъахджынтæ

Сосланы цуангæнгæйæ баййæфтой иу мæгуыр лæппуимæ, æрцахстой сæ, æмæ сæ Кадзиты Сатана сæ дзаумæттæй сæ æргъæу уаты къулыл байтыгъта. Æмæ сæ уыцы уавæрæй Батрадз фервæзын кæны.

КАДЗИТЫ ФÆСТÆМÆКЪАХДЖЫНТÆ — Кадзиты хæйрæджытæ, дæлимонтæ.

КАИСТЫ ХУД — ирон адæмæй исчи куы амæлы, уæд цæмæй йæ фæстаг фæндагыл рæсугъдæй ацæуа, ууыл бацархайынц хионæй, хæстæгæй, сыхагæй, зонгæйæ. Чи куыд арæхсы, йæ фадат куыд амоны, афтæ. Фæлæ ис, иу кæнæ иннæ æгъдау бакæнын кæуыл æмбæлы, ахæмтæ дæр. Кæмæн йæ хæс у мардæн чырын, æмбæрзæн балхæнын æмæ афтæ дарддæр. Нæлгоймагæн йæ каистыл хæс ис худ ын балхæнын. Æмæ йын цыфæнды хорз худ уæд йæ бинонтæй, уæддæр ын хъуамæ йæ каистæ худ балхæной, æмæ йæ Мæрдты бæстæм йемæ ахæсса. Каистæ се сиахсы йæ фæстаг фæндагыл æнæхудæй куы ауадзой, уæд сын уый у худинаг, стæй сиахсæн дæр кады хос нæу. Йæ каистæн уыйбæрц лæггад чи нæ бакодта. Ус чи нæ фæкуры, уымæн хъазгæмхасæнты дзæгъæлы нæ фæзæгъынц: «Ды дæхи худы ныгæд æрцæудзынæ!». Тæрсын æй фæкæнынц, ома ус куы нæ ракурай, уæд дын каистæ нæ уыдзæн, æмæ дыл исты куы æрцæуа, уæд дын Каисты худ чи хъуамæ æрбахæсса, æмæ уый худинаг у. Каисты цур худ дарын уыд æфсарм, æгъдау, æмæ сиахс йæ каистæн цы аргъ, кад кодта, уыцы æууæл цыдис уырдыгæй, уыд æргом æвдисæн. Æмæ йын уымæй æгъдау скæнынц йæ ныгæнæн бон йæ каистæ. Цалынмæ, дам, ын худ не ‘рбахæссынц, уæдмæ, дам, сæркъулæй фенхъæлмæ кæсы, куы нæ йын æрбахæссынц, ус чи нæ ракуырдта æмæ каистæ кæмæн нæй, уыдон та, дам, Мæрдты бæсты вæййынц бæгъæмсар, æнæхуд.

КАКУЛА — æлгъысты, фыддзыхы бардуаг.

КАМБАДАТÆ — адæмы хатт Нарты кадджыты.

КАР ÆМÆ КÆРÆФ — ирон адæмон сфæлдыстады их æмæ хъызты — хъызыны бардуæгтæ. Бадынц байбын дæлдзæхы. Кадæг «Кар, Кæрæф æмæ Уæрхтæнæджы хæсты Нартæ уæйыджы кæй амардтой, уый тыххæй сыстадысты сæ ныхмæ.

Кар æмæ Кæрæф уæд рацыдысты,
Байбын аууæтты, кæмттыл, адгуытыл,
Нарты адæммæ ысхъуызыдысты.
Уæд Уартдзæфы дон хохы рæбынæй
Абузгæ рацыд дæлæ быдыртæм.
Уым доны бадæг сау Донбеттыртæ
Уæд фæлыгъдысты Уартдзæфы ‘рфытæм,
Кар уæд абузгæ, цъæх их æвæргæ,
Нарты уæзæгæн, нæртон адæмæн
Сæ алыварс, дын, уæд Кар æртыхстис.
Кæрæф сæ сæрмæ салфæй æрбадтис.
Кар ердойы хуынкъ ихæй æхгæдта,
Кæрæф адæмы ысризын кодта.

Дуармæ рацæуæг уыдон нал уагътой,
Уæлхъæдæй-иу æй асæлын кодтой,
Нарты адæмы ыстыхсын кодтой.
Фæлæ сыл Уæрхæг, Уæрхтæнæг,
Æвзалы æмæ Æртхутæг
Зынджы бардуаджы фæрцы фæуæлахиз вæййынц,
Кар æмæ Кæрæфы дардмæ фæсырдтой.

КАСУТÆ, КАСУТЫ САБАТ — ирон уалдзыгон бæрæгбон, вæййы Куадзæнæй дыууæ къуырийы фæстæдæр — сабаты. Касутæ уæлдай кадджындæрæй бæрæг кæнынц Куырттаты комы Хидыхъусы. Ис дзы Касуты дзуар дæр. Тырсы æмæ Куырттаты кæмтты Касуты бон кодтой хъæугуывдтæ. Уыцы аз-иу лæппу цы хæдзары райгуырд, уыдонæй-иу алчидæр кодта хицæн куывд.

«Касуты бонмæ алы сыхы дæр иу хæдзар вæййы фысым æмæ сцæттæ кæны бæгæны, — фыссы Къарджиаты Бекызæ йæ чиныг «Ирон æгъдæутты». — Сых ын радтынц зад, сбарынц къусбар, æмæ сæ фысым бахсиды. Кусæрттаг та йæхæдæг балхæны, цы йæ амал вæййы, уый — род кæнæ фыс. Алы хæдзарæй дæр æрхæссынц чъиритæ æмæ хорз фæкуывд кæнынц бон-изæрмæ, заргæ уæд æмæ минас уæд, уый фæстæ хъазт дæр скæнынц. Фидæны фысымæн куывдæй арвитынц кусарты сгуы æмæ нозт чъиритимæ. Уыдон вæййынц æвдисæн, фидæнмæ фысым уыцы хæдзармæ кæй саккаг кодтой, уый тыххæй.

Хæдзæртты та уыцы бон фæкæнынц кастæ æмæ сæ ахæссынц хуымы кæрæттæм æмæ доны былтæм. Устытæ касы къустæ чъиритимæ æмæ нозтимæ уым скувынц. Доны былтæм чызджытæ æмæ чындзытæ æрæмбырд вæййынц æмæ фæкафынц изæрмæ».

Касуты сабаты чызджытæ æмæ чындзытæ-иу доны был ссардтой Донбеттырты æмæ доны чызджыты ном, куывтой сæм.

КÆВДÆСАРД — номылусæй гуырд адæймаг; фыдæй-иу бын кæмæн нæ зад, иннæ цотимæ абаргæйæ, æбар чи уыд, ахæм. Тлаттаты Чермен уыд кæвдæсард.

КÆЛÆНГÆНÆГ — адæмæн фыдæххæссæг сылгоймаг, сæ кæрæдзиуыл сæ ардауы йæ кæлæнты фæрцы. Ис æм æбæрæг тых æмæ адæмыл æвзæрырдæм ахадыны хъомыс. Йæ курдиат рæстæрдæм не ‘здахы, фæлæ хæрамы æрдæм.

КÆНГÆ ИНГÆН — ирон адæм дзуары фыдæхæй марды фыдæх карздæр хонынц, фæлæ æрмæст уый тыххæй нæ кæнынц кад сæ мардæн. Мард æвæринаг у, ныгæнинаг, æмæ йæ кадджынæй афæндараст кæнынц йæ фæстаг фæндагыл. Сбуц æй кæнынц. Йæ хорз цард, фæлтæрддзинад ын рахæссынц адæмы размæ, цæмæй йæ фарн мæрдтæм йемæ ма ахæсса, фæлæ баззайа удæгæстæн.

Адæймаджы йæ мæлæты фæстæ дæр зынтæй атонæн ис йæ бинонтæй, йæ хæстæджытæй, йæ хорз зонгæтæй. Зæгъынц, адæймаг, дам, йæ мæлæты фæстæ дæр цæры, цалынмæ йæ уæлæуыл нæ рох кæнынц, уæдмæ. Адæмы зæрдæты цæры йæ хорз хъуыддæгты, йæ удыхъæды рæсугъд миниуджыты фæрцы. Адæймаджы зæрдæ дзы æвзæр зæгъын нæ комы. Уыцы æнкъарæн

ирон адæймаджы уæгъд нæ уадзы, раст цыма йыл йæ зæрдæ фæхуддзæн, уыйау. Ууыл хъуыды кæнгæйæ йын аразы йæ ингæн дæр.

Ирон адæммæ, суанг нæ рагфыдæлтæ скифтæй райдай, мард ныгæныны æгъдæуттæ фидар сты. Уæлдайдæр та йæ æнусон хæдзары арæзтады фæтк. Зæххы ингæн скъах æмæ марды уым баныгæн, зæгъгæ, ничи хъуыды кæны ныр дæр. Æнусон хæдзар ын дзы аразынц. Уый тыххæй раздæр нæ рагфыдæлтæ сæ мæрдты быдыры ныгæдтой байбын арæзт ингæнты, дæлзæхх зæппæдзты, стæй хæхбæсты — æрдæгкъахт зæппæдзты æмæ уæлзæхх зæппæдзты. Ныр та — дæлзæхх зæппæдзты — кæнгæ ингæнты. Æмæ ма ингæнкъахджыты куыстмæ бæлвырддæр æркæсæм, куыд биноныгæй саразынц кæнгæ ингæн, мардæн у æцæг æнусон хæдзар!

КÆНД — мардæн æгъдауыл хист. Афæдзы дæргъы йын, йæ ныгæнæн бонæй фæстæмæ цы хистытæ фæкæнынц, уыдон хонынц кæндтæ.

КÆНТÆ — Нарты кадджыты адæмыхатт æмæ сæ цæрæн бæстæ. Нартæ, дам, уыдысты Æртæ Нарты, сæ фарсмæ та — Кæнтæ æмæ Чынтæ. Дыгурмæ ма Кæнтæ хонынц уæлмæрды ныгæд мæрдты удтæ дæр. Уæлмæрды рæзты цæугæйæ сын æнæмæнг фæзæгъынц, рухсаг ут, зæгъгæ, æхсæвыгон та сæ тас уадзынц, хъыгдарын сæ не ‘мбæлы, æмæ уæлмæрдмæ æввахс фæндагыл цæуын ничи фæкомы.

КÆРАЗИМÆГ — кусарты хай, йæ риуы гуыдыр фæрсчытимæ кæм иу кæны, гæркъуыр (сиахсæггаг) кæм ралыг кæнынц, уымæй размæ. Фыс кусæрттагæй физонæг кæразимæгимæ фæрсчытæй кадджын у.

КÆРДÆГХÆССÆН — рагон ирон бæрæгбон, фæлæ йæ чырыстон дин парахатгæнджытæ бабастой, Чырысти уæларвмæ куы атахт æмæ ма дæс боны фæстæ йæ ахуыргæнинæгтæм арвæй куы фæзынд, уыцы бон — Æртæ иуоны (Троица) бонимæ. Æмæ йæ бæрæг кæнын райдыдтой Зæрдæвæрæнæй дæс боны фæстæдæр. «Уыцы бонмæ сцæттæ кæнынц, кæмæн цы йæ амал вæйиы, уый бæгæны, арахъ, кусæрттаг — уæрыкк кæнæ æндæр исты, — фыссы Къарджиаты Бекызæ. — Æфсинтæ уæливыхтæ скæнынц, кæстæртæ та алы кæрдæджы мыггаг æрбахæссынц хæдзармæ æмæ сæ бæстыхайы къуымты æмæ кæрты байтауынц. Хæдзары хицау арвиты хонæг сыхбæстæм, æмæ йæм æрбацæуынц хуынды. Ас лæгтæ фæкувынц, фæминас кæнынц, алыхуызон зарджытæ фæкæнынц, уый фæстæ та уыцы æмбырдæй æндæр хæдзармæ бацæуынц. Афтæ бон-изæрмæ фæрацу-бацу кæнынц хæдзæрттæм. Чындз æрæджы чи æрхаста, уыцы хæдзæртты скæнынц хъазт, æмæ дзы фæсивæд фæкафынц».

КÆРДДЗÆФ — кардæй кæнæ сæрдасæнæй куы фæлыг кæнай буар, хæсгардæй та сæрыхъуынтæ, рихитæ, уæд таурæгъты, аргъæутты фæзæгъынц фæкарддзæф, кæнæ фæсæрдасæндзæф. Уыцы мадзалæй денджызæй расайдтой Нарты Батрадзы, Даредзанты Амраны, фæтар кæнынæй хъахъхъæдтой Саггаты (Сечъынаты) хæйрæджы.

КÆРДЗЫНГÆНДЖЫТÆ — цыфæнды ирон æгъдауы дæр: цины уа, хъыджы вæйиы кæрдзынгæнджытæ. Фысым йæ хойраджы бæркад æмæ къæбицы фарн кæуыл бафæдзæхсы, ахæм сылгоймæгтæ. Кæрдзынгæнджытæ хъуамæ уой рæстæмбис кары моймæдзыд сылгоймæгтæ, лыстæг хъуыддæгты сæм сæ æххуысы къух бадарынц ног чындзытæ æмæ чындздзон чызджытæ. Хистæр сылгоймæгты хæс та вæйиы, цæмæй сæ-иу афæрсой, уый сын бацамонын.

Кæрдзынгæнджытæ-æфсинтæ бæрнон хъуыддаджы балæууынц, уæлдайдæр цины: чындзæхсæв æмæ куывды, æмæ сæхи бæрнонæй равдисынц. Уымæ гæсгæ сын сæрмагондæй арфæ ракæнынц. Цины хъуыддажы сæ фынджы хистæр сбуц кæны, сæрмагонд нуазæнæй бузныджы ныхæстимæ, уазджыты хистæртæ сæ бабæрæг кæнынц бынаты, бараевдауыны охыл.

Кæрдзынгæнджытæ сæ куыстæй нымд кæнынц, хъыджы кæнды йæ кæнынц æнкъард зæрдæйы уагимæ æнæ уæлдай ныхæстæй. Цины хабæртты кæрдзынгæнджытæ-æфсинтæ хъуамæ æлхынцъæрфыг æмæ бустæгæнæг ма уой. Зæрдæрухс æмæ тынгæрфыгæй фæархайынц. Уый тыххæй рагацау æвзæрст сылгоймæгтæ сæ хæсмæ сæхи разæнгардæй фæцæттæ кæнынц удæй, зæрдæйы уагæй, буары æмæ дзаумайы сыгъдæгдзинадæй, зæрдæрайгæ хъуыдытыл бафтауынц сæхи, цинылцинимæ куыд сæмбæлой, сæ фыдæбон æмæ зæрдæйы уаг дæр хорзæрдæм куыд фæзына, сæ конд хæринаг Стыр Хуыцау, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытæн æхцон куыд фæуа. Æмæ хъæлдзæгæй ног раздарæнты, ног сæрбæттæнты арынджы уæлхъус балæууынц хыссæ кæнынмæ, стæй та алы джын уæливыхтæ фыцынмæ.

КÆРКÆ-МÆРКÆ УÆРЕ — Нарты кадджыты æндæр бæстаг хъæздыг лæг — æлдар. Уыд ын бур рæсугъд рихитæ, рувасдзармы хуызæн. Сосланы зæрдæ бахъазыд йæ рихитæм. Йæхицæн лæгты рихитæй кæрц хуыдта, æмæ йын æфцæгготæн рихи нал фаг кодта. Фæлæ Кæркæ-Мæркæ Уæре Сосланæй хъаруджындæр уыд, æмæ йæ амарынмæ йæ ныфс нæ хаста. Уæд Сатана Сосланæн загъта, дæхи йын ма базонын кæн, афтæмæй йæм æххуырсты бацу æмæ йын-иу Сосланæй раппæл, тынг хъаруджын у, зæгъгæ. Уый дæ фæрсдзæн Сосланы хъæзтытæй. Гъеуæд дæ зонд æмæ дæхæдæг.

Зондæй фæтых Сослан Кæркæ-Мæркæ Уæрейыл: денджызы йæ пыхсы бын йæ уæхсджытæй дæлæмæ ныссæлын кæны. Уæрейæн йæ къæхтæ зæхмæ не ‘ххæссыдысты æмæ денджызы их уæлцъар сисын йæ бон не сси. Сослан бавдæлд æмæ йын йæ цирхъæй йæ сæр ралыг кодта, стæй йын йæ рихитæ æрæстыгъта æмæ сæ йæ кæрцы æфцæгготмæ бафтауын кодта.

КÆРЧИГЛОЙ — хæдзарон æмæ хъæддаг мæргъты бардуаг. Хъахъхъæны сæ рувæстæ æмæ рынæй — кæркнизæй. Æфсинтæ æмæ цуанæтты цæсты уæлдай кадджындæр свæйиы, мæргътыл кæркниз куы фæзыны, уæд. Кæрчиглойы фосмæ хауы, маргъ чи нæу, иу ахæм цæрæгой — тæрхъус. Уый фæдыл ис ахæм таурæгъ: «Иуахæмы тæрхъус хъæдæй быдырмæ адзæгъæл æмæ мæргъгъитимæ æрцард, зым та дзæбидырты фæдыл бафтыд. Зæдæй алчидæр

агуырдта йæхион, фæлæ тæрхъус тар хъæдыл суæлæхох, зым та — дæлвæзтыл. Æфсати æмæ Кæрчиглойы Хуыцау бафидауын кодта афтæ: тæрхъусы ныууагъта Кæрчиглойæн, зымы та — Æфсатийæн. Æмæ уæдæй фæстæмæ зым дзæбидыртимæ цæры уæлвонг хæхты, тæрхъус та — дæлвæзты».

КÆСТÆЙРАГ — цины фынгыл кæстæрты хай: базыг æмæ бæгæныйы къус, кæнæ нуазæн æмæ кусарты хъус. Фынгыл-иу кæстæрты цæрæнбоны сидты размæ, хистæртæ кæстæртæм æртæ нуазæны уоны дзидзайы хайимæ куы авæрдтой, уæд-иу уый фæстæ кæстæртæ ныззарыдысты хистæртæн кадгæнæг зарæг.

КÆСТÆРÆЙ ХÆСТ — уæйгуытæ Нартимæ хæцыдысты кæстæрæй. Кæстæры сæр-иу зæхмæ куы æрхауд нæртоны цæфæй, уæд ыл-иу хистæр йæ бирæ сæртæй иу асагъта. Æмæ афтæмæй уæйгуытæй ничи мард. Цалынмæ сын Сæуæсса сæ хин нæ райхæлдта, уæдмæ.

КÆФТЫ-СÆР-ХУИЙÆНДОН-ÆЛДАР — кæфты, кæсæгты бардуаг, цæры фурды был. У тынг хъæздыг, йе ‘фсады нымæц ын ничи зоны. Афтæ бирæ сты, æмæ сыл быдыры адæймаджы цæст не ‘ххæссы. Æхсæртæггатæ, сæ лæппуйы сын кæй амардтой, уый тыххæй Борæтимæ куы схæцынц, уæд Уырызмæг, Хæмыц æмæ Сослан дæр æфсад агур Кæфты-Сæр-Хуийæндон-æлдармæ ацыдысты. Æмæ сæ сæхи мыггагæй чызг — Борæты чындз, фидаугæ кæй нæ бакодтой, уый тыххæй ралгъыста: «Æмбал кæмæн нæй, уыцы Иунæг Хуыцау афтæ саккаг кæнæд, æмæ авд азы дæргъы уæ арæхстдзураг дзых дзургæ куыднæуал кæна, уæ кæрдаг кард — кæрдгæ, уе ’мбæлаг фат — æмбæлгæ, уæ уайаг бæх — уайгæ, кæд нæ фидаут уæд!». Йе ‘лгъыст сыл æрцыд. Авд азы хъизæмары фæстæ сæ Кæфты-Сæр-Хуийæндон-æлдар бамбæрста, цæмæ йæм æрцыдысты, уый, æмæ сын æфсад радта.

Кæфты-Сæр-Хуийæндон-æлдар кæны кæсаджы куыст, æмæ йыл Нартæ худынц, дæ кæфы тæф кæлы, зæгъгæ.

КÆФДЖЫНÆГ — Кæсаджы стæгæй конд бандон кадджыты.

КÆФОЙ — Нарты кадджыты ис тæгæрæй конд диссаджы хоры кæфой. Уымæ уыд иу æвæджиауы миниуæг, цыма дзы хор исыс, афтæ йæ куы базмæлын кæнай, уæд-иу йæхæдæг хорæй айдзаг.

КÆФТЫ МÆЙ — Ирон адæмы фыдæлтæ кæддæр Сау æмæ Азовы денджызты был цардысты, æмæ сæм кæсаджы куыстад стыр бынат ахста. Денджызы был сæ горæт Пантикапей дæр абоны ирон æвзагыл амоны Панти — фæндаг, капей — кæф. Ома, Кæфты фæндаг. Кæф у кæсæгты хуыздæр, æппæты арæхдæр вæййы октябры. Æмæ йæ ирæттæ хонынц Кæфты мæй. Уæд йæ еугæф фæкалы æмæ-иу Хъаспы денджызæй Ирыстонмæ цæугæдæтты ратæдзæнтæм дæр бахæццæ. Цалынмæ-иу йæ еугæф акалдта, уæдмæ йæ ахсын нæ фæтчыд. Фæстæмæ здæхгæйæ йыл нæ ауæрстой. Ныр кæф Ирыстонмæ Мæздæджы районæй уæлдæр нал хæццæ кæны — йæ фæндаг ын, цæугæдон Малкæ æмæ Теркыл цы ауæзт сарæзтой, уый æрæхгæдта.

КÆФХЪУЫНДАР — æмбæлы фылдæр аргъæутты æмæ таурæгъты. У адæмæн

фыдгæнæг, дæттæ бацауазы, æмæ адæм, цæрæгойтæ, зайæгойтæ, цалынмæ йын хъалон бафидынц, уæдмæ æнæ донæй мæлынмæ æрцæуынц. Хъалон та хуымæтæджы хъалон нæу: æппæты рæсугъддæр — бæстырæсугъд чындздзон чызг, кæнæ та чызджыты рæсугъддæртæй æртæ, йе — авд. Кæфхъуындаримæ схæцы таурæгъы хъæбатыр æмæ йын йæ сæр кæнæ цалдæр сæры ахауын кæны. Фæуæлахиз ыл вæйиы, æмæ адæм сæ худинаджы, зын уавæрæй фервæзынц. Таурæгъ «Мады хох»-ы та бæстырæсугъд йæхæдæг йæхи баппары йæ хъæлæсы. Бæстырæсугъд афтæ бакæны, уымæн æмæ зоны, кæфхъуындар — залымæн йæ мæлæт уыд ахæм хуызы: йæ адзал уыд йæ къухты, æмæ йæ адæмы сæрыл йæ цард радта.

КÆХЦГÆНÆНТÆ — рагон, афтæ рагон бæрæгбон, æмæ ма Нарты кадджыты дæр æрцахстой фидар бынат — бирæ кадджыты ис сæ кой. Кæхцгæнæнтæ вæйиынц Хетæджы Уастырджийы бæрæгбоны хæдфæстæ хуыцаубоны. Уыцы бонмæ кæхцы куывд æрцæттæ кæнынц, афæдзы дæргъы лæппу цы хæдзары райгуырд, уыдон. Хетæджы Уастырджийы бонæй Кæхцгæнæнтæм та фæсивæд алы æхсæв дæр лæппугуырдты хæдзæрттæм кæнынц сой. Сæхи алыхуызон фыдхъуын дзаумæтты «саразынц», хæлын цæсгæмттæ бакæнынц, сæ хистæр лæдзæг райсы, семæ акæнынц фæндырдзæгъдæг æмæ кафынц, зарынц, хъазынц ноггуырдты хæдзæртты. Уыдон дæр сын æрцæттæ кæнынц æртæ чъирийы, карк, арахъ. Сыхы хистæр нæлгоймæгтæй сын исчи скувы, сойгæнджытæй исчитæ фынджы хойрагæй саходы æмæ та — æндæр фæрнджын хæдзармæ.

«Уыцы бон лæппуйы мадæрвадæлтæ уæззау лæвæрттæ æмæ хуынтимæ бабæрæг кæнынц сæ чысыл хæрæфырты, — фыссы Уарзиаты Вилен. — Хуыны дарæстæ, хъазæнтæ æмæ æндæр лæвæрттимæ вæйиы здыхстсыкъа фыр. Хæрæфыртæн байраг куы лæвар кодтой, уæдæй дæр афтæ бирæ рæстæг нæ рацыди. Фæткмæ гæсгæ лæвæрттæ дæр æлхæдтой æмæ фынг дæр арæзтой сабийы мады ныййарджытæ. Сабийы мад-иу æрзылди, фыдæрдыгæй дæр æмæ мадырдыгæй дæр йæ æввахсдæр хæстæджытыл, цæмæй йын баххуыс кодтаиккой. Сабийы мад-иу йæ хæстæджытыл зылди стыр хъæдын кæхцимæ. Бæрæгбоны ном дæр уырдыгæй цæуы. Æмбырд-иу кодта алыхуызон лæвæрттæ æмæ, фынг цæмæй скæндзæн, уыдæттæ. Афтæмæй фæзынди бæрæгбоны размæйы змæлд æвдисæг æмбарынад «кæхцкурæг»».

КÆХЦГÆНÆНТЫ МÆЙ — æхсæзæм мæйыл ном июнь сæвæрдтой Ромы мифологийы мæйы бардуаг Юноны кадæн. Иронау та хуыйны Кæхцгæнæнты мæй. Стæй ма Хурхæтæны мæй дæр. Кæхцгæнæны уымæн, æмæ ахста июлы фыццаг æмбис дæр æмæ æйиæфта бæрæгбон Кæхцгæнæнтæ. Хурхæтæны уымæн, æмæ ацы мæйы бон цыбырдæр кæнын райдайы, æхсæв та — даргъдæр. Хур ахæты иннæрдæм, фæкъул вæйиы.

КИУНУДЗÆ — Дыгургомы раджы заманы чызджыты бæрæгбон. Уыдис-иу комдарæны фыццаг къуырийы æртыццæджы. Уыцы бон-иу ног чындзытæ лæвæрттæ кодтой, чи сын-иу раарфæ кодтаид, уыцы чызджытæн.

КОМАХСÆН — куадзæнмæ — комуадзæнмæ комдарæн у æппæты егъаудæр комдарæн — ахæссы авд къуырийы. Хонгæ дæр æй кæнынц Стыр комбæттæн. Гъе уымæ гæсгæ йæм ирон адæм сæхи цæттæ кодтой рагацау. Уый тыххæй сæм уыд, дыууæ къуырийы-иу чи ахаста, ахæм бæрæгбон Комахсæн — ком ахсын. Ома, Комдарæны агъоммæ фæлварæн. Фыццаг къуырийы-иу сæ ком ныббастой фыдызгъæлæй, дыккаджы та — урсагæй. Æмæ хуыйнынц фыццаг къуыри — Фыдыкомбæттæн, дыккаг къуыри та — Урсы къуыри.

КОМДАРÆН — стыр комбæттæны хуыцаубоны фæстæ къуырисæры райдайы Комдарæн. Уæдæй фæстæмæ суанг Куадзæны онг нал фæтчы нæдæр фыдызгъæл хæрын, нæдæр — урсаг. Уыцы æмгъуыды адæм сæ мæрдтæн дæр хæлар фæкæнынц, сæ зæдты æмæ дауджыты ном фæарынц хорæй, хъæдурæй, пырындзæй, халсартæй, дыргътæй æмæ кæсагæй конд хæринæгтæй.

Ирон адæм ком дардтой æмæ дарынц дины тыххæй нæ, фæлæ се ‘нæниздзинады, сæ буар æнæхъæугæ, уæлдай буаргъæдтæй асыгъдæг кæныны, сæ удты сыгъдæгдзинады тыххæй. Уымæй æвдыстой, царды бахæрын сæйрагдæр кæй нæу. Сæйрагдæр у уды фарн.

КОМДАРÆНЫ МÆЙ — иронау афтæ дæр хуыйны Тæргæйтты, мартъийы мæй. Нæ фыдæлтæ Куадзæны размæ ком дардтой авд къуырийы дæргъы. Уыдонæй цыппар хауд ацы мæймæ, иннæ æртæ та апрелмæ. Уымæ гæсгæ ирон адæм мартъи æмæ апрелы хуыдтой комдарæны дыууæ мæйы.

КОМИАТЫ ДЗАМБОЛАТ — таурæгъон цуанон, Æфсатийы хæлар. Ирон адæмон сфæлдыстады ис цалдæр зарæджы: «Комиайы-фырт», «Æфсати æмæ Комиайы-фырты зарæг» æмæ æндæртæ. Уым æй хонынц, æссон лæг у, зæгъгæ. Æфсатийæн уыд авд фырты æмæ иу чызг Хаирхъыз. Йæ фырттæ балцы куы уыдысты, уæд ын йæ чызджы хæйрæг аскъæфта, Æфсати фæфæдис кодта Комиайы-фыртмæ. Уый йæм йæ сыгъзæрин саутæфтыд хæтæлимæ æххуысмæ фæзынд. Æфсати йæм Сафа-уасхæйы бæрзондæй куы ныхъхъæр кæны: «Йæ рахиз уæраджы сæрмæ йын хъав». Ома, йæ мæлæт уымæй у. Комиайы-фырт хæйræджы амары, — Бæстырæсугъд Хаирхъызы ферваæзын кæны. Уæдмæ Æфсатийы авд фырты дæр æрбахæццæ вæййынц æмæ йын зæгъынц, Хуыцау æй дæуæн саккаг кодта æмæ йæ дæхицæн усæн акæн, зæгъгæ. Комиайы-фырт сын куы зæгъы:

«Кæй у, уымæн хæлар уæд,
Уæ хæзна дæр, уæ сыгъзæрин дæр мæ нæ хъæуы.
Уæлæ сау хъæды уæ дæттинаг фосæй мын хай бакæнут».
Бæстырæсугъд Хаирхъызы йæ хо куы ныккæны».

Æфсымæртæ та дзы сæхицæн æфсымæр загътой æмæ йын йæ цуанæн ахъаз кодтой.

КОМУАДЗÆН — кæс Куадзæн.

КОСЕР-РÆСУГЪД — Нарты Сосланы дыккаг ус. Ис ын тæхгæ-цæугæ мæсыг. Иуахæмы Косер-рæсугъд йæ тæхгæ мæсыджы сбадти æмæ арвыл ныллæууыди æмæ дзырд радта: кæй фат мæм схауа, уый — мæ мойаг, зæгъгæ. Сослан

быдыры уæлгоммæ æрхуыссыдис адæмимæ, фат фелвæста æмæ йæ фехста. Косер-рæсугъдæн йæ цæугæ мæсыджы дуары уæллаг тарвазы ныссагъдис, дыккаг фат та — рудзынджы уæллаг тарвазы. Косер йæ мæсыг æруагъта зæхмæ, адæмы æхсæнмæ æмæ загъта: «Адон кæй фаттæ сты, уый у мæ мойаг, хæстæг мæм æрбацæуæд». Сослан фырцинæй мæсыджы фæмидæг, йæхионтæ кæнын райдыдта. Уæд Косер фыддæрадæн мæсыг уæлæмæ суагъта, йæхæдæг зæххыл баззад. Сослан мæсыджы хæрдмæ фæтæхы. Уалынмæ арвы хæдбын ныллæууыд. Фырмæстæй уырдыгæй йæхи раппæрста æмæ авддæлдзæхы хæйрæджытæм ныххауд. Уырдыгæй куы раирвæзт, уæд Косер-рæсугъдимæ бафидыдтой, æмæ кæрæдзийæ ус æмæ лæг загътой.

КУАДЗÆН — алы аз дæр нæм уалдзæгимæ æрцæуы рæсугъд, зæрдæрайы, райдзаст бæрæгбон Куадзæн. Ирон адæм æй тынг рагæй бæрæг кæнынц. Суанг Йесо Чырысти куы нæма райгуырд, уæд дæр, æвæццæгæн. Куадзæны размæ-иу æрæджы дæр ма бирæ рæстæг — авд къуырийы — дардтой ком æмæ-иу ацы бæрæгбоны сæ ком суагътой. Ком уадзынæй рауад бæрæгбоны ном — Куадзæн. Вæййы хуыцаубоны, йæ хæдфæстæ къуырисæры та ирон адæм кæнынц Мæрдты Куадзæн. Уый агъоммæ алчидæр базилы йæ уæлмæрдтæм — æппæтмæ, раджы æмæ æрæджы чи амард, уый нæ хынцгæйæ.

Куадзæн у удсыгъдæггæнæн бæрæгбон. Раздæры азты йæм-иу ирон адæм сæхи цæттæ кодтой стырæй, чысылæй, сыгъдæг зæрдæйæ. Алкæйдæр фæндыд уыцы бон куыдхуыздæрæй, хъæлдзæгæй, райзæрдæйæ арвитын. Уый тыххæй бæрæгбоны фынгтæ уыдысты алы хæринæгтæй дзадджын. Уæлдай цинагдæр-иу уыд сывæллæттæн Куадзæн, алыхуызон ахуырст æйчытæ, сæ ног уæлæдарæс сæ рæвдыдтой. Уыцы бон-иу уыд айкæй хæцæн æмæ къамисæн бон дæр. Куадзæны боны ист къамтæ, æвæццæгæн, алкæй хæдзары дæр ис. Уæлдайдæр сывæллонæй ист къамтæ.

Куадзæны бæрæгбон ирон адæмы царды стыр бынат ахста. Чырыстон дин парахатгæнджытæ йæ Йесо Чырыстийы номимæ хуымæтæджы нæ бабастой. Æнæуый дæр ирон адæмон æмæ чырыстон бæрæгбæттæн иудзинæдтæ бирæ ис. Уыцы бон чырыстон дингæнджытæн дæр вæййы дæргъвæтин мархойы фæстæ комуадзæн. Фæцин кæнынц, уыцы бон Чырысти кæй райгас, ууыл. Къуырийы фæстаг бон ирæттæ хонынц Хуыцауы бон. Уырысмæ та, чырыстон дин сæм тыхджындæр кæй у, уымæ гæсгæ хуыйны Воскресенье — Райгасы бон. Ирæттæй, чырыстон дин чи кæны, уыдонæн дæр Куадзæн баст у Йесо Чырыстийы райгасы бонимæ.

КУВÆГ ЛÆГ — кувæг лæг дзуарылæгау у бæрнджын æмæ уазджын. Алчи дзуарылæгæн куыд нæ бæззы, афтæ — Кувæг лæгæн дæр. Дзыхæй æмæ удыхъæдæй чъизи чи у, æвзæр дзыхæй чи дзуры, æнæуаг митæ чи кæны, адæмы хъыджы чи бацыд, давæг æмæ марæг чи у, уыдонæн сæ кувын нæдæр Хуыцаумæ хъуысы, нæдæр йе сконд зæдтæ æмæ дауджытæм. Ахæмтæн раджы дæр æмæ ныр дæр йæ æртæ кæрдзыны ничи скувын кæндзæн.

Кувæг лæг хъуамæ уа сыгъдæг удæй, буарæй æмæ уæлæдарæсæй дæр. Йæ зæрдæйы хæрамдзинад хъуамæ ма уа, йæ зонд адæмы æхсæн тауа хæлар æмæ уарзондзинады æнкъарæнтæ, уа рæсугъд хъуыдытыл хæст. Уæлдайдæр та кувгæ-кувын. Цы дзуры, ууыл йæхæдæг фидарæй æууæнда. Афтæмæй, æрмæст афтæмæй исынц Хуыцау, зæдтæ æмæ дауджытæ адæймаджы кувын.

КУВÆГГАГ — хистæрты цины фынджы сæр цы хойрагæй, фыдызгъæлæй (нозтæй) скувынц æмæ кæстæртæм адæттынц, уый.

КУВÆНДОН — ирæттæ иумæ, лæугæйæ, худаистæй Дунескæнæг Иунæг Стыр Хуыцаумæ, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытæм сыгъдæг зæрдæйæ, зондæй, буарæй æмæ дзаумайы кондæй æргом æмæ рæстзæрдæйæ кæм фæкувынц, ахæм табуйаг бынат. Чырыстæттæн ис аргъуан, пысылмæттæн — мæзджыт, дзуттæгтæн — сенагога, ирæттæн та — кувæндон. Иннæтæ кувынц Иунæг Хуыцау æмæ Сыгъдæг удтæм, чи лæугæйæ, чи — йæ зонгуытыл, сæ кувын у æмыр, сæ бæсты кувынц сауджынтæ, моллотæ, раввинтæ. Ирон адæм та кувæндæтты, сæ куывдты, чындзæхсæвты æмæ хæдзæртты Стыр Хуыцау, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытæм кувынц сæхæдæг, лæугæйæ, хатыр курæгау, табугæнгæ, кæстæрты омменимæ. Кувынц комкоммæ уæлæмæ арвмæ Хуыцаумæ, зæдмæ амонгæйæ. Æрмæст ма фæзæгъынц: «Хуыздæр кæй куывд айсай, уый æмбал мах дæр фæкæн».

Ирон кувæндæтты дæр ис дзуары лæгтæ. Уыдонæн сæ хæс у кувæндонмæ, цы кувæн фæрæзтæ дзы ис, уыдонмæ цæст дарын, кувæндон кæй номыл у, уыцы зæд кæнæ дуаджы бæрæгбонмæ йæ бацæттæ кæнын, кувæг адæмæн æгъдау амонын, стæй куы бахъæуа, уæд кувгæ дæр скæнын, кувынмæ чи нæ арæхсы, уыцы кæстæрты æмæ сылгоймæгты кувинæгтæй скувын.

Ирон кувæндæттæ сты æрдзон сыгъдæг æмæ бæрзонд бынæтты, адæм сæ цæст кæуыл æрæвæрдтой, ахæм æвæджиау уæларвон фæзындтытæ кæмыты æрцыд, уыцы рæтты — Хуыцауы, зæдтæ æмæ дауджыты номыл. Иннæ динтау ирон адæм зæххон адæмæй сыгъдæг удтæ никæй скодтой, сæ номыл сæм кувæндæттæ нæй, сæ уазнывтæ æмæ стджытæм сын нæ кувынц. Ирон адæммæ мард æмæ дзуар æмдых сты, кад сын кæнынц, фæлæ сæм кувæндоны марды стджытæ фенын, Хуыцаумæ хъыг цы фæкæсдзæн, ахæм хъуыддаг кæсы.

Ирон кувæндæтты ис табуйаг алыхуызон дзаумæттæ, суанг хæцæнгæрзтæ æмæ саджы стæгдартæ дæр.

КУВÆНДОНЫ МЫСАЙНАГ — раздæр кувæндоны мысайнагæн æвæрдтой згъæр æхца æртæ суарийы. Уымæй дæр хæрзæхсадæй урс бæмбæджы тыхтæй. Уæд уыдон æхца уыдысты. Байаты Гаппойы ракуывды ахæм ныхæстæ ис: «Мысыры æвзистæй дын — мысайнаг». Ныр æртæ суарийы згъæр æхца дæр нал сты. Æмæ чидæртæ афтæ срæдау сты, сæ давд æхцаты фæрцы сæхицæй афтæ ныббуц сты æмæ сæ кувæндоны мысайнагæн мин сомы дæр сæвæрынц. Уымæй, цы дзуармæ кувынц, уый зæрдæ балхæнынмæ хъавынц. Дзæгъæлы! Иуæй давæггаг æхцайæ мысайнаг æвæрын нæ фæтчы, рæстмæгæнæджы

хорзæх нæ ары, къæрныхы куывд Хуыцаумæ куыд нæ хъуысы, афтæ. Иннæмæй гæххæттын æхца чъизи у: кæй æрмтты, æртты нæ вæййы, суанг — хуыйы фыд уæйгæнæджы къухты дæр. Æмæ йын згъæр æхцайау ныхсæн нæй. Кувæндон та зæдтæ æмæ дауджытау сыгъдæгдзинад уарзы.

Куыд зонæм, афтæмæй ирон адæм Хуыцаумæ, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытæм кувгæйæ фынгмæ æввахс нæ уадзынц хуыйы æмæ карчы фыд, стæй айк дæр. Бæрæгбоны фынг та табуйаг у, дзуары номыл кувинæгтæ йыл ис, уæлдайдæр ма йыл мысайнæгтæ æвæрд куы уа, уæд. Гъе уымæ гæсгæ цыфæнды ног гæххæттын æхца дæр мысайнагæн нæ бæззы! Згъæр æхца у мысайнаджы аккаг, æмæ ис ахæм згъæр æхцатæ 5-гай сомтæ. Мæгуырæн дзы йæ фадат у иу сæвæрын, хъæздыгæн та — æртæ. Фондз дæр у æнæкъай, стæй — æртæ фондзы — фынддæс сомы дæр. Æцæг æхсадæй, бæмбæджы, кæнæ урс хæцъилы, гæххæтты тыхтæй хæсгæ сты кувæндонмæ. Хистæр кувгæйæ фæзæгъы: «Барст дын уæд нæ кувинаг, айс нын нæ мысайнаг». Сылгоймæгтæ Мады зæды, Мады-Майрæмы, Алардыйы æмæ иннæ зæдты кувæндæтты, чызджытæ та Рекомы фарсмæ Чызджыты кувæндоны бæлæстыл, хъæдтыл бабæттынц урс хæцъилы уадздзæгтæ, кæнæ лентытæ, цæмæй сын цот дæттой, чи ис, уыдон та æнæниз уой. Чызджытæ та хорз амонд арой.

КУВÆН КЪУЫПП — æмбæлы Нарты кадджыты. Сатана куы фæтыхсы, уæд тагъд-тагъд æртæ мыдамæсты ракæны, Кувæн къуыпмæ суайы æртæ мыдамæсты æмæ ронджы дурынимæ, скувы Хуыцаумæ, æмæ йæ куывд æрцæуы.

КУВИНАГ — бæрæгбоны, куывды кæнæ чындзæхсæвы фынгмæ Стыр Хуыцау, зæдтæ æмæ дауджыты номыл цы хойраг, фыдызгъæл æмæ нозт æрцæттæ кæнынц, уыдон. Бæрæгбоны фынгыл æмæ кувæндоны бын æнæмæнг — æртæ æртæдзыхоны.

КУВЫН — ирон адæм Иунæг Стыр Хуыцаумæ, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытæм кувынц сæ хæдзæртты, куывдты, чындзæхсæвты, бæрæгбæтты, сæ кувæн бынæтты, фæдзæхсынц сыл сæхи, сæ цоты, сæ рынчынты, сæ бæлццæтты, сæ ноггуырдты, сæ кæстæрты, сæ арфæйаг хъуыддæгты, сæ фидæн. Кувын та райдайынц табуйæ: Хуыцауæн, йе Стырдзинадæн табуйæ, зæдæн (тæн) табуйæ. Уый фæстæ дæр кув, кур æмæ фæдзæхс нымдгæнгæ, кæстæрты «Омменимæ».

Бæрæгбоны, стæй кувæндоны дæр кувын хъæуы Стыр Хуыцаумæ æмæ, бæрæгбон кæй номыл у, æрмæст уыцы зæд кæнæ дуагмæ. Зæгъæм, Алардыйы бон Хуыцау æмæ Алардымæ, Уастырджийы бæрæгбæтты Хуыцау æмæ Уастырджимæ, иннæ зæдтæ æмæ дауджытæм кувын нæ фæтчы, бæрæгбон цы зæд кæнæ дуаджы номыл у, уый дæм куы фæхæрам уа, куы фæхъыза, уымæй тæссаг у.

Чындзæхсæвты, лæппуйы æмæ иумæйаг куывдты æндæр у уавæр. Уым нымдгæнгæ Стыр Хуыцауы фæстæ скувæн ис æппæт зæдтæ æмæ дауджытæм дæр. Уымæй Хуыцауы фæстæ арынц Уастырджийы ном, стæй Мады зæды (Мады-Майрæмы). Алардыйы, Тхосты, Хоры Уациллайы, Фосы Фæлвæрайы,

Хъæуы зæды, Бынаты бардуаджы, Мыкалгабырты, Рекомы, нæ хохты-быдырты кувæндон кæмæн ис, æппæт уыцы зæдтæн иумæйагæй æмæ Ныхасы Уастырджийæн сæ нæмттæ.

КУДИТЫ МАРГ — æвæццæгæн, Кудиты мыггаг цы маргæй фæцагъды сты, уый. Сæхæдæг æй куы æрхъуыды кодтаиккой, уæд ма сæ исчи баззадаид, æмæ абон Кудиты мыггаг уаид. Фæлæ Кудитæй мах мыггаг нæ зонæм. Махмæ ма æрхæццæ, цы маргæй фæцагъды сты, уыимæ бастæй сæ ном, æмæ йæ хонæм, ферваæзæн кæмæй нæй, ахæм марг.

КУРДИАТЫ РÆСТÆГ — Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæ, дауджытæ адæймаджы фæндон — скуывд цы фарны сахат æххæст кæнынц, уый. Курдиаты сахат — куывд æрцæуыны сахат. Курдиаты сахат йæ сæры хил аивæзта Дзерассæ, æмæ сæ дыууæ дæр (Æхсаримæ) фестадысты æргъæуон бæзджын кæсæгтæ æмæ рараст сты фурды бынæй фурды сæрмæ.

КУСАРТ — цыфæнды ирон хъуыддаджы дæр: цин уа, зиан, кусарт акæнын бахъæуы, æмæ уыцы хæс йæхимæ чи райсы, уый, кусарт акæныны размæ хистæр куы скувы, йæ ныхыл ын судзгæ æхсидав куы аваæры, кæстæртæ йын цæхх куы адарынц, уæд фыццаджыдæр æргæвдыны размæ Хуыцауæй æртæ хатты хатыр ракуры: Хуыцау, хатыр бакæн, æгъдау мæ афтæ домы, дæ бархъомыс афтæ у, дæ ном дын дзы ардзыстæм, зæгъгæ. Стæй йæ хæс у кусарты сæр æнæдзургæйæ ралыг кæнын, йæ æххуысгæнджытæн дæр ныхас кæныны бар нæй уыцы рæстæджы, кæннод кусарт кæй номыл у, уымæ йæ бæркад æххæстæй нæ фæхæццæ уыдзæн. Уый фæстæ дæр кусартгæнæгыл бирæ хæстæ æваæрд ис. Уæлдайдæр, кусæрттаг нывондаг куы уа, уæд. Хæрнæджы фынгæн ын йæ сæр æмæ бæрзæй рахицæн кæнын у сæйрагдæр, иннæ уæнгтæ зианы саст зæрдæйы уагыл лыгтæгонд цæуынц, æндæр сын ницы нысан ис.

Цины фæдыл кусартæн ма æнæмæнг æгъдауæн фæхицæн кæнын хъæуы йæ базыгтæ, уæнгтæ, рахизфарсы æртæ фæрсчы, æрмæчъытæ, къубал, аппарын — бирæгъы хай. Фыс кусарты та иу уæнг дæр саст хъуамæ ма уа, йæ астæуыстæгæй фæстæмæ. Суанг йæ фæхсыны къæдзил дæр æнæхъæнæй баззайа.

Кусарт цалынмæ сфыца, мардæн æй ныххæлар кæной, цины хъуыддаджы дзы цалынмæ Стыр Хуыцауы, йе сконд зæдты æмæ дауджыты ном ссарой, уæдмæ дзы хъуамæ ма фæхъæстæ уа нæдæр гæды, нæдæр куыдз. Уый тыххæй йын йæ туджы æмæ фыды æппарæнтæ зæххы баныгæнынц.

КУСАРТÆЙ ФИЗОНÆГ — куывды æмæ чындзæхсæвы, дзуары бонмæ нывонд кусартæй скувынмæ уæхстыл цы физонæг скæнынц, уый. Уисæй конд æртæфарсон уæхстыл бакæнынц раззаг хуылфыдзаумæттæй фондз кæнæ авд хайы: рог, игæр æмæ зæрдæйæ. Рæбынæй рог, уæхсты фындзыл та — зæрдæйы хай. Се ‘хсæн иннæ хæйттæ хæццæ-мæццæйæ. Хæйттæ вæййынц фиуы тыхт, æмæ афтæмæй физонæг та хуыйны æхсырфæмбал.

КУСАРТГÆНÆГ — ирон адæммæ кусартгæнæг хонынц бæрæгбонмæ нывондаг,

куывды кæнæ чындзæхсæвы кусæрттаг чи аргæвды, уый. Иннæ кусæрттæ кæны æргæвдæг. Æргæвдæны кусæг дæр хуыйны æргæвдæг.

Кусарт кæныны размæ æрцæттæ кæнынц æртæ чъирийы кæнæ æртæ луасийы, цæхх æмæ нозт хистæрæн скувынæн, кусартгæнæгæн бар раттынæн. Кусартгæнæг та фыццаджыдæр æрцæттæ кæны йæхи удæй, буарæй æмæ дзаумайæ дæр. Йæ кæрдтæ адауы: æргæвдæн æмæ стигъæн кæрдтæ.

Хистæры размæ кусæрттаг куы æрбакæнынц, уæд скувы Стыр Хуыцаумæ æмæ, нывонд кæй номыл у, уыцы зæдмæ, кæнæ зæдтæ æмæ дауджытæм. Барст уын уæд, зæгъгæ, фæзæгъы. Стæй арфæ ракæны кусартгæнæгæн, дæ къух арфæйаг уæд, зæдтæ æмæ дæ дауджыты хорзæх уæд, лæггад кæнынæй сын макуы бафæллай, зæгъгæ, йын фæзæгъы. Уый фæстæ йæм кувæггаг авæры. Уый дæр йæ арфæйы ныхас фæзæгъы, кувæггагæй саходы, æркæнын ма йыл кæны æмæ йæ хистæрмæ радты. Уый дыккаг хистæрмæ куы фæсиды, уæд кусартгæнæгæн бар радты нывонд æргæвдынæн.

Кусартгæнæг нывондæн цæхх адары — цæхх фынджы сæр у (афтæмæй, дам, æнцондæр стигъæн у), йæ рахиз фарс, кæнæ ных ын зынгхъæстæ фæкæны æмæ йæ йе ‘ххуысгæнджытимæ, раздæр æргæвдæн бынат кæм æрцæттæ кæнынц, уырдæм акæны. Ам рагацау цæттæ вæййынц, туг кæдæм рауадздзæн, раззаг æмæ фæстаг хуылфыдзаумæттæ кæдæм ракалдзæн, уыцы мигæнæнтæ.

Кусæрттаджы куы æрфæлдахынц, æмæ йæ хурыскæсæны æрдæм куы æрзилынц, уæд кусартгæнæг фыццаджыдæр арвмæ скæсгæйæ Стыр Хуыцауыл йæхи бафæдзæхсы, стæй дзы хатыр ракуры, æргæвдæн кард йæ къухмæ кæй райста, уый тыххæй. Дæуæн, зæдтæ æмæ дауджытæн æхцон хъуыддаджы тыххæй у, æмæ уын барст уæд, зæгъгæ, фæзæгъы, æмæ æнæдзургæйæ, æдзæмæй бавналы кусæрттагмæ. Цалынмæ сæр ралыг кæна, уæдмæ дзурæн, ныхас кæнæн нæй йе ‘ххуысгæнджытæн дæр, — табуйаг хъуыддаг хъæлæба нæ уарзы. Кусартгæнæг сæр куы фæхицæн кæны, уæд йæ фыццаг сдзырд вæййы: «Барст уын уæд». Кусартгæнæг йæ хорз къух æмæ зæрдæйы ахастæй зындгонд вæййы сыхбæсты, хъæубæсты. Алы ранмæ дæр æй æрцагурынц.

КУСАРТЫ КЪАБАЗ — кусарт дихтæ кæны цыппар стыр хайыл: раззаг дыууæ къабазы æмæ фæстаг дыууæ агъдыл. Астæуыстæг хицæнæй аззайы. Раззаг дыууæ къабазæй цины хъуыддаджы кадджындæр у рахиз. Ардыгæй хистæрæн скувынмæ фæхицæн кæнынц базыг æмæ æртæ фæрсчы, уæн та сæр æмæ бæрзæйыл æрæвæрынæн. Стуры æгъдты сгуытæ дæр, уæлдайдæр рахизы, нæ асæттынц — æгъдауы бахъæуынц.

КУЫДЗÆППАРÆН КЪÆДЗÆХ — хæхбæсты царды уавæртæ куыд æгъатыр уыдысты, афтæ — адæм дæр. Нæ барстой рæдыд, худинаг ми, хуыснæгдзинад, дзырдлæвæрд, ардбахæрд фæсайын. Уыцы хъуыддæгтæй-иу йæхи чи фæхудинаг кодта, уыдоныл кодтой хъоды. Сæ карздæр тæрхон та уыдис Куыдзæппарæн къæдзæхæй сæ аппарын. Ныхасы-иу марыны тæрхон кæмæн рахастой, уыцы фыдгæнджыты-иу къухтæ æмæ къæхтæбастæй йæ мыггаг

сæхæдæг раппæрстой Куыдзæппарæн къæдзæхæй (былæй), цæмæй мачи макæимæ фæтудджын уа. Уымæй æгаддæр тæрхон ирæттæм нæ уыд, Куыдзæппарæн дæр æй уымæн хонынц.

КУЫРДАЛÆГОН — Уæрхæг йæ фаззон лæппуты райгуырды боны фарнæн нæртон куывдмæ æрхуыдта уæларвæй Куырдалæгоны, фурдæй — Донбеттыры, Нартæй та — Борæйы æмæ æндæрты. Лæппутыл нæмттæ дæр сæвæрдта Куырдалæгон æмæ сын йæ куырдадзы фæтыгæй номæвæрæджы лæварæн радта Удæвдз, болат æндонæй арæзт. Уый фæстæ Куырдалæгон абадти цæхæр уады хъисыл æмæ ныппæррæст ласта уæларвмæ, хæдтæхгæ Пакъуындзæйау. Куырдалæгон у уæларвон куырд, куырды куысты, куырдты бардуаг. Нартимæ цæры хæларæй, йæ куырдадзы сын сарæзта æфсæн дзывыр, æмæ уымæй уалдзæджы хуым кодтой. Нартæн кодта хæцæнгæрзтæ, сæрыдта Нарты адæмы. «Æз адæймагæн не сбæздзынæн, — зæгъы Сослан Сатанайæн, — бирæгъы æхсыры мæ Куырдалæгонæн куы нæ байсæрын кæнат, уæд». Фервыста Сатана Куырдалæгонмæ. Нарт æмхæрд, æмныуæзт уыдысты зæдтæ ‘мæ дауджытимæ, æрцыди Куырдалæгон Сатанайы хуындмæ æмæ байсæры Сосланы бирæгъы æхсыры.

Уæдæ дын Батрадз дæр иуахæмы хъуыды кæнын райдыдта: «Ныр куыд дæн, афтæмæй мын искуы тыхгæнæг тых ссардзæн. Цæуон æмæ уæларв Куырдалæгонæн мæхи байсæрын кæнон»… Куырдалæгон Батрадзы куынцгомы баппæрста, куыфгай йыл æвзалы фæкалдта, стæй йыл дойнаг дзæнхъа самадта. Уый фæстæ йæм дыууадæсæрдыгæй дыууадæс куынцы сарæзта æмæ йыл сæ мæйы дæргъы фæдымдта. Фæлæ йæм уыцы тæвд нæ бахъардта. Цалынмæ йыл залиаг кæлмыты æвзалыйæ рæгътæ нæ самадта, уæдмæ йæ байсæрын йæ къухы нæ бафтыд.

КУЫРДУАТЫ БАДЫН — раздæр-иу усгуры минæвæрттæ чызджы бинонтимæ куы бафидыдтой, уæддæр ма-иу чызг йæ ныййарджыты хæдзары афæдз кæнæ цалдæргай азты баззад: иуæй-иу æххæст чындздзоны кары нæма бацыд кæнæ та афæдзы æмгъуыдмæ йæхи йæ ног бинонтæм лæвæрттимæ цæуынмæ цæттæ кодта, сиахс та ирæды хабар кодта. Бирæтæн ирæд ахæм зын фидæн уыд, æмæ-иу йæ усаджы цалдæр азтæ æнхъæлмæ кæсын бахъуыд. Ирæд бакусынмæ та цыдысты суанг Амырыкмæ дæр. Кæнæ та, Къостайы загъдау: «Мæ ирæд цæттæ у… Æххуырсты мыздæй æмбырд». Уæдмæ та чызг бадти куырдуаты, ома куырдæй, ракуырдæй.

КУЫРЫППЫ РАГЪ — Нарты кадджыты зæдтæ Зæххыл æрбадынц: Быдыры зæд — Куырыппы рагъыл, Урс Уацилла — Тбауы хохыл, Дæсны Сафа — Уазайы бæрзондыл, Рогвад Æфсати — Адайы хохыл, Рæсты Уастырджи — Хъæриуы хохыл.

КУЫРЫСДЗАУ, КУЫРЫСМÆДЗОГ — кæлæнгæнæг ус-бирæгъ. Ныр дæр ма фехъусæн вæйиы: махæн нæ хъæуы, кæнæ сыхы куырысмæдзог цæры, изæрдалынгты куыройы нучы ныууайы æмæ бирæгъæй агæпп ласы, стæй

æхсæвы тары æрбайсæфы. Бонырдæм та нучы фæстæмæ суайы æмæ ус фесты. Куырысдзаутæй адæмы тас дæр ис, фæлæ сын хылы, загъды рæстæг мæстыйæ фидис дæр фæкæнынц. Уымæн æмæ дзы иутæ нымад сты адæмыл аудæг, фосы æмæ тыллæджы бæркадыл æфтауæг, иннæтæ та — фыдбылызхæссæгыл. Уæлдайдæр, йæхи бирæгъ чи фестын кæны æмæ фосмæ чи балæбуры, уыдон. Ахæм цаутæ иу æмæ дыууæ нæ фехъусдзынæ ирон адæмæй. Мыхуыргонд дæр дзы æрцыд. Куырысы бæстæм куырысмæдзæуджытæ цæуынц æппæты уайагдæр бæхтыл. Уымæ гæсгæ, дам-иу, Ногбоны райсом бирæтæ сæ бæхты скъæтты баййæфтой хидæйдзагæй — куырысмæдзог æй æгæр тагъд фæтардта, зæгъгæ.

КУЫРЫС — æбæрæг бæстæ. Ногбоны æхсæвы куырсдзаутæ, кæлæнгæнджытæ æмæ ус-бирæгътæ кæм æрæмбырд вæййынц, уыцы бæстæ. Уырдыгæй, дам, афæдзваг æрбахæссынц алыхуызон хæрам æмæ хæлардзинæдтæ, фыдбылызтæ, низтæ æмæ хорздзинæдтæ, бæркад æмæ фæрныгад.

КУЫЦЫКК — Нарты кадджыты Елтагъаны фыд. Елтагъанæн уыд сыгъзæрин сæрыдзарм, æмæ йын æй Сослан, хъулæй хъазгæйæ, амбулы йæ кæрцы тæрттæн.

– КЪ –

КЪАЛА БÆЛАС — ахæм дзырдбаст æмбæлы кадджыты, таурæгъты, аргъæутты. «Куыддæр фос фæмидæгæй сты, æмæ æрæнцадысты, афтæ Сохъыр Уæйыг, æхситгæнгæ, йæ уæхскыл къала бæлас, афтæмæй æрбацыди» (кадæг «Уырызмæг æмæ Сохъыр Уæйыг»). Къала бæлас у, æвæццæгæн, æдхих, æдуидаг бæлас, кадæджы, таурæгъы, аргъауы архайæг зæххæй кæй стоны, ахæм.

КЪАНДЗ — Саумæраты Къандз, — афтæ йæ хоны йæ иунæг фырт Сæууай. Кад æмæ радæй фæцард Нарты ‘хсæн, фæлæ сын цот нæ цыд. Куы фæзæронд æмæ йæ хæцæнгарз райсын, йæ бæхыл сбадын йæ бон куы нал уыд, раст уыцы рæстæг Борæтæ авд азы фæллой фембырд кодтой сæ зæронд мæрдтæн кады хист скæнынмæ æмæ æртæ азы раздæр фехъусын кодтой, Ахъ-денджыз æмæ Хъара-денджызы астæу сакъадахæй Нарты хъазæн фæзмæ дугъ кæй уадздзысты. Къандз бакатай кæны, уым фыццаг мæ бæх бæргæ уыдаид, барæг ын куы уаид, уæд, зæгъгæ. Йæ ус лæджы хъынцъым куы базыдта, уæд æртæ мыдамæсты ракодта, ронджы дурынимæ авд æддæгуæлæ бæстыхайы сæрмæ суади æмæ Хуыцаумæ скуывта: «О, Хуыцау, æнæ байзæддагæй нæ ма амар!». Хуыцаумæ фехъуыст йæ куывд, æмæ Къандзы усæн райгуырд лæппу, ном ыл сæвæрдтой Сæууай.

Къандзæн йæ бæх ныккæнды æнæдондæттæг æмæ æнæхицауæй æфсæн æрттигътæ хæры. Сæууайы йæхиуыл тыххæйты бауадзы сбадын. Дон та-иу нæ баныз та бирæ азты дæргъы, цалынмæ-иу æй, æхсæв æмæ бон кæрæдзийæ хицæн цы афон фæкæнынц, уыцы афон Нарты Дзыхы-донмæ баластæуыдаид,

уæдмæ. «Мæ кардæн йæ фындз йæ фистоны сагъд, афтæмæй лæууы æмæ цъæх арт уадзы. Ме ‘рдын та æфсæн рæхыстæй æфсæн цæджындзмæ баст у æмæ хæстмондагæй сырх арт уадзы, — зæгъы Къандз Сæууайæн. — Гъеныр, мæ фырт, кæд дæ бон бауыдзæнис, уæд дын, гъа авд дæгъæлы, æмæ æвдæм дуар куы бакæнай, уæд гæрзтæ уым сты, æмæ сæ райсын куы бафæразай, уæд гæрзтæ уыдзысты дæу, кæннод та уыдзæнис дæ мæлæт, æмæ дын мæн аххос ма уæд».

Саумæраты Къандз æмæ Æфсати сты æрдхæрдтæ.

КЪАНДЗЫ БÆХ — уыд згъар бæх, дугъы йæ разæй никæй уагъта. Къандз йеддæмæ йыл сбадын йæ ныфс ничи хаста. Йæ фырт Сæууай йæм ныккæндмæ куы ныццыд, уæд æй йæ фæстаг къæхтæй рариуыгъта, фæлæ лæппу бæхы къæхтæ ацахста æмæ йæ зæххыл ныххоста. Бæх лæппуйы йæ дæндæгтæй ацахста æмæ йæ зæххыл феууæрста. Лæппу та йын йæ хъустыл фæхæцыд, зæххыл та йæ ныххоста. Æмæ бæх уæд афтæ: «Ды Къандзы фырт куы нæ уаис, уæд мын ныры онг мæ къæдзилы хъисмæ дæр куы ничима æрбавнæлдта, ды та мæ зæххыл куы фæхостай, ныр абонæй фæстæмæ мæнæн бæздзынæ барæгæн».

КЪАНДЗЫ ХÆЦÆНГÆРЗТÆ — «Мæ кардæн йæ фындз йæ фистоны сагъд, афтæмæй лæууы æмæ цъæх арт уадзы, — зæгъы Къандз йæ фырт Сæууайæн. — Ме ‘рдын та æфсæн рæхыстæй æфсæн цæджындзмæ баст у æмæ хæстмондагæй сырх арт уадзы. Гъеныр, мæ фырт, кæд дæ бон бауыдзæн, уæд дын гъа авд дæгъæлы, æмæ æвдæм дуар куы бакæнай, уæд гæрзтæ уым сты, æмæ сæ райсын куы бафæразай, уæд гæрзтæ уыдзысты дæу, кæннод та уыдзæнис дæ мæлæт, æмæ дын мæн аххос ма уæд». Сæууай æвдæм дуар куы бакодта, уæд кард йæ фындз феуæгъд кодта, æфсæн цæджындзыл сæмбæлди æмæ йæ сæнчы хуызæн ахауын ласта. Сæууай карды фистоныл фæхæцыд æмæ йæм дзуры: «Арт мауал уадз, мæнæ мæ астæу — дæ бынат!». Æрдынмæ бавнæлдта, æмæ æрдын æртæ æхсты фæкодта уæларвмæ, йæхи рацæйтыдта æфсæн цæджындзæй. Сæууай йæм фæцарæхст æмæ йæ йе ‘фцæджы афтыдта æмæ æдгæрзтæ рацыди фæстæмæ.

КЪАРМÆГОН — нæртон зæронд ус. Иуахæмы Уырызмæг уыдис балцы. Уыцы рæстæджы-иу Æртæ Нарты фæсивæд æрæмбырд сты Нарты Ныхасы æмæ-иу сæхимидæг тæрхон кæнын райдыдтой, хуыздæр сæ чи у, ууыл. Фæлæ нæ фидыдтой: æппын чи ницæмæн бæззыдис, уый дæр-иу загъта: «Æз уæ хуыздæр дæн!».

Куы нæ æмæ куы нæ фидыдтой, уæд сын Сатана загъта: «Уæртæ Къармæгонмæ бацæут, зæронд ус у, æмæ йæ бафæрсут: уый уын раиртасдзæн уæ хуыздæры æмæ уæ фыддæры».

Къармæгон сын сæ ахаст æмбæрста æмæ сын дзуапп нæ лæвæрдта. Фæлæ дзы уыдон тыххæй дæр дзуапп агуырдтой. Куы нæуал æмæ йæ куы нæуал уагътой, уæд сын загъта: «Лæг хуыздæр — Уырызмæг, ус хуыздæр — Сатана».

Зæронд усы сæ быны ракодтой Нарты хъалтæ — æххæссыд йæм чи кодта, уыдон æй нæмгæ кодтой, чи йæм не ‘ххæсти, уыдон та зæхх надтой, афтæмæй йæ ныцъцъæл, ныммур кодтой.

Фæлæ та Уырызмæг æмæ Сатана Нартæн се ‘ппæты хуыздæртæ кæй сты, уый хъуыддагæй куы равдыстой (кæс кадæг «Уырызмæг æмæ Сохъыр Уæйыг»), уæд та Нарты хъалтæн Къармæгон дæр сæ ныхас зæгъы: «Гъеныр уын нæ загътон, уæ хуыздæр Уырызмæг у, зæгъгæ!»

Басастысты Нарты хъал фæсивæд Къармæгоны ныхасыл -Уырызмæг æцæг сæ хуыздæр кæй у, ууыл.

КЪÆДЗИЛ (фысы къæдзил) — кусарты хай фæхсыны уæлæ. Фæлвæрайы хай дæр ма йæ хонынц. Раздæр-иу цины фынгыл фæхсын дæр æрæвæрдтой. Хистæр-иу бæркады сидты размæ фæхсын къæдзил нуазæнимæ æнæмæнг хъуамæ радтаид фысыммæ. «Дæ Фæлвæрайы хай дæхи уæд», — ын-иу арфæ ракодта, афтæмæй. Уый амыдта, цæмæй йæ фосы бæркад къаддæр ма кæна, йæ алы бæрæгбоны дæр кусарт кæнынхъом уа.

КЪÆЙНЫ ХОХ — цавæрдæр фидар хох адæмон сфæлдыстады. Дзургæ-дзурын фæзæгъынц, Къæйны хохау ныффидар, зæгъгæ. Кæнæ Къæйны хохау ын басæттæн нæй.

КЪÆЛÆЛДАР — Дзинагъамæ хæстæг фидар хох. Сырдтæ, дам, дзы иумæ тыгуырæй тæрхоны фæбадынц.

КЪÆРÆБИ — дзуары лæгтæ-иу Дзывгъисы Уастырджийы кувæндонæй рахастой хъуымацы уадздзæгтæ æмæ-иу сæ бабастой хъæдмæ бацæуæны бæлæстыл. Уымæй-иу расидтысты «Къæрæби», ома, хъæды бæлас ракалын нæ фæтчы, хъæдмæ цыргъагимæ цæуæн нæй.

КЪÆРНЫХ — Мæрдты бæсты къæрныхтæ куыд хъизæмар кæнынц, уый дæр федта Сослан йæхи цæстæй: иу усæн дзы йæ риуыл куыройы фыдтæ зилынц, ссгæ та кæнынц сау дурты къæрттытæ, иннæ усæн йæ фындзы хуынчъытæй фæсмын æмæ хъуымацы гæппæлтæ зынынц, йæ рахиз цонг цъæх арт уадзы. Уыдонæй сæ иу арæх искæй ссинагæй давгæ кодта, иннæ уæлæуыл хуыйæг уыдис æмæ-иу алы хуыинагæй дæр æнæдавгæ нæ лæууыд.

КЪÆРЦГÆЙНÆГТÆ — Тутыры къуырийы-иу ног чындз сывæллæттæн цæстдзыды ныхмæ скодта Тутыры чингуытæ, куырдадзы кусæг та — къæрцгæйнæгтæ. Куырд къæрцгæйнæгты арæзта тæнæг тасмачъийæ, æмæ-иу къæрцц-къæрцц кодтой. Сæ хъæр æхцон уыд сабитæн, хорз сæм каст, æмæ сæ хъазыдысты.

КЪÆСЫ БАДÆГ УС — афтæ дæр хонынц Къулбадæг усы.

КЪÆЦÆЛÆППАРÆН ДУР — Дæргъæвсы комы Хынцæгæй Къæхтысæры æхсæн уыд Къæцæлæппарæн дур. Кæддæр, дам, нудæсæм æнусы дæргъæвсаг иу ус йæ ноггуырдимæ быдыры хъæутæй иуы йæ цæгатмæ хуындæджы бадт. Уæдмæ зымæг дæр ралæууыд, æмæ боныхъæды хорзмæ æнхъæлмæ каст. Йæ цæгаты æгæр бирæ кæй фæстиат кодта, уымæй тыхст, йæ лæджы мад æмæ фыдæй æфсæрмы кодта.

Иуахæмы, куы фæбон кодта, уæд Хъобанмæ цæуджытимæ фæбалц и. Хъобанæй иунæгæй фистæгæй уыд йæ фæндаг. Хуссар Хынцæгмæ йæ бирæ нал хъуыд, афтæ йыл схъызыд. Фæндаджы иуварс егъау дуры ауон балæууыд.

Кæсы æмæ дзы байбынгонд. Йæ нымæтæй хуыд гуыр раласта, сывæллоны дзы батыхта, дуры хуылфы йæ йæ хъæбысы бакодта, зымæджы хъызтæй йæ йæ гуырæй бааууон кодта, афтæмæй æрбадт.

Уыцы хуызы йæ ссардтой, Хуссар Хынцæгæй бæлццон сывæллоны кæуын куы фехъуыста, уæд. Мад басыд æмæ амард, сывæллоны аирвæзын кодта йæ нымæтын гуыр æмæ буары хъармæй. Кæугæ, ниугæйæ йæ кадимæ бавæрдтой уæлмæрды, фæлæ йæ удуæлдай уарзт йæ хъæбулмæ цæры æнусты. Уæдæй фæстæмæ уыцы дуры цур къæцæл аппарын Дæргъæвсы комы ссис æгъдау. Цæмæй ма кæд искæуыл ам зымæгон схъыза, уæд ын арт скæнынæн фадат уа. Афтæ дуры дæр рахуыдтой къæцæлæппарæн дур.

КЪÆБИТЫ БЫДЫР, ФÆЗ — æнæдон зæхх. Зæдтæ æмæ дауджытæ уырдæм æрсайынц Батрадзы, æмæ æнæдон зæххыл Хуры цæхæрæй сырх зынг фестад.

КЪОБЫ УАСТЫРДЖИ — Арвыкомы Къобы зылды бирæ зæдтæ æмæ дауджытæн ис кувæндæттæ. Сæ кадджындæр æмæ зындгонддæр у Къобы Уастырджийы кувæндон. Ауылты дыууæрдæм цæугæйæ йыл бæлццæттæ фæдзæхстой æмæ фæдзæхсынц сæхи.

Къоб Ирыстоны бирæ хорз цæмæйдæрты у зындгонд: Къобы дугъуайæн фæз, Ирыстоны кадæн дзуринаг къобаг цыхт Парижы рамбылдта сыгъзæрин майдан æмæ æндæртæ. Уыдон историйы баззадысты. Къобы Уастырджимæ та ирон адæм куывтой, кувынц æмæ кувдзысты.

Йæ бæрæгбон та алы аз дæр æрцæуы Атынæг æмæ Цыргъисæнимæ иу бон — июлы фæстаг хуыцаубоны. Уыцы бонмæ-иу скодтой нывонд гал кусæрттæгтæ, рагацау-иу бахсыстой бæгæны æмæ кодтой хъæугуывдтæ. Адæм-иу æрмæст хæрд, ноздтыл нæ уыдысты, фæлæ хъæлдзæгдзинадыл дæр: кафт æмæ зардыл. Фæсивæд сæ хъарутæ æмæ арæхстдзинад æвдыстой алыхуызон фæлварæнты. Уæлдай цымыдисагдæр æмæ разæнгарддæр уыдысты Къобы фæзы дугъты архайынмæ. Уырдæм-иу сæ уайаг бæхтыл æрбацыдысты дугъæттæ Ирыстоны иннæ кæмттæй дæр. «Къобы фæзы фендзыстæм», — ахæм ныхас дæр нæм уæдæй баззад. Ома, дугъы кæй бæх фæуæлахиз уа, уый фендзыстæм.

Къобы Уастырджийы кувæндон ис Къобы хъæуы хурыскæсæнварс уæлвонг рæсугъд æмæ аив ран. Ирон кувæндонæн куыд æмбæлы, уыцы уагыл арæзт. Чырыстон динмæ ницы бар дары, æмæ йын йæ ном Сыгъдæг Георгиимæ чи бæтты, чырыстон бæрæгбæттимæ йын йæ бон чи бæтты, уыдон рæдийынц. У сыгъдæг ирон уæларвон зæд Уастырджийы номыл.

КЪОНАГÆ — Сырдоны хистæр фырт. Хæмыц ын йæ æртæ фырты куы амары, уæд хистæр Къонагæйы цонджы стджытæй фæндыр сарæзта, иннæ лæппуты Уæрагæ æмæ Фуагæйы зæрдæты тæгтæй фæндырæн скодта дыууадæс тæны.

КЪОНАЙЫ РÆХЫС — кæс «Сафайы рæхыс».

КЪУЛГАРД — ирон фольклоры бæлццоны уавæр æвдисæг гыццыл кард. Сæйраг архайджытæй дард балцы исчи куы фæцæуы, уæд æй къулы ныссадзынц, æмæ

кæд æндæрхуызон нæ кæна, уæд бæлццонæн йæ фæндаг у арфæйаг; кæд сызгæ, уæд æм хорзмæ мауал æнхъæлмæ кæс. Аргъау «Фаззæттæ»-йы дыууæ фаззоны Сауи æмæ Будзи ныссагътой сæ мусонджы астæуккаг цæджындзы кард, æмæ сæ кæд искæуыл исты æрцæуа, уæд чердæм араст, уыцырдыгæй фарс сызгæ уыдзæн; кæд ма йын фервæзынæн исты амал уа, уæд ма карды фарс ранæй-ран æрттивдзæн.

Сауи бирæ сгуыхтдзинæдтæ равдыста, фæлæ фæстагмæ бæллæхы бахауд: зин æй тымбыл уираг дур фестын кодта. Будзи бирæ бæстæтыл фæзылди. Стыр хъæбатырæй, стыр хъаруджынæй равдыста йæхи адæмæн. Дзыллæтыл айхъуыст йæ ныфс, йæ тыхы кой, дзыллæтæн баззад йæ ном арфæйагæн. Уыцы хуызæнæй иу бон йе ‘фсымæр йæ зæрдыл æрбалæууыд. «Бабæрæг æй кæнон», — загъта Будзи æмæ æрцыд хъæды астæу æрдузмæ, сæ мусонгмæ. Бакаст кардмæ, æмæ Сауийы ‘рдыгæй фарс сырх-сырхид афæлдæлдæхт згæйæ. Карды буарæй ма æнæзгæхæрд ранæй-ран æрттывта. Фæзылд уырдыгæй æмæ, Сауи чердæм ацыд, уыцырдæм згъорын райдыдта… Æмæ йе ‘фсымæры фервæзын кодта.

Цыргъагæн: цирхъæн, æхсаргардæн (æхсаримæ хуымæтæджы баст нæу), хъамайæн, кардæн нымд кодтой нæ фыдæлтæ. Скифтæм табуйаг уыд цирхъ, кувгæ йæм кодтой, кусæрттæ йын кодтой. Сæ зæххыл алы ран дæр Аресæн (хæстонты бардуагæн) уыд кувæндон, бæрзонд обауыл. Алы ахæм обауыл дæр сагъд уыд рагон æфсæн цирхъ. Æрвылаз дæр-иу ардæм æрбакодтой нывонд кусæрттæгтæ: бæхтæ, стуртæ — иннæ зæдтæн цас æргæвстой, уымæй фылдæртæ.

Цыргъаджы табуйаг нысан æвдыст цæуы кадæг «Æхсар æмæ Æхсæртæджы мæлæт»-ы дæр. Дзерассæ-рæсугъд кæрæдзийы халдих дыууæ фаззоны куы фæхæццæ кодта, Æхсары йæ мой Æхсæртæг куы фенхъæлдта, уæд хуыссын афон Æхсар йæ нымæт Дзерассæйы бын бакодта, Æхсæртæджы нымæт та сæ уæлæ ныккодта, æмæ цæмæй кæрæдзимæ хæстæг ма уыдаиккой, уый тыххæй йæ кард фелвæста æмæ йæ сæ дыууæйы астæу нывæрдта.

Ахæм ми бакодта Будзи дæр аргъау «Фаззæтты». Сауийы (Будзийы фаззон) ус ын йæ къæхтæ ахсадта, уат ын æркодта, æмæ схуыссыд. Ус хæдзар бафснайдта, йæ уæлæдарæс раласта æмæ Будзийы фарсмæ йæхи куыд æрцæйуагъта, афтæ Будзи фехъал, къулæй кард райста æмæ йæ йæхицæй усы астæу хуыссæны авæрдта.

КЪУЛБАДÆГ УС — адæмы æхсæн кæлæн æмæ фыдæх тауæг ус. Фæлæ арæх йæ зонд пайдайы хос фæвæййы кадджыты, таурæгъты æмæ аргъæутты сæйраг æвæрццæг хъайтартæн. Гъе уымæ гæсгæ йæм фæрсынмæ цæуынц зын сахаты. Дзуапп дзы агурынц куы тыхæй, куы — курæгау. Тыхæй йын æндæр гæнæн нæ вæййы, æмæ ма йæ фыдбылызы дæр баппарынц, Йамон та йæ басыгъта хъæмпын арты. Курæгæн, фæрсæгæн райхалы йæ зæрдæхæлардзинад, æмæ йын йæ лæггадæн аккаг аргъ скæнынц. Къулбадæг ус у мæгуыр, цæры хъæуы

кæрон мæгуыр къæсы. Кæд дæсны у, бирæ сусæгдзинæдтæ зоны, хæйрæджыты, дæлимонты зонд æм хæццæ кæны, уæддæр ыл цард нæ хæцы.

КЪУСÆГОНТÆ — ирон адæмы фыдæл фондз мыггагæй иу. Таурæгъмæ гæсгæ Къусæгонтæм цы мыггæгтæ хауынц, уыдонæн сæ фыдæл ныууагъта цыдæр диссаджы зынаргъ къус. Арвимæ, зæдтæ, дауджытæ æмæ амондимæ сæ чи баста, ахæм фарны къус, æмæ сæ уымæ гæсгæ хонын райдыдтой — Къусæгонтæ.

КЪУХДАРÆН — адæмон сфæлдыстады, стæй царды дæр æм адæм табуйаг цæстæнгас дарынц, нымд дзы кæнынц. Кадæг «Уырызмæджы æнæном лæппу»-йы ма Сатана йæ лæппуйы Мæрдты бæстæйы дуармæ куы баййафы, уæд ыл йæ къухдарæн фехста. Къухдарæн лæппуйæн йæ къухыл абадти, æмæ йæ йемæ мæрдтæм бахаста. Уый цыдæр æнцойдзинад радта Сатанайæн, разыйæ раздæхт æмæ йæ æнæном лæппуйæн хист скодта.

Иннæ къухдарæны фыдæй чысыл ма бахъæуа æмæ Уырызмæг ма бабын уа. Сохъыр Уæйыджы куы бакуырм кæны, уæд ын æй уый радты афæливыны охыл (кадæг «Уырызмæг æмæ Сохъыр Уæйыг»), ныр мæнæн уæддæр цард фенæн нал ис, зæгъгæ, фæлæ мæ тых æмæ мæ амонд сты мæнæ ацы къухдарæны, æмæ йæ дæ къухыл куы бакæнай, уæд дæу фæуыдзысты, — æмæ аппæрста къухдарæн зæхмæ. Уырызмæг ыл бауудæндыд æмæ, къухдарæн куыддæр йе ‘нгуылдзыл бакодта, афтæ уый хъæр кæнын райдыдта: «Мæнæ и! Мæнæ и!». Уырызмæг фæрæт фелвæста, йе ’нгуылдз къуыдырыл авæрдта æмæ, зæгъгæ, йæ æд къухдарæн нæ атæхын кодта, уæд æй Сохъыр Уæйыг лæгæты куырмæй дæр æрцахстаид æмæ йæ бахордтаид.

КЪУХЦÆГ — раздæр хорыконд най кодтой стурвосæй цæджындзы алыварс.

Найгæнгæйæ цæджындзмæ æппæты æввахсдæр стуры хуыдтой Къухцæг. Уый хъуамæ уыдаид æппæты æрмахуырдæр, коммæгæсдæр.

КЪУХЫЛХÆЦÆГ — ускуырды рæстæг, стæй уый фæстæ дæр дыууæ уды æхсæн ахастдзинæдты æппæты стырдæр æмæ фылдæр хæстæ кæуыл æвæрд ис, уый у Къухылхæцæг. Уый рахæцы чындзæн йæ рахиз къухыл, уый йæ ракæны йæ ныййарджыты хæдзарæй йæ амонды фæндагыл йæ къайы хæдзармæ. Ууыл æфтыд ис дзуар лæппуйы бинонты æрдыгæй. Йæ фыццаг æххуысгæнæджы йæ æмдзуарджын дæр уымæн хонынц. Хистæртæ чызджы хæдзарæй фидыды ныхас куы æрбахæссынц, уæд чындзæхсæвы бон цæмæй æгъдауыл ахицæн уа, уыцы хæстæ æмæ бартæ иууылдæр йæхимæ айсы къухылхæцæг. Уый у уæдæй фæстæмæ чызг æмæ лæппуйы бинонты æхсæн дыууæрдæм минæвар, чындзхæсджыты номхыгъд аразæг, сæ уаг æмæ æгъдаумæ цæстдарæг, чындзхæсджыты хистæры раз дзуапдæттæг æмæ æппæт хъуыддæгтæ аразæг.

Чындз хæссыны бон æмдзуарджынимæ уыдон ракурынц сæ хойы æфсымæрæй чындзы дзаумæттæ йыл скæныны бар. Æгъдау дæр уыдон кæнынц дзаумагæнæг сылгоймæгтæн. Хистæрты раз дæр æй фыццаг йæ цæгаты, стæй та йæ хурæргом хæдзары, уыдон æрлæууын кæнынц æмæ йæ бахонынц йæ мойы, йæ фылдæр царды бонтæ кæм арвитдзæн, царды цинтæ æмæ зынтæ

кæм æвзардзæн, уыцы хæдзармæ, æмæ йæ бафæдзæхсынц Бынаты бардуагыл, Сæры зæдыл, Сафайыл, Мады зæдыл.

КЪУТУГÆНÆНТÆ — уалдзыгон, хоры бæркады бæрæгбон. Уыцы бонмæ-иу сцæттæ кодтой, бæрæгбонæн цы фæхъæуы хæрд æмæ ностæй, уый. Уæлдай цинагдæр уыд сывæллæттæн. Уыдонæн æфсинтæ мæнæу кæнæ хъæбæрхоры ссадæй фыхтой, алыхуызон хæдзары фосы æмæ кусæнгæрзты хуызтæ чи æвдыста, ахæм гуылтæ. Сæйрагдæр та дзы уыдысты къутутæ, хорæфснайæн къутуты, гонты хуызæгтæ. Бæрæгбон дæр афтæ уымæн хуыйны. Хоры бæркады охыл-иу цы бирæ къутутæ сфыхтой, уыдон хæрздзаг бакодтой мæнæу, хъæбæрхор æмæ сысджыйæ, ома, ацы аз хортæй афтæ байдзаг уæнт нæ къутутæ, хордæттæ, гонтæ. Уый уыд зæхкусæджы стырдæр бæллицтæй иу æмæ, цæмæй æрцæуа, уымæн кодта фæзмæгой нымд митæ. «Хæдзары хистæр-иу бацыдис къæбицмæ æмæ-иу хордоны къутуйы фарс бакъуырц-къуырц кодта кувгæ-кувын æмæ-иу загъта: нæ хордон афтæ дзаг уæд хорæй, — фыссы Цыбырты Людвиг. — Уый фæстæ æвзонг фæсивæд ерыс кодтой милмæ æхсынæй». Ноггуырдты, ног чындзыты хæдзæртты кæртыты кæнæ сыхты бæрæг рæтты-иу сывæллæттæ мысанæн æрæвæрдтой сæ фых къутутæ, хæдзарон фосы, стæй хоры куыстгæнæн дзаумæтты хуызæгтæ æмæ сæ фатæй æхстой радгай. Фылдæр хъавыдысты къутутæм. Мысан-иу чи акъуырдта, уый йæ-иу амбылдта æмæ дзы-иу цингæнгæ ныккомдзаг кодта. Уымæн æмæ хъуыды кодта: иуæй мысан акъуырдтон, иннæмæй та хоры бæркад рамбылдтон. Хъæлдзæг æмæ æхцон бæрæгбон-иу ахаста суанг изæрмæ.

КЪУЫБЫЛОЙ — ис кадæг «Сослан Мæрдты бæсты»-йы. Иу дзы размæ тулгæ-хæлгæ кæны, фæстæмæ та — тулгæ-тухгæ, афтæмæй йын нæ хæлын æнтысы, нæ — тухын. «Уый та цæмæн афтæ у?» — фæрсы Сослан Бедухайы Мæрдты бæсты. «Ахæм рæстæг скæндзæн, æмæ адæм сбирæ уыдзысты, æмæ зæхх баргæ кæндзысты», — дзуапп ын дæтты йæ мард ус Бедуха. Иннæ-бæхсныджы къуыбылой та куы йæ бæхты къæхты разæй тулы, куы йын фæсте йæ бæхы счъилтæ хойы. «Уый та уый амоны æмæ, дам, дæ зонгæты ‘хсæн ис ахæмтæ: разæй дæм худгæ кæнынц, фæсте та дын де счъилты нуæрттæ лыг кæнынц».

КЪУЫМА, КЪУЫМАДЗА — аргъæутты сæгъы фæдджытæ. «Къоболайы сæгъты аргъау»-ы бирæгъ сæгъы фæрсы:

– Кæцæй цæуыс, дзыкъы-мыкъы?

– Сæрвæтæй, Бегъырыхъо!

– Дæ сагæхты цы хæссыс?

– Мæ сæныккæн къуымадза!

– Л –

ЛАУЫЗГÆНÆНТÆ — вæййынц Стыр комбæттæны фæстæ æртыккаг сабаты. «Лауызгæнæнты бинонты фынгмæ хастой лауызтæ, нурыдзæхдон, луаситæ, дзæрна, къæлуа, арахъ, къуымæл, бæгæны æмæ алыхуызон мархойы хæринæгтæ, — фыссы Хозиты Федыр йæ чиныг «Ирон фынджы æгъдæутты». — Дины (чырыстон дины) амындмæ гæсгæ, афæдз иу хатт, мархойы дыккаг сабатæхсæвы мæрдтæн рацæуыны бар вæййы сæ бинонты фенынмæ æмæ Хуыцауы размæ ацæуынмæ. Алчи-иу бафснайдта йæ хæдзар, йæ кæрт, йæ уынг». Сæ разы сын-иу фынгтыл æрæвæрдтой цæттæ хæринæгтæ æмæ нуазинæгтæ. Хæдзæртты дуæрттæ дардтой гомæй. Цæттæ фынгтæ сын-иу ныхæлар кодтой.

ЛАХЪÆНДОН — стæры размæ Нартæ кæм æмбырд кодтой, уыцы бынат — фæз афтæ хуыдтой.

ЛÆГЛÆУУÆН ДЗЫХЪ — ирон куырдадзы хъæсдарæг фидаргонд уыди ныллæг къуыдыл, æмæ цæмæй, куырд цы дзаума арæзта, уый комкоммæ уыдаид, гуыбыр кæнын æй ма хъуыдаид, уый тыххæй-иу ын хъæсдарæджы фарсмæ скъахтой дзыхъ. Хуыдтой йæ Лæглæууæн дзыхъ.

ЛÆГТЫ ДЗУАР — Сыгъзæрин урс зæлдаг зачъе Уастырджийы, афтæ хонынц ирон сылгоймæгтæ. Йæ ном сын у табугонд, кæнынц дзы аргъуц — нæ йæ дзурынц. Раздæр йæ кувæндæттæм дæр нæ цыдысты, фæлæ сæ кæстæрты, сæ бæлццæттыл фæдзæхстой æмæ фæдзæхсынц Лæгты дзуарыл.

ЛÆЗГЪÆР ОБАУ — Нарты кадджыты Уæрхтæнæг дзæбидырты хæрдмæ фатæй æхсы Лæзгъæр обауæй. Йæ фат дзы кæуыл ауайы, уый бынмæ — йæ размæ æртулы.

ЛÆМЗ — сæрдæн æрмæг Нарты кадджыты. Адæймаг дзы йæхи кæнæ исты дзаума куы байсæрды, уæд æй цæст нал фæуыны.

ЛЕЧЫ БАРДУАГ — Нарты кадджыты архайæг. Ис ын зæппадз, ауды чынтæ æмæ гуынтыл, дæтты сын Нарты ныхмæ хæцынæн стыр æмæ тыхджын æфсад.

ЛОМИСЫ УАСТЫРДЖИ — кæддæр, XX æнусы райдайæны Байаты Гаппо йæ ракуывды афтæ ныффыста: «О, Иры Уастырджи, баххуыс кæ! Бызыбын — дæ рындзылбадæн, Дзывгъисы кувæндон — дæ бонасадæн, Ломисы рагъыл — дæ бæхбæттæн». Гаппо Ирыстоны дæр зыдта æртæ Ирыстонæй: Цæгат, Хуссар æмæ Триалет. Абон Триалеты, æвæццæгæн, ирæттæй ничиуал цæры. Гуырдзиаг фыдгæнджытæ сæ фæсырдтой сæ æнусон цæрæн бынæттæй. Афтæ ирæттæй афтид кæны Арвыком — Иры ком дæр. Ломисы Уастырджийы кувæндон ис Арвыкомы Бæрзæфцæджы фале, Секъайы райгуырæн хъæу Ганисы сæрмæ. Арвыкомы фæндагыл цæугæйæ ирон хъæу Уæлвæзмæ тынг хорз зыны. Йæ бæрæгбон вæййы Кæрдæгхæссæны хæдфæстæ æртыццæджы. Кадджынæй йæ бæрæг кодтой амы цæрæг ирæттæ æмæ гуырдзыйæгтæ дæр. Цæгат Ирыстонмæ дзы чи æрлыгъд, уыдон дзуары бынæй æрхъуын рахастой æмæ сæхицæн Ломисы Уастырджийы кувæндон сарæзтой Бæлтайы сæрмæ.

ЛЫМÆНЫ ДЗУАР — æрдхæрæны, хæлардзинады бардуаг.

ЛУАНЫ ЗÆХХ — Нарты кадджыты Дæргъæфсæры чызг йæ фыды марæг Бæргъуынимæ схæцы Луаны зæххыл æмæ йæ æд æфсад бындзагъд ныккæны.

– *М* –

МАДГОНД — искæй мадæй мад куы фæзæгъынц, уæд уый сваййы Мадгонд. Мадгонд ис, чындзы чи ацыд, уыдонæй алкæмæн дæр. Сылгоймаг чындзы куы ацæуы, уæд ын æфсымæртæ сваййынц: къухылхæцæг, æмдзуарджын æмæ хызисæг. Цы хæдзармæ æрцæуы, уыдон ын сыхы кæнæ хиуæтты æхсæнæй равзарынц, мады лæггæдтæ йын чи хъуамæ кæна, йæ бинонтимæ йæ æнгомдæр чи бæтта æмæ хъахъхъæна, ахæм сылгоймаг — Мадгонд.

МАДИЗÆНЫ КУВÆНДОН — ис Уæлладжыры Дагомы хъæуы. Мадизæн — Мады зæд ирон дины уыд мадæлты æмæ сæ цоты бардуаг. Æппæты рагондæр зæд, ракуывды нымад цыд Хуыцау æмæ Уастырджийы фæстæ.

МАДЫ БÆХ — ирон адæмы рагон царды лæппу ус кургæйæ, чызджы бинонтæн ирæдимæ мадæн лæвар кодта бæх. Къоста «Чи дæ?»-йы фыссы: «Сæ мадæн сын ссардтон дыууæ галæй бæх». Уый Къостайы рæстæджы дæр ма. Уымæй размæ та ма фыдæн дæр — фаты бæх, стæй мадæн дæр — мады æрвады бæх, кæнæ мады æрвады гал.

МАДЫ ЗÆД (МАДИЗÆН. МАДЫ-МАЙРÆМ) — ирон мифологийы мадæлты, цот кæныны æмæ цотыл аудæг сылгоймаг бардуаг.

Мады зæды ном иудадзыг сæ былалгъыл дардтой Иры сылгоймæгтæ. Сæхи йыл фæдзæхстой, табу йын кодтой. Йæ ном ын ардтой æлутон бæгæныйæ, кодтой йын кусæрттæ, йæ номыл уагътой дугътæ Тутыры бæрæгбоны гуырд ног саргъæвæрд бæхтыл. Мады зæд фæстагмæ Мадизæнмæ цæмæ раивта, уый зын зæгъæн у. Ирыстоны Чырыстон дин куы рапарахат ис, уæд та йын йæ бынат æрцахста Мады-Майрæм. Есо Чырыстийы Мад Мариа. Йæ номыл Ирыстоны фæзынд аргъуантæ дæр: Куырттаты комы Хæрисджыны, Дзæуджыхъæуы, Мæздæджы æмæ æндæр рæтты.

Мады зæды — Мады-Майрæмы кувæндæттæ кæм нæй, æвæццæгæн, Ирыстоны ахæм ком нæ разындзæн. Йæ ном ын раздæр куыд ардтой, афтæ æхсызгонæй, æнхъæлцауæй æмæ æууæнкæй арынц ныр дæр. Æмæ та фылдæр сылгоймæгтæ, фæлæ арæхдæр Мады-Майрæмæй. Фæдзæхсынц ыл ног чындзыты, æнхъæлцау устыты, уæлдайдæр та арæг сылгоймæгты. Фæкурынц дзы, цæмæй ног чындзытæн бирæ æмæ хæрзхъæд цот рацæуа, æнхъæлцаутæн æнцонарæн куыд уа, зын æвгъæддон ма уа, æхсыр сæм фаг куыд уа, сæ ноггуырдтæ æнæнизæй куыд бахъомыл уой. Рæзгæ фæлтæры та алчидæр фæдзæхсы Мады-Майрæмыл.

МАДЫ ЗÆРДÆ — иу мадæн йæ хъæбул хæрз чысылæй фесæфт. Бирæ йæ фæцагуырдта, бирæ йыл фæмаст кодта, фæлæ йын йæ фæд дæр нал ардта.

Рацыд цалдæр азы. Лæппу йæхи зонынхъом фæци æндæр мадмæ, чи йæ схъомыл кодта, уымæ. Йæхи мады та рох фæкодта. Раст æй уыцы рæстæг мад ссардта, фæлæ йын æй схæссæг мад нæ дæтты. Уый дæр æй йæхи хоны.

Сывæллон ратон-батойнаг ссис. Хъуыддаг Ныхасмæ бахæццæ. Тæрхоны рабадтысты дзырддзæугæ лæгтæ. Цалдæр боны фæтæрхон кодтой, фæлæ дыууæ мады æхсæн рæстдзинад ссарын сæ бон не сси. Уæд сын фæстагмæ хистæр урсбоцъо зæронд лæг афтæ: «Æртæйы дæр ма ардæм ракæнут!».

Ракодтой сæ. Зæронд дыууæ мады сывæллоны фæйнæфарс æрлæууын кодта. Загъта сын: «Лæппуйæн йæ цæнгтыл ныххæцут, йæхимæ йæ чи алваса, уый у йæ æцæг мад. Уый уыдзæн сывæллон».

Устытæ фæлæбурдтой лæппумæ. Ивазынц æй фæйнæрдæм, йæ цæнгтæ йын фæтонынц.

Лæппу куыддæр скуыдта,а фтæ йæ йе 'цæг мад феуæгъд кодта æмæ загъта:

– Радтут æй уымæн, цæйнæфæлтау мæ хъæбулæн йæ цонг атонон, фæлтау æй исчи схъомыл кæнæд.

Куырыхон зæронд йæ мидбылты бахудт æмæ афтæ:

– Нæ. Йæ æцæг мад ды дæ, уый рабæрæг — хъæбулы рисс мады зæрдæмæ цæвы — æмæ дæу у. Ды йæ акæн.

МАДЫ ХОХ — Цæгат Ирыстоны сæйраг сахар Дзæуджыхъæуы хуссарварс чысыл дæрддзæфгомау бæрзонд фæцыд Мады хох. Афтæ цæмæн хуыйны, уый тыххæй ис диссаджы ирон таурæгъ: Раджы, тынг раджы, кæддæр ма, дам, хæхты лæгæтты æмæ тархъæдты уæйгуытæ æмæ залиаг кæлмытæ куы цардысты, уæд иу Залым ныббырста Мады хохы цæгатварсы Иры паддзахадмæ. Фæтых ыл ис æмæ йыл сæвæрдта хъалон: æрвылаз дæр ын уыцы иу бон комæй йæ рацыдмæ йæ размæ паддзахады æвддæсаздзыд чызджыты рæсугъддæры куыд кæной хъалонæн. Уыцы иу рæстæг-иу рахылд Залым йæ лæгæтæй, чызгмæ-иу фæлæбурдта æмæ-иу æй аскъæфта. Афтæ уыдис дзæвгар азты, æмæ йын сæ бон ницы уыд. Сæ сæйраг мæт уыд: цыхуызы дзы ферваезой, куыд æй амарой. Фæлæ йын ницы фæрæз ардтой.

Иуахæмы дард бæстæй æрыздæхтысты паддзахы æвзæрст лæгтæ. Уыдон уыдысты дунейыл хъуыстгонд зонынджын лæгмæ фæрсынмæ: бацамон ма нын, куыдæй дзы ферваезæм, кæм ис йæ мæлæт, уый. Æмæ паддзахæн рахабар кодтой, ферваезæн, дам, дзы ис афтæ: æвддæсаздзыд бæстырæсугъд æм уыцы бон йæхæдæг куы базгъорид æмæ йæ хъæлæсы йæхи куы баппарид, уæд залымæн æрцæуид йæ кæрон — йæ уд сисид йæхæдæг дæр.

Паддзах бацин кодта. Адæмыл дæр ахъæр хорз хабар. Фæлæ сæ цин бирæ нæ ахаста. Уымæн æмæ уыцы аз æвддæс азы сæхæст паддзахы чызгыл дæр. Æмæ йæ рæсугъддзинад уыд дзуринæгты дзуринаг. Уымæй рæсугъддæр ссарæн нæ уыд. Паддзах йæ хуыцауы цæф базыдта æмæ йæ чызджы уайтагъд æхгæд мæсыджы фæмидæг кодта. Цæмæй Залымы амæттаг ма фæуа, уый тыххæй йæ мæсыгæй æддæмæ нал уагъта, хабар æм куыд нæ бахæццæ уа,

афтæ. Йемæ уыдысты йæ фæсдзæуин чызджытæ æмæ йе схæссæг мад — дыджызæ. Уыдонæн дæр бафæдзæхста, цæмæй йын дæсныйы ныхас ма схъæр кæной.

Паддзахы чызг — Бæстырæсугъд Зæринæ уæлдай тынгдæр тыхст, йæ уарзон лæппу Сæнайы кæй нал уыдта, уымæй. Сæна паддзахы æфсады балхоны фырт уыд. Иу кæрты схъомыл сты. Гыццылтæй дæр кæрæдзийыл тынг æнувыд уыдысты.

Зæгъынц, сусæг хабар фехъусынмæ, дам, къултыл дæр хъустæ базайы. Бæстырæсугъд Зæринæйы дæр кæд йæ фыд хабар базонынæй хъахъхъæдта, уæддæр æм адæмы сусæг хъæрзын бахæццæ. Бирæ фæсагъæс, фæмæт кодта йæ хъысмæтыл. Æмæ сусæгæй йæхи цæттæ кæнын райдыдта йæ адæмы сæрибардзинады сæраппонд йæхи æрхæссынмæ, æгады уавæрæй сæ ферваæзын кæнынмæ.

Ралæууыд та уыцы æнамонды бон. Адæм хъарæггæнгæ, æрдиаггæнгæ цыдысты комы дымæгмæ. Семæ кодтой Залымы амæттаджы. Цæмæй зыдтой, паддзахы чызг Бæстырæсугъд Зæринæ йæ фæсдзæуин чызджы уæлæдарæсы мæсыгæй рахъуызыд æмæ раззаг рæнхъыты цæуы.

Адæм куыддæр Залыммæ æрбаввахс сты, афтæ паддзахы чызг Бæстырæсугъд Зæринæ се ‘хсæнæй йæхи атыдта, размæ азгъордта æмæ уыцы-иуæй йæхи йæ хъæлæсы баппæрста. Бæстæ ныццарыдта æвирхъау уынæргъын, æмбу, арты æвзæгтæ уæларвмæ фæцыдысты, стæй æппæт дæр фæздæджы бын фæци…

Бæстæ куы æрсабыр, фæздæг куы ахæлиу, уæд адæм диссæгты дисæн кастысты, сæ разы цы хох сæвзæрд, уымæ. Хох та уыд сæ паддзахы чызг Бæстырæсугъд Зæринæ. Уый фæсонтыл хуыссæгау йæ къæхтæ адаргъ кодта хурыскæсæны ‘рдæм, йæ къухтæ йæ риуыл рæсугъд æвæрд, йæ уылæнтæ æнгæс сæрыхъуынтæ Арвыкомы ‘рдыгæй къæдзæхтыл бынмæ æркалдысты.

Уыцы рæстæг Сæна фыййæуттимæ фос хызта фаллаг хохы бæрзонд фахсыл. Æвирхъау хъæр уырдæм дæр байхъуыст. Зыдта, абон та сæ чызджыты рæсугъддæртæй иу Залымы амæттаг бауыдзæн, æмæ йæ сагъæс хордта. Зæринæмæ хабар бахæццæ, æмæ уый ахæм фæнд скодта, уый йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд. Фæлæ мæнæ фæздæг кæмтты нарджыты куы æрбадт, æмæ йæм йæ уарзоны фæлгонц хохы хуызы куы разынд, уæд ма йын хъуыддаг цы базонын хъуыд, цæрынвæнд æм нал уыд Зæринæйы фæстæ æмæ йæхи къæдзæхæй фехста. Æрмæст ма ныхъхъæр кодта: «О, Стыр Хуыцау! Дунескæнæг Хуыцау, кæд мын дæ зæрдæ исты хорздзинад зæгъы, уæд мæн дæр хох фестын кæн!». Æмæ уыцы уысм Сæна дæр хохы хуызы хæрдмæ фæцыд арвы хъæбысмæ, дæрдты рафæлгæсыд иннæ хæхты сæрты, йæ уарзоны агургæ. Йæ цæст ыл æрхæцыд, æмæ йæм уæдæй абонмæ кæсы йæ уарзæгой цæстæнгасæй. Зæгъынц, хур бонты, дам, йæ уындæй йæ зæрдæ афтæ фæрайы, æмæ йæ цъупп тæмæнтæ фæкалы; мигъ бонты йæ нал фæуыны, æмæ йыл

сусæг хъынцъым, уынæргъын бахæцы, мигъты куы иуырдæм, куы иннæрдæм зыгъгъуыттытæ кæнын райдайы.

МАДЫРВАДÆЛТЫ БÆХ — раздæр лæппу-хæрæфыртæн йæ мады æрвадæлтæ буцæн лæвар кодтой байраг кæнæ бæх.

МАЙРÆМЫ КУАДЗÆН — Ирон адæм мингай азты кувынц Дунескæнæг Иунæг Стыр Хуыцаумæ. Нæ дины Иунæг Цытджын Хуыцаумæ кувыны фæтк Библийы динæй раздæр ныффидар. Нæ фыдæлтæ, æвæццæгæн, чырыстон æмæ пысылмон динтæм дæр уæлæнгай цæстæй уымæн акастысты — нæ сæ райстой, сæхион сæм растдæр фæкаст. Уыдон сын цы амыдтой, уый сæхимæ рагæй уыд. Уымæй дæр арфдæр æмæ мидисджындæрæй. Уый хыгъд сыл, Хуыцаумæ нывыл кувын цы адæмтæ нæ зыдтой, уыдон фæхæлоф кодтой.

Майрæмы куадзæн ирон адæммæ уæлдай тынгдæр бæрæг кæнынц ног мæрдджын бинонтæ, йæ бонмæ азы дæргъы зиан кæуыл æрцыд, уыдон. Æмæ йæ сæйраг нысан у, Зæрдæвæрæнæй фæстæмæ цыдæриддæр дыргъ, гагадыргъ, халсар фæзынд, уыдон мардæн ныххæлар кæнын. Уæдмæ дзы-иу ног мæрдджынтæ сæ дзыхы дæр никуы акодтой, стæй-иу дыууæ къуырийы та ком дардтой. Æмæ-иу Майрæмы куадзæны сæ ком суагътой. Куадзæн — комуадзæн дæр æй уымæн хонынц.

Уымæй уæлдай ма Майрæмы куадзæны фынгыл ныххæлар кæнынмæ æрæвæрынц дыгай уæливыхтæ: хæбизджынтæ, цæхæраджынтæ, къабускаджынтæ, хъæдурджынтæ, дыргъ æмæ халсаримæ баст æндæр уæливыхтæ. Йæ фадат кæмæн амоны, уый акæны далыс кусарт, иннæтæ сфыцынц æмæ æрæвæрынц фыдызгъæл къуыдырфыхæй. Фынгыл вæйиы адджинæгтæ æмæ алыхуызон ноздытæ. Мардæн сæ ныххæлар кæнынц сыхы æмæ мыггаджы хистæртæй дыууæ кæнæ цыппар лæджы. Уый фæстæ сæ фынгтыл равæрынц: нæлгоймæгтæн æмæ сылгоймæгтæн хицæнтæй.

Майрæмы куадзæны фынджыдзагæй уæлмæрдмæ нæ хæссынц. Уый размæ йæм базилынц, бафснайынц æй. Зæрдæвæрæны фæдтæ йыл куыд нæ зыной, афтæ. Марды кæндты иу æгъдауæй иннæмæ марды уæлмæрд хъуамæ цæуа сыгъдæггонд, цæмæй быроны бын ма кæна. Уый тыххæй алы уæлмæрды дæр фæсвæд ран ис бырондон.

Майрæмы куадзæны архайджытæ сабатизæртау фылдæр вæйиынц сылгоймæгтæ. Хуымæтæджы нæ баззад ахæм ныхас: «Майрæмы куадзæны — сылгоймаг кувæг». Зианы хъуыддæгты кувгæ нæ, фæдзæхсгæ æмæ рухсагтæ фæкæнынц, фæлæ ацы бон ныйиарджытæ, æвæццæгæн, сæ цотыл аудæг Мады зæд, Мады-Майрæмæй фæкурынц хорздзинад мардæн æмæ сæхицæн дæр.

Зæронд мæрдтæн та фынджыдзаг скæнынц Майрæмы куадзæны хæдфæстæ сабаты — дыккаг бон.

МАЙРÆМЫ (МАЙРÆМЫ КУАДЗÆНЫ) МÆЙ — Цезары фæдон Август Октавианы ном хæссы Ромы къæлиндары афæдзы æстæм мæй Август. Ирон адæммæ та хуыйны Майрæмы (Майрæмы куадзæны) мæй.

МАЛСÆГ — афтæ дæр хонынц, Нарты Сосланæн йæ къæхтæ уæрджыты сæрæй дæлæмæ чи ахауын кодта, уыцы цалхы хицау Балсæджы.

МАЛУСÆГ — дидинджытæ адæймаджы цæстæнгас сæхимæ сайынц сæ рæсугъддзинадæй, сæ конд, сæ уынд, сæ хуызтæй, сæ миниуджытæй. Зырзыраг, арвы цæст, сау мæтæг, хъусцæг, дзæнгæрæг, æрвдидинæг æмæ сыл цынæхуызон нæмттæ ис ирон æвзаджы. Малусæг цы амоны, уый бæлвырд бæрæг нæу, фæлæ уый уалдзæджы фыццаг комулæфты цы хъæбатырдзинад равдисы, саухъулон митæмбæрзт зæххæй хурмæ худгæ æмæ уазал дымгæмæ ризгæ йæ æрвгъуыз, урсхъулон сæр куы сдары, уæд ма уымæй тыхджындæр, цардуарзон æнкъарæн чи равдисдзæн. Уый у уалдзæджы фидиуæг æмæ уалдзæггæнæг. Уый у царды фидиуæг æмæ цæрынæн ныфсдæттæг. Уыцы уагыл ирон адæммæ иннæ дидинджытæй у кадджындæр, у сын уарзондæр æмæ арфæйаг. Хуымæтæджы Токаты Алихан нæ ныффыста æмдзæвгæ «Малусæг»:

«Малусæг митæй нæ тарсти, нæ сыди,
Уазалы митимæ тарф уый хæцыд.
Уалдзæджы цинæй-иу бонгай рæзыди,
Хъалæй, фырбуцæй уый рухсмæ фæцыд».

МАНИДЗА — «Апросионы рæсугъд Манидза», — афтæ йæ хонынц Даредзанты таурæгъты. Апрасион у Индостаны знаг, æмæ та сæм куы ныббырста, уæд сæм æххуысмæ ацыд Безан. Манидза æмæ Безан кæрæдзи куы фенынц, уæд кæрæдзи бауарзынц, æмæ сæ чызджы фыд Апрасионы сусæг фыдгæндтæ æмæ фыдæвзарæнтæ дæр кæрæдзийæ фæхицæн кæныны хъом нал систы.

МАРГАС — рагон ирон мардæгъдау. Зиан-иу цы бинонтыл æрцыд, уыдонæн-иу хист скæнынæн æввахс хиуæттæ, сæ хорз хæлæрттæ хæрд æмæ ностæй цы æххуыс бакодтой, уый хуыдтой Маргас.

МАРДЫ РАЙГУЫРÆН БОН — Мардæн ис æрмæстдæр мысæн бонтæ. Уыдонæй иу у йæ райгуырæн бон дæр, æмæ йын уæд дæр хъæуы рухс кæнын. Рухс та кæнæм дыууæ чъирийæ — кæрдзынæй. Стыр лæгты райгуырæн бонтæ куы фæбæрæг кæнæм, зæгъæм, Къостайы райгуырæн бон, уæд йæ цæрæнбоны тыххæй сидт дæр рауадзынц, ома, йæ фарн, йæ ном, йæ намысæн бирæ цæрæнбон уæд, ирон адæмы хъомысæн фылдæр ахъаз уæнт.

Марды райгуырæн боны фæдыл адæмы æхсæн цæуы ахæм хъуыды, марды æгъдауыл, дам, ын æй куы нæ сбæрæг кæнынц, уæд ыл иннæ мæрдтæ сæхи атигъ кæнынц, дæуæн ма цæй райгуырæн бон ис, дæ мæлæн бон у сæйрагдæр, мæнг дунейæ дæ чи ферваæзын кодта. Нæ зонын, цас раст у ацы ныхас, Мæрдты бæстæй ничима æрыздæхт. Фæлæ адæмы æхсæн ахæм хъуыды кæй фæзынд, уый хуымæтæджы нæу. Мæрдтæ удæгæстæм рацæуынц сæ фынты æмæ сын сæ зæгъинæгтæ фæзæгъынц.

МАРДЫ ТАРЫ (ДÆЛАРМ) СÆРЫХЪУЫН ÆВÆРЫН — ахæм æгъдау уыд ирæтты фыдæлтæм. Кодтой йæ сылгоймæгтæ. Нысан кодта, йæ сæрыхъуын ын йæ

тары чи æвæры, уый дзы æнхъæлцау кæй у æмæ мой кæй нал скæндзæн. Уыцы æгъдауыл æмбæлæм Нарты кадджыты дæр.

МАРДЫ ФÆДЫЛ НЫХАС — мардæн йæ ныгæнæн бон сыхæгтæ, æмкусджытæ, мыггаг йæ цард-цæрæнбонтæн аргъ кæм скæнынц, уыцы ныхас.

МАРИА — хуыцауы хæрæфырт. Йамоны дыккаг ус, Амраны мад. Цæры Сау хохы. Ахæм хæдзары, йæ бын æргъæу кæмæн у, йæ фæрстæ — цъæх авг, йæ сæр — сæууон стъалы. Мариа хуыссы пылыстæг сынтæгыл, сыгъзæрин чыргъæды — йæ дзыккутæ, болат хæсгард — сæ уæлæ. Йæ разы хæдзилгæ уæхстытæ артмæ зилынц æмæ фыцынц. Ахæм хуызы йæ баййæфта Йамон, Сау хохы саг куы рамардта æмæ талынджы, рухс кæцæй цыд, уый базоныны тыххæй йæ галуанмæ куы бафтыд, уæд.

– Даредзанты Йамон, æз абонмæ дæумæ куы æнхъæлмæ кастæн, — бацин ыл кодта Мариа. — Мæнæн дæу йеддæмæ æндæр мой скæнæн куы нæ ис. Гъеныр цæрдзыстæм Хуыцауы цардæй, кæд мыл баввæрсай, уæд.

– Æз ныууагътон дыууæ сидзæр лæппуйы æмæ уыдон хъуамæ скæнон.

– Уыдон кæд дзæбæх уой, уæд дæ агурдзысты сæхуыдтæг.

Бадри æмæ Мысырби бон уыдисн рæзтысты, æхсæв та — уылынг, уайтагъд айрæзтысты æмæ æцæгдæр бацагуырдтой сæ фыды. Ссардтой йæ къулбадæг усы амындæй. Йамон та кæркуасæнты цуаны куы рараст, æмæ сæ хæдзары æфсæн дуар куы бакодта, уæд сæ куыд нæ федтаид, афтæ йæ иувæрсты мидæмæ багæппытæ кодтой. Хуыцауы хæрæфырт пылыстæг сынтæджы хуыссы, сыгъзæрин чыргъæды йæ дзыккутæ, болат хæсгард — сæ уæлæ. Уымæн уыд дзыккутæй йæ мæлæт. Бадри фæхæцыд дзыккутыл, Мысырби сыл хæсгард февæрдта æмæ сæ атæхын кодта. Чызг ма ныцъцъæхахст ласта. Хохмæ фехъуыст йæ хъæр, æмæ Йамон æртæ гæппæн йæ уæлхъус февзæрд. Фæлæ уæдмæ Бадри æмæ Мысырби усы уым фæуагътой æмæ рафардæг сты сæхимæ.

МАЦЪА — уæйгуыты нозт.

МÆГРА — Доны хъаймæтæй Хуыцауы зондæй ферваæзтысты иу лæг Арыг æмæ йæ ус Мæгра, — афтæ амоны ирон адæмон сфæлдыстад.

МÆГУЫРÆГ — Нарты хистæртæй — зæронд чъиуцæст лæг. Ацæйы мæлæты фæстæ йын йæ æртæ фырты байуарæг. Уый стæрхон кодта хистæр фырттæн — фос, кæстæр Ацæмæзæн та — æнусон сыгъзæрин уадындз.

МÆЙ — ирон адæмон сфæлдыстады Мæйы тыххæй алыхуызон таурæгътæ ис. Нарты кадджытты йæ равзæрды тыххæй иннæ хабар цыбырæй у ахæм. Иу мадæн уыд авд фырты. Иу хатт лæппутæ ацыдысты хос кæрдынмæ. Уыцы афон мадæн райгуырд ссырджын чызг. Авдæны йæ бабаста, йæхæдæг бавдæлд хосдзæуттæн хæринаг кæнынмæ. Сихор сцæттæ ис, æмæ мад йæхи рæвдз кæны уыгæрдæнмæ. Чызг уый куы базыдта, уæд мадæн йæхи йемæ бæхыл йæ фæсарц акæнын кодта. Æфсымæртæ сихор куы скодтой, уæд сæ хойы, бæхыл сахсæн авæр, зæгъгæ, арвыстой. Чызг ацыд, фæлæ нал æмæ нал здæхт. Уæд æм хистæр æфсымæр агурæг ацыд. Кæсы, æмæ ссырджын чызг бæхы мард

хæры, йе ‘рдæг ын хæрд фæци. Лæппу æрбаздæхт æмæ дзуры йе ‘фсымæртæм: «Хорзæй баззайут, мæнæн уемæ цæрæн нал ис». Лæппу цæуынтæ байдыдта æмæ иу мæсыгмæ бафтыд. Мæсыджы бады сауцæст, саудзыкку чызг, йæ буар та — миты хъæпæнау урс. Чызг бацин кодта лæппуйыл, æмæ иумæ цæрынтæ байдыдтой.

Цыдысты афонтæ. Лæппу йе ‘фсымæрты мысын райдыдта. Чызг æй бæргæ нæ уагъта, фæлæ иу бон йæ бинонты бæрæггæнæг ацыд. Æрцыд йæ хъæумæ. Кæсы æмæ хъæуы змæлæг нæй — ссырджын чызг сæ бахордта. Лæппу дæр ма дзы тых æмæ амæлттæй аирвæзт. Хо йæ фæсте расырдта æмæ йæ куы æрбацæйæййæфта, уæдмæ лæппуйы йæ мæсыгмæ бирæ нал хъуыди. Йæ ус æм кæсы, æмæ мæсыгмæ куы æрбахæццæ, уæд æм йæ къух æрдардта, фæлæ уыцы сахат хо та æфсымæрæн йæ къахыл фæхæст. Афтæмæй йæ алчидæр йæхимæ ивазы арвæй зæххы астæу. Быцæу кæнынц хо æмæ ус. Хо зæгъы: «Уый ме ‘фсымæр у æмæ мæн у!».

Ус зæгъы: «Уый дæу уыд, цалынмæ демæ уыд, уæдмæ. Ныр та мæн у!». Бирæ быцæу фæкодтой, стæй бафидыдтой афтæ: мæйы дæргъы лæппу дыууæ къуырийы уыдзæн хойы, иннæ дыууæ къуырийы та — усы.

Лæппу мæй фестад æмæ уæдæй фæстæмæ цæуы арвыл. Хойы къухы куы бахауы, уæд æй уый гыццылгай бахæры. Усмæ куы бафты, уæд та йæм уый базилы, æмæ йæ тыхы бацæуы, байдзаг вæййы.

МÆЙВÆЛУРС — æртæ æфсымæры иунæг хо, мæйау фæлурс у йæ цæсгом, æмæ йæ уымæ гæсгæ схуыдтой Мæйвæлурс. Куры йæ Идæдз усы фырт Сæумæдзæх.

МÆЙХОРТÆ — ирон адæммæ, арвæй цыдæриддæр зынд, уыдонæн кодтой нымд. Уæлдайдæр та Хур æмæ Мæйæн. Хурæй хæдон кодтой, Зæххæй та — дзабыртæ. Хур у царддæттæг, фæлæ Мæйæн дæр æхсæв фæндаг рухс кæнынæй уæлдай царды мидæг æндæр ахсджиаг нысан кæй ис, уый æнкъардтой, æмæ йæ хъахъхъæдтой мæйхортæй, цыдæр залиаг калмæй. Уый, дам, æй куы аныхъуыра, уæд æхсæвтæ æдзухдæр уыдзысты хуыдалынг. Æмæ уый тæрсын кæныны охыл Ногбоны æхсæвты топпæй æхстой Мæйы ‘рдæм.

МÆЛАЗÆНÆГ — сывæллон кæмæн нæ цæры, ома, райгуыры йын æмæ та йын амæлы, ахæм ныййарæг мады адæмон сфæлдыстады хонынц Мæлазæнæг. Ахæм уыдис Нарты Сатана.

МÆЛÆТ — рагзаман, тынг раджы адæм, дам, мæлæт цы у, уый нæ зыдтой, æмæ уыдысты хъаруджын, тыхджын, къæдзæх сынæгæй фæлдæхтой, дуры уæз не ‘нкъардтой. Уыцы рæстæджы иу лæг мæсыг самайынæн йе рагъыл æрбацæйæнтъыхта къæдзæхæй æфтыд егъау дур.

Æрулæфон, загъта йæхицæн, дур æрæвæрдта æмæ йыл æрбадт.

Уалынмæ йæ комы зонгæ лæг сæййæфта. Æрбадт уый дæр йæ фарсмæ. Афæрстытæ кодтой кæрæдзи. Стæй йын фæндаггон афтæ:

– Далæ комы Дæлвæзы хъæуы нæ хæстæг амард, æмæ уырдыгæй цæуын.
– Амард? Уый та циу? — дисгæнгæ йæ афарста иннæ.

Фæндаггон ын марды уавæр биноныг куы радзырдта, уæд лæг ныссагъæс кодта. Фæндаггон куы ацыд, уæд уый дæр сыстад, дур мæсыгмæ схæссон, зæгъгæ, йыл схæцыд, фæлæ йæ нал сфæрæзта, мæлæт цы у, уый зонын ын йæ хъару асаста. Гъе, уый аххосæй, дам, нæ хæхты ис бирæ æрдæгамад мæсгуытæ æмæ фидæрттæ.

МÆЛИКК — æмбæлы кадджыты, таурæгъты, аргъæутты. Нартæн мæличчытæ сты се знæгтæ, хæцынц семæ. Уыцы тохы сын æххуыс сты сæ хорз сыхæгтæ. Мæличчытæ сты бонджын паддзæхтæ æмæ æлдæрттæ. Дарынц æххуырстытæ, ис сæм бирæ зæхх, æфсад æмæ хъæздыгдзинæдтæ, сты æгъатыр, ныхилынц искæй исбонмæ, амондмæ. Алæмæтон аргъау «Мæликк æмæ Цуанон»-ы Мæликк Цуанонæн исынвæнд скодта йæ усы дæр ма. Фæлæ фыдвæнд йæхиуыл æрцыд — Цуанон ын йе ‘фсады ныддæрæн кодта, æмæ Мæличчы паддзахад йæхи баци.

МÆЛХЪЫ БЫДЫР — Нарты хæтæн быдыр.

МÆНГ ДУНЕ — афтæ хонынц ирон адæм уæлæуыл зæххон цард. Мæнг дунейы адæймаг фыдæбон кæны, йæ хид, йæ тугæйдзаг фæллойæ цæры. Куы амæлы, уæд та бафты Æцæг дунемæ, рæстаг адæймаг фыдæбон æмæ хъизæмар кæм нæ кæны, ахæм бæстæм.

МÆРГЪУЫДЗ — Нæртон æнæфындз Мæргъуыдз — ахæмæй йæ зонæм кадджыты æддаг бакастæй. Æнæуый та дзы Уастырджийы кæстæр ус хистæрæн афтæ зæгъы: «Цас тæрсыс нæ лæгæй, Нарты Мæргъуыдз, мыййаг, дын куынæ у!». Уастырджимæ уыцы ныхас йæ хистæр ус фæхæццæ кодта, æмæ йын кæд хъыг уыд, уæддæр Мæргъуыдзы фенын сфæнд кодта. Куы базонгæ сты, уæд Уастырджи йæ хистæр усæн басаст: «Хъыг дын ма уæд мæ кæстæр усы ныхас — Нæртон Мæргъуыдз кæд зæххон лæг у, уæддæр мæнæй æнæсæрæндæр нæу».

Цæмæн æрцыд ахæм хатдзæгмæ Уастырджи? Уымæн æмæ Мæргъуыдзæн ис уыцы иухуызон бæхрæгъæуттæ, урсдзых æхсын галрæгъæуттæ, саусæр æмæ саукъах фосы дзугтæ, æмхуызон фæздонджын хъуграгъæуттæ. Уый-бæрцытæ сты æмæ зæххыл нæ цæуынц. Йæ хæдзар та йын хъæуы сæр родгæс æмæ уæлыгæс дыууæ зæронды афтæ амонынц: «Хъæуы астæуты стыр уынгыл ссу, иу ран уыдзæни авд уазæгдоны: æппæты уæллаг дауджыты бынат у, уый дæле — æлдæртты, уый дæле та — фæрсаг адæмы, уымæй дæлæмæ та кæвдæсардты æмæ иннæты бынæттæ сты. Дауджыты бынаты бæхбæттæн уыдзæни сыгъзæринæй, бæхбæттæнæй уазæгдонмæ та уыдзæн авгæй астæрд. Æлдæртты бынатæн йæ бæхбæттæн уыдзæн æвзистæй, бæхбæттæнæй уазæгдонмæ та уыдзæн æргъæуæй астæрд, фæрссаг адæмты бынатæн та йæ бæхбæттæн уыдзæн æрхуыйæ конд. Бæхбæттæнæй уазæгдонмæ та нæзы фæйнæгæй астæрд. Кæвдæсардты æмæ иннæ адæмты бынаты бæхбæттæнтæ уыдзысты хъæдæй. Бæхбæттæнæй уазæгдонмæ та уыдзæн хъæмп тыд».

Уастырджи Мæргъуыдзимæ иу фынгыл куы фембæлы, уæд йæхинымæры дис кæны: «Хуыцау, ды амонд кæмæн нæ ратдзынæ, ахæм нæй! Мæнæ амонд

кæй мидæг ныттымбыл кодтай, мæнæ! Ай дзы йе ас куы нæ ис, йе дзы конд куы нæ ис, уæдæ йæ цæсгомыл фындз дæр куынæ ис, уæд цавæр амонды хицау у?».

Мæргъуыдз æмæ Уастырджи хæтæны иумæ куы ацæуынц, уæд рабæрæг вæййы, Мæргъуыдзы фæразон бæхы мыггаг хæйрæджытæй кæй у, лæппуйæ та фындзæй ахæм уыд, æмæ-иу сау зæххыл сырд кæуылты ацыдаид, уый базыдтаид. Йæ ус та Уастырджийы кæстæр ус æмæ Уациллайы усимæ æртæ хойы уыдысты, фæлæ иуахæмы хæтæны куы уыд, уæд йе смудаг фындзæй дардмæ дæр банкъардта, йæ уаты йæ усимæ чидæр кæй хуыссы. Уый та уыд йæ фырт. Йæ тагъдуайаг бæх æй уайтагъд сæхимæ æрхæццæ кодта, æмæ йæ ус æмæ йæ фырты кардæй скъуыхтæ кодта. Цы бакодта, уый куы базыдта, уæд йæ фындз сæрдасæнæй ахауын кодта.

Уастырджи æмæ Мæргъуыдз обауыл ус æмæ лæппуйы ракъахтой. Уастырджи сæ йæ нымæтын ехсæй æрцавта, æмæ райгас сты. Мæргъуыдзы фындзыл дæр æй рауагъта, æмæ йæ фындз йæ бынаты абадт. Уыцы хорз хабæрттæ схаста йæ кæстæр усмæ уæларвмæ.

МÆРГЪУЫДЗЫ ЦÆДЖДЖИНАГ — уый ахæм цæдджджинаг уыд, æмæ-иу æй дзагæй куы сфыхтой, уæд сын авд азы фаг кодта. Алы бон дæр дзы-иу сæ фаг ностой, уæддæр цæдджджинаг дзагæй-дзагдæр кодта. Ноджы ма йæм уыд ахæм миниуæг: ноггуырдæн дзы-иу авдæнмæ йæ ных куы айсæрстой, уæд-иу сывæллонæн афæдз дзидзи дарын нал хъуыд. Уый уыдис Мæргъуыдзы фыдæлты хæзна, фæлæ сын æй Донбеттыртæ тыхæй байстой.

Мæргъуыдзы æмсиахс Уастырджи ацы цæдджджинаг дардæй Донбеттыртæм куы федта, уæд ыл бадис кодта: «О, Хуыцау, цы диссаг у ай? Хур арвыл фенын, фæлæ йæ зæххыл ныры йеддæмæ никуы федтон!». Ахæм цæхæркалгæ цæдджджинаг уыд. Хабар Мæргъуыдзæй куы базыдта, уæд æй иумæ рахастой.

МÆРДАДЗЫ БАДЫН — марды цалынмæ нæ баныгæнынц, уæдмæ йæ фарсмæ кæрæдзи ивгæйæ фæбадынц хиуæттæ, хæстæджытæ æмæ зонгæтæ, æмæ уыцы æгъдау хуыйны Мæрдадзы бадын. Мад йæ цотæй искæмæ тынг куы рамæсты вæййы, уæд йæ карздæр æлгъыст вæййы: «Дæ мæрдæй фæбадон!». Фæлæ, дам, мад йæ сывæллоны куы фелгъиты, уæд йæ дзидзитæ та «Æлло!» фæкæнынц.

МÆРДÆВДАДЗ ФÆТКЪУЫ — мæрдтæ удæгасгæнæг фæткъуы. Ис дæлимонтæм. Æхсар æмæ Æхсæртæг дæлимонтæй дзæвгар куы фæцагътой, Цæрддзудзæуæны сын сæ мæрдтæй рæгътæ куы самадтой, уæд сын се ‘хсæнты сæ Мæрдæвдадз фæткъуы тулгæ рауагътой, æмæ сæ кæрддзæф мæрдтæ райгас сты. Æмæ та ногæй схæцыдысты. Мæрдæвдадз фæткъуы зайы тархъæды астæу æмæхгæд быруйы мидæг Сыгъзæрин бæласыл. Фæндаг æм зонынц æрмæст дæлимонтæ. Уыдонæй йæ базоны Æхсæртæг дæр æмæ Сыгъзæрин бæлас æрхæссы Нартæм. Зайы йыл æртæ фæткъуыйы: мæрдæлутон, рынæлутон æмæ цардæлутон.

МÆРДÆГЪДАУ — адæймаг куы амæлы, уæд ын йæ афæдзы бонмæ цыдæриддæр

æгъдæуттæ фæкæнынц, уыдон хуыйнынц Мæрдæгъдæуттæ.

МÆРДÆХСÆВÆР — адæймаг куы амæлы, уæд æй æртыккаг бон йæ сыджытыл сæмбæлын кæнынц. Уый размæ æхсæв та йын йæ фарсмæ æрæвæрынц æхсæвæр. Уый йын хистæртæ ныххæлар кæнынц. Уыцы рæстæг сыхы хистæртæ кæстæртимæ амбырд вæййынц, мардæн рухсаг фæзæгъынц, зианджынты Хуыцауыл бафæдзæхсынц, стæй сæ хистæрæй, кæстæрæй райсом, мард ныгæнæн бон кæуыл цы хæс æвæрд ис, уый сбæрæг кæнынц, мардæн йæ фæстаг бон куыд хуыздæр балæггад кæной, æнæ æрхъуыдыйæ сæ куыд ницы аирвæза, ууыл бамæт кæнынц. Сæ разы сын цы хойраг æмæ нозт æрæвæрынц, уый æрбахæссынц хиуæттæ кæнæ сыхæгтæ. Мæрдджыны хæдзары къонайы, пецы арт кæнын нæ фæтчы, йæ ныгæнæн бонæй раздæр. Сылгоймæгтæй абон дæр ма арæх фехъусæн вæййы исты тæссаг хабар фехъусгæйæ: «Мæ арт бауазал». Ома, мæ къонайы арт нал скæндзынæн?

МÆРДДЗАСТ — «Федтон иу ран салд бæхы мард, йæ фæйнæфарс ус æмæ лæг бадынц», — дзуры Сослан йæ мард усæн. «Уыдон уæлæуыл мæрддзæст уыдысты, сæ фæллойæ сæ цæст хæрын дæр нæ уарзта, æмæ Мæрдты бæсты салд бæхы фыдæй се ‘ххормаг сафынц», — зæгъы йын Бедуха.

МÆРДДЗЫГОЙ — мард ныгæнæн боны зианмæ æндæр рæттæй цы адæм æрбацæуы, уыдон.

МÆРДОН ФÆНДАГ — адæймаджы йæ ныгæнæн бон афæндараст кæнынц Мæрдтæм фæндагыл. Æмæ цæмæй Дзæнæтмæ бахæццæ уа, ууыл бацархайынц удæгæстæ сæ лæггадæй, сæ фыдæбонæй, сæ кæуын æмæ цæссыгкалдæй, рухсаг зæгъынæй. Уый вæййы йæ фæстаг фæндараст. Мæрдтæм фæндагыл æм бирæ фæлварæнтæ æмæ къуырцдзæвæнтæ æнхъæлмæ фæкæсынц. Æмæ йын мæрддзыгойæ алчидæр фæзæгъы, æнцонæй сæ сæрты куыд ахиза, уый.

МÆРДТÆМВÆНДАГ — адæймаг куы амæлы, уæд йæ фæстаг фæндаг вæййы Мæрдтæмвæндаг. Уый йын саив кæнын, æгъдауыл æй сæвæрын сæхицæн хæсыл банымайынц хиуæттæ, хæстæджытæ, сыхбæстæ, хъæубæстæ æмæ зонгæтæ. Сæхиуыл нæ бацауæрдынц, фыдæбонæй, хъиамæтæй сæхи иуварс нæ аласынц: йæ фæстаг фæндаг — Мæрдтæмвæндаг ын сæ цæссыгæй срухс кæнынц сылгоймæгтæ дæр.

МÆРДТЫ АЙДÆН — Мæрдты бæстæйы дуармæ ис айдæн, цыппæрдигъон айдæн, — зæгъы нын таурæгъ. — Уымæн йæ цыппар фисыны бадынц цыппар лæджы. Алы мардæн дæр уыцы айдæны æнæбакæсгæ нæй. Уыцы ран сбæлвырд вæййынц йæ тæригъæдтæ се ’ппæт дæр. Уый фæстæ йын ацы ран скæнынц тæрхон. Ардыгæй араст вæййынц мæрдты удтæ Дзæнæтмæ æмæ Зындонмæ. Цæуын сæ фæхъæуы нарæг хидыл. Рæстыты удтæ йыл бафардæг вæййынц хъæлдзæгæй, заргæйæ. Зынæвзарæнты вæййынц тæригъæдджынтæ хидыл цæугæйæ. Иу æвзæргæнæджы уд дæр дзы хидæн йæ кæронмæ нæ хæццæ кæны — Зындонмæ ныххауы.

МÆРДТЫ ÆХСÆВÆР — афæдзы кæрон, Ногбоны агъоммæ-иу нæ фыдæлтæ алы

сыхы дæр хæдзаргай, радгай сæ мæрдтæн кодтой æхсæвæр. Уыцы æхсæвæры-иу алчидæр йæ мæрдтæн æрцæттæ кодта фынджыдзаг: хъæдурджынтæ, насджынтæ, къабускаджынтæ, карк, арахъ, къуымæл, дыргътæ, халсартæ, адджинæгтæ æмæ æндæр хæринæгтæ. Сыхмæ-иу фæдзырдта, æмæ сæ-иу иумæ ныххæлар кодтой, хæдзарæй уыцы дунемæ чи ацыд, уыдонæн. Сыхбæстæ-иу дзы алкæйы ном дæр æрымысыдысты, йæ хорз миниуджытимæ, йæ фарн æмæ намысимæ зонгæ кодтой кæстæрты.

МÆРДТЫ БÆСТÆ — ирон адæймаджы уырнынадмæ гæсгæ Æцæг дуне. Адæймаг, дам, зæххыл цæры рæстæгмæ, уымæй дæр хъизæмары цардæй, фæлварæны хуызæн, æмæ уыцы фæлварæны йæхи чи куыд равдиса, ахæм хъысмæт ын уыдзæн йæ æнæфæугæ царды Мæрдты бæсты. Йæхи уæлæуыл, зæххон царды чи куыд равдыста, уымæ гæсгæ Мæрдты бæсты цы уавæрты сты, уый ирдæй æвдыст цæуы кадæг «Сослан Мæрдты бæсты»-йы. Ацы кадæг у царды философи, кæд ныхас мæрдтыл цæуы, уæддæр стыр ахъаз у цард бирæвæрсыгæй хуыздæр банкъарынæн, адæймагæн йæ митæ æмæ йæ хъуыддæгтæн раст аргъ скæнынæн.

Мæрдты бæсты хицау у Барастыр, йæ дуаргæс ставдæнгуылдз Амултахъ, ног мæрдты Барастыры раз чи æрлæууын кæны, æмæ сын тæрхон кæимæ кæны, уый — Аминон. Мæрдты бæстæм Хуыцауы æвастæй удæгасæй бацæуыны бар никæмæн ис. Æрмæст дзы Нарты Сослан дыууæ хатты уыд удæгасæй йæ тыхы фæрцы, æмæ йын иу хатт фæстæмæ раздæхын Барастыры фæрцы бантыст, иннæ хатт та — йæ мард ус Бедухайы. Мæрдты бæстæйы ис Зындон, Дзæнæт, Дзæнæты суадон, Цъæх нæуу, Цæхæрадон, Зындоны цад, дæлимонты бынат, дæлимонты зындон æмæ æндæртæ. Мæрдты бæстæй фæстæмæ раздæхæн нæй. Æрмæст дзы Уырызмæджы æнæном лæппу æмæ Хæмыц рæстæгмæ рацæуынц æмæ та баздæхынц.

МÆРДТЫ БÆСТЫ ДУАР — ирон адæмон сфæлдыстады Мæрдты бæстæн ис æфсæн дуар, дуаргæс ын у Аминон, кæнгæ та йæ Аминоны барлæвæрдæй бакæны ставдæнгуылдз Амултахъ. Мæрдты бæсты æфсæн дуар барæмыгъта Сослан æмæ æвастæй бацыд мидæмæ.

МÆРДТЫ БÆСТЫ МЫКАЛГАБЫР — ирон адæймаджы динон дунеæмбарынадмæ гæсгæ æппæт дæр сфæлдыста Иунæг Стыр Хуыцау. Уый æвастæй дунейы ницы цæуы. Уыцы архайды йын æххуысгæнджытæ сты йе сконд зæдтæ æмæ дауджытæ. Адæймаг зæххыл цæры уыдоны ауыдындзинады фæрцы. Уыдонмæ кувы, æгъдау сын кæны, æмæ йын уыдон дæр йæ хорз ракæндæн хорзæй дзуапп дæттынц. Зæгъæм, Уацилла йын тых къæвдатæй, ихæй, лæсæнтæй хъахъхъæны йæ хоры хуымтæ, архайы, цæмæй дзы фылдæр тыллæг сиса, бæркад дзы уа. Хоры Уацилла дæр æй уымæн хонынц. Фæлвæра та йын ахъаз у йæ фосы бæркадæн: низ сæм нæ уадзы, сæ зæйц сын фылдæр кæнынæн ахъаз кæны. Хæдзарон фос уый къухты сты, æмæ йæ Фосы Фæлвæра дæр уымæн хонæм.

Ацы дыууæ бардуаджы къухты бæркад у сæйрагдæр, адæм цæмæй цæрынц, уый. Мыкалгабырты та хонынц бæркад æфтауæг, фылдæргæнæг. Уыдонæн йæ бархъомыс хæццæ кæны Мæрдты бæстæм дæр. Адæймаг куы амæлы, уæд æм ницыуал бар дарынц Уацилла æмæ Фæлвæра. Сæ хоры æмæ фосы кондæй йын удæгæстæ цы фынгтæ æрцæттæ кæнынц, уыдон ын ныххæлар кæнынц, фæзæгъынц, мах раз куыд бирæ сты, афтæ уæнт дæ разы дæр, зымæг дын сæлгæ ма кæнæнт, сæрд та — æмбигæ, зæгъгæ. Ома, сæ фæндон у, цæмæй æдзухдæр хæрынæн бæзгæ уой. Æмæ ма уый нæ, фæлæ йын сæ Мæрдты бæсты Мыкалгабыртæ фылдæр куыд кæной. Уыдонæн уый сæ бон у — бæркад æфтауæг сты, æмæ сæ хъомыс уырдæм дæр ахады. Гъе уымæ гæсгæ, марды бафæдзæхсынц Мыкалгабыртыл дæр.

МÆРДТЫ БИРÆГЪ — ирон адæмон сфæлдыстады бирæгъты æхсæн ис ахæм дæр. Уый гъе уыйбæрц æнаккаг тугдзых у, æмæ æбуалгъ митæ кæны. Хъæубæсты уæлмæрдтæм дæр цæуы æмæ ног мæрдты скъахы, хæры сæ. Мæрдты бирæгъ ирон адæм рахонынц, мæгуыртыл, сидзæртыл æмæ сывæллæттыл дæр чи нæ ауæрды, ахæм, фыдзæрдæ, æгъатыр лæджы.

МÆРДТЫ КУАДЗÆН — вæйиы уалдзæджы Куадзæны хæдфæстæ къуырисæры. Уæдмæ уæлмæрдтæм хорз базилынц, бафснайынц сæ, ссыгъдæг сæ кæнынц зымæджы фæлхæдтæй. Æмæ удæгæстæ Куадзæны сæ ком куы суадзынц, сæ бæрæгбон хорз куы сбæрæг кæнынц, уæд дыккаг бон сæ мæрдты уæлмæрдтæ дæр бабæрæг кæнынц, сæ ком цы хойраг, хæлц, дыргъ, халсар, адджинаг, нозтытæй суадзынц, уыдонæй сæ мæрдтæн дæр хæлар фæзæгъынц.

Мæрдты куадзæн æнæмæнг скæныны хæс сæхицæн нымайынц, афæдзы дæргъы йæ бинонтæй кæмæн фæхъуыд, уыдон. Йæ архайджытæ фылдæр вæйиынц сылгоймæгтæ.

МÆРДТЫ КУЫДЗ — ис ахæм дзырдбаст «Мæрдты куыдзау ыл бафтыд», ома, уæгъд æй нал уадзы. Фæлæ «Мæрдты куыдз» цы амоны, уый таурæгъты, кадджыты не ссардтон.

МÆРДТЫ КЪУЫРИСÆР — Мæрдты куадзæны ма афтæ дæр хонынц. «Мæрдты куадзæнау æм цæстытæ ныуурс сты», — ахæм ныхас фехъусæн вæйиы адæмæй. Уымæн æмæ Мæрдты куадзæн — Мæрдты къуырисæр афæдз иу хатт вæйиы, мæрдты бон сабат та — æрвылкъуыри. Стæй къуырисæр мæрдтæм ницы бар дары. Къуырисæры ирон адæм бæрæг кæнынц Уациллайы, Алардыйы æмæ Тутыры бон.

МÆРДТЫ ЦЪИУ — афтæ хонынц, уæлмæрды цы цъиутæ фæцæрынц, уыдон. Раст цыма сын мæрдтимæ исты бастдзинад ис, æмæ сæ размæ уымæн ратæхынц, уыйау сæм рæвдаугæ цæстæнгас дарынц, хæларгонд хæринагæй сын ныууадзынц, уæлмæрдмæ йæ мардæн рухсаг зæгъынмæ чи ссæуы, уыдон.

МÆРЗÆЗДУХТ — Саулæджы фырт.

МÆСÆЛЛÆЙ — кæс тæфæрфæс.

МÆСÆМÆТ — Мæйы фырт.

МÆСЫГ — ирон адæмы фыдæлтæ мæсгуытæ хохаг фидар дурæй амадтой сæ цæрæн хæдзæртты, галуанты фарсмæ, цæмæй-иу тыхы рæстæг сæхи, сæ бинонты уым бааууон кодтаиккой. Хæхбæсты алы мыггагæн дæр уыд мæсгуытæ, цыппар тигъон мæсгуытæ, куыд уæлæмæ нарæгдæр кæнгæ. Сæ уæлæ алырдæм топпуадзæнтæ. Уырдыгæй æхстой æрбабырсæджы. Мæсгуытæм бахизæнтæ уыд дыккаг уæладзыгмæ, асин рауадзгæйæ. Уыдис фæдис амонæг мæсгуытæ дæр æнæхъæн комбæстæн.

Мæсгуытæ ис ирон адæмон сфæлдыстады дæр. Сæ цъуппытæ сныхстысты арвы, мигътæ сыл бадынц. Ахæм мæсгуыты цæрынц æмбисонды рæсугъд чызджытæ, цæмæй сæ цалынмæ курæг уа, уæдмæ мачи фена. Хъахъхъæнынц сæ уæйгуытæ, залиаг кæлмытæ, семæ сты се схæссæг мадæлтæ — дыджызæтæ, æмбал чызджытæ. Нарты Сосланы ус Косер-рæсугъдæн та йæ мæсыг у тæхгæ. Куы дзы сбады, уæд æй уæлæмæ суадзы, æмæ уый арвыл ныллæууы.

МÆХÆЛЫСТЫГЪД — ЛАЛЫМСТЫГЪД. Кадджыты æмæ таурæгъты мæхæлыстыгъд æрмæст лыстæг фосы нæ кæнынц, фæлæ стурты дæр. Уымæн æмæ сын сæ цæрмтты лалымстыгъдæй тæнгъæд ныккæнæн, хи бамбæхсæн ис.

МÆХÆЛЫСТЫГЪД БÆХ — Сырдон Сосланы бæхæй куыддæр фехъуыста: «Мæ адзал мæнæн мæ къæхты хæфсытæй у, бынæй мын мæ хæфсытæ куы нæ срæхойай, уæд мын мæлæт нæй, хъандзалсæфтæг дæн», — афтæ дæлдзæхмæ уайыныл фæцис, хæйрæджыты паддзахмæ æфсадгур. Радта йын хæйрæджыты паддзах æфсæдтæ. Уыдон дæлдзæхæй хæрдмæ æхсын райдыдтой Сосланы бæхы æмæ йæ амардтой йæ къахы хæфсæй. «Æз мæлын, фæлæ мæ тагъд мæхæлыстыгъд акæн, — дзуры йæм бæх мæлгæ-мæлын, — мæ цармы мын ныккæн хъæмп, сбад мыл, æмæ дæ афтæмæй чи зоны дæ хæдзарыл сæмбæлын кæнон». Сослан афтæ бакодта. Сырдон дæр фехъуыста бæхы ныхас æмæ тагъд азгъордта хæйрæджытæм дæлдзæхмæ æмæ сæм дзуры: «Уæ фæтты бырынчъытæ зынг кæнут æмæ йæ афтæмæй æхсут». Хæйрæджыты зынг фæттæ сæмбæлдысты Сосланы хъæмпын «бæхы» гуыбыныл æмæ æгасæй дæр басыгъд.

МÆЦÆЛÆДЖЫ ЦАД — царды хостæ фагæй фылдæр кæм сты, уæле исгæ, бынæй ахадгæ бæркæдтæ кæм ис, амонд æмæ хæлардзинад паддзахиуæг кæм кæнынц, ахæм арфæйаг æмæ фæрнджын цад адæмон сфæлдыстады. Йæ цард хорз кæмæн фæцæуы, уымæй ныр дæр фæзæгъынц: «Мæцæлæджы цады бахауд». Иннæрдæм та: «Исты мын Мæцæлæджы цады куы нæ дæ». Æмæ афтæ дарддæр.

МÆЦЫХЪО — Хуры фырт.

МЕРÆДЗОЙ — æбæрæг адæмыхатт Нарты кадджыты. Ис ахæм ныхас: «Адон дын тæтæр æмæ мерæдзой».

МИГЪДАУ — мигъты бардуаг. Галæгон æмæ Уахъæзы æмцæдисон. Бады, дам, рæгътыл æмæ фасæгау дауы мигътæ. Хуымты хъахъхъæны тыхуарынтæй, хурфæлтæртæй, цъититæй ныллæджытæм хæссы сыгъдæг сатæг уæлдæф.

МИГЪЫ БАРДУАГ — афтæ дæр хонынц Мигъдауы. Хуыцау Нартыл куы рахатт, зæдтæ æмæ сыл дауджыты куы сардыдта, уæд æм нæ байхъуыстой Уастырджи,

Æфсати æмæ Мигъы бардуаг. Кадæг «Хуыцауы тæрхон»-ы кæсæм:

«Фæлæ Уастырджи æмæ Æфсати,
Уыдонимæ ма уæд Мигъы бардуаг
Нарты цæгъдыныл не сразы ысты
Æмæ сæхимæ фæфардæг ысты».

Нартæ зæдтæ æмæ дауджытимæ тохы зын уаваæры куы бахауынц: Хур сæ йæ зынг цæстæй куы сфæлмæцын кæны, уæд сæ Мигъы бардуаг йæ мигътæй бамбæрзы, уарын рауадзы; сæ фос куы фæцагъды вæййынц, уæд сæм Æфсати æрæскъæры йæ фос, Уастырджи сын Сафамæ саразын кæны, авд-авды чи мары, ахæм фæттæ, æмæ уыдонæй Тутыры бирæгъты, зæдты æмæ дауджыты фæцæгъдынц.

МИНАСЫ СÆЙРАГ — минасы сæйраг кадæггæнæг хоны хъæлдзæг зарджытæ.

МИНÆВÆРТТÆ — хорз хабары тыххæй æрвыст лæгтæ. Минæвæрттæ лæппуйы хæдзар æрвиты чызджы хæдзармæ. Уыдон фысымтæн бамбарын кæнынц сæ цыды сæр, лæппуйы бинонты фæндон, семæ сæ бахæстæг кæнын кæй фæнды. Минæвæртты чызджы хæдзармæ барвитынц цалдæр хатты. Фæстаг цыды бафидауынц, дзаг фынджы уæлхъус лæугæйæ дыууæ мыггаджы лæгтæ кæрæдзимæ сæ къухтæ радтынц. Иннæтæ та сын дыууæрдыгæй вæййынц æвдисæнтæ.

МИНЫ КУЫВД — раздæр-иу хæхбæсты уа, быдыры йæ лыстæг фос мины бæрц цы хæдзарæн систы, уый стыр куывд кодта, æмæ хуындис Мины куывд. Мины куывд-иу чи скодта, уымæн-иу йæ хъæздыгдзинад дæрдтыл ахъæр ис.

МОЛАДЗАН ХОХ — Цъæйы комы Схъазы æмæ Цъæйы цъititæй цы цæугæдæттæ згъоры (хонгæ дæр сæ Схъаздон æмæ Цъæйдон хонынц), уыдон кæм баиу вæййынц, уырдыгæй чысыл фалдæр хæрдмæ фæцыд сау къæдзæх. Иуварсæрдыгæй бакæсгæйæ адæймаджы хуызæн у, моладзаны пæлæзы, худимæ. Уымæ гæсгæ йæ туристтæ рахуыдтой Моладзан хох. Бирæ таурæгътæ æмæ хабæрттæ ис ацы хохы тыххæй дæр. Иу таурæгъ дзы у ахæм: «Кæддæр, тынг раджы, ацы комы хъæдты фæзынд сыгъзæрин сыкъаджын саг. Цынæ хорз цуанон ахатти йæ фæдыл хæхты æмæ хъæдты тæссагдæр рæтты дæр, фæлæ йæ амарын никæй къухы æфтыд. Фæстæмæ-иу афтидæй, фæллад æмæ уæнтæхъилæй æрыздæхтысты.

Уæд иуахæмы иу æвзыгъд лæппу цуанон ныффæнд кодта йæ амарын. Уый тыххæй йæхи хорз барæвдз кодта. Рекомы кувæндоны бынмæ æгъдауимæ бацыд, Уастырджийыл йæхи бафæдзæхста, фæфæндараст мæ кæн, зæгъгæ. Стæй адæмы раз ард бахордта, Уастырджи йын сыгъзæрин сыкъаджын саг амарынæн куы баххуыс кæна, уæд ын йæ номыл сыгъзæрин сыкъатæ Рекомы кувæндоны кæй сæвæрдзæн.

Фæцыд лæппу цуаны. Бирæ фæхатт, чысыл, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ саг Уастырджийы æххуысæй йæ къухы бафтыд. Куы йæ æрфæлдæхта æмæ йæм æввахс куы бацыд, уæд сыгъзæрин сыкъатæй йæ цæстæнгас нал хицæн кодта.

Фырцинæй йæ йæ ардбахæрд рæстæгмæ æрбайрох. Йæхимæ куы æрцыд, уæд саджы сæр æд сыгъзæрин сыкъатæ ракодта. Æрхаста йæ сæхимæ, фæлæ сыгъзæрин сыкъатæ кувæндонмæ бахæссын йæ цæст нал бауарзта.

Уастырджи йæм рамæсты ис, йæ ардбахæрдыл гадзрахатæй кæй рацыд, уый тыххæй, æмæ йæ къæдзæх хох — Моладзан фестын кодта.

МОРГЪАХЪАНДЗАЛ БЫДЫР — Даредзанты таурæгъты Росаппы куы амарынц, уæд ын йæ æнахъомдзидзидай фырттæ Автандил, Талиар æмæ Придонæй иуы аппæрстой Моргъахъандзал быдыры. Иннæты та — хурыскæсæны æмæ хурныгуылæны ‘рдыгæй.

МУКАРА — Тары фырттæй хистæр. Хъæздыг уыдысты Тары фырттæ Мукара ‘мæ Бибыц: сæ зæххæн кæрон нæ уыди, сæ фос нымæц нæ зыдта, сæ къухы уыд бирæ адæм; дардыл хъуыстгонд уыд сæ кой. Нартыл фыд зымæг куы скодта, уæд сæ фос Тары фыртты бæстæм хизынмæ тæрын сфæнд кодтой. Фосгæсæй та Нарты фыдбылыз Сырдоны хинæй йæ хал схаудта Сосланæн, æмæ Мукараимæ куы фембæлд, уæд кæсы æмæ «йæ бæх — хохы йас, йæхæдæг — цъынайы йас». Йæ хъæрæй Нарты рæгъау æрæмбырд вæййынц. Сослан фыр тæссæй айчы хъузджы бацæуынмæ хъавы. Æмæ йын кæд хъæзтыты рæстæг Сосланы цирхъ йæ сырх бæрзæйæ иунæг æрду дæр нæ алыг кæны, йæ хъæлæсмæ йын фæттæ куы æхсы, уæд сæ йæ дзыхæй æрдæгæууылдтытæй ракалы, йæ цирхъыл бæрзонд хохæй йæхи раппары, хохы сæрæй йыл дурты зæй рауадзы, фæлæ йын ницы вæййы, уæддæр Сослан йæ амарынæн фæрæз ссары. Денджызмæ хæстæг уæрммæ дон рауагътой, Мукара дзы ныххызти æмæ йыл Сослан уæле калын райдыдта, цыдæриддæр ардта, уыдон — хъæд, пыхс, дур. Стæй дыууæйæ дæр скуывтой: «Гъе, Хуыцау, афæдзæй-афæдзмæ цы уазал кæныс, уый ацы æртæ боны ныккæн!».

Мал цъенгæ их ныцци, æмæ йæ Мукара стонын не сфæрæзта, æрмæст дзы йæ сæр фæуæле. Гъе, фæлæ йын æрмæст йæхи сæрдасæнæй уыд йæ сæр ракæнæн. Уый та уæлкъæсæрæй æвыдæй райсæн нæ уыд. Уæдæ йæ фæстаг ныхасы йæ астæумагъзæй Сосланæн йæхицæн рон куы кæнын кæны, уæд, дам, мæ хъару æгасæй дæр дæу уыдзæн. Йæ астæумагъз та мардæй дæр ахæм уыд, æмæ йæ Сослан тæрс бæласыл куы æрбабаста, уæд бæлас цæхгæрмæ фæлыг, хырхæй фæлыггæнæгау. Афтæ аст бæласы ахауын кодта Мукарайы астæумагъз. Тых дзы куы нал уыд, уæд æй Сослан йæ астæуыл æрбабаста.

МУКАРАЙЫ АСТÆУМАГЪЗ — Сослан æй куы амары, уæд ын йæ астæумагъзыл галтæ сифтыгъта æмæ йын æй сласта. Гъа ныр æй йæ астæуыл æрбабæтта, афтæ та ахъуыды кодта, уымæн йæ астæумагъз дæр хуымæтæджы магъз нæ уыдзæн, æндæр истæуыл уал æй афæлварын хъæуы, зæгъгæ. Ахаста астæумагъз хъæдмæ æмæ йæ тæрс бæласыл æрбабаста — бæлас цæхгæрмæ фæлыг ис, хырхæй фæлыггæнæгау; дыккаг бæласыл æй æрбатыхта — ахауын кодта уый дæр; афтæ аст бæласы ахауын кодта Мукарайы астæумагъз. Фарæстæмыл æй куы ‘рбатыхта, уæд ма йын йæ цъар чысыл фæуыгард кодта, — йæ хъару асаст.

Тых дзы куынæуал уыди астæумагъзы, уæд æй йæ астæуыл æрбабаста Сослан дæр.

МУРЗÆГ — кусарты риуыгуыдыр.

Мусонг — сырдты цæрмттæй æмбæрзт рæстæгмæйы цæрæн бынат хъæды кæнæ хъæдрæбын. Хъилтæй арæзт цуанæтты æрулæфæн, æхсæвиуат бакæнæн бынат. Æхсар Æхсæртæгмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ цард Мусонджы.

МЫДАМÆСТЫТÆ — мыдимæ хæццæ хыссæйæ конд уæливыхтæ. Арæх æмбæлынц Нарты кадджыты. Сатанайæн йæ зæрдæ искæмæ, истæмæ куы фехсайы, уæд ракæны æртæ мыдамæсты, афыцы сæ, Уазкъуыпмæ кæнæ æвдæм æддæг уæлæмæ ссæуы æмæ сæ уым скувы.

МЫДЫКЪУС — ног чындз йæ мойы хæдзармæ цæмæй фарны къах æрбаваæра, амонд æрбахæсса, уый нысанæн бирæ рæсугъд ирон æгъдæуттæ ис. Уымæ арæзт у, йемæ цы мыдыкъус æрбахæссы, уый дæр. Мыдыкъус вæйиы аив бæрцуат, æмæ йыл йæ ног биноитимæ æнгом царды фарн кæй бафтауынц, уымæ гæсгæ свæйиы табуйаг, бæрæг аив ран æй сæвæрынц. Мыдыкъусы ног чындз йемæ æрбахæссы мыд æмæ царв иумæ змæстæй. Ацы дыууæ хæринаджы иумæ тынг фидауынц, кæрæдзи хæрзаддæр кæнынц. Хицæнтæй хæргæйæ адæймаджы зæрдæйыл афтæ дзæбæх не ‘мбæлынц, уайтагъд сæ фæхъыг вæйиы. Иумæ та æнцон хæрæн сты, хæрзад сты. Ног чындз æмæ йæ ног биноитимæ, уæлдайдæр та йе ‘фсинимæ, мады хуызæн ын чи хъуамæ суа, уыимæ ахæм æнгомдзинадмæ бæлгæйæ, равзæрд æгъдау ног чындзы Мыдыкъус. Йæ хурæргом хæдзармæ йæ йæ цæгатæй æрбахæссы æртæ уæливыхимæ. Уыдон æй кæнынц ноджы кадджындæр æмæ арфæйагдæр. Ног чындзæн йæ хыз сисыны агъоммæ сæ хистæртæ скувынц, Бынаты бардуагыл æй бафæдзæхсынц æмæ хызисæгæн бар радтынц чындзæн йæ хыз сисынæн. Хистæр устытæм ын йæ цæсгом куы равдисынц, уæд ралæууы Мыдыкъусы æгъдау дæр, æмæ дзы ног чындз æппæты фыццаг барæвдауы йе ‘фсины: мыд æмæ царвы змæстæй йын чысыл уидыджы йæ дзыхмæ бахæссы. Раст сывæллонæн хæринаг куыд дарай, афтæ. Уый дæр бирæ цæуылдæрты дзурæг у, æмæ ацы æгъдауæн аккаг аргъ чи скæны, уыцы æфсин æмæ чындз мад æмæ чызджы цард райдайынц.

Мыдыкъусы хæринагæй чындз бахаты иннæ хистæр устытæм дæр. Уый тыххæй Мыдыкъусимæ æрбахæссы цалдæр чысыл уидыджы. Уыцы уидгуытæ хорзы нысанæн баззайынц, мыдамæстæй чындз кæмæн саходын кодта, уыцы устытæм. Уыдон та йын фæзæгъынц: «Ацы мыд куыд адджын у, афтæ адджынæй дæ биноитимæ фæцæр». Стæй йын скъоладзауы кары лæппутæ йæ къухæй Мыдыкъус аскъæфынц æмæ йæ фæсвæд æхсызгонæй айафтид кæнынц, æмæ къус фæстæмæ æфсинтæм бахæссынц. Ацы æгъдауы рæзгæ фæлтæр кæй архайынц, уый дæр дзурæг у йæ хорздзинадыл, царды цыдыл.

МЫДЗЫРА — хæцæнгарз, кард æмæ джебогъ иумæ.

МЫКАЛГАБЫР — Хуыцауы фæндæй Зæдтæ æмæ Дауджытæ Нарты Батрадзы куы амарынц, уæд ыл Хуыцау цалынмæ æртæ цæссыджы æрæппары, уæдмæ

Софиайы зæппадзмæ хæссын нæ куымдта. Хуыцауы æртæ цæссыджы Иры зæххыл фестадысты æртæ кувæндоны: Мыкалгабыр, Реком æмæ Таранджелос. Мыкалгабыр у бæркад, амонд æфтауæг, ныфс дæттæг æмæ фыдбылыз сафæг. Сæ кувæндон ис Уæлладжыры комы Буронæй 2-3 километры фалдæр Зæрæмæджы æрдæм. Арæх фынгыл фехъусæн вæййы ахæм ракуывд: «Кæддæр Цæразонтæн Мыкалгабыр цы æххуыс бакодта, ахæм арфæ махæн дæр ракæнæнт!». Мыкалгабыр кувæндоныл уæлдай иузæрдиондæр уыдысты Цæразонтæ, æмæ сын цы æххуыс бакодта, уый тыххæй Хъуппеты Дзандар ныффыста йæ фыдæлтæй æрыхъусгæ хабар: «Кæддæр, XVI-XVII æнусты, Уæлладжыры комы цæрджытыл сыстадис низ, емынæ йæ хуыдтой. Адæм бындзытау цагъды кодтой, фæндæгтыл мæрдтæй хаудысты. Æмæ уæд æппæт Цæразонтæ дæр æрæмбырд сты, ныртæккæ Бурон кæм ис, уым цæгаты ‘рдыгæй Цъуалыйы Уастырджийы кувæндонмæ. Скодтой дзы куывд æмæ куывтой Стыр Хуыцаумæ, йе сконд зæдтæм, цæмæй сæ фыдбылыз, сæ низ фесæфтаид, адæм мауал цагъды кодтаиккой. Фæстагмæ Мыкалгабыры тыххæй сидт куы рауагътой, уæд, дам, арв дæр æрбаталынг ис, стæй Сидæны Мыкалгабыры кувæндонæй ратахтис урссæр тъыфыл сау цæргæс æмæ йæхи сарæзта Цъуалыйы Уастырджийы Цæразонты куывдмæ. Зилы цæргæс куывддонты сæрмæ, иу рæстæджы йæхи дурау æруагъта, куывды фынгтæ æвæрд кæм уыдысты, уырдæм æмæ йæ цыргъ ныхтæй систа фынгты бынæй сау гæдыйы. Ахаста йæ Мыкалгабыры кувæндоны æрдæм. Афтæ сау гæдыйы хуызы зылдис хъæуи-хъæу емынæ. Уыцы бонæй фæстæмæ низ-емынæ фесæфтис, адæм нал мардысты. Уæдæй фæстæмæ Цæразонтæн Мыкалгабыр ссис сæ нымайгæдæр æмæ ахсджиагдæр дзуар».

Мыкалгабыр ирон адæймаджы динон уырнынады у бæркадæфтауæг, фыдбылыз сафæг. Гъе уымæ гæсгæ йын хæрнæджы фынгыл дæр йæ ном ссарынц. Æрмæстдæр Стыр Хуыцау æмæ Мыкалгабыræн. Стыр Хуыцауыл бафæдзæхсынц бинонты, марды та — Мыкалгабырыл: рухсаг ын цæмæй фæзæгъынц, уымæ йын куыд ничи ницы бар дара, Мыкалгабыр бæркад æфтауæг у æмæ йын æй фылдæр куыд кæна. Уымæн æмæ Мæрдты бæстæм хоры Уацилла æмæ Фосы Фæлвæра ницы бар дарынц. Амæлæгмæ, дам, хæццæ кæны, цы хойраг ын ныххæлар кæнынц, æрмæст уый.

МЫСАЙНАГ — кувæндоны зæд кæнæ дуаджы номыл куывддон адæм цы æвзист (ныр та ма гæххæттын) æхцатæ æвæрдтой æмæ æвæрынц, уыдон хуыйнынц мысайнæгтæ. Мысайнаг стыр табуйаг у ирон адæммæ. Мысайнæгтæ-иу дзуары бынæй дзуары лæг æрбахаста æмæ сæ-иу, иннæ аз куывды бæрн кæуыл æвæрд уыд, уыцы хæдзармæ нымдгæнгæ радта. Бинонтыл-иу бафтыдта, кувæндон кæй номыл уыд, уыцы зæд кæнæ дуаджы фарн. Уыцы бонæй фæстæмæ-иу бинонтæ сæхи ахæм бæрнон æмæ æгъдауджынæй æвдыстой, æмæ сæ хыл нæ, фæлæ хъæр ныхас дæр хъуамæ ма райхъуыстаид. Мысайнæгтæ урс цикъæ кæнæ сыгъдæг бæмбæджы тыхтæй уæлеау бæрæг ран цы уаты æвæрд уыдысты, уым та бинонтæ ныхас кодтой бынтон сабырæй.

Дзуары бынæй мысайнаг рахæссынæй карздæр хъуыддаг уыд æрмæстдæр лæг амарын. Мысайнагæй нæфæтчиагдæр ницы ис. Гъе уымæ гæсгæ дзуаркъахæй æгаддæр ничи у. Уымæн æмæ дзуаркъах зæды, дуаджы, стæй адæмы фарн, æууæнк æмæ намыс къахыр кæны, сæ фыдæх сын исы.

МЫСТХУЫЗ АЛАСА — Сосланы бæхтæй иу.

МЫСЫР — Нарты кадджыты ис дард бæстæ Мысыры кой. Нæртон адæм æм цæуынц стæры, фæфос кæнынмæ. Мысыр у Египет.

МЫСЫРЫ БÆСТÆ — Египет Нарты кадджыты.

МЫСЫРБИ — Даредзанты Йамоны астæуккаг фырт, йæ фыццаг усæй — дыккаг. Мысырби — Бадрийы хæрз кæстæр. Йæ хистæр æфсымæр Бадриимæ, цæмæй сæм сæ фыд Сау хохæй мидæгмойæ фæстæмæ æрыздæхтаид, уый тыххæй йын йæ дыккаг ус Мариайы сыгъзæрин дзыккутæ ахауын кодтой. Уымæн та йæ мæлæт уыд йæ дзыккутæй. Бадри сыл хæцгæ кодта, Мысырби та сыл болат хæсгард феваердта, æмæ сæ уый атæхын кодта.

Мысырби æмæ Бадри Сау денджызæй иумæ расайдтой сæ кæстæр æфсымæр Амраны æмæ адзалмæ кæрæдзиуыл уыдысты иузæрдион, йе ‘мбæлццон, йе ‘ххуысгæнджытæ, куы та — къуылымпыйы хос. Кæрæдзийы зæрдæхъыджы никуы бацыдысты. Сæ цин, сæ уæлахиз, сæ зын, сæ рис сын уыд иумæйаг.

МЫСЫРХАН — Мæйы чызг, Хуры чызг Хорческæ æмæ Æхсæртæггаты Уонимæ уацары ис Хъæндзæргæс уæйыгмæ. Батрадз ферваезын кæны се ‘ртæйы дæр, æмæ Мæйы чызг Мысырхан сси Уоны бинойнаг, Хорческæ та — Хæмыцы бинойнаг.

МЫСЫРЫ ÆВЗИСТ — ирон адæм сæ кувæндоны мысайнаг барынц Мысыры æвзистимæ. Мысыры æвзистæй дын мысайнаг, зæгъгæ, кувынц зæдтæм æмæ дауджытæм. Уæлдайдæр Уастырджи æмæ Алардымæ. Мысыр Египет у, æмæ нæ фыдæлтæ уырдæм дæр кæй æфтыдысты, сæ сыгъзæрин æмæ æвзисты сыгъдæгдзинад кæй зыдтой, уымæн ма ацы дзырдбаст — иу æвдисæн.

МЫСЫРЫ ÆЛДАР — у тыхгæнæг, Нарты знæгтæй. Насран-æлдары усы аскъæфта. Нарт афæдис кодтой, фæлæ йæ басæттынæн ницы фæрæз ардтой. Уæд сæ Мысыры æлдар лæгæй-лæгмæ хæсты æрцагуырдта, не ‘фсæдты цæмæн цæгъдæм, зæгъгæ. Насран-æлдар фæтарст, æмæ йæ бæсты Ацæмæз ацыд. Мысыры æлдаримæ афтæ бирæ фæхæцыдысты æмæ фаттæй кæрæдзийы сыхырнайы хуызæн скодтой. Афтæ æртæ боны. Æхсæвы-иу Мысыры æлдары, Насран-æлдарæй цы ус аскъæфта, уый сдзæбæх кодта. Усмæ ахæм миниуæг уыд, æмæ-иу мæлæг адæймагыл дæр йæ къухтæ куы ахастаид, уæд-иу адзæбæх. Афтæ бакодта æрдæгмард Ацæмæзæн дæр æлдары сусæгæй. Мысыры æлдарæн та йæ мæлæт уыд æрмæстдæр йемæ райгуыргæ кардæй, æмæ йæ Ацæмæз уымæй амардта.

МЫСЫРЫ ДИССАГ — æнæрцæугæ диссаг, хæргæфс куы ныззайа, уæд, дам, уый уыдзæн Мысыры диссаг.

МЫСЫРЫ СЫДЖЫТ — Мысыр — Египет, диссаджы бæстæ, йæ сыджыт дæр у æндæр. Æмæ, дам, адæймагæн йæ цæрæн бынат хъуамæ Мысыры сыджыты ад кæна.

МЫСЫРЫ ЦИУАН — Нарты кадджыты бæхты мыггаг. Ахæм хорз мыггаг сты, æмæ ма дзырдбаст Мысыры циуан нысан кæны тæмæссаг, тынг диссаг хъуыддаг дæр. Зæгъæм, хæргæфс, дам, куы ныззайа, уæд уый уыдзæн Мысыры циуан.

МЫТЪЫЛ — лыстæг цæрæгойты бардуаг. Фыдзонд, фыддзых, æлгъитаг, хивæнд, хæрамзæрдæ, мастисæг, мæнгард, фæлитой, хъуырхъуыргæнаг, дæлæмæдзыд, фыдконд, фыдуынд, зылынкъах, хытъынджын, лопъосæр, сохъуыр, фыдвадыварц, дывылдым.

Зæдтæй алчидæр æлдариуæг кодта, Хуыцау ын цы хъуыддаг бахæс кодта, уым. Æрмæст æй ферох сты лыстæг цæрæгойтæ. Æмæ æнæхицауæй, æнæ сæрылсдзурæгæй сæдæгæйттæй, мингæйттæй сæфтысты.

Сæ мыггагæн сыскъуыйынæй куы фæтарстысты, уæд иу сæрдыгон бон цæугæдонмæ хæстæг дынджыр дуры байбыны æрæмбырд сты. Æрбадтысты тæрхоны æхсыргæлмытæ, уытъырнытæ, суадон уазалгæнæн дзыккуаллæттæ, доны, зæххы, цъыфы æмæ фаджысы уаллæттæ, джыбытæ, сыстытæ, хъæды сыстытæ, æхсæнчъытæ, бындзытæ, туасбындзытæ, бындзбирæгътæ, дзынгатæ, хъæрæудзынгатæ, сасчъытæ, цъыр-цъырæгтæ, сарынцхатæ, гæлæбуты мыггаджы бирæ алыхуызон минæвæрттæ, цыллæйы гæлæбутæ, рæмпæджы гæлæбутæ, сæтæлæгтæ, къæдздымтæ, чыггуыратæ, хæлуарджытæ, джедагуыратæ, куадзæны бæхтæ, майрæмы кæрчытæ, цъулбертæ, туаскъæбут быттыртæ, хъæндилты бирæ хуызтæ, цыппоркъахонтæ, хъæндилæгтæ, доны æмæ гуыбыны хъунцытæ, битъынайы хъæндилтæ, къæцæлæгтæ, æхсæвы цырæгътæ, лыскъсасчъытæ, хъусхилæгтæ, сыфхор хъуынджын æлызтæ, фосы рагъ æмæ фысы дымæджы кæлмытæ, хæдмæлхор кæлмытæ, бур, морæ æмæ сау мæлдзыджытæ, хъугдæйтæ, дзуары хæлуарджытæ, къуыдыр кæлмытæ.

Мæргътæй уыцы тæрхонмæ æрбатахтис æрмæст сæ гыццылдæр — фиудзылы. Уый Кæрчиклой æмæ иннæ мæргътæ ницæмæ дардтой, æмæ сæм фæтæргай. Цыма гæлæбутæй стырдæр кæй нæу, уый йæхи аххос уыдис…

Лыстæг цæрæгойтæ Хуыцаумæ хъастгæнæг фæдисæттæ арвыстой сарынцха, дзынга æмæ гæлæбуйы.

Хуыцау сын сæ хъастмæ байхъуыста, стæй фæсидт ныллæггомау, æнæдаст, бызгъуыртæ уæлæдарæсы фæныкгуыз Мытъылмæ. Æмæ йын загъта:

– Ды абонæй фæстæмæ уыдзынæ лыстæг цæрæгойты дуаг. Ацу æмæ сын æлдариуæг кæн, хъахъхъæн сæ. Иннæ дауджытимæ лымæнæй цæр. Рох дæ ма уæд: ды дæ сæ кæстæр.

МЫЦÆТÆ — иуæй-иу кадæггæнджытæ Быценты мыггаг хонынц Мыцæтæ.

– Н –

НАЙСЫН — бæрæг нæу, зæд у æви адæймаг. Нарты кадджыты цæры уæларвы. Зоны, Зæххыл цыдæриддæр цæуы, уыдон. У Нарты хæлар, йæ æххуыс сын нæ хæлæг кæны. Уый фæрцы Батрадз базыдта йе ‘фсымæр, Ахох-денджыз æмæ Хъара-денджыз кæм иу кæнынц, уым хæйрæджытæм уацары кæй ис, æмæ йæ фервæзын кæны.

НАЙФАТ — кувæндоны-иу иу мыггаг хицæнæй куывды кæм рабадтысты, ахæм бынат. Зæгъæм, арæх фехъусæм Гуццаты найфат, ома Тбау-Уациллайы кувæндоны Гуццаты мыггаджы куывддон бынат. Хæхбæсты фылдæр хъæуты цардысты иугай кæнæ æртæ-фондз мыггаджы, сæ кувæндон та уыд иу. Гъе уымæ гæсгæ-иу сæ зæд кæнæ дуагмæ иумæ скуывтой, стæй-иу куывды хицæнтæй рабадтысты, фæлæ кæрæдзимæ нуазæнтæ хастой, иумæ уыд сæ хъæлдзæгдзинад.

НАЛМАЗ — Нарты Хæмыцы ус Быценоны ном.

НАЛХЪУЫТДЗУАН — Нарты кадджыты ацы куыст кæнынц Донбеттыртæ.

НАМЫС — адæймагæн йæ цард-цæрæнбонты йæ къухы хорзæй бакæнын цы бафтыд, адæмы æхсæн йæхицæн кад æмæ ном цы рæстаг, арфæйаг хъуыддæгтæй скодта, уыдоны фæрцы йæм æрцæуы намыс. «Уый фесты ном, дунейы фарн ыл бафты», — фыста Хостыхъоты Зинæ намысы тыххæй. Адæймаг адæмы æхсæн йæхицæн цы ном скæны, йæ фæсвæд ын куыд аргъ кæнынц, уымæ гæсгæ у йæ намыс. Намыс у адæймагæн йæ мидтæрхонгæнæг дæр. Номдзыд Абаци, дам, æнæнхъæлæджы куы фæрасыг, уæд йæ кæстæртæн афтæ фæдзæхста: «Расыг худинаг цы бæстæйы нæу, уырдæм мæ фæхæссут. Ирон хъæумæ мæ ма бахæссут — худинаджы зарæг мыл скæндзысты». Намыс кæмæ нæй, уый кæнгæ митæй фæцард, æрмæст йæхиуыл хъуыды кæнгæйæ. Кæд йæхи хорзæй æвдисыныл архайдта, уæддæр адæмы цæст уынаг у, сæ зæрдæтæ — æнкъарæг, æмæ уыдонмæ фæндаг не ссардта. Кæд бæрнон бынаты фæбадт, уæддæр ын кад нæ кæнынц, йæ архайд цæсты нæ ахады, уымæн æмæ йыл не ‘ууæндынц, сæхиуыл æй нæ нымайынц. Намысæн та æнæнымад адæймаг æцæгæлон у. Ахæм адæймагмæ, йæ зылын хъуыддæгты дзы дзуапп чи бадома, ахæм æнкъарæн дæр нæй. Намыс у, адæймаг йæ цардвæндагыл йе ‘ккой, йæ рифтаджы цы хæзна хæссы, адæм æй хорзæй цæмæй базыдтой, кад, аргъ, æгъдау ын цæмæ гæсгæ кæнынц, уый.

НАРТÆ — Нарты кадджыты сæйраг архайджытæ, хъæбатыр, зондджын, зонынджын æмæ æгъдауджын адæмы хатт. Ирон адæм сæ хонынц сæ таурæгъон фыдæлтæ. Хуыцау сæ сфæлдыста уæйгуыты фæстæ. Иу кадæг нын Нарты равзæрды тыххæй афтæ дзуры:

– Хуыцау дунейы куы сфæлдыста, уæд адæм скæнын фæнд скодта.

Хуыцауы уынаффæмæ гæсгæ зæххыл равзæрдысты Уадмерытæ. Уыдон уыдысты ставд æмæ тыхджын адæм: кæмтты цæугæ нæ кодтой, зæххæн уыдысты

уæззау, æмæ сæ уый тыххæй Хуыцау фесæфта Уадмерытæ сæвзæрынæй æртæ фондзыссæдз азы куы рацыди, уæд Хуыцау сфæлдыста Камбадаты — зондæй дæр, тыхæй дæр Уадмерыты хуызæн, асæй та — къаддæр, раст ныры рæстæджы дæсаздзыд сывæллоны йæстæ.

Камбадатæ æгæр лыстæг адæм уыдысты зæххыл цæрынæн, æмæ та Хуыцау уыдоны дæр фесæфта.

Æртæ фондзыссæдз азы куы рацыди Камбадаты сфæлдисынæй, уæд Хуыцау скодта Гамерыты. Фæлæ та уыдон дæр æгæр стыртæ разындысты асæй æмæ тыхæй дæр, æмæ сæ Хуыцау зæххыл нæ ныууагъта.

Æртæ фондзыссæдз азы та куы рацыди Гамерыты сфæлдисынæй, уæд Хуыцау скодта Гуымирыты. Уыдон дæр зæххæн аккаг нæ фесты, æмæ сæ Хуыцау фесæфта.

Æртæ фондзыссæдз азы куы рацыди Гуымирыты сфæлдисынæй, уæд Хуыцау сфæлдыста Уæйгуыты.

Уыдон дæр ын нæ фæрæстмæ сты Хуыцауæн, — уыдысты гуырымыхъ, æнæконд адæм: кæуыл дзы уыд авд сæры, кæуыл — иу сæр, кæмæн дзы уыди дыууæ цæсты, кæмæн та — иу цæст. Уыдысты тыхгæнæг. Цæргæ кодтой хъæдты æмæ хæхты лæгæтты.

Æртæ фондзыссæдз азы та куы рацыд Уæйгуыты сфæлдисынæй, уæд Хуыцау сфæлдыста ног адæм, Нартæ, зæгъгæ, æмæ йын уыдон фæрæстмæ сты: асæй дæр æмæ тыхæй дæр зæххы аккаг уыдысты.

Ацы таурæгъмæ гæсгæ Хуыцау зæххыл цæрынмæ цы адæмты сфæлдыста, уыдонæй Нартæ уыдысты æхсæзæм. Уыдонæй та равзæрдысты ирон адæм — æвдæм адæм. Нымæц авд бирæ адæмтæм, уыдонимæ ирон адæммæ дæр, табуйаг, арфæйаг у.

Нартæ равзæрдысты Сæуæссæйæ. Уый у сæ фыдæл. (Кæс «Сæуæссæ».)

Тынг тыхджын, ныфсджын адæм уыдысты Нартæ. Нарты адæмæй тых бирæ кæмæ нæ уыд, кæнæ ныфсæй æххæст чи нæ уыд, уыдон та фылдæр хатт тынг зондджын, æрхъуыдыджын æмæ цыргъзонд, стæй дзырддзæугæ уыдысты. Уыцы миниуджытæм гæсгæ-иу нæртон адæм се ‘знæгтыл фæуæлахиз сты.

Хорз нæ касти Нартæм хуымæтæджы æнцад цард кæнын. Уыдон сæ рæстæг æрвыстой стæрты, хæстыты æмæ цуаны. Хæцыдысты тыхгæнæг уæйгуытимæ дæр æмæ сæ æппынфæстаг мыггагыскъуыд фæкодтой.

Нартæ цардысты хæхты æмæ быдырты, Царциаты рагъæй суанг Бестауы рæбынмæ.

Цæргæ та кодтой æртæ дихæй: Уæллаг Нартæ, Астæуккаг æмæ Дæллаг Нартæ. Æртæ Нарты астæу уыди Нарты Стыр Ныхас. Истæуыл сæ-иу уынаффæ кæнын куы бахъуыд, уæд-иу фидиуæг ныхъхъæр кодта Бæрзонд Тыппырæй, æмæ-иу Нартæ æрæмбырд сты се Стыр Ныхасмæ.

Нартæ систы æртæ мыггаджы: Алæгатæ, Æхсæртæггатæ æмæ Борæтæ. Борæтæ уыдысты фæрныг, мулкæй хъæздыг, Æхсæртæггатæ уыдысты

хъæбатыр мыггаг. Алæгатæ уыдысты лæгæй хорз æмæ уæздан.

Æртæ Нартæн сæ хистæр ссис Уæрхæг. Уæрхæджы сфæлдыста æрдзы фарн æмæ Хуыцауы комы тæф. Йæ мад уыд Хуыцауы чызг, йæ фаззон — Уæрхтæнæг. Иугæр куы сæвзæрдис, уæд æрцарди бæрзонд хохы фидæртты, стæй ауагъта дардыл зылд галуантæ Тæлæгты быдыры. Уалынджы йæм уæларвæй Куырдалæгон æруагъта æрвон фæтыгæй арæзт æндон дзывыр — болат куырдадзы цагъд.

Уæрхæг дын райдыдта хуым кæнын тыгъд быдыры æмæ байтыдта æлутон хор Уациллайы нæртон тауинагæй, æрмæджы нæмыгæй. Уациллайы фырт Гæбутдзали йын хъахъхъæдта йæ хъугæмттæ. Уый нæ уагъта Уæрхæджы хуымтæм æврæгътæй ихы сыг, Нафы фыдæхæй дымгæ.

Уæрхæг ракуырдта йæхицæн ус, Сайнæг æлдары хойы — Ацырухсы. Уый фæстæ сарæзта фат æмæ æрдын, сугъахъы сыйæ æрдынтасгæ сыкъа, хъæзæй — фат æрттигъджын.

Уæрхæджы алфамблай æрцардысты Æртæ Нарты æмæ Чынтæ æмæ апырх сты, ауагътой Нарты фæдон мыггаг æвидигæ.

Нартæ зæдтæ æмæ дауджытимæ æмвынг уыдысты. Кæрæдзимæ чындзæхсæвтæ æмæ куывдтæм цыдысты. Се ‘хсæн уыд хæстæгдзинад. Ацæмæзы усаг Агуындæйæн къухылхæцæг уыд бæрзонд Уастырджи, сæ разæй цыдис бæрзонд Ныккола, тырысахæссæг сын уыдис Быдыры зæд, цытджын Елиа та сæ размæ бæхыл хъазыд. Нарты æнæфындз Мæргъуыдз æмæ Уастырджи уыдысты æмсиæхстæ, диссагæн хæссинаг сты дауджыты лæвæрттæ Сосланæн, Сатанайæн йæ фыд у уæларвон Уастырджи, йæ мад та — Донбеттырты чызг, Сырдон — суадæтты бардуаг Гæтæджы фырт, Батрадз фылдæр хатт вæйиы уæларвы, Айсана у Сафайы хъан, ном дæр ыл уый сæвæрдта, Уæрхæджы фаззæттæ Æхсар æмæ Æхсæртæджы номæвæрæг та у Куырдалæгон. Уæларвон куырд Куырдалæгон байсæры Нарты хъæбатырты, æмæ афтæ дарддæр.

Нартæ æрвон зынгæй равзæрдысты. Нартæн сæ ныхас цæуаг уыди, Елиайау иу цæфон уыдысты. Нартæн сæ нæлгоймæгтæ гуыппырсартæ æмæ æндонриутæ уыдысты. Се стæджы хъæд, сæ къæхты уынæр бæрæг уыдысты. Нартмæ фыдуаг фæсивæд уыд, уыдонæй арвыл цъиу атæхын дæр нæ уæндыди. Сæ тых, сæ арæхстдзинад æвдисæн сæ кафæн фæз Зилахары быдыр уыд, æргом æмæ рæстзæрдæ уыдысты.

Нарты Ныхас Лæгты Ныхас уыд. Цыппæрæмы сæ уынаффæйы бон, майрæмбон — сæ хæцæн бон. Нартæн сæ дзырд фæсайынæй се ‘ндон сау æфсæйнаг кодта. Се ‘гъдау, сæ цардыуагмæ-иу сæ зæрдæ истæмæй куы фехсайдта, уæд-иу Лæгты Ныхасы се ‘хсæн рауад карз æмæ бæлвырд, æргом æмæ цæстуарзон ныхас. Кадджыты ис ахæм бынат.

Нарты гуыппырсартæ æмбырдæй бадтысты сæ къæлæтджын бандæттыл. Тæрхон кодтой уыдон сæ дзыллæйы сæрыл.

– Нарт Нарт уæд уыдысты, арв сæ нæрын уæд нæ уæндыди, æмæ мæлын куы зыдтой сæ дзыллæйы сæрыл, алчи сæ хæцын куы фæрæзта йæхиуыл. Нарт Нарт уæд уыдысты, æмæ нæртон адæймаджы дзыхæй рæстдзинады йеддæмæ куы ницы ирвæзти. Нæ дзыллæ дзыллæ уæд уыдысты, æмæ сæ сæр сæрмæ куы хастой.

Афтæ радзырдта Нарты æмбырдæй иу хистæр.

– Адæм хæлæг уæд кодтой Нартæм, сæ хорзы кой дардмæ уæд хъуысти Нартæн, сæ гуыбыныл хæцын куы фæрæзтой, ностæй сæхи куы хъахъхъæдтой, ронгæй сæ бæрц куы зыдтой; ацы рæстæджы хуызæн сæ мæрдты къоти куы нæ калдтой ност æмæ хæрдыл; æнæгъдау фырностæй се ‘фсарм куы нæ сæфтой, сæ зонд, се ‘хсар куы нæ састой.

Афтæ загъта дыккаг хистæр:

– Нæ адæм адæм уæд уыдысты, æмæ кæстæр хистæры куы нымадта, кад ын куы лæвæрдта, кæрæдзимæ куы хъуыстой; сылгоймаджы тыххæй йæ цæсгом куы ничи сæфта.

Уый радзырдта æртыккаг хистæр.

Нарты ном æхсар æмæ хорзæн баззад, сæ зонд нæ сæфтой, æххуысæн æххуыс уыдысты, хæстæн — хæст. Нартæ æмдыхæй архайдтой, æмæ сыл фыддæрæй-фыддæртæ сæмбæлд, фæлæ сыл ничи фæтых. Бирæ тыхгæнджыты тых басастой. Нал сын уыд, сæ тых ма кæимæ бавзæрстаиккой, ахæм, æмæ сæ уæд Сырдон сардыдта Хуыцауы ныхмæ: ныууагътой сæ кувын Хуыцаумæ, суанг ма сæ дуæрттæ дæр бæрзонд сарæзтой, цæмæй афтæ ма зæгъа, мæнæн кувынц, зæгъгæ. Се ‘фсон та уыд: «Мах Хуыцауæн лæггад бирæ фæкодтам, фæлæ нæм уый йæхи дæр никуы равдыста. Гъеныр рацæуæд, æмæ нæ тых бавзарæм!».

Зæрватыкк — Хуыцауæй Нарты æхсæн дыууæрдæм минæвар — Хуыцауæн рафæзмыдта Нарты ныхæстæ.

Хуыцау зæрватыккæн загъта: «Иу здæхт ма акæн æмæ сын зæгъ: «Мыййаг уыл куы фæтых уон, уæд уын уæ мыггаг иууыл сыскъуынон, æви ма уæ фыдвæд ныууадзон?»».

«Фыдвæдæй æвæд хуыздæр у. Цы дзы кæнæм æнусы цардæй? Нæ нæ хъæуы æнусы цард, фæлæ нын радтæд æнусы кад», — уыдис Нарты иумæйаг фæндон.

Хуыцау смæсты ис æмæ сæм Уастырджийы рарвыста, æмæ сæ Уастырджи ралгъыста: «Уæ боны куыст иу голладжы дзагæй фылдæр ма кæнæд!».

Цалдæр хоры мæкъуылы-иу æрнай кодтой Нарт, æмæ сын дзы-иу рауад æрмæст голладжы дзаг. Фæлæ Нартæ хъуыдыджын куыннæ уыдысты, æмæ ныхъхъуыды кодтой æмæ бон æрмæст иу уыгæс най кæнын райдыдтой, æмæ сæм алы уыгæсæй дæр цыдис иу голладжы дзаг, мæкъуылæй та — дæс голладжы. Афтæмæй сæ цард цыдис æфсæстæй. Хуыцау сын сæ хин куы базыдта, уæд сæ ралгъыста, æмæ сæ хуымтæ бон цъæх кодтой, æхсæв та-иу кæрдинаг сысты.

Бон-иу ацыдысты Нартæ, æмæ — сæ хортæ цъæх; æхсæв дæр-иу сæм куы ацыдысты кæрдынмæ, уæд дæр-иу цъæх фестадысты. Уæд сарæзтой сæ хуымты цур халагъудтæ æмæ дардтой сæ фæтты фындзтыл саджил æрцытæ æмæ-иу хорты уымæй фехстой, æмæ-иу уыцы саджил арц кæй алыг кодта, уый-иу райсоммæ дæр баззадис цæттæ æфсирæй. Æфсирæн-иу йæ хъæды арх дæр æрыссадтой йæ нæмыгимæ æмæ афтæмæй афæдзæй-афæдзмæ фæцардысты. Стæй загътой: «Нæхуыдтæг куы радтам Хуыцауæн дзырд — æнусы цардæй æнусы кад хуыздæр у, зæгъгæ».

Æмæ уыйадыл алчидæр йæхицæн ингæн къахыныл ныллæууыдис, æмæ уым сæхи калын райдыдтой.

Афтæ ‘рцыди се сæфт разагъды Нартæн, æмæ се ‘рвон зынг ахуыссыд семæ.

НАРТЫ ÆМБЫРДДОН ХÆДЗАР — Нарты уынаффæдон. Сæ зын сахаты сæ ахсджиагдæр фарстатæ, хæстон хъуыддæгтæ лыг кодтой лæгæвзæрстæй Æмбырддон хæдзары. Уырдæм-иу уынаффæ бакæнынмæ æрбахуыдтой Сатанайы дæр.

НАРТЫ ÆНÆРЦÆФ ФÆСИВÆД — афтæ хонынц Нарты гуыппырсарты. Æнæрцæф цæмæн? Уымæн æмæ сæхиуыл цæф нæ уагътой. Æрмæст тыхæй нæ, фæлæ зондæй дæр архайдтой.

НАРТЫ ÆРТÆ ТЫНЫ — фыдæлты кадджын хæзнатæй Нартмæ ис æртæ тыны. Нартæ чи хуыздæрыл куы дзырдтой, уæд сæ æртæ хистæры рахæссынц æмбырдмæ. Уырызмæг сæ иугай райсы, æмæ æртæйы дæр саккаг кæнынц Хæмыцы фырт Батрадзæн.

НАРТЫ ГУЫППЫРСАРТÆ — Уырызмæг, Хæмыц, Сослан, Батрадз, Ацæмæз, Сæууай, Мæргъуыдз, Арæхдзау æмæ Сыбæлц сты Нарты гуыппырсартæ. Арв сæ нæрын нæ уæнды, маргъ сæ сæрты — атæхын, знаг — ныббырсын.

НАРТЫ ДЗУАР — иу хатт Нартæн сæ дзуар æргом рацыд æмæ йæхи æнæгъдауæй равдыста, ныхасæй бафхæрдта Батрадзы усы. Батрадз хъæдмæ ацыд, тулдз лæдзджытæ ракодта. Дзуармæ фæдзырдта, æддæмæ ма рацу, зæгъгæ, æмæ йыл тъæнг-тъæнг ралæууыд тулдз лæдзджытæй. Иу дзы куы асæтты, уæд та — иннæмæй. Дзуар балыгъд Сафатæм. Батрадз уыдонмæ дæр бартхъирæн кодта, æмæ йæ уыдон дæр ратардтой. Лидзы дзуар, Батрадз ын йе ‘рагъдзарм дауы стыр тулдз телыгæй. Афтæмæй баирвæзт Тутыртæм. «Гъæйтт-мардзæ, Нæртон Батрадз, курæджы куырдæн аргъ скæн æмæ йын ныббар!» — дзуры йæм Тутыр. «Курæджы куырды сæрты куыд ахизон, дæу тыххæй йын барст фæуæд, Тутыр», — зæгъгæ, Батрадз аздæхт фæстæмæ.

НАРТЫ КУВÆН БОН æмæ Нарты хæцæн бон дæр у майрæмбон.

НАРТЫЛ ИУЗÆРДИОНТÆ — Хуыцау Нарты ныхмæ йæ тæрхон куы хаста, уæд сæ фесафыныл зæдтæ æмæ дауджытæ разы уыдысты. Æрмæст Уастырджи, Æфсати æмæ Мигъы бардуаг Нарты цæгъдыныл не сразы сты æмæ сæхимæ фæфардæг сты. Уый нæ, фæлæ ма иннæ зæдты æмæ дауджыты ныхмæ тохы æххуыс кæнынц Нартæн. Хуры фыдæхæй зæххыл адæм, цæрæгойтæ, мæргътæ

æмæ зайæгойтæ сæ сæфты къахыл куы ныллæууыдысты, уæд уалынмæ Мигъы бардуаг йæ сау мигътæ рауагъта фæлтæргай Нартыл. Зæхх донæй бафсæст, мæргътæ зарын байдыдтой. Нартæ æмæ сæ фос дæр сæ дойны басастой. Нартæ хæхтæм лидзын куы райдыдтой, уæд сæ Мигъы бардуаг Хуыцауæй йæ сау мигъты бын бамбæхсы. Уастырджи та сын йæ бæхыл бадгæ, цæхæртæ калгæ мигъты бын фæндаг амоны. Зæдтæ æмæ дауджыты ныхмæ хæстæн сын дæсны куырд Сафайæн, иу фехстæй дзы авд-авды маргæ чи кæна, авд-авды та — цæфтæ, ахæм фаттæ саразын кодта æмæ сæ æхсæвыгон Нарты адæмæн уæззау æргъæмттæй фæхаста.

Хоры бардуаджы азарæй Нартæ æххормаг куы æййæфтой, уæд Æфсати йæ сагты дзугтæ æртæлæт кодта Нарты хæдфарсмæ, æмæ æххормаг уæд нал æййæфтой. Тутыры зыд сырдтæн, йæ цъæх бирæгътæн зондджын Сатана се ‘фсæртæ æвдадзæй фидар ныббаста, æмæ дзых фæхæлиу дæр сæ бон нал уыди.

НАРТЫ НАШИРАН — нæртон ус, фæлæ цæуы нæлгоймаджы уæлæдарæсы æмæ у хæстхъом, хæстон, балхон. Йæ дæлбар ис бирæ æфсад алы адæмтæй. Схæцыд тыхгæнæг Гуыцмæз-æлдаримæ, æмæ уыцы тохы Ацæмæз йæхи тынг хъæбатырæй равдыста. Знагыл куы фæуæлахиз сты, уæд Наширан йæ нæлгоймаджы дарæс раласта æмæ Ацæты Ацæмæзы йæхицæн слæг кæны.

НАРТЫ СТЫР НЫХАС — æппæт Нарты уынаффæдон. Лыггонд дзы цыдысты æхсæны царды, æгъдау æмæ фæткы æппæт фарстатæ. Сылгоймагæн дзы бынат нæ уыд, æмæ Хæмыц йæ фыруарзынæй Быценоны хæфсы хуызы йæ дзыппы Нарты Стыр Ныхасмæ куы ахаста, уæд æй Сырдон базыдта æмæ йын æй нæ ныббарста. Бауайдзæф ын кодта. «Кæм бадæм, Нарты зæрæдтæ, — ай лæгты Ныхас у, æви устыты Ныхас? Нæ цæсгом фесæфтам, æгъдау нæм нал ис. Кæсут-ма Хæмыцмæ — кæд æрхаста Быценоны йемæ разагъды Нарты Стыр Ныхасмæ».

НАРТЫ СТЫР ДОН — Нарты стыр цæугæдон, æвæццæгæн, Уарпы цæугæдон — Хъубаны цæугæдон.

НАРТЫ СТЫР ХЪУГОМ — ис ахæм фæзбынат Нарты кадджыты. Батрадз «йæ нæртон бæх хъæстæлвæст ныккодта æмæ йылræвдзæй Нарты стыр хæдзары схъазыди, — зæгъы нын кадæг «Нарты æмбырд», — стæй йæ ныццæлхъытæ ласта æмæ сæйрагыл зæрватыччы сыффыт акодта. Æмæ араст ис Нарты стыр хъугомы, йæ бæхы фæд гутоны фæдау, Хуыцауы быдыр агурæг».

Сайнæг æлдары кард — саразын æй кодта уæларв Куырдалæгонæн. Уымæй амары Хæмыцы, Батрадз та йын дзы амардта йæхи. Хуыцау карды Хæмыцæн йæ Архъызы дæндагыл сæмбæлын кодта, кардæй иу къæртт фæхауди æмæ арвыл абадт — Мæй уæдæй фæстæмæ ис.

Хуыцауы быдыр — Нарты Хæмыцы фырт Батрадз фæцыд Хуыцауы быдыр агурæг. Ссардта йæ, рахаста дзы Хуыцауы сконд чызджы æмæ йæ Нартæм æрбафардæг кодта.

НАРТЫ УАРÆН ФÆЗ — Нарты гуыппырсартæ-иу балцæй, хæтæнæй фæллоимæ куы æрыздæхтысты, уæд æй уæрстой æппæт Нартыл дæр сæрмагонд Уарæн фæзы. Афтæ уыд, Уырызмæг йе ‘нæном лæппуимæ Терк-Турчы рæгъæуттæ, Сохъыр Уæйыджы фос куы æртардта, стæй йæ фæстаг фосы конды дæр, æмæ Сослан Тары фыртты фæллой куы æртæлæт кодта, уæд дæр.

НАРТЫ УАЦАМОНГÆ, НАРТАМОНГÆ, АМОНГÆ — Нартæн се стырдæр хæзнатæй иу уыди Уацамонгæ. Зонынджын нывæфтыд егъау цыппæркъахыг кæхц. Æдзухдæр æй æфснайынц Алæгатæм. Уырдыгæй йæ рахæссынц Нарты куывдмæ — Нарты хæрзтæ æвзарæн куывдмæ. Уымæ ахæм миниуæг уыд, æмæ, æвæдза, адæймаг йе сгуыхтдзинæдты тыххæй æцæгтæ дзуры, уæд-иу, нæ йæм бавналгæйæ, йæхи систа æмæ-иу адæймаджы дзыхы размæ бацыд. Намæ-иу йæ бынатæй змæлгæ дæр нæ фæкодта.

Адæмы сæрвæлтау тохгæнæг хъæбатырты, рæстдзинадыл дзурæг лæгты диссаджы æрдхæрæны кæхц уыд Уацамонгæ. Уыдонæн-иу уайтагъд йæхæдæг айдзаг æлутон, ронг кæнæ къуымæлæй. Иннæтæй йæ къухы никæмæн æфтыд Уацамонгæйæ бануазын, уайтагъд-иу хилагæй айдзаг.

Мæнæ куыд зæгъы иу кадæг: «Хæмыц Уацамонгæ йæ дзыхыл сдардта, фæлæ Уацамонгæ айдзаг ис алы ‘взæр æмæ æлгъаг хилджытæй: кæлмытæй, хæфсытæй, гæккуыритæй. Сæхи-иу систой уыдон Уацамонгæйæ æмæ-иу нуазинаджимæ фæцæйцыдысты Хæмыцы дзыхмæ. Уæд-иу сæ Хæмыц йæ болат рихитæй æрцавта, æмæ-иу Уацамонгæйы бын амбæхстысты».

НАРТЫ УЫНАФФÆЙЫ БОН — уыд цыппæрæмы.

НАРТЫ ФÆТКЪУЫ — Нартæн сæ цæхæрадоны астæу задис иу фæткъуы бæлас, йæ дидинджытæ-иу æрттывтой æрвыгау, æмæ йыл задис иунæг фæткъуы. Фæткъуы зынгау æрттывтытæ калдта æмæ уыдис æлутон хос адæмæн, иу адзал не здæхта фæстæмæ, уый йеддæмæ цы хъæдгом нæ дзæбæх кодта, цы низæй нæ ирвæзын кодта, ахæм нæ уыдис.

Бон-изæрмæ-иу арæгъæд ис уыцы фæткъуы, æхсæв та-иу æй цыдæр адавта, æмæ йæ хъахъхъæдтой радгай Нартæ; æмæ йæ ничи фæрæзта бахъахъхъæнын.

НАРТЫ ХЪАЗÆН ФÆЗ — Нартæ æнцад бадын нæ зыдтой: куы сæм-иу фатæвзарæн уыди, куы кардфæлварæн, тых æмæ арæхстдзинад æвзарæн. Сæ ерыстæ та цыдысты сæ хъазæн фæзы. Уый уыд сæ ирхæфсæн бынат дæр.

НАРТЫ ЦÆХÆРАДОН — Нарты цæхæрадон уыдис саджы сыкъатæй бæрзонд æхгæд — маргъ æрбатæхæн дæр æм нæ уыд. Цæхæрадоны бæстастæу задис диссаджы фæткъуы бæлас.

НАРТЫ ЧЫРЫН — Нарты фыдæлтыккон чырын, æвæрд дзы уыдысты фыдæлты хотыхтæ, æмæ цæмæй байгом уыдаид, уый тыххæй йæм сдзурын хъуыд хатиагау.

НАРТЫ БÆХДÆТТÆ — Нартæм уыйбæрц бæхы рæгъæуттæ уыд, æмæ дисæн дзуринаг уыдысты. Нæлгоймæгтæ, стæй сылгоймæгтæ дæр уыдысты барджытæ, бæхыл бадджытæ. Уæдæ сæ бæхдæттæ та ахстой бирæ фæзуæттæ

æмæ уыдысты зын сыгъдæггæнæн.

НАСРАН-ÆЛДАР — Нæртон Ацæты мыггаджы хæрæфырт. Йæ усы йын Мысыры æлдар куы аскъæфы, уæд йæ фæдисæтты æхсæн сты суанг хæйрæджытæ, уæйгуытæ æмæ зæдтæ дæр.

НАСРАН-ÆЛДАРЫ УС — Мысыры æлдар Насран-æлдарæн цы ус аскъæфта, уый ахæм ус уыдис, æмæ-иу æм мæлæг адæймаг удæгасæй куы бахæццæ уыдаид, æмæ-иу ыл ус йæ къухтæ куы асæрфтаид, уæд-иу адæймаг, цы уыди, уый фестад — йæ цæфтæ-иу сдзæбæх сты. Ацæйы фырт чысыл Ацæмæз æй Мысыры æлдары къухтæй куы байста, уæд ын йæ бынтон зæронд фыдыл баулæфыд, æмæ, æрыгонæй куыд уыд, афтæ фестад зæронд Ацæ.

НАФ — бинонты, хæдзарвæндаджы, мыггаджы иудзинады, хъомысы, намысы, фарны бардуаг. Ахæм кадджын уыд, æмæ йын йæ бæрæгбоны куывдтæ кодтой мыггаггай, хъæугай, комгай æмæ ма суанг æппæт Ирыстон дæр. Уымæ гæсгæ ныхасæн баззад Иры Наф, Хæрисджыны Наф, Уыналы Наф, Бураты Наф, Нæхи Наф. Йæ рæстæджы йæ бæрæг кодтой Ног аз фыццаг мæйноджы фæстæ сабаты, Комахсæны размæ, æмæ-иу ахаста æнæхъæн къуыри. Бæрæгбоны фынгтæ та афтæ дзаг уыдысты бæркадæй, æмæ ныхасæн баззад: «Нафы фынгыл кæд нæ бадтæ!», кæнæ: «Нафы фынгæй кæд нæ цæуыс!». Уæлдай цæстыахадгæдæр-иу уыдысты бинонты, хæдзарвæндаджы, мыггаджы æнгомдзинад æвдисæг егъау гуыдынтæ.

НАФЫ КУЫВД — æмбисонды бæркадджын куывд Нафы бæрæгбоны. Афтæ ма фæхонынц алцæмæй æххæст æндæр фынгæвæрд дæр.

НАУУАТ — авд доны бын сау сакъадахыл Донбеттыртæн ис науат. Уым вæйиы сæ сыгъзæрин бæлæгъ дæр. Ис ын дуæрттæ, æмæ сæ хистæрты æвастæй никæй бон у бакæнын.

НÆЛЫ ДЗУАР (ФЫРЫ ДЗУАР) — тыртæ (лæппутæ) гуырынгæнæг бардуаг. Уымæй-иу арфæгонд чи фæци, уыцы хæдзар-иу байдзаг цæвæгджынтæй, хъæддзаутæй æмæ хæстхъомтæй. Нæлгоймаг хæдзары бындур дæр уыд, ныфс æмæ уæззау куысты рахæцæн дæр. Фæд-фæдыл чызджытæ кæмæ фæгуыры, уый Нæлы дзуарæй ныр дæр ма фæагуры лæппу, йæ тыхсты йыл йæхи фæфæдзæхсы. Чызг кæмæн райгуыры, уымæн та фæзæгъынц: «Йæ къах дын дзыккайы тылд фæуæд!». Уымæн æмæ Кæхцгæнæнты, лæппу цы чызджы фæстæ райгуыры, уымæн йæ къах фырбуцæн æмæ цинæн дзыккайы къусы атулынц.

НÆРÆМОН — æнæбарон, рæдæнг, æнæрцæф, мæстыгæр, налат адæймаг. Нарты кадджыты Нæрæмон хонынц æрмæст Сосланы.

НÆРТОН ДИССÆГТÆ — Нарт æрвон зынгæй равзæрдысты.

• Нартæ зæдтæ æмæ дауджытимæ æмвынг уыдысты.

• Нартæм Хуыцауы комулæфт хæццæ кодта.

• Æхсар æмæ Æхсæртæг — дыууæ фаззоны — æмхуызæттæ уыдысты, асæй дæр æмæ уындæй дæр: бурхил, дæргъæлвæс, фæтæн риу æмæ цæхæрцæст гуырдтæ, æмæ сæ ничи зыдта, чи сæ кæцы у, уый, Хуыцау æмæ зæхх йеддæмæ.

• Донбеттырты хæдзары уыд ахæм хæдзар, æмæ йæ къултæ æргъæу, йæ бын — цъæх авг, йæ сæр — сæууон стъалы.

• Æхсæртæг туджы æртæхтæ бафу кодта чызгыл, æмæ Дзерассæ-рæсугъд, цы уыдис, уымæй авд ахæмы хуыздæр фестади.

• Фараст боны æмæ фараст æхсæвы чындзæхсæв фæкодтой Æхсæртæг æмæ Донбеттырты чызгæн. Арвы хур æмæ мæйау фидыдтой иумæ Дзерассæ æмæ Æхсæртæг.

• Курдиаты сахат йæ сæры хил аивæзта Дерассæ, æмæ сæ дыууæ дæр (Æхсæртæгимæ) фестадысты æргъæуон бæзджын кæсæгтæ æмæ рараст сты фурды бынæй фурды сæрмæ.

• Уастырджи йæ ехсы фындзæй зæхх æркъуырдта, æмæ дыууæ æфсымæры марды ингæны фестадысты, сæ ингæныл та фæзынд диссаджы цырт, чъыр æмæ дурæй амад, рæсугъд галуан — йæ алыварс, афтæмæй.

• Уырызмæг æмæ Хæмыц — дыууæ фаззон лæппуйы бон уылынг рæзтысты, æхсæв та — уыдисн.

• Уастырджи нымæтын ехсæй æрцъыкк ласта Дзерассæйы, æмæ Дзерассæ, удæгасæй цы уыд, авд ахæмы хуыздæр фестад.

• Сатана ахæм рæсугъд æмæ зондджын рауади, æмæ талынг æхсæв бон кодта йæ уындæй, йæ ныхас уыд кардæй кæрдагдæр, топпы фатæй растдæр.

• Сатана мæймæ афæдздзыды цахъхъæн кодта, афæдзмæ та — æртаздзыды цахъхъæн. Йæ конд йæ уындæн та æмбал нæ уыди — сыгъзæрин хил, цæхæрцæст.

• Æхсæвы Сатана цардыл фестын кодта мæй æмæ стъалыты хуызтæ.

• Ныттар кодта йæхи Уырызмæг. Худæгмæ нал худти, дзурæгмæ нал дзырдта, афтæмæй — уæнтæбæрзонд æмæ сæргуыбырæй рацу-бацу кодта: рацыдис-иу Нарты Ныхасмæ æмæ-иу уым фыдрохгæнæн цъæх дурыл ныххуыссыд дæлгоммæ. Ахæм æвæджиау дур уыд Нартмæ.

• Сау хохæй сау тъыфыл цæргæс ратахти, Уырызмæджы йæ ныхты систа æмæ йæ дард, иу денджызы астæу стыр дуры сæр æрæвæрдта.

• Уырызмæджы æнæном лæппу Барастыræн зæгъы: «Мæ аласайæн йæ цæфхæдтæ фæстæрдæм асадздзынæн: мæрдтæ мæ фæдыл дуармæ куы фæуой, уæд сын-иу зæгъ: æркæсут, æмæ кæд мæрдтæй æддæрдæм уа фæд, уæд уæ нал уромын. Фæлæ, æвæдза, фæд мидæмæ у, уæд уын дзæгъæлы змæнтын, коммæ нæ кæсын аив нæу».

• Нартыл ныккодта фыд зымæг: æруарыдис залты мит.

• Нартæн се стæджы хъæд, сæ къæхты уынæр бæрæг уыдысты.

• Нартмæ фыдуаг фæсивæд уыди, уыдонæй арвыл цъиу атæхын нæ уæндыди, мæлдзыг зæххыл абарын.

• Нартæн сæ фидæрттæ — мæсгуытæ фидардæры тыххæй уыдысты астфисон æмæ цыппаркъуымонтæ.

• Быцентæ — Нарты Хæмыцы каистæ — уыдысты лыстæг адæмы мыггаг,

Донбеттыртæй равзæргæ, цардысты зæххы бын.

• Нарты удыхъæд афтæ уыд, æмæ-иу сæ уæзæгыл чи нæ райгуырд, уый сæхицæй нæ хуыдтой. Хицæн стæджы хъæд сын уыд.

• Уырызмæг æмæ Хæмыц сæ фыды фыд Уæрхæджы ракодтой дуармæ, адастой йын йæ хъуынджын сæр, йæ боцъотæ. Стæй йын фаджысы нытътъыстой лæдзæг. Зæронд лæг уым ныддонхуыпп кодта: æмæ йæ донхуыпп хæрдмæ танхъа куы хаста, уæд дыууæ æфсымæры кæрæдзимæ бакастысты æмæ загътой: «Ай ма нын нæ мады дæр фæдардзæни».

• Нартæн сæ хистæр — Уырызмæг уыд, сæ кæстæр — Ацæмæз.

• Нарты Уырызмæгæн фырт нæ цард, йæхи къухтæй йын-иу мæрдтæм бацыд.

• Нартæн сæ ныхас цæуаг уыди.

• Нартæ Елиайау иу цæфон уыдысты.

• Нартæн сæ нæлгоймæгтæ гуыппырсартæ æмæ æндонриутæ уыдысты.

• Нарты Уырызмæг мын зæгъ, æмæ æгъдау уа, Сатана зæгъ, æмæ бæркад уа.

• Хорз æфсин Сатана, Нартæн зонд чи амыдта, йæ дыууадæс къæбицы хæрд æмæ ностæй дзаг кæмæн уыдысты.

• Нæртон фысым тынгæрфыг уыд.

• Уырызмæг авд хатты базæронд æмæ авд хатты сног.

• Нарты Ныхас лæгты Ныхас уыд.

• Цыппæрæмы Нартæн уынаффæйы бон.

• Майрæмбоны — Нартæн сæ хæцæн бон.

• Нартæн сæ дзырд фæсайынæй се ‘ндон сау æфсæйнаг кодта.

• Нарт сæхимæ дæр æнцад æрбадын нæ зыдтой: куы сæм-иу фатæвзарæн уыд, куы — кардфæлварæн.

• Нартыл фыддæрæй-фыддæр сæмбæлд, фæлæ сыл ничи фæтых ис.

• Нартæ æмдыхæй архайдтой.

• Нартæн сæ хотыхтæ хæстмондагæй цъæх арт уагътой.

• Нарты Уырызмæг Сатанайы хуыдта: «Мæ кæлгæ нуазæн æмæ ме ‘дзаг фынг».

• Сатана куы рахъомыл, чындзы цæуыны кары куы бацыд, уæд йæхимид Нарты фæсивæды æхсæн йæхицæн мойаг агурын райдыдта æмæ дзы Уырызмæгæй зондджындæр, хиуылхæцгæдæр, рæдаудæр, æгъдауджын æмæ рæстдзæвиндæр никæй ссардта. Бафæлвæрдта сæ тыхæй дæр. Сæ тыхæвзарæн ерыстæм лæппуйы дарæсы рацыд, æмæ йыл дзы хъæбысхæсты Уырызмæджы йеддæмæ ничи фæтых.

• Уырызмæгæн уыдис миты хуызæн урс зачъетæ, уæнгты кондæй та уыд æрыгон лæппуйы хуызæн.

• Нарты Хæмыцæн уыдис даргъ бур зачъетæ. Уыдонмæ гæсгæ ис кæрдæджы ном «Хæмыцы рихи». Уыд рог зондыл хæст, сылгоймæгты фæдыл хæтаг. Йæ фыдыхойæ Хъох-дæндаг дæр уымæн бацагуырдта. Уый фæрцы йын сылгоймаг

«нæ» зæгъын нæ фæрæзта.

• Нарты Сосланæн йæ къæхтæ уыдысты тæссарæвæрд, йæ цæстытæ — сасиры чъилы йæстæ, йæ иу цæсты дыууæ гагуыйы, йæ зачъетæ уызыны сындзыты хуызæн. Уыд ын фæтæн уæнгтæ æмæ нарæг астæу. Зæххыл-иу куы хуыссыд, уæд-иу тæрхъус зæххæй йæ астæуы æхсæнты агæпп ласта.

• Нарты Батрадз уыдис къуыпных, æндонриу, йæ цæстытæ куыройы фыдты йас, æндонхуыз.

• Нарты Сырдон уыдис коса, боцъо йын нæ уыд, фæлæ стыр рихитæ. Рихиты бын бамбæхста дыууæ тахынæджы æмæ-иу йæхи афтæ æвдыста, цыма-иу йе ‘взагæй йæ салд рихитæ астæрдта. Уый та тахынæг астæр-астæр кодта.

• Нарты Æхсæртæг, Нарты фæткъуы чи ахаста, уый агурæг денджызы бынмæ куы цæуы, уæд йæ фаззон æфсымæр Æхсарæн зæгъы: «Æз цæуын денджызы бынмæ, ды мæм ам, денджызы был, æнхъæлмæ кæс, æмæ, кæд денджыз сырх фынк хæсса, уæд-иу нæ хæдзармæ аздæх, — мæнæй дын пайда нал ис; кæд урс фынк хæсса, уæд мæм-иу афæдзы бонмæ банхъæлмæ кæс».

• Мусонджы хуыссын афон Æхсар йæ нымæт Дзерассæйы бын бакодта, Æхсæртæджы нымæт та сæ уæлæ æркодта æмæ, цæмæй кæрæдзимæ хæстæг ма уыдаиккой, уый тыххæй йæ кард фелвæста æмæ йæ сæ дыууæйы астæу нывæрдта. Сæ удты сыгъдæгдзинадæн кард уыдис æвдисæн.

• Æхсæртæг Дзерассæйы æхсинæджы хуызы Нарты фæткъуы давгæйæ фатæй кæй фæцæф кодта, уый тыххæй фаззон æфсымæрты Донбеттыртæ ралгъыстой, Нарты Æхсар æмæ Æхсæртæг кæрæдзийы кæрдтыл бафтæнт, зæгъгæ. Æмæ сыл се ‘лгъыст æрцыд.

• Быцентæ сты Донбеттыртæй равзæргæ, цæрынц зæххы бын. Сты кæрзмаст, цыбырхъуыр, лыстæг мыггаг: сæ бæрзæнд — дыууæ уыдисны, сæ уæрх — уымæй къаддæр. Тыхджын æмæ лæджыхъæдджын. Фидисæй рынчын кæнынц, уайдзæфæй — мæлгæ. Нартæ та фидис æмæ уайдзæфгæнаг. Батрадзы мад Быценоны дæр бабын кодта Сырдоны уайдзæф ныхас Хæмыцæн.

• Сырдонæн хидыхъусы зæххы бын дæр хæдзар уыд, æмæ йын æй ничи зыдта. Хъæугæрон ын цы хæдзар уыд, йæхæдæг уым цард, йæ бинонтæ та цардысты хидыхъусы хæдзары. Хæмыцы авд азы хуыскъ хъуг, фырнæрдæй чи хæлд, уый куы адавта, уæд æй уым аргæвста. Æмæ дзы йæ бинонтæ минас кодтой.

• Хæмыц ын уыцы хæдзармæ фæндаг базоны Сырдоны гадза куыдзы фæрцы. Æрцахста йæ æмæ йын йæ къахыл бабаста даргъ уырдæндах æмæ йæ ныдздзæхстытæ ласта. Куыдз йæ хæдзармæ нæ куымдта, фæлæ ралидз-балидз систа. Хæмыц æй фырнадæй куы сфæлмæцын кодта, уæд бар-æнæбары дæр хидухъусы смидæг ис, уырдæндах йæ фæдыл халгæ. Æмæ уый фæрцы Хæмыц ссары Сырдоны зæххы бын хæдзар.

• Сырдон иу лæгæй тын хæсджын фæци. Бирæ æмгъуыдтæ, бирæ æфсæнттæ йын фæкодта. Фæстагмæ йын зæрдæ бавæрдта: «Донхæрæн скъахдзынæн, дон æм рауадздзынæн, йæ былтыл ын сындз ныссадздзынæн. Фос, хохмæ

цæугæйæ, хæхтæй здæхгæйæ, сындзытыл сæхи хафдзысты. Сæ хъуын сындзыл баззайдзæн, тын бауафдзынæн æмæ дын дæ хæс бафиддзынæн».

• Сырдон куы мард, уæд Нартæн загъта: «Адæмы хъæр кæм хъусон æмæ фосы уасын кæдæм хъуыса, уым мæ ма бавæрут».

• Нартæ йæ фыддæрадæн бавæрдтой сæ Ныхасы, æмæ дзы-иу иу иннæмæ куы рамæсты, уæд æй фæлдыста: «Махæй уæдæ мæнг чи зæгъы, уый мæнæ Сырдонæн бæх уæд!».

• Уæд Нарты адæм загътой: «Амæн нын йе'гасæй йæ мард ноджы диссагдæр куы фæци». Скъахтой йæ æмæ йæ фурды баппæрстой. Сырдон Донбеттырты хæрæфырт уыдис, æрæгас æй кодтой, æмæ ссыд Нарты Ныхасмæ.

• Нартæ загътой: «Сырдонæн дурты бын дæр мæлæн нæй!».

• Батрадз йæ фыды фæмарды фæстæ Нартæм тынг смæсты. Уыдон æм барвыстой: «Хæмыцы марды мах аххосджын не стæм, фæлæ демæ хæцын нæ бон нæу, æмæ дæхи дзых — дæ тæрхон, цы нæ агурай, уый бакæндзыстæм.

• Батрадз сæ йæ ног хæдзарæн æрцагуырдта «залгъæдæй цæджынæгтæ, ехсыхъæдæй — аххæрæггæгтæ, æхснарцъыйæ — уæладзæйнæгтæ». Сæххæстгæнæн кæмæн нæй, ахæм хæс!

• Батрадз йæхи куы сæрыдта, уæд ма йæ хуылфы иу тъанг æнæсæрыдæй баззад, æмæ уымæй уыд йæ мæлæт.

• Нарты Мæргъуыдзæн уыд авд уазæгдоны: æппæты уæллаг — дауджыты бынат, уый дæле — æлдæртты бынат, уый дæле та — фæрсаг адæмы бынат, уымæй дæлæмæ кæвдæсæрдты æмæ иннæты бынæттæ уыдысты.

• Бон æмæ æхсæв кæрæдзийæ хицæн куы фæкæнынц, уыцы афон Сатана цыдис авд æддæгуæлæйы сæрмæ куывды. Уырдыгæй-иу касти, зæххыл æмæ уæларв амондæй æмæ æнамондæй цы ис, уыдон базоныны тыххæй.

• Агуындæйы чындздзон уæрдон уыдис æвзистæй, æмæ дзы ифтыгъд уыдис авд сæрджын саджы — Æфсатийы лæвар. Чындзхæсджытæн сæ фæстæ авд уæрдоны дзаг чындзы дзаумæттæ ластой.

• Мысыры æлдар Насран-æлдарæн цы ус аскъæфта, уый ахæм ус уыдис, æмæ-иу æм мæлæг адæймаг удæгасæй куы бахæццæ уыдаид, æмæ-иу ыл ус йæ къухтæ куы асæрфтаид, уæд-иу адæймаг, цы уыди, уый фестад — йæ цæфтæ-иу сдзæбæх сты.

• Нартæм уыди æртæ тыны, фыдæлты кадджын æмæ зынаргъ хæзнатæ. Саккаг сæ кæнынц Батрадзæн.

• Хъæндзæргæсмæ уыдис иу ахæм æрчъиаг, æмæ-иу ыл дунейы ис-бон бацыди. Уыдис æм ноджы иу синаг. Уымæй цыдæриддæр æртухай — гæлæбуйы уæз-иу нал кодта. Йæ хъандзал базыртыл та цыдæриддæр куы аваæрай, уæд æй хъæдты, хæхты сæрты ахæсдзысты, кæдæм дæ фæнда, уырдæм. Хохы дагъы йын цы æхсыры цад уыд, уымæй-иу йæхи чи цынадта, уый–иу, ног милтæ кæуыл рахæцы, ахæм лæппу фестадис.

• Батрадз хæцæнгæрзтимæ, æхгæд дуæрттæ æмæ чырынтимæ хатиагау куы

сдзуры, уæд ын уыдон бакоммæ кæсынц.

• Нарты кадджыты ис ахæм бынат, хæхтæ фырытау кæм хæцынц, се ‘хсæнты ахизæн кæмæн нæй.

• Нартæ кæддæриддæр сæ мæлæты рæстæджы заргæ кодтой.

НÆРТОН УÆСХÆ — Нæртон ардбахæрд, сомы, дзырдлæвæрд. Уымæн фæсайæн нæ уыд, домдта фидардзинад æмæ æууæнк. Нартæн сæ дзырд фæсайынæй се ‘ндон сау æфсæйнаг кодта.

НÆФÆТЧИАГ — табуйаг, Стыр Хуыцауы, йе сконд зæдтæ æмæ дауджыты номимæ цыдæриддæр баст ис, уый у нæфæтчиаг. Кувæндæтты бын, мысайнæгты цур хи уæгъдæй, æнæуагæй, æнæгъдауæй дарын, хъæр кæнын нæ фæтчы. Дзуары номыл цы хойраг скæнай, фыдызгъæл сфыцай, уымæй куыйтæн, гæдытæн дæттын нæ фæтчы. Бынаты хицауы æхсæвы фынгæй æцæгæлонæн хæрын нæ фæтчы, хæдзары, сыхы сылгоймаджы хъæлæба нæ фæтчы — бæркад сафы, æмæ афтæ дарддæр.

НЕГОР-ÆЛДАР — Нарты кадджыты Челæхсæртæг æмæ Негор-æлдар сты æфсымæртæ, сæ хо Агуындæ.

НОГБОН — ирон адæмы кадджындæр бæрæгбæттæй иу. Раджы йæ бæрæг кодтой, уалдзæджы, бон æмæ-иу æхсæв куы сæмиас сты, уæд — мартъийы. У бинонты бæрæгбон, æмæ фæархайынц иумæ йæ сбæрæг кæныныл. Уæд, дам, бинонты æнгомдзинад фидардæр кæны. Ногбонмæ дзуармæ кувæгау уымæн фæкувынц. Раздæр йæ динон тæваг карздæр уыд. Дыууæ-æртæ къуырийы ма йæм-иу уыд, афтæ-иу адæм сæхи цæттæ кæнын райдыдтой. Лæгтæ хъæдæй суг ластой, æфснайдтой кæрт, фос, хосдарæнтæ. Устытæ бæрæгбонмæ уагътой арахъхъ, бæгæны кодтой. Дыууæ-æртæ боны раздæр-иу лæппутæ хъæмпы, хосы муртæ, æрцыхъæдтæ æрæмбырдтæ кодтой Ногбоны сæумæйæ «сой-сой» кæнынмæ. Бон раздæр фæсæмбисбон-иу хæдзары уæлкъæсæрты, хоры къутутыл, рудзгуытыл, скъæттæм бахизæнты сындзытæ ныссагътой, цæмæй хæдзармæ, къутумæ, скъæттæм хæрам тыхтæ ма бауæндой æмæ фыдбылыз ма æрхæссой, сæ бæркæдтæ сын ма ахæссой. Мадæлтæ-иу сæ цоты арвыстой, сыхæгтæм сæ кæмæн цы дзаума ис, уыдон æмбырд кæнынмæ. Ногбоны æхсæвы сæ алы мигæнæн дæр хъуамæ сæхимæ уыдаид, æдде исты ныууадзын нæ фæтчыди.

Алы хæдзары дæр фæархайынц, цæмæй сæ фынг дзаг æмæ хъæздыг уа. Алы кæртæй дæр фæцæуы гæрæхтæ, ома, зæронд фыдбылызтæ, æвзæрдзинæдтæ сурынц зæронд азимæ.

Кувæг лæг, бинонтæ йæ фарсмæ, афтæмæй-иу райдыдта кувын Æртхуронæй, царвы къус æмæ Фæлвæрайы гуымбыл (цыхт) уыдысты йæ фарсмæ. Стæй-иу акодта Æртхуроны, бинонтæ цал уой, уал дихы æмæ алкæмæн дæр лæвæрдта йæ хай. Вæййы ма дзы уæлдай хæйттæ. Уæлдай хай хæры, ус курыны фæнд кæмæ уа, уыцы усгур лæппу. Стæй æнхъæлцау чындз. Æртхуронæй бæлццоны хай та — æппæты кæстæр, хъæбынты æртæ гуылы-иу бахордта, фосмæ арæхдæр чи фæзилы, уый.

Райсомæй ма бинонтæн сæ фылдæр хуысгæ куы фæкæены, уæд сывæллæттæ сыстынц æмæ кæрты астæу стыр арт скæнынц къодахыл, цыхырытæ æмæ хъæмпыл бандзарынц арт, райсынц физонджытæ æмæ сæ артмæ даргæйæ хъæр кæнынц: «Сой! Сой! Сой!». Цырен арт сыгъд куы фæвæйиы, уæд хъуамæ судзгæ къодахы сæрты гæппытæ кæной чызджытæ тынг цæрдæг, сабыргай сæ чи гæпп кæна, уый нæмгæ кодтой, ома, дам, уæд фос зайын нæ фæфæразы. Лæппуты та йыл арæх уый тыххæй нæ уагътой, цæмæй фосæн ма гуыра нæл родтæ, уæрыччытæ. Стæй æрбахæссынц сæ физонджытæ æмæ сæ радтынц хистæр лæгмæ кувынмæ. Арты сæрты гæппытæ кодтой хистæртæ дæр — зæронд азы фыдбылызтæ дзы сыгътой. Уый фæстæ-иу бинонтæй алкæмæн дæр бар уыдис сыхæгтæм арфæтæ кæнынмæ цæуынæн.

Ногбон-иу ирон адæм архайдтой хъæлдзæг æмæ зæрдæрухсæй арвитыныл, кæрæдзийæн барстой æнæбары схуыст ныхас, кæнæ ми, ома уæд афтæ уыдзæн æгас азы дæргъы, зæгъгæ. Тырныдтой-иу, хыл кæимæ уыдысты, уыдонимæ дæр бафидауынмæ. Архайдтой кæрæдзиуыл æнувыддæр уæвыныл, фылдæр æмæ хуыздæр арфæтæ ракæныныл, ныр дæр у афтæ.

НОГГÆНÆН СУАДОН — ис кадджыты, зæронд дзы йæхи куы нынныйы, уæд фесты хæрз æрыгон адæймаг.

НОКАР — кадæг «Созырыхъойы æртæ сыгъзæрин нуазæны» Созырыхъо Уæлхæджы фырты агурæг фæцыди бирæ бонтæ æмæ бирæ æхсæвтæ. Ахызти Нокары быдырмæ. Æмæ загъта йæхицæн: «Æнæмард, æнæдзуар фæуай, Уæлхæджы хæрæг. Гъа, ме ‘ртæ нуазæны мын йæ роны нывæрдта, уый йын æгъгъæд нæ уыд, ноджы ма мын мæхи та сæры сæфты фæндагыл бафтыдта». Ахæм дæрддзæф ран цард Нокар Нартæм, фæлæ зыдтой кæрæдзи. Кадджыты ис йæ фырт Æхсæ-Будайы кой дæр.

НОМ — цалынмæ фырт йæхæдæг лæгдзинад нæ равдиса, йæхицæн ном не скæна, уæдмæ йæ ирон адæм кæрæдзийæн фæамонынц йæ фыдæй. Цалынмæ фыссæгæн, ахуыргондæн, разамонæгæн йе сфæлдыстад, йæ æхсæнадон нысан йæ сæрты нæ акæсы, уæдмæ йæ адæм кæрæдзийæн дзурынц мыггаг æмæ номæй. Йе сфæлдыстад, йæ æхсæнадон архайд дзыллæты зæрдæ агайын куы райдайы, уæд æй æрмæст мыггаг нæ, фæлæ æппæт адæм дæр сæхи хонын райдайынц. Йæ ном йæ мыггагæй фæуæлдæр вæйиы æмæ йæм дзурын, хонын æй райдайынц æрмæст йæ номæй. Афтæ, Къоста куы фæзæгъæм, уæд Хетæгкатæй у, ууыл ничиуал фæхъуыды кæны. Алчидæр æй йæхи хоны. Ахæм номдзыд, æппæт дзыллæты лæгтæ ирон адæмæн систы Секъа, Елбыздыхъо, Гаппо, Цоцко, Арсен, Цомахъ, Блашка, Дæбе, Иссæ, Хъуыбады, Билар, Грис, Нафи æмæ иннæ зындгонд куырыхон адæймæгтæ.

– Ном, дам, фездæхыны тыххæй уæмæ цыфæнды дæр уæд, — куыдфæндыйæ фæзæгъынц иуæй-иутæ. Раст не сты, адæймаджы ном дæр хъуамæ цæуылдæр æнцой кæна: йе хъуыдыйыл, йе аивдзинадыл. Цыдæр фарн дзы уа. Ноггуырдыл ном æвæргæйæ хуымæтæджы не стыхсынц йæ ныййарджытæ, хиуæттæ,

номæвæрджытæ. Хистæртæ-иу лæппуты номæвæрæн куывды, йæ ном ын дзургæйæ, ноггуырды цæрæнбоны тыххæй сидт рауагътой уырдыг лæугæйæ, цингæнгæ йæ номимæ баст æхсызгон хабæрттæ дзургæйæ. Бафæдзæхстой-иу æй Хуыцауыл, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытыл. Мыггагæн нæ, фæлæ хъæубæстæн, комбæстæн, æппæт Ирыстонæн дæр кад куыд скæна, ахæм хорзæх сæ куырдтой.

Ноггуырды йе 'цæг номæй хонын æрæджиау райдайынц. Уайтагъд ын фæзыны мады ном, стæй фæсномыгтæ. Афтæмæй царды фæндагыл йемæ æмдзу фæкæнынц цалдæр номы. Æмæ дзы стырæй йемæ кæцыдæр фæхицæн вæййы. Фылдæр хатт хорзыл сбады йе 'цæг ном, æвзæрыл та — йæ фæсномыг.

НОМÆВÆРÆГ — ноггуырдыл-иу ном чи сæвæрдта, уый нымадтой: кæд нæлгоймаг уыд, уæд йæ кæнгæ фыд, кæд сылгоймаг, уæд та — йæ мад. Фыды, мады ад кодтой, ном-иу кæуыл сæвæрдтой, уыдонæн дæр. Сывæллонæй-иу сæм сæхи æппæрстой. Цоггаджы бæрæгбоны номæвæрæг тыхст йæ цæттæдзинадыл: уæлæдарæсæй, фат æмæ æрдынæй йын хъуамæ уыдаид æххæст. Стæй-иу æй дзуары бынмæ йе 'ккой ахаста, фæстæмæ та — фæлладæй, фылдæр хатт — фынæйæ — йæ хъæбысы æрхаста хæдзармæ. Дзырдбаст «Мæ номæвæрæг у» раздæр цæуылдæр дзырдта, стыр мидис, æгъдау æмæ фарн дзы æвæрд уыд.

НОМÆВÆРÆН (ЛÆППУЙЫ КУЫВД) — ноггуырдимæ баст æгъдæуттæ кæд алы хæдзар æххæстæй не 'ххæст кодта æмæ не 'ххæст кæнынц, сæ фадат нæ амыдта æмæ нæ амоны, уæддæр сæм тырныдтой. Зыдтой сæ, уыдтой сæ иннæты хæдзæртты. Цард афтæ у: кæмæн — алцыдæр, иннæмæн та — æппындæр ницы, фæлæ уæддæр искæй циныл цин кæнын зон. Уымæн æмæ йæ зæрдæйы хорзæхæй фæхайджын кодта Дунескæнæг.

Ноггуырды бинонтæræмон зæрдæйыл вæййынц. Ницы йын æвгъау кæнынц. Уæлдайдæр та сын лæппу куы вæййы, уæд. Раздæр-иу къуыримæ куывд ацæттæ кодтой — Номæвæрæн куывд. Чызгæн авдæнбæттæн дæр фаг уыд. Йæ ном дæр-иу ын нæлгоймæгтæ æрæджиау базыдтой. Лæппуйæн та — Номæвæрæн куывд.

Номæвæрæн куывд æргæвстой фыр, кæннод — нæл род. Галтæ чи æргæвста, ахæмтæ дæр уыд. Уый тыххæй-иу хæдзары хистæр рагацау бамæт кодта, йæ фосæй-иу йæхимид йæ цæст хъуамæ æрæвæрдтаид нывондагыл. Дзургæ йæ никæмæн кодта — хæрам тыхтæй тарст йæ æнхъæлцау чындзæн, ноггуырд æмæ нывондагæн дæр. Куывд æгъдау кæныныл домдта мадырвадæлты, къухылхæцæг æмæ æмдзуарджыны дæр.

Куывд-иу куы сцæттæ, кæнгæ та уыд хуыцаубоны, уæд-иу бадты хистæр ноггуырды бафæдзæхста стыр Хуыцауыл, стæй Уастырджийыл. Уыдоны фæстæ хъуамæ гаджидау рауагътаид ноггуырды цæрæнбоны тыххæй. Фæлæ йын ном куы нæма ис, уæд æй ноггуырд кæдмæ хондзыстæм, зæгъгæ-иу фæдзырдта кæстæртæй иумæ, бафæдзæхста-иу ын: «Гæххæт æмæ кърандас райс, æрфæрс бадты адæмы, хъазты фæсивæды: ноггуырдыл дзы ном æвæрын кæй фæнды,

алкæмæн дæр æй йæхи номы ныхмæ ныффыс æмæ дзы фыды мад, стæй ноггуырды мад, чындзытæ иумæ кæй равзарой, уый нын рæвдз фехъусын кæн!».

Кæстæр хистæры фæдзæхст æххæст кодта æнæкъуылымпытæй. Уый тыххæй бинонтæн цæттæ уыдысты гæххæтт æмæ фыссæн. Уый нæ, фæлæ ма-иу хатт, сæ хъæбулы номæвæрæг сæ кæй фæндыд, кæстæры фыст нæмтты æхсæнæй кæй ном равзæрстаиккой, уый дæр зыдтой. Рагацау-иу баныхас кодтой номæвæрæгимæ.

Лæггадгæнæг кæстæр-иу хæдзары æфсины уатæй хъæлдзæгæй рацыд, бадты хистæры раз-иу разыйы лæуд акодта. Хистæр ын-иу загъта: «Цæй, зæгъ нын нæ ноггуырды ном, чи у номæвæрæг?». Кæй ном-иу схаудта, уымæн арфæтæ кодтой иууылдæр, кады нуазæн та йын лæвæрдта хистæр. Уый фæстæ-иу рауагъта ноггуырды номыл гаджидау æмæ-иу цæлы фынг æгъдауыл фемæхыст. Хъазт-иу стынг, фæсивæд кафыдысты, зарыдысты.

Ныр та нæм ноггуырды арæндонæй æрхæссынц ном æвæрдимæ, фæлæ уæддæр кæмдæрты нырма дæр кæнынц номæвæрæн куывдтæ.

НОМХÆССÆН ФЫНГÆВÆРД — ахæм фынгæвæрд уыдис Борæйы чындзæхсæвы, Нартæм уæларвæй Хуыцауы хæрæфырт Арвы чызджы куы æрхаста, уæд.

НОМЫЛУС — рагзаманты-иу æлдар хъæздгуыты мæгуырдæртæй кæнæ исты хъуыддаджы фæдыл лæвæрд сылгоймæгтæй дыккаг усæн кæй æрбакодта, уый. Тылаттаты Чермен уыд Номылусы фырт.

НЫВÆФТЫД ХЪАЛАЦ — нуазæн кæхц, ис Донбеттыртæм. Хъалац хъалас дæр ма йæ хонынц, арæх æмбæлы Нарты кадджыты. Пайда дзы кæнынц куывдты æмæ чындзæхсæвты.

НЫВОНД, НЫВОНДАГ — Стыр Хуыцауы, йе сконд зæдтæ æмæ дауджыты номыл ирон адæм сæ фосæй кодтой æмæ кæнынц нывæндтæ. Фылдæр фысвосæй — нæл фыстæ. Уый тыххæй нывондаджы æрбакæнынц кæрты бæрæг ранмæ, æртæ уæливыхæй Хуыцауы ном ссарынц, скувынц, кæцы зæд кæнæ дуаджы бæрæгбонмæ, кæнæ йæ цы хъуыддаджы тыххæй нывонд кæнынц æмæ йæ зæдтæй, дауджытæй кæмæн бар кæнынц, уымæ. Уый фæстæ йын йæ сыкъаты æхсæнмæ судзгæ æхсидав бахæссынц æмæ йæ артдзæф фæкæнынц. Аргъуаны хъуыддаг тыхджын кæмæ у, уыдон та йын йæ сыкъатыл мыдадзын цырæгътæ ссудзынц. Нывонд нæл фыс кæнæ уæныг аргæвдынц дзуары бон кæнæ йæ цы бæлццоны, рынчыны, хъуыддаджы фæдыл снывондаг кодтой, уый балцæй сæрæгасæй куы æрыздæхы, рынчын куы сдзæбæх вæййы, хъуыддаг арæзт куы æрцæуы, уæд.

Нывондаг у табуйаг, схъæргæнæн, уисæй кæнæ лæдзæгæй ныццæвын æй нæ фæтчы. Хуыснæг дæр æй нæ давта, уæд-иу æй цы зæд кæнæ дуаджы номыл нывонд уыд, уый азар басыгъта. Уый хынцгæйæ йæ хæдзары хицау дæр цыфæнды зын уавæры дæр нæ ауæй кæндзæн.

НЫККОЛА — бардуаг. Нартимæ цæры хæларæй. Уыд Ацæмæзæн чындзхæссæг,

уыимæ чындзхæсджытæн цыд сæ разæй. Йæ бадæн — Уазайы бæрзонд, хонгæ дæр æй Бæрзонд Ныккола кæнынц. Йæ бæрæгбон вæйиы Цыппурсы мæйы фыццаг хуыцаубоны. Кадджыты загъд ис: «Хорæлдар, Ныккола, Уастырджи æмæ Мады зæд рацыдысты дæлæ быдырмæ хуым кæнынмæ».

НЫМÆТТУХДЖЫТÆ — раджы заман-иу чызг чындзы куы æрцыд, уæд ын йемæ лæппуйы бинонтæн, хæстæджытæн лæвæрттæ чи хаста, уыдоны хуыдтой нымæттухджытæ. Ныр та — хуындзæуттæ. Нымæттухджытæ сæ лæвæрттæ тыхтой сæрмагонд нымæты, йæ уæлæ лæппу æмæ чызджы ныв.

НЫМÆТЫН ЕХС — кадæг «Нарты сау рувасдзарм»-ы Уырызмæг куыд дзуры, уымæ гæсгæ Зилахары цуаны уæвгæйæ иу æнæзонгæ ран бахсæвиуат кодта, æбæрæг ус æй хæрдæй, ностæй бафсæста, фæлæ йын йæхимæ дæр сцыбæл. Уæд æй ус нымæтын ехсæй æрцæфтæ кодта, æмæ хæрæг фестад. Цалдæр азы йæ кусынмæ иу лæгмæ радта. Уый фæстæ та йæ ефс, стæй куыдз фестын кодта. Нымæтын ехсы æрцæфæй. Ахæм миниуæг ис Нымæтын ехсмæ, æмæ уый фæрцы Уырызмæг фæстагмæ йе ‘цæг хуыз райсы.

НЫСАН, НЫСАЙНАГ — усгур лæппуйы минæвæрттæ чызджы бинонты номæй ныхасы лæгтимæ хъуыддагыл куы бафидауынц, уæд кæрæдзимæ сæ къухтæ радтынц æмæ-иу, минæвæрттæ лæппуйы хæдзарæй цы нысан æрбахастой, уый уым ныууагътой. Нысаны-иу нысайнагæн уыдис мысайнаг, чызгæн къабайаг æмæ æндæр лæвæрттæ. Нысаны райст фидардæр кодта фидыды мидис, йæ тых. Ныр та Нысаны бæсты минæвар фидауджытæ фынгыл æрæвæрынц мысайнаг æхца. Уымæй раст цыма кувæндоны бафидыдтой, уыйау сæхи разыйæ фенкъарынц.

НУАЗÆН — ирон адæммæ кадджын у хæдзары уазæгæн, фынгыл сгуыхт æмæ цытджын лæгæн нуазæн радтын. Зæгъынц, нæ фыдæлтæм, дам, нæдæр ордентæ уыд, нæдæр майдантæ, æмæ хъæбатырæн, зондджынæн, æгъдаускæнæгæн се сгуыхты тыххæй дзыллæйы раз лæвæрдтой Кады нуазæн. Ацы æгъдау ахæм бирæвæрсыг æмæ æнæмæнг хъуыддаг сси, æмæ йæ кæнын райдыдтой алы фынгыл дæр, суанг хæрнæджы фынгыл дæр. Хæрнæджы фынгыл хуыйны Арфæйы нуазæн, цины фынгыл — Цины нуазæн, хæдзары — бинонты нуазæн.

Нуазæны æгъдауы фæдыл дæр бирæ æмбисонды хабæрттæ ис, уæлдæр æй чи исы, ахæмтæ. Иу лæг цины хуындæй æрыздæхт, æмæ йæ йæ сыхæгтæ фæрсынц: «Цæй, куыд дæ суазæг кодтой?» «Алцыдæр дзы хорз уыд, тынг мыл фæцин кодтой, фæлæ мæ нуазæны аккаг не скодтой», — загъта уый.

НЫХАС — сых, хъæубæстæ, комбæстæ, ныр æнæхъæн Ирыстон дæр йæ иумæйаг царды ахсджиагдæр фарстатæ кæм лыг кæны, ахæм бынат. Ныхасæн раздæр, паддзахадон хъуыддæгтыл хæст бæрнон лæгтæ ирон адæммæ куы нæма уыд, уæд стыр нысан уыд. Ам хистæртæ, суанг хистæр кадджын сылгоймæгтæ дæр уынаффæ кодтой иумæ сæ абоныл, сæ фидæныл, сæ бæрæгбæттыл, сæ хорæрзадыл, фосы кондыл, сæ кæстæрты хъомыладыл, æгъдæуттыл, иумæйаг

царды уагыл, сæ уавæртыл, сæ ахастдзинæдтыл сыхаг хъæуты, кæмтты цæрджытимæ æмæ æндæр фарстатыл.

Ныхас стыр бынат ахсы ирон адæмон сфæлдыстады, уæлдайдæр та Нарты кадджыты. Царды йын цы ахъаз уыд, уымæй ноджы ахадгæ, ирддæр дзы æвдыст цæуы.

НЫХАСÆГГАГ — кусарты гæркъуыр, сиахсæггаг дæр ма йæ хонынц.

НЫХАСЫ УАСТЫРДЖИ — ироны хъуыдымæ гæсгæ, дзырдæн, ныхасæн ницы тых ис, фарн ыл æфтыд куы нæ уа, уæд. Фарн та йыл æфтауы Ныхасы Уастырджи. Гъе уымæ гæсгæ хорз кувæг зæронд лæг йæ ракуывды кæрон ссары Ныхасы Уастырджийы ном. Зæгъæм, афтæ: «Табу дæхицæн, Ныхасы Уастырджи! Нæ ракуывды ныхæсты фарн æмæ амонд куыд уа! Стыр Хуыцау, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытæм куыд хъуысой! Æвзæргæнæджы куыд сæттой! Ахæм арфæ нын ракæн». Ныхасы Уастырджийы кувæндон ис Уæлладжыры коммæ бахизæны Тæмисчъы сæрмæ. Йæ бæрæгбон вæйыы сусæны мæйы.

НЫХЫ ДЗУАР — къайады бардуаг. Чызджытæ дзы кувгæ-кувын фæагурынц хорз мойаг, хорз амонд, йæ чындзы ацыд арфæйаг куыд фæуа, йæ зæрдæ дзы куыд райа. Чындздзонмæ-иу исчи куы фæмæсты, уæд йæ карздæр æлгъыст уыд: «Фыд-ныхы дзуар фæхæсс!». Ома, фыдамонд ахæсс, дæ къайадæй мацы рауайæд, ма фæрæстмæ уæд, фæсмонгонд дзы куыд фæуай, афтæ.

– О –

ОЙНОНЫ ЦАЛХ — Балсæджы (Малсæджы) цалхы афтæ дæр хонынц. Ахуыргонд Биазырты Алыксандр йæ чиныг «Нарты таурæгъты истори»-йы афтæ фыссы: «Рагон скиф федта персаг æмæ ассираг æфсæддон цæлхыгтæ-уæрдæтты, кæцытæн сæ цæлхытыл баст уыди цæвджытæ, хæсты знаджы æфсæддонты марынæн. Ноджы дзырд «цалх» æмæ персаг «чарх», дзырд «Бар–сæг» æмæ дзырд «Перс, Парс» дæр сæ равзæрды кæрæдзиимæ баст сты. Ома Барсæджы цалх у рагон персаг æфсæддон цалхыджы фæлгонц.

Дзырд «Ойнон» равзæрди этноним «ион» æмæ суффикс «он»-æй æрдæгхъæлæсон «й» се ‘хсæн фæзыны, афтæмæй ион+й+он=Ойнон. Ардыгæй — Ойноны цалх, ома, ионнаг цæлхыг, грекъаг цæлхыг». Ионнæгтæ цардысты Грециийы (бердзенты бæстæйы) цæгатварс, стæй Кавказы Сау денджызы былгæрæтты æмæ базар кодтой скифтæ, сæрмæттæ æмæ алантимæ. Уæдæ сын сæ цæлхыг хæцæнгарз дæр зыдтаиккой.

ОММЕН — ирон куырыхон лæг, адæм сæ фарн, стæй ма, цы зæдмæ кæнæ дуагмæ фæкувынц, уый фарн кæуыл бафтауынц, уыцы хистæр фынджы уæле æртæ чъирийы уæлхъус йæ къухмæ бæгæныйы къус куы райсы æмæ лæугæйæ фæд-фæдыл куы ссары Стыр Хуыцауы, Уастырджийы, Хуыцауы сконд зæдтæ æмæ дауджыты ном, уæд йæ алы ракуывды фæстæ дæр фæсивæд æмдзыхæй хъæрæй фæдзурынц: «Оммен, Хуыцау!» Хуыцау, Стыр Хуыцау дуне сфæлдисæг

у, фæлæ Оммен та цы амоны? Ома куывд æрцæуæд. Æмæ уыцы курдиат æвæрынц Хуыцауы раз. Оммен уæд, зæгъгæ, фæзæгъынц ирон адæм хуымæтæг ныхасы кæрæдзийæн арфæ кæнгæйæ дæр. Оммен у хорз æрцæуыны курдиат, Хуыцаумæ æмæ фынджы уæлхъус, кувæндоны бын фæсивæд хистæры алы ракуывды фæстæ дæр куыдхъæрдæрæй уымæн фæлхат кæнынц: «Оммен, Хуыцау!». Кувæндоны сæ хъæр фæарауы хъæдтæ æмæ кæмттæ. Уадз æмæ, дам, Хуыцаумæ фехъуыса нæ «Оммен, Хуыцау!», æмæ курдиаты рæстæг йæ зæрдыл лæууæм. Оммен-иу м-имæ латинаг æвзаджы дæр амоны уыцы хъуыды, ома æрцæуинаг хорз хъуыддаг. Рагон индиаг адæмон сфæлдыстады дæр дзырд Ом баст у Стыр Хуыцауимæ, Дунескæнæгимæ, Дунейы фарнимæ, уæвынадимæ.

ОММЕНГÆНДЖЫТÆ — цины хъуыддаджы Стыр Хуыцау, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытæм, æртæ хистæры радгай скуывдæн «оммен» чи кæны, уыцы лæппу фæсивæд. Уыдоны «оммен» хистæры ракуывдæй дзæвгар фæхъæрдæр вæйиы, раст цыма Хуыцаумæ сыхъуыса, ууыл фæархайынц, уыйау, æмæ сæ нысан дæр уый у, «Оммен, Хуыцау!» дæр уымæн хъæр кæнынц. Омменгæнджытæ хистæры куывд кæнынц тыхджындæр, зæрдæмæхъаргæдæр, циныл цин æфтауы, ныфсыл — ныфс.

ОНАЙ — нымæтуæрдджыты зарæджы фæлхатæн дзырд. Уæнай, уонай дæр ма йæ зарыдысты. Нымæтуæрдыны куыст тынг рагон кæй у, уый бæрæг у Нарты кадджытæй. Уым Сатана сæдæ хъуынæй Уырызмæгæн уæйлаг нымæт кæны æмæ алы мыггагæй дæр иу чызджы — хуыздæр чи арæхст, ахæмы æрбахоны зиумæ. Баисты йын нудæс æмæ цыппарыссæдз чызджы. Йæхиимæ уыдысты фондзыссæдзы, фæйнæ хъуынимæ.

ОХОХ — кæлæнгæнæг лæг, цæры обауы бын. Мæгуыр лæг æм хæрæгуаргъ хорыл афæдзы æмгъуыдмæ ныууагъта йæ фырты. Афæдзæй-афæдзмæ йæ Охох фæцахуыр кодта обауы бын. Уый афтæ сахуыр, æмæ-иу æй куы бафæндыдаид, уæд фестадаид алы сырд, алы фос, алы маргъ, алы дзаума. Иудзырдæй, алцыдæр. Афæдзы фæстæ йæм йæ фыд кæнынмæ æрцыд, æмæ, зæгъгæ, лæппуйæн йæхи æххуыс нæ уыд, уæд æй фыд ницæй тыххæй базыдтаид, афтæ аивта, ноджы ма йæ Охох æрлæууын кодта, хуызæй кæрæдзи цæрмыстыгъд кæимæ бакодта, ахæм лæппуимæ. Охохимæ та афтæ дзырдгонд уыдысты, куы нæ йæ базонай, уæд лæппу мæнæн баззайдзæн, зæгъгæ.

Охох мæгуыр лæджы фыртæн йæ ми нæ ныббарста. Лæппу йæ дæсныйадæй архайын куы райдыдта, уæд иуахæмы йæхи бæх фестын кодта, фыд æй уæй кæнынмæ аласта, Охох æй базыдта æмæ йæ балхæдта. Æз дын цы хъæуы, уый базонын кæндзынæн, куыйты хæринагмæ дæ æртæрдзынæн, зæгъгæ, йыл кусын райдыдта. Рауатмæ æрцыди бæх: йæ царм йе стджытыл ныххус, рагъ ын рагъæн нал бæззыд, барц — барцæн, къæдзил — къæдзилæн. Æмæ иуахæмы раирвæзт бæх Охохы хæдзарæй. Лидзы æфхæрд бæх, фæсте йæ суры Охох. Куы йæм æрбахæстæг, уæд бæх рувас фестад, Охох та — егар. Суры, суры рувасы æмæ йæм ныр фæлæбура, афтæ рувас бæлон фестад. Охох

цъиусур фестади æмæ бæлоны уæгъд нал уадзы. Бахæццæ сты иу хъæумæ. Бæлон гом рудзынгыл хæдзармæ батахт æмæ зæхмæ фæткъуыйæ æрхауд. Охох чысыл лæппу фестад. А ныр фæткъуымæ фæлæбура, афтæ фæткъуы судзин фестад. Охох та — судзины фæдзæл. Судзин арты смидæг, фæдзæлы йæ фæдыл баласта, æмæ фæдзæл арты басыгъд. Судзин артæй рахызти, лæппу фестади æмæ сæхимæ æрфардæг.

– П –

ПАКЪУЫНДЗÆ — Æхсар æмæ Æхсæртæджы райгуырды куывдæй Куырдалæгон фæстæмæ куы здæхт, уæд абадтис цæхæруады хъисыл æмæ ныппæррæст ласта уæларвмæ хæдтæхгæ Пакъуындзæйау. Пакъуындзæ иуæй-иу кадæггæнджытæ хонынц маргъ, цæры уæларв æмæ нæдæр адæмыл нымад у, нæдæр зæдтыл. Æхсæв йеддæмæ бон нæ тахтис. Таурæгъ «Даредзанты Амран æмæ Пакъуындзæ» та нын зæгъы: «Тæхгæ Пакъуындзæ сылгоймаг уыди. Уæларв царди, æмæ йын сывæллæттæ дæр уыди. Уырдыгæй Зæхмæ тахти æмæ сын хæринаг хаста — къамбец уыдаид, теуа уыдаид кæнæ гал». Афтæмæй Бадыри æмæ Мысырби цуаны ацыдысты. Баталынг сыл. Сæ нымæттæ сæ уæлæ æрæмбæрзтой æмæ бафынæй сты. Пакъуындзæ сæ уæларвæй федта æмæ загъта: «Дæлæ хæринаг, ныццæуон æмæ сæ схæссон». Æртахти, систа сæ æмæ сæ уæларвмæ атыффытт кодта. Амран хуыцауы налат лæг уыди, лалым скодта æмæ йæ мидæг бабырыди. Пакъуындзæ ратахти, лалымы йæ ныхтæ ныссагъта æмæ, йæ сывæллæттæ кæм уыдысты, уыцы ран æй æрæвæрдта. Амран лалым атыдта, уырдыгæй ратæррæст кодта, Пакъуындзæйы дæр амардта æмæ йын йæ сывæллæтты дæр. Йе ‘фсымæртæ Бадыри æмæ Мысырбиимæ, уый размæ хæйрæджытæй цы æрчъиаг байстой, ууыл сбадтысты æмæ Зæхмæ сæрæгасæй æрфардæг сты.

ПИЛЛОНГОМ — комы ном Даредзанты таурæгъты, цардысты дзы уæйгуытæ. Уым фæзынд, уæйгуытæн æмæ адæмæн дæр тых чи кодта, ахæм хуы. Йæ амарынмæ йæ ныфс бахаста æрмæстдæр Даредзанты Безан.

ПИЛЛОН ГУЫМИРЫ — Даредзанты таурæгъты аскъæфы Бахъ-Бахъ гуымирыйы усы. Уыдон фембæлынц Амраны æххуысæй æмæ усы сæрыл кæрæдзи амарынц. Ус иунæгæй аззад, æмæ Амран йе ‘фцæджы нытты хст: «Ацы рæсугъд ус, Хуыцау дæ загъта мæнæн». Ус ын сразы, фæлæ дзы æрдомдта гуымирыты банысгæнын. Амранæн йæ тых ист уыд æмæ цы йæ бон уыд ахæм стыр ингæнтæ скъахынæн. Уæд æм ус фæмæсты, арц фелвæста, Амраны æфцæгготы йæ атъыста, арцы кæрон зæххыл æркъуырдта, йæхæдæг ацыд. Амран уым хъеллау байдыдта. Йе ‘фсымæртæн сæ бон нæ уыд арц рафæлдахын. Æрæджиау тыхдымгæ ракодта, æмæ арц рафæлдæхт. Амран уый фæрцы ралæст.

ПИЛТХОР — ирон адæмон сфæлдыстады фыдгæнæг цæрæгой, зæххы бæркадсафаг, йæ саумæр ын пилтытæй дзæрмæй ныхъуыры. Æвзалы æмæ Æртхутæг

Пилтхоры саппы сæрыл æрцахстой, зынг ыл бафтыдтой æмæ уым бæркадсуры бынтон басыгътой.

ПУРИАТЫ АВД ДЗУАРЫ — Кувæндон Нары комы.

ПЫЛЫСТÆГ КЪÆЛÆТДЖЫН БАНДОН, СЫНТÆГ, БАСМЫХЪТÆ — Нарты кадджыты хъæбатыртæ Уырызмæг, Сослан, Къандз æмæ иннæтæ бадынц пылыстæг бандæтты, хуыссынц пылыстæг сынтæджыты. Зæгъæм, Къандз сæумæраджы фидиуæджы хъæр куы фехъуыста, Ныхасы бадгæйæ, уæд мæстæйдзагæй æрбацыдис йæ хæдзармæ æмæ йæ пылыстæг къæлæтджыныл мæсты бадт æркодта: бандон ныссасти йæ быны. Мæргъуыдз йæ пылыстæг басмыхътæ йæ къæхтыл акодта, йæ тинты кæрц йæ уæхсчытыл æркодта.

– ПЪ –

ПЪÆЗЗЫ — æхсæв тарф фынæйæ адæймагыл йæ рис куы стых вæййы, уæд фæзæгъынц, Пъæззы мыл ныббадт». Пъæззы адæмы цæстытыл уайы цыдæр егъау, уæззау, фыдхъуын æбæрæг удгоймаджы хуызы. Хонынц ма йæ Бынаты бардуаг дæр. Йæ зæрдæ, дам, дыл истæмæй куы фæхуда, куы дæм фæмæсты уа, уæд дæм фæхъызы æмæ дæ æхсæв хъыгдары, æнцад-æнцойæ дæ фынæй кæнын нæ уадзы.

– Р –

РАГЪЫ ДЗУАР — кувæндон Хуссар Ирыстоны. Йæ бæрæгбон вæййы Кæхцгæнæнтимæ иу бон.

РАЗÆЙ — ХУДГÆ, ФÆСТЕ — РÆХОЙГÆ — «Кæсын, æмæ мæнæ мæ фæндагыл бæхсныджы къуыбылой, — дзуры Мæрдты бæсты Сослан Бедухайæн, — бæхы къæхты разæй тулы. Фæстæмæ фæкастæн, æмæ мын фæсте мæ бæхы счъилтæ хойы». «Уыцы къуыбылой дæ бæхы разæй куыд фæцис, фæсте та-иу ын йе счъилтæ куыд бариуыгъта, раст афтæ у дæ зонгæты хъуыддаг дæр: ис дзы ахæмтæ, æмæ дæм разæй худгæ фæкæны, фæсте та дын де счъилты нуæрттæ лыг кæны», — зæгъта Бедуха.

РÆГЪ — ирон фынджы хистæр цины æгъдауы фæдыл уадзы сидтытæ æмæ гаджидаутæ. Зианы та кæны рæгъытæ, бинонты Хуыцауыл фæдзæхсы, мардæн рухсаг зæгъы, мæрдæгъдау чи скодта, уыдоны цæрæнбоны тыххæй зæгъы. Æмæ бадты адæм кæрæдзимæ фынджы сæрты нæ дзурынц, фæлæ алчидæр дæлæмæ йæ фарсмæ бадæгмæ рæгъ уадзы. Гъе уымæ гæсгæ хæрнæджы фынгыл хистæр уадзы рæгъытæ, стæй кувгæ дæр нæ кæны, фæлæ фæдзæхсы, рухсаг æмæ цæрæнбоны фæдыл кæны рæгъытæ.

РÆМБЫН — Сырдоны фыртты иу кадæджы хонынц Цæй, Рæмбын æмæ Фу.

РÆМОНБОН — тыллæджы бæрæгбон, уыдис-иу Стыр комбæттæны фæстæ дыккаг къуырийы дыццæджы. Рæмонбон — афæдзы дæргъы ирон адæммæ бирæ

алыхуызон бæрæг бæттæ вæйиы: цины æмæ хъыджы, зæрдæрайы æмæ мысæн, фыдохы, уæззау куысты æмæ æндæртæ. Уымæ гæсгæ сæ цард-цæрæнбонтæн радтой ахæм нæмттæ: Къатыбонтæ, Æнцойбонтæ, Рæмонбонтæ, Бæрæг бонтæ æмæ Тæфæбонтæ.

Къатыбонты, ома кусæнбонты, царды фæрæзтыл сагъæсты адæймаг ихсийы уæззау куысты; æнцойбонты уадзы йæ фæллад, фæлæ йæ рох нæу йæ райсомы бон, æмæ йæхи сабыр не ‘нкъары. Рæмонбонты у хъæлдзæг, зæрдæрай, йæ зæрдæ цин кæны, фырт ын кæй райгуырд, йæ рынчын кæй сдзæбæх кæнæ йæ бæлццон æгас хæдзар кæй ссардта, ууыл æмæ æндæр æхсызгон хабæрттыл: уалдзæджы, сæрдыгон æмæ фæззыгон куыстытæ кæй райдыдтой, кæнæ кæй фесты, ууыл. Йæхи æнкъары амондджынæй, у сабыр, æдыхст.

Рæмонбон, куыд бæрæгбон, афтæ у иумæйаг æмæ афæдз вæйиы цалдæр хатты. Хор-Хоры боны, Хуымидианы, хорæфснайæнты райдайæны, Халмæвналæны, Сагæйтты æхсæвы æмæ æндæр хъæууонхæдзарадон куыстыты райдайæнты, стæй сæ фæуæнты. Уыдонæй алкæмæн дæр йæхи ном ис, фæлæ ма сæ рæмонбонтæ дæр хонынц. Уымæн æмæ сæ райдайæны дæр адæм сæхи дарынц сабыр, æдыхст, цæмæй куыстытæ дæр ацæуой рæвдз æмæ зæрдæзæгъгæ хорз, æрдзон уавæртæ сæ куыд нæ бахъыгдарой, афтæ. Сæ фæуыны фæстæ та сæ уæззау уаргъ се ‘ккойæ ахауы æмæ разыйæ, рæдауæй, зæрдæхæларæй фынгтыл рабадынц, рæмонзæрдæ вæйиыц, æнцойдзинад фенкъарынц. Рæмонæн ис ныхмæвæрд дзырд Нæрæмон — Æнæрæмон. Нарты Сослан уыд Нæрæмон — æнæбарон, схъиуд, хылмондаг, загъдкъахæг. Чи зоны, ацы дзырдæн Индийы зæд Хуыцауы ном Рамæимæ исты иудзинад ис.

РÆСТÆЙЫ БОН — сылгоймæгты бæрæгбон. Уыцы бон Стыр Хуыцау, йе ‘сконд зæдтæ æмæ дауджытæм цæлы фынгыл фæкувынц сылгоймæгтæ. Кусарт æмæ бæгæныйæ фæстæмæ сæ-иу цæттæ дæр сæхæдæг æркодтой. Рæстæйы бон вæйиы комдарæны фыццаг къуырийы цыппæрæмы, æмæ йæ бæрæг кæнынц сыхгай. Сыхы куывды фысым цæуы иу хæдзарæй иннæмæ.

Рæстæйы бон æмæ Цæуæггаджы бæрæгбон (кæс «Цæуæггаг») баст сты рæзгæ фæлтæримæ. Цæуæггаджы сбуц кæнынц æртæаздзыд лæппуты, Рæстæйы бон та, йæ фынддæсæм азмæ чи бахизы, уыцы чызджыты. Уыдон вæйиынц бæрæгбоны цинаг, чындздзон чызджы кары кæй бацыдысты, уый тыххæй. Раздæр-иу уыцы бон фыццаг хатт скодтой разкъæрт къабатæ, риуæгънæджытимæ. Уæдæй фæстæмæ сын бар уыд хъазтмæ цæуынæн, чындздзон чызджыты æмрæнхъ дзы ралæууынæн æмæ лæппуимæ ракафынæн. Хъазтмæ та чызг æнæхонгæйæ нæ цыд, уымæй иунæгæй дæр нæ! Йемæ хъуамæ уыдаид йе ‘фсымæртæй, æрвадæлтæй исчи кæнæ сыхæгты лæппу.

Рæстæйы бон-иу сылгоймæгтæ сарæзтой хъазт, ерыстæ тыччытæй, чындзытæй хъазынæй. Хистæртæ сæ фæлтæрддзинад лæвæрдтой кæстæртæн.

РЕКОМ — кувæндон Цъæйы комы, равзæрд, Стыр Хуыцау Нарты Батрадзы мардыл цы æртæ цæссыджы æрæппæрста, уыдонæй иуæй. Фæстæдæр

Рекомы кувæндæттæ фæзынд Цæгат Ирыстоны — Хохы Санибайы, Цымытийы, Дзуарыхъæуы, Гуылæры, Зæрæмæджы; Хуссар Ирыстоны — Ерманы, Едысы, Чеселты, Ходзы, Дзомагъы. Рекомы бæрæгбон кæнынц алы рæстæджыты. «Рекомы кувæндон рагон замантæй фæстæмæ тынг зындгонд кæй уыдис æппæт Ирыстоны, ууыл дзурынц, кувæндоны дзæнгæрджытæй иуы цы рагон фыстытæ ис, уыдон дæр, — фыссы ахуыргонд Цыбырты Людвиг. — Фыстытæм гæсгæ, уый нымад цæуы Дыгуры æмæ æппæт Туалты кувæндоныл, æнæхъæн ирон зæххы сыгъдæг æмæ табуйаг бынатыл. Рекомы кувæндоны цур археологтæ ссардтой таурæгъон Ос-Бæгъатыры фат, згъæр худ, алыхуызон хæстон цырæгътæ, зды нæмгуытæ. Ахуыргæндтæ куыд зæгъынц, афтæмæй ацы дзаумæттæм гæсгæ Рекомы Уастырджи у ирæтты хæстон бардуаг». Йæ кувæндоны бынмæ сылгоймаг нæ цыд.

РИФТÆГТÆ — Сослан Мæрдты бæсты йæ фæндагыл федта рифтæгтæ. Æргæпп сæм кодта бæхæй, схæцыд сыл иу къухæй, — нæ йын скуымдтой сисын. Дыууæ къухæй сæм февнæлдта æмæ йæ уæрджыты сæртæй дæлæмæ зæххы афардæг, уæддæр ын фезмæлын дæр нæ бакуымдтой, æмæ сæ ныууагъта. «Куыд сæ хъуамæ сфæрæзтаис! — зæгъы Сосланæн йæ мард ус Бедуха. — Уыцы рифтæгтæ сты адæймаджы хорздзинæдтæ».

РОНГ — рагон нæртон нуæзт, æлутон æмæ бæгæныйæ карздæр. Нартæ дзы сæхи хъæлдзæг кодтой. Ронг зыдтой нæ фыдæлтæ дæр. «Кодтой йæ афтæ, — фыссы Хозиты Федыр, — иу хай — мыд, цыппар-фондз хайы — дон. Рафыхтой æмæ-иу æй ныккодтой дурыны. Дардтой йæ хъарм ран. Къуырийы фæстæ-иу райдыдта æнхъизын æмæ уæдæй фæстæмæ бæззыд нуазынæн. Цæмæй карздæр уыдаид æмæ сæры цыдаид, уый тыххæй йæм æфтыдтой цырв æмæ йæ æхгæд дурыны дардтой цасдæр рæстæг».

РОНГ БАНТЫДТОЙ — Нæртон нуæзт ронг кадджытæм гæсгæ æнтаугæ кодтой, арахъхъ — уадзгæ, бæгæны, æлутон — фыцгæ.

РОСАПП — Даредзанты таурæгъты хъæбатыр. Тыхгæнæг лæг уыдис æмæ тых кодта йæ мыггагæн дæр, æмæ уæд уыдон загътой: «Аимæ цæрæн нæй, куынæ йæ амарæм, уæд». Æмæ йæ амардтой æууæнкæй. Росаппæн баззад æртæ дзидзидай сывæллоны. Сæ нæмттæ Автандил, Талиар æмæ Придон. Ахастой сæ æмæ сæ иуы хурыскæсæнырдыгæй быдыры аппæрстой, иннæйы — хурныгуылæнырдыгæй быдыры, æртыккаджы та аппæрстой Моргъахъандзалы быдыры.

РОСТЪОМ — Даредзантæй. Хъæбатыр хæстон лæг æмæ, Индостанмæ Апрасион куы ныббырста, уæд æм æххуысмæ ацыд æмæ хъахъхъæдта паддзахы цæхæрадон. Хæстмæ цæугæйæ Ростъом йæ усы аринагæй ныууагъта æмæ йын бафæдзæхста, лæппу куы ныййарай, уæд ыл-иу ном Зурапп сæвæр, зæгъгæ, куы бахъомыл уа æмæ мæ агурын куы байдайа, уæд ын-иу йе ’фцæджы бафтау Тутыры конд æртытæ, арвы дзæнгæрджытæ æмæ Йайы сыфтæ. Æмæ йын-иу иттæг бафæдзæхс: цалынмæ мæм æрхæццæ уа, уалынмæ сæ ма фесафæд,

уыдонмæ гæсгæ йæ æз базондзынæн, куы мæм æрхæццæ уа, уæд. Усæн лæппу куы райгуырд, уæд йæ мойы ныстуан бæргæ сæххæст кодта, фæлæ Зураппы фæндагыл хæйрæджытæ суынгæджы кодтой, арвы бын ай хуызæн барæг куы нæ ис, уæ тæхуды, йе 'фцæджы чи ис, уыдон æй куы нæ уаиккой, уæд, ныр та чызгæнгæс у, зæгъгæ. Зурапп фæмæсты, адоны тыххæй цæмæн фауд уон, зæгъгæ, сæ раскъуыдта æмæ сæ базæй саргъы астæу цæвæры.

Ростъом йæ фырт Зураппимæ куы фембæлынц, уæд кæрæдзи нæ базонынц æмæ схæцынц. Фæстагмæ йæ Зурапп йæ быны афсæры, æмæ йæ Ростъом бынæй уæлæмæ йæ хъамайæ срæхойы. Зурапп ма ныхъхъæр кодта: «Амардтай мæ! Фæлæ додой дæ къона кæны, ахæм фыд мын ис, Ростъом, æмæ кæд уæларвмæ цæуай, уæд дæ ахсдзæн дæ фæстаг къахæй, кæд æмæ дæлдзæхмæ цæуай, уæд та — дæ коцорайæ». Ростъом йæ хуыцауы цæф куы базыдта, уæд ма удæгасгæнæг хос бацагуырдта Индостаны паддзахæй, фæлæ йын æй йæ цæст нæ бауарзта. Æмæ Ростъом йæ фырты ахæссы талынгыстонмæ, адæймаджы хъæр кæдæм нæ хъуысы, ахæм арф ранмæ. Уый тыххæй æмæ æртæ азы афтæ куы бадтаид, уæд, Даредзанты æгъдау куыд уыди, афтæмæй райгас уыдаид Ростъомы фырт.

РОЧКÆ — цæстæй фенæн кæмæн нæй, афтæмæй ницыйæ исты чи аразы, ахæм удгоймаг. Уазæгæн, йæ хицауæн дон æркæны сæ къухтыл æмæ сын хæрд, нозт сæ разы æрæвæры кæцæйдæр. Алæмæты аргъау «Мæликк æмæ Цуанон»-ы ис къуылых рувасмæ, æмæ йæ уый сырдты хицауы домæнмæ гæсгæ тынг æвæндонæй радты Цуанонæн. Уымæн та уыцы хæс бакæны Мæликк, кæннод ын тыхæй исы йæ исбон æмæ йæ усы дæр. Рочкæйы фæрцы Цуанон фæуæлахиз Мæликкыл æмæ спаддзах.

РУВАС ÆМБÆЛÆГ — рувас кæд фæлитой цæрæгойыл нымад у, гæмми рувас, цæллаг рувас æй хонæм, уæддæр йæ фембæлд ирон адæмæн æхсызгон вæййы. «Рувас дыл фембæлд — фæндараст кæндзынæ», — фæзæгъынц. Кæнæ искæй къухы стыр хъуыддаг бакæнын куы бафты, уæд æй афæрсынц: «Цæллаг рувас дыл кæм амбæлд?» æмæ æндæртæ.

РУЙМОН — сæгуыт (рæубес) куы ныззайы, уæд, дам, иуварс агæпп кæны æмæ дардæй йæ лæппынмæ æрбакæсы. Йæхи хуызæн куы вæййы, уæд æм æрбацæуы æмæ йын дзидзи бадары. Фæлæ алы хатт афтæ нæ вæййы. Иуæй-иу хатт ныйыйары хилæджы хуызæн цыдæр. Уый хуыйны Руймон. Ахæм куы вæййы, уæд дзы йæ мад дард алидзы. Руймон вæййы хæрз чысыл, йæ цæстытæй дæр нæ фæкæсы. Фæлæ уайтагъд бæлæстæ æд уидæгтæ рæдувын, зæхх ныхъуырын райдайы. Æмæ дынджырæй-дынджырдæр кæны. Руймон адæмы знаг у, Елиа та — адæмыл аудæг. Æмæ йæ фæзындмæ йæ цæст дары. Куыддæр райгуыры æмæ цалынмæ йæ цæстытæй нæ ракæсы, уæдмæ Елиа уæларвæй мигъты æхсæнæй æфсæн рæхыс рауадзы, Руймоны æфцæгыл æй атухы æмæ йæ уæлæмæ сласы. Йæ цæстæй ракæсынæй та дзы уымæн тæрсы æмæ, цæйбæрц афæлгæса, уыйас айрæздзæн. Уæларвмæ йæ куы фæласы, уæд хъæрахст фæкæны, æмæ

йын йæ хъæр чи фехъуса, ууыл низ бафтауы. Уæларвы йын йæ дзидза мæрдты удтæн уарынц, æмæ йæ уыдон фыцынц, йæ басæй йын чи бацымы, уый куыд амард, афтæ фесты.

РУХÆНЫ МÆЙ — нæ азнымады размæ 46 азы Ромы къæлиндары афæдзы уыд æдæппæт дæс мæйы, уыдысты æнæном. Нымад цыдысты фыццаг, дыккаг, æртыккаг æмæ афтæ дарддæр. Уыцы ранымады сентябрь амыдта æвдæм мæй, октябрь — æстæм, ноябрь — фарæстæм, декабрь — дæсæм. Ныр дæр латинаг æвзаджы сæ нæмттæ амонынц ацы нымæцтæ. Афтæмæй та сты фарæстæм, дæсæм, иуæндæсæм æмæ дыууадæсæм мæйтæ. Уымæн æмæ кæд афæдзы мæйтæ дыууадæс баисты, æхсæзыл дзы ног нæмттæ сæвæрдтой, уæддæр фæстаг цыппарыл баззадысты сæ рагон нæмттæ.

Сентябрь — иронау хуыйны Рухæны (Нырхæны) мæй. Хонынц ма йæ Ичъынайы æмæ Хусгæнæны мæй дæр. Цы амоны рухæн (нырхæн)? Фæззæг сагтæ сæ куырммæдзæуæн рæстæг кæрæдзимæ куы фæуасынц, уæд зæронд адæм фæзæгъынц: «Сагтæ рухæн (нырхæн) кæнынц». Рухæн — рыхын, нырхын, уасын, æмбухын, богъ-богъ кæнын.

Ичъына у бинонтæ фылдæр кæныны бардуаг. Йæ бæрæгбон вæййы сентябры. Сентябры ахæссы хус рæстæг, æмæ йæ, æвæццæгæн, хусгæнæны мæй дæр ма уымæн хонынц.

РУХСАГ ЗÆГЪЫН — мардæн хойрагæй, фыдызгъæлæй, адджинагæй, дыргъæй, халсарæй, ностæй йæ номыл цы æрцæттæ кæнынц æмæ фынгыл æрæвæрынц, уый йын ныххæлар кæнынц. Рухсаг чи фæзæгъы, уымæн йæ сæйрагдæр ныхæстæ вæййынц: «Мах раз куыд сты, афтæ дæм сыгъдæгæй хæццæ кæнæнт, сæрд дын æмбигæ ма кæнæнт, зымæг — сæлгæ». Стæй ностæй фынгмæ кæнæ зæхмæ чысыл æртадзы æмæ фæзæгъы: «Гъе уымæй фылдæр дæ дзы æнæбары хай бакæнын куыд нæ бахъæуа…».

Амард хæрз зæронд лæг. Фæстæдæр та бабын йæ фырты фырт — æнахъом саби. Æмæ мæрдты æгъдауæй иумæ æрвыстой сæ рæстæг. Зæрондмæ йæ хъæбулы хъæбул ныйййæфта егъау быркуыйы дзаг сæн.

Йæ дадайæн дзы фынгмæ арæх хаста, фæлæ сæн къаддæр нæ кодта. Саби иу бон уый бафиппайдта æмæ хъуыдыты аныгъуылд: «Ацы быркуыйæ сæн куы исын, кæнгæ дзы куы ничи кæны, уæд йе ‘мвæзад бынмæ цæуылнæ цæуы?». Йæ фарст радта зæрондмæ дæр. Уый йын афтæ:

– Дада дæ нывонд, мæ хур, къаддæр кæнын куы райдайа, уæд дын æй зæгъдзынæн.

Рæстæг цыд. Иуахæмы та лæппу быркуымæ сæн сисынмæ æргуыбыр кодта æмæ хорзау нал фæци: сæны æмвæз дзæвгар ныххауд. Саби уайтагъд фæфæдис:

– Дада, нæ быркуыйы сæн дзæвгар фæкъаддæр.

– Гъе, мæ лæппу, уæлæуыл нæ рох кæнын райдыдтой, нæ ном нын фынгыл нал арынц, рухсаг зæгъæг нын нал ис, æмæ нæ быркуыйы сæн къаддæр кæны.

РУХСАНÆ — Мæйы чызг.

РУХСÆТХАН — Бонвæрноны фырт.

РЫНГ ÆХСАД — кадджыты амоны тынг сыгъдæг æхсад.

РЫНЫ ÆЛУТОН ХОС — Сырдон Нартæн бацыд æртæ хорзы. 1. Фæндыр — дыууадæстæнон сын скодта, æмæ йæ Нартæ семæ цæрын бауагътой. Уый размæ кæм цард, уый ничи зыдта. 2. Хуыцау Нартыл куы рахатт, æмæ сыл йæ уынаффæйæ Рыны бардуаг алы низтæ куы бафтыдта, уæд сын низты ныхмæ æрхъуыды кодта æвдадзы хос, рыны æлутон хос. Афтæмæй уый фæрцы фервæзтысты сæ низтæй: бабадтысты сæ буары рæсыдтытæ, сдзæбæх сты сæ хъæдгæмттæ. Сырдон у мифон фыццаг ирон дохтыр. 3. Нартæн сæ бон Хуыцау, зæдтæ æмæ дауджытимæ хæцын куы нал уыд, уæд сын Сырдон бацамоны: «Нæхи уал айсæм уæлæ стыр хæхтæм». Уым сæм хæхты аууæттæм, цъассытæм Арвы рæхысы цæлхъытæ нал хæццæ кодтой. Æмæ Хуыцау сæ ныхмæ йæ хæст ныууагъта, йæ зынг фатыгтæ æрмынæг кæны.

РЫНЫ (НЫРЫ) БАРДУАГ — хæцгæ низты бардуаг. Раджы заманты ирон адæмыл хæцгæ низты азарæй стыр бæллæхтæ цыд. Уымæн æвдисæн сты нæ хæхбæсты бирæ зæппадзты гуыппартæ. Дæргъæвсы зæппадзты ма уырыссагау «Городок мертвых» дæр рахуыдтой. Адæм алыхуызон æнæнхъæлæджы хæцгæ низтæй цагъды кодтой хъæугай, мыггаггай. Уымæ гæсгæ сын радтой хицæн нæмттæ: Тибиты рын (æвæццæгæн, уыд мыггаг Тибитæ, æмæ сæ рын фæхаста). Хъомрын — фос цагъды кæмæй кодтой, ахæм низ. Æмæ ирон мифологийы фæзынд, адæм æмризæджы кæмæй рызтысты, ахæм бардуаг — Рыны бардуаг. Рыны бардуаг зæдтæй хæлардæр уыд Галæгон, Донбеттыр æмæ Хæсты бардуагимæ. Рыны заман-иу нæлгоймаг фæсивæд хъæутыл зылдысты бæгъæмвад æмæ худаистæй æмæ зарыдысты: «Ой, Рыны бардуаг! Дæуæй дæтгæ сты нæ низтæ æмæ нæ æнæниздзинад. Дæ тызмæгдзинадæй бахъахъхъæн ацы хъæу! Мах иууылдæр — стырæй чысылмæ стæм де уазæг».

Рыны бардуагæн кодтой куывдтæ, уыдис ын кувæндæттæ. Кувæндон ма йын абон дæр ис Джызæлы. Уый равзæрды тыххæй джызæйлаг Кокайты Фатимæ йæ мад Томианæй фехъуыста ахæм хабар:

«Уый раджы уыд, абоны Джызæлы хъæуы стыр сыхтæ ма хицæн хъæутыл нымад куы уыдысты, уæд. Уыцы рæстæг, стæй ныр дæр Джызæл æмæ Хъæдгæроны ‘хсæн хæстæгдзинад фидар у. Кæрæдзийæ чызджытæ куырдтой, æфсымæргæндтæ кодтой. Иуахæмы та Джызæлы Уæллаг сыхы — Теджыхъæуы фæсивæд уазæгуаты уыдысты Хъæдгæроны сæ хæстæджытæм. Æмæ æхсæвыгæтты сæхимæ куы здæхтысты, уæд Джызæлмæ æввахс сæ сæрмæ арв æвиппайды ныррухс. Чидæр фæхъæр кодта, уæлæ зæд æрбатæхы, зæгъгæ. Расыг фæсивæдæй, фурд уæрагмæ кæмæн уыд, уыдонæй иу йæ фырхъал æмæ нозтзæрдæйæ йæ хъыримаг хæрдмæ зæды ‘рдæм фæхъил кодта, æмæ гæрах ныццарыдта уæлдæфы.

Зæдæн уымæй ницы уыд. Лæппутæ йæ федтой, Джызæлдоны был кæцыдæр

бæласмæ куыд батахт, уый.

Дыккаг бон райсомæй Уæллаг сыхæй кæуын æмæ æрдиаг хъуысын райдыдта. Сыхы сывæллæттыл рын сыстад, сæ хуыссæнтæй сыстын нал бафæрæзтой, тæвд кодтой, чидæртæ дзы а дунейæ дæр ахицæн. Адæм бамбæрстой сæ Хуыцауы цæф, зæд сæм кæй фæтæрк кодта, уый, æмæ сагъæсы бахаудтой. Сфæнд кодтой хохы Тбау-Уациллайы Гуццаты дзуарылæгмæ æвæстиатæй фæрсынмæ фæцæуын.

Гуццаты дзуары лæг сын загъта: «Рыны бардуаджы уæхимæ фæхъыг кодтат æмæ уæхи тагъд сраст кæнут! Науæд уæ хъуыддаг хорз нæу — хъæусæфт кæнут!». Бацамыдта сын, цæмæй минæвæрттæ сæ хъомы рæгъæуттыл æрзилой, æмæ рæгъауæй сæ размæ цы гал рацæуа, уый хъæумæ æрбаскъæрой. Куыд нывондаг, афтæ йын йæ сыкъатыл урс æмæ сырх хъуымацы уадздзæгтæ бабæттой. Афтæмæй йæ хъæуы уынгты куыд рауадзой, æмæ кæй дуармæ æрлæууа, уым куывд куыд скæной. Рыны бардуагмæ куыд батабу кæной.

Дзуары лæг сын куыд загъта, афтæ бакодтой. Æмæ диссаг: иу рæгъауæй сæм æцæг рæсугъд хæрзхаст гал йæхæдæг куы рацæуид. Хабар уайтагъд хъæубæстыл айхъуыст, æмæ йæм иууылдæр уынынмæ цыдысты. Уый ма уыдис сæ фæстаг ныфс, се скаст, се ‘нхъæлцау. Уый ма сæ кæд фервæзын кæна, цы бæллæхы бахаудтой, уымæй, æндæр сæ сæрæн ницыуал зыдтой. Æмæ йæм табугæнгæ кастысты, йæ сыкъатыл ын рæсугъд хъуымæцтæй уадздзæгтæ бабастой. Стæй йæ уынджы рауагътой. Йæ фæдыл цыдысты сæхæдæг хъæубæстæ. Уый бацыд иу хæдзары размæ æмæ сæ кулдуары цур æрхуыссыд. Рынæй рыст адæм сæ риуыдзаг сулæфыдысты, бирæтæ дзы сæ зонгуытыл дæр æрхаудысты æмæ сæхи фæдзæхсын райдыдтой Рыны бардуагыл.

Уыцы хæдзары Рыны бардуаджы номыл скодтой хъæугуывд. Сæхи бафæдзæхстой Стыр Хуыцауыл, нымдгæнгæ хатыр ракуырдтой, цы зæды хъыджы бацыдысты, уымæй. Стæй йын хъæугæрон, Джызæлдоны был цы бæласмæ батахт, уым скодтой кувæндон.

Уыцы бонæй фæстæмæ рын дзыхълæуд фæкодта, хъæубæсты сывæллæттæ фæдзæбæх сты, Рыны бардуаджы фыдæхæй дзы никæуыл ницыуал æрцыд. Хъæубæстæн та уыцы бон ссис стыр бæрæгбон — Галзилæны бæрæгбон. Æрвылаз дæр Рыны бардуагæн кæнынц нывондаг æмæ йæ бæрæгбоны рæсугъд фæлыстæй хъæуы уынгты заргæ æмæ фæндырдзæгъдгæ кувæндоны бынмæ бакæнынц.

Фыццаг, дам, нывондимæ заргæ æмæ фæндыræй цæгъдгæ нæ цыдысты. Уыцы зæрдæйы уаг сæм нæ уыд — тарст æмæ фыдох уыдысты. Ныр уавæр аивта, æмæ циндзинадæн ныккæнæн нал вæййы хъæубæсты иумæйаг куывды.

– С –

САБАТИЗÆР — мæрдæгъдау. Мардæн йæ баныгæныны фæстæ скæнынц æртæ къуырийы сабатизæртæ. Сæйраг архайджытæ дзы вæййынц сылгоймæгтæ. Уыдон æрцæттæ кæнынц фынджыдзаг. Хистæр нæлгоймæгтæй йæ искæмæн мардæн ныххæлар кæнын кæнынц. Уый фæстæ дзы уæлмæрдмæ семæ ахæссынц æмæ йын сæ, йæ уæлмæрдыл арт скæнгæйæ, уым дæр ныххæлар кæнынц. Æртыккаг сабатизæры вæййы фылдæр адæм, нæлгоймæгтæ дæр. Уымæн æмæ дзы фыс кусарт дæр акæнынц. Сабатизæры æгъдæуттæ фылдæр сылгоймæгтæ кæй фæкæнынц, уымæ гæсгæ тыхстдæр вæййынц æмæ тыхст ныхас фæкæнынц, хатт сын æгæр хъæрæй рауайы. Гъе уымæ гæсгæ ирон ныхасы ныффидар дзырдбаст: «Сабатизæры сылгоймæгтау цы хъæлæба кæнут!».

САБÆТТАГ — марды фæдыл æхцайæ æххуыс зианджынтæн.

САГÆЙТТЫ ÆХСÆВÆР — хос карст, ссывд æмæ амад куы фæвæййынц, уæд сагæйттæ цармæ кæнæ фæсвæд æфснайд ранмæ базыгъгъуытт кæнынц, ома сымах дæр æмæ мах дæр ныр фыргуысты фæстæ нæ фæллад суадзæм. Уыцы изæр хосдзаутæн вæййы бæрæгæхсæв æмæ хуыйны «Сагæйтты æхсæвæр». Хосгæрсты рæстæг кæй фæци, хорзæй йæ кæй ахицæн кодтой, уый фæдыл хосдзæуттæн дзаджджын фынгтæ æрцæттæ кæнынц, фæхонынц сыхæгтæ кæрæдзи æмæ скувынц Хуыцаумæ, Уацилламæ, Фæлвæрамæ. Сæ хосгæрст хорз кæй рауад, сæ фосы зæйц арфæйаг кæй у, уый тыххæй сын табутæ фæкæнынц, цæлы фынгыл хъæлдзæгæй сæ фыдæбæттæ сæ хосы æркондыл кæрæдзийæн фæдзурынц, æмæ сæ фæллад ссæуы.

САГГАТЫ (СЕЧЪЫНАТЫ) ХÆЙРÆГ — ацы дыууæ мыггагæй фæзæгъынц: æрцахстой хæйрæг. Куыдæй? Хосгæрсты сæм боныгон рацыд пыхсбынæй. Йæхицæн хæрис бæласы къалиуæй цæвæг сарæзта æмæ сæ фæзмын райдыдта. Уый бафиппайдтой хосдзæуттæ æмæ ногкарст кæрдæгæй бæндæнтæ бийын райдыдтой. Хæйрæг дæр сæ фæзмы: кæрдæгæй бæндæн сбыдта. Хосдзаутæ бæндæнтæй сæ къæхтæ сбастой, хæйрæг дæр. Хосдзаутæ сæ бæндæнтæ цæвджытæй фæлыг кодтой. Хæйрæг дæр сæ йæ хæрис цæвæгæй фæзмы, фæлæ йын нæ лыг кæны. Уæд æм хосдзаутæ базгъордтой, кæрддзæф æй фæкодтой, æмæ хæйрæгæн фæтары кæныны хъомыс нал уыд. Сæхимæ йæ æркодтой. Семæ цард, семæ куыста æмæ, дам, йæ куысты æгъдау зыгъуыммæ уыдта, йæ куырой дæр галиуæрдæм зылд. Цæугæдонæй нуазыны дон хæссынмæ цыд æрмæстдæр райсомæй æмбисбонмæ. Бирæ-иу æм фæкаст, йæ сыгъдæджытæ, дам, ын æвзарын, стæй-иу æм фæхъавыд æмæ-иу дзы къæртайы фелвæста.

Хæйрæг цæмæй ма фæтары уыдаид, уый тыххæй йын алы майрæмбоны дæр йæ сæр сæрдасæндзæф хъуыд. Иу майрæмбоны бинонтæй, кæрæдзимæ гæсгæ, уыцы куыст ничиуал бакодта. Хæйрæг алыгъд цæугæдоны фаллаг фарсмæ æмæ уым дуры бын æрбайсæфт. Æцæг ма, дам, йæ къахы фæд дурыл баззад.

САГЪАДАХЪ — Нарты кадджыты иу вариантмæ гæсгæ у фатдон, иннæ вариантмæ гæсгæ та — хæдæхсгæ фатдон.

САГЪО — зымæджы агъоммæ-иу хæхбæсты бирæ хъæутæ сыстадысты сæ цæрæн бынæттæй æмæ-иу балыгъдысты, комы сæ фосæн холлаг кæм æрæфтауц кодтой, уыцы скъæтты цурмæ. Уыцы цæрæн бынат хуыдтой Сагъо. Йæ фосы бынатмæ цæрынмæ чи нæ лыгъд, уыдон та йæм цыдысты ныхстæры.

САДВÆН ЗÆППАДЗ — хæсты чи фæмард, ахæм хæстоны зæппадз.

САДЕНДЖЫЗ — æвæццæгæн Сау денджыз.

САДЕНДЖЫЗЫ ÆЛДАР — Нарты Уырызмæг йæ фæстаг фосы конд куы сфæнд кодта æмæ йæхицæн егъау чырын фæсивæдæн куы саразын кодта, уым ын хæринаг къуырийы фаг куы сæвæрдтой æмæ йыл æй æнгом куы ныхгæдтой, афтæмæй йæ фурды куы баппæрстой, уæд æй фурд иу æхсæв Саденджызы æлдары бæхты дондарæны раппæрста кæронмæ. Æлдар бацин кодта, Уырызмæг йæ къухы кæй бафтыд, ууыл. Цæмæй зыдта, Уырызмæгыл æнцонтæй нæ фæуæлахиз уыдзынæ. Йæ зонд кæрдаг уыд, æмæ Саденджызы æлдарыл зондæй фæтых. Йе ‘фсады йын Нарты фæсивæдæн фæцæгъдын кодта, йæхи та йын йæхæдæг мæсыджы сæрæй разыввытт кодта. Цыдæриддæр Саденджызы æлдары бæстæйы фос ссардтой, уыдон раскъæрдтой. Цы фæллой рахастой, уый иууылдæр байуæрстой Æртæ Нартыл, иу адæймаджы дæр дзы æнæхай нæ ныууагътой, фосæй та афæдзæй-афæдзмæ фæкодтой номы куывдтæ æмæ номы хæрнæджытæ.

САДЖИЛ ФÆТТÆ — Нартыл Хуыцау куы рахатт, уæд сын йæ ардыдæй Хоры бардуаг сæ хуымтæ æхсæв рæгъæд кодта, бон та — цъæх. Уæд уыдон дæр Сатанайы амындæй Саджил фаттæ сарæзтой æмæ æхсæвыгæтты сæ хуымты цæттæ æфсирты уыдонæй æхстой. Бон та сæ æмбырд кодтой æмæ æд сыг, æд хъæмп ссадтой, хойрагæн.

САДЖЫ СÆТ — фæззыгон хæлуарæджы тынтæ дымгæ куы фæрахæсс-бахæсс кæны, уæд уыдон адæм Саджы сæт фæхонынц. «Кæд саджы сæтау махæн нæ сæрты дымгæ скъæфа йæ хоты даргъ хил… уæд мæ бауырндзæн, кæй йæ амардтай», — зæгъы Сатана Батрадзæн Сайнæг-æлдары тыххæй.

САУДАНА — иу кадæджы Уырызмæг йæ мад Дзерассæйы зæппадзмæ куы бацæуы, Уастырджийы фæстæ дзы сывæллон, байраг æмæ куыдз куы баййафы, уæд ыл ныккæуы, ныббогътæ кæны: «Уæ, нæ сайд æна, куыд тæригъæд дæ! Хæмыцы бæрнæй цы цауы фæдæ!». Уыцы дзырдтимæ зæппадзы хуылфæй сыгъзæринхил чызг кæугæ рахаста, йемæ байраг æмæ бурæфцæг куыдз ракодта. Зæринхил чызгæн йæ судзаггаг дзырд баззад номæн Сайдана — Сатана.

САЙДВÆСТАГ — Сайдвæстаг æмæ Зæрдæсырх уыдысты Царциатæй.

САЙНÆГ-ÆЛДАР — цардис Сау хохы сæр. Уыдис ын æвирхъау рæсугъд чызг, йæ ном хуындис Агуындæ. Уыцы иунæг чызгæй фæстæмæ йын цот нæ уыдис, æмæ йæ æнæкæрон бирæ уарзта. Нарты Ацæмæз ын æй куы бацагуырдта, уæд фенкъард, фæлæ йын Агуындæ зын сæххæстгæнæн хæс — иу азы гуырд

сагтæй сæдæ сæ кæртмæ æртæрын — куы радта, уæд ын фенцондæр. Ацæмæз уыцы хæс йæ фыды æрдхорд Æфсатийы фæрцы сæххæст кодта. Сайнæг–æлдар ракасти, сагты куы федта, уæд фенкъард. Рацыд уазджытæм æлхынцъæрфыгæй урс цыллæ зачъе, нарæгастæу æмæ фæтæнуæхск Сайнæг-æлдар. Рæсугъд хуыдæй йыл теуайы хъуынæй цухъа, йæ галиу къухы та — æвзист лæдзæг. Фæлæ ма йын æндæр гæнæн цы уыд, Ацæйы чындзхæсджытæ зæдтæ æмæ Нарты гуыппырсартæ куы уыдысты, уæд.

Сайнæг-æлдар у Хæмыцы марæг. Амардта йæ йæ мадырвадæлтæ Борæты Бурæфæрныджы ардыдæй. Бурæфæрныг Хæмыцмæ рагæй мæсты уыд. Хæмыц ын йæ Архъызы дæндаджы фæрцы йæ усы фæрæдийын кодта. Сайнæг-æлдармæ ахæм диссаджы кард уыдис, раст дзы хуртæ æмæ мæйтæ касти, зæхх дзы йæхи уыдта. Фæлæ Хæмыцы куы мардта, уæд йæ Хъох-дæндагыл сæмбæлд æмæ фæкъæртт ис. Сайнæг-æлдары карды къæртт уæлæмæ атахт æмæ арвыл баззад. Уый у Мæй.

Сайнæг-æлдарæй йæ туг райста Хæмыцы фырт Батрадз. Йæхи кардæй йын йæ сæр ахауын кодта.

САЙНÆГ-ÆЛДАРЫ КАРД — саразын æй кодта уæларв Куырдалæгонæн. Уымæй амары Хæмыцы, Батрадз та йын дзы амардта йæхи. Хуыцау карды Хæмыцæн йæ Архъызы дæндагыл сæмбæлын кодта, кардæй иу къæртт фæхауди æмæ арвыл абадт — Мæй уæдæй фæстæмæ ис.

САЙНÆГОН — Æхсар æмæ Æхсæртæджы мад.

САЛТÆНЦЪÆТДЖЫН — æбæрæг диссаджы æрдын.

САМЕЛИ — мæйхорты тыххæй ис ахæм цыбыр таурæгъ: Раджы заман зæххыл цард фыдбылызы Самели. Уый адæммæ сфыдæх æмæ сын рахаста цæгъдыны тæрхон. Никæуыл ауæрста. Йæ фыдмитæ Хуыцауæн фæхъыг сты, арвмæ йæ систа æмæ йæ æфсæн рæхыстæй мæймæ бабаста. Мæйыл сау æндæргтæ уымæн ис.

Фæлæ Самелийæн баззад фырттæ, æмæ уыдон къæбылаты хуызы ратæх-батæх кæнынц арвæй зæххы астæу. Бæрæг афон бахъавынц сæ фыды суæгъд кæнынмæ, сæхи ныццæвынц мæйыл æмæ йæ хæрынтæ сисынц. Мæй уымæн баталынг вæйиы.

Ирон адæм дзурынц, Самели, дам, куы раирвæза, уæд адæмыл æрцæудзæн стыр фыдбылыз — хæрджытæ фестдзысты. Ахæм фыдбылызæй ирвæзт уыдзæн æрмæстдæр, Самели йæхæдæг кæмæй уыд, уыцы мыггаг. Иуæй-иу ирон мыггæгтæ сæхи хонынц Самелийы байзæддаг æмæ йын уыцы хорзæхы тыххæй æрвылаз кæнынц куывд. Æцæг уый ахæм куывд у, æмæ дзы нæ вæйиы нæдæр чъиритæ, нæдæр æхсырфæмбал, нæдæр арахъхъ. Йæ кувинаг сты æрмæст луаситæ. Хæдзары хистæр ракувы, иннæ бинонтæ сæ хæйттæ хæрынц æнæ дзургæйæ. Бинонтæй чи нæу, уымæн дзы нæй хæрыны бар.

САНАТЫ СЕМ — Адæмон таурæгъмæ гæсгæ, Санаты Сем райгуырд 250 азы размæ Захъагомы Санаты хъæуы. Йæ фыды ном хуынд Бердыхъ, уыди Санахъоты

хæрæфырт. Иннæ адæмон таурæгътæм гæсгæ та царди æмæ амарди Уæллаг Хъæнийы, Хохы Санибайы æмæ ма Цымытийы дæр. Цымытийы сæрмæ фосдарæнтæ ныр дæр ма хонынц Санаты дарæнтæ. Уæдæ Хохы Санибайы сæрмæ та ныгæд ис йæхи фæндонмæ гæсгæ. Сем йæ мæлæт зыдта, æмæ йæ мæлæн бонмæ бирæ куынæуал баззад, уæд Хохы Санибайы хистæрты бафæдзæхста: «Куы амæлон, уæд-иу мæ баныгæнут хъæуы сæр, æмæ уын мæрдты æгъдауæй дæр æххуыс кæндзынæн». Афтæ бæргæ бакодтой, фæлæ Семæн йæ ингæн кæм ис, уый абон ничиуал зоны. Хорзы алчидæр йæхи хоны, æмæ Сем дæр ссис æппæтадæмон, таурæгъон. Зындгонд таурæгъгæнæг Сланты Иликъо та Семы тыххæй дзырдта афтæ:

— Лæцы хъæуы (Куырттаты комы) царди ус æмæ лæг Санатæй. Ус æмæ лæгæн лæппу райгуырд æмæ куы рахъомыл, уæд ын ус æрхастой. Лæппуйæн æхсæз азмæ æхсæз райгуырди, фæлæ æхсæзæй иу дæр нæ фæцарди, куы-иу райгуырдысты, уæд сæ хъæлæсæй зынджытæ хаудта, æмæ-иу сыл æвгъæды бадæг устытæ куы бадис кодтой, уæд-иу сæ кой дæр нал фæзынд.

Æвдæм фæлтæр та лæппуйæн йæ ус йæхи бар нæ уыд, æмæ йæ афон куы æрцыд, уæд сæм фæзынди иу амондджын уазæг. Уыцы рæстæджы чындз схъæрзыдта. Уæд уазæг æфсинмæ фæдзурын кодта. Æфсин æм æрбацыд. Уазæг æй фæрсы:

— Куыд у дæ фæсвæд бадæджы хабар?

— Гуыргæ йын ракæндзæн, фæлæ та йæ гуырд цы фæуыдзæн, уымæн цы бæрæг и?

— Тагъд мын хуыйы сой ссарут.

Хуыйы сой йын æрбахастой. Уазæг хуыйы сой схъарм кодта æмæ загъта æфсинæн:

«Æ уыцы хуыйы сойæ сæрдут сывæллоны, гуыбынæй куыд хицæн кæна, афтæ, æмæ нал фæдæлдзæх уыдзæн. Иннæ æхсæз дæр хуыйы сойæ сæрст куы æрцыдаиккой, уæд сæм хæйрæджытæ нæ бауæндыдаиккой».

Сывæллон куы райгуырд, уæд æй хуыйы сойæ байсæрстой, æмæ нал фæдæлдзæх. Уæд æфсин уазæгмæ бацыд æмæ йын цингæнгæйæ дзуры: «Нæ сывæллон ферваæзтис, фæлæ йæ хъæлæсæй уæддæр зынджытæ хауы, æмæ йæ мады дзидзитæ судзы».

— Истæм радуц мады æхсырæй æмæ йæ сывæллоны хъуыры ауадзут, стæй йын ницыуал уыдзæн, æрсабыр уыдзæн йæ тæвдæй.

Сывæллонæн йæ хъуыры æхсыр ауагътой, æмæ æрсабыр йæ тæвдæй. Уазæг ыл ном сæвæрдта Сем, стæй сæ хæдзармæ ацыд.

Сывæллоныл æртæ мæйы куы рацыд, уæд дзыхæй дзурын райдыдта.

Диссаджы зонынджын, мæлгъæвзаг æмæ адæмæн уарзон рауад Санаты Сем. Адæмы уырныдта, цы зæгъа, уымæн æнæрцæугæ нæй, зæгъгæ. Бирæ таурæгътæ, æмбисæндтæ æмæ базырджын ныхæстæ баззад Семæй. Семы зонынджын ныхæстæй:

***

Санаты Сем иу аргъуанмæ бацыди. Аргъуан адæмæй йедзаг уыди. Сем загъта: «Ацы аргъуан кæлдзæн, æмæ сæфдзыстут». Адæм загътой: «Ацы лæг сайды фæци, цытæ дзуры?». Уалынмæ аргъуан нытътъæнг кодта æмæ ныккалди. Адæм фесæфтысты.

***

Уд дзы нæ уыдзæн, афтæмæй зæххыл лæсдзæн тагъд æмæ ласдзæн хæхтæ æмæ бæстæ.

***

Æндахы хуызæн уыдзæн къæцæлыл æмæ дзырд хæсдзæн, цы йæ хондзысты, уый нæ зонын.

***

Голлаг æмæ хызын уыдзысты æмбартæ.

***

Бæсты фæстаг уыдзæн дон æмæ Уырысы.

***

Хохы фæстаг суыдзæн быдираг.

***

Лæппу-дзураг æмæ чызг-æфсины рæстæг æрцæудзæн.

***

Ахæм фæлтæр уыдзæн, æмæ адæймаг базырджынæй тæхдзæн.

***

Хæдтулгæ уæрдон уыдзæн.

***

– Авд Гæналы гæныстон, æстæм Гæнал ривæддон, — зæгъгæ, дзырдта Сем, æмæ æцæг афтæ æрцыд: Гæналгомы Дæллаг Хъæнийы бакомкоммæ царди аст Гæналы — хъæутæ. Майлийы цъити сыл ракалди суанг комы райдайæнмæ, æмæ авд Гæналы фесæфтысты, æстæм Гæналы цæрджытæ алыгъдысты алырдæм, æмæ сæ хъæуы бынат ривæддонæй баззад. Гæналы хъæуты хъæууæттæ ныр дæр ма бæрæг сты.

***

Сем дзырдта: «Куыд фæстагмæ зымæг æмæ сæрд сæмхæццæ уыдзысты».

***

Сем дзырдта йе ‘мбæлттæм: «Уæлæ уыцы халон цы дзуры, уый зонут? Уый дзырдта: «Калакдзауæн йæ бæх амард, æмæ цомут æмæ йын йæ бæхы цæстытæ скъахæм»».

– Гæды дæ, Сем, — зæгъгæ, йын загътой, — цæмæй йæ зоныс ардыгæй уырдæм?

Уый сын загъта: «Уæдæ ацæут, æмæ Дайраны был уый афтæ куы нæ уа, уæд æз гæды дæн æцæг».

Ацыдысты, æмæ, Сем куыд загъта, æцæг афтæ разындис.

***

Сем Захъайæ Куырттаты коммæ ралыгъд, рагъыл æрæнцад æмæ загъта: «Иннæ майрæмбоны Захъайы аргъуанæн йæ кæлæн бон, мæнæн та — мæ мæлæн бон». Æмæ, дам, æцæг афтæ æрцыд.

САНИБА — Чырыстон бæрæгбон, бæрæг æй кæнынц сæ Зæрдæвæрæнæй дæс боны фæстæдæр. Саниба у гуырдзиаг дзырд, уырыссагау амоны Троица, иронау та — Хуыцауы æртæ цæсгомы, Æртæ иууоны. Троица æрцæуы ирон бæрæгбон Кæрдæгхæссæнимæ иу бонмæ. Ирæттæ Саниба та бæрæг кæнынц алы кæмтты алы афонты. Зæгъæм, Дзимыры — уалдзæджы, Тырсыйы — сæрды, Наргомы — фæззæджы. Алы кæмтты йын ис кувæндæттæ, Хохы Санибайы та — аргъуан «Æртæ Иууон Саниба».

САНИБАЙЫ РЕКОМ — Рекомæн кувæндæттæ Цæгат Ирыстоны ис Цъæйы комы (у сæйрагдæр), стæй Куырттаты комы æмæ Хохы Санибайы хъæуы сæрмæ бæрзонд ран.

САНТЫ МÆЛИКК — тыхгæнæг, йæ мæлæт уыд Æхсары кардæй. Уырызмæг йемæ куы схæцыд, уæд æй уыцы кардæй рариуыгъта, æмæ мæличчы сæр зæхмæ æрхауди. Мæличчы чызг баззади Сырдонæн, йæ цъæх бæх — Хæмыцæн, йæ иннæ фæллой йын Нартæ æмхуызон адих кодтой.

САРГЪАУ ХЪÆДЫ ДЗУАР — кувæндон Куырттаты комы.

САР ÆМÆ ТОХЫ ФÆДЫЛ ХОНÆГ — фæдисмæ хъæргæнæг, тохмæ сидæг.

САР ТÆНЗÆТ — хъуазтæм (сыл сагтæм) сидæн уадындз.

САРЫХЪÆРЗÆН — дæлимонты зындонмæ бахизæн.

САСАНА — Дзерассæйы афтæ дæр хонынц.

САТАНА — уæларвон Уастырджи æмæ Донбеттыры чызг Дзерассæйы (Сасанайы) чызг. Райгуырд зæппадзы Уырызмæг æмæ Хæмыцы мард мадæй. Уастырджийы зæрдæмæ Дзерассæ афтæ тынг цыд, æмæ удæгасæй йæ къухы куы нæ бафтыд, уæд æм мардæй зæппадзмæ бацыд. «Нымæтын ехсæй æрцъыкк ласта

Дзерассæйы, æмæ Дзерассæ, удæгасæй цы уыд, авд ахæмы хуыздæр фестад, — зæгъы кадæг, — æмæ йæм бацыд. Уый фæстæ та нымæтын ехсæй æрцъыкк ласта Дзерассæйы, æмæ ус фæстæмæ куыд уыд, афтæ фестад».

Афæдз куы рацыд, уæд зæппадзы цурты æрбацæйцыд Нарты фыдбылыз Сырдон. Байхъуыста, æмæ зæппадзæй ссыди сывæллоны кæуын. Уый уыцы хабар ракодта æртæ Нарты Ныхасы. Уырызмæг бадт Ныхасы уæле. Фестадис æмæ бацыд зæппадзмæ æмæ дзы рахаста чызг Сатана. Уый мæймæ афæдздзыды цахъхъæн кодта, афæдзмæ та — æртæаздзыды цахъхъæн. Йæ конд, йæ уындæн та æмбал нæ уыди — сыгъзæринхил, цæхæрцæст. Сатана ахæм рæсугъд, зондджын æмæ зонынджын рауади, æмæ талынг æхсæв бон кодта йæ уындæй, йæ ныхас уыд кардæй кæрдагдæр, топпы фатæй растдæр, зыдта хатиаг æмæ цæрæгойты æвзаг дæр. Æмæ йæм зæдты зæрдæтæ дæр æхсайдтой, йæ рæсугъддзинады фæрцы равзæрд Сослан дæр. Сатана у Уырызмæг æмæ Хæмыцæн иу мадæй райгуыргæ хо, уымæй уæлдай ма Уырызмæджы ус дæр, стæй Нарты хъæбатыртæ Сослан æмæ Батрадзы æнæеныйаргæ мад.

Уый Нарты фæсивæды фæрцы дуры гуыбынæй райста Сосланы, уый зондамындæй Нарты лæппутæ Батрадзы расайынц денджызæй, æмæ сæ дыууæйы дæр бахъомыл кæны йæхæдæг. Сатана у Æхсæртæггатæй, уыдоныл ауды, уыдоны сæрыл у йæ архайд фыццаджыдæр. Сослан æмæ Алæгаты Тотрадзы тохы дæр æрлæууыд йæхионы фарс, æмæ æрмæст Сатанайы зондамынды фæрцы фæуæлахиз вæййы Сослан. Фæлæ Нартыл фыдбон куы æркæны, знагæй сын тæссаг куы вæййы, уæд сæ Сатана мыггаггай — Æхсæртæггатыл, Борæтыл æмæ Алæгатыл — нал фæдих кæны. Йе ‘ппæт зонд, йæ хъару æмæ суанг кæлæн дæр саразы Нарты хорздзинадæн, знагыл фæуæлахизæн. Сатанайæн йæ ныхас цæуаг у. Уымæн ын ахъаз кæнынц йæ фыд Уастырджи, иннæ зæдтæ æмæ дауджытæ, стæй Стыр Хуыцау дæр. Йæ коммæ кæсынц мæргътæ æмæ сырдтæ дæр. Ис æм зæлдаг кæлмæрзæн, æмæ йæ чифæнды куы ахæсса, уæддæр ын бамбæхсæн нæй. Зæхмæ куы æрхауы, уæд та Сатанамæ февзæры. Кадæг «Батрадз Уырызмæджы куыд ферæзын кодта»-йы уый фæрцы базоны, йæ мой фыдбылызы кæй бахауд, æмæ тагъд-тагъд æртæ мыдамæсты ракодта. Кувæн къуыпмæ ауади æртæ мыдамæсты æмæ ронджы дурынимæ æмæ скуывта: «Хуыцæутты Хуыцау, мæхи Хуыцау! Кæд мæ истæмæн скодтай, уæд ме ‘нæеныйаргæ фырт Батрадз Донбеттыртæм ис, æмæ ам куыд феста, уый ды радт!». Æмæ йын Хуыцау йæ ракуывд сæххæст кæны. Сатанайы фæрцы Сослан фæуæлахиз вæййы Тары фырттæ Мукара æмæ Бибыцыл дæр. Сатана у зонынджын адæймаг. Хаты уæларвон æмæ зæххон диссæгтæ дæр. Кадæг «Сæууа» нын зæгъы: «Уыцы афон (ома, æхсæв æмæ бон кæрæдзийæ хицæн куы фæкæнынц, уæд) та-иу Сатана цыдис авд æддæгуæлæйы сæрмæ куывды (кувынмæ), уырдыгæй-иу касти, зæххыл æмæ уæларв амондæй æмæ æнамондæй цы ис, уыдон базоныны тыххæй».

Сатана Нартæн бирæ хæрзты бацыд. Æлутон бæгæны дæр сын уый æрхъуыды кодта, мыды ад дæр сын уый банкъарын кодта. Куы фæтыхсынц, æмæ Уырызмæджы зонд дæр куы ницыуал фæкæрды, уæд сæ фæстаг ныфс свæййы Сатана. Æмæ йын уыдон дæр кад кæнынц, нымайынц æй æгъдауы. Уыцы кад æмæ æгъдау хатт Нартæн сæхицæн разынынц ирвæзыны хос. «Фыдаз скодта Нартыл, — зæгъы кадæг «Уырызмæджы æнæеном лæппу». — Тыхсын байдыдтой тынг, сыдæй мæлынмæ æрцыдысты. Сæ ныфс асаст Нартæн, сæ зæрдæ амард, сæ къухы ницыуал æфтыдис. Уыйбæрц æгуыдзæгмæ, уыйбæрц æдзæллагмæ æрцыдысты Нарты сгуыхт фæсивæд, æмæ-иу Ныхасы бон-изæрмæ хуысгæйæ баззадысты». Ахæм уавæры сæ федта Уырызмæг æмæ мæстæйдзагæй баздæхт фæстæмæ сæ хæдзармæ. Сатана хъуыддаг куы базыдта, уæд ын загъта: «Ацу, æрбахон сæ, æз дын сæ иу лæджы хуызæн суазæг кæндзынæн: дæлæ нæ къæбицтæ седзаг куы сты алы хæрд æмæ ностæй». Æмæ бахуыдта Сатана Уырызмæджы йæ иу къæбицмæ: къæбиц йæ тæккæ дзаг уыдис чъирийæ; бахуыдта йæ иннæ къæбицмæ: уый йедзаг уыдис авджыдзагæй; бахуыдта йæ æртыккаг къæбицмæ: царæй зæхмæ амадæй лæууынц кæрæдзийы уæлæ сгуытæ æмæ базгуытæ уыцы ран.

– Адон æппæт мын фервыстой Нарты стыр куывдтæй хуынтæн, ном ссарынæн, — загъта Сатана. Æмæ æппæт уыцы хæлцæй Нартæн иу абонæй иннæ абонмæ сæ ферваæзыны куывд скодтой.

Ахæм кадджын æмæ радджын уыд Сатана. Нарты адæмæн уыйбæрц хæрзты бацыд, кæдфæнды дæр ыл сæ зæрдæ уыйбæрц дардтой, æмæ йæ Цыкурайы фæрдыгау хъахъхъæдтой, æфхæрын æй нæ уагътой, Сослан та ма йæ Мæрдты бæстæй фæстæмæ Барастырæй дæр ракуры (кадæг «Сослан Сатанайы Зындоны цадæй куыд ферваæзын кодта»).

Сатанайы хорздзинæдтæ уыйбæрц сты, æмæ йын Нартæ йæ цыфæнды рæдыд дæр ныббарынц, суанг йе ‘фсымæр Уырызмæджы йæ лæг кæй скодта, уый дæр. Йæ цæстмæ йын æй никуы бадардтой. Йæ уыцы мийæн ын æфсон ссары кадæггæнæг дæр: «Мой кæнын афон ын куы ‘рцыди, уæд… хъуыды кодта æмæ зæдты æхсæн дæр Уырызмæгæй хъаруджындæр æмæ зондджындæр никæй ардта. Йæхи зæрды сфæнд кодта: «Ехх, кæд мын уа Уырызмæг, кæннод нæ мой кæнын!».

Æмæ загъта Уырызмæгæн: «Уырызмæг, йæ хорзы æддæмæ ничи дæтты. Искæй мыггагмæ ацæуынæн æвгъау дæн, мæнæн æндæр хос нæй, ды мæ мой куы нæ уай!».

Уырызмæгæн фырæфсæрмæй йæ хъустæ ссыгъдысты, йæ сæрыхъуын уырдыг сыстад. «Кой дæр æй мауал скæн, — зæгъы, — адæмæй худинаг у, Нарты æхсæнмæ ма цы цæсгомæй ацæудзынæн!». Фæлæ Сатана цы сфæнд кæна, уымæн æнæскæнгæ нæй. Йæ нысанмæ тырнгæйæ пайда кæны йæ фидар зондæй, рæсугъддзинадæй, зонынджындзинад æмæ ма суанг арвы хин æмæ кæлæнæй дæр. «Мадзалджын та куыд нæ уыди Сатана!» — афтæ зæгъы

кадæг, æмæ уыцы мадзæлтты фæрцы æнцонтæй афæливы Уырызмæджы ус Елдайы æмæ Уырызмæгæн йæхи дæр. Уый тыххæй ма сæ хуыссæнуаты царыл мæй æмæ стъалыты хуызтæ дæр фестын кодта, стæй Уырызмæджы хæрæгыл фæстæрдæм бадгæйæ Нарты Ныхасы рæзты æртæ хатты æрцæуын кодта. Уымæн æмæ зонды къуыбар у Сатана æмæ йæхион кæны.

Сатанайы ныхмæ фæлæууæн нæй. Сафа йæ куы фæрæдийын кодта, æмæ дзы Уырызмæг ахицæныл куы ныллæууы, уæд дæр ын хъуыддаг Уырызмæгæн йæхиуыл афтæ хорз равдыста, æмæ йын ныххатыр кодта. Уырызмæг ыл у иузæрдион, уыцы æнкъарæн зоны Сатана, фæлæ йæ уæддæр фæлвары, фæлтæры (кадæг «Сатана æмæ Борæты чызг»), райсы йæ зæронд хуыз æмæ йын зæгъы, мæнæй дын пайда нал ис, зæгъгæ. Æмæ йын ракурын кæны Дæлæсыхы Борæты Бурæфæрныджы авд лæппуйы иунæг хойы. Сатана афтæ бакæны æмæ æрыгон чызгæй йæхи хуыздæрæй равдисы, йæхи та сног кæны, Уырызмæг йæхицæн баззайы. Сатанайæн йæ бон у æмæ йæхи канд зæронд ус нæ, фæлæ лæг дæр фестын кæна. Кæс кадæг «Сафа Сатанайы куыд фæсайдта».

Диссаджы хорз æмæ Нартæн фæзминаг къай сты Уырызмæг æмæ Сатана. Ахицæн вæййынц æмæ та уайтагъд баиу вæййынц. Æнæ кæрæдзи нæ фæразынц. Æмбисондæн баззад. «Нарты Уырызмæг зæгъ — æмæ цард цæуа, Сатана зæгъ — æмæ бæркад цæуа». Æмæ ма æндæр адæймаджы цы хъæуы? Фæлæ æнамонд сты цотæй — лæппу сын нæ цæры, Уырызмæгæн йæхи къухтæй мæрдтæм бацæуы. Куы райгуырынц, уæд сæ Сатана æмбæхсы Донбеттыртæм зæгъ, уæларвы, фæлæ та сæм уырдæм дæр йе ‘намонд къух баххæссы. (Кадæг «Уырызмæджы æнæном лæппу»). Уый Сырдоны фыдæлгъысты азарæй. Уыцы фыдæхæй аирвæзт сæ иунæг лæппу Айсана, бахъомыл уæларвон Сафамæ, иннæ — Асана, бахъомыл Донбеттыртæм. Къандзы фырт Сæууай та у се сиахс, сæ чызджытæй иу хуыйны Адухæ.

Нарты кадджыты Сатанайы фæлгонц никæцы сылгоймаджы фæлгонцы хуызæн у. Уым ирон адæм бавæрдтой сылгоймаджы æппæты тыхджындæр æмæ фидардæр æнкъарæнтæ, уды конд. Хуымæтæджы цæугæ æмбисондæн нæ баззад Иры дзыллæты ‘хсæн: «Хорз æфсин Сатана, Нартæн зонд чи амыдта, йæ дыууадæс къæбицы хæрд æмæ нозтæй дзаг кæмæн уыдысты». Бæгæны, арахъхъаг æнтауæг фæзæгъы: «Сатанайы цонгæй æнтыд фæу!». Кæнæ: «Се ‘нтауæг Сатана, сæ кувæг — Уырызмæг!», «Сæ бæгæны Сатанайы фых» æмæ æндæртæ.

САТАНАЙЫ КЪУХДАРÆН — Сатанамæ уыд диссаджы къухдарæн. Кæсы дзы арвы тыгъдадмæ æмæ уыны æппæт дæр. Сосланы Хуры чызг Ацырухсы ракурыны тыххæй денджызы был æфсæйнагæй стыр галуан саразын куы бахъуыд, уæд ын æй Сатана радта. Уый къухдарæн ахаста, денджызы былыл дзы стыр зиллакк æркодта, æмæ дзы фестадис æфсæйнаг стыр галуан.

САТÆНФАРС — кæронæй аууон ран.

САТÆН ФÆДИСОН — тых куы цæуа, уæд æххуысы чи рацæуы, уый хуыдтой сатæнфæдисон.

САНТЫ МÆЛИКК — тыхгæнæг, йæ мæлæт уыд Æхсары кардæй. Уырызмæг йемæ куы схæцыд, уæд æй уыцы кардæй рариуыгъта, æмæ мæличчы сæр зæхмæ æрхауди. Мæличчы чызг баззади Сырдонæн, йæ цъæх бæх — Хæмыцæн, йæ иннæ фæллой йын Нартæ æмхуызон адих кодтой.

САУ АЛАСА — ис Нарты кадджыты. Тынг фæразон æмæ уайаг бæх.

САУ БАРÆГ — тар хъæдты бардуаг, цæры сау хъæды лæгæты. Бады сау бæхыл, дары сау дарæс æмæ сау хæцæнгæрзтæ. У ма сау хъуыддæгтæ кæнæг дæр — абырджыты, тыхгæнджыты бардуаг дæр. Ардауы сæ цуанæттыл, хъæддзаутыл, æмæ уыдон сæ размæ бабадынц, байсынц сын сæ фæллой. Сæхи дæр ууыл фæдзæхсынц. Æмæ сæ къухы куы ницы бафты, уæд æй Сау барæджы аххос фæкæнынц. Адæм та йæм кувынц, цæмæй сæ уыдонæй хъахъхъæна.

Раджы, тынг раджы Тырсыгомы цард иу фыдгæнæг абырæг Лоло. Хуыцау ыл рахатт, йæхи дыууæ æфсымæры дæр кæй амардта, уый тыххæй. Иуахæмы Лоло йæхи бафæдзæхста Сау барæгыл æмæ та йæхи хуызæн дыууæ фыдгæнæгимæ адæмæн батых кæнынмæ æрхызт Мнайы цъитийы сæрты. Йæ цæст æрхæцыд рæсугъд чызг Хорæйыл. Уый йæ фыды сæрдыгон фосдарæнмæ æдасæй, уæндонæй фæцæйцыд хохаг тæссаг фæндагыл, фосæн дон бадарынмæ.

Сабыр уыдис комы. Мигътæ уæззаугай лæсыдысты хæхты уырынгтæ риутыл, Мнайы сæрыл та бадт урс æврагъ. Лоло фæйнæрдæм афæлгæстытæ кодта. Сау айнæджы рындзыл сау бæхыл, сау хæстон дзаумæтты, тары æмбæхстæй лæууыд Сау барæг æмæ Лолойæн йæ къухæй амоны чызджы 'рдæм. Лоло йæхи чызгыл рауагъта. Аскъæфта йæ æмæ куыддæр цъитийы рæбыны сæлæф митмæ бахæццæ, афтæ мигътæ фæйнæрдæм фæлыгъдысты, Мнайы сæр урс æврагъ атад, æмæ Лоло сагъдауæй аззад. Хохы цъуппыл æнусон цъитийыл æнцад-æнцойæ лæууыд арвы дзаг Урс барæг. Урс бæхыл, цæхæртæ калгæ уæлæдарæсы. Йæ цæсгом — мæстыхуыз. Лоло базыдта Уастырджийы, мæгуырты сæрыл æмæ рæстыл тохгæнæг, фыдгæнджыты æфхæрæг Уастырджийы.

Сау барæг дæр фырадæргæй фæстæмæ фæцудыдта æмæ æд бæх сæрсæфæн рындзæй атахт. Йæ уынæр зæй расайдта, æмæ йæ хъæлæсы абырджыты ахаста.

Бæстæ куы æрсабыр, уæд та æврæгътæ пирæнгæйттæй зилæнтæ систой хæхты риутыл, Мнайы цъуппытыл. Дæлейау зæйы сæрыл иунæгæй тарст æмæ æргъæвстæй лæууыд Хорæ дæр.

САУ БАРÆДЖЫ КУВÆНДОН — ис Уæлладжыры комы хъæу Бызы сæрмæ. Бызы сæрмæ хъæды Сау Барæг фембæлд дыууæ абырæгыл, фæдзæгъæл сты æмæ дзы ракуырдтой, цæмæй сын фæндаг бацамыдтаид. Бацамыдта сын, æмæ сæ иннæ æртын аст æмбалмæ хабар куы бахастой, уæд сæ хæрзгæнæджы амарын сфæнд кодтой. Фæсте йæ расырдтой, æмæ сын сæ фæнд æргомæй куы базыдта, уæд абырджытимæ схæцыд æмæ сæ ныццагъта. Уый фæстæ хъæумæ æрцыд, иу хæдзары æрфысым кодта. Фысымы æддæмæ ракодта. Бацамыдта йын

бæрзонд айнæг хохмæ æмæ йын загъта: «Ам уæ цæрæн бынат тынг уынгæг бынат у. Уæлæ уыцы къæдзæхы фæстæ бирæ хорз фосхизæнтæ ис». Йæ алы ныхасы дæр цæмæдæр гæсгæ амыдта уыцы хохмæ. Уый адыл уазæг райсомæй цы фæци, уый ничиуал базыдта, æмæ йæ кой айхъуыст хъæуыл. Абырджыты мæрдтæ куы ссардтой, уæд бамбæрстой, сæ хъæуы хуымæтæг уазæг кæй нæ уыд, Сау Барæг сæ кæй бабæрæг кодта, æмæ цы хохы бæрзондмæ амыдта, уым йæ номыл кувæндон скодтой. Сау Барæджы кувæндон бæрзонд хохыл кæй ис, хистæртæн зынцæуæн кæй у, уымæ гæсгæ йын фæстæдæр хъæубæстæ кувæндон хъæумæ хæстæг сарæзтой æмæ йæм уырдыгæй уæлæмæ кувынц.

САУДАРÆН — марды фæдыл саутæ — сау уæлæдарæс скæнын, нæлгоймæгтæн хилдарын. Куы сæ фæисынц, сæ хил куы фæдасынц, уæд уый та хуыйны Сауисæн æмæ Хилдасæн.

САУДЗАГЪД ÆМÆ КЪУЫПНЫХ — афтæ хонынц уæйгуытæ Батрадзы.

САУИ — аргъау «Фаззæтты» Будзийы фаззон æфсымæр. Кæс «Будзи».

САУМÆРАТÆ — нæртон мыггаг. Саумæратæй сты Къандз æмæ йæ фырт Сæууай.

САУМÆРОН — Нарты кадджыты цæры Сау комы рæбын. Хонынц æй хæдарæг ус.

САУМÆРОН БУРДЗÆБÆХ — Нарты Уырызмæг æмæ Сатанайæн Сырдоны фыдæлгъысты азарæй сæ цотæн бирæ цæрæнбон нæ уыд. Цы авд фырты сын рантыст, уыдонæй чи йæхи къухæй амард, чи та — искæй. Уыцы авд фыртæй иу уыдис Айсана, йæ ус та — Саумæрон Бурдзæбæх. Саумæрон Бурдзæбæх ахæм мæсыджы бадти, æмæ йын йæ сæр цæст нæ уыдта, æмæ ахæм лæгæн куымдта, мæсыгæн йæ бынæй йæ сæрмæ йæ хъæр кæмæн фехъуыстаид. Бирæ усгуртæ йæм фæцыдис, фæлæ йæм дзы никæй хъæр сыхъуыстис, æмæ-иу цавддуртæ фестадысты. Айсанайы хъæр дæр æм не сыхъуыст, æмæ уæд йæ бæх ныууасыд. Мæсыджы цъуппæн бæхы уастæй йæ тигъ æркалди. Саумæрон Бурдзæбæх Айсанайы йæ бæхы уастæй базыдта æмæ йæм æрцыд йæ мæсыджы сæрæй. Уый рагацау зыдта, Айсана йæ хъысмæт кæй у, рахызт мæсыгæй æмæ йæ мойаджы фæсарц бабадт. Айсана Саумæрон Бурдзæбæхы рахаста уырдыгæй æмæ цæрынмæ æрцыдысты Нарты хъæумæ.

Саумæрон Бурдзæбæх æвæджиау хорз сылгоймаг уыд. Сосланы ус Айсанайæн йæ уайдзæфы фæстæ хуымæтæджы нæ загъта: «Цы дын стон, исты мын Саумæрон Бурдзæбæхы куынæ æрхастай?». Æмæ йæ уыцы ныхасы фæстæ æрхаста.

Саумæрон Бурдзæбæхмæ ис зæлдаг кæлмæрзæн. Галиуæрдæм æй куы разилы, уæд тыхгæнджытæ цавддуртæ фестынц, рахизæрдæм æй куы фæзилы, уæд та — лæгтæ.

САУТÆИВÆН — марды фæдыл саутæисæны фæтк.

САУ ЦАРД — ис дæлимонты бæстæйы, авддæлзæххы.

САУ ЦЪЫЗЗЫ ЦЪАС — дæлимонты зындон.

САФА — ирон мифологийы артдзæсты, къонайы рæхысы, цыргъаджы æмæ бинонты фарны зæд. Нæ фыдæлтæм æппæты кадджындæр зæдтæй иу.

Бады Уасхойы бæрзондыл. Уый хъахъхъæны артдзæсты зынг, бинонты фарн, цыргъаг — кардæй, фæрæтæй — сты йæ къухы. Бынтон табуйаг та уыдысты уæларвы йæ арæзт къонайы рæхыстæ. Алы бинонтæ дæр сæхи фæдзæхстой Сафайыл. Сафа стыр бынат ахсы Нарты кадджыты дæр. Цытджындæр зæдтæ кæм æрæмбырд вæййынц, уым вæййы Сафа дæр. Уыимæ арæхдæр — йæхимæ. Уæдæ Нартимæ бынтон хæларæй кæй цæры, уый бæрæг у уымæй дæр, æмæ Уырызмæгæн лæппу куы райгуырд, уæд уайтагъд урс галы æфцæгыл зæлдаг бæндæн бафтыдта æмæ Уырызмæджы дуарæй бахъæр кодта: «Чи райгуырд, уый цæринаг, йæ хъаны бар та мæн куыд уа!» Йæхæдæг гал аргæвста æмæ куывд скодта Нартæн. Лæппуйыл ном сæвæрдтой Айсана, зæгъгæ, стæй йæ Сафа ахуыдта йемæ уæларвмæ. Айсана куы рахъомыл ис, уæд æм цыдысты уынынмæ Сафайы хæлæрттæ: Уастырджи, Æфсати, Тутыр, Уацилла æмæ иннæтæ. Сафайæн ма уыд хъан Хъырым-Солтан дæр. Ис кадæг «Сафа Сатанайы куыд фæсайдта». Уым бынтон хорзæй æвдыст нæ цæуы. Уæдæ сæм Нарты дзуар Батрадзæй куы балыгъд, уæд сын Батрадз кæны фидистæ, хоны сæ саухъустæ, ома арты куыст чъизи у, æмæ уымæ гæсгæ. Сатана та Сафайы хоны милгуыбын.

Сафайы хъæппæрисæй зæдтæ цардыхосы лæвæрттæ ракодтой Сосланæн — Нартæн.

САФАЙЫ РÆХЫС — Къонайы рæхыс. Ирон адæмы фыдæлтæ кæддæр артмæ куывтой, æмæ цыдæриддæр артимæ баст ис, уый сын табуйаг уыд. Уæлдай тынгдæр та Къонайы рæхыс — Сафайы конд рæхыс. Хохаг алы хæдзары дæр уыд артдзæст, йæ сæрмæ та — уæларты рæхыс. Зындгонд куырдты арæзт рæхыстæ. Фæлæ дзы уыдис ахæмтæ дæр, адæм уæларвæй Сафайæ рауадзгæ рæхыстæ кæй хуыдтой. Ахæм рæхыстæ-иу цы бинонтæм, хæдзарвæндагмæ, хъæубæстæм уыдис, уыдон сæхи стыр амондджын хуыдтой. Ныр дæр ма сæ хæхбæсты бирæ бинонтæ сæ къонайы сæрæй нæ рафтыдтой, быдырмæ чи ралыгъд, уыдон сæ бæрæг ран сауыгътой кæнæ арф бафснайдтой æмæ сæ цæстыгагуыйау хъахъхъæнынц.

Сафайы рæхысы стыр фарн ис. Ног чындз-иу хæдзармæ куы бакъахдзæф кодта, уæд æй къухылхæцæг хъуамæ æртæ хатты æрзилын кодтаид йæ алыварс, нæлгоймаг-иу сомы кæнæ ард куы хордта, уæд-иу æнæмæнг хъуамæ бавнæлдтаид Къонайы рæхысмæ, æцæгæлон-иу бинонтыл йæхи куы фæдзæхста, уый-иу Къонайы рæхыс йæ хъуырыл атыхта, æмæ йын уыдоны æвастæй знаггад ничиуал ракодтаид. Бинонтæй-иу нæлгоймаг куы нал баззад, уæд-иу сæ чызджыты хистæр сæ Къонайы рæхыс йе ‘фцæгыл æрæфтыдта. Афтæ бакодта Хетæгкаты Олгъа, йæ намысджын иунæг æфсымæр Къоста куы амард, уæд. Ælгъыстæн баззад: «Дæ рæхыс де ‘фцæгыл ахæсс!».

Сафайы рæхыс — Къонайы рæхыс адавын, æддæмæ раппарын мæлæтæй карздæр уыд. Худинаг уыд æппæт хæдзарвæндагæн, тæссаг — уыцы ми чи кодта, уымæн. Æфхæрдты Хæсанæйы мад Госæма йæ фыртæн йæ фыды

марджыты тыххæй куы дзуры, уæд уæлдай тынгдæр тыхсы, сæ Къонайы рæхыс сын кæй рафтыдтой æмæ йæ фаджысмæ кæй аппæрстой, ууыл. Амарынæй, Къонайы рæхыс æддæмæ раппарынæй — фæчъизи йæ кæнынæй кæцы карздæр уыд, уый нæ хицæн кодта ирон адæймаг.

САФАЙЫ УАСХО — Сафайы кувæндон. Уырдыгæй Æфсати дзуры Комиайы фырт — хорз цуанонмæ, цæмæй йын хæйрæгæй байса йæ чызг Хайырхъызы.

САФАЙЫ ХÆРЫНКЪА — Сатана Сафайæн сайын бакуымдта йæ хæрынкъайы тыххæй. Хæрынкъа та ахæм уыд, æмæ, Уырызмæг афæдз балцы куы уыд, уæд Сафа Сатанамæ уазæгуаты æрцыд, æмæ йæ йæ дзыппæй сласта, зæхмæ йæ аппæрста, æмæ дзы лæппу æмæ чызг агæпп ластой. Лæппу рацахста, Сатана Сафамæ æргæвдынмæ цы бурæнæл фыс æрбакодта, уый. Чызг фынг радавта. Фынгыл æй авæрдтой — аргæвстой йæ æмæ йæ бафтыдтой аджы. Куы сцæттæ ис, уæд æй райстой æмæ фынг æрæвæрдтой Сафайы раз æмæ загътой Сатанайæн: «Гъеныр ын цы хæрын кæныс, уый йын бахæрын кæн». Хæрынкъа Сатанайы зæрдæмæ афтæ тынг фæцыд æмæ йæ йæхи бакæныны тыххæй Сафайы фæндыл ацыд.

САХЪОЛАЙЫ УÆЗÆГ — кадæг «Сосланы кæрц»-ы Сослан хъулæй хъазы Елтагъанимæ Сахъолайы уæзæгыл æмæ йæ амбулы.

САХЪОЛАДОН — цавæрдæр цæугæдон адæмон сфæлдыстады.

СÆГДЗÆФ ЧЫЗГ — æнхъæлцау, сывæрджын чындз. Афтæ хоны Болатбæрзæй йæ чындз Дзылæуы ус Сæуæссæйæн. «Сæгдзæф чындз дæм æркодтон. Дзылæуы уд та дзæнæттаг баци», — зæгъы йын.

СÆДÆСÆРОН УÆЙЫГ — Нарты кадджыты ис ахæм уæйыг дæр, фæлæ Нартыл ничи тых кодта.

СÆДГÆР СЫФ — хосгæнæн зайæгой кадджыты. «Уырызмæг сæдгæр сыф доны рафыхта æмæ уыцы донæй æрæхсын кодта Уæрхæджы цæстытæ. Уæрхæг йæ цæстытæй ракаст.

СÆЛИМÆТ — Сырдоны чызг. Иу кадæджы йæм усгуртæ æрбацыдысты, æмæ дзы Сырдон афтæ тынг феппæлыд, æмæ йын æгæр æппæлд фæци. Дзургæ-дзурын æй сывæрджын дæр ма рахуыдта, ома, хъуг уæй куы фæкæнынц, уæд æй æлхæнæг, заинаг у, уымæй фæфæрсы. Заинаг хъуг та зынаргъдæр у — йæ родимæ уæйгонд цæуы.

СÆЛХÆ-РÆСУГЪД — Челæхсæртæджы чызг.

СÆЛХÆЙЫ РÆСУГЪД — «Сæлхæйы хъæуы Сæлхæйы рæсугъд сфæнд кодта моймæ фæцæуын», — зæгъы нын таурæгъ. Æмæ йæ курджытæй йæ зæрдæмæ арф ныххызт, фæндыræй хуыздæр чи ацагъта, уый — Донбеттыртимæ хæсты мæлæтдзаг цæф лæппу. Фæлæ уый йæ хъæбысы йæ уд систа. Æвæдза, марды ингæны бавæрой, афтæ Сæлхæйы рæсугъд болат хæсгардæй фæрæхуыста йæ зæрдæ æмæ уыцы ран систа йæ уд. Сæлхæйы дзыллæ иу ингæны бавæрдтой дыууæ марды дæр.

СÆМÆДОН — Нарты фыдæл Сæуæссæйы Зынджы бардуаг арты бахсиды, стæй йæ

Сæмæдоны ныппары, æмæ лæг цъæх æндон фесты.

СÆМÆТХАН — Хуры фырт.

СÆМГÆФ — денджызы цæрæгой, æвæццæгæн дельфин.

СÆНТСАУ ДОНБЕТТЫР — лæггадгæнæг, цумагæнæг Донбеттыр.

СÆР, БÆРЗÆЙ ÆМÆ УÆН — ирон адæм кусарты сæр фынгыл æвæрынц хистæрæн кад кæнгæйæ, хистæры фарны нысанæн, сæ куырыхон зонды нысанæн. Хистæрмæ царды фæлтæрддзинад кæй ис æмæ кæстæрты рæдийын кæй нæ уадзы, кæй сыл ауды. «Хистæрæй зондджын, кæстæрæй арæх куыд уæм», — уымæ куы кувынц. Ирон фынгыл бæрзæй та нысан кæны, царды сой кæй къухтæй тæдзы, уыцы астæуккаг фæлтæр. Царды уæз уыдоныл æнцой кæны, галы бæрзæйыл æфсондз æвæрдау, цотгæнджытæ æмæ цардаразджытæ дæр уыдон сты, хæдзар, бинонтæ дарджытæ. Уæн æрæвæрынц æхсар, хъару æмæ лæгдзинады нысанæн. Уыдон та сты фæсивæдмæ, Фыдыуæзæг, Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнджытæ, сабырцардхъахъхъæнынц, цæмæй хистæртæ æдыхст уой, астæуккаг фæлтæрæн фадат уа цард рæсугъд æмæ бæркадджындæр кæнынæн, кæстæртæ фылдæр кæнын æмæ сæ раст хъомыладæн. Кæстæрты цæрæнбоны тыххæй сидты рад куы æрцæуы, уæд сæм æртæ хистæры раздæр нуазæнтæ уæны фыды хаимæ уымæн адæттынц. Хæсты-иу чи фесгуыхт, уымæн та уæн æнæхъæнæй лæвæрдтой кады нуазæнимæ. Ома, ноджы уæнгфидардæр у æмæ тынгдæр сгуых.

СÆРЗÆНТ — æфсæн худ.

СÆРЗÆД, СÆРЫЗÆД — рагон ирон хæдзары сылгоймæгты хайы хурныгуылæны ‘рдыгæй къуымы-иу сагъд уыдис алыхуызон нывæфтыдтæй аивгонд сæрмагонд цæджындз. Фидаргонд ыл-иу уыд хъæддаг кæнæ хæдзарон цæрæгойты сыкъатæ. Уый уыдис бинонты амонд хъахъхъæнæг Сæрзæды, Сæры зæды бынат. Сæрызæд уæлдай кадджындæр уыдис æмæ у, хæдзармæ ног чындз куы æрбахæссынц, уæд. Къухылхæцæг æмæ æмдзуарджын æй фыццагдæр кодтой Къонайы рæхысы цурмæ, стæй та Сæрызæды бынмæ. Къухылхæцæг æй хъуамæ бафæдзæхстаид Сæрызæдыл. Чындзæн æртыккаг бон истой йæ хыз. Хызисæг ын, чындз йæ цæгатæй цы тырысагонд — Сæрзæды хæцъил æрбахæссы, уымæй йæ хыз сисы, æртæ хатты йын æй кувгæ-кувын йæ сæрты рахизæрдæм æрзилгæйæ. Хыз йæ дзыппы нывæры, йе ‘гъдау скæныны æфсонæн, Сæрзæды хæцъил та тырысайау ныссадзы зæды бынаты. Уымæй бæрæггонд цæуы, чындз бинонтыл кæй бафтыд, Сæрызæд æй кæй банымадта бинонтыл.

СÆРЗÆДЫ ХÆЦЪИЛ — чысыл урс тырысагонд, йæ кæрæттæм хæрз æввахс йæ хуылфы уардихуыз хъуымацы уадздзаг даргъ сынкау тъыст. Æрцæттæ йæ кæнынц ног чындзæн йæ цæгаты, æмæ æнæхъæдæй æвæрд вæййы мыды къусимæ. Усгуры хæдзары хызисæг куы сбæрæг кæнынц, уæд ын уый хъæд саразы æмæ йæ ууыл рагацау æрфидар кæны. Хыз сисыны бар ын куы радтынц, уæд æй ног чындзы сæрмæ рахизæрдæм æртæ зылды æркæны: «Фарн, фарн, фарн! Фараст лæппуйы æмæ иу цъæх чызг!», кæнæ: «Фарн, фарн, фарн! Авд

лæппуйы æмæ иу цъæх чызг!» æртæ хатты куыд хъæрдæрæй дзургæйæ. Сæрзæды хæцъилы хъæды бырынкъæй ног чындзæн йæ хызыл схæцы æмæ йын йæ цæсгом Бынаты бардуаджы æрдæм байгом кæны. Стæй Сæрзæды хæцъил — тырыса рæбынæй Бынаты бардуаджы къуымы бæрзонд ран фæфидар кæны йæ бырынкъæй, аив куыд зына, адæмы зæрдæтæ дзы куыд райой, афтæ.

Сæрзæды хæцъил табуйаг у. Уæлдайдæр та ног чындзæн, йæ амонды нысаныл æй нымайы, йæ сæры зæды фæдзæхсæныл æмæ йæ цæстыгагуыйау хъахъхъæны, нымд дзы кæны. Йæ тыхст сахаты йыл йæхи фæдзæхсы. Уæлдайдæр та йе ‘фсинæй, йæ мойæ масты ныхас куы фехъусы, сывæллон ын æрæгмæ куы фæгуыры, уæд. Уый йын хъахъхъæны йæ амонд, йæ царды фæтк ын хорзæрдæм здахы. Æмæ йæ йæ бынатæй райсы, цот ын куы рацæуы, йæ мойы хæдзары куы æрфидар вæййы, æрмæстдæр уæд. Уæд дæр ыл йæ къух нæ сисы, йæ чындздзон дарæсимæ йæ чырыны арф бафснайы.

СÆРТÆНЗÆТ — Нарты кадджыты сагтæм сидæн уадындз.

СÆРХЪИС ÆМÆ ТÆНХЪИС БÆНДÆНТÆ — сты дæлимонтæм.

СÆРЫ ДЗИДЗА — кæддæр, дам, аланты æфсады балхонтæй иу знагмæ уацары бахауд. Алайнагæн йæ хъæбатырдзинад дæрдтыл хъуыстгонд уыд, æмæ уацары кæмæ бахауд, уыдоны паддзах йæхицæй ныббуц, ахæм хъæбатыр лæг æм цъиуау къалатийы кæй бады, уымæй. Йæ амарыныл нæ тагъд кодта, æххормагæй йын йæ хъару, ныфс асæттын уыд йæ фæнд. Хъоргъы йæ ныппарын кодта ахæм дзырдæй: «Дæттут ын æрмæстдæр иухуызон хæринаг, цæмæй хъизæмæрттæ кæнгæ, фыдудæй дæргъвæтин рæстæг ныфссаст æмæ æдыхæй мæлын дæр ма фæраза. Хæринаг, иу хæринаг та равзарæд йæхæдæг».

Аланты æфсадхонæн йæ уавæр куы бамбарын кодтой, уæд уый хæринæгтæй равзæрста сæры дзидза.

Бонтæ цыдысты, азтæ ивтой кæрæдзи, алайнаг хъæбатыр хæстон бадт хъоргъы, цард айдагъ сæры дзидза æмæ донæй, фæлæ знаджы фæндиаг нæ кодта: йæ хъару, йæ ныфс нæ саст. Уæд æм иуахæмы паддзах уынынмæ бацыд, йæ сары бон ыл мæ къах æркъуырон, зæгъгæ. Алайнаджы удфидар æмæ цæттæ хæстонæй куы федта, уæд фырмæстæй йæ цæстыты туг абадт, йæ фæсдзæуинтыл ныббогътæ кодта, нæл гæдыйы хаст æй цавæр хæринагæй кодтат, зæгъгæ.

Фæсдзæуинтæ йын бамбарын кодтой, дæ бардзырдмæ гæсгæ йын æрмæст иу хæринаг — кусарты сæры дзидза æмæ дон, æндæр кæй ницы лæвæрдтой. Уыцы-иу хæринаг та, ды нын куыд бафæдзæхстай, афтæ равзарын кодтам йæхицæн, зæгъгæ.

Паддзах куы æрсабыр, уæд алайнаджы йæхимæ æрбакæнын кодта æмæ йæ æрфарста, сæры дзидза цæмæн равзæрста, уымæй. Уый йын радзырдта, йæ рагфыдæлтæй нырмæ йæ адæм кусарты сæрæн куыд кад кæнынц, цы фарн æвæрд дзы ис, уый. Хистæрты раз æй цæмæн æвæрынц… Стæй, дам, сæры

дзидзайы ис, адæймаджы буары цыдæриддæр хъацæнтæ хъæуы, уыдон. Ахъаз у суанг стæг æмæ сæры магъзæн дæр.

Паддзахы йæ уацайраджы адæмы зонд æмæ æрхъуыдыдзинад фæцагайдтой, йæ зæрдæ фæфæлмæндæр, æмæ алайнаг æфсадхоны кад æмæ радимæ рафæндараст кодта йæ фыдæлты бæстæм.

СÆРЫ КÆХЦ — раздæр Нартæн сæ сæры кæхцытæ исгæ уыдысты. Алчидæр-иу йæ сæры кæхц систа, æрдаста-иу æй æмæ та-иу æй фæстæмæ ныккодта. Фæлæ Уырызмæг йе ‘нæном лæппуимæ хæтæны Терк-Турчы бæстæм куы ацыд, уæд уым ахæм дымгæ ракодта, æмæ зæххы цъар уылынджы бæрц хаста. Уырызмæг йæ лæппуимæ уæрмы бæргæ уыд, фæлæ нал фæлæууыд — йæ сæр сдардта, æмæ йын дымгæ йæ сæры кæхц систа æмæ йæ фæхæссы. «Æгъуыстуай куыд фæдæн, гъе, мæ хистæр æнæ сæры кæхцæй зайдзæн! — загъта лæппу æмæ сгæпп кодта уæрмæй. Сæры кæхц тулгæ-тулын рацахста. Уырызмæджы сæрыл æй æркодта æмæ дзуры: «Амæй фæстæмæ Нартæн сæ сæры кæхцытæ сисгæ мауал уæнт!».

СÆРЫН — æфсæйнаг, æндон хъæбæрдæр кæнын. Нарты кадджыты хъæбатыртæ цыфæндыйæ дæр архайынц сæхи байсæрын, сфидар, схъæбæр кæныныл, фат сæ куыд нæ хиза, кард сæ куыд нæ карстаид, афтæ. Зæгъæм, Батрадз йæхи байсæрын кодта уæларвон куырд Куырдалæгоны куырдадзы, Сослан та ма йæхи байсæрын кодта бирæгъы æхсыры дæр.

СÆРДАР — адæмы сæр чи æрлæууы æмæ сæ царды раст фæндагмæ цæлхдурты сæрты дæр чи ахизын кæны, ахæм фæрнджын адæймаг — царды тырысахæссæг. Сæрдары бынаты чи балæууы, уыцы адæймаг йæхимæ стыр хæстæ райсы, адæмы бæрны бацæуы, æмæ адæмы æууæнк бахъахъхъæнын æнцон нæу, куырыхон зонд, зæрдæйы хорзæх æмæ стыр ныфс домы.

СÆРЫ ХИЦАУ — афтæ уæзданæй хоны ус йæ лæджы, йæ мойы, йæ цардæмбалы. Стæй ма нæ лæг дæр. Лæг та йæ усы — сывæллæтты мад, нæ къæбæргæнæг, куы фæзæронд вæйиы, уæд та æфсин, кæнæ усай. Лæгæн йæ цардæмбалæй «мæ ус» зæгъын ирæттæм æфсæрмыгæнинагыл нымад у. Дæ ус, дам, у, уый мах дæр зонæм, куы нæ йæ зæгъай, уæддæр. Лæг æмæ усæн кæрæдзимæ номæй дзурын дæр æгъдау нæ амоны. Уым дæр цыдæр сусæгдзинад æвæрд ис.

СÆРЫХЪÆРЗÆН — дæлимонты зындонмæ бахизæн.

СÆТÆЛÆГ — иу кадæджы Æхсар æмæ Æхсæртæджы æфсымæр.

СÆТТИ ÆМÆ БÆТТИ — Сæтти æмæ Бæтти дыууæ сыхаджы уыдысты. Сæтти — магусайæ цæлуарзаг, Бæтти та — уæззау куыстæй дзæгъæлгуыстгæнæг.

Сæттийæн уыд сахъари хæдзар, Бæттийæн та — кауын хæдзар. Сæттийæн йæ ис, йæ бис — иу зæронд куыдз, Бæттийæн та — иу уасаг гæды. Сæтти — даргъ лæг, Бæтти — цыбыр лæг.

Сæттийæн — стыр сырх зачъетæ, Бæттийæн — чысыл бур зачъе. Сæттийыл — урс дæлæсин цухъа, Бæттийыл — бур уæлæсин цухъа. Сæттийыл — къогъодзитæ, Бæттийыл — æрчъитæ. Сæ райгуырдæй сæ амæлынмæ хицæн

нæ кодтой, афтæмæй та иумæ æнцад цæрын нæ зыдтой. Сæ ми, сæ ныхас кæрæдзиуыл нæ бадт, афтæмæй æнæ кæрæдзи дæр нæ фæрæзтой. Сæтти Бæттийыл худти, Бæтти — Сæттийыл. Иу иннæмæй адæмæн æмбисæндтæ хаста, дæлджинæг æй кодта. Атто фæрсы Биттойы:

– Сæтти æмæ Бæтти нæма бафидыдтой?

– Фæндгæ сæ бæргæ кæны.

– Фæлæ цы?

– Фæстаг хатт цæй фæдыл фæхъæлæба сты, уый сæ ферох. Сæтти æмæ Бæттийы — адæмон сфæлдыстады ныхмæвæрд фæлгонцты ахæмтæй зонынц ирон адæм, æмæ чи нæ фæфидауы, уыдоны тыххæй фæзæгъынц: «Мæнæ Сæтти æмæ Бæтти!», «Сæтти æмæ Бæттийау та сæ мыды къæм бахауд».

СÆУМÆДЗÆХ — Идæдз усы фырт, Мæйвæлурсы мойаг.

СÆУУАЙ — Саумæраты Къандзы иунæг фырт. Райгуырд ын зæрондæй, бæхыл бадынæн, стæры цæуынæн куы нал уыд, уæд. Уымæй дæр Хуыцаумæ йæ усы куывд æмæ лæгъзтæтæй, æнæ байзæддагæй нæ ма амар, зæгъгæ.

Сæууай куы райгуырд, уæд йæ мады дзидзитæ дæндагæй кæй хордта, уый тыххæй йæ Къандз цъитийы цъасы ныппарын кодта, æмæ йæ уым бирæгътæ сæхицæн схъомыл кодтой. Æмæ йæ уæд Къандз æрбакæнын кæны.

Сæрæнгуырд рауад Сæууай, йæ фыд Къандзæн аккаг хъæбул, хъаруджын, тыхгæнæг ын тых нæ ары, æгъдауджын, хорз кæстæр, хорз цуанон. Борæтæ Ахъденджыз æмæ Хъара-денджызы астæу сакъадахæй Нарты Хъазæн фæзмæ сæ зæронд мæрдтæн дугъ куы рауагътой, уæд Хъазæн фæзы сагъд тырысамæ фыццагдæр æрбахæццæ Сæууай. Уый фæдыл Уырызмæгимæ фæхъаугъа, фæлæ уæддæр фыццаджы хай — уацайраг лæппу æмæ Уырызмæджы хай — уацайраг чызджы дæр йæ фыдмæ æркодта. Сæууай ахæм æвзыгъд уыдис, æмæ дзы Æхсæртæггатæ тæрсын райдыдтой, Уырызмæг æмæ Къандз тудджынтæ кæй уыдысты, уый тыххæй. Фæлæ Сæууай бауарзы Сатанайы чызджы æмæ йæ фыдмæ баминæвар кæны: «Æз каис бакодтон æнæ дæу бафæрсгæйæ нæ тудджынтимæ æмæ ирæдыл сразы дæн. Ныр гæнæн нал ис, æмæ чындзхæсджытæ кæнын хъæуы». Уырызмæг æмæ Къандз Сæууайы фæндонæй фынджы рагъыл туджы фидыд бакодтой.

СÆУÆССÆ — Нарты фыдæл. Сæуæссæйæ равзæрдысты Нартæ. Йæхæдæг та дунемæ фæзынд афтæ:

Зынджы бардуаг Уаз къуылдымыл арт скодта, æмæ артæн йæ фæздæг арвмæ цыд. Зæдтæ йæм смæсты сты æмæ йыл Галæгонмæ бахъаст кодтой: «Нал нæ уадзы цæрын йæ фæздæгæй, фæхæсс-ма йын йæ арт искуыдæм».

Галæгон сдымдта, æмæ арт тынгдæр сцырын, хъæдыл сирвæзт, кæрдæг ссыгъди, дуртæ сырх зынг фестадысты æмæ тъæнджытæ хаудтой.

Зынджы тæлмытæ сæм фæхæццæ сты дзуæрттæм, æмæ хъаст райдыдтой дзуæрттæ Хуыцаумæ: «Ферваæзын нæ кæн Зынджы бардуагæй. Æмбиссыгъд фестæм, æмбиссæфт фæкодтам».

Хуыцау Зынджы бардуагæн зæгъы:

– Æгæр сæ фæцагътай дзуæртты. Мауал сæ саф.

– Нæ сæ ныууадздзынæн, Хуыцау. Фæлтау, мæ цæхæрыл физонджытæ чи кæна æмæ дæуæн дæр чи кува, ахæм лæг сæвзæрын кæн дунейыл, æмæ сæ ныууадзон.

– Ахæм лæг райсом фæзындзæн…

Хуыцау сæумæраджы сæвзæрын кодта лæг æмæ йæ Зынджы бардуагмæ æрæрвыста:

– Кæрæдзиуыл нæ хæцы, æмæ йæ бахсид дæ цæхæры.

Зынджы бардуаг лæджы й'арты бахсыста, сæумæдоны йæ ныппæрста, æмæ лæг цъæх æндон фестад.

Лæджы ном Зынджы бардуаг схуыдта Сæуæссæ, дунемæ сæуыскастыл кæй фæзынд, уымæн.

Сæуæссæ ракурыдта Донбеттыры чызджы, æмæ æрцардысты Зилгæ цады был. Цард сын бацайдагъ Сæуæссæ æмæ Донбеттыры чызгæн, æмæ сын райгуырди æртæ фырты:

Борæ уыди сæ хистæр, Дзылæу — астæуккаг, Болатбæрзæй — сæ кæстæр. Æмæ ауагътой йæ цот мыггаг æвидигæ.

Сæуæссæ куы фæзæронд, уæд фидары бадт, йæхи хызта уæйгуытæй. Мæсты йæм уыдысты — бирæтæ дзы фæцагъта, бирæты та дзы цæнкуылтæ фæкодта. Зыдта, æвыдæй йæ нæ ныууадздзысты, æмæ фидары мидæг уæрм скъахта. Уым уазал дон цыдис, æмæ-иу куы стæвд, уæд дзы-иу ныббырыд, æмæ-иу йæ болат буар йæ ранмæ æрцыд.

Сæуæссæ йæ дзæккорыл æфсæн зæгæлтæ ныффидар кодта, сæвæрдта йæ мæсыджы сæр æмæ уырдыгæй фæлгæсыд: мыййаг искуыцæй куы фæзыной уæйгуытæ. Фидары дуæрттæн ахæм æргъæвæнтæ сарæзта, æмæ бакæнын нæ куымдтой.

Уæйгуытæ йæм фидармæ бырсын райдыдтой, асинтæ æвæрдтой къултыл, æмæ дзы иутæ бырынц уæлæмæ, æмæ йемæ хæцгæ кодтой, иннæтæ та хъæдтæ æмæ сугтæ ластой æмæ сæ фидары къулты фæрстыл амадтой. Сæуæссæ базыдта, цæмæ хъавынц, уый — арт ыл æндзардзысты, æмæ фидары сæрмæ йæхи сласта. Уæйгуытæ йæ фæдыл бырынц. Фидары сæр йæ дзæккоркъулæг йæ къухы бафтыд, æмæ дзы уæйгуытыл ралæууыд. Даргъ æфсæн зæгæлтæ дзы кæуыл аныдзæвынц, уый цæрдхуынкъ фæкæнынц. Афтæмæй сæ цæгъды.

Уæдмæ арт сирвæзт фидарыл. Сæуæссæ уый куы федта, уæд рагæпп ласта фидарæй. Уæйгуыты хистæры йæ быны афсæрста, йæ сæр ын акъуырдта æмæ йæ цæхæрмæ баппæрста.

Уæйгуытæ бакалдысты Сæуæссæйыл, сæ быны йæ ракодтой æмæ йыл арт бафтыдтой. Сæуæссæ сырх цæхæр сси. Йæ бæттæнтæ бæргæ асыгъдысты, базгъордта ма фидармæ, цæмæй уæрмы донæй йæхи æруазал кæна, фæлæ йæ нал бауагътой уæйгуытæ. Уый сыл йæ дзæккор — къулæгæй ралæууыд.

Фæсгæнахы дуар фегом кодта. Фæлæ та йæ уæйгуытæ нал бауагътой мидæмæ бахизын.

Уæд Сæуæссæ мæстæй рагæпп кодта фæстæмæ, куыройы цалхау ныззылдта йæхи æмæ, йæ буар кæуыл ныдзæвди, уый-иу фæтымбыл æмæ æрбамард. Фæцагъта ма Сæуæссæ уæйгуытæй бирæ, фæлæ йе 'фсæн буар æрфæлмæн и, афтæмæй фыртæвдæй зæхх фескъуыд, æмæ дзы Сæуæссæ æгасæй аирвæзти.

СÆХМÆТХАН — Стъалыйы фырт.

СÆГУЫТ, БАЗЫРЫХЪ, ХЪАРСА — нæртон лæгтæ.

СÆХЫГ — Нарты хæрæфырт, æххуысмæ сын æдзухдæр у цæттæ.

СÆ ЧЫЗГ — афтæ хуыдта чындз йæ мойы хойы, ходыгъды. Нарты кадджыты Уырызмæджы ус Алæгаты Елда Сатанамæ дзуры: «Сæ чызг, мæ худинаджы рæстæг æрцыди: мæ ронг нал æнхъизы; де 'фсымæр мæ æдзæллагæй куы 'рбаййафа, уæд мæ маргæ кæндзæн».

СГУЫ — дзуары номыл, цины кусарты агъдæй къахы æхсæн хай. Цины фынгыл рахиз сгуы лæвæрдтой сгуыхт кæстæрæн, галиу сгуы та нывæрынц цыты уазæгæн, кæнæ та йæ ахæссы, хорз хъуыддаджы фæдыл иннæ хатт фынг кæмæ уыдзæн, уый.

СЕЛА — афтæ хонынц куыйты фыдæл Силæмы.

СЕНА — уæларвон зæд, Æфсатийы иунæг чызг Хайырхъызы дæр ахæссы уæларвы Софиайы зæппадзмæ. Æмвынг у иннæ зæдтимæ.

СЕНК КАРД — сæрмагонд тыхæвзарæн хæстмæ кæй хастой, ахæм стыр кард, цавтой дзы дыууæ къухæй, цæнгдыхæй. Сенк кард — æппæт дæр чи лыг кæны, ахæм кард. Æрвнæмыгæй конд æрттиваг Сенк кард ис Сайнæг-æлдармæ. Уымæй амары Нарты Хæмыцы. Фæлæ зынтæй. Уымæн æмæ Нартæ зынгæй гуырдтæ æмæ доны æхсыст уыдысты. Сенк кард дæр сæ нæ карста. Сайнæг-æлдарæн Хæмыцы амарын йæ къухы бафтыд, йæ дзыхмæ йын кæй бахъавыд, уый фæрцы — йæ дзых æнæсæрд уыд. Сенк кард йæ Хъох дæндагыл æруад, æмæ дзы къæртт фæхаудта. Сайнæг æлдарæн йæ мæлæт уыдис йæхи Сенк кардæй, æмæ йæ Батрадз уымæй амары — йæ фыд Хæмыцы туг райсы.

СЕХ — хохы ном Нарты кадджыты.

СЕХЫ ГОППЫЛ — Сехы гоппыл фæхау — æлгъыст, ома, фесæф, бабын у. Хæмыц лæппуйæ Къулбадæг усы чызджы донгарз куы ныцъцъæл кодта, стæй йын йæ пысултæ дæр куы ныскъуыдтæ кодта, уæд ын йæ мад афтæ амоны: «Ацу, æмæ дын кæд мæ дзыхæй хай уыдзæн, уæд дын цы дзидзи фæдардтон, уый дын хæлар уæд, кæннод Сехы гоппыл фæхау!».

СЕЧЪЫ ЛÆГÆТ — дæлимонтæн уæлзæхмæ схизæн лæгæт.

СИАХСÆГГАГ — цины фæдыл кусарты гæркъуыр. Ныхасæггаг дæр ма йæ хонынц. Кæразимагæй йæ куы ралыг кæнынц, уæд æй хæдзары дуары сæрмæ къулыл бацæвынц, кæй аныхæсы, уый тыххæй. Хорз куы аныхæса, уæд, дам, сиахс каистыл иузæрдион у, сæ хæдзарон у, хорз сиахс у. Хорз сиахс та каистæн лæппуйы ад кæны, ныхæсы сыл. Уый нысанæн ма кусарты гæркъуыр хонынц

сиахсæггаг, сиахсы зæрдæйыуаг йæ каистæм чи бæрæг кæны, ахæм.

СИАХСЫ ЦЫД — чындзы йæ цæгатæй цы бон ахæссынц, уыцы изæр сиахс та йæ хæлæрттимæ йæ каистæм æрбацæуы. Уый цыдæр арф хъуыдыйыл æнцой кæны. Чындзы куы ахæссынц, уæд хуынд адæм дæр сæ хæдзæрттæм атагъд кæнынц, æмæ хæдзар айафтид вæййы. Æмæ цæмæй уыцы уаг фысымтычызгарвитæг бинонты зæрдæтыл æвзæрырдæм ма сахада, уый тыххæй ирон адæм æрхъуыды кодтой æгъдау Сиахсы цыд. Уый æрбацыдмæ фæсивæд, хæрз хиуæттæ æхсызгонæй фенхъæлмæ кæсынц, æмæ хæдзар дзаг вæйиы хъæлдзæгдзинадæй. Ноджы тынгдæр та — иу сиахсы фæлвæрдтой кусарт кæнынæй, кафын æмæ зарынæй дæр. Хъазт-иу фæсæмбисæхсæвтæм нæ банцад чызг арвитæг хæдзары.

СИБЕКА ÆМÆ ТÆРАЗОН — Нарты Дæллаг æмæ Уæллаг сыхты фидиуджытæ.

СИДÆМОНТÆ — ирон таурæгътæм гæсгæ рагон ирон адæм уыдысты фондз мыггаджы: Сидæмонтæ, Цæразонтæ, Æгъуызатæ, Къусæгонтæ, Цъæхилонтæ. Абоны ирон мыггæгтæй дæр алчидæр йæ равзæрд бæтты ацы фондз мыггагæй кæцыдæримæ. Уæлладжыры комы иуæй-иу, стæй Куырттаты æмæ Тæгиаты мыггæгтæ иууылдæр сты Сидæмонтæй. Уыдонмæ ма хауынц Хуссар Ирыстоны Цыхуырбатæ, Тедетæ, Биазыртæ æмæ æндæртæ.

«Этимологический анализ пяти древнейших фамильных имен представляет несомненный интерес», — фыссы Абайты Васо. — Имя родоначальника фамилии Сидамоновых, Sidamon, восходит закономерно к древнеиранскому патронимическому имени Spitamana; ср. авест. Spitama; пехл. Spitaman. К роду Spitama принадлежал по Авесте великий религиозный реформатор древнего Ирана Зороастр (Заратуштра). Выходцами из осетинской фамилии Сидамоновых были арагвские эриставы (князья). К своему титулу они добавляли свое фамильное имя Sidamon: Sidamon-Eristavi.

СИДÆН — кувæндон Уæлладжыры комы.

СИДÆН ХЪАЗ — ис Донбеттыртæм, кæрæдзимæ дзы сидынц.

СИДÆНЫ ЦÆХГÆР — цæхгæр у бæгæныйы егъау бæрцуат, Сидæн та у Цæразонты кувæндон, ис Уæлладжыры. Уым, дам, уыдис бæгæныйы ахæм егъау цæхгæр, æмæ йæ бæгæныйæн фæуын нæ уыд — уæле исгæ, бынæй ахадгæ уыд, æвидигæ уыд, сæрæй дзы цас истой, уыйбæрц ыл бынæй æфтыд. Уымæн фæкувынц: «Нæ бæркад Сидæны цæхгæрау уæле исгæ, бынæй ахадгæ уæд!».

СИДТ — цины фынгыл хистæр Стыр Хуыцау, зæдтæ æмæ дауджыты номыл, уазджыты, бæлццæтты, рынчынты, хистæрты, кæстæрты цæрæнбоны фæдыл кæны сидтытæ. Сидты бар радты дыккаг æмæ æртыккаг хистæртæн, стæй ма дзы уыцы бар чи ракура, уыдонæн.

СИЛÆМ — Нарты Уырызмæджы куыдз, зæххон куыйты фыдæл, зæххон куыйты мыггаг цы куыдзæй рацыд, уый. Йæхæдæг Дзерассæйæн равзæрд Уастырджийы егарæй. Силæмыл никæцы куыдз, никæцы сырд тых кæны, Уырызмæгимæ дзуры адæймаджы æвзагæй. Кадæг «Сосланы райгуырд æмæ байсæрын»-ы

бирæгъы æхсыр куы бахъуыд, уæд Силæм зæгъы Уырызмæгæн: «Иуабонæй иннабонмæ мæ хорз схæсс, цы хæринагæй мæ фæнда, ахæм хæринагæй, æмæ дын æз самал кæндзынæн бирæгъы æхсыр». Æмæ Силæмы æххуысæй Сосланы байсæрынæн Уырызмæг бирæгъы æхсырæй байдзаг кодта сæдæ гæбæты.

СИМОНАТЫ БЕСÆ — Даредзанты Амранмæ лæгæтмæ чи бацыд æмæ йæ æфсæн рæхыстæй къæдзæхмæ бастæй чи федта æмæ йæ суæгъд кæнынылы чи архайдта, уыцы цуаноны иуæй-иу таурæгъты хонынц афтæ.

СИНАГ — Хъæндзæргæсмæ ис иу синаг. Уымæй цыдæриддæр æртухай, уый гæлæбуйы уæз нал фæкæны.

СОВАХЪ — кадджыты маргъы мыггаг.

СОЙГÆНÆНТÆ — Кæхцгæнæны размæ Хетæджы боны изæрæй Хетæджы къохмæ æввахс бирæ хъæуты райдайынц Сойгæнæнтæ. Уыдон баст сты, афæдзы дæргъы ацы хъæуты дунемæ цы лæппу-ноггуырдтæ фæзынд, уыдоныл цин кæныны æнкъарæнтимæ æмæ, цæмæй афæдзæй-афæдзмæ фылдæр кæной, уыцы фæндæттæ æмæ уый тыххæй Хуыцаумæ, йе сконд зæдтæм скувынмæ.

Ацы хъæуты лæппу æмæ чызг фæсивæд къуырийы дæргъы алы изæр дæр сæхи «æрцаразынц» пыскъуыл æмæ фыдхъуын уæлæдарæсы, сæ цæсгæмттæ бамбæхсынц хæлын цæсгæмттæй, чи та дзы, чызг уæвгæйæ, рихитæ æмæ боцъотæ æрныхасы, зæронд лæджы хæлаф скæны, райсынц лæдзджытæ æмæ афтæмæй изæрдалынгты сой-сойгæнгæ сыхы æрзилынц ноггуырдты хæдзæрттыл. Семæ вæйийы фæндырдзæгъдæг фæндыримæ. Уый цагъдмæ хъæуы уынгты фæцæуынц кафгæ æмæ заргæ. Кæстæр фæлтæр сæ фæстæ ныййарц вæйийынц: семæ кафынц, зарынц. Уæлдай хъæлдзæгдæр та вæйийы ноггуырды кæрты. Ардæм æрæмбырд вæйийынц сыхбæстæ стырæй-чысылæй æмæ сæ фæхудын, фæхъазын кæнынц сойгæнджытæ сæ кафт, сæ зарджыты ныхæстæ æмæ худæджы митæй. Уыдон фæархайынц сæ разамонæджы амындмæ гæсгæ рагацау ахъуыдыгонд сценарийы фæлгæты. Чи дзы зæронд лæджы кафт фæкæны, чи — арсы æмæ ма суанг маймулийы кафт дæр. Иуахæмы кафджытæй чидæр ахауы, йæхи марды æфсон скæны. Йæ райгасæн æртæ чъирийы хъæуы, зæгъгæ, æрдомынц хæдзарæй. Уыдонæн уæдмæ цæттæ вæйийынц. Фылдæр хатт — æртæ уæливыхы, карк, бæгæны æмæ арахъхъ. Фынгмæ сæ рахæссынц, æмæ хъазты астæу хæбæццæй цы «маймули» хуыссыд, уый фæгæпп кæны. Сар йæ сæр кæны, уый размæ йæм æввахс чи бацæуа, хæлын цæсгомы бын чи ис, уый базонынылы чи афæлвара, уымæн — йе ‘мбæлттæ йæ сæ лæдзджытæй уырды над фæкæндзысты.

Фынгыл цы хойраг æрæвæрынц, уымæй фылдæр хатт сойгæнджытæ иу кæнæ æртæйæ скæнынц æрмæст ахудгæ, стæй сæ, сыхæй дзы хистæр чи вæйийы, уый бар ныууадзынц. Уый сын се ‘гъдау скæны иннæтимæ. Сойгæнджытæ та уынгты фæндырдзагъдимæ заргæ æмæ кафгæ араст вæйийынц иннæ фæрныг хæдзармæ.

Афтæ Кæхцгæнæнты комулæфт бауадзынц ноггуырдты хæдзæрттæм. Сæ

зарджытæй иу вæййы ахæм:

Уæлæ къулыл дидитæ,
Рахæссут нын чъиритæ.
Сой цæуы, сой!
Алы аз дæр сой.
Уæлæ цары нæл гæды,
Рахæссут нын бæгæны.
Сой цæуы, сой!
Алы аз дæр сой.
Уæлæ хъæды давонджын,
Чи райгуырди — амондджын.
Сой цæуы, сой!
Алы аз дæр сой.
Уæлæ бур хъуг къæлæсы,
Се ‘фсин къуыммæ фæлæсы.
Сой цæуы, сой!
Алы аз дæр сой.
Уæлæ къулыл лалымбæттæн,
Ацæут-ма! Нал уын дæттæм.
Сой цæуы, сой!
Алы аз дæр сой.

СОНГУРТЫ ЗÆД — кувæндон Дыгургомы (Сонгурты зæд, Соны азарæй нæ бахиз). Сон у знаг. Æвæццæгæн, знаг Ирыстонмæ чи нæ уагъта, ахæм зæд.

СОППАР — кадджыты йæхи кой нæй, фæлæ йе ‘ртæ фырты Уалыппы бæрзондæй Нарты Ныхасмæ æрцыдысты Уæрхтæнæгмæ æмæ йын йе згъæр хæдон байстой, йе рагъæй йын дыууæ гæрзы рауагътой. Уыцы рæстæг йæ фырт Сыбæлц афæдз балцы уыд. Куы æрыздæхт, уæд Соппары æртæ фыртимæ радгай схæцы æмæ сæ амары. Хистæр ын загъта, йæ фыды згъæр æмæ йе рагъæй цы дыууæ гæрзы рауагътой, уыдон кæй сты Таркомы дымæгмæ Соппары стыр лæгæты.

СОС-ДУР — Сослан цы дурæй райгуырд, уый хонынц Сос-дур.

СОСЛАН (СОЗЫРЫХЪО) — Нарты кадджыты зындгонддæр, бирæвæрсыгдæр, ныхмæвæрддæр фæлгонцтæй иу. Йæ райгуырдæй йæ мæлæтмæ йæ алы ми дæр, йæ удыхъæд, суанг йæ конд æмæ йæ уæлæдарæс дæр диссаг кæмæн сты, ахæм хъæбатыр у Сослан. Йæ хъæбатырдзинад, йæ тых, йæ хъару кæм нал фæфаг кæнынц, уым дæр йæ ныфс нæ сæтты, æмæ æрхъуыдыдзинадæй скæны йæхицæн хотых. Знагыл фæуæлахизы сæраппонд пайда кæны алы мадзæлттæй дæр. Никæуыл ауæрды, хионыл дæр (кадæг «Тотрадз æмæ Сослан»). Алцæмæ дæр ныфсхаст, æмæ йæ фырныфсхастæй хаттæй-хатт цъыссымы дæр бахауы, фæлæ дзы уæддæр уæлахизæй рацæуы.

Нарты кадджыты æрмæст Сосланы хонынц нæрæмон. Ома, йæхиуыл хæцын, йæхи уромын чи нæ фæразы, æрхъæцмæ чи нæ хъæцы, ахæм адæймаг.

У хæрзконд, æвзыгъд, кафаг (кафгæ-кафын æй иттæг хорз равдыста Тугъанты Махарбег йæ ныв «Нарты куывд»-ы), зараг, тыхæвзарæн ерысты цырв. Уыимæ у тæссарвад æмæ хъоппæг цæст. Йæ дыууæ уæны астæу ис æрдзæй рахæсгæ сау стъæлф. Уымæй йæ базоны Хуры чызг Ацырухс. «Йæ къæхтæ тæссарæвæрд чи кæна, йæ цæстытæ сасиры чъилы йæстæ кæмæн уой, йæ иу цæсты дыууæ гагуыйы кæмæн уа, йæ зачъетæ уызыны сындзы хуызæн кæмæн уой, уымæй-иу дæхи бахъахъхъæн», — афтæ амоны Тотрадзæн йæ мад Сосланы æмæ йæ фæдзæхсы кадæг «Тотрадз æмæ Сослан»-ы.

– Гъæ, кæлæнгæнæджы фырт, кæлæнгæнæджы! — дзуры йæм Тары фырт Мукара кадæг «Сослан æмæ Тары фырттæ»-йы, сайдæй йыл куы рацæуы æмæ йыл куы фæуæлахиз вæййы, уæд. — Уæлæ хохы сæрмæ куы фæцæйцыдтæ, уæд дыл дæ тæссарвадæй фæгуырысхо дæн æмæ дæм-иу фат фæдардтон: фехсин æй, зæгъгæ, æмæ йæхæдæг куы нæ уа, нæ йæ æхсин, æмæ уыцы кæлæнгæнæджы фырт йæхæдæг куы уа! Ныр-ма дын цы кæнон! Мæнмæ æндæр тых нал ис.

Сослан у Сатанайы æнæныйаргæ фырт, æмæ йæ Мукара дæр кæлæнгæнæджы фырт уымæн хоны. (Сатанамæ уыд ахæм миниуæг). Гуыргæ та ракодта афтæ:

Иу бон Нарты Сатана стыр доны былыл гæрзтæ æхсадта, йæ уæлæ цыбыр куырæт, афтæмæй. Донæн иннæ фарс та йæ фосы дзуг хызта иу фыйау. Сатана уыйбæрц рæсугъд уыди, уыйбæрц урс уыди йæ буар, æмæ йæ фыйау куы ауыдта, уæд æм йæ зæрдæ бахъазыдис, дурыл йæхи æруагъта, æмæ дур фехсинаг ис. Сатана уый фæхъуыды кодта æмæ йын йæ бонтæ нымайын райдыдта.

Йæ афон куы ‘рцыди, уæд Сатана Нарты лæппутæй иу къорды йемæ акодта æмæ сæ уыцы дур халынył сифтыгъта. Дурæн йæ хуылфмæ куы бахæстæг сты, уæд Сатана лæппуты рарвыста, йæхæдæг дуры хуылф бакъæртт кодта æмæ дзы лæппу райста. Рахаста Сатана лæппуйы æмæ йæ райдыдта хъомыл кæнын, ном та йыл сæвæрдта Сослан.

Сосланы номимæ бирæ хорз хъуыддæгтæ баст ис Нарты царды. Æрмæст ын, Сафайы фынгыл уырдыгыстæг куы уыд, уæд зæдтæ цы лæвæрттæ бакодтой, уыдон дæр цастæ сты! Уастырджи йын радта фæринк кард; Æфсати сын бахай кодта йæ фосæй, фæлæ бынтон лæвар нæ: цуанон-иу цуаны куы цæуа, уæд-иу рахæссæд йемæ æртæ чъирийы æмæ æфцæгыл Æфсатийы ном ссарæд. Стæй-иу сырд куы амара, уæд ын йæ рахиз сгуы радтæд, фыццаг ыл чи сæмбæла, уымæн æмбæлæггаг; Фæлвæра сын хъахъхъæдта æмæ фылдæр кодта сæ фысвос; Уацилла Нартæн радта хоры нæмгуытæ; Куырдалæгон сын йæ куырдадзы сарæзта дзывыр; Галæгон сын сæ хортæ хъахъхъæдта алцы фыдбылызтæй. Донбеттыр æм дзуры: «Нæртон гуырд, мæ дæттыл-иу саразут куырæйттæ. Æз бафæдзæхсдзынæн мæ чызджытæн, цæмæй сын доны мидæг сæ цæлхытæ æнæрынцайгæйæ рæвдз зилой. Махæй та уый фæуæд Нарты адæмæн лæвар».

Сослан уыд æгъатыр æмæ карз адæймаг æмæ сфæнд кодта Нарты астæу бæрæгдæрæй фæцæрын. Уый тыххæй йæ зæрды æрæфтыд лæджы сæрдзæрмттæ æмæ рихидзæрмттæй кæрц скæнын (кадæг «Сосланы кæрц»). Лæг-иу куы амардта, уæд ын-иу йæ сæры царм æд рихитæ растыгъта, афтæмæй æнæхъæн кæрцхор æрæмбырд кодта. Бахъуыдис ма йæ Куыцыччы фырт Елтагъаны сæрдзарм, æмæ уый дæр амардта.

Æвæджиау адæймаг у Сослан: дурæй гуырд, нæрæмон, æнæбасæттон. Цы сфæнд кæны, уый цалынмæ сæххæст уа, уæдмæ æнцой нæ зоны. Уый сæраппонд бамидæг вæййы уæларвы зæдтæм, дæлзæхх дæлимонтæм, Мæрдты бæсты Барастырмæ (кадджытæ «Сослан Сатанайы зындоны цадæй куыд фервæзын кодта», «Сослан Мæрдты бæсты»). Уромæг æй нæ уромы, тыхгæнæг ыл нæ тых кæны. «Кæд мæрдтæм цæугæ æрбакодтай (ома удæгасæй), уæд уый дæ хъаруйы фæрцы, æндæр Хуыцауы æвастæй мæрдтæм фæндаг никæмæн ис, нæдæр фæстæмæ Мæрдты бæстæй уæлæуыл дунемæ ис цæуæн», — зæгъы йын Мæрдты бæсты йæ мард ус Бедуха. Сослан Мæрдты бæстæй фæстæмæ Барастырæй ракуырдта йе ‘нæныйаргæ мад Сатанайы, Бедухайæ рахаста, æрмæстдæр уым чи зайы, уыцы Аза-бæласы сыфтæ. Кадæг «Сослан Мæрдты бæсты» у А. Дантейы «Æрвон комеди»-ау стыр цымыдисаг. Ирон адæм дзы бавæрдтой сæ зондахаст, дунеæмбарынад, сæ уды фарн æмæ цардмæ, адæймаджы хъысмæтмæ цы цæстæй кæсынц, цардæн, рæстдзинадæн куыд аргъ кæнынц, уый. Сæйрагдæр та — сæ куырыхондзинад.

Сослан йæхи байсæрын кодта Куырдалæгонæн бирæгъы æхсыры. Бирæгъы æхсыр та йын самал кодта Уырызмæг йæ куыдз Силæмы æххуысæй. Æрмæст æй цы бæлæгъы сæрыдтой, уый Сырдоны фыдвæндæй арæзт æрцыд цыппар æнгуылдзы цыбырдæр, æмæ йын дзы йе ‘мбæрц адаргъгæнæн нæ уыд, уæрджытæ къæдзæй баззадысты, æмæ сæ бирæгъы æхсыр нæ бамбæрзта. Уый адыл йæ уæрджытæ æнæсæрыдæй баззадысты, æмæ уыдонæй уыд йæ мæлæт. Балсæджы (Ойноны) Цалх дæр ын бахъавыд йæ уæрджытæм. Уымæй дæр Сырдоны ардыдæй. Сослан æмæ Сырдон сты цыфыддæр знæгтæ. Ис сæрмагонд кадæг «Сырдон Сосланмæ цæмæн фезнаг ис».

Балсæджы цалх Сосланæн йæ дыууадæс æмбалыл хуысгæйæ куы атылд, куы сæ фæцагъта, уæд æй фæсте сургæйæ, быдырæн, хохæн, хъæдæн, сусхъæд бæласæн, фатхъæдæн, тæрсæн, тулдзæн, бæрзæн, æхсæры къутæрæн, хуымæллæгæн цы æлгъыстытæ æмæ арфæтæ ракодта, уыдон сыл æххæстæй æрцыдысты. Цæргæсыл, хъæрццыгъайыл, зæрватыккыл, сау сынтыл, халоныл, арсыл, бирæгъыл æмæ рувасыл дæр æрцыдысты йæ ныхæстæ. Балсæджы Цалх ын йæ уæрджытæ сæ тæккæ сæртыл куы атæхын кодта, æмæ йæ туджы куы мæцыд, уæд æм иугай куы цыдысты æмæ йæм дзы чи цы зæрдæ дардта, уый куы æвзæрста, уæды æлгъыстытæ æмæ арфæтæ. Æмæ сæм ис абон уыцы миниуджытæ, аиппытæ.

Сосланæн фæд-фæдыл уыд æртæ усы: Бедуха, Косер æмæ Хуры чызг

Ацырухс, дыууæ фырты Хъайтар æмæ Битар.

Диссагæн дзуринаг уыд йæ кæрц: хъуыræй заргæ кодта, цæнгтæй — æмдзæгъд, фæдджитæй — кафгæ. Æцæгæлон-иу æм куы бавнæлдта, уæд та цъæхахст кодта, æмæ йæ адавын никæй къухы æфтыд.

Сосланы ном ирон адæммæ баззад арвыл дæр, фæсуарын арвыл хурмæ цы кæркæ-мæркæ æрдынгонд разыны, уый — Арвы рон, Арвæрдын ма хонынц Сосланы æрдын дæр. Дыгургомы та ис Сосланы зæппадз дæр, йæхи, дам, удæгасæй кæм бавæрын кодта, уый.

СОСЛАНЫ ÆРДЫН — афтæ дæр хонынц Арвы роны, Арвæрдыны, стæй ма — Батрадзы рон дæр.

СОСЛАНЫ БÆХ — мигъæмдзу æмæ уадæмдых, уадсур бæх, куы бахъæуы, уæд æй скъæфы арвæй зæххы астæуты. Йæ адзал уыд йæ къæхты хæфсытæй. «Бынæй мын мæ хæфсытæ куы нæ срæхойай, уæд мын мæлæт нæй: хъандзалсæфтæг дæн», — зæгъы бæх Сосланæн, куынал æмæ йæ куынал уагъта, уæд. Сæ ныхас сын Нарты фыдбылыз Сырдон фехъуыста æмæ йыл хæйрæджыты сардыдта. Уыдон æй бынæй хæрдмæ æхсын райдыдтой æмæ йæ йæ къахы хæфсæй амардтой.

СОСЛАНЫ КАФТ — Алæгаты стыр куывды фæбыцæу сты Сослан æмæ Хызы фырт Челæхсæртæг чи хуыздæр ракафынæй: «Кæд ды мæнæй хуыздæр ракафай, Сослан, уæд æз ратдзынæн дæуæн мæ рæсугъд чызг Бедухайы, — загъта Хызы фырт. — Ды та цы ‘вæрыс?». «Кæд мæ ды амбулай, уæд æз та дæуæн ратдзынæн мæ номдзыд Церечы згъæр æмæ Бидасы така, стæй мæ цирхъ», — загъта Сослан æмæ йæхиуыл нæ бацауæрста. Æнæуый дæр Бедухайы куырдта, æмæ йын æй Хызы фырт нæ лæвæрдта. Сослан рамбылдта. Æмæ кафгæ та куыд кодта! Фыццаг зæххыл æркафыд, стæй уыцы кафгæйæ схызти фынгмæ. Иууыл диссаг та фынгыл уыдис йæ кафт: фынджы былтыл-иу цъилау ныззылдис, афтæмæй иунæг къæбæр, иунæг къус нæ фезмæлын кодта йæ бынатæй, стæй йæм уыйæппæт адæм сæ кæрдты фындзтæ хæрдмæ арæзтæй бадардтой, æмæ уыдоныл кафын райдыдта, раст-иу сыл куыройы цалхау æрзылдис. Стæй цыппархъусыг Уацамонгæ ронгæй дзагæй йæ сæрыл сæвæрдта æмæ кафын райдыдта. Ноджы диссагдæр кафт та уæд скодта — Уацамонгæйæ иунæг æртах дæр нæ акалдта. Æмæ диссагæн дзурынæн баззад Сосланы кафт.

СОСЛАНЫ КÆРЦ — æвæджиау кæрц уыд, хъуыræй заргæ кодта, цæнгтæй — æмдзæгъд, фæдджитæй — кафгæ. Æцæгæлон-иу æм куы бавнæлдта, уæд та цъæхахст кодта, æмæ йæ адавын никæй къухы æфтыд. Йæ иннæ кæрц та хуыд уыд адæмы сæрыцъæрттæ æмæ зачъетæй.

СОСЛАНЫ КЪУХÆЙ МÆРДТÆ — Сослан удæгасæй Мæрдты бæстæм тыхæй куы бацыд, уæд йæ размæ бирæ адæм рацыд æд хæцæнгæрзтæ. Сæхи йæм æппарынц, æртхъирæнтæ йæм кæнынц, кæдæм ма нын ирвæздзынæ ныр, зæгъгæ, фæлæ йæм дзы хæццæ никæй къух кодта. «Уыдон иууылдæр сты, дæ къухæй мæрдтæм чи бацыд, уыцы адæм, — зæгъы йын Бедуха. — Нæма

амардтæ, æмæ дæм сæ къух уымæн нæ хæццæ кæны, дæуæй сæ маст райсын сæ бон уымæн нæу, фæлæ куы амæлай, уæд дæ тыхсын кæндзысты».

СОСЛАНЫ ФÆНДИÆГТÆ ЗАЙÆГОЙТÆН — Сослан цуан кодта Зилахары быдыры йæ дыууадæс æмбалимæ. Иу бон улæфтафон рарвыста йе ‘мбæлтты мусонгмæ. Æз та ма искуыты разилон, зæгъгæ.

Дыууадæс цуаноны рацыдысты. Мусонджы æрхуыссыдысты — æхсæзæй иуæрдыгæй, æхсæзæй иннæрдыгæй, сæ къæхтæ кæрæдзимæ, афтæмæй.

Балсæджы Цалх дæр ныггуыр-гуыр ласта, Сосланы уым æнхъæлæй. Сар мын ныр дæ сæр кæны, Сослан, зæгъгæ, йæхи рауагъта æмæ дыууадæс цуанонæн дæр сæ зæнгтæ ахауын ласта. Дыууадæсæй дæр фæмард сты. Уалынмæ Сослан дæр æд саджы мард æрбахæццæ ис.

– Æддæмæ ма мæм ракæсут, — дзуры йе ‘мбæлттæм Сослан, фæлæ йæм æддæмæ кæсæг нæй. Æрæппæрста саджы мард æмæ мидæмæ бацыд. Хорзау нал фæци: йæ дыууадæс æмбалы мардæй лæууынц, се ‘ппæтæн дæр сæ зæнгтæ къуырд.

– Гъе, Хуыцау мæ куыд федта! Ай Балсæджы Цалхы йеддæмæ ничи уыдаид! — загъта йæхицæн Сослан æмæ æддæмæ рауад. Кæсы, æмæ Балсæджы Цалх фæлидзы быдыры. Сослан æй фæсте фæсуры, Быдырты йæ расур-басур систа.

– Бауром æй! — дзуры Сослан быдырмæ.

Ницы баурæдта быдыр, æмæ йæ Сослан ралгъыста:

– Авд азæй дæ фылдæр æнæ зылдæй пайда ма уæд!

Хохмæ балыгъди Балсæджы Цалх. Сослан дзуры хохмæ:

– Бауром æй, ме ‘мбæлтты мын ныццагъта!

Ницы баурæдта хох дæр.

– Зæйбынтæ, хуырæзгъæлæнтæ у! — ралгъыста йæ Сослан.

Балыгъдис Цалх хъæдмæ. Фæлидзы фæрвбыны.

– Ма ауадз, дæ хорзæхæй, фæрв, ме знаджы! — дзуры Сослан фæрвмæ.

Нæ йæ баурæдта фæрв.

– Хъæды фыддæр фæу, — загъта Сослан, — дæ цъар дын ахорæнтæн куыд стигъой, дæхæдæг та хуыскъ куыд кæнай!

Сусхъæд бæлас фæци йæ разы Балсæджы Цалхæн.

– Гъæйтт, сусхъæд, — дзуры йæм Сослан, — ме знаджы мын бауром!

– Ставд бæргæ дæн, — загъта сусхъæд, — фæлæ йæ бауромын мæ бон нæу — æгæр фæлмæн дæн.

– Ælгъыст фæу, уæдæ, ды дæр, — загъта Сослан сусхъæдæн, — дидинæг рæсугъд куыд калай, дыргъ дыл куыд нæ зайа, афтæ. Адæм дæ æрмæст дæ цъары тыххæй куыд агурой! Фатхъæдбынмæ баирвæзти Цалх.

– Ма ауадз, фатхъæд, бауром мын æй! — дзуры уымæ дæр Сослан.

Нæ йæ баурæдта фатхъæд дæр, æмæ та уый дæр ралгъыста Сослан:

– Арты судзынæн дæ цы агурой адæм, афтæ дæ Хуыцау скæнæд!

Фæлидзы дарддæр Балсæджы Цалх: тæрсбын фæуайы.

– У мардзæ, тæрс, ме знаг фæлидзы, æмæ мын æй бауром! — дзуры йæм Сослан.

– Ноджы дын фыддæр куы фенин: мæ иу бæлас хъæуваг уыдаид, фæлæ мын уидаг æмæ къалиу нæ уагътай.

– Хуыцау дæ адæмæн æнцонгуыст фæкæнæд, — загъта тæрс бæласæн Сослан.

Лидзы дарддæр Цалх. Тулдзбынмæ бахæццæ ис.

– Тулдз, ды мын уæддæр бауром ме знаджы!

Ницы баурæдта тулдз дæр, ды мæ фаттæн мæ цъуппæй мæ уидæгтæм фæлыгтæ кодтай, зæгъгæ.

– Дæ уæлæ гыркъо зайæд, хæрынæн дын ма бæззæд! — загъта йын Сослан.

Фæлидзы Балсæджы Цалх бæрзджыны.

Дзуры та Сослан уымæ дæр:

– Гъæйтт, бæрз, ма ауадз, чысыл мын ме знаджы æруром!

– Дæуæн знаг чи у, уый мæнæн дæр знаг у, — загъта бæрз, æруагъта Цалхы размæ йæ лыстæг къæбæлдзыг къалиутæ, фæлæ Балсæджы Цалх бауромын йæ бон нæ бацис.

– Бæлæсты хуыздæр фæу, бæрз, дæ уис дын физонæджы уæхстæн куыд агурой адæм! — раарфæ йын кодта Сослан.

Фæуайы Цалх дарддæр хъæды, æхсæры къутæрмæ фæхæццæ кæны. Æхсæры къутæрыл хуымæллæг стыхстис. Сослан дæр хъæр кæны хуымæллæгмæ:

– Гъе, хуымæллæг, бауром мын æй, уый мæ тудджын у: мæ дыууадæс æмбалы мын амардта!

Хуымæллæг йæ бæндæнтæ рауагъта, Балсæджы Цалхыл стыхстысты æмæ йæ ныуурæдтой.

Æхстбæрцмæ йæ баййæфта Сослан. Иу æхст æй фæкодта фатæй, æмæ йын йæ иу фарк ныппырх кодта, дыккаг æхст æй фæкодта — дыккаг фарк дæр ныппырх ис. Стæй бауадис Цалхмæ æмæ йыл æрхæцыд. Æхсæры къутæр æмæ хуымæллæгæн раарфæ кодта Сослан:

– Æхсæр бæлас, адæмæн дыл адджын дыргъ куыд зайа, æмæ дæ дардмæ куыд агурой, уыцы хорздзинад дæ уæд! Хуымæллæг, дæу та адæм сæ хъæлдзæджы рæстæджы куыд агурой нуæзтыл кæнынмæ, ахæм дæ Хуыцау фестын кæнæд!

СОСЛАНЫ ФÆНДИÆГТÆ ЦÆРÆГОЙТÆН — Сослан та Зилахары быдыры цуан кодта. Иубон сырдмæ гуыбыныл куыд фæцæйхъуызыд, афтæ йыл сусæгæй йæхи рауагъта Балсæджы Цалх æмæ йын йæ уæрджытæ сæ тæккæ сæртыл атæхын кодта. Аздæхти Цалх фæстæмæ æмæ сфардæг ис уæларвмæ. Сослан уыцы ран баззадис. Кæсы Сослан æмæ, Нартмæ хъæргæнæг кæй арвита, ахæм нæй. Уалынмæ йæ сæрты æрбатæхы цæргæс.

– Æхсæртæггатæм мын фæдисхъæр фæу; Уырызмæгмæ æмæ Хæмыцмæ,

мæ дыууæ ‘фсымæрмæ, Нарты Сослан Зилахары быдыры æнæ цæстылхæцæгæй мæлы, зæгъгæ.

– Фыддæр дын куы фенин! — дзуры йæм фæстæмæ цæргæс. — Фæлладæйиу быдыры искуы къуыппыл, йе бæласыл куы абадтæн, афтæ-иу мæм дæ фат фæдардтай, æнæрай дзы фæуай!

Уалынмæ та йæ сæрты хъæрццыгъа æрбатахтис.

– Уæ, хъæрццыгъа, — дзуры йæм Сослан, — атæх, Æхсæртæггатæм мын фæдисхъæр фæу, Сосланæн уын, зæгъ, йæ уæрджытæ Балсæджы Цалх ахауын кодта.

– Куыннæ, куыннæ! Нарты Сатанайы бирæ кæрчытæй мын иу цъиу ахæссын никы бауагътай, уайтагъд та-иу мæм дæ фат фæдардтай, — загъта хъæрццыгъа æмæ атахтис дарддæр.

Æнхъæлмæ та кæсы Сослан. Æрбатæхы йæ сæрмæ цъыбарцъыбургæнгæ зæрватыкк.

– О, уæлæ зæрватыкк, — дзуры та уымæ дæр Сослан, — атæх Æхсæртæггатæм æмæ сын зæгъ, Сосланæн уын Балсæджы Цалх йæ уæрджытæ ахауын кодта, æмæ Зилахары быдыры æнæ цæстылхæцæгæй мæлы.

– Хорз, загъта зæрватыкк, — æвгъау лæг дæ ды ам æнæ цæстылхæцæгæй амæлынæн, фæуыдзынæн дын æз фæдисхъæргæнæг: искуы-иу мыл къæвда куы ‘рцыди, уæд-иу мæ ды дæ роны бакодтай, бахъарм мæ-иу кодтай, стæй мæ-иу хордоны нывæрдтай, æмæ-иу уым мæхи бафсæстон. Дæ хорздзинæдтæ дын никуы ферох кæндзынæн æз.

– Адæмæн уарзон маргъ фæу, зæрватыкк, — арфæ йын ракодта Сослан йæ фæстæ.

Æнхъæлмæ кæсы Сослан Нарты фæдисмæ. Уалынмæ йæм æрбатахт сау сынт, куы ауыдта Сосланы, уæд ныккуыдта:

– Цы ма кæндзынæн, Сослан, дæ фæстæ, мæ гуыбын мын æфсæстæй ды куы дардтай, дæу фæрцы мын-иу алы ком, алы адаг фыдæй йедзаг куы уыдис!

– Хъыгæй ницыуал ис, фæлæ æрбацу æмæ мæ тугæй дæхи бафсад, — дзуры Сослан сынтмæ.

– Гъе, уæууæй, Сослан, уый мын цæмæн афтæ загътай, æз дыл хъыг куы кæнын! — загъта йын сынт.

Сослан ын бамбæрста йæ зæрдиаг æмæ йын арфæ ракодта:

– Арвы кæрон куы уа холы, уæддæр дæ цæстмæ туджы цæджындз куыд лæууа, æмæ-иу уымæй куыд зонай, Хуыцау дын ахæм амонд радтæд! Атахтис сынт. Æрбатахтис та уæд йæ сæрты халон æмæ кæуы Сосланыл:

– О, нæ алы бон дзаг фынг, алы ком нын фыдæй дзаг чи дардта, куыд ма цæрдзыстæм дæ фæстæ!

– Рацу, мæнæ цы фыдтæ æмбидзæни, кæнæ цы туг ныццахстис, уыдонæй исты ахæр, дæхи бафсад, — дзуры йæм Сослан, — хъыг кæнынæй пайда нал ис. Халон дæр æм йæхи æрбаласта, æмæ йæ уæд Сослан ралгъыста:

– Бон-изæрмæ адæмы куыд æлгъитай, фæлæ де ‘лгъыст куыд нæ цæуа, æмæ æхсæв–бонмæ къалиуыл ауыгъдæй куыд лæууай, афтæ дæ цард æрвит!

Уый фæстæ йæм цæуын байдыдтой сырдтæ. Фыццаг æм æрбацыд арс. Йæхи тоны йæ дзæмбытæй æмæ дзуры:

– Цы ма кæндзынæн, Сослан, ды кæмæн уыдтæ, æмæ ды кæмæн нал уыдзынæ! Дæ хæрдæй хайджын уыдтæн, дæ нуæзтæй нуæзтджын.

– Мауал хъыг кæн, арс, хъыгæй ницыуал рауайдзæнис, фæлæ мæнæ мæрдтæм цы фыдтæ хæссын, уыдонæй дæхи бафсад, — дзуры йæм Сослан.

– Уый та мын куыд загътай, — дзуры арс æмæ тынгдæр хъыг кæнын райдыдта.

– Ахæм амонд дын Хуыцау радтæд, æмæ дæ фæд адæмыл тас куыд æфтауа, стæй лæгæты фондз мæйы æнæ хæргæйæ куыд цæрай! — зæгъы арсæн Сослан.

Арс ацыди, уалынмæ та бирæгъ фæуайы йæ цурты. Бардиаг та йыл кодта уый дæр:

– Цы ма кæндзынæн, дæ фæрцы æфсæстæй куы цардтæн, алы адаг мын фыдæй куы дзаг кодтай! Ныр ма куыд цæрдзынæн æнæ дæу!

– Хъыг мауал кæн, бирæгъ, дæ хъыгæй ницыуал рауайдзæн, — дзуры йæм Сослан, — фæлæ рацу, æмæ мæнæ мæрдтæм цы фыдтæ хæссын, уыцы фыдтæй истытæ бахæр, дæхи сæ бафсад.

– Цæмæн мын афтæ бафæрæзтай, — ныккуыдта тынгдæр бирæгъ, — æз уый куыд бакæндзынæн!

Бауырныдта Сосланы бирæгъы зæрдиагдзинад дæр æмæ йын раарфæ кодта:

– Фосмæ бацæуынмæ дын мæ зæрдæ куыд уа, раздæхынмæ та — æнæкуырд чызджы зæрдæ, дæ бæрзæйы та мæ кæстæр æнгуылдзы хъару куыд уа, уыцы амонд дæ уæд.

Бирæгъ дæр та ацыдис. Уалынмæ æрбалæууыд йæ цуры рувас, цъыллинджытæгæнгæ.

– Уæ, цы ма кæндзынæн æнæ дæу, Сослан! — æрдиаг кæны гæды рувас дæр.

– Дæ кæуын ныууадз, рувас, — дзуры йæм Сослан, — фæлæ рацу, æмæ мæрдтæм цы фыдтæ хæссын, уыдонæй дæхи бафсад. Рувас æм тугтæ стæргæ бацыдис æмæ йын йæ уæрджыты фыдтæм куыд февнæлдта, афтæ йыл фæхъæр кодта Сослан:

– Æлгъыст фæу! Адæм дæ дæ цармы тыххæй куыд марой, дæ фыд та хæрынмæ куыд нæ бæзза, ахæм бон дыл æркæнæд!

Алыгъдис рувас дæр, уæдæ цы уыдаид…

СОТÆГÆФСОЙ — цыдæр æнахуыр сæрдæн, донимæ чи нæ хæццæ кæны, ахæм. Уырызмæг дзы йæ цæнгæт чырын сæрдын кæны.

СОТИ — донгонд æдзæх луаситæ, мардæн, цалынмæ йæ нæ баныгæнынц, уæдмæ

рухсаг зæгъынæн.

СОФИАЙЫ ЗÆППАДЗ — Батрадзы зæдтæ æмæ дауджытæ куы амарынц, уæд æй бавæрынц Софиайы зæппадзы. Кадджытæм гæсгæ Софиайы зæппадз ис уæларвы. Æфсатийы иунæг чызг Хайырхъызы уæларвмæ Софиайы зæппадзмæ йæхицæн аскъæфы Сесана.

СОХТАТÆ — адæмыхатт Нарты кадджыты.

СОХЪЫР УÆЙЫГ — у иуцæстон, цæры Сау хохы рæбын стыр лæгæты, дары фос: фыстæ уæнгуыты йæстæ, йæ цæу та — теуайы йас. Уырызмæг дзы иу далысы къахыл фæхæст. Далыс æй йæ фæдыл фæралас-балас кодта, йæ былтæ йын дуртыл фæхоста, уæддæр ын аирвæзти. Фосы фæдыл куыддæр йæ лæгæтмæ бафтыд, афтæ Сохъыр Уæйыг дæр æхситтытæгæнгæ, йæ уæхскыл къала бæлас, афтæмæй æрбацыд. Бæлас зæххыл ныццавта, æмæ цырагъæн æгæр ставд, æндзарæнтæн та — æгæр лыстæг, ахæм пырх ныцци. Йæ Бодзо — сæгъ у æрмахуыр, фосы уый аскъæры, дзæбæх сæ фæхизы æмæ сæ изæры бæрæгæй æрыскъæры. Йæ лæгæтыл цы къæй бафæлдахы, уый Уырызмæг змæлын дæр нæ фæкодта, фæлæ йыл уæддæр зондæй фæтых, йæ иу цæст ын фынæйæ скъахта. Куырм Уæйыг фырмæстæй, лæгæты раз был ис, уый нал ахъуыды кодта, асхъиудта уырдыгæй æмæ ныххæррæгъ ис.

СТÆГГАГ — сылыстæг. Хæмыц Быценты лæппуйæн афтæ зæгъы: «…чысыл уæвгæйæ ахæм хъаруджын чи у, уыдонæй (ома сымахæй) мæ стæггаг куы уаид, уый мæ фæнды». Ома усаг.

СТÆР — Нарты кадджыты хæстон балц.

СТЫР АВАР — бæстæ Нарты кадджыты, рæстæгмæ дзы цæры Бедзенæджы фырт Арæхдзау.

СТЫР КОМБÆТТÆН — алы аз дæр комахсæн райдайы Галæргæвдæн хуыцаубонæй. Уый фæстæ къуырийы дæргъы адæм сæ мондæгтæ суадзынц фыдызгъæлæй конд алыхуызон хæринæгтæй æмæ хуыцаубоны Фыды комбæттæны сæ ком бабæттынц дзидзайæ — уыцы хуыцаубонæй суанг Куадзæнмæ сын фыд хæрæн нал вæйиы. Фыды комбæттæны хуыцаубонæй та райдайы Урсы къуыри — цæрвкъахæнтæ — урссагхæрæн къуыри. Æмæ та уымæй дæр хуыцаубоны сæ ком Куадзæнмæ ныббæттынц. Уыцы хуыцаубон хуыйны Стыр комбæттæн.

СТЫР МАД, ФЫД — фыды æмæ мады мадтæ сты Стыр мадтæ — нанатæ, фыды æмæ мады фыдтæ та Стыр фыдтæ — дадатæ. Фыд — баба, æда, мад — æна, дзыцца, дзыцци, гыцци.

СТЫР ХИСТ (ХÆРНÆГ) — вæйиы мардæн йæ ныгæнæн бон, йæ фæстаг фæндагыл æй фæндараст кæныны бон. Афæдзы дæргъы йæ иннæ хистытæ афтæ стыр кæнын фæтчкæ дæр нæ кæны.

СУАН — Нарты кадджыты Чандзы фырт.

СУАНЫ РАЙСОМ — суинаг райсом.

СУЛ — нæзы цырагъæй кæнæ æндæр истæмæй рухсгæнæн.

СУЛТÆРХÆГ — кадæгмæ гæсгæ сæрмагонд тæрхæг, йæ алыварс судзынц султæ сагъдæй, æмæ йæм æддагонæн бацæуæн нæй. Султæрхæг — хуыссæн тæрхæг, йæ алыварс судзынц сагъд султæ (факелтæ). Ахæм тæрхæгыл фылдæр хатт вæййынц мæрдтæ кæнæ, марынвæнд кæуыл фæкæнынц, ахæмтæ.

СУЛФÆДИСОН — æхсæвыгон фурды — стыр цæугæдоны иу фарсæй иннæ фарсмæ фæдисон. Сул-иу ссыгъта кæнæ фат æмæ-иу йæхи фенын кодта, стæй-иу сул цæугæдоны ныппæрста, фат та æхстой, æххуыс кæмæй агуырдтой, уыдонæрдæм. Уыцы хуызы хъусын кодта, æвдыста, фæдисæттæ кæй агуырдта, уый. Доны хъæрæй йын йæ ныхас нæ фехъуыстаиккой.

СУСÆГХОР — «Иу ус æмæ лæгмæ æрхæццæ дæн, — дзуры Сослан Мæрдты бæсты Бедухайæн. — Лæг йæ хъæлæсæй цæхæр омдта, ус æм йæ къухтæ дардта. Уый та афтæ цæмæн у?» «Уыдон дæр сæхи фыдæй хъизæмар кæнынц, — загъта Бедуха. — Сæ уæлæуыл царды-иу бинонты астæу сæхицæн сусæгæй хæринаг кодтой, ныр уыцы давд Мæрдты бæсты зындзинæдтæй фидынц: афæдз æртæ боны афтæ куыд хъизæмар кæной, мæрдты хицау сын уый стæрхон кодта».

СУСÆНЫ МÆЙ — йæ дунеон ном июль баст у Ромы паддзах Юлий Цезаримæ. Сусæн цы амоны, уый бæлвырд нæу. Æцæг дыгурон диалекты ис дзырдбаст «сусæн кæны». Стæй ма арæх фехъусæн ис: «Дæ сæр сусæны бæхы тылд цы кæныс?». Сусæны мæйы æнтæфы бæх, æнцад лæугæйæ, бындзытæ суры йæ сæры тылдæй. Сусæн ирон адæм æмбарынц — тынг тæвд. Ирон-уырыссаг дзырдуаты дæр уырыссагау амынд цæуы — месяц зноя, духота, зной.

Ацы мæй ма хуыдтой Хуымгæрдæнты, стæй Хосгæрдæнты мæй дæр. Цалынмæ комбайн нæ фæзынд, уæдмæ хуымтæ карстой къухæй — æхсырфæй. Бастой сæ куыристæ, сылгоймæгтæ куыристæй хъилæй амадтой уыгæстæ — æвдгæйттæй. Стæй сæ кодтой най. Хорæфснайæнтæ зæхкусæгæн уыдысты стыр фæлварæн æмæ, цæмæй хорз ацыдаиккой, уый тыххæй-иу хуымгæрдæнтæ райдыдтой бæрæгбоны фынгæй. Уым ног хорæй хъуамæ уыдаид æртæ хæбизджыны.

Хосгæрдæнтæ уымæн, æмæ-иу кæхцгæнæнты фæстæ ралæууыд хос кæрдыны рæстæг. Фосдарæг ирон адæмæн хосгæрдæнтæн цы нысан кодтой, уый бамбарæн ис, сæ райдайæн сын бæрæгбон кæй уыд, уымæй дæр. Уыцы бон дæр æфсинтæ кодтой æрмæст хойраджы куыст. Нæлгоймæгтæй та бæрæгбонхуызæй иутæ цæттæ кодтой цæвджытæ, цæвæгхъæдтæ, хъæсдарджытæ, иннæтæ-иу ацыдысты уыгæрдæнмæ. Хуыздæр хосдзауæн-иу бабар кодтой кадджын фыццаг æртæ уисы æрхæссын.

СУСÆГ ЦЫД — сиахс бафидауыны фæстæ йæ каистæм чындзæхсæвы размæ фыццаг хатт куы бацæуы, уæд уый хонынц Сусæг цыд. Сусæг та уымæн, æмæ нымдгæнгæ, йæхи æмбæхсгæ цæуы йæ къухылхæцæг, стæй йæ хуыздæр æрдхæрдты æнцой, сæ ныфсæй. Изæры тарф дæр уымæн равзары, фæсивæды йеддæмæ йæ куыд ничи фена, афтæ. Фынгыл дæр фæбады уыдонимæ, йæ фидæны цардæмбалимæ йын аныхас кæныны фадат фæвæййы.

Йемæ æрбахæссы къафеттæ æмæ мадæн лæварæн хъуымацы тыхтон, йе ‘мбæлттимæ барæвдауынц æфсинты, фæсивæд ын скæнынц хъазт.

СУФАХÆРÆН — суфа у æвзæр, схъиуд адæймагæй дæр фæзæгъынц, суфа у, зæгъгæ, йемæ ныхасгæнæн нæй. Цыбыр ныхасæй, суфа амоны нæбæззон. Æмæ-иу йæ мæрдтæн аккаг æмæ афоныл хистытæ, фынджыдзæгтæ чи нæ кодта, уыдоны-иу тæрсын кодтой, сæхæдæг дæр-иу стыхстысты, нæ мæрдтæн æмбæлгæ хистытæ нæ кæнæм, сæ разы ницы ис, æмæ цыфæнды дæр бахæрдзысты, суанг нæбæзгæ суфа дæр, æмæ сыл суфахæрæн скæндзæн.

СУХ — æбæрæг адæмыхатт, цагъды чи фæци, ахæм. Кадæггæнæг-иу загъта: «Нарты æфсæдтæ сæ цæгъдын райдыдтой, Сухты цагъд сæ фæкодтой».

СУХЫ БЫДЫР — Сослан дзы хызта йе ‘ртæ æфсургъы æмæ дзы ацæуæг нæ уагъта.

СХУАЛИЙЫ УÆЙЫГ — цæры Уарпы хохы фале. Нартимæ се ‘хсæн ис аст боны æмæ аст æхсæвы цыд дæрддзæг. У тыхджын æмæ фыдцъылыз, Нарты знаг. Нарты Быцеджы куы амардта, уæд æм йæ фырт Сидæмон, Ацæмæз æмæ иннæ гуыппырсартæ марынмæ ацыдысты. Тыхгæнæг ын тых нæ ардта. Сидæмон ыл бæргæ тых кодта, фæлæ йæ мæлæт йæхи чысыл кардæй уыд æмæ, цалынмæ уый йæ къухы бафтыд, уæдмæ йын ницы фæрæз ардта.

СХЪÆЛ — БЕСАН — Нæртон адæмæй.

СХЪÆЛВÆРÆЗ — Сонт Бæгъатыр — Уырызмæджы сиахс, Нарты æнæгъдау фæсивæды ныхмæ йæ фарс нæ рахæцы, æмæ йæ Уырызмæг амары.

СХЪÆРЦÆНГТÆ — рæмбыны къæдзты онг згъæр дыстæ, цæгтæй конд хæстоны уæлæдарæс.

СЫБÆЛЦ — Нарты Уæрхтæнæджы фырт. Хонгæ дæр æй афтæ кæнынц — Уæрхтæнæджы фырт Нæртон Сыбæлц. Сыбæлц æхсæвы райгуырд. Уыцы æхсæв Хурæн дæр райгуырд чызг Адæдзæ, æмæ йæм райсомæй рудзынгæй æрбакаст. Сыбæлц йæ зæрдæмæ фæцыд. Лæппу куы бахъомыл, уæд Хуры хъæуы лæппутимæ хъазын райдыдта. Уым кæрæдзи базыдтой Адæдзæимæ. Хур йæ чызджы радта Сыбæлцæн.

Сыбæлц Соппары фырттæй райста йæ фыд Уæрхтæнæджы æфхæрд, маст — иугай сæ фæцагъта.

Сыбæлцæн уыдис хъулон гал. Иуахæмы Нартыл æвзæр ихæн зымæг скодта, æмæ ма уыимæ сæ фосыл фыд хъомрын сыстад æмæ сæ бабын кодта. Фос никæмæуал уыд, фæцагъды сты. Æгас Нартмæ ма баззади иунæг Сыбæлцы хъулон гал. Уый Сыбæлц хъомрыны размæ бамбæхста зæххы бын хатæны æмæ йæ афтæмæй æнæ ‘ддæмæ рауадзгæйæ, мидæг дон æмæ мидæг хорæй хаста. Стæй хъомрын куы банцади, уæд Сыбæлц дæр йæ гал сифтыгъта æмæ йæхицæн дæр æмæ ма, Нартæй кæуыл æххæст, уыдонæн дæр бахуым кодта æмæ сын байтыдта мыггаг.

СЫБЫТТÆ — иуæй-иу кадджыты Быцентæ — Хæмыцы каисты хонынц афтæ.

СЫБЫТТЫ ДЖЕХ — æвæджиау номхæссæн дурамайæг.

СЫБЫТТЫ СЫРХАУ — ирон мифологийы стæм хатт фембæлæм Сыбытты

адæмыхаттыл. Уыдон сты ахæм чысыл адæмы мыггаг, æмæ сæ дæ дзыппы нывæрдтаис. Афтæмæй та сыл уæлахиз ничи кодта. Сæ лæгдæр та уыд Сырхау.

СЫВÆРНИЗ — сывæллæтты низты бардуаг. Мадæлтæ йæм кувынц, сæ цоты дзы хизынц. Фæлæ сæм куы фæмæсты вæййынц, уæд сæ афтæ дæр ралгъитынц: «Сывæрниз дæ ахæссæд». Мады æлгъыст цотыл кæй нæ цæуы, куы фелгъиты, уæд, дам, йæ дзидзитæ та «æлло, æлло» фæкæнынц, уый зонгæйæ, æвæццæгæн.

СЫГЪЗÆРИН БÆЛÆГЪ — ис Донбеттыртæм, доны бын æвæрд вæййы сæ Нау́уаты. Куы сæ бахъæуы, уæд дзы бабадынц, æмæ сæ сыгъзæрин кæсагау доны уæлцъармæ сласы.

СЫГЪЗÆРИН ТÆБÆГЪ — Индостаны паддзах Джекуæзмæ ис ахæм сыгъзæрин тæбæгъ, дон дзы ныккæнгæйæ, уæларв, дæлзæхх æмæ зæххыл цыдæриддæр уыди, уыдæттæ дзы-иу зындысты. Йæхи фыдæй — йæ фырт Зураппы йын райгас кæнын кæй нæ бауагъта, уый тыххæй йын Ростъом йæ дыууæ фырты куы æрбамары, уæд сыгъзæрин тæбæгъ байсы Ростъом, дон дзы ныккæны æмæ йын зæгъы: «Уартæ Мæрдты бæстæм бахæццæ сты дæ лæппутæ æмæ мæ лæппу». Тæбæгъы федта Даредзанты Бедзаны дæр Амосаулеты калачы уæрмы ахстæй æмæ йæм ацыд ирвæзын кæнынмæ.

СЫГЪЗÆРИН УАСÆГ — ирон адæмон сфæлдыстады арæх æмбæлы сыгъзæрин уасæг, стæм хатт йæ фарсмæ февзæры сыгъзæрин карк дæр. Фылдæр хатт сын ис мулчы, исбоны, сыгъзæрины нысаниуæг. Ærмæст Даредзанты таурæгъты сыгъзæрин уасæг у архайæг. Сыгъзæрин уасæг хъахъхъæны Тандет-Тундеты буц чызг Тамары. Цалынмæ Амран æмæ Тамар сæ бæхтыл бадтысты, уæдмæ йе ‘взаг ныххуыскъ и, æмæ йæ уасæн нал уыди. Стæй афтæ тыхджын ныууасыди, æмæ Тандет-Тундеты калак иууылдæр сыхъал сты.

Ацы таурæгъы иннæ варианты та Тамары хъахъхъæнынц уæлгоммæ æвæрд къустæ æмæ къæртатæ. Уымæ гæсгæ Тамар Амраны фæдзæхсы, мæсыджы уæлгоммæ æвæрд къустæ æмæ къæртатæ дæлгоммæ æрфæлдах, зæгъгæ. Фæлæ йын дзы иу фæныкæй дзагæй æнæфæлдæхт аззад — нæ йæ бафиппайдта — æмæ мæсыгæй куы æрхызтысты, уæд ныууасыд фæдисы.

СЫЛГОЙМАГ — Хуыцау дунейыл фыццаг лæджы куы сфæлдыста, уæд æй Дзæнæты цæхæрадоны æрцæрын кодта. Йæхæдæг уæларвмæ атахт. Алцыдæр ын фаг æмæ уæлдайджынтæй уыд Дзæнæты цæхæрадоны, фæлæ æнкъард кодта.

Иуахæмы йæ Хуыцау бабæрæг кодта. Ærтахт æм æмæ йæ фæрсы:

– Дæ цард дæ зæрдæмæ куыд цæуы?

– Æнкъард мын у иунæгæй… — бахъынцъым кодта лæг.

Уæд æй Хуыцау бафынæй кодта, йæ фæрсчытæй йын иу сласта æмæ дзы дунейыл фыццаг сылгоймаг сарæзта. Стæй лæджы райхъал кодта æмæ сæ иумæ ныууагъта.

Рæстæг рацыд, æмæ Хуыцау сфæнд кодта: «Цон æмæ ме сфæлдыст адæймæгты бабæрæг кæнон».

Æртахт зæхмæ. Кæсы, æмæ лæг тыхст æмæ фæлмæстæй бады. Хуыцауы куы ауыдта, уæд бацин кодта æмæ йæм æрхатыд:

– Дæ хорзæхæй, амæй мæ фервæзын кæн, сфæлмæцыдтæн йæ дзæнгæдайæ, йæ бустæ æмæ тæргæйттæй. Нæ мæ хъæуы ахæм æмбал. Иунæгæй мын хуыздæр уыд.

– Хорз, — загъта Хуыцау æмæ сылгоймаджы йемæ акодта.

Рацыд та рæстæг, æмæ та Хуыцау зæхмæ æртахт. Кæсы, æмæ лæг Дзæнæты цæхæрадоны иу къуымы æнкъардæй бады.

– Дæ цард куыд цæуы? — фæрсы та йæ Хуыцау.

– Радт мын æй фæстæмæ. Йемæ мын зын цæрæн у, æнæ уый дæр нæ фæразын, — æфсæрмдзастæй загъта лæг.

Радта йын æй Хуыцау… Æмæ ма абон дæр лæг æмæ ус кæрæдзи дæр нæ быхсынц, хицæнтæй дæр нæ фæразынц.

СЫЛГОЙМАДЖЫ ХЪÆЛÆБА — хæдзары фарнсур у, зæгъынц ирон адæм, æмæ, дам, æрмæст фарнсур нæ, фæлæ бæркадсур дæр у. Уый тыххæй ис ахæм æмбисонд: Иу хæдзармæ, дам, æнæнхъæлæджы уазджытæ бафтыд фондз æмæ ссæдз барæджы. Æфсин сыл бамæт кодта æмæ сылгоймæгты æрдыгæй ссады æртæ къутуйы сæртæ радыгай байгом кодта. Фыццаг дыууæ къутуйы ссад кæд фагæй фылдæр уыд, уæддæр-иу афтæ бакодта: «Уый сын не сфаг уыдзæн». Æртыккаджы уыди иу армы дзаг ссад, æмæ йыл ус бацин кодта: «Уый сын фагæй ноджы фылдæр у!». Иу дзул дзы ракодта, уæлкъæй йæ афыхта. Уазджытæ бавнæлдтой хæрынмæ, æмæ дзы иу дæр йæ хай кæронмæ хæрд нæ фæци — бафсæстысты дзы.

Уазджытæ фæдис кодтой уыцы ссады тæппы бæркадыл æмæ усы æрфарстой.

Ус ахъуыды кодта æмæ афтæ зæгъы:

– Диссагæй дзы ницы ис, мæ хъæбултæ. Дзаг къутуйы ссад уæды хойраг у, чындзæн йæ ныхас артдзæстæй кæртмæ хъуысын куы райдыдта. Уый æбæркад у… Дыккаг къутуйы ссад та уæды хойраг у, чындзы ныхас артдзæстæй фæрссагмæ хъуысын куы райдыдта… Уый дæр бæркадджын нæу… Æртыккаг къутуйы ссад та уæды хойраг у, чындзы хъæлæс артдзæстæй рæхысмæ дæр куынæ хъуыст… Уый цы бæркад хæссы, уый та ныр уæхæдæг уæхиуыл бавзæрстат… Афтæ у, мæ хуртæ, адæймаджы фарныл зайы йæ хойраджы бæркад дæр…

СЫНÆГДЫХ — уæхскыл кæнгæ рæхойæн хотых.

СЫНТХЪÆРГÆНÆГ ÆМÆ ХАЛОНУАСÆГ — фыдуац хæссæг.

СЫРДОН — Гæтæджы фырт гæды Сырдон. «Арвы хин æмæ зæхкы кæлæн», «Нарты фыдбылыз» æмæ цынæ хуызы рахоны кадæггæнæг Сырдоны. Æдзухдæр ныхмæвæрд у Нарты гуыппырсартæм, сæ куырыхонтæм, Шекспиры драмæты быдзæу сæйраг архайджытæн сæ аиппытæ куыд гом кæны, ахæм хæстæ æххæст кæны Нарты кадджыты Сырдон дæр. Фæлæ хатт æгæр карз æмæ

æвирхъау вæййынц йæ фыдбылызтæ Нартæн, æмæ йæм æгъатыр разынынц уыдон дæр. Сырдон Хæмыцы хъуг адавта, Нарты æмбырдмæ йæм хонынмæ куы æрбацыд æмæ йын кæй нæ куымдта, уый тыххæй йæ кæй рацæфтæ кодта, уый фыдæнæн. Хæмыц бавдæлд æмæ йын йæ гадзайы фæрцы хидыхъусы зæххы бын йæ сусæг хæдзар ссардта. Сырдон уым нæ уыд. Йæ бинонтæ фæтарстысты, ай та цавæр бæллæх у, цæмæй нæ ссардта. Хæмыц агæй систа йæ хъуджы дзидзатæ, йæхæдæг хæдзары дуæрттæ фидар æрæхгæдта, аргæвста бинонты æмæ сæ фыцгæ аджы ныккалдта. Сырдон йæ Хуыцауы цæф куы базыдта, уæд исдугмæ сæццæйæ аззад; уый фæстæ йæ бинонты стæгдар агæй систа æмæ йæ хистæр фырты цонджы стджытæй фæндыр сарæзта, иннæ лæппуты зæрдæты тæгтæй фæндыræн скодта дыууадæс тæны, æрбадти йæ хъæбулты стæгдары цур æмæ цæгъдын байдыдта:

«Мæ лæппутæ, мæнæн уын мæ бон хæрнæг кæнын нæ бауыдзæн, фæлæ мын уæ иу хуынди Къонагæ. Къонагæ, марды фæлдисинагæй къонайыл цы бавæрой, уымæй ды рухсы бад!».

Стæй та ныццæгъды æмæ зæгъы:

«Ме ‘ннæ лæппу — Уæрагæ, марды фæлдисинагæй уæрагыл цы æрæвæрой, уымæй ды рухсы бад!».

Стæй та ныццæгъды:

«Ме ‘ртыккаг лæппу — Фуагæ, марды фæлдисинагæй фу цæуыл бакæной, уымæй ды рухсы бад!».

Йæ фæсдуар уæрм уыди — стæгдар уым ныккалдта, йæхæдæг йæ фæндыр райста æмæ рацыд Нартмæ. Ныхасы йæ ныццагъта æмæ йемæ нызтарыд:

«Нарт, ай уын мæ лæвар, æмæ мæ уемæ цæрын бауадзут!».

Нарт уыцы фæндыр райстой æмæ кæрæдзийæн загътой: «Иууыл цагъды куы фæуæм, уæддæр ацы фæндыræн ма уæд фесæфæн. Уый чи цæгъда æмæ мах ном чи мыса, уый уыдзæн нæхион!».

Афтæ фæзынд фæндыр. Фæндыр фæзынд Сырдоны, адæймаджы трагедийæ. «Трагедийæ равзæрди музыкæ! Уый у стыр хъуыдыдзинад Нарты кадджыты», — фыссы Нигер. Уый у Сырдоны стырдæр сгуыхт. Уый йæ æвæры Нарты кадджыты хъæбатырты фарсмæ.

Сырдон у суадæтты, ома дзыхдоны бардуаг Гæтæджы æмæ Æхсæртæггаты мад Донбеттыры чызг Дзерассæйы фырт. Сæвзæрд Дзерассæйы æвæндонæй, Гæтæджы тыхмийæ. Сырдон зыдта æппæт дæр, цы уыди æмæ цы уыдзæн, уыдæттæ. Нартимæ нæ фидыдта, цыдис сыл сайдæй, æмæ йæ сæхуыдтæг дæр сайдтой, фæлæ йæ уарзгæ дæр бирæ кодтой. Фарстой йæ зондæй дæр.

Фаутæ хæссаг æмæ æлхыскъ ныхасгæнаг уыд, æмæ йын уыцы миниуæгæн дæр нæ быхстой. Мæнæ куыд зæгъы иу кадæг: «Нартæ иумæйаг æмбырддон хæдзар арæзтой æмæ йыл фæцархайдтой афæдзæй-афæдзмæ, цæмæй йæм Сырдон фау ма æрхастаид, уый тыххæй». Сырдон уыд дзырдарæхст, йæ ныхас къæдзæхтæ дæр хæлдта, мады гуыбынмæ-иу базыдта, чызг ын уыдзæн

æви лæппу, уыд зондджын, йæ ныхыл — амондхæссæг нысан, фæлæ цард мæгуырæй.

Сырдон Нарты кадджыты Уырызмæг æмæ Сатанайау цæры кæрæй-кæронмæ. Архайы бирæ кадджыты, йæхицæн дзы ис сæрмагонд цикл. Уым æй Нартæ æфхæрынц, сайынц, мæнгардæй йыл разилынц, фæлæ сыл уæддæр йæхæдæг фæуæлахиз вæййы. Сæ зындгонд адæмæй, Уырызмæджы йеддæмæ, æфхæрд кæмæй нæ зоны, ахæм нæй. Йæхæдæг дæр æрмæст уымæй аргъуц кæны, нымайы йæ. Борæтæ йæ амарынвæнд куы скæнынц, уæд æм Сырдон йæхи хонæг акæны æмæ Уырызмæгæн дæлгоммæ ныхасæй бамбарын кæны Борæты фыдвæнд. Борæтæ, дам, куывд кæнынц се ‘рдамонгæ хæдзары æмæ дæ хонынц. Кæд дæ фæнды — рацу, кæд дæ нæ фæнды — ма рацу.

Сырдон мæлгæ дæр акæны, æмæ куы марди, уæд Нартæн ныффæдзæхста, адæмы хъæр кæм хъусон æмæ фосы уасын кæдæм хъуыса, уым мæ ма баваерут, зæгъгæ. Уыдон æй фыддæрадæн бавæрдтой сæ Ныхасы æмæ-иу кæрæдзимæ куы рамæсты сты, уæд-иу сæ иу иннæйы фæлдыста Сырдонæн.

Уæд Нарты адæм загътой: «Амæн нын йе ‘гасæй йæ мард ноджы диссагдæр куы у æмæ нын фыддæræн куы фæци: цæй, æмæ йæ скъахæм æмæ йæ фурды баппарæм». Афтæ бакодтой. Сырдон уыдис Донбеттыры хæрæфырт, æмæ фурды куы бахауд, уæд райгас ис æмæ ссыд Нарты Ныхасмæ. Æмæ та сæ сайын райдыдта, фыдмитæ сын кодта. Уый зондæй фæныхмæ сты Хуыцауимæ дæр æмæ, цæмæй сæ быцæу цырендæр кæна, ууыл архайы карзæй. «Цагъды фæуат, Нартæ, — загъта сын Сырдон, — кæд искуы ис (ома Хуыцау), уæд ын кувгæ мауал кæнут. Стæй уæ дуæрттæ бæрзонд саразут, цæмæй уæ сæртæ гуыбыр ма кæнат, намæ мæнæн кувынц, зæгъгæ, зæгъдзæн. Афтæ куы бакæнат, уæд уæ йæхæдæг агурдзæн». Æмæ уый фыдæй се сæфт æрцыд. Семæ Сырдон дæр йæхи къахт ингæнмæ ныххызт удæгасæй.

Нарты Сырдоны кадæггæнджытæ хонынц арвы хин æмæ зæххы кæлæн, куырысмæдзæуæг, зинтæ æмæ дæлимонтимæ цæрæг, стæй зæххæй уæларвмæ уацхъуыд хæссæг. Хонынц ма йæ Нарты фыдбылыз дæр. Фæлæ сын сарæзта фæндыр, Хуыцауимæ куы схæцыдысты, æмæ сыл Рыны бардуаг низ куы бафтыдта, уæд уымæн хос æрхъуыды кодта,стæй, хæхты уал æрæмбæхсæм, зæгъгæ, Нартæн уый бацамыдта.

СЫРДОНЫ КУЫДЗ — Сырдоны гадза йæ хицауы аккаг уыд. Нартыл фыд аз куы скодта, æмæ сæ фæсивæд æнæ хæринагæй хæрз æдзæллагмæ куы æрцыдысты, Нарты Ныхасы, куыд сын не ‘мбæлд, афтæ куы ныххуыссыдысты, уæд Сырдоны æнаккаг куыдз та сæ сæрты рахиз-бахиз кодта æмæ дзы-иу кæмæн йæ былтæ астæрдта, кæмæн йе ‘рчъи бахордта, кæмæн йæ рон йæ астæуыл фæлыг кодта. Уыдонæн та «ацу æддæмæ!» зæгъын сæ бон нал уыд. Уæдæ Сырдон Хæмыцы хъуджы куы адавта, æмæ йын Хæмыц йæ хæдзар зæххы бын кæм ис, уый йæ гадзайы фæрцы базонын куы фæлвæрста, уæд куыдз йæ хицауыл цы иузæрдиондзинад равдыста, уый дæр диссаг у. Цалынмæ йæ

Хæмыц мæлæты æмбис фæкодта, уæдмæ Сырдоны хæдзары ‘рдæм нæ цыди.

СЫРДОНЫ ФАЗЗОН ФЫРТТÆ — иу кадæджы хуыйнынц: Къонагæ, Уæрагæ æмæ Фуагæ, иннæйы та — Цæй, Рæмбын æмæ Фу. Сæ мад Нарты хæрæфырт сæ зынтæй ныййардта æмæ бирæ нал ахаста — амард. Аргæ та сæ ныккодта уыцы-иу бон: хистæры — къонайы фарсмæ æмæ йыл сæвæрдта ном Къонагæ, дыккаг ын зындæр арæн кæй уыд, уымæ гæсгæ усы Сырдон йæ уæрджытыл сбадын кодта, æмæ куы райгуырд, уæд ыл сæвæрдта ном Уæрагæ, æртыккаг райгуырд æхгæд дзыхæй æмæ фæцæй хуыдыг кодта, Сырдон ын йæ дзых байгом кодта æмæ дзы ныффу кодта. Лæппу сулæфыд, æмæ йæ схуыдта Фуагæ.

СЫРДОНЫ ХÆДЗАР — Сырдонæн хъæугæрон уыд хæдзар, йæхæдæг уым цард. Фæлæ, йæ ус æмæ фырттæ кæм цардысты, уыцы хæдзар ын ничи зыдта. Кадæг «Фæндыр куыд фæзынди»-йы Нарты Хæмыцмæ ис, авд азы хуыскъ чи уыд, ахæм хъуг, æмæ хæлдис фырнæрдæй. Сырдон ын æй адавы æмæ йæ ныккæны, хидыхъусы йын цы хæдзар уыдис, уырдæм æмæ йæ аргæвды. Хæмыцæн къулбадæг ус бацамоны: «Сырдонæн ис кæмдæр зæххы бын хæдзар, æз дæр æй нæ зонын, æмæ йæ хъæуы ссарын. Уым ын ис ус æмæ зæнæг дæр, æмæ дæ хъуджы уым агур… Райсомæй раджы йæ гадза куыдз рацæуы æддæмæ, æмæ йæ бахъахъхъæн. Гадза ахст цæмæй æрцæуа, уый бакæн. Æмæ йын йæ къахыл бабæтт уырдæндах. Нæ дын комдзæн уый сæ хæдзармæ, æмæ йын мæлæты æмбис цæфтæ фæкæн, æмæ уæд цæудзæн, æмæ ды дæр йæ фæдыл цу — уый дæ бахæццæ кæндзæн Сырдоны хæдзармæ». Хæмыц афтæ бакодта æмæ Сырдоны хæдзар ссардта. Сырдоны хæдзары кой ирон адæмы æхсæн абон дæр ма арæх фехъусæн вæййы, йæ хæдзармæ уазæг чи нæ хоны, уымæй фæзæгъынц: «Йæ хæдзар ын Сырдоны хæдзарау ничи зоны».

СЫРХАГ ÆФСИН — æхсыргуысты, урсаджы бардуаг.

СЫРХ БАРÆГ — рæстмæйы дуджы, Растдзинады бардуаг. Цард куы сызмæст вæййы, уæд æй раст фæндагмæ уый раздахы. Æмæ та йæ гаччы сбады.

СЫРХЗАЧЪЕ ЛÆГ — кадæггæнæг Уæрхæджы хоны бæзджын, фæтæнуæхск, гæрзарæхст Сырхзачъе лæг.

СЫРХЫ ДЗУАР — йæ кувæндон ис Астæуккаг Ирыстоны хуссарварс, Хъелы цадмæ æввахс ран сырх хохыл. Йæ бæрæгбон вæййы уалдзæгæй сæрды ‘хсæн. Куывды йæм цæуынц ацы зылды кæмтты цæрджытæ æмæ Гуырдзыстоны цæрæг ирæттæ. Сырхы дзуар — сывæрниз фадынæджы бардуаг.

– Т –

ТАБСЫХЪО — Сафайы фырт.

ТАБУЙАГ — табу кæнынц Стыр Хуыцауæн, зæдтæ æмæ дауджытæн, уæлдайдæр та Аларды æмæ Рыны бардуагæн. Цæмæй сæм ма фæкарз уой, ма фæфыдæх уой. Уымæй дæр — сæ чъылдыммæ, се ‘ргомæй сын тæрсгæ кæнынц, куы фæтæрк

кæной, уымæй.

ТАБУ ХУЫЦАУÆН — хистæр куы фæкувы, уæд нæлгоймæгтæ фынджы фарсмæ уæгъд лæуд нæ фæкæнынц, фæлæ сæ рахиз къухы фыццаг æртæ æнгуылдзы фынгыл æвæрдæй «Оммен» кæнынц. Уыцы рæстæг фынгмæ æввахс сылгоймæгтæ дæр æнцад слæууынц æмæ æрмттæ кæрæдзийыл æрæвæргæйæ «Оммен»-ы бæсты сабыргай бакæнынц: «Табу Хуыцауæн», кæнæ «Хуыцауæн Табу».

ТАБЫЛДАХЪ — Уырызмæджы æххуырст, хъаруджын æмæ стыртæ.

ТАЙСАНА — Сатанайы фырт, ракуырдта йын Алымбегаты Алымбеджы иунæг чызджы.

ТАЛМЫХЪÆД — цуан дзы кодта Борæ. Уырдæм æм æртæхы æхсинæджы хуызы Хуыцауы хæрæфырт Арвычызг, йæ фидæны цардæмбал.

ТАЛХЪЫ МÆСЫГ — æбæрæг адæмы мæсыг.

ТАЛЫНГЫСТОН — Даредзанты таурæгъты Ростъом йæ фырт Зураппы, нæ йæ базыдта, афтæмæй йæхи къухæй йæ хъамайæ куы барæхуыста, уæд ын уый зæгъы: «Амардтай мæ! Фæлæ додой дæ къона кæны, ахæм фыд мын ис Ростъом, æмæ кæд уæларвмæ цæуай, уæд дæ ахсдзæн дæ фæстаг къахæй, кæд дæлдзæхмæ цæуай, уæд та дæ коцорайæ». Цы базонын ма хъуыд Ростъомы йæ хуыцауы цæф æмæ цæхæрадонгæсы арвыста Индостаны паддзах Джекуæзмæ удæгасгæнæн хосмæ. Хос йæ къухы куы нæ бафты Джекуæз æмæ цæхæрадонгæсы аххосæй, уæд Ростъом йæ зæвæтæй цæхæрадонгæсы ныццавта, æмæ уый цъæх фæнык фестад. «Уый фæстæ йæ лæппуйы куы ахæссы, куы, Ростъом, — зæгъы нын таурæгъ. — Талынгыстоны куы бацæуы, адæймаджы хъæр кæдæм нæ хъуысы, ахæм арф ранмæ. Уый тыххæй æмæ æртæ азы афтæ куы бадтаид, уæд, Даредзанты æгъдау куыд уыди, афтæмæй куы райгас уыдаид Ростъомы фырт».

ТАНДЕТ-ТУНДЕТЫ БÆСТÆ — Даредзанты таурæгъты буц чызг Тамары райгуырæн бæстæ.

ТАНДЕТ-ТУНДЕТЫ ЧЫЗГ — буц Тамар — Даредзанты Амраны усаг. Амран Æхсон уæйыджы аст сæры куы ахауын кодта, уæд дзы уый куырдта, цæмæй йын йæ фарæстæм сæр ныууагътаид. Уæйыджы фæндоныл Амран не сразы, æмæ йæ уæд уæйыг ралгъыста: «Уæдæ Тандет-Тундеты чызг буц Тамар цалынмæ усæн дæ къухы бафта, уалынмæ дæ тых мауал уæд!». Амран Тамары нæ зоны, фæлæ йæ агуры, цæмæй йæ тых фæстæмæ йæхимæ æрцæуа, уый тыххæй. Тамар та зыдта, Амран йæ мойаг кæй у, уый, æмæ йæм æнхъæлмæ каст. Æртæ æфсымæры йæ агурæг Тандет-Тундеты Калакмæ куы æрбахæццæ сты, уæд дæр сæ фыццагдæр йæхæдæг базыдта. Амран æм къæртайы донимæ сусæгæй йæ къухдарæн сæрвыста. Тамар йæ къухтæ куы æхсадта, уæд къухдарæн йе ‘нгуылдзыл абадти. Тамар та йын йæ сæры хъуынтæй иу æрду рарвыста. Амран æй йæ сæрыл куы æрбатыхта, уæд йæ хъару йæ бынаты абадти.

Тамар йæхæдæг йæхи æххуысæй йæхи аскъæфын кодта. Фæдисæттæ сæ цæмæй ма райййафой, уымæн мадзæлттæ дæр йæхæдæг аразы. Зонынджын

уыд Тамар. Йæ ныхас цæуаг у, æмæ сæ фæдисæттæ куы æрбацæйæййæфтой, уæд уым йæхицæн фестын кодта æртæ æддæгуæлæ бæстыхай, йæ цыппар фисыны — цыппар мæсыджы. Уыцы агъуыст сæ рæстæгмæ бахъахъхъæдта фæдисæттæй. Семæ хæсты Бадри æмæ Мысырби, стæй сауджыны къухæй Амран куы фæмард вæййынц, уæд сауджыныл дæр уый зондæй фæтых вæййынц. Уый райгас кæны мардæгасгæнæн суадоны донæй æртæ æфсымæры дæр, æмæ Амранимæ Йамоны хойы хæдзары уыдис сæ диссаджы чындзæхсæв.

ТАНХЪА — денджызы фынк.

ТАПСЫХЪО — Сафайы фырт.

ТАРАНДЖЕЛОС — кувæндон, сырæзт, Хуыцау Батрадзы мардыл цы æртæ цæссыджы æрæппæрста, уыдонæй иуæй. Уæлдай кадджындæр у Тибы æмæ Тырсыйы.

ТАРЗÆ — зайæгойты æвдадзы хос, хус бæласыл, дам, дзы-иу куы æркодтой, уæд та-иу ногæй йæхиуыл схæцыд, зайын, сыфтæр калын-иу райдыдта.

ТАР — Мукара æмæ Бибыцы фыд кадæг «Сослан æмæ Тары фырттæ»-йы.

ТАР-КОМ — кадæг «Уæрхтæнæджы фырт Нæртон Сыбæлц»-ы Соппары стыр лæгæт ис Тар-комы дымæгмæ. Уым Соппары æртæ фырты бамбæхстой, Уæрхтæнæджы згъæр хæдон æмæ, йын йе рагъæй цы дыууæ гæрзы рауагътой, уыдон.

ТАРФЫ ЛÆГÆТ — лæгæт Нарты кадджыты — Уырызмæг йæ бардуаг чызгимæ фæзупдзых вæййы, æмæ йæ уый ралгъиты:

«Дæ нæлбархъомыс дуримæ фæуæд!
Дæ фæдонты сæфт дæхи къухæй уæд!
Балцы куы цæуай — хотых дæ рох уæд!
Хуынды куы цæуай — къæвда дыл кæнæд?
Дæ зæронд нартæн хъазинаг фæуæд!»

ТАРХЪЫ СЫНДЗ — Сатанайы лæппуйы йæ ус арвыста Тархъы Сындзмæ. Загъта йын: «Баздæх æмæ ма Тархъы Сындзмæ фæцу. Уым ис сау рувас — йæ ныхы æртæ урс æрдуйы. Рувас куы æрцахсай, уæд сæ ратонын хъæудзæн. Сæ иу хъуын уыдонæй уыдзæн дæуæн зонд амонæг, аннæ фестдзæн рон, æртыккаг æгънæджытæ, æвзист æмæ сыгъзæрин арæзт. Уыдон та балæвар кæндзынæ мæнæн. Фæлæ уый зон, æмæ сау рувас æрцахсын æнцонæй нæ бафтдзæн дæ къухы…».

ТАУВЕЗ — Ацæты лæппутæй иу.

ТАКА — згъæр худ; кæс «Бидасы тахъа».

ТÆЛÆТ — Нартæ-иу стæрæй цы фос æрбатардтой, цы исбон æрбаластой, уый.

ТÆЛÆГТЫ БЫДЫР — цардис дзы Нарты Уæрхтæнæг.

ТÆРГÆЙТТЫ МÆЙ — мæйы ном мартъи дæр у Ромы мифологийæ ист. Равзæрд хæсты бардуаджы ном Марсæй. Уый кадæн æй рахуыдтой афтæ. Ирон адæм та йæ хонынц комдарæны мæй. Нæ фыдæлтæ ком дардтой авд къуырийы. Уыдонæй цыппар хауд ацы мæймæ, иннæ æртæ та — апрелмæ. Уымæ гæсгæ ирон адæм мартъи æмæ апрель хуыдтой мархойы дыууæ мæйы. Мартъийы рæстæг

фæлдурæджджын кæй вæййы, арæх кæй ивы, адæймаджы низтæ кæй сабухын кæны, уымæ гæсгæ йæ хонынц тæргайгæнаг, стæй хъæнтæбæрæггæнæг дæр. Тынг хорз ыл сбадт Тæргæйтты мæй.

ТÆРК КÆНЫН — ирон динон уырнынадмæ гæсгæ адæймагмæ тæрк кæнынц дауджытæ, сæ зæрдæ дыл куы фæхуда, аккаг аргъ сын куы нæ скæнай, уæд дын фыдбылыз ракæндзысты. Тæрк кæнынц хæйрæджытæ дæр, ницæмæ сæ куы дарай, уæд сабухынц æмæ фыддзинадмæ æмхиц сты. Арвыкомы ирон цæрджытæ хорз зонынц, Терк фæтæрк кодта, зæгъгæ, уыцы ныхасы мидис. Сæрды райдайæны мит æмæ цъититæ тайæн рæстæг куы раивылы, уæд бæстæ йæ сæрыл рахæссы, ныббæллæхтæ кæны. Æвæццæгæн, йæ ном Терк дæр дзырд тæркæй равзæрд.

ТÆРХЪАЙЫ БЫДЫР — ахæм быдыр ис Даредзанты таурæгъты.

ТÆРХЪУСÆМБÆЛÆГ — тæрхъусæн ирон адæм тæригъæдгæнаг сты, иу аргъауы дæр æй фыдгæнæгæй нæ фендзынæ. Уый хыгъд у тæппуд, зылындзаст, æнæбон, йæ лæппынты бахъахъхъæнынæн дæр нæу. Алы сырд дæр ыл тых у, хъæдæй быдырмæ дæр уымæн ралыгъд. Фæлæ дыл искæдæм цæугæйæ куы фембæла, уæд фæлтау фæстæмæ раздæх. Афтæ кодтой цуанæттæ, хъæдрæбыны-иу сыл тæрхъус куы фембæлд, уæд. Ис ахæм ныхас: рувасæмбæлæг — хæрзæмбæлæг, тæрхъусæмбæлæг — фыдæмбæлæг.

ТÆСМÆЛГОМАУ — Бурæфæрныджы фырттæй иу, уыд тæрсаг, æмæ йæ рахуыдтой Тæсмæлгомау.

ТÆССАРВАД — Нарты Сослан уыдис нæрæмон, кафаг, зараг, уыимæ тæссарвад æмæ хъоппæгцæст. «Йæ къæхтæ тæссарæвæрд чи кæна, йæ цæстытæ сасиры чъилы йæстæ кæмæн уой, йæ иу цæсты дыууæ гагуыйы кæмæн уа, йæ зачъетæ уызыны сындзы хуызæн кæмæн уой, уымæй дæхи бахъахъхъæн», — афтæ амоны Тотрадзæн йæ мад Сосланы æмæ йæ фæдзæхсы.

ТÆТÆРТУПП — зæд, йæ бадæн бынат Æрджынарæджы. Ацæмæзæн Агуындæйы хæссынмæ куы бацыдысты, уæд Нартæ æмæ зæдтæ — чындзхæсджытæ сæ фæндаг Æрджынарæгыл ракодтой æмæ йæ Елиа хоны: «Нæ къорды хистæр, Хуыцауы уарзон». Тæтæртупп у урссæр зæд.

ТÆФÆБОН — саударæн бон.

ТÆФÆРФÆС — мардæгъдау, зианджынæн йæ бинойнаджы амарды фæдыл хъыгтæ ракæнынæн. Абайты Васо куыд зæгъы, афтæмæй у тынг рагон ирон дзырд, ариаг динæй нæм чи æрхæццæ, ахæм. Ис ма нæм дзырдтæ: тæфæрмæт æмæ мæсæллæй дæр. Уыдоны нысан дæр абоны ирон æвзагыл амоны хъыгтæ ракæнын. Æцæг мæсæллæй нæдæр ариаг, нæдæр абоны ирон æвзаджы дзырд у. Араббагау амоны: «Аллахы фæндон у». Фылдæр æй дзурынц Хуссар Ирыстоны. Абайты Васо куыд фыссы, афтæмæй, дам, æй ирæттæ райстой сæ сыхаг пысылмон адыгтæй.

Зæххыл мæлæтæй æгъатырдæр, риссагдæр, удмарæндæр хъуыддаг нæй, æмæ исчи куы амæлы, уæд хионæй, хæстæгæй, хæларæй, зонгæйæ, уымæн

атагъд кæнæм зианджыны фарсмæ балæууынмæ, йæ хъыг, йæ зын цæмæй баурома, уымæн ын исты ахъаз фæуыны тыххæй. Уыцы хъуыддаг мæрддзыгой адæмæй раздæр йæхимæ райсы сыхбæстæ. Мард æмæ зианджынæн балæггад кæнын сваййы сæ сæйраг архайд. Уыдон æгъдау дæттынц кæрты æмæ æрбацæуæг адæмæн дæр. Сæ разы мæрддзыгой куы æрлæууы, уæддæр сын уыдон фæзæгъынц бузныджы ныхæстæ: «Æнæхъиамæт ут, уæ къахы фыдæбон мардæн æхцон уæд, хæрзмæ уыл аудæд. Абонæй фæстæмæ рæсугъд хъуыддæгты архайæг ут» æмæ афтæ дарддæр. Уый бузныджы ныхас дæр у æмæ арфæ дæр, кæй бафыдæбон кодтой, зианы хъуыддаджы фæдыл сæ фарсмæ кæй æрбалæууыдысты, сæ сыхаджы зианы сын æгъдауæй кæй сбуц кодтой, уый тыххæй. Уыцы хуызы сын дзуапп радты æрбацæуæг мæрддзыгой дæр тæфæрфæс ракæныны фæстæ: «Мард рухсаг уæд. Йæ фæстæ кæй уадзы, уыдон цардæй бафсæдæнт. Абонæй фæстæмæ хорз хабæрттæ цæуæнт бинонтыл, мыггагыл, сыхбæстыл. Уæ лæггад ын хæлар уæд, хæрзмæ уыл аудæд».

Уæдæ мæрддзыгой адæм зианджыны кæрты куы æрлæууынц, уæд тæфæрфæс, тæфæрмæт, мæсæллæй, хъыгтæ кæмæн хъуамæ ракæной? Зианджынæн. Æмæ ам та фыццаг ныхасы бар уыдонмæ ис. Хъыгтæ йын ракæнынц, ныфсдæттæн ныхæстæ йын фæзæгъынц. Уымæн фыдохы уаваæры йæ бон дзуапп радтын, бузныг зæгъын нæ вæййы, æмæ уыцы æгъдау кæны, хиуæттæй йæ фарсмæ чи æрбалæууы, уый.

ТÆФÆМÆТ — тæфæрфæс кæнын.

ТÆХГÆ ÆРЧЪИАГ — кадæг «Сырдон уæйгуыты куыд фæсайдта»-йы уæйгуытæ Сырдонæн зæгъынц: «Ис нæм æрчъиаг, фынг æмæ бæндæн. Æрчъиагмæ ис ахæм миниуæг, æмæ йыл куы сбадай, уæд дæ, кæдæм фæнда, уырдæм бахæццæ кæндзæн. Фынджы та нымæтын ехсæй куы æрцæвай, уæд хæрд æмæ ностæй айдзаг вæййы. Бæндæнæй та æнæхъæн хор-хос куы сбæттай, уæд дæр дын уæз нæ кæндзысты». Сырдон сын сæ асайы. Тæхгæ Æрчъиаг ис Даредзанты Амран, Бадри æмæ Мысырбимæ дæр, æмæ йыл уæларвæй Зæхмæ æртахтысты.

ТÆХГÆ МÆСЫГ — Нарты кадджыты Хызы фырт Челæхсæртæджы чызг Бедухайæн ис тæхгæ мæсыг.

ТÆХГÆ ÆМÆ ЦÆУГÆ МÆСЫГ — Кадæг «Сослан Косеры куыд ракуырдта»-йы Косерæн ис, зæххæй уæларвмæ суадзæн кæмæн ис, стæй цæугæ (тæхгæ) дæр чи кæны, ахæм мæсыг. Йемæ архайын зоны æрмæст йæхæдæг. Сослан йæхи хорз нæ дардта, æмæ йæ мæсыджы иунæгæй арвы хæдбынмæ суагъта. Зæхмæ йæ куыд æруагътаид, уымæ Сослан нæ арæхст æмæ дзы рагæпп кæны.

ТБАУ-УАЦИЛЛА — кувæндон Дæргъæвсы комы Ламардоны сæрмæ Тбауы хохыл. Йæ равзæрды тыххæй ис таурæгъ. Гæздæнты Хъазыбег æй радзырдта афтæ:

«Дæргъæвсы комы Цæгат Ламардоны цæрджытæй иу мыггаг уыдис Гуццатæй, уыдонмæ уыдис хæсгæ лæппу, иу аст азы кæуыл цыдис, ахæм. Уыдис, дам, тынг рæсугъд сывæллон, стæй хæдзонд æмæ ма кæд гыццыл уыдис,

уæддæр сæрæн æмæ коммæгæс кæй уыдис, уæдæ тæрсгæ дæр ницæмæй кодта, æмæ йæ уый тыххæй æрвыстой уæлыгæс. Уыцы рæстæг-иу давтой сывæллæтты, уæлдай фылдæр та — лæппуты. Иу бон кæсгон абырджытæ кæцæйдæр бафтыдысты Ламардоны фосхизæн фæзмæ. Уым гыццыл лæппуйы иунæгæй уæрыччытæ хизгæ куы федтой, уæд æй нымæты атыхтой æмæ йæ Кæсæджы балæууын кодтой. Æмæ та йæ уыдон дæр уæлыгæс скодтой.

Бонтæ цыдысты: æхсæв скъæты хуыссыдис фосимæ, бон та сæ хизгæ кодта. Иу бон та фыстæ быдырмæ куы аскъæрдта, уæд лæппуйæн йæ зæрдыл æрлæууыдысты, раздæр уæрыччытæ цы къуыбыртæ æмæ дидинæгджын уæлвæзты хызта, уыдон. Гуццатæн сæхи лæппу кæй нæ уыдис, уый зонгæ дæр нæ кодта, фæлæ сыл афтæ сахуыр, æмæ йæм кастысты йæхи мад æмæ фыдау. Ныр кæм цардис, уыдон та йын уыдысты чидæр, уымæ гæсгæ йæ зæрдæ уынгæг кодта æмæ куыдта йæ дзыхыдзагæй.

Уыцы рæстæг йæ цуры абадт иу стыр цæргæс æмæ йæм адæймаджы хъæлæсæй сдзырдта: «Цæмæн кæуыс, гыццыл дзæбæх лæппу?».

Лæппу йын йæ хабар радзырдта: раздæр æндæр кæцыдæр бæстæйы цардис, æмæ йæ уырдыгæй цыдæр лæгтæ бæхыл рахастой, æмæ ныр мысы йæ райгуырæн уæзæг. Цæргæс ын зæрдæ бавæрдта, йæ раздæры цæрæн бынатмæ йæ кæй ахæсдзæн, уымæй. Æцæг æм хæрдæй куы фæкæсид: æртæ боны дæргъы йын-иу йæ фысымтæ сихорæн цы нывæрой, уый йæхæдæг куы нæ хæрид, фæлæ йæ уымæн куы дæттид. Лæппу сразы. Уый йын Цæргæс йæ зонд, йæ удыхъæд фæлваргæ кодта æмæ йæ æртæ боны фæстæ æрбахаста Тбауы хохы лæгæтмæ. Уым ын Цæргæс йæхи бацамыдта. Загъта йын, Уацилла кæй у, æмæ йæ хъæубæстæн куыд фехъусын кæна, цæмæй йæ номыл ам кувæндон скæной.

Лæппу сæхимæ æрцыд. Бинонтæ йæ рагæй агуырдтой æмæ йæ сæрæгасæй куы федтой, уæд ыл тынг бацин кодтой. Лæппу сын йæ хабæрттæ ракодта æмæ сын загъта Уациллайы курдиат».

Уæдæй абонмæ Тбауы хохыл бæрзонд ран ис Тбау-Уациллайы кувæндон. Дзуарылæг та дзы вæййы Гуццаты мыггагæй. Ардæм æрвылаз дæр сæрды райдайæны куывддоны цæуынц Дæргъæвсы комы цæрджытæ. Уырдæм уæрыкк сласынц, растдæр зæгъгæйæ, уæрыкк йæхæдæг фæцæуы куывддон лæгты фæстæ, уым æй аргæвдынц, æртæ æртæдзыхонæй, физонæгæй скувынц. Йæ царм ын уым хъилыл байтындзынц. Семæ схæссынц бæгæны æмæ йæ уым къусы ныууадзынц иннæ азмæ. Уырдыгæй та семæ рахæссынц, афæдзы размæ уым цы бæгæны ныууагътой, уый. Уыцы бæгæны иннæ бæгæныимæ, ома, уыцы аз Уациллайы номыл цы бæгæны скæнынц, уыимæ схæццæ кæнынц. Уый та хуыйны фæдзæхсæн. Скувынц дзы æмæ йæ нуазынц, стæй дзы алы куывддзæуæгæн дæр йæ хæдзармæ дæттынц фæдзæхсæн. Куывд та вæййы Цæгат Ламардоны. Гуццаты кувæн найфатмæ Уациллайы бон фæцæуынц сæ æртыгай чъиритимæ æмæ уæрыччы фарсы физонæгимæ.

Зæгъынц, Тбау-Уациллайы кувæндонмæ, дам, куывддон лæгтæ куы ссæуынц, уæд æм æрбатæхы зараг рæсугъд чысыл маргъ, æмæ цалынмæ бæгæныйæ, æртæ æртæдзыхонæй, нывондаджы физонæгæй скувынц, уæдмæ, дам, йæ зарынæй нæ банцайы, сæ алыварс куы кæм абады, куы — кæм, раст цыма сын сæ архайдмæ йæ цæст фæдары, уыйау. Стæй атæхы.

ТЕЛЕБЕРДИ — Нарты знаг, хъалон сæвæрынмæ сыл хъавыд. Сослан фембæлы йæ æртæ фыртимæ æмæ сæ фæцæгъды.

ТЕРК-ТУРЧЫ БÆСТÆ — Нарты кадджыты Уырызмæг æмæ йæ æнæном лæппу стæры ацыдысты æнæхæрд бæстæ Терк-Турчы бæстæм. «Уый хуызæн хъæздыг бæстæ уæвгæ дæр нæ уыдзæн, — зæгъы Уырызмæг, — фысвос зæгъай, стурвос, бæхрæгъæуттæ — аздахын сæ нæ фæразынц сæ гæстæ, фæлæ æнцон нæу ныфс бахæссын уырдæм: ахизын æм хъæуы денджызы, стæй рæгъæуттæ, дзугтæ хъахъхъæнынц æфсæн уырс, æфсæндзых бирæгъ æмæ æфсæндзых хъæрццыгъа».

«Терк-Турчы бæстæ — мæ хæтæн», — зæгъы Къостайы «Лæскъдзæрæн»-ы уæйыг дæр.

ТЕПСЫХЪО — Сафайы фырт.

ТЕСЫ КЪÆДЗÆХТÆ — Даредзанты таурæгъты Æхсон уæйыджы цæрæн бынат.

ТИБИТЫ РЫН — ирон адæмæй арæх фехъусæн вæйиы: «Тибиты рын æй ахаста». «Уый исты дзаума куы фæагурынц æмæ йæ куы нал фæарынц уæд. Ракæнынц карз æлгъыст: Тибиты рын дæ ахæссæд, зæгъгæ, дæр. Бæрæг нæу, Тибиты рын цавæр низ амоны, уый. Æвæццæгæн уыд Тибитæй мыггаг, æмæ сыл цавæрдæр рын схæцыд. Бындзагъд сæ фæкодта, бындар сæм нал баззад, æмæ уыцы фыд адæмы зонды, зæрдæйы баззад, фæлтæртæ йæ нæ рох кæнынц. Ахæм фыдбылызы бахаудтой Сухтæ, Цегонатæ, Царциатæ æмæ ма, сæ фыдбæллæхы хабар махмæ кæмæн не ‘рхæццæ, ахæм мыггæгтæ.

ТИЗМУДÆ — кадæг «Тизмудæ æмæ Нарты æгæнон симд»-ы Тизмудæ цæры авд фæндаджы астæу авдуæладзыгон галуаны. Сахъ лæппутæ йæм усгур цæуынц, фæлæ сæм хъал чызг йæ рудзынгæй дæр нæ ракæсы. Уæд сарæзтой æнæфенгæ кафт — алчи дзы кафыд йæ кусæнгарзимæ: кæмæн йе ‘ккой — йæ сагой, кæмæн йæ къухы — йе стауæн, кæмæн цы, кæмæн цы — афтæмæй симынц. Фæлæ нæй, чызг нæ кæсы. Уæд хонæг арвыстой гутондар Хуымбармæ. Уый уæд сæдæ гутонæй хуым кодта… Æмæ дын уый дæр Нарты æгæнон симдмæ æрбацыд. Йæ дыууæ уæхскыл æрцауыгъта сæдæ æфсæны æмæ сæдæ дзыргъайы, афтæмæй Стыр Хуымбар рацыди симды. Йæхи-иу куы сцагъта, уæд-иу сæдæ æфсæны æмæ сæдæ дзыргъайы сæдæ æвзагæй суасыдысты. Тизмудæ уый куы фехъуыста, уæд нал фæлæууыди æмæ мæсыгæй æрхызти симдмæ, æмæ сæ амонд баиу.

ТИНТЫ КÆРЦ — ис Нарты Уырызмæг æмæ æнæфындз Мæргъуыдзыл, зынаргъ сырдыдзæрмттæй кæрц. Тин уырыссагау у соболь.

ТОБÆ — æллоимæ сæ хъуыды иу у: «ма уæд, ма æрцæуæд де ‘лгъыст». Тобæ куы

зæгъай, уæд дзурæджы, æлгъитæджы ныхасæн тых нал ис.

ТОГУС-ÆЛДАР — Насран-æлдар æмæ Ацæмæз Мысыры æлдармæ куы алæбурынц, Насран-æлдары ус байсынмæ, уæд фæндагыл сæ разы æрлæууы Тогус-æлдар, денджызыл ахизын сæ нæ уадзы, æмæ йæ Ацæмæз амары.

ТОТРАДЗ — Алæгаты Алыбегæн авд фырты æмæ иунæг чызг уыдис. Йе'хсæз фырты æмæ йæхæдæг дæр Сосланы къухæй мард фесты. Баззади ма йын æрмæст чызг æмæ авдæны лæппу. Лæппуйыл ном сæвæрдта Сырдон — Алымбеджы фырт Тотрадз, зæгъгæ. Лæппу та ахæм уыд æмæ разæй сыгъдæг æндон уыд, бон уыдисн рæзти, æхсæв та — уылынг. Сослан сфæнд кодта Алымбеджы мыггаг бынтондæр сæскъуынын æмæ расидт Хъазæн фæзы хъæзтытæ. «Уырдæм нæлгоймаг кæй хæдзарæй нæ рацæуа, уый уыдзæн чызг-уацайрагæй иваргонд», — зæгъгæ.

Уæдæ æз мæ фыд Алымбеджы фырт ма фæхуыйнон, мæ иунæг хойы чызг-иварæн куы радтон, зæгъгæ, базмæлыд авдæны. Авдæныл фæйнæрдæм ахæцыдис Тотрадз æмæ авдæны тъæпæнтæ атыдта, афтæмæй авдæны хæйттæ фæйнæрдæм фæтахтысты: йæ иу ных асхъиудта æмæ сæмбæлдис хохыл, æмæ хæхтæ кæрæдзийæ гъе уæд фæхицæнтæ сты, йе'ннæ ных сæмбæлдис быдыры, æмæ быдыр арыхъытæ уæдæй нырмæ фæцис; фæрстæй иу сæмбæлдис хъæды — уæдæй нырмæ хъæд фæцис бындзыггай; иннæ та сæмбæлдис доны, æмæ дзы сакъадахтæ уæд фæзынд. Тотрадз сбады йæ фыд Алымбеджы бæхыл, райсы йын йæ хæцæнгæрзтæ æмæ Хъазæн фæзы балæууы. Сосланимæ ахъазынц. Тотрадз ыл бæргæ фæуæлахиз, фæлæ Сосланæн йæ хъару кæм нæ фаг кодта, уым зондæй куыста æмæ сæ хъазт иннæ майрæмбонмæ аргъæвын кодта. Уæдмæ Сатанаимæ ссардтой йæ амарынæн фæрæз. «Уымæн йæ бæх дæлимонты хаст у, — бирæгъдзæрмттæй тæрсгæ кæны», — зæгъы йын Сатана. Æмæ Сослан ног стыгъд бирæгъдзæрмттæй кæрц бахуыйын кодта. Ноджы ма йæ бæх схъулон–мулон кодта, сæдæ хъуытазы æмæ сæдæ мырмыраджы йыл бакодта, афтæмæй Тотрадзмæ мигъаууонæй куы рагæпп кодта, уæд йæ бæх фæтарст æмæ ахаста йæ барæджы. Тотрадз дæр ма йæ бæргæ уромы, йæ тых-йæ бонæй идоны рохтыл æрбахæцыд æмæ сæ æрбатыдта, авнæлдта йын йæ барцмæ æмæ йын æй æрбарæдывта. Аивæзта йæхи размæ Тотрадз æмæ бæхæн йæ дыууæ хъусы саргъы гопмæ æрбастыгъта. Уæд бæхæн йæ бинаг æфсæрыл фæхæст — æрфаста уый дæр йæ мæргъгæйы онг. Уæдмæ йæ Сослан баййæфта æмæ йæ фатæй фæсте ставд цæфтæ æмæ лыстæг хуынчъытæ ныккодта, стæй йын арцæй йæ уæнтæ нытътъæпп ласта. Тотрадз асхъиудта йæ бæхæй æмæ зæххыл фæдæлгоммæ ис, йæ уд фелвæста.

Сайдæй йыл кæй рацыд Сослан æмæ йæ афтæмæй кæй амардта, уый тыххæй мæрдты хæцгæ кæндзысты Алæгаты Алымбеджы фырт Тотрадз æмæ Æхсæртæггаты болат Сослан. Æмæ диссаг уыдзæни уыдоны хæст: мæрдтæ сæм кæсынмæ æмбырдтæ кæндзысты. Хъабахъ кæмæн уыд мæрдтæй, уый йæ хъабахъæй кæсдзæн, цырт кæмæн уыд, уый йæ цыртæй, дугъ кæмæн уыд, уый

та йæ бæхы рагъæй кæсдзæни уыцы хæстмæ.

ТОХСИ — стур кусарты хъул, хъулæй хъазты дзы пайда кодтой.

ТОХЪЫЛ — хæсгæ бурæнæлфыс адæмон сфæлдыстады.

ТХОСТ — хæстонты бардуаг, ирон адæмы тыхгæнджытæй, знæгтæй хъахъхъæнæг бардуаг. Уымæ гæсгæ, фылдæр ауды хæстонтыл, у зын сахаты сæ фæдисон, се ‘ххуысгæнæг. Фынджы хистæр ын æртæ чъирийæ йæ ном аргæйæ фæзæгъы: «Тхосты дзуар, табу дæхицæн! Нæ бæстыл сабырдзинад рауадз, нæ кæстæртæ зындзинадмæ макуы бахауæнт! Тыхгæнæгæй сæ бахиз! Схæцын сæ-иу куы бахъæуа, уæд та сын тыхгæнæг тых ма арæд!». Йæ кувæндæттæ сты Куырттаты комы Цымытийы хъæуы цæгатварс, Уæлладжыры комы Уыналы сæрмæ сæ раздæры цæрæн бынат — Хъæздоны æмæ æндæр рæтты.

Тхост у Уациллайы æххуысгæнæг дæр. Уымæ гæсгæ ма йæ хуыдтой æрвдзæвды бардуаг дæр. Фæлæ фылдæр йæ арм хæстонтыл, нæлгоймæгтыл, райгуырæн уæзæг хъахъхъæнджытыл кæй дары, уый бæрæг у, Цымытийы йын йæ бон уалдзæджы куыд бæрæг кодтой, уымæй. Кувæндоны фысымтæ уыдысты Цымыти æмæ Къадат, фæлæ йæм куывды цыдысты комбæстæйы æндæр хъæутæй дæр. Бæрæгбон хицæн кодта иу миниуæгæй. Уыцы бонмæ-иу фондз азы цы лæппутыл сæххæст, уыдоны фæлыстой ирон уæлæдарæсы: цъухъа, куырæт, уæлдзарм худ, хæдбын цырыхъытæ, сæйрагдæр та — йæ астæуыл æвзагджын роныл — хъама, йæ уæхскыл — æрдын æмæ фатдон. Лæппуты æхсæн-иу расидтысты фатæй милмæ æхсыны ерыс. Уыцы хуызы сæ цыма цæттæ кодтой хæстон, Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнæг суæвынмæ. Нæлгоймаджы фарн сыл æфтыдтой, æмæ-иу афтæмæй хæдзары нæлгоймæгты «номхыгъдмæ» хаст æрцыдысты. Уый размæ-иу чызгæй, лæппуйæ иумæ хъомыл кодтой сæ дзыццатæ æмæ нанаты, сæ хистæр хоты цæстдардæй. Ныр сын-иу бар уыд гыццыл цыдæр хуызы нæлгоймæгты хъуыддæгты балæууынæн, цумайы лæппу уæвынæн.

Тхосты бæрæгбоны ацы æгъдау хуындис «Цоггаг». Лæппутæн-иу цъæх нæууыл æмдымбылæй раваердтой хæцæнгæрзтæ, нæлгоймаджы куыстыты гæрзтæ, фæстагмæ ма æвæрын райдыдтой къ рандас, ручкæ æмæ чиныг дæр. Æмдымбылæджы астæу-иу лæппуты радыгай æрæвæрдтой, æмæ дзы фыццагдæр чи цы дзаума систаид, уымæ гæсгæ йын бæрæг кодтой йæ фидæны дæсныйад.

Хъæздоны Тхосты бæрæгбон вæйиы Куадзæны æртыццæджы æмæ цыппæрæмы. Куывддоны йæм цæуынц Уынал æмæ хæстæг хъæутæ. Ам йæ фæдонтæ сты Æнтуттаты фондз мыггаджы: Уырымтæ, Кæсæбитæ, Созæтæ, Пагæтæ æмæ Тотыккатæ. Хус рæстæджытæ-иу куы ахаста, æмæ-иу Уацилламæ скувынæй куы нæ рауарыд, уæд Уыналы цæрджытæ Тхосты номыл æргæвстой урс уæрыкк.

Тхост фæдисон бардуаг у. Раздæр, дам, адæммæ æргом цыдис. «Фæдис, Тхост, дæ сæр нæ бахъуыдис!» — зæгъгæ-иу, исчи куы ныхъхъæр кодта, уæд-

иу уайтагъд Тхост æххуысмæ фæзынд цъæх бæхыл, урс цухъайы. Фæлæ, дам, иухатт Хъæздоны дыууæ лæппуйы фос хызтой.

– Дзурынц, Тхост, дам, фæдисы хъæрмæ рацæуы. Цымæ уый æцæг у? – фæрсы иу лæппу иннæйы.

– Æцæг у, уæдæ цы у. Ау, уый нæма зоныс? — зæгъы йын дыккаг лæппу.

– Мæн фæнды йæ фенын, – зæгъы та фыццаг лæппу.

– Куыд æй фендзынæ, уый йæхи дæумæ нæ равдисдзæн, – дзуры йæм дыккаг лæппу.

– Цыфæнды уа, уæддæр æй хъуамæ фенон! — зæгъы та фыццаг.

– Цы хуызы йæ фендзынæ, кæд уымæн гæнæн нæй, уæд?

– Куыд нæ йын ис гæнæн? Фæдисы хъæрмæ рацæуы, — нæ дзурынц? Гъемæ æз дæр ныртæккæ «Фæдис!» ныхъхъæр кæндзынæн, æмæ кæд раст дзурынц, уæд ам балæудзæн.

Куыд загъта, афтæ бакодта. Æртæ хатты йæ хъæлæсы дзаг ныхъхъæр кодта: «Фæдис!». Уайтагъд сæ размæ цъæх бæхыл æрбаскъæрдта иу барæг – йæ сæр æрдæгдаст, йæ уæлæ урс пæлæз.

– Гъей, лæппу, фæдисон кæдæм агурынц? — фæрсы барæг.

Лæппу бахудт æмæ афтæ зæгъы:

– Кæдæм дæ фæнды, уырдæм! Мæн дæ фенын фæндыд, æмæ уымæн ныхъхъæр кодтон: «Фæдис!».

– А-гъа, уæдæ мæ сæр хъазинаг фæци? — загъта Тхост. — Абонæй фæстæмæ мæнæн æргом рацæуæн нал ис, ды та, лæппу, дæ фосимæ цавддуртæ фестут!

Афтæ загъта Тхост, æмæ йæ уæдæй фæстæмæ ничиуал федта – нал цыд фæдисы. Лæппу æд дзуг цавддур фестад. Уыцы хуызæнæй лæууынц ныр дæр ма Хъæздоны. Тхосты цæрæнуат дæр дур фестад: къæдзæхмæ куы скæсай, уæд дзы зыны дурын хæдзары хуызæн. Ныр дæр ма бæрæг дарынц йæ дуары дур тарвæзтæ.

ТУГАХУЫРСТ КАРД — хæсты-иу нæртон лæг знаджы тугæй йæ кард, цирхъ куы сахуырста, уæд-иу æй дыккаг хатт хæстмæ нал хаста.

ТУДЖЫ ÆРТÆХТÆ — Æхсæртæг Нарты фæткъуы хъахъхъæнгæйæ æртæ æхсинæгæй иуы куы фæцæф кодта, уæд ын йæ туджы æртæхтæ æрæмбырд кодта æмæ сæ йемæ айста. Донбеттыртæм куы ныццыд денджызы бынмæ, уæд цæф æхсинæг разынд сæ чызг Дзерассæ, æмæ йæ йе ‘фсымæры ныхасмæ гæсгæ сдзæбæх кæнæн уыд: «йæ туджы æртæхтæ — уыдон сты йæ хос, уыдон куы æрæмбырд кæнай æмæ йыл сæ куы бафу кæнай, уæд ферваздзæн, кæннод ын ферваздзæн нал ис». Æхсæртæг сæ йæ фæснахæй зæлдаг кæлмæрзæны тыхтæй фелвæста æмæ йыл сæ бафу кодта. Дзерассæ-рæсугъд цы уыдис, уымæй авд ахæмы хуыздæр фестади. Ахæм цаутыл ма фембæлæн ис æндæр кадджыты, таурæгъты æмæ аргъæутты.

ТУДЖЫ ФИДДОН — «Æхсæртæггатæ æмæ Борæтæ уыдысты дыууæ мыггаджы. Уыдысты сыхæгтæ. Кæрæдзийæ дардтой фæйнæ авд туджы», — афтæ райдайы

кадæг «Æхсæртæггатæ æмæ Борæты хæст». Туджы фиддоны æгъдау æрхæццæ махмæ дæр. Туг фиды, лæгмар цы мыггагæй вæййы, уый. Уымæй, барæй йæ амардта, æви йæ къух аирвæзт — уæлдай нæу. Æрмæст барæй марæджы мыггаг карздæр æфхæрд цæуы. Уыцы хъуыддæгтæ лыг кæнынц, дыууæ мыггаджы бафидауын кæныны тыххæй се ‘хсæн цы фидауæг куырыхон лæгтæ бацæуы, уыдон. Туджы фиддон вæййы хисты хæрдзтæ æмæ æрмæджы æхца. Рагзаманты-иу дыууæ тудджын мыггаджы æхсæн фидыд цæмæй фидардæр уыдаид, уый тыххæй, лæг чи амардта, уыдон зианджынтæн лæвæрдтой чызг дæр. Хуыдтой йæ Цыты чызг.

ТУДЖЫ ФЫНГ — тудджынты æхсæн адæмы фарны лæгтæ куы баныхас кæнынц, уæд фидыды кæронбæттæн, туг чи ныккалдта, уый туджы фиддонæй уæлæмæ æрæвæры иумæйаг фынг — Туджы фынг. «Тудджынты фидыдæн — туджы фынг», — зæгъы ирон æмбисонд.

ТУЛДЗ — ирон адæм иуæй-иу бæлæстæн уæлдай аргъ кæнынц. Зæгъæм, бæрз Нарты Сосланы арфæйæ скадджын. Балсæджы Цалх бауромыныл кæй ацархайдта, уый тыххæй йын раарфæ кодта: «Бæлæсты хуыздæр фæу, бæрз, дæ уис дын физонæггаджы уæхстæн куыд агурой адæм!». Фæлæ ма йын йæ лыстæг къалиутæй уисæйттæ бийынц, йæ цъарæй та чъиу уагътой, мыдыбындзы чыргъæдтæ арæзтой.

Хæрис бæлас та хæдзармæ æввахс ничи сагъта. Тæрккъæвдайы рæстæг, дам, Уацилла йæ судзгæ рæхысæй дзæхст-дзæхст кæнгæ хæйрæджы куы фæрасур-басур кæны, уæд ын хæрис бæласы хуылфы амбæхсы, уым дæр æй куы ссары, уæд æй уырдæм æрцæвы. Æмæ алчидæр йæхи хызта фыдбылызæй. Хæрис бæласмæ цыдæр дæлимон тых кæй ис, уый æнкъардтой нæ фыдæлтæ дæр. Æмæ ма йын суанг, Геродот куыд фыссы, афтæмæй скифты сылгоймæгтæ дæр йæ лыстæг къалиутæй дæсны фарстой, стæй — ныр дæр. Уæдæ Уациллайы бæрæгбоны ирон сылгоймæгтæ фæтырнынц сæ æртæ æртæдзыхонтæ хæрис бæласы сугыл сфыцынмæ, уымæй Уациллайы зæрдæ ноджы тынгдæр балхæнынмæ. Уацилла хæрис бæласмæ хæрам у, йæ хуылфы хæйрæджы йæхи æмбæхсынмæ кæй бауадзы, уый тыххæй.

Заз, соцъи бæлæстыл дæр адæмы фарн æфтыд у — Зазхæссæны сæ спайда кæнынц мардæгъдауы. Фæлæ ирон адæммæ тулдзæй кадджындæр бæлас нæй. Ууыл абарæн ныхæстæ бирæ ис не ‘взаджы, нæ дунембарынады: «Тулдзау къабузджын», «Тулдзау фидар», «Тулдзау уидагджын», «Тулдзау цардхъом» æмæ æндæртæ. Тулдз зæххыл фидар кæй ныппæлæхсар вæййы, адæймагæй бирæ фылдæр кæй цæры, фæразон кæй у, уымæ гæсгæ йæ фидар цардимæ бæттынц, аргъ ын кæнынц; хъару, ныфс, царды хъомыс дзы уынынц æмæ йæм табуйаг цæстæнгас дарынц. Ахæм табуйаг æнусон тулдз бæлас абон дæр ма зайы Хъахъхъæдуры хъæуы.

ТУЛОНЫ ЗÆХХ — бæстæ Нарты кадджыты, и сын æлдар, æфсад.

ТУРМОН ХЪÆРЦЦЫГЪА — егъау, тыхджын æмæ тугдзых маргъ Нарты кадджыты.

ТУРОН — цæугæдон Нарты кадджыты.

ТУТЫР — ирон мифологийы адæмы фосæн тых чи кæны, чи сæ цæгъды, ахæм тугдзых сырдты, уæлдайдæр та бирæгъты бардуаг. Бирæгъ стыр фыдбылызтæ хаста, зиæнттæ кодта фосдарæг ирон адæмæн, уымæ гæсгæ карз уыд йемæ тох, стæй дзы сæхи дæр хызтой, æгæр мæгуыр ын хæйрæгау йæ ном дæр æргом нæ дзырдтой, фæсномыгæй йæ хуыдтой уæрхæг. Бирæгъ æгъатыр у, бырсы, лæбуры, уæлдайдæр та тар æхсæв, йæ фыддзинæдтæ æнхъæвзынц дæрдтыл, æмæ йæ бауромын, адæмы фос дзы бахъахъхъæнын æрмæстдæр у Тутыры бон. «Тутыр бар дары хъæддаг сырдтæм, уæлдайдæр та бирæгътæм. Уыдонæн сæ цард дæр, сæ хæрд дæр æмæ сæ алы къахдзæф дæр ис Тутыры къухы. Уый куы бафæнда, уæд бирæгъ сæмбæлдзæн фос-холыйыл, уæд ын фыййауы фосæй бантысдзæн исты рахæссын. Тутыры куы нæ фæнда, уæд бирæгъ фосы дзуджы астæу куы смидæг уа, уæддæр нæ бафæраздзæн фосмæ йæ дзых схæлиу кæнын, йæ дæндæгтæ ныдæгъддзысты, æмæ фосы астæуæй дæр рацæудзæн æххормагæй — фыста ирон адæмы ‘хсæн рухстауæг, сауджын Цомайты Хадзырæт, — Тутыр у бирæгътæн сæ тас. Бирæгъ куы фæниуы, лæбурынæй дзы тас куы вæйиы, уæд æй ирон адæм афтæ фелгъитынц: «Мах — Тутыры фæдзæхст, дæу та — йæ фыдæх».

Тутыр тызмæг дуаг у. Фæлвæраимæ куы фæбыцæу, уæд æй хъазгæмхасæнты фæсохъыр кодта. Уый нæ, фæлæ ма йыл мæнгардæй дæр разылд.

Тутырмæ куывтой ирон адæм, уымæй куырдтой сæ фосмæ сын бирæгъты ма ‘рбауадзын, куы ‘рбаирвæзой, уæд та сын фыдбылыз ракæныны хъомыс ма радта. Искæмæй–иу фыс, хъуг, кæнæ бæх æхсæв æдде куы баззад, хизæнæй-иу куы нæ æрбаздæхт, уæд-иу сæ фæрæты ком фидар ныббастой, ай куыд баст у, афтæ Тутыры бирæгъты дзыхтæ дæр баст уæнт, зæгъгæ. Æмæ, дам, ын уæд бирæгъæй тас нал уыд.

ТУТЫРЫ КОНД ÆРТЫТÆ — Даредзанты Ростъом йæ усы фæдзæхсы, лæппу дын куы райгуыра, куы бадынджыр уа æмæ йæ фыды агурæг куы цæуа, зæгъгæ, уæд ын-иу йе ‘фцæджы бафтау Тутыры конд æртытæ, арвы дзæнгæрджытæ æмæ Йайы сыфтæ. Тутыры конд æртытæ цы амонынц? Кæд, мыййаг, Тутыры номыл конд æртытæй ист æвзалытæ кæнæ хуыст æхсидавгæндтæ. Цæмæй йæм хæйрæджытæ æввахс ма цæуой. Ростъомы та ацы нысантæ сæйрагдæр хъуыдысты, цæмæй йæ базона.

ТУТЫРЫ СЫНК — Тутыры бæрæгбон-иу нæлгоймæгтæ сæумæдæвдæгæй æнæдзургæйæ сыстадысты æмæ-иу хъæдмæ æфсæндзтæн, дзоныгътæн, уæдæрттæн æмæ æндæр кусæнгæрзтæн хъæдæрмæг кæнынмæ, ласынмæ ацыдысты. Уыцы боны хъæдæрмæг, дам, фидардæр у. Уыцы боны гуырд нæл родæй та уæлдай тыхджындæр галтæ цыд. Уæдæ Тутыр хæйрæджыты йæ иу бакастæй дзæнгæл кæй кæны, ууыл дæр æууæндыдысты нæ фыдæлтæ. Æмæ-иу сылгоймæгтæ Тутыры райсомæй сæ хъæддзæуты хъæдмæ куы афæндараст кодтой, уæд сæ цоты алы уæлæдарæсыл дæр сырх æндахæй кодтой дзуарæвæрд сынк — Тутыры сынк. Ахæм сынк цы сывæллоны дзаумайыл уыд,

уымæн тас нал уыд цæстдзыдæй æмæ хæйрæджыты фыдæхæй.

ТУТЫРЫ ЧЪИРИАГ — Тутыры бонтæм чъириаг цы хор, цы ссад æрцæттæ кæнынц, уый.

ТУТЫРТÆ — Тутыры номыл ирон адæм бæрæгбон кодтой Стыр комбæттæны фыццаг къуыри. Уыцы къуыри хуыйны «Тутыры къуыри». Йæ фыццаг æртæ боны уыдысты уæлдай карздæр марходарæн æмæ фæдзæхсæн бонтæ. Къуырисæры-иу бон-изæрмæ лæгтæ ком дардтой Уастырджийы номыл, устытæ æмæ чызджытæ та ма — се 'фсымæрты цардамонды тыххæй дæр. Уымæ гæсгæ йæ хуыдтой «æфсымæрты комдарæн». Дыццæджы ком дардтой, цæмæй адæм афæдзы дæргъы хъæздыг уой хæдзарон маргъæй, æфсæст уой хорæй, сæхæдæг æнæниз, æнæфыдбылыз, æнæзиан уой.

Тутыры æртыццæг хуыдтой Тутыры æрвитæн бон. Уыцы бон у уæлдай кадджындæр фæдзæхсæн бон. Бинонтæй-иу иу сылгоймаг, зæрдæхæлардæр, йæ къух хуыздæр кæмæн уыд, уый райсомæй æнæдзургæйæ сыстад, хæргæ нæ, фæлæ дон дæр нæ банызтаид, афтæмæй алкæй, уæлдайдæр та сывæллæтты дзаумæтты рахиз уæхсчы, худты рахизфарс сырх æндахæй дзуарæвæрд сынчытæ скодта. Уый хуындис Тутыры сынк. Ахæм сынк кæй дзаумайыл уыд, ууыл, дам, афæдзы дæргъы хæйрæджыты бар нал цыд, сæ фыдбылызæй йын тæссаг нæ уыд. Тутыры æртыццæджы ирон адæм цыдысты зæрингуырдтæм, куырдтæм æмæ-иу сæхицæн кæнын кодтой æвзист къухдарæнтæ, кæрдтæ, гутоны æфсæнтæ, сывæллæттæн — къæрцгæйнæгтæ æмæ æндæртæ. Сывæллæттæн чындзытæ кодтой фæдзæхсæн чингуытæ. Сæ мидæг сын æвæрдтой рæхысы хафæнтæ, маргъы фаджыс, æфсæйнаджы муртæ æмæ æндæртæ. Уыцы чингуытæ-иу бафтыдтой сывæллæтты æфцæджы.

Уыцы бон-иу хæдзары нæлгоймæгтæ райсом раджы — сæумæдæвдæгæй æнæхъæлæбайæ сыстадысты æмæ мадзурайæ цыдысты хъæдмæ хъæдæрмæг кæнынмæ. Тутыры æртыццæджы конд хъæдæрмæгæй арæзтой æфсондзтæ, тæбынгтæ, стивдзтæ, рæтæнæгтæ. Фидардæр, дам, сты. Тутырыл ирон адæм скодтой кадгæнæн зарджытæ. Уыдонæй иуы ис ахæм ныхæстæ:

Тутыр махæн рæсты хъæдæй гутæттæ скæндзæн,
Уыцы гутæттæн Куырдалæгон æфсæнтæ скæндзæн,
Уыцы гутæттыл Тутыры гуырд æстгай галтæ сифтындздзынæн,
Даргъ ауæдзтæ, фæтæн хуымтæ уæд кæндзынæн.

Тутыры бæрæг къуыри дæр мархойы рæстæгмæ хауы: дзидза, сойаг хæрын нæ фæтчыд. Уымæ гæсгæ ирон адæм бæрæгбоны хæринагæн кодтой мæнæуы дзæрна. Хуыдтой йæ «Тутыры дзæрна». Кæнæ фыхтой нартхоры ссадæй кас — нартхоры фых.

ТУТЫРЫ ГУЫРД — Тутыры къуырийы бонты стыр уаз мидис æвæрдтой ирон адæм. Сæ ахсджиаг хъуыддæгтæ, сæ лыгкæнинаг фарста дæр æвæрдтой уыцы бонтæм. Æмæ сыл-иу хъæуы ныхасы иумæ æрсагъæс кодтой бæрнондæрæй. Уыцы бонты рахаст уынаффæтæ, бафæдзæхст хъуыддæгтæ æнæмæнг æххæстгæнинаг

уыдысты. Уæлдай кадджындæр, номхæссæндæр уыдысты Тутыры къуырийы гуырд уæнгуытæ, галтæ. Хуыдтой сæ фæразондæр, тыхджындæр. Уыцы уаг фæзынд нæ адæмон сфæлдыстадыл дæр. Кадæг «Сослан æмæ Уырызмæджы» Азны адæм Нартæй бацагуырдтой хъалон каркæй бæхмæ сæдæгæйттæй, Тутыры гуырд галтæ та æрмæст дыууæ. Уымæй дæр сын æфсондз хъуамæ уа залгъæдæй. Кадæг «Батрадзы мæлæт»-ы зæдтæ æмæ дауджытæ Батрадзыл Хуыцауы зондæй куы фæуæлахиз вæййынц, куы йæ амарынц, уæд сын загъта: «Ацæут æмæ йæ уæларв Софиайы зæппадзы бавæрут!». Уыдон ыл сифтыгътой дыууадæс цæды галтæ, фæлæ никуы æмæ ницы — фенкъуысын кæнын дæр сын нæ комы.

Бамидæг та сты зæдтæ æмæ дауджытæ Хуыцаумæ, æмæ сын Хуыцау загъта:

– Ацæут æмæ йыл Тутыры гуырд дыууæ уæныджы сифтындзут.

Сифтыгътой йыл Тутыры гуырд дыууæ уæныджы, æмæ уыдон дыууадæс цæды галæй тыхджындæр разындысты — Софиайы зæппадзмæ йæ сластой.

ТУТЫРЫ КУЫДЗ — афтæ хонынц бирæгъы таурæгъгæнджытæ.

ТУТЫРЫ ЦÆУ — ирон адæм Тутырæн фæззæгмæ та нывонд кодтой цæу. Тутыры цæуы-иу куы аргæвстой, уæд дзы æцæгæлонæн хæрын нæ фæтчыд, Тутыры цæу уыд бинонтæн кусарт.

ТЫМБЫЛ ФЫНГ — цард-цæрæнбонты адæм арвыл хур уынынц æмдымбылæй, таваг æмæ рæвдауæгæй, царддæттæгæй. Æмæ æмдымбылæг сси æгæрон, æвæугæ цард æвдисæг, йæ нысан. Ирон адæм æмдымбыл кæнынц Æртхурон, Гуыдын, чъири æмæ ма суанг нартхоры кæрдзын дæр. Æмдымбыл у, Стыр Хуыцау, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытæм кувгæйæ цы фынджы уæлхъус фæныхас кæнæм, уый дæр. Хонæм æй Тымбыл фынг — Æртæкъахыг фынг. Ирон фынджы æгъдау иууылдæр баст у йемæ. Цы ахадындзинад ын ис, уый «Къоста бафиппайдта йæ аргъау «Лæскъдзæрæны»:

– Фынг — æртæкъахыг,

Уазæгæн йæ фæллад сафы,

Зианджынæн — йæ хъыг.

Тымбыл фынгæн ис æртæ къахы. Уыдонæй иу вæййы зырнæйзылд, иннæ — тымбыл, кæнæ цыппæрдигъон. Зырнæйзылд къах амоны хистæры бынат, уыцы фарс æвæрд вæййынц чъиритæ дæр. Тымбыл фынг вæййы ныллæг, йæ фарсмæ бадæг нæлгоймæгты уæрджыты онг. Уымæ гæсгæ арæзт цæуынц йæ æртæ бандоны дæр.

Тымбыл фынг уыд Англисы таурæгъон къарол Артурмæ дæр. Уый фарсмæ бадгæйæ, ард кæимæ бахордта, уыцы рыцæртимæ уынаффæ æмæ цардыл тæрхæттæ кодтой. Тымбыл фынг ын æцæгæлон нæ уыд, ахуыргæндтæ куыд раиртæстой, афтæмæй хæрз æрыгонæй Англисмæ афтыд нæ рагфыдæлтæ сæрмæттæй. Уый тыххæй ма америкæгтæ систой киноныв дæр.

ТЫНТЫ КАЛАК — таурæгъты æбæрæг адæмы сахар.

ТЫРВÆ СЫРХ ЗЫНГ — Быценон. Хæмыцы дыууæ уæны астæу Тырвæ сырх зынгæй ныттутæ кодта, æмæ дзы сынчъы хуызæн февзæрд. Фæстæдæр уырдыгæй

райстой Батрадзы.

ТЫХЫ ФЫРТ МУКАРА (НОКАРА) — Нарты кадджыты Мукаратæ дыууæ ис: иу дзы у Тары фырт, æмæ йæ амары Сослан, иннæ у Тыхы фырт Мукара æмæ тых кодта Нартæн. Батрадз уыцы рæстæг бадти уæларв. Хабар куы фехъуыста, уæд уæле йæхи раппæрста Нарты уæзæгмæ æмæ Тыхы фырт Мукарайы амардта.

ТЫЧЧЫТÆЙ ХЪАЗТ — раздæр-иу чысыл чызджытæ хъазыдысты хиконд чындзытæй. Сæ дзаума дæр сын сæхæдæг карстой, хуыдтой. Æмæ ахуыр кодтой хæсгардыл хæцын, æнгуырстуан æмæ судзинимæ архайыныл, йæ чындзы куклайы дзаумайæ хуыздæр саив кæныныл. Куы-иу фæхистæр сты, уæд та хъазыдысты тыччытæй — сырддон цъиуы æйчыты йас тымбыл дуртæй. Уыдонæй иуæй сæхи ирхæфстой, иннæмæй сæ къухты æнгуылдзтæй февнæлд кодта аивдæр, рæвдздæр, арæхстдзинадыл сæ фæлвæрдта. Уыцы кары лæппутæ та æмхиц уыдысты хъулæй хъазынмæ. Æмæ нæм æрхæццæ ахæм дзырдбаст: «Лæппуйæн — хъултæ, чызгæн — тыччытæ».

– ТЪ –

ТЪÆНДЖЫ МÆЙ — алы ног аз дæр райдайы январæй. Уый у афæдзы фыццаг мæй. Ахæм ном ын радтой рагон ромæгтæ. Сæ мифологийы дуары, кулдуары, хæдзары рахизæны, хæдзармæ бахизæны бардуаг Янусмæ гæсгæ. Янусыл сæхи фæдзæхстой ромаг легион хæстмæ цæугæйæ. Иу ныхасæй, у Ирон мифологийы Къæсæры Уастырджийы халдих. Фæндаджы райдайæны бардуагæн бахæс кодтой рæстæджы, афæдзы райдайæныл дæр аудын. Январь та ирон адæм хонынц Тъæнджы мæй. Раджы йыл ныффидар ацы ном. Дзырд тъæнг амоны зæл. Карз уазал æхсæвты, уыдон та фылдæр хатт вæййынц Тъæнджы мæйы, зæхх аскъуыдтæ вæййы æмæ бирæ хæттыты бæлæсты дæр афады. Ахæм æхсæвты фæхъуысы, зæхх æмæ бæлæстæ куыд фескъуыйынц, уый зæл-тъæнг. Егъау дзаг бæрцуат куы асæтты, уæд дæр фæзæгъæм: нытътъæнг ласта.

Тъæнджы мæй раздæр нымад цыд ныры январы æмбисæй февралы æмбисмæ. Афтæ дарддæр иннæ мæйтæ дæр. Январь ма ирон адæм хуыдтой басылты мæй дæр, басылтæ-иу кæй кодтой, уымæ гæсгæ. Дыгурмæ та ма хуынд æнеуры (ссыры) мæй дæр. Иннæ мæйтæн дæр ирон æвзаджы ис цалдæргай нæмттæ.

ТЪÆПÆН ХЪÆУ — уæлмæрдтæ, зæппæдзтæ.

– У –

УАГЪД ДЗЫККУ — ныры дуджы дзыккутæ стæм йеддæмæ ничиуал бийы. Чындздзон чызджытæ, стæй хистæртæ дæр сæры хъуын нал дарынц, алыг сæ кæнынц, кæнæ сæ уагъдæй æркалынц æмæ афтæмæй дарынц. Уый дуджы комулæфт у, æмæ йын бауромæн нæй. Раздæр та ирон адæммæ даргъдзыккуджын сылгоймаг кадджын уыд. Йæ дзыккутæ-иу йæ зæвæттæм кæмæн æххæссыдысты, уыдоны

сых, мыггаг, хиуæттæ æмæ хъæубæстæ, иууылдæр зыдтой, кад сын кодтой. Уагъд дзыккуйæ уынгмæ рацæуын та худинаг уыд. Уагъд дзыкку фыдохы нысан уыд. Бинонты нæлгоймæгтæй-иу исчи куы амард, уæд-иу йæ хотæ, чындзытæ Иронвæндаг кæнгæйæ сæ дзыккутæ æрыхæлдтой æмæ-иу уагъд дзыккутимæ кæугæ, хъарæг кæнгæ, сæ сæры хъуынтæ рæдувгæ йæ размæ бацыдысты.

УАДÆХСИН — бырдæн, уаддымгæ æмæ æндæр тыхдымгæты бардуаг. «Уадæхсин Сосланæн йæ лымæн уыд, — зæгъы нын кадæг, — æмæ йын хабæрттæ, сусæг ныхæстæ уый хъусын кодта. Уый йын фæхабар кодта, Уырызмæджы фырты Борæтæ кæй амардтой» (кадæг «Сослан æмæ Уырызмæг»).

УАДДЫМ — Уастырджийы бæхы ном.

УАДМЕРИТÆ — ирон таурæгътæм гæсгæ, æппæты фыццаг Хуыцау Зæххыл рафæлдыста Уадмериты, фæлæ æгæр ставд æмæ тыхджын уыдысты. Зæхх сæ нæ урæдта, æмæ сæ æндæртæй — Камбадатæй баивта. Кæс: «Камбада».

УАДЫНДЗ БÆХ — таурæгъон бон.

УАЗ, УАС, УАЦ — сыгъдæг, рухс, æрвон. Арвæй цыдæриддæр хорзæй цæуы, уый. Зæдтæ сты уаз: сæ бакаст дæр, сæ ныхас æмæ сæ митæ дæр. Уастырджи æмæ Уациллайæн сæ нæмтты райдайæны ис уаз. Иннæ зæдты дæр арæх хонынц уазимæ. Уаз ныхас, уаз митæ, Уацамонгæ, уацмыс. «Хорз Ныккола æмæ рæстаг Уастырджи сæ бæхтыл бадгæйæ æрбацæуынц, æмæ сæ уацæй цæстытæ тартæ кæнынц».

УАЗА — хохы ном Дыгургомы, цæугæдон Æрæфы галиу фарс. Кадджытæм гæсгæ, у зæдты бадæн, сæ тæрхондон. Уырдæм уæларвæй æртæхынц зæххон хъуыддæгтыл уынаффæ кæнынмæ.

УАЗАЙЫ ЦЪУПП — зæдты бадæн бынат. «Уазайы цъупп худы хуызæн, нæ ног сиахс уды хуызæн».

УАЗ — нæртон Дзехы фыд.

УАЗÆГДОН — Нарты кадджыты æцæгæлон уазæг-иу раздæр кæм æрфысым кодта, кæм æй хынцтой, æрхуыссæн, хиирхæфсæн фадæттæ кæм уыд, ахæм бынат, фысымы хæдзарæй иппæрд, кулдуармæ æввахс. «Сæууай араст ис Уырызмæджы хæдзармæ, — кæсæм кадæг «Сæууæйы», — йæ бæх Уырызмæджы бæхбæттæны бабаста, йæхæдæг уазæгдонмæ бацыдис æмæ уым бады. Хæдзары Сатана æмæ йæ чызджы йеддæмæ ничи уыди — Бурæфæрныджы куывды уыдысты лæгтæ. Сæууай къулæй Сосланы дыууадæстæнон фæндыр райста æмæ дзы цæгъды, йæхæдæг фæндыримæ зары». Нарты Мæргъуыдзæн та уыди авд уазæгдоны: æппæты уæллаг — дауджытæн, уый дæле — æлдæрттæн, уый дæле — фæрссаг адæмæн, стæй та — кæвдæсæрдтæн æмæ иннæтæн. Уазæгдæтты ирæттæ суанг ма хæхбæсты дæр кæй дардтой, уый тыххæй Брокгауз æмæ И. А. Ефроны «Энциклопедион дзырдуат»-ы афтæ фыст ис: «… чаще кунацкая пристраивается около ворот».

УАЗÆДЖЫ ФАРН — ирон адæммæ уазæг тынг кадджын у. Фаг æй куы нæ сбуц кæной, уымæ гæсгæ сæ фыццаг ныхас вæйиы: «Уазæг — Хуыцауы уазæг». Ома

мах фæстæ дæ кæнæм Хуыцауы уазæг, æмæ дæ йæ хорзæхтæй барæвдауæд. Уазæг фысымæн Хуыцауæй дæтгæ у, йæ фарн йемæ æрбахæссы, йæ фарнæй фысымы фæрнджындæр кæны. Сæ уазæджы хай алы бинонтæн дæр хъахъхъæнинаг уымæн у, хъæлдзæг фынгыл уазæджы хайы, йæ цæрæнбоны тыххæй сидт дæр уымæн рауадзы хистæр. Цы хæдзармæ уазæг нæ цæуы, уымæн йæ фарн мынæг кæны. Уазæджы хайы тыххæй ис ахæм æмбисонд: «Амард иу цардбарæг лæг. Йæ уазæгуарзон фыдæй фыртмæ бирæ исбон баззад. Хъуаг ницæмæй уыд хæдзар, фыды рагон хæлæрттæ дæр æй нæ рох кодтой. Арæх æм уазæгуаты цыдысты. Фырт йæ хъæздыг цардæй йæхиуыл куы фервæссыд, уæд йæхимид дызæрдыг кæнын райдыдта йæ бирæ уазджыты фæлхасыл: «Ныр мын ацы уазджытæ цы пайда сты, мæ бынтæ мын куы бахæрдзысты. Куыдæй сæ фервæзон?». Фæрсынмæ фæцыд иу зондджын куырыхон лæгмæ æмæ йын дзуры: «Цы фæллой мæм ис, уымæй цæрин дзæбæх, æнæмæтæй, фæлæ мын мæ уазæджы хай мæ хæдзары бæркад кайы. Курын дæ, цæмæй мæм уазæг мауал цæуа, уымæн мын исты хос скæн!».

Зæронд лæг ахъуыды кодта, стæй йын загъта: «Хорз! Ацу дæ хæдзармæ æмæ райсом хур скæсыны афон дæ хъуыдыйы дар: йæ цæст куыддæр сдара, афтæ-иу æм де ‘ргом раздах æмæ-иу скув: «Хуыцау, мæ уазæджы хай мын айс». Стæй-иу хуры ‘рдæм топпæй фехс, æвдисæн кæнын мæ уазæгыл ардыгæй фæстæмæ, зæгъгæ».

Фырт сæххæст кодта зæронд лæджы ныхас.

Цæры дарддæр, уазæг æм нал æфты æппын, фæлæ мæгуырæй-мæгуырдæр кæны… Йæ хæдзармæ фæндаг схæмпæл. Фырт мæты бацыд, фæцыд та зæронд куырыхонмæ æмæ йæ фæрсы:

– Арæби, раздæр мæм уазæг арæх цыдис, æмæ хъæздыгæй-хъæздыгдæр кодтон, уæд мæм ныр уазæг дæр куы нал цæуы, афтæмæй мæгуырмæ куы ‘рцыдтæн, уæд уый цы диссаг у?!

Зæронд лæгæн йæ цæсгом барухс, фæлмæн бахудти:

– Уæдæ уый нæ зыдтай: хæдзары цал уазæджы уа, уалæй дзы фарн баззайы?.. Цу, æмæ изæрæй хур ныгуылæн афон де ‘ргом радт хурмæ, Хуыцау, мæ уазæджы хай мын раздах фæстæмæ, зæгъгæ, æмæ та фехс топпæй.

Фырт афтæ бакодта. Цæуын та йæм райдыдтой уазджытæ, ноджы арæхдæр, уæддæр йæ исбон фылдæрæй-фылдæр кодта, æмæ раздæрæй фæбонджындæр.

УАЗÆФТАУ — скувын, адæймагыл уаздзинад æфтауын.

УАЗИСÆН — уазæгхынцæн уат, хатæн Нарты кадджыты.

УАЗНЫВ — зæд, дуаджы ныв.

УАЗ НЫХАС — зæдтæ æмæ дауджытимæ ныхас, кувын сæм.

УАЗ РУХС — цæуы арвæй, зæдты цæсгæмттæй. Уаз рухс, дам, хаттæй-хатт фæуадзынц зæдты æмæ уазудты ныв сурæттæ дæр.

УАЙСАДЫН — раздæры азты, стæй ныр дæр ног чындз фæуайсады йæ мойы фыдмæ — йæ хицаумæ, йæ тиутæм, бинонты, мыггаджы хистæр нæлгоймæгтæм.

Фæуайсады, — ома, семæ ныхас кæнын ын нæ фæтчы, не ‘мбæлы, йæ хъæлæс ын хъуамæ ма фехъусой, цалынмæ йæ сæхимæ æгъдауыл сдзурын кæной, уæдмæ. Уайсадыны æгъдауы фæдыл бирæ ирон æмбисонды хабæрттæ ис, чи йæ фауы, ахæмтæ. Фæлæ йæ нысан у кæстæртæ æмæ хистæртæ, сылгоймæгтæ æмæ нæлгоймæгтæ цæмæй кæрæдзийæ нымд кæной, се ‘хсæн æгъдау фидар æвæрд уа æмæ сын, кæрæдзийæн аргъ кæнгæйæ, æнцондæр цæрæн уа.

УАЙСЫ ЦÆУГÆДОН — Уарпы (Уарыппы) фæсрагъ цæугæдон.

УАЛЫППЫ БÆРЗОНД — Соппар æмæ йе ‘ртæ фырты цæрæн бынат. Кæс: «Соппары æртæ фырты».

УАРБИЙЫ ÆФСÆДТÆ — Нартæн знаг чи уыд, ахæм бæстæ æмæ адæм хуындысты Уарби. Нарты кадджыты загъд ис: «Уарбийы æфсæдтæ Хызыны æфцæгæй ссæуынц».

УАРДЖЫТÆ — раздæр-иу æфсымæртæ бинонтæ куы скодтой, уæд-иу сæ хицæн хæдзæрттæ скæнын бафæндыд, æмæ сын-иу сæ иумæйаг исбон растыл адихтæ кодтой æхсæны лæгтæ — уарджытæ. Фæлæ-иу хатт нæ фидыдтой. Нарты кадджыты афтæ загъд ис: «Нарты Ацæйæн æртæ фырты уыдис. Ацæ куы амард, уæд æфсымæртæ уарыныл ныллæууыдысты. Уаргæ-уарын нæ фидыдтой æмæ-иу ныббыцæу сты. Нарты хорз лæгтæ сын уыдысты уарæг æмæ сын ницы фæрæзтой сæ хъуыддаг алыг кæнынæн. Авд Ныхасмæ рахастой хъуыддаг, авд Ныхасы йыл фæтæрхон кодтой, уæддæр ницæуыл ахицæн сты. Нарты хистæр — зæронд чъиуцæст Мæгуырæг — фæстагмæ сæ уарæг уыдис æмæ стæрхон кодта: фос — хистæр фырттæн, æнусон сыгъзæрин уадындз та — кæстæрæн. Хъуыддаг ууыл алыг ис. Хистæртæ тынг разыйæ баззадысты. Ацæмæз дæр райста уадындз».

Дзимыргомы та Къоратæй иу хæдзары бинонты цæрджытæ куы уæрстой, уæд кæстæр æфсымæр йæ æнхъæлцау усæн гуыбынмæ дæр хай æрцагурыдта, фæлæ йæ куыд загътаид, уымæй æфсæрмы кодта, æмæ хытъынæн та, зæгъгæ, бакодта. Уыцы сныхасмæ гæсгæ кæстæр æфсымæры бинонты, сæ байзæддаджы хонын райдыдтой — Хетъетæй.

УАРП — кадджытæм гæсгæ, хох Эльбрус. Ирон адæмон сфæлдыстады ма ис Уарпы фæз, Уарпы фидар, Уарпы бæрзонд дæр. Уарпы бæрзондыл ис зæдты бадæн, уынаффæдон. Уырдæм уынаффæ кæнынмæ уæларвæй æртæхынц, æртæхы сæм Уастырджи дæр, æмæ сын адæмы тыххæй тæрхæттæ кæнын бацайдагъ вæййы.

Ацы мифæн цыдæр бындур дæр ис. Мæнæ куыд фыссынц Мæскуыйы уагъд чиныг-æмбырдгонд «Тайны XX века»-йы сæргонд «Эльбрус: тайная стоянка НЛО»-йы: «Особое внимание нашей группы привлекло довольно длительное зависание НЛО над Эльбрусом. Как известно, здесь множество неразгаданных природных явлений. В районе Эльбруса немало мест, где не ступала нога человека. По одному из смелых предположений, там может находиться стоянка летательных аппаратов посланцев других цивилизаций».

Куыд зонæм, афтæмæй абоны Кæсæг-Балхъары зæххыл раздæр цардысты нæ фыдæлтæ (кæсæг æмæ балхъар ам æрцардысты нæ азнымады 13-15 æнусты (кæс: «Новый иллюстрированный словарь». М., 1999 аз), уæд дæр, æвæццæгæн, Уарпы бæрзондмæ — Эльбрусмæ уæларвæй цыдæр æбæрæг удгоймæгтæ тахтысты, уыдтой сæ адæм — нæ фыдæлтæ, æмæ нæ мифты фæзынд сæ тæваг.

УАРПЫ (УАРЫППЫ) БÆРЗОНД — Эльбрусы хох, зæдты бадæн хох, сæ фæлгæсæн бынат.

УАРПЫ БЫДЫР — Уарпы хохы дæлвæзтæ. Кæс: «Уарп».

УАРПЫДОН — цæугæдон Уарпы зæххыл, æвæццæгæн, Кума — цæугæдон.

УАРПЫ ФИДАР — уыдис Кубань-доны къабаз Уарпы был.

УАРТ ÆРСАДЗЫН — дыууæ хæстхъом лæджы-иу куы фембæлдысты, æмæ дзы-иу исчи йæ уарт иуварс куы æрсагъта, уæд уый амыдта хæсткъахæг нæу.

УАРТ ÆМÆ ЗГЪÆРГУЫР — Дзылæ æмæ Болатбæрзæй сæ фыд Сæуæссæйæн йæ куырдадзы хъæбæр дуры мыггагæй скодтой Уарт æмæ згъæргуыр.

УАРТДЖЫНТÆ — бирæ фæттæ иу æхст чи кодта, ахæм æрдынджын хæцæнгарз. Фылдæр хатт сæ æвæрдтой фидæртты, мæсгуыты сæр, хæсты быдыры та — бæрзонд рæтты.

УАРТДЗÆФ — кадджыты Сау денджызы хонынц Уартдзæф денджыз.

УАРТДЗÆФ ЦÆУГÆДОН — Нарты бæсты егъаудæр цæугæдон.

УАРТХУЫН — уарты уæлæ фат æвæрд хуын амыдта, бафидауыны фæндон кæнæ рæдыдыл басæттын.

УАСÆГОЙ — ирон адæмон сфæлдыстады мæргътыл бирæ таурæгътæ ис. Уыдон сын æвдисынц сæ мифологион равзæрд, сæ æцæг миниуджытæ. Ис Уасæгойыл дæр ахæм таурæгъ. «Хорз, æфсармджын æмæ фæрныг хæдзары бахъомыл рæсугъд, гуырвидауц, зæвæттæм дзыккуджын чызг. Бинонты уарзон, мады хъæбысы хъомылгонд. Ницæмæй йæ фæлмæцын кодтой. Суанг ма йын йæ даргъ сæрыхъуынтæ дæр йæ мад фаста æмæ быдта.

Буцхаст, æнæрцæф чызг йæ чындздзон кармæ куы бахæццæ, уæд йæ амонд хорзæй ссардта. Йæ мойы хæдзары бæрцæй цалдæр боны куы ацард, уæд йæ сæр цæхсын æрымысыд. Тæвд дон, хуырх æрцæттæ кодта йæ уаты. Йæ сæр цæхсадта, фæлæ йæ даргъ, зæвæттæм сæрыхъуынтæ куыд ныффаса, уымæн ницы амал ардта. Сæры астæуæй сыл сæрвасæн æруадзы, æмæ йын уæхсчытæй дæлдæр нал комы, сæры хъуынтæ ныссуйтæ сты. Уырдыгæй дæлдæрты сæм бавналы, æмæ та чысыл дæлдæры сæрвасæн сæрыхъуынты ныссæдзы. Йæ даргъ сæрыхъуынты райваз-байваз, ратон-батон кæны, æмæ схъуырдухæн, фæлæ сын сæ ныллæгъз кæнынæн ницы фæрæз ары. Сфæлмæцыд сæ. Цы ма сæ фæкæна уыцы хуызы. Раст сыл хæсгард æрбауадз æмæ сæ уæхсчытæй дæлæмæ ахауын кæн, уыцы фæндон дæр æм фæзынд. Фæлæ йæ мадæй нæ бауæндыд. Стæй йæ мойæ, æфсинæй дæр æдас нæ уыд. Йе ‘нæбондзинадæй йæ зæрдæ суынгæг, æмæ хæкъуырццæй кæуын райдыдта.

Уыцы рæстæджы йæ хицау къæлæтджыныл бадт тыргъы. Йæ чындзы

хъынцъым йæ хъустыл æруад, æмæ йæм уаты рудзынгæй аивæй бакаст. Уый хуыссæныл ныддæлгом æмæ кæуы. Йæ æрдæгфаст сæрыхъуынтæ йын бафиппайдта æмæ бамбæрста, йæ куыды сæр цæуыл у, уый. Тыргъты йæ лæдзæгæй къуп-къупгæнгæ иннæрдæм рацыд, йæ чындз æй куыд фехъуыстаид, афтæ, стæй ныхъхъæр кодта:

– Гъе уæлæ фыййау! Дæ фос дæлейæ уæлæмæ раздах! Дæлейæ уæлæмæ! О, о! Дæлейæ уæлæмæ.

Чындз райдайæны йæ хицауы къæхты уынæр æмæ лæдзæджы къуппкъуыппмæ йæ кæуын фæуагъта, уырдыг алæууыд. Стæй йын йæ хъæр ныхас куы айхъуыста, уæд йæ уаты рудзынгæй хохы фахсыл йæ цæст ахаста, фæлæ дзы фосы рæгъау не суыдта æмæ ныхъхъуыды кодта, хицау кæмæ дзырдта, ууыл. Йæ зонд æрцахста, фыййауы æфсон уымæ кæй дзырдта, чызг, дæумæ дзурын, чындз, ды йæ бамбарау. Ома, сæрыхъуынтыл уæле дæлæмæ нæ, фæлæ дæлейæ уæлæмæ фасгæ ссæуын кæй хъæуы, уый. Афæлвæрдта сæ, æмæ йæ зæрдæ барухс.

Йæ даргъ сæрыхъуынтæ фаст æмæ дыууæ дзыккуйы быд куы фесты, уæд та йæ сагъæстæ сæ быны скодтой, ныр-ма мæ хицауы раз цы цæсгомæй æрлæудзынæн, афтæ æгуыдзæгæй æцæгæлон хæдзары куыд цæрдзынæн, зæгъгæ. Йæ тыхсты хъуырынарæгмæ куы сси, уæд лæгъзтæ кæнгæ скуывта:

– О, дуне скæнæг, ме сфæлдисæг Хуыцау. Зæххыл цыдæриддæр ис, уый — дæ фæрцы. Мæ тыхсты мæ иунæгæй ма ныууадз. Æфсарм мæ ацы къæсæрæй ахизын нал уадзы, мæ хицауы раз фæхудинаг дæн æмæ мын адæймагæй цæрæн нал ис. Тæхгæ маргъ мæ фестын кæн!

Чындзы скуывд Хуыцаумæ фехъуыст. Фæтæригъæд ын кодта æмæ йæ Уасæгой фестын кодта. Маргъ уаты гом рудзынгæй ратахт, тыргъы ма ногæхсад дзаумæттæ ауындзæн бæндæныл абадт. Хицау ын йе скуывд фехъуыста æмæ базыдта, йæ чындз Хуыцауы фæрцы тæхгæ маргъ кæй фестад, уый. Йæ чындзыл æнувыд уыд, ауындзæн бæндæнмæ ма йæм батагъд кодта, ацахсон æй, атæхын æй ма бауадзон, зæгъгæ, фæлæ маргъ йæ цæстыты раз ныппæррæст ласта æмæ атахт. Йæхи хæрдмæ систа æмæ ма йæ хицаумæ бауасыд:

«Ыхы-ыхы, нæ хицау! Нæ мæ æрцахстай, нæ хицау!» æмæ ма абон дæр Уасæгой уыцы ныхæстæ фæлхатт кæны йæ уасты, гакк-гукк, гакк-гукк кæнгæ. У уыцы чызгау рæсугъд, схъæл, уæздан, фæлæ йæхицæн ахстон дæр чи нæ кæны, иу бынат чи нæ хъарм кæны, ахæм маргъ. Æгæр мæгуыр æйчытæ дæр æфтауы иннæ мæргъты ахстæтты. Уыдон ын сыл къуыртты фæбадынц, цъиутæ сæ рауадзынц æмæ йын сæ схъомыл кæнынц. Чызгæй йæ къух уазал доны дæр куыд нæ тъыста, маргъæй дæр у ахæм. Ис ын дзыккутау даргъ къæдзил.

УАСБИЙЫ ÆЛДАР — цæры Уайсы цæугæдоны был. Ис ын диссаджы рæсугъд чызг — Бæстырæсугъд. Курынмæ йæм цæуынц Уырызмæг æмæ Хæмыц. Уырызмæджы къухы бафтыд йæ ракурын, фæлæ сæ Сатана ралгъыста, æмæ йæ куы æрбацæйхаста, уæд Уырбыны цæугæдон раивылд æмæ сæ аласта.

Уырызмæджы йæ мадырвадæлтæ Донбеттыртæ ферваæзын кодтой, Уасбийы рæсугъд чызг фæмард. Уасбийы æлдар цæры мæсыг-фидары.

УАС-КЪУЫПП — куваæн къуыпп.

УАСТÆН — уаздзинадæй сомы. Хуыцауыстæн, дæуыстæн.

УАСТЫРДЖИ — Уастырджи ирон мифологийы у нæлгоймæгтыл (сылгоймæгтæ йын йæ ном дзургæ дæр нæ кæнынц, хонынц æй Лæгты дзуар) æмæ бæлццæттыл армдарæг зæд. Стыр Хуыцауы фæстæ Уастырджи ирон динон дунеæмбарынады ахсы дыккаг бынат. Цæры уæларвы. Уымæн, æрмæстдæр уымæн ис бар Хуыцауы раз хъуыддаджы фæдыл балæууынæн. Ирон адæм æй хонынц дыууæрдæм минæвар, ома, Хуыцауæй ирон адæмы ‘хсæн, æмæ Хуыцаумæ сæ курдиат бар кæнынц уымæн, Уастырджийæн. Ирон лæг йæ зын сахаты дæр æмæ йæ рæмон хъуыддаджы райдайæны дæр йæхи фæдзæхсы Уастырджийыл æмæ æууæнды, кæй æрбалæудзæн йæ фарсмæ кæнæ йын Хуыцауæй фæрæстмæйы хорздзинад кæй ракурдзæн.

Уастырджи у рæстаг зæд, мæгуырты æмæ рæстдзинады сæрыл тохгæнæг. Уый, дам, æххуысмæ уайтагъд фæзыны, йæ ном ын куы сдзурай, уæд дæр. Тынг дзы стъæлфынц фыдгæнджытыл аудæг бардуæгтæ, дæлимонтæ. Йæ ехсы къæрццæй авд дæлдзæхы кæнынц. Уый хъæддзауты, хосдзауты, цуанæтты, бæлццæтты хъахъхъæны Сау барæгæй, абырджытæй, фыдгæнджытæй, хæрам тыхтæй.

Уастырджи у бæрзондыл бадæг зæд, Хъæриуы æмæ Уазайы цъуппытыл зæдты бадты хистæр. Бæрзондæй фæлгæсы зæххы кæрæттæм; йæ хъус дары адæмы цардмæ æмæ сын æй рæстытæ кæны, йæ цæст дары фыдæххæссæг тыхты архайдмæ æмæ сæ къуылымпы кæны, йæ азар сыл æфтауы, йæ цæхæрæй сæ судзы. Куы бахъæуы, уæд зæхмæ адæммæ дæр æртæхы йæ базырджын æхсырхуыз урс бæхыл. Йæ бæхы йын ирон адæм рагæй-æрæгмæ хонынц æрткъахыг, кæнæ æртыкъахыг, ома, æртæ къахыг. Æвæццæгæн, растдæр та у æрткъахыг (арт — æрт: æртхурон, æртхуыз, æртдзых). Уымæн æмæ йæ цæфхæдтæ цæхæркалгæ арт уадзынц. Æртæкъахыг бæх сахъат бæх у. Сахъатдзинад та хæлархæссæг зæдимæ баст хъуамæ ма уа.

Уастырджи уæларвæй Иры зæхмæ ирон адæмæн æххуысмæ куы æрцæуы, уæд, кæм æрбады, уыцы бынæттæ систы кувæн, дзуары бынæттæ: Хетæджы къох, Дзывгъисы Уастырджи, Къобы Уастырджи, Стыр Дыгуры Уастырджи, Фæндагсар Уастырджи, Ныхасы Уастырджи, Ломисы Уастырджи, Джеры Уастырджи æмæ ма æндæр ахæм уаз бынæттæ.

Адæм, дам, æй федтой арвыл тæхгæ дæр æмæ уæлвонгæй дæлæмæ кæсгæ дæр. Вæйийы тæмæнтæкалгæ уæлæдарæсы, ехс йæ рахиз къухы. Урс зæлдагзачъе зæронд лæг. Адæммæ йæ каст вæйийы рæвдаугæ, фыдгæнджытæм та — æгъатыр, æфхæрæг цæстæнгасæй. Æгæр кæнæгæн нæ бары, æмæ сын фаг у йæ иу тызмæг бакаст дæр.

Йæ ехсы цъыкк та арвы цæфæй у карздæр.

Ис Уастырджи æмæ адæмы фембæлды тыххæй ахæм таурæгъ:

«Адæмæн уарзон æмæ адæмыл зæрдиаг аудæг у рагæй дæр зæлдагзачъе Уастырджи. Иухатт та йæхи уæларвæй æруагъта зæхмæ, адæм куыд цæрынц, цы хъуаг сты, цæмæй сын баххуыс уа, уый базоныны тыххæй. Кæсы, æмæ зæххыл цард цæджджинагау фыцы. Адæм цæрынц фæрныг æмæ райдзаст хæдзæрттыгалуанты. Куывдты æмæ чындзæхсæвты уынæр ивылы горæттæ æмæ хъæутыл. Фынгтыл диссаджы бæркад-бæрæчет, фæрзиу.

Адæм цин кæнынц Уастырджийыл — хонынц æй сæ фынгтæм. Дзурынц ын:

– Дæ фæрцы, дæ фæрцы у нæ цард! Хъуаг ницæмæй æййафæм, ницæмæй хъаст кæнæм. Æрмæст ма нын алкæмæн дæр йæ мæлæты бон куы базонын кæнис. Цæмæй, цы цæрæм, уыцы рæстæг хуыздæр æрвитæм.

Уастырджи сын загъта, уый зонын уæ нæ хъæуы, зæгъгæ, хорзæй уын ницы æрхæсдзæн. Фæлæ йæм нæ байхъуыстой, сæ курдиат-бæллиц тыхджындæр разынд, æмæ сын Уастырджи радта сæ мæлæн бон зоныны хъомыс, стæй йæ æрткъахыг бæхыл æврæгътæй фæуæле.

Рацыд иу дзæвгар рæстæг. Дыууæ фæлтæры кæрæдзи аивтаиккой, афтæ Уастырджи сусæны мæйы сфæнд кодта, йæ мæлæн бон чи зоны, уыцы адæмы бабæрæг кæнын, цы фесты, куыд цæрынц, уый базонын. Æрхызт зæхмæ. Цæуы, фæлгæсы фæйнæрдæм æмæ уыны: иу хуымон ног карст кæрдæгæй аразы ницы-мацы халагъуд, лыстæнæн дæр дзы калы хуылыдз кæрдæг.

Дзуры йæм Уастырджи.

– Байрай, хорз лæг! Ацы æнтæфы цы кусыс?

– Мæхицæн хæдзар аразын.

– Хæдзар дæр æмæ лыстæн дæр хуылыдз кæрдæгæй?!.

– О.

– Кæрдæгæй хæдзар цасы фаг у? Хуылыдз лыстæныл та райсоммæ куы фæхуыссай, уæд фæрынчын уыдзынæ.

– Уадз æмæ фæрынчын уон, уæддæр райсом мæлгæ кæндзынæн. Хæдзар дæр ахсæв мæ фаг у, райсом мæ фæстæ дур дæр мауал уæд.

Уастырджи рамæсты, йæ бæх ехсæй æркъæрцц кодта æмæ дæлæ фæтæхы. Æрзылд хъæутæ æмæ горæттыл. Ныдздзæллаг, сæгомыг сты. Хæдзар дзы хæдзары хуызæн нал у, адæм цыдæр хæлддзæгты цæрынц, ног хæдзар ничиуал аразы, зæрæдты цалцæг нал кæнынц. Хъæлдзæг ныхас никæцæйуал хъуысы. Адæмы цæсгæмттæй мидбылхудт фæлыгъд, æрхуым, сагъæссаг, мæрдон цæстæнгас æвдисынц. Зарæг бамыр бæстыл.

Йæ размæ рацыдысты адæмы хистæртæ, худаистæй сæ зонгуытыл æрлæууыдысты, æрхатыдысты йæм лæгъстæгæнгæ:

— Дæ сæрыл хаст фæуæм, Уастырджи, ныббар нын нæ рæдыд хъуыды. Нæ раздæры уаджы нæ фæстæмæ сæвæр. Нæ нæ хъæуы нæ мæлæн бон зонын. Зыдтам, зæххон адæймаг æнæмæлæт нæу, фæлæ адзал ницæмæ дардтам, мæлæт ныл кæй нæ фæтых уыдзæн, уый ныфсæй цардыстæм. Зарджытæ æмæ

хæдзæрттæ, галуантæ арæзтам æнустæм, нæ цоты цотæн, бынтæ, хæлæрттæ æмæ знæгтæ дæр кодтам нæ фæстагæттæн. Ныр нын нæ мæлæн боны зонындзинад нæ ныфс, нæ хъару асаста, байста нын нæ хæлæртты, не знæгты, нæ фæстагæтты. Цæрын нæм нал цæуы. Айс нын хъаймæтхæссæг зонындзинад, радт нын цардмæ, нæ фидæнмæ уарзондзинад.

Уастырджи сразы сæ фæндоныл, æмæ та адæм аразын райдыдтой æнусон хæдзæрттæ, галуантæ, цæрæццаг зарджытæ æмæ кадджытæ».

Уастырджи рæстдзинад сбæрæг кæныны охыл кæны фæдфæливæн митæ дæр. Адæмы æхсæнмæ æрбацæуы цола, къуылых бæхыл, мæгуыр зæронд лæджы фæлгонцы, æмæ йæ куыд нæ базоной, афтæ сын кæнын кæны фæлварæн куыстытæ. Уыдон фæрцы сын райхалы сæ æцæг миддуне, æмæ дзы чи цы аккаг вæййы, ахæм æххуыс ын бакæны (таурæгътæ «Æртæ æфсымæры», «Амонд кæцæй цæуы?» æмæ æндæртæ).

Уастырджи æргом зæд у, фæзæгъынц ирон адæм. Нæ дзургæ сфæлдыстады ахсы стыр бынат, адæмимæ кæны æмхæрд, æмнозт. Уæлдайдæр Нарты кадджыты. Бердзенты Зевсау ын хæстæгдзинад ис зæххон адæмимæ. Нарты зондджын æмæ зонынджын Сатана у йæ чызг, Мæргъуыдзимæ сты æмсиæхстæ. Ис ын дыууæ фырты — Айсатыр æмæ Хæмæтхъан, Ацæты Ацæмæзы усаг Агуындæйæн та уыд къухылхæцæг. Ис ын егар дæр — дунейы фыццаг куыдз Силæмы фыдæл.

Уастырджийыл ирон адæм бафтыдтой адæймаджы миниуджытæ дæр. У сылгоймæгтæм æмхиц. Зоны уарзын. Мæнæ куыд зæгъы Дзерассæйæн: «Уæ хурты хур æмæ арвы фидауц, уæ мæ рухс дуне æмæ бæсты рæсугъд! Æз рагæй дæр дæ фæдыл куы зилын, уæд цæуыл хъыг кæныс, цы дыл æрцыд?» (Кадæг «Æхсар æмæ Æхсæртæджы мæлæт»). Иузæрдион у йæ чызг Сатанайыл, хъахъхъæны йæ. Ис сæрмагонд кадæг «Уастырджи Сатанайы куыд фервæзын кодта…» Хингæнæг усы чызджы фыдгæндæй. Уырызмæгæн æххуыс кæны мæсыг амайынæн (кадæг «Уырызмæджы мæсыг»).

Уастырджи ирон адæмæн ахæм уарзон, кадджын, радджын, намысджын зæд у, æмæ сыл йæ ном зæгъгæйæ дæр базыртæ садзы, æфтауы сыл намыс, хæрзаудæндзинад. Ахуыргæндтæ дæр æй хуымæтæджы ирон адæмы фыдæл нæ хонынц. Бæттынц æй нæ рагфыдæлтæ — скифтæ — кæмæй равзæрдысты, уыимæ, Таргитаимæ. Мæнæ куыд фыссы историйы фыд Геродот (цард нæ эрæйы размæ V æнусы) скифты равзæрды тыххæй йæ чиныг «Мельпоменæйы»: «По рассказам скифов, народ их моложе всех. А произошел он таким образом. Первым жителем этой еще необитаемой тогда страны был человек по имени Таргитай». Уымæй равзæрдысты скифтæ — нæ рагфыдæлтæ. Ахуыргонд æмæ фыссæг Нафи Таргитайы иу кæны Уастырджиимæ, суанг сæ нæмттæ дæр сты иу, Таргитаймæ разæй уаз (с), ома, уæларвоны нысаниуæг куы бафтауай, уæд: Уаз (с) тарги — Уас (з) ты (а) рд (г) и. Ном Таргитайы тай та у бердзенаг дзырдты кæрон.

Геродоты хъуыдымæ гæсгæ, скифтæ тынг сæрыстыр уыдысты, ахæм куырыхон бæгъатыр лæджы цот кæй уыдысты, уымæй. Фыдæлтæн стыр кад кодтой (абон дæр ма ирон адæм дзуар æмæ мардæн æмхуызон табу кæнынц, марды фыдæх карздæр хонынц), уымæ гæсгæ Таргитаймæ дæр куывтой æмæ дзы сæхицæн скодтой хурæмдых лæгты зæд Уастырджи.

Ныхас цæуы, Уастырджи æмæ Уасджеорджи (ы), Уасгерги иу кæй не сты, ууыл дæр. Геродот цард нæ эрæйы размæ III-æм æнусы æмæ Таргитайы — Уастаргитайы кой кæны, куыд скифты тынг рагон æнусты фæлмæй ма таурæгъты фæрцы чи зыны, ахæм фыдæл. Уаз+Георги (Джеорджи) та у, чырыстон дины сæрыл чи фæмард, ахæм хæстон лæг, æмæ йæ бахастой сыгъдæг удты номхыгъдмæ. Цард нæ эрæйы М-æм æнусы. Уаз+Георгийы тыххæй Советон Стыр Энциклопедийы фыст ис: «Георгий Победоносец — мифический христианский святой… Церковная легенда рассказывает о казни Г. П. (в Никомедии ок. 303 г.) во время гонений на христиан при Диокпетиане, о чудесах «святого» (в т.ч. о победе его над драконом). Первоначально считался покровителем земледелия, позднее феодалы в Европе создали культ Г. П. — святого патрона рыцарства. В Др. Руси Г.П. часто изображался на княжеских печатях и монетах, в царской России — на государственном гербе». Ныр та ис Мæскуыйы гербыл.

Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй Уастырджийы фæлгонц ирон адæмы цæстытыл уайы урс зæлдагзачъе зæронд лæджы хуызы, рæвдауæг цæстæнгасимæ, Уасджеорджи-Уасгерги та æвдыст цæуы æрыгон хæстонæй, уæлбæхæй арцæй залиаг калмы маргæйæ. Чырыстон дин ирон адæмы ‘хсæн чи хæлиу кодта, уыдон иудадзыг архайдтой нæ фыдæлты дин ын йæ быны фæкæныныл. Уый тыххæй аргъуантæ арæзтой нæ кувæндæтты, ирон бæрæгбæттимæ бастой чырыстон бæрæгбæттæ.

Уастырджи, Уасджеорджи, Уасгерги сси, Ирыстоны чырыстон дин тынгдæр кæмыты æрфидар, уым: Уæлладжыры æмæ Дыгуры кæмтты, Туалтæм. Уастырджийæ баззад Арвыкомæй Куырттаты коммæ, стæй Хуссар Иры арф кæмтты.

Ныр та Уастырджимæ скувыны, хи йыл бафæдзæхсыны ныхæсты иу вариант:

«Уæ зæлдагзачъе уæларвон Уастырджи, табу дын! Зæхмæ, ирон адæммæ, Хуыцауы разæй ратæхыс, æмæ Ирыстоны де ‘рбадæн бынæттæ алы ран дæр кувæндæттæ систы. Ирон адæммæ цытджын дæ, сæхи дыл фæдзæхсынц, æмæ сæ дæ хорзæх уæд!

Лæгты дзуар дæ æмæ ирон адæмы лæгхъуаг макуы ныууадз. Ирон адæм Цæгатæй Хуссармæ, Хурыскæсæнæй Хурныгуылæнмæ иууылдæр дæумæ кувынц, дæ хорзæх курæг сты, курæг та мæгуыр вæййы, æмæ сæ мæгуыр макуы скæн! Хуыцауы раз курдиаты рæстæг сæ дæ хорзæх уæд! Нæ зæххыл сабырдзинад куыд æрфидар уа, нæ адæм кæрæдзимæ æхцайы цæстæй æмæ топпы кæсæнæй куыд нал кæсой, се ‘хсæн хæрзаудæны, хæлардзинады

æнкъарæнтæ куыд фæтыхджындæр уой!

Байраг — бæхгæнæг, лæппу — лæггæнæг дæ, нæ лæппутæ лæгтæ куыд кæной, нæ байрæгтæ — бæхтæ, ахæм амонд нын радт! Кæстæр арæх æмæ хистæр — зондджынæй куыд цæрæм, ахæм арфæ нын ракæн. Нæ фæсивæд тауинаг æвзæрст хоры хуызæн куыд кæна, тыд хорау та бæркадджын, тархъæды хуызæн куыд уа! Тыхы сæр сæ макуы бахъæуæд!

Уастырджи, фæндаггоны фарс дæ, зæгъгæ, баззад фыдæлтæй æмæ нæ бæлццæттæ де уазæг — фæндараст сæ кæн, æдзухдæр æгас хæдзар куыд арой.

Ныхасы Уастырджи, нæ ныхæсты, нæ ракуывды фарн куыд уа. Нæ хистæрты, нæ кæстæрты ныхасы сæр куы бахъæуа, уæд ныхасхъом куыд уой. Сæ ныхас кæрдаг æмæ хуыйаг дæр куыд уа. Хъусæджы зæрдæмæ куыд хъара, уыцы хорзæх дæр сын ракæн.

Уастырджи, сыгъзæрин тæбæгъты дын фæкуывдæуа, табу дын уæд!».

УАСТЫРДЖИЙЫ БÆХ — у æрткъахыг, йæ цæфхæдтæ цæхæр калынц.

УАСТЫРДЖИМÆ КУВÆН КЪУЫРИ — Джеоргуыбайы вæййы Уастырджимæ кувæн къуыри.

УАСТЫРДЖИЙЫ КÆСÆНЦÆСТЫТÆ — дардмæуынаг кæсæнцæстытæ. Сафайы фырт Тепсыхъо æмæ Хуры фырт Мæцыхъомæ сæ куы дæтты, уæд сын афтæ зæгъы: «Уасхойы бæрзондмæ куы бахæццæ уат, уæд-иу адонæй афæлгæсут: зæххыл къуыппæй, дзыхъхъæй — уæ тæккæ раз уыдзысты».

УАС (З) УАЦ — уæларвæй, Стыр Хуыцауæй æрвон æрвыстæг, фæндон, арфæ, разыдзинад, аудындзинад, рæвдыд æмæ ныфсы ныхас, хъусынгæнинаг. Дзырд уас (з) у уæларвимæ, удæй сыгъдæгдзинадимæ баст. Мад йæ хъæбулы цы рæвдауæн уайдзæфтæй фæраст кæны, уыдонæй иу у: «Цас мæ фехъуыстай, уас дæ сæр». Ома, дæ сæр уый бæрц кадджын уæд.

Дзырдбаст Уас (з) уац-ы — уац та амоны хабар. Æрвыстæг, фæндон, курдиат, домæн æмæ йæ уас (з) кæны æрвон, табуйаг, зæды ном Уастырджийы уæларвон куыд кæны, афтæ. Ахæм табуйаг дзырдтæ ма ирон æвзаджы ис бардуаджы ном Уасхо, уастæн — бæлвырд, æцæг; стæй ма дзырдбаст уаз дæттын — кувын, зæддуагæн табу кæнын. Æвæццæгæн, дзырдтæ уазæг æмæ уæзданы дæр уаз-уæзæн уыцы æрвон нысаниуæг ис. «Уазæг — Хуыцауы уазæг», — хуымæтæджы нæ хонæм. Æгъдауджын, хæрзуагон, йæ адæймагдзинадæй зæрдæтæ чи рæвдауы, уымæй та фæзæгъæм: «Уæздан у» Уæз+дан (дæн). Ома, æрвон уагыл йæхи дарынхъом чи у, ахæм адæймаг у.

УАСХО — ардбахæрды фидыды бардуаг. Æрæджыйы онг дæр ма уæлдай кадджындæр уыд Хъæнийы хъæуы. Йæ кувæндон дæр ис уым.

УАСХОЙЫ БÆРЗОНД — Хохы ном Нарты кадджыты.

УАХЪÆЗ — уддзæфы чызг-бардуаг. Кæс: «Азæлд».

УАЦАМОНГÆ, АМОНГÆ, НАРТАМОНГÆ — нæртон адæмы диссаджы зонынджын егъау къус, кæхц. Уыдис æм ахæм миниуæг, æмæ-иу стыр хæстон сгуыхтдзинæд-

тæ чи равдыста, стæй йæ хæстон сгуыхтдзинæдты хорз хъуыддæгты тыххæй æрмæстдæр æцæгтæ чи радзырдтаид, уымæ-иу йæхæдæг йæхи æгъдауæй бацыди. Иннæтæй йæ къухы никæмæн æфтыд «Уацамонгæйæ» ронг бануазын, ис ын авд хатæны (бæлвырддæр кæс «Нартуацамонгæйы»).

УАЦАЙРАГ — хæсты рæстæг иу æфсадæй иннæмæ цæфæй кæнæ æнæнхъæлæджы цы æфсæддонтæ æрбахауы, уыдон сты уацайрæгтæ. Цагъайрæгтæй уыдонæн сæ уавæр чысыл хуыздæр вæйиы, сæ сæрыл чи сдзура, чи сæ ракура, балхæна, уый ис — цы паддзахадæй сты, уый хицауад, йæ адæм.

УАЦИЛЛА — хоры æмæ æрвнæрды зæд-бардуаг. Кадæг «Дауджыты лæвæрттæ Сосланæн»-ы Сафа Уацилламæ дзуры: «Абон æз дæуæй, æрвнæрынгæнæг, зæххон адæмæн иу хæрзиуæг курын: фехъуыстон æз, дæ дзыппы кæй ис хоры нæмгуытæ; ма сæ бахæлæг кæн зæххыл цæрæг адæмæн — стыр бузныг дæ уыдзысты». «Хорз, — загъта Уацилла, — æз ратдзынæн ацы хоры нæмгуытæ Нартæн. Уалдзæджы, куыддæр зæхх стæфса, афтæ-иу сæ хуссарварсы байтауæнт, æмæ сæ афæдзæй-афæдзмæ хæрынæн цы хъæуы, уый сын дзы æрзайдзæнис хор». Уациллайæн ис фаззон чызджытæ Фæрдæ æмæ Фæрдыг, хæларæй цæры Нартимæ. Уастырджи, Æфсати æмæ Уациллайæн ис фæйнæ авд фырты. Уациллайы фырттæ сты Гæбутдзали, Темсыхъо, иннæты нæмттæ бæрæг не сты.

Уациллайы кувæндæттæ сты Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны дæр. Æппæты зындгонддæр дзы у Тбау-Уациллайы кувæндон Дæргъæвсгомы. Ацы кувæндон цард-цæрæнбонты Хуыцауы фæндæй лæвæрд у Гуццатæм. Уый тыххæй ис сæрмагонд таурæгъ. «Гуццатæ раздæр цардысты Уæллагхъæуы, — фыста газет «Рæстдзинад»-ы Кокайты Бестол, — бæрзонд къæдзæхы ныхыл, тынг зынвадат ран. Уыдис сын сæхицæн мæсыг, æмæ сын æй арв æрцавта, сæ æрвдзæф рæхыс ныр дæр ма уым ис, æмæ тарст адæймаджы куы баласынц, уæд æй уыцы рæхысы бын фæдзæхсынц. Фæстæдæр Гуццатæ уырдыгæй æривтой бынмæ, Цæгат Ламардонмæ». Тбау-Уациллайы кувæндоны дзуары лæджы хæстæ Гуццатæм цæуынц фæлтæрæй-фæлтæрмæ. Кувæндон ис бæрзонд ран. Уациллайы хуыцаубоны Гуццаты мыггагæй лæгтæ, дыууæйæ, семæ ма вæйиы сæ хæрз хæрæфырттæй иу-æртæйы бæрц, ссæуынц бæхтыл хохы рæбынмæ, рæбыны сæ бæхтæ ныууадзынц, уырдыгæй уæлæмæ бæхтыл цæуæн нæй. Нарæг къахфæндагыл дзы къæдз-мæдз цæуын хъæуы тынг сабыргай, куы фæцудай, уæд комы нарæджы балæудзынæ. Сæ кувинæгтæ се'ккойы скæнынц, сæ нывонд уæрыччы семæ акæнынц æмæ сæ изæр стыр лæгæтмæ схæссынц. Изæры нывонд уæрыкк акусарт кæнынц æмæ семæ цы бæгæны схæссынц, уымæй скувынц, аходгæ дзы не скæнынц, афтæмæй, уым афæдз цы бæгæны æвæрд уыд æрхуы къусы, уый æндæр мигæнæнмæ равдæлон кæнынц, æмæ дзы ног бæгæны ныккæнынц, йæ сæр ын биноныг сæхгæнынц, иннæ азмæ. Кæй равдæлон кæнынц, уыцы бæгæны æрхæссынц найфатмæ. Æмæ уымæй фæдæттынц кувæггаг, йæ сывæллон хъыгдард кæмæн вæйиы, уымæн, ома, йæ

сывæллон æхсæв куы стъæлфа, истæмæй куы тæрса, уæд.

УАЦИРÆТ — Деденæджы ус.

УАЦИРУХС — Æфсатийы чызг Хайырхъызы афтæ дæр хонынц.

УАЦЫ ÆРТЫТÆ — фæдисы æртытæ.

УÆДÆРÆГ — уыди гуымирытæй, Нарты знаг. Кар æмæ Кæрæфимæ — æмцæдисон, æмдзæхдон. Иумæ сфæнд кодтой Нарты бынтон фæцæгъдын æмæ гуымирыты адæммæ ныхъхъæр кодтой фат-фæдис. Майрæмбон-иу Нартæ йе куывды бадтысты, йе сæм-иу хъазт уыди. Æмæ сæм майрæмбоны æууæнкæй сæ хъазты балæууыдысты семæ симды. Уæдæрæг æмæ йæ бирæ æфсад сæ уæфсæгтыл зæгæлхуыд бакодтой æмæ-иу Нартæн барæй сæ уæлфæдтыл фæлæууыдысты. Уæлфадæй-иу туг скалд, æмæ-иу ыл цæуын нал фæрæзтой.

Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæг уыцы рæстæджы стæрæй æрбахæццæ сты æмæ уаваæр куы базыдтой, уæд схæцыдысты Уæдæрæджы æфсадимæ. Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæг арцыл систой Уæдæрæджы. Гуымиры æфсад уый куы федтой, уæд уæрагсаст фесты. Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæг Уæдæрæджы æристой, йæ къæхтыл ын фæйнæрдæм ахæцыдысты æмæ йæ уым дыууæ дихы акодтой. Уый фæстæ йын йе ‘фсадæй дыууæ лæджы æрцахстой. Уыдонмæ йæ радтой, æмæ йæ дыууæ дихæй фæдкалгæ гуымир-æлдармæ бахæццæ кодтой.

УÆВÆГОЙ — хæйрæджыты фæсномыгæй хонынц афтæ.

УÆДÆКК — стъалыгуппар «Авд хойæ» иу.

УÆЗÆФТАУ — Адæхъызы чызг. Кæс: «Адæхъыз». Йæ хорз æмæ рæсугъды кой дардыл айхъуыст, æмæ Æхсæртæггатæ сфæнд кодтой сæхи йæ бакæнын. Иугай йæм усгур цæуын райдыдтой: Уырызмæг, зæгъай, Хæмыц, Сослан, Батрадз, Арæхдзау. Адæхъызы чызг Уæзæфтау дзы иуæн дæр разыйы дзуапп нæ радта. Уыцы хабар Ацæты Ацæ куы фехъуыста, уæд йæ усимæ сфæнд кодтой сæ иунæг фырт Ацæмæзæн Уæзæфтауы ракурын. Уæзæфтау йæхицæн мойæн равзæрста Ацæмæзы æмæ уый размæ Æхсæртæггатæн кæд дзуапп йæхæдæг лæвæрдта, уæд Ацæтимæ ныхас йæ мады бар бакодта, ды куыд зæгъай, ууыл æз разы дæн, зæгъгæ.

УÆЙЫГ, УÆЙГУЫТÆ — таурæгъмæ гæсгæ Хуыцау Нарты размæ сфæлдыста Уæйгуыты, Нартæ дæр ма сæ æрæййæфтой. Цардысты хæхбæсты. Нартæн знаггад кодтой, æмæ сæ Нарты гуыппырсартæ цагътой. Æмæ цынæ хуызæттæ сты Уæйгуытæ — иуцæстонтæ, сохъыртæ, хъулонзачъетæ, æфсæронтæ, иусæронтæ, авдсæронтæ, аст-фарастсæронтæ. Хъаруйæ — æххæст, зондæй — хъуаг, æмæ сыл Нартæ тых кæнынц сæ зонды, се ‘рхъуыдыйы фæрцы.

Уыдон дæр зæххы аккаг нæ уыдысты æмæ фæцагъды сты.

УÆЙЫДЖЫ СÆРЫ КÆХЦ — Нартæ дыууадæсæй стæры ацыдысты æмæ иу тыгъд быдыры лæгæтгонды баæхсæвиуат кодтой. Райсомæй кæсынц, æмæ, æхсæв кæм арвыстой, уый кæд уыдис иу стыр сæры кæхц. Нартæ скуывтой: «Уæ Хуыцæутты Хуыцау! Ацы лæг удæгасæй цыхуызæн уыд, афтæ йæ фестын кæн, æрмæст цæстæй куыннæ уына». Хуыцау сын сæххæст кодта сæ курдиат, æмæ

ма уæйыгæй æвыдæй, куырм кæй уыд, уый фæрцы аирвæзтысты. Сослан æм хæстæг фæцæйцыд, фæлæ йæ уæйыджы комы тæф фæстæмæ аппæрста. Уæйыг, стырдæр цы бæлас уыд, уый æд уидæгтæ стыдта æмæ йæ обауыл ныццавта. Бæлас обау йæ бындзарæй сфæлдæхта æмæ йæ фæйнæрдæм фæхаста. Уæйыг йæ цонг зæххы суанг уæхсчы онг ауагъта æмæ дзы йæ армыдзаг сыджыт систа, Сосланы къухтæм æй ныллæмæрста, æмæ зæххы сойæ йæ къухтæ айдзаг сты.

УÆЛАРВ — Дунескæнæг Иунæг Хуыцау æмæ йе сконд зæдты цæрæн бынат.

УÆЛАРВМÆ ФÆНДАГ — Арвы дуар куы байгом вæййы, уæд дзы разынынц Арвы асинтæ. Уыдон амонынц Уæларвмæ, Хуыцауы кæртмæ фæндаг.

УÆЛАРВОН — уæларвон хонынц Стыр Хуыцау, Уастырджи æмæ зæдты, сæ хъуыддæгтæ, сæ ныхæстæ дæр сты уæларвон. Цæргæ дæр кæнынц уæларвы. Уæларвæй рауадзгæ рæхыс — афтæ хонынц къонайы, Сафайы рæхыс. Ахæм рæхыстæ, дам, стæм уыдысты: фæрнджын хæдзæртты æмæ кувæндæтты (Дзывгъисы Уастырджийы æмæ Тбау-Уациллайы кувæндæтты).

УÆЛÆМÆСЫДЖЫ УАСТЫРДЖИ — йæ кувæндон ис Куырттаты комы Хæрисджынæй чысыл уæлдæр Цъæззиуы цæугæдоны фарсмæ уæлвонг ран. Ам амад ис рагон бæрзонд æмæ фидар мæсыг. Кувæндон уæлæмæсыг дæр уымæн хуыйны. Йæ бæрæгбон вæййы Кæрдæгхæссæны хæдфæстæ къуырисæры фæсæмбисбон. Йæ быны кувынц Уастырджи æмæ Мады-Майрæммæ. Мады-Майрæммæ цæмæн? Амы зылды ма Хæрисджынæй уæлæмæ уыд цыппар хъæуы: Гуытъиаты, Андиаты, Быгъуылты æмæ Калоты хъæутæ. Адæм дзы бирæ цард, æмæ сын кувæндæттæ дæр уыд. Уæлæмæсыджы Уастырджийы кувæндон та сын уыд иумæйаг, фылдæр адæм æм цыд. Уый фæхатыдтой чырыстон дин парахатгæнджытæ æмæ мæсыгæй чысыл фалдæр сарæзтой Мады-Майрæмы аргъуан. Адæм цæуын райдыдтой аргъуанмæ дæр. Уæлдайдæр та, Гуырдзыстоны ус-паддзах Тамар ын Мады-Майрæмы уазныв куы балæвар кодта, куы йыл аудыдта, уæд. Уæдæй фæстæмæ амы кувæндоны кувынц Уастырджи æмæ Мады-Майрæммæ. Аргъуан абон дæр ма ис, Мады-Майрæмы уазныв, Хæрисджынæй уæлдæр хъæуты цæрджытæ сæ цæрæнбынæттæ куы уагътой æмæ быдырмæ куы лыгъдысты, уæд æй сæ иу къорд йемæ Мæздæгмæ аласта. Фæлæ абон кæм ис, уый бæрæг нæу.

УÆЛБИКЪОН — ирон адæмон сфæлдыстады ис: Уæлбикъонтæ, зæдтæ æмæ дауджыты бар кæуыл нæ цæуы, ахæм удгоймæгтæ.

УÆЛИМОНТÆ — цыдæриддæр уæлзæхх цæры хæйрæджытæй, зинтæй, хъæдæрстæй, хъæдохтæй, иблистæй, уыдон иууылдæр иумæ хуыйнынц уæлимонтæ. Зæххы бын чи цæры, уыдон та — дæлимонтæ.

УÆЛЛАГ ГÆНÆЗТÆ — æбæрæг бæстæ Нарты кадджыты.

УÆЛХУР СТЪАЛЫ — афтæ хонынц, боныгон арвыл Хуримæ цы стъалы разыны, уый. Хуримæ арвыл стъалы фенын амонды, хорзы нысан у.

УÆН — кусарты кадджындæр хай — уæнгтæй иу. Зианы фынгмæ йæ æнæхъæнæй нæ хæссынц. Цины фынгыл æвæрд вæййы хистæрты раз сæр æмæ бæрзæйы

уæлæ. Уый у фынджы фыдызгъæлы сæйрагдæр хæйттæй æртыккаг. Æртæ хæбизджыны, æртæ æртæдзыхоны æмæ сæр, бæрзæй, уæн чындзæхсæвы, куывды, дзуары номыл бæрæгбоны фынджы сæр сты. Ирыстоны фылдæр хъæуты æмæ горæтты сæр æмæ бæрзæй фынгыл æнæвнæлдæй баззайынц, æрмæст сæрæн йæ рахиз хъус æртæ дихæй кæстæртæм нуазæнимæ адæттынц. Уæн-иу нæ рагон фыдæлтæ кады нуазæнимæ лæвæрдтой, хæсты быдырæй-иу хъæбатырæй чи сыздæхт кæнæ æндæр сгуыхтдзинад чи равдыста, уымæн. Ома, ноджы тыхджындæр, уæнгджындæр у æмæ сгуых. Ахæм цыты аккаг кæстæр-иу куы нæ уыд, уæд та дзы, уый ныр дæр, кæстæрты цæрæнбоны тыххæй сидты агъоммæ æртыккаг хистæр къухæй ратоны, æмæ йæ хистæр нуазæнимæ адæтты кæстæртæм.

Уæнмæ кардæй æвналын нæ фæтчы, уæд, дам, ирон уырнынадмæ гæсгæ, цы зонынджын хъуыды æвæрд дзы ис, уый раст нал фæамоны. Уымæ гæсгæ йын æртыккаг хистæр къухтæй йæ дзидза стæгæй аивæй фæхицæн кæны, стæй йæ кусарты сæрыл æрæвæры. Цалынмæ дзы хистæр акæса, уæдмæ уый бар никæмæн ис, къухæй къухмæ дæттæн дæр ын нæй. Акастæ дзы, цы дзы федтай, уый загътай, нæ загътай, уæддæр æй фынгыл æрæвæр. Куы ничиуал æй сиса фынгæй, уæд æй хъæуы асæттын къухæй, кæнæ йæ карды цæф фæкæн.

Раздæр уæны кæсын, уæнмæ гæсгæ фидæны хабæрттæ фенынмæ тынгдæр арæхстысты. Ныр ма стæм зоны уæны кæсын, уымæй дæр — уæлæнгæйтты. Уæн фæрсы, кæй фосæй у, уымæн, стæй фидæны иумæйаг хъуыддæгтæ: афæдз хъæубæстыл куыдæй ацæудзæн, сæ хуымтæй цавæр тыллæг сисдзысты, сæ бæлццæттæ куыд фæндараст уыдзысты æмæ суанг дунейы уавæр дæр. Кæддæр газет «Рæстдзинад»-мæ йæ æхсæнадон уацхæссæг Гæцойты София уæны тыххæй ныффыста æмæ уым тынг фидарæй загъта, йæ цардæмбал уæны кæсын хорз кæй зыдта. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты размæ, дам, сæхимæ куывды кусарты уæнмæ куы æркаст, уæд зæгъгæ ницы скодта, фæлæ кæй фенкъард, уый йыл фæзынд. Æмæ, дам, æй уый фæстæ куы фарстон, уæны цы федтай, зæгъгæ, уæд загъта: «Хорзæй ницы! Стыр фыдбылыз — хæст. Фæхицæн нæ кæндзæн, æмæ дын кæд зын уыдзæн, уæддæр дыл нæ сывæллæтты фæдзæхсын». Лæг куыд загъта, афтæ рауад: Фыдыбæстæйы Стыр хæст райдыдта, æмæ дзы лæг фæмард, йæ цардæмбал София та баззад сидзæргæсæй.

УÆНГУЫР — Уæнгуыр æмæ Уæхтæнгуыр сты дыууæ æфсымæры Хæфтæнгуыртæй. Цæрынц Нартмæ дæрддзæф. Уæнгуыр Тары фырт Мукарайы ардыдæй иу хатт ныббырста Нартæм. Мукараимæ сын тых ракодтой. Батрадз сæ уый тыххæй тынг бафхæрдта, тугхъалон сыл сæвæрдта.

УÆРАГМÆ ЗМИС — ис Мæличчы бæстæйы.

УÆРÆЙДÆ — Уый раджы заманты уыди. Знаг æрбалæбурдта ирон адæммæ, туг кæлын райдыдта. Дыууæ адæмы ’хсæн бацыдысты номдзыд лæгтæ бафидауыны фæдыл. Бирæ радзур-бадзуры фæстæ ныхас банцади ууыл, цæй, уæдæ,

æрбабырсæгæй дæр æмæ ирæй дæр бавзарæм фæйнæ тыхджындæр лæджы. Уыдон хъæбысæй рахæцæнт. Чи фæуæлахиз уа, уый адæм нымад æрцæуæд уæлахиздзауыл, иннæ та састы бынаты баззайдзæн.

Дыууæтæ дæр сразы сты уыцы фæндоныл. Тыхгæнæг уайтагъд равзæрста йæ тыхджындæры, фæлæ ирон адæм — нæма. Разил-базил кодтой хъæутыл, фарстой кæрæдзи, фæлæ никæй ардтой. Уæд фæстагмæ иу зæронд лæг загъта, æз зонын ахæм адæймаджы, зæгъгæ. Æцæг уæ курын, æмæ ма схъæр кæнут, æз æй кæй бацамыдтон, уый. Куы йæ бамбара, уæд ницы хуызы сразы уыдзæн.

– Чи у?

– Мæ чындз – Уæрæйдæ.

– Ау, уый та куыд, сылгоймаг?!

– О, сылгоймаг, – æз мæхи цæстытæй федтон, къамбец дыгъта, æмæ йæ йæ род куыд хъыгдардта, уый. Уæд Уæрæйдæ къамбецы роды карчы цъиуау фелвæста æмæ йæ кауы сæрты иннæрдæм фехста.

Адæм сразы сты лæджы фæндоныл. Ацыдысты Уæрæйдæмæ, фæлæ уый нæлгоймагимæ хъæбысæй хæцыныл нæ разы кодта. Тынг æм куы æрхатыдысты, уæд сразы. Скодта нæлгоймаджы уæлæдарæс, сæры хилтæ бамбæхста худы бын, бæхыл сбадт æмæ араст. Знаджы богалимæ хъæбысæй хæцынмæ ныхæйныхмæ куы æрлæууыдысты, уæд ын Уæрæйдæ уайтагъд йæ къух ацахста æмæ йæ сонтæй рариуыгъта. Цонг фелвæст йæ хъулæй æмæ дзедзыккайæ аззад.

Фыдгулы богалæн дарддæр йæ бон хæцын нал сси. Уыцы рариуыгъды рæстæг Уæрæйдæйæн та йæ худ йæ сæрæй асхъиудта, æмæ сæры хилтæ æркалдысты. Адæм æм фырдиссагæй кæсгæйæ баззадысты.

Уæд тыхгæнæг знæгтæ загътой, ирон адæмæн кæд сæ сылгоймæгтæ ахæм тыхджын сты, уæд уагæры сæ нæлгоймæгтæ та цавæр тыхы хицау сты, зæгъгæ, æмæ лидзæг фесты.

Ирон адæм та Уæрæйдæйыл зарджытæ кæнын райдыдтой: «Уæрæйдæ æмæ ой, тох, Уæрæйдæ!» Гъе, афтæ райгуырди зарæг «Уæрæйдæ».

УÆРБИЙЫ КАЛАК — æцæгæлон адæмыхатты сæйраг горæт Нарты кадджыты.

УÆРДАХЪ — стъалыгуыппар «Авд хойæ» иу.

УÆРСÆДЖЫ ХОХ — Даредзанты Амран абон дæр цы хохы лæгæты бастæй лæууы, уый Хъуды комы.

УÆРХÆГ — Нарты хистæр, фаззон лæппутæ Æхсар æмæ Æхсæртæджы фыд. Йæ фырттæ Нарты фæткъуы хъахъхъæнгæйæ куы фесæфтысты, уæд æй Нартæ рæгъаугæс скодтой. Æхсæртæджы дыууæ фаззоны Уырызмæг æмæ Хæмыц уый куы базыдтой, уæд йæ агурæг ацыдысты. Цæуынц, æмæ сæ къæхты хъæрæй бæстæ змæлы, хæхтæ згъæлынц. Уæрхæг сæ дардмæ дæр сæ къæхты хъæрæй базыдта. Уый мæ фырттæ Æхсар æмæ Æхсæртæджы къæхты хъæр у, зæгъгæ, фæлæ уыдон раджы куы фесæфтысты.

– Мах стæм Æхсæртæджы лæппутæ! — загътой йын уыдон.

– Уæдæ-ма рацæут, æз уæ уе стæджы хъæдæй базондзынæн.

Бацыдысты Уырызмæг æмæ Хæмыц Уæрхæгмæ æмæ йæ хъæбыстæ кæнынц. Уæрхæг сындæг равнæлдта æмæ йæ къухы уырзтæй радыгай æрæсгæрста лæппуты цонджы хъултæ æмæ загъта:

– Уе стæджы хъæд æцæг махæй у. Уæд ын лæппутæ радзырдтой, сæ мад Дзерассæйы, сæ фыд æмæ йе 'фсымæры тыххæй цыдæриддæр фехъуыстой, уый, æмæ Уæрхæг сæ разæй рараст йæ зæронд фидар арæзт чъырынмæ. Уым лæппутæ хæдзар бафснайдтой. Уый фæстæ зæронд лæджы дуармæ ракодтой, адастой йын йæ хъуынджын сæр, йæ боцъотæ, стæй йын фаджысы нытътъыстой лæдзæг. Зæронд лæг уым ныддоныхуыпп кодта, æмæ йæ доныхуыпп хæрдмæ танхъа куы хаста, уæд дыууæ æфсымæры кæрæдзимæ бакастысты æмæ загътой: «Ай ма нын нæ мады дæр фæдардзæн». Дзерассæйы Донбеттыртæй скодтой, æмæ дзы сæ фыдыфыд Уæрхæг загъта йæхицæн бинонтæ.

УÆРХÆДЖЫ ÆРТÆ ФÆДЗÆХСТЫ — Уæрхæг Нарты знаг Хъæрæмæдзы куы амары, уæд йæ къухæй йæхæдæг дæр мæлæтдзаг цæф фæци. Мæлгæ-мæлын ма Уæрхæг Нартæн зæгъы: «Хъусут, Нартæ! Æртæ фæдзæхсты уын уадзын. Фыццаг: фыдæх хæссынæй фыдæмпъызт хуыздæр у. Цасфæнды хæссат фыдæх, уæддæр-иу ахъуыды кæнынмæ фæлæуут. Дыккаг: фыдæй фыдхъæдгом хуыздæр у. Æрвылбоны масты бæсты фæлтау иу бон фæриссут. Æртыккаг: фыдкомæй фыдæндæгъд хуыздæр у. Æгады бæсты мæлæт æмæ æнустæм кад хуыздæр у».

Уæрхæг уыйадыл амарди. Доны был ын сарæзтой стыр зæппадз, ахастой йæ æмæ йæ уым кадимæ бавæрдтой.

УÆРХТÆНÆГ — Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæг сты æфсымæртæ Куыристы мыггагæй. Уæрхтæнæг карзæй хæцыд Кар æмæ Кæрæфимæ — их æмæ хъызты бардуæгтимæ. Нарты астæу фæцард зæронды онг æнæ усæй. Нарты фæсивæд бауынаффæ кодтой: «Уæрхтæнæгæн байзæддаг нæй, нæй йын бындар, æмæ йын ус ракурæм. Кæд нæ коммæ нæ бакæса, уæд та йæ дуртæй амарæм». Уæрхтæнæг цард Тæлæгты быдыры, сразы ус ракурыныл. Уалынмæ сын лæппу райгуырд, æмæ йыл ном сæвæрдтой Сыбæлц. Сыбæлц Хуры чызг Адæдзæйы куы ракуырдта, уæд ын йæ фыд Уæрхтæнæгæн Хур радта згъæр хæдон. Згъæр та ахæм згъæр уыди, æмæ йе 'фцæгготæй заргæ кодта, йæ риутæй — хъырнгæ, йæ дыстæй æмдзæгъд, йæ фæдджитæй та — кафгæ. Иуахæмы йын æй Соппары æртæ фырты байстой, йе рагъæй та йын дыууæ гæрзы рауагътой. Йæ фырт Сыбæлц уый куы базоны, уæд Соппары фыртты амары, Уæрхтæнæджы згъæр байсы, йæ рагъæй йын цы дыууæ гæрзы рауагътой, уыдон ын йæ фæсонтыл æрæвæрдта, нымæтын ехсæй сæ ракъуырдта æмæ, фыццаг куыд уыдис йæ фыд, афтæ фестад. Уæрхæг æмæ Уæрхтæнæг тохы бацыдысты дæлимонтимæ. Дæлимонтæ сыл фæтых сты æмæ сæ дæлдзæхмæ акодтой.

УÆРЦЫ ФÆЗ — ис Нарты бæстæйы. Уым Æхсар æмæ Æхсæртæг æрцæрын кодтой, дæлимонты уацарæй кæй фервæзын кодтой, уыцы адæмы.

УÆСÆНÆГ — Алæгаты хистæртæй иу, сырх лæг.

УДÆВДЗ — Нарты кадджыты диссаджы уадындз, йæхæдæг йæхи æгъдауæй алы зарджытæ чи кодта, ахæм. Уæларвон куырд Куырдалæгон Уæрхæджы фырттыл куы сæвæрдта нæмттæ: Æхсар æмæ Æхсæртæг, уæд ын номæвæрæджы лæварæн радта Удæвдз йæ куырдадзы фæтыгæй, болат æндонæй арæзт. Удæвдз Нарт сæвæрдтой сæ фынгыл, æмæ сын кодта диссаджы зарæг уадындз хъæлæсæй:

«Айс æй, аназ æй, Хуыцауы хæларæй,
Айс æй, аназ æй, — ронджы нуазæн!»

УДÆГАСГÆНÆН ХОС — Даредзанты таурæгъты ис Индоеты паддзах Джекуæзмæ. Уый мæлæг адæймаджы цардмæ раздахы, Ростъом йæ фырт Зураппы, нæ йæ базыдта, афтæмæй йæ хъамайæ куы барæхуста, уæд æй Джекуæз-паддзахæй бæргæ бацагуырдта, цæхæрадонгæсы йæм арвыста. Уый йын уайтагъд радта уды хос, фæлæ йын бафæдзæхста: «Куы баввахс уай, гъе уæд дæхи фæкæлын кæн, дæ хос куыд акæла, афтæ; Ростъом та дæ фæстæмæ æрвитдзæн хосмæ, фæлæ цалынмæ фæстæмæ дыккаг здæхт кæнай, уалынмæ лæппу амæлдзæни. Махæн та уый хорз куы уыдзæни: иу Ростъомимæ цæрын куы ничи фæразы, уæд дыккаг Ростъом куы схъомыл уа, уæд Индоет æмæ æгас дуне дæр куы байсдзысты, куы». Цæхæрадонгæс баздæхт æмæ, куыд ын загъта, афтæ бакодта.

УДХÆССÆГ — ироны динон уырнынадмæ гæсгæ, адæймаг куы амæлы, уæд ын йæ уд ахæссы удхæссæг. Удхæссæг куы нæ уаид, уæд адæм нæ мæликкой. Фæлæ уый дæр Хуыцауы æвастæй ницы кæны. Уымæн дæр Хуыцауы раз йæ хæс уый у, æмæ йæ æххæст кæны.

Хуыцау зæдтæ æмæ дауджытæн сæ хæстæ куы байуæрста, уæд Удхæссæг зæхмæ здæхгæйæ бирæ фæсагъæс кодта йæ хæсыл, фæстæмæ йæм аздæхт æмæ йын афтæ:

– Не скæнæг, æгæр стыр æмæ æгъатыр хæс мыл сæвæрдтай. Адæмы удтæ хæссын æбуалгъ хъуыддаг у. Иннæтæн та цы у! Кæмæн дзы хоры тыллæг бабар кодтай, кæмæн сырдтæ, кæнæ хæдзары фос. Цас бæрнон сты Тутыры, Галæгоны, Донбеттыры æмæ иннæты хæстæ! Мæ куыст та уыдзæн æлгъаг æмæ æлгъыстаг.

Хуыцау æм биноныг фæхъуыста, стæй йæ æрсабыр кодта:

– Тыхсгæ ма кæн, маргæ сæ ды нæ кæндзынæ. Дæ хæс уыдзæн удтæ хæссын. Мæлæтæн æз æфсон ардзынæн.

Бирæ ирон аргъæуттæ æмæ таурæгътæ ис, адæймаг Удхæссæгимæ кæм быцæу кæны, асайынмæ йæ кæм хъавы. Кæд ыл фæуæлахиз вæйиы, уæддæр рæстæгмæ. Удхæссæг æгъатыр у, стæй æнæбасæттон, дæхи дзы кæмфæнды куы бамбæхсай, уæддæр дæ ссардзæн.

УДЫБÆСТÆ — мардæн йæ æгъдау скæнын, рухсаг ын зæгъын, æрхъуыды йæ кæнын, йæ уæлмæрдмæ йын базилынæй йæ Мæрдты бæсты кæны кадджындæр, йæ удæн æхцойдзинад хæссы, — дзæнæты йын бынат дæтты — удыбæстæ. Уый

та хæрзмæ ауды удæгæстыл.

УИЛИТÆ — хæйрæджыты фæсномыг.

УОН — Æхсæртæггаты фыдæлтæй иу, базырджын авдсæрон уæйыг. Хъæндзæргæс æй фæсхохмæ фæхаста, йæхицæн æй хъомгæс скодта, мидгъуын кæрцы цыд, æмæ йын слыскъ, хуры йын æмпылгæ кæны йæ къæрит, къæвдайы — ивæзгæ, афтæмæй цард. Сæ хистæр ахæм уавæры кæй ис, уый Батрадзæн бауайдзæф кодта Акула-рæсугъд. «Уый Хъæндзæргæсы исбонимæ куы рахæссай, уæд демæ симын бæгуыдæр æмбæлы мæныл», — зæгъы йын Акула.

Батрадз авдсæрон Хъæндзæргæсы амары æмæ суæгъд кæны Уоны, стæй йемæ уацары чи уыд, уыдоны — Мæйы чызг Мысырханы æмæ Хуры чызг Хорческæйы дæр. Мæйы чызг Мысырханы скæны Уоны бинойнаг, Хуры чызг Хорческæйы та — Хæмыцы бинойнаг.

УРС ÆХСИНÆГ — уыцы хуызы Борæмæ уæларвæй æртахт, хъысмæтæй йын усагæн нывонд чи уыд, уый — Хуыцауы хæрæфырт.

Арвы дуарæй æхсинаг ратахт,
Борæйы сæрмæ бæласыл абадт.
Йæ урс базыртæ тæмæнтæ калдтой,
Йæ сау цæстытæ худгæ æрттывтой.
Гъе стæй сындæггай уæлдæр ыстахти,
Уым урс æхсинæг урс фæлм фестади.
Фæлмы астæуæй рæсугъд чызг разынди,
Уымæн æмбал уæд зæххы нæма уыди,
Йæ худæн былæй фæлмæн бахудти,
Йæ сау цæстытæй хъæлдзæг хъазыди,
Æфсæрмдзæстыгæй Борæмæ касти.

УС-БИРÆГЪ — Нарты Сатанайæн йæ бон фестын у рæсугъд чызг кæнæ хæрзæронд ус, Сырдон фесты зæронд лæг, стæй ус дæр, æрыгон чызг, маргъ, рувасы къæдзил æмæ ма худ дæр. Кæлæнгæнæг куырысдзау куы фæцæуы, уæд йæхи фестын кæны гæды кæнæ маргъ, фыдбылыз кæнынмæ, уæд та — бирæгъ. Кæлæнгæнджытæ фылдæр сылгоймæгтæ кæй сты, уымæ гæсгæ бирæгъ чи фесты, уыдон хонынц ус-бирæгътæ. Зæгъынц, сæ фылдæры, дам, бирæгъ фестын æмæ искæмæн фыдбылыз ракæнын нæ фæфæнды, фæлæ сын Ногбоны æхсæвы, мæйноджы æмæ йæ зæронды æндæр гæнæн нал вæййы. Уый тыххæй хъуамæ куыройы нучы, кæнæ пыхсы ауайа, æмæ уæд бирæгъ фесты. Сылгоймаг фестыны тыххæй та йæ бахъæуы, кæуылты ауад, ууылты фæстæмæ æрбаздæхын.

УРСБЫН СУАДОН — ис Нарты кадджыты, Борæйы минæвæрттæ дзы уæларвмæ, Хуыцауы размæ Хуыцауы хæрæфырты курынмæ ацæуыны размæ сæхи цынайынц.

УРС ДЕНДЖЫЗ — Дзерассæ йæ дыууæ хойы æмæ авд æфсымæримæ цæры Урс денджызы бын. Уырдыгæй Нарты Сыгъзæрин фæткъуыйы дыргътæм давынмæ

цæуынц, æхсинæгтæ фестынц, афтæмæй æрбатæхынц Нарты цæхæрадонмæ, Мæргътæ фестынц, фæлæ сæ сæртæ чызджы цæсгæмттæй баззайынц.

УРС ДЗУАР — сывæллæтты низ «дзуары» бардуаг. Йæ бæрæгбон вæйиы Куадзæны хæдфæстæ хуыцаубоны.

УРС ФЫР ÆМÆ САУ ФЫР — адæмон сфæлдыстады цæрынц дæлдзæхы æмæ хæцынц, дзæхст кæнынц сыкъатæй. Уыцы адæмæй Урс фыры сыкъайыл чи фæхæст вæйиы, уый уæлзæхмæ фехсы, сау фыры сыкъайыл чи фæхæст вæйиы, уый та авд дæлдзæхы нынтъухы, æмæ йыл ноджы мæгуырыбондæр скæны. Сæ сыкъатæм та сын сæхи æппарынц, цæмæй Урс фыры фæрцы уæлзæхмæ схауой.

УРСЫ КЪУЫРИ — Стыр комбæттæны размæ иу къуыри вæйиы Урсы къуыри — цæрвисæн, цæрвкъахæн. Къуырийы дæргъы ком чи дардзæн, уыдон нал фæхæрынц фыдызгъæл, фæлæ урссагæй: цыхт, царвæй цынæ хæринаг æрхъуыды кæнынц æмæ хæрынц, ахæм нал вæйиы. Рагацау-иу æм сæхи æрцæттæ кодтой, дурынтæ, авджын мигæнæнтæ-иу царвæй дзагæй æхгæдæй дардтой, хæндыджыты-иу цыхтытæ нал цыдысты. Æмæ сæ-иу уыцы къуыри байгом кодтой. Ацы къуыри Урсы къуыри, цæрвисæн, цæрвкъахæн дæр уымæн хонынц.

УЫЛЫНГ — раджыма-раджы уыдис лæг æмæ ус. Уыдонæн цотæй райгуырдис æрмæст иунæг лæппу æмæ рæз нæ хаста. Арæх æй барстой, æмæ дæргъмæ уыд уылынг, уæрхмæ — уыдисн, æндæр рæз нæ хаста. Йæ дæргъмæ гæсгæ йыл ном сæвæрдтой Уылынг. Мад æмæ фыд тынг хъыг кодтой: «Кæдæм нын сбæздзæн, адæм ныл худдзысты. Хуыздæр у йæ фесафын». Хъæдмæ йæ аластой, уым æй ныууадзæм, зæгъгæ. Уылынг уым фембæлы авд уæйыгимæ, зондæй сыл фæтых ис, дынджыртæ бæргæ сты, фæлæ — æнæзондтæ, зæгъгæ, сыл худы. Сæ мулк сын æрбатæлæт кодта йæ ныйиарджыты хæдзармæ.

УЫРАХЪОМ — Донбеттырты чысыл Уырахъом Сау денджызы сæр уылæнтыл хъазы. Уылæнтыл ссары хъуазтæм сидæн зæрин сартæнзæт æмæ хъуазтимæ хъазгæ цъитийы цадуаты сæйиафы чысыл Батрадзы. Хабар радзуры Донбеттыртæн. Уыдон ын Батрадзæн хæринаг æрвитынц, фæлæ йын Батрадзы иуахæмы Бардуаджы фырт уæларвмæ Мигъы бардуагмæ ахæссы.

УЫРДЫГЫСТÆГ, УЫРДЫГЛÆУУÆГ — ирон фынгыл ноздмæ цæстдарæг, фынгыл бадæг адæмæн лæггадгæнæг, сæ нуазæнтæ сын дзаггæнæг, сæ цума-йæн сын аргъгæнæг. Цины лæууы рахизæрдыгæй, зианы — галиуæрдыгæй.

УЫРТАУФЕН — бæстæ Нарты кадджыты, Къибиты зæххæй бонцау.

УЫРЫЗЗÆ — стъалыгуыппар «Авд хойæ» иу.

УЫРЫЗМÆГ — Нарты хистæр Уæрхæджы фаззон фырт Æхсæртæг æмæ Донбеттыры чызг Дзерассæ-рæсугъды (Сасанайы) фырт, Нарты номдзыд хистæр, болатрихи Хæмыцы фаззон. Кадджыты Дзерассæ Æхсар æмæ Æхсæртæджы мæрдтæ Уастырджийæн куы баныгæнын кæны, уæд дзы йæхи бафæсвæд кодта денджызы бын йæ цæгат Донбеттыртæм.

Дзерассæ цард йæ цæгаты æмæ йæхи бар нæ уыд, æмæ йын йæ мад загъта:

«Ацу Нарты уæзæгмæ — уыдоны стæджы хъæд афтæ у, æмæ сæ уæзæгыл чи нæ райгуыры, уый сæхицæй нæ хонынц». Дзерассæ, йæ мад ын куыд загъта, афтæ бакодта. Нарты хистæртæ йе ‘рбацыды хабарыл бацин кодтой æмæ устытæн загътой: «Æхсæртæджы мæсыгæн æй йæ бинагмæ нæ, фæлæ йæ скæнут йæ сæйрагмæ». «Уырдæм схизинаг нæма дæн, — зæгъы устытæн Дзерассæ, — тагъд уын фенын кæндзынæн уæхион, æмæ мын нырма æрæнцайынæн уæ бæрзонд мæсыгæй уæ талынг скъæт хуыздæр у». Æмæ йæ акодтой скъæтмæ, æмæ йын уым дыууæ фаззон лæппуйы райгуырд — Уырызмæг æмæ Хæмыц. Уыдон бон уылынг рæзтысты, æхсæв та — уыдисн.

Бахъомыл сты Уырызмæг æмæ Хæмыц Нарты фарнæн, кады æмæ намысы хъуыддæгтæн. Уыдон бæрзонд систой Æхсæртæггаты мыггаджы кад, Уырызмæг та ссис æппæт Нарты адæмы хистæр æмæ зондамонæг, зын сахаты сæ æнцой æмæ суанг сæ ирвæзынгæнæг дæр (кадджыты «Уырызмæджы æнæном лæппу», «Уырызмæг æмæ Сохъыр Уæйыг», «Уырызмæджы фæстаг фосы конд»). Мæнæ куыд аргъ кæны Нигер Уырызмæгæн: «Нарты цытджын хистæр, зондджын, хиуылхæцгæ, Нарты ‘хсæн фæлмæн, фæлмаст лæг. Ничи дзы фехъусдзæн зыст ныхас, тызмæг дзырд, сонт дзырд: бирæ чи фæхатт, æнæсгæрст къуым кæмæн нал баззад, уыцы заманы дунейы, ахæм фенæг лæг; йæ зонд Нарты адæмæн хæлæг чи нæ кæны, Нарт Нарт уой, дæлдæр макæмæй уой тыхæй дæр æмæ æгъдауæй дæр, кадæй дæр æмæ радæй дæр, зæгъгæ, ууыл лæуд чи у; Нарты адæм кæмæ хъусынц — нæлгоймагæй, сылгоймагæй, стырæй, чысылæй, кад кæмæн кæнынц, æгъдау кæмæн дæттынц, ахæм зæронд лæг; хъуыддагыл лæмбынæг чи ахъуыды кæны, сайд кæуыл нæ цæуы, Нартмæ худинаг чи нæ уадзы йæ зонды фæрцы, йæ ном дардыл хъуыст кæмæн у, уыцы Уырызмæг; йæ кæрдзындæттоны тыххæй æрдхæрæнæн чи баззад, Нарты кæрæдзимæ æнгом кæныны хъуыддаг йæ зонд æмæ йæ туджы арф бынат кæмæн ахсы, бинонты рæвдауæг, бинонтæм фæлмæн ныхасгæнæг чи у, уыцы Уырызмæг; Нарты знæгты ныхмæ фидарæй чи хæцы, Нарты адæмы разæй йæхи уды кой, йæхи бинонты кой чи нæ кæны, уыцы Уырызмæг.

Уырызмæджы фæлгонц афтæ хорз æвдыст цæуы кадджыты, æмæ Уырызмæг, зæгъгæ, куы фехъусы, Нарты кадджытæ хорз чи зоны, уый, уæд йæ цæстыты раз æрбалæууы урсзачъе бæрзонд, уæнгджын, зондджын, хæрзæхсæст номдзыд зæронд лæг, йæ тинты кæрц йæ уæхсчытыл, йæ цирхъ йæ фарсыл, йæ пылыстæг лæдзæг йæ къухы, афтæмæй, Нарты цытджын Ныхасы Нарты адæмæн зæлдаг уадзæгау фæлмæн хъæлæсæй арф, зонды ныхас чи кæны, ахæм зæронд лæг; йæ барæвзæрст — Нарты Сатанаимæ йе ‘ргъæу уæтты чи бады, дзаг фынг йæ разы, афтæмæй, æмæ Нарты адæмы царды уаг раст æвæрд уа, зæгъгæ, уыцы ныхас чи кæны».

Нарты кадджыты ис сæрмагонд цикл «Уырызмæг æмæ Сатана». Сатана у Уырызмæгæн йæ хо дæр æмæ йæ цардæмбал дæр. Йæ мард мад Дзерассæйæ гуырд æмæ йæхи схъомылгонд хо. Сæ фыдтæ та сты Æхсæртæг æмæ

Уастырджи. Уырызмæджы иунæг аипп у, йæ мадæй хо Сатанаимæ кæй цæры, уый, æмæ уыцы аиппы аххос дæр хауы Уырызмæгмæ нæ, фæлæ Сатанамæ. Уый йæ фæрæдийын кодта. Уымæ хæццæ кæны йæ фыд Уастырджийы комытæф, æмæ йæ цы бафæнды, уый ныхмæ фæлæууын Уырызмæджы бон нæу. Йæ рæстдзинад равдисыны тыххæй йæ хæрæгыл зыгъуыммæ дæр ма сбадын кæны æмæ йæ афтæмæй Нарты Ныхасы рæзты æртæ хатты æрцæуын кæны. Фæлæ сæ цæдис Нартæн рауад арфæйаг, æмæ сын уыцы æгады хъуыддаг сæ цæстмæ никуы ничи бадары, мæрдырох ыл бафтыд. Уыдоны, сæ дыууæйы фæрцы фæзынд нæртон æлутон бæгæны (кадæг «Бæгæны куыд фæзынд»).

Уырызмæджы цард у æцæг ирон хистæр лæджы цардау. Куы бахъæуы, уæд æй хъуырыцъарæй, бон цырагъы рухсмæ агурынц, куы нæ сæ фæхъæуы, уæд та йемæ сусæг быцæу кæнынц. Суанг ын йæ фаззон æфсымæр Хæмыц дæр йæ хистæрдзинад нæ бары, æмæ йæ бафидар кæнын бахъæуы кадæг «Уырызмæджы мæсыджы». Уым дæр фæуæлахиз вæййы Уастырджийы фæрцы. Уый йын бацамыдта, зæгъгæ, дæ мадырвадæлтæ Донбеттыртæй æххуыс ракур: «Авд хатты мæм авд фæлтæры авд авды адæм æрхуы мæсыг амайынмæ куыд фæзынат Нартмæ». Уыдон ын йæ курдиат сæххæст кодтой уалæй уал бонмæ. Ахуыргонд Абайты Никъала куыд зæгъы, афтæмæй Египеты пирамидæтæ цалæй арæзтой, уалæй. Стæй уыдоныл дæр раджы кæддæр æрхуы цъар уыд, æмæ, дам, сæ арæзтой, цас бæрзæндæн сæ-иу самадтой, уый бæрц сын сæ алыварс змис калгæйæ. Арæзт-иу куы фесты, уæд-иу уыцы змис фæйнæрдæм ахафтой æмæ-иу пирамидæ æппæтæй дæр разынд. Нарты кадджыты дæр Уырызмæг тыхсы, йæ мæсыг уæлæмæ цæуылнæ зыны, ууыл. Уымæн æмæ дзы Донбеттыртæ æхсæв цы самайынц, уый бæрц æй Уастырджи зæххы бынмæ ауадзы. Амад æй куы фесты, уæд æй Уастырджи раргом кæны.

Нарты Уырызмæгæн лæппу нæ цард, Хуыцау ын-йу æй радта, фæлæ-иу æй Сырдоны фыдæлгъыстæй йæхи къухтæй æнæбарæй мæрдтæм барвыста. Уый зыдта Сатана, æмæ-иу ын лæппу куы райгуырд, уæд æй æмбæхсыныл архайдта, фæлæ та-иу æм кæдæмфæнды дæр йæ къух кæлæнгондау бахæццæ. Кадæг «Уырызмæджы æнæном лæппу»-йы та йæ йæ фырты марынмæ Донбеттыртæм ахæссы сау тъыфыл цæргæс. Ныттар кодта Уырызмæг йæхи йæ фырты мæлæты фæстæ, йæ рис нæ фæразы æмæ ныххуыссы Нарты Фыдрохгæнæн дурыл. Сатана зоны йæ лæджы Хуыцауы цæф, æмæ йын кадæг «Сатанайы лæппу»-йы фырт куы райгуыры, уæд та уымæн Уырызмæджы сусæгæй скæнын кодта чырынгонд, чырынгонд бæлæгъы цæвæрдтой æмæ йæ уыцы хуызæнæй фурды басхуыстой. Æндæр хатт та, Уырызмæг æмæ Сатанайæн лæппу куы райгуырд, уæд æй хъомыл кæнынмæ радтой уæларвон Сафамæ. Лæппуйыл ном сæвæрдтой Айсана.

Уырызмæг æмæ Сатанайæн ис чызджытæ, се сиахс у Сæууай. Уырызмæджы чызджытæй иу хуыйны Адухæ. Йæ фыццаг ус уыд Алæгаты-рæсугъд Елда, йæ æртыккаг ус та хъуамæ суыдаид Борæты чызг, фæлæ сын Сатанайы зондæй

Уырызмæгимæ иумæ бацæрыны хъомыс нæ уыд. Уырызмæгæн иу ардхорд уыдис, исчи йæм-иу куы бадзырдтаид, хæтæны цом, зæгъгæ, уæд уымæн «нæ» нæ дзырдта. Стæй сылгоймаг хонæгæн дæр «нæ» зæгъын йæ сæрмæ нæ хаста.

Уырызмæгæн ис диссаджы бæх Æрфæн, зæххон бæхты фыдæл, зонынджын æмæ адæймагимæ дзурын чи зоны, ахæм, Хъулон дæр ма йæ хоны, тохы æмæ стæры у йæ ныфс, йе ‘нцой, йæ уынаффæгæнæг. Йæ куыдз Силæм та у, зæххон куыйты мыгтаг кæмæй рацыд æмæ сырд кæуыл нæ тых кæны, ахæм.

Нарты Уырызмæг ирон зарджыты æмæ æмбисæндты дæр у фæзминаг хистæр æмæ зондамонæг, ис ахæм зарæджы ныхæстæ: «Махæн нæ хистæр Уырызмæг у, махæн нæ кæстæр Ацæмæз у», «Дæлæ быдыры гутонджынтæ. Нарты Уырызмæг — сæ гутондар». Æмбисæндтæ: «Нарты Уырызмæг зæгъ — æмæ цард цæуа, Сатана зæгъ — æмæ бæркад цæуа», «Сæ кувæг Уырызмæг», «Нарты Уырызмæг æмæ Царциаты Суайау рæдау» æмæ æндæртæ.

«Уырызмæг авд хатты базæронд æмæ авд хатты сног», — загъд ис кадджыты. Кæрæй–кæронмæ Нартæн уыд сæ зондамонæг, сæ уынаффæгæнæг. Кадæг «Нарты сæфт»-ы Хуыцауимæ куы сбыцæу вæййынц, уæд дæр Уырызмæджы фæнд уыд: «Фыдвæдæй æвæд хуыздæр у. Цы дзы кæнæм æнусы цардæй? Нæ нæ хъæуы æнусы цард, фæлæ нын радтæд æнусы кад».

Нартæ Уырызмæджы ныхасыл уæлдай нал загътой.

УЫРЫЗМÆДЖЫ ÆНÆНОМ ЛÆППУ — Уырызмæгæн лæппу нæ цард, йæхи къухтæй-иу æй мæрдтæм барвыста. Иуахæмы Сатанайæн лæппу æмбæхст уыд Донбеттыртæм. Фæлæ та йæм уырдæм дæр бахæццæ Уырызмæджы къух, ном дæр ыл нæма сæвæрдтой, афтæмæй. Лæппуйæн йæ буар Донбеттыртæ йæ сыджытыл сæмбæлын кодтой, йæ уд та атахт Мæрдты бæстæм, æмæ уыцы ран Барастыры уæрагыл уыди йæ бынат. Хъуыдыгæнæг æй куы нæ уыд уæлæуыл, уæд Барастырæй йæхи ракуырдта, Уырызмæг ма æцæгæлон адæмы кой дæр кæны, фæлæ мæ кой — нæ, марды кæнд мын нæй, æз мæхæдæг куынæ бакæнон мæхи кой, уæд мæ фыдæй рохуаты баззадтæн, зæгъгæ.

Уырызмæджы æнæном лæппу йæ фыдимæ, йæхи йын не схъæр кæны, афтæмæй Барастыры Аласайыл Терк-Турчы бæстæм стæры ацыдысты. Уым цы лæгдзинæдтæ, æгъдау æмæ хъæбатырдзинад равдыста, уыдон æцæгдæр кадæджы дзуринаг сты. Терк-Турчы рæгъæуттæ ратæлæт кодтой æмæ сæ куы уарынц, уæд Уырызмæгæн афтæ зæгъы: «Мæнæ дын уый дæ хистæрæггаг, иннæ дын æмбалы хай, æртыккаг та дын мæхи хай; ацы галæй та мæнæн мæ афæдзы кæнд ахицæн кæн. Дунеты дæр ма хыгътай мæрдтæм, æрмæст мæ ном — дæ фырты ном, дæхи къухæй мæрдтæм чи бацыди Донбеттырты хæдзары, уый ном ницæмæй ссардтай». Йæхæдæг йæ Аласайыл абадт æмæ Мæрдты бæстæм ныффардæг.

Уырызмæджы æнæном лæппуйы арфæйæ Нартæ даргъ зачъетæ нал дардтой, сæ сæрты кæхцытæ исгæ нал уыдысты.

– Ф –

ФАЛТÆНФАРС — æмбæхсæн бынат, ауон ран.

ФАРАСТ — ирон уырнынады табуйаг нымæц. Адæмон сфæлдыстады арæх ивы нымæц авды. Æстдæссион саг дзы хуымæтæджы кадджын нæу: йæ сæры дыууæ фарсы ис фæйнæ фараст сыйы-сыкъайы. Уæдæ ног чындзæн йæ хыз куы фæисынц, уæд хызисæг арæх Фарнæй фæкуры фараст лæппуйы æмæ иу цъæх чызг. Адæмон сфæлдыстады ис «Авд дæлдзæхы» æмæ «Авд уæлдзæхы». Фæлæ дзы æмбæлæм «Фараст дæлдзæхы» æмæ «Фараст уæлдзæхыл» (уæларвыл) дæр. Цины фынгыл скувынæн хистæрты раз æвæрæм æртæ чъирийы (хæбизджыны) кæнæ æртæ æртæдзыхоны, сæ сæрыл базыг, æртæ фæрсчы, физонæг стæй сæр, бæрзæй æмæ уæн. Уыдон дæр сты фараст. Не стъалы у фарасттигъон.

ФАРН — фыдæлтыккон нæртон дзырд. Царды цыдæриддæр хорзæй ис: удыхъæдæй, зæрдæйæ, зондæй, æгъдауæй, æнгомдзинадæй, рæдауæй, фæрнытадæй, — уыдон иууылдæр цæуынц фарнæй. Уыдон сты фарны суадæттæ. Зондджын æмæ фæрнджын иу не сты. Æрмæст зондæй фæрнджын суæвæн нæй. Зондимæ ма адæймаг хъуамæ зæрдæйæ дæр, удыхъæдæй, æгъдауæй æххæст уа. Æрмæст йæхи нæ, фæлæ адæмы сæр чи хъуыды кæны, афтæмæй арфæйы хъуыддæгтæ чи кæны, уымæй фæзæгъынц фæрнджын адæймаг. Æнгом бинонты фæрнджын бинонтæ фæхонынц. Хорзæй цыдæриддæр æнтысы, уый фарнимæ бæттынц. Фарн ахæм дзырд у, уыйбæрц хорз æхцон хъуыдытимæ, æмбарынæдтимæ баст у, уыйбæрц хорздзинæдтæ æвдисы, æмæ цыфæнды æвзагмæ дæр зын ратæлмацгæнæн у. Бирæ æмбарынадтæ йын фæхъæуы.

Иуæй-иу ахуыргæндтæ фарн бæттынц мифологиимæ: чи йæ зæд хоны, чи бардуаг. Абайты Васо йæ бæтты Хуримæ, Хурзæринимæ. Раздæр уыдонмæ куыд куывтой, афтæ куывтой Фарнмæ дæр.

ФАРНÆГ — Уæрхæджы кæстæр зæнæг уыдысты Фарнæг æмæ Уон. Куы рахъомыл сты, уæд æрцардысты хицæнæй Борæты сыхы. Фарнæг хæтæнты хатти æмæ, айгуыртимæ фембæлгæйæ, стыр лæгдзинад равдыста. Нæртон лæджы кад дæлæмæ не ‘руагъта. Хъару æмæ зондæй сыл фæуæлахиз. Æрдын та йæм ахæм уыд, æмæ йæ айгуырты кæстæртæ, Фарнæг фынæй куы уыд, уæд сусæгæй къулæй куы райстой æмæ йын йæ бос куы суагътой, æмæ æрдын куы феуæгъд, уæд æрдынхъæды цæфæй айгуыртæй дыууæ æрбамард.

Фарнæгæн айгуыртæ йæ туг бануазынмæ хъавыдысты, фæлæ уый сæ къухы нæ бафтыд. Уый хыгъд сæ Фарнæг æмæ Нарты фæсивæд фæцагътой. Фарнæджы фæрцы Нартæ ферваæзтысты тугцъир айгуыртæй.

ФАРНЫ, АМОНДЫ МАРГЪ — ахæм тæхгæ маргъыл дæр æмбæлæм ирон адæмон сфæлдыстады. Æмæ уый хуымæтæджы нæу. Ныры дуджы дæр дын бирæтæ радзурдзысты, æхсæвыгон куыд федтой цæхæркалгæ маргъы тæхгæ. Уымæй куы кувæндонæй стæхы, куы кувæндонмæ батæхы. Уæдæ цалдæр азы размæ ахæм тæхгæ маргъ горæттæ Дигора æмæ Æрыдоны фæрссаг уынгты миты сæр

кæй æрбадтысты, адæм сæ кæй федтой, митыл сæ фæдтæ кæй ныууагътой, уый æппæт Ирыстоны цæрджытæ дæр фехъуыстой.

ФАТВÆ — лæгæй-лæгмæ хæцынмæ сидт, лæгæй-лæгмæ хæст.

ФАТКАРД — залдзæг лыггæнæн цыбыр кард, фатау цыргъ бырынкъимæ.

ФАТЫ БÆХ — æгъдаумæ гæсгæ сиахс йæ каистæн ирæдæй уæлæмæ лæвар кодта æртæ бæхы кæнæ дыууæ бæхы æмæ иу гал. Фыдæн — фаты бæх, мадæн — мады бæх, мады æрвадæн — Мады æрвады бæх кæнæ — Мады æрвады гал.

ФАЦБАДÆН — Дыгургомы кадджындæр бæрæгбæттæй иу. Вæййы тъæнджы мæйы Донскъæфæнтæй къуыри фæстæдæр. Фацбадæны фæкувынц Идауæгмæ (Дуагмæ). Раджы кæддæр Стыр Дыгурмæ фæзынд емынæ. Адæм уый куы базыдтой, уæд хъæууынгтæм ракалдысты, фæлæ нæ зонынц, сæхи цы дзуарыл бафæдзæхсой, — Уастырджийыл æеви Идауæгыл, — уый. Уæд Къуыргъостæй иу Байтемырыхъо хуынд æмæ уый сфæнд кодта иу хъуыддаг бавзарын. Райста фат æмæ æрдын æмæ загъта: «Æз фехсдзынæн ацы фат, æмæ кæд Идауæгмæ (кувæндонмæ) фæтæха, уæд уый уыдзæн нæ ирвæзынгæнæг, кæд æмæ Уастырджимæ фæтæха, уæд та ууыл фæдзæхсæм нæхи». Фат фехста æмæ сæмбæлд Идауæджы чъырыныл. Уæд адæм уыцы дзуармæ ныххæррæтт ластой æмæ уым æрæнцадысты. Емынæ сæм уырдæм хæстæг нæ цыди, дзуар æй нæ уагъта. Уæд-иу емынæ йæхи æврагъ фестын кодта, фæлæ-иу æй Идауæг ныддымдта. Уæд емынæ фестад судзгæ цырæгъты баст æмæ сыл фаллаг хохæй тулгæ-тулгæ йæхи рауагъта. Идауæг ыл фат суагъта æмæ йæ æртæ дихы фæхауын кодта. Йæ иу хай атылд Билагмæ æмæ æрмынæг, иннæ атылд скæсæны æрдæм, Асинтæм æмæ уым фæнык фестад, æртыккаг фæзгъæр йæ бынаты баззад, æмæ йæ Идауæджы чъырыны сæвæрдтой. Æрæджы дæр ма, дам, уым уыд.

Фацбадæн амоны, ома, Байтемырыхъойы фат кæм æрбадт, уыцы бынат. Уый та у Идауæджы кувæндон, æмæ йæм уым кувынц.

ФÆДИСЫ ХЪÆРГÆНÆГ — знаджы ныхмæ хæстмæ сидæг.

ФÆДЗÆХСÆН — кувæндоны бынæй фæстæмæ цы хойраг æмæ нозты хай æрбахæссынц хæдзармæ, сыхмæ, уый хуыйны фæдзæхсæн. Æрбахæссынц сæ, цы кувинаг арвыстой кæнæ уым мысайнæгтæй æлхæд цы кусарт акæнынц æмæ бинонты, сыхбæсты Хуыцауыл, зæдтыл кæнæ дуагыл цæй фæрцы бафæдзæхстой, уыдоны уаз тæвагæй иннæтæн дæр фæхай кæныны охыл. Тбау-Уациллайы кувæндоны афæдзы дæргъы цы бæгæны æвæрд вæййы, уый куывддзаутыл куы байуарынц, уæд уый дæр фæхонынц Фæдзæхсæн. Цы хæдзæрттæ дзы фæхайджын вæййынц, уыдон, дам, фыдбылызæй хызт свæййынц. Уацилла фыдбылыз сафæг зæд у.

ФÆЗЗÆДЖЫ ХИСТ — марды кæнд фæззæджы тыллæгæй.

ФÆДЗÆХСÆН ХИСТ — ирон адæммæ ноггуырд сывæллон æртæ азмæ нымад цæуы зæдтыл. Уыдонау у æнæхин, æнæлаз. Æнæфыст гæххæтты сыфау. Царды, адæмы фыдæхæй — хызт. Уæдмæ адæмы хин, царды зын йæ фæсонæрхæджы дæр нæ вæййынц. Æртæаздзыдæй цардæй чи фæхъæуы, уымæй амарди

дæр нæ фæзæгъынц. «Зæд уыди, æмæ йæ зæдтæ сæхимæ айстой», — вæййы хъыггæнæг адæмы ныхас. Цы хæрнæг ын скæнынц, уый та хуыйны Фæдзæхсæн хист. Ома зæдтыл æй фæдзæхсæм. Ахæм сабийы-иу уæлмæрдмæ дæр нæ хастой, ныгæдтой йæ цæрæн хæдзармæ æввахс ран кæнæ цæхæрадоны кæрон.

ФÆЙНÆГФАРС — райгуыры ахæм сабитæ, уæлдайдæр лæппутæ, æмæ сæ фæрсчытæ вæййынц кæрæдзиуыл ныхæст, раст иу фæйнæджы хуызæн. Ахæм лæппу, дам, куы рахъомыл уа, уæд ын тыхгæнæг тых не ссардзæн. Хъаныхъуаты Бола æмæ иннæ сгуыхт хъæбысæйхæцджыты дæр «фæйнæгфæрстæ» уымæн фæхонынц. Фæлæ æцæг фæйнæгфарс лæппутæй стæм бахъомыл. Зæгъынц, Гоцъи æмæ Джиоты Микела, дам, фæйнæгфæрстæ уыдысты. Иннæтæн, стæмæй фæстæмæ, бахъомыл кæнын нæ бантыст. Мæлгæ та, дам, акæнынц, сывæллон фæйнæгфарс у, уый йæ мадæй уæлдай æндæр исчи куы базоны, æмæ йæ искæмæн куы зæгъа, уæд. Уый тыххæй ахæм цоты сæ ныййарджытæ цæстдзыдæй тынгдæр хъахъхъæнынц.

Чысылæй нæ сыхы немæ хъомыл кодта иу ахæм лæппу. Æмæ-иу хъæбысхæсты куы бацыдыстæм, уæд ыл йæхицæй хистæртæ дæр нæ тых кодтой. Иуахæмы 8-9-аздзыдæй æрбарынчын, æмæ йæ уæдæй фæстæмæ никуыуал федтам. Мах æй мысыдыстæм — тынг зæрдæхæлар уыд — æмæ нын хистæртæ бамбарын кодтой: «Фæйнæгфарс уыд, æцæгæлæттæй йæ чидæр базыдта, бадис ыл кодта, æмæ фыдæхы цæстдзыдæй амард».

ФÆЛВÆРА — ирон адæмон сфæлдыстады стурвосы, бæхты, фысвосы æмæ сæгъты бардуаг. Йæ фырт Дзудзумар у Хуры сиахс. Фæлвæрайы бæрæгбон-иу уыд уалдзæджы кæрон. Уыцы бон уæлдай бæрæгбонхуыздæр уыдысты фыййæуттæ. Алы хæдзар дæр сын кодта бæрæгбоны хуын. Уым хъуамæ уыдаид фысы цыхты гуымбыл. Бæрæгбоны кадджындæр хæринаг уыд цыхтæй дзыкка. Ныр цыфæнды бæрæгбоны дæр фынджы уæлхъус æнæмæнг ссарынц Фосы Фæлвæра æмæ Хоры Уациллайы ном. Туалтæм та фыс æргæвст цы хæдзары вæййы, уым фысыммæ нуазæнимæ радтынц йæ «Фæлвæрайы хай» — фысы къæдзилы кæрон.

Фæлвæра нæ фосдарæг фыдæлтæм стыр кадджын зæд уыд. Уымæ гæсгæ ирон адæмон сфæлдыстады зæдтæ æмæ дауджыты хыгъды уæлиау бады. Уæлдайдæр та Нарты кадджыты. Хæларæй цæры Нарты гуыппырсартимæ. Рæдауæй сын хай кæны йæ фосæй, амоны сын, бирæгътæй сæ куыд бахъахъхъæнын хъæуы, уый.

Ирон адæмы цæстытыл Фæлвæра уайы зæрдæхæлар, тæригъæдгæнаг зæдæй. Йæ фосæй аргæвдын дæр æй нæ фæнды, тæригъæд сын кæны, æмæ йæм йæ бæрæгбоны кусарты фыдæй нæ, фæлæ цыхтæй дзыккайæ дæр уымæн куывтой. Ирон ныхасы хуымæтæджы нæ баззад сабыр æмæ хæларзæрдæ адæймаджы Фæлвæрайыл барын, уый Фæлвæрайы хуызæн куы у, зæгъгæ. Бæрзонд, аив нæлгоймагæй та фæзæгъынц: «Арвуациллайы хуызæн у».

Фæлвæра æмæ Тутыры хæстæ æнгом баст сты. Фæлвæрайы фосмæ æмхиц

сты Тутыры бирæгътæ, лæбурынц сæм, æргæвдынц сæ, æмæ сыл цæмæй къаддæр фыдбылызтæ цæуа, уый тыххæй хæларзæрдæ Фæлвæра уæлдай хæлардæрæй цæры Тутыримæ. Фæлæ йыл Тутыр хинæй цæуы. Уый фæдыл В. Миллер Ирыстоны фехъуыста æмæ ныффыста ахæм таурæгъ:

– Иуахæмы Тутыр уазæгуаты уыд Фæлвæрамæ. Фæсхæрд дыууæ зæды фæбыцæу сты, кæй фос сæ кадджындæр у, ууыл. Фæлвæра бузныг загъта Хуыцауæн, фысвос ын йæ бар кæй бакодта, уый тыххæй. Æппæт адæм дæр фос бирæ уарзынц, стæй Хуыцау æмæ зæдтæ дæр нывондаг уыдонæй равзарынц. Гъе уымæ гæсгæ Фæлвæра йæхи рахуыдта зæдтæй æппæты амондджындæр.

Тутырæн хъыг уыдысты Фæлвæрайы æппæлæн ныхæстæ, уый загъта, зæгъгæ, йæ бирæгътæй разы кæй у. Фæлæ йæ ныхас æргом нæ уыд. Зæрдæйæ нæ цыд, уымæн æмæ йæхимидæг хæлæг кодта Фæлвæрамæ. Йæ хæлæгдзинадæй куыд фервæзтаид, уый нæ зыдта æмæ йæ фысымимæ хъазгæйæ хъæбысæй хæцын райдыдта, æмæ, цыма барæй нæ уыд, афтæ йын йæ галиу цæст тымбыл къухæй бацавта. Уый фыдæй дзы Фæлвæра æвзæр уынын райдыдта. Фæсохъыр. Уæд дзы Тутыр æфсонæн хатыр куры. Зæрдæхæлар Фæлвæра йæ йæ хъæбысы æрбакодта æмæ йын ныххатыр кодта.

Уыцы ахаст дæр не ‘рсабыр кодта Тутыры. Сæхимæ куы æрбаздæхт, уæд фæдзырдта бирæгъты бодз Цъæхоймæ. Бабар ын кодта, Фæлвæрайы галиу цæст кæй фæсахъат, уый æппæт бирæгътæн дæр фехъусын кæнын, æмæ йын йæ фосмæ галиувæрсты куыд бырсой.

Афтæ Тутыр гадзрахатæй рацыд Фæлвæрайыл. Адæмы ‘хсæн та баззад ныхас, галиу цæсты ‘рдыгæй йæм бацу, зæгъгæ.

ФÆЛДИСИНАГ — адæймаг цардæй куы ахицæн вæййы, уæд фыццаджыдæр бацархайæм йæ цынайыныл, уæлæдарæс ыл скæнын. Афтæмæй ма иу æхсæв баззайы йæ хуыссæны. Дыккаг бонмæ цæттæ вæййы йæ чырын (табæт). Чырыны æвæрыны агъоммæ йын æй хъæуы ныффæлдисын. Уыимæ йæ уæлæдарæс дæр. Куыдæй? Йæ сынтæджы раз ын чырын йæ сæримæ æрæвæрын кæн. Сæ фарсмæ чысыл стъолыл хойраг æмæ нозт. Стæй дыууæ хистæры æмæ цалдæр кæстæрмæ фæдзур. Хистæр нæлгоймаг ын йæ уæлæдарæс æмæ чырын ныффæлдисдзæн ахæм ныхæстимæ: «Махæй цæуыс æмæ, цы бæстæм цæуыс, уым рухс дзæнæты бад. Мæнæ дыл цы уæлæдарæс скодтой, уый дын, уæлæуыл æнцондæрæй, æхцондæр цы уæлæдарæс фæдардтай, уыйау уæд. Абон ивыс дæ хуыссæн дæр. Дæ фæлмæн сынтæгæй, дæ хъарм хуыссæнæй хизыс сау, уазал чырынмæ, æмæ дын дзы къуындæг ма уæд, дæхи у, æмæ дæ дзы мацы хъыгдарæд. Фæлдыст дын уæд дæ уæлæдарæс æмæ чырын». Уый фæстæ кæстæртæ марды йæ чырыны сæвæрынц, сылгоймæгтæ йæ бадзæбæхтæ кæнынц.

Ирон адæм сæ мардæн фæлдисынц бæх, уæлæдарæс, чырын, ингæн, машинæ, фæндыр æмæ æндæр дзаумæттæ, кусæнгæрзтæ, мард удæгасæй иузæрдион цæуыл уыд, уыдон.

ФÆЛДУРÆДЖДЖЫН — кæлæнгонд, хæйрæджы сайд, адæмы хъæр чи не ‘мбары, адæмы уагыл чи нæ цæры, йæ зонд зæндтимæ кæмæн нæу, йæ митæ дызæрдыггаг, æнахъинон, сонт кæмæн сты, ахæм адæймаг. Нартæ фæлдурæдджын хонынц Сырдоны. Уымæн æмæ нæ йæ зонд, нæ йæ царды уаг бады сæ зонд æмæ царды уагыл. Цæргæ та кæны иу кадæджы хъæды, иннæйы — пыхсы, фылдæры та — хиды бын. Нартæ йæ семæ цæрын бауадзынц, фæндыр сын куы балæвар кодта, уæд.

Фæлдурæджджын фæзæгъынц боныхъæд æмæ рæстæг — заманæй дæр. Æрдз фæливæн митæ куы фæкæны, цард иуæй-иу гуырымыхъ политикты азарæй куы сзыгъуыммæтæ вæййы, уæд.

ФÆЛДЫСТ БÆХ — мардæн-иу цы бæх ныффæлдыстой, уый. Фæлдыст бæхæн-иу галиу хъус ныуугард кодтой, йæ барцæй-иу ын ралыг кодтой, стæй йæ буцæй дардтой. Саргъ сæвæрынæй уæлдай йыл тых куыст нæ кодтой. Кæннод та-иу æй рæгъаумæ ауагътой. Зæгъынц, фæлдыст бæх, дам-иу, бирæ нал фæцард.

ФÆНДАГГÆНÆН — раздæр-иу хæдзары хицау куы амард, уæд-иу æй йæ ныгæнæн бон чырыны сæ кæртæй уынгмæ рахастой йæ бирæ чындзытæ кæнæ мыггаджы чындзытæ. Æмæ уыд кадгæнæн æгъдау. Йæ уæлмæрдтæм фæндаг ын-иу саив, зæрдæмæисгæ скодтой. Уыцы æгъдау хуынд фæндаг ын скæнын — Фæндаггæнæн.

ФÆНДАГСУДЗÆГ — фыдæмбæлæг: æвзæр зæрдæйы, удыконды, цæстæнгасы, къахы хицау адæймаг.

ФÆНДАДЖЫ ЗÆД — бæлццоны фæндагыл чи ауды, ахæм зæд, Фæндагсар Уастырджийы æхсуысгæнæг.

ФÆНЫКГУЫЗ — цардысты æмæ уыдысты иу хъæуы æртæ æфсымæры. Дыууæ хистæры æрхастой устытæ. Кæстæр та уыд Фæныкгуыз. Фæныкæй-иу кæрдзынтæ куы райстой, уæд-иу гуылыл йæхи ныццавта æмæ-иу æй ахордта. Сывæллæттæ та-иу кæугæ кодтой гуылыл. Сфæлмæцыдысты дзы устытæ. Иу бон æй дуармæ раппæрстой æмæ йæ мидæмæ нал бауагътой. Фæныкгуыз ма йæ чындзытæй æрцагуырдта иу дзæкъулы дзаг фæнык, иу ногахст цыхт, йæ сылы кæмæн мызт, ахæм, æмæ иу туас. Уыдоны йæ зонд æмæ йæ æрхъуыдыдзинады фæрцы фæныкгуыз фæуæлахиз вæййы авд уæйыгыл æмæ сауджыныл, уæйгуытæм æвзист æмæ сыгъзæринæй цы уыд, уый сын сæхицæн йæ хæдзармæ æрхæссын кодта.

ФÆРДÆ ÆМÆ ФÆРДЫГ — Уациллайы фаззон чызджытæ.

ФÆРДÆДЖЫ ЛÆГЪЗ — Нарты æхсæны бынат.

ФÆРДЫГДОН — Нарты æмæ Бæртæлæджы æфсæдтæ Хæндыхъдзуйы ныхмæ схæцыдысты Фæрдыгдоны был (кадæг «Борæ дæлимонтæм»).

ФÆРДЫГДУР РУДЗЫНГ — Уырызмæг йæ Цæнгæт чырынæн йæ рахиз фарсыл скæнын кодта æддæмæ кæсынæн фæрдыгдур рудзынг.

ФÆРДЫДЖЫ БЫДЫР — таурæгъон быдыр.

ФÆРЗЕУ — сиахсæн æгъдау, кæнынц æй Дыгуры. Сиахс куы амæлы, уæд ын йæ

каистæ йæ ныгæнæн бон æрбахæссынц фыс кусарт æргæвст æмæ фыхæй æнæхъæнæй, дæс литры арахъхъ, цыппар чъирийы. Семæ ма худ æмæ къахыдарæс. Уыцы æгъдау хуыйны фæрзеу. Чъиритæ, фых кусарт æмæ нозт ын йæ чырыны цур кæнынц хæлар, худ æмæ къахыдарæс та — фæлдисгæ. Ацы æгъдау ма хонынц Сиахсæггаг дæр.

ФÆРИНК — фæринк кæрдтæ ис кадджыты æмæ таурæгъты хъæбатыртæм, æмæ дзы фæйнæрдæм лæбурынц знæгтæм. Æвæццæгæн, цирхъы, хъамайы хуызæн дыууæрдыгæй цыргъ чи уыд, ахæм стыр кард.

ФÆРНЫГ — Бурæфæрныджы хистæр фырт.

ФÆСМÆР ЛÆППУ — къæйных, уæндон лæппу, дзыхæй рæдæнг, æнæфсæрмæй дзуапдæттæг лæппу.

ФÆС-НАРТ-ХУСДЗÆГАТЫ — сæрмагонд бынат, ис дзы рæстытæ æмæ хæрæмттæ æвзарæн тыппыр. Сослан иннæ майрæмбонмæ Тотрадзы хоны, Фæс-Нарт-Хусдзæгаты, рæстытæ æмæ хæрæмттæ кæм æвзарынц, уыцы тыппырыл сæмбæлдзыстæм æмæ лæгæй-лæгмæ схæцдзыстæм, зæгъгæ.

ФÆСОНТÆЙГУЫРД — Нарты кадджыты афтæ хонынц Батрадзы.

ФÆСТÆМÆЗÆВÆТДЖЫНТÆ — афтæ фæсномыгæй хонынц ирон адæмон сфæлдыстады хæйрæджыты, дæлимонты. Æмæ сæ уыцы хуызы цæстытыл ауайын кæнынц таурæгъгæнджытæ, ома, сæ зæвæттæ фæстеау фады бæрц кæмæн сты, ахæмтæ. Уый сын фадат дæтты æнæ разилгæйæ размæ æмæ фæстæмæ цæуынæн, згъорынæн.

ФÆСТÆРДÆМ ЦÆФХÆДТÆ — Бедуха мæрдты Барастырæй Сосланæн Аза-бæласы сыфтæ куы ракуырдта, уæд æм сæ æрбахаста æмæ йын загъта: «Кæд мæрдтæм цæугæ æрбакодтай, уæд уый — дæ хъаруйы фæрцы, æндæр Хуыцауы æвастæй мæрдтæм фæндаг никæмæн ис, нæдæр фæстæмæ Мæрдты бæстæй уæлæуыл дунемæ ис цæуæн. Ды дæр иугæр мæрдтæм æрбацыдтæ, уæд дын фæстæмæ фæндаг нал ис, фæлæ æз мæ цæстытæ куы æрныкъулон, уæд дæ бæхы цæфхæдтæ фæстæрдæм сагъд фестдзысты, æмæ-иу уæд — цæугæ. Мæрдты адæм дæ фæсте сурдзысты, чидæр фæлидзы, æмæ мах дæр лидзæм, зæгъгæ, фæлæ фæдмæ æркæсдзысты, æмæ мидæмæ, фæстæмæ раздæхдзысты, алчи йæ бынатмæ».

ФÆТЫГ — Куырдалæгон Уæрхæджы фаззон фырттыл нæмттæ сæвæрдта Æхсар æмæ Æхсæртæг æмæ йын номæвæрæджы лæварæн радта йæ куырдадзы фæтыгæй, болат æндонæй арæзт Удæвдз. Фæтыг у цыдæр æбæрæг уæларвон згъæр — æрмæг кæнæ Куырдалæгоны куырдадзы райст-бавæр дзаумæтты къæбиц.

ФÆХСЫН — фыс кусартæн ис фæхсын — чъапæ, фынгыл æй æвæрдтой æмæ æвæрынц. Фæлæ ма ис æгъдауы фæхсын дæр. Дыгурмæ ис ахæм цины хорз æгъдау: хæдзары чындзæхсæв кæнæ куывд куы вæййы, уæд сæм хионтæ стыр кадæн æрбахæссынц фыс-кусарт æнæхъæнæй, фыхæй, æртæ хæбизджыны, нозт ‘мæ лæвæрттæ. Уыцы æгъдау хуыйны Фæхсын. Фынгмæ йæ æнæхъæнæй рахæссынц, æмæ йын хистæр йе ‘гъдау скæны.

ФИДИСÆЙ РЫНЧЫНГÆНАГ, УАЙДЗÆФÆЙ — МÆЛАГ — ахæм адæмыхатт Нарты кадджыты сты Донбеттыртæй равзæргæ мыггаг Быцентæ. Хæмыц сæ усаг куы æрцагуры, уæд ын, йемæ цуаны чи уыд, уый афтæ зæгъы: «Ис мын иу хо, æмæ дын æй бæргæ радтиккам, фæлæ сымах стут фидисгæнаг; мах та фидисæй рынчын кæнæм, уайдзæфæй — мæлгæ. Тæрсын, йæ бавæрын дæ бон куы нæ бауа!».

ФИДАУДЖЫТÆ — тудджын мыггæгты æхсæн æхсæны лæгтæ, чи сæ бафидауын кæны, уыдон. Фидауджытæ вæйиы ног къай саразыны фæдыл лæппу æмæ чызджы мыггæгты æхсæн дæр. Хъуыддаг бафидауыны онг æркæнынц минæвæрттæ, стæй фысымтæ фынгмæ рахæссынц фидыды æгъдау, лæппуйы æрдыгæй минæвæрттæ та сисынц мысайнаг æмæ йæ фынгыл æрæвæрынц. Раст кувæндоны бын куыд вæйиы, афтæ фынг алы æгъдауæй дæр — æххæст. Æмæ уæд хистæр лæугæйæ хъуыддаг бафæдзæхсы Стыр Хуыцау, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытыл. Мыггæгты минæвæрттæ сæ къухтæ кæрæдзимæ радтынц, иннæтæ та фæзæгъынц: «Хорз æвдисæн уын куыд фæуæм, æмæ нæ ахæм хъуыддæгтæм адæм арæхдæр куыд агурой, уыцы фарн ныл æфтыд уæд!».

ФИДИУÆГ — раздæр алы ирон хъæуы дæр уыд, хъæубæсты ахсджиаг фарстатæ лыг кæнынмæ-иу Ныхасмæ, иумæйаг æмбырдмæ æрбахоныны хæс æвæрд кæуыл уыд, ахæм сæрмагонд лæппулæг. Уый хуындис Фидиуæг. Хъæуы сæрмагонд бынатæй-иу ныхъхъæр кодта цалдæр хатты. Алы хатт дæр-иу йæ хъæр ныхас райдыдта æмæ фæци ахæм ныхæстæй: «Нæ фехъуыстон — мачи зæгъæд!». Йæ фыдæбонæн ын фыстой чысыл цыдæртæ æхсæны исбонæй кæнæ-иу уæгъд уыд фиддонтæй. Æхсæны куывды кусæрттаджы царм сын куырдимæ уыд иумæйаг.

Фидиуæджы дæсныйад тынг рагон кæй у, уый бæрæг у Нарты кадджытæй дæр. Уыдоны дæр ис Фидиуæг. Бабар ын кæнынц, æмæ ныхъхъæр кæны. Зæгъæм: «Сосланы æфсæдтæ бахъуыд: æртæ кæмæ ис, уыдонæй иу хæдзаргæс ныууадзут, дыууæ кæмæ ис, уыдон дыууæ дæр рацæуæнт!».

ФИДИУÆН — рагон ирон хъæуы сæрмагонд уæлвонг бынат, Фидиуæг-иу хъæубæсты Ныхасмæ, æмбырдмæ, æхсæны куывдмæ кæцæй хуыдта, уый. Ис Нарты кадджыты дæр. Кадæг «Уырызмæджы æнæном лæппу»-йы загъд ис: «Фидиуæг Фидиуæны сæрмæ схызт æмæ ныхъхъæр кодта: «Уырызмæг куывд кæны, цæуынхъом чи у, цæугæ ракæнæнт, цæуынхъом чи нæу, уый хæсгæ ракæнут!»».

ФРАНК, ФÆРАНК — таурæгъон сырды мыггаг. Нæдæр тигр у, нæдæр пантерæ, стæй гепард, фæлæ уыдоны мыггагæй.

ФУАГÆ — иу кадæджы Сырдоны æртыккаг фырт хуыйны афтæ, иннæйы та — Фу.

ФЫДÆХСÆВ — марды фарсмæ æхсæвбадæнты рæстæг хонынц Фыдæхсæв.

ФЫДÆХ ТЫХТÆ — хæрам, халæн тыхтæ. Уыдонæй сæхи хъахъхъæдтой æмæ хъахъхъæнынц ныр дæр ирон адæм. Сты фылдæр сусæг тыхтæ. Нартæ сæхиуыл куы феввæрсыдысты, уæд уыдоны дæр ницæмæуал дардтой, æмæ сыл уыдон дæр рахатыдысты.

ФЫДРОХГÆНÆН ЦЪÆХ ДУР — ахæм æвæджиауы дур уыдис Нартæм. Адæймагæн йæ фыдтæ, йæ зынтæ рохгæнæн фæрæз уыд. Кадæг «Уырызмæджы æнæном лæппуйы» Уырызмæджы тъыфыл цæргæс денджызмæ куы ахæссы, æмæ уым Донбеттыртæм йе ‘нæзонгæ фырт йæхи къухæй куы фæмард вæйиы (цирхъы сæрыл аходæггагмæ æрбауайгæйæ, лæппу фæцудыдта, æмæ цирхъ йæ зæрдæйыл ауадис), æмæ фæстæмæ Нартæм æрбаздæхгæйæ Сатанайæ куы базоны, уый сæхи æнæном лæппу уыд, уæд: «Ныттар кодта йæхи Уырызмæг. Худæгмæ нал худти, дзурæгмæ нал дзырдта, афтæмæй, — уæнтæбæрзонд æмæ сæргуыбырæй, — рацу-бацу кодта; рацыдис-иу Нарты Ныхасмæ æмæ-иу уым Фыдрохгæнæн цъæх дурыл ныххуыссыд дæлгоммæ, афтæмæй цардис иу къорд рæстæджыты дæргъы».

ФЫДОХЫ ХУЫН — мæрдджын хæдзармæ хæстæджытæ æмæ хиуæттæ дыууиссæдзæм боны, афæдзы æмæ марды фæдыл æндæр кæндтæм цы хуын æрбахæссынц, уый.

ФЫДЫКОМБÆТТÆН — комахсæны фыццаг къуыри хуыйны Фыдыкомбæттæн, ома фыдызгъæлæй ком бабæттыны къуыри. Æмæ Галæргæвдæн хуыцаубоны фæстæ, йæхи комдарынмæ чи фæцæттæ кæны, уыдон фылдæр кæнынц дзидзайæ хæринæгтæ: физонджытæ, фыдджынтæ, фынгыл æй æвæрынц къуыдырфыхæй, хъæрмхуыппимæ, басимæ æмæ æндæр алыхуызон хæринæгтæй. Къуырийы дæргъы дзы уый бæрц бахæрынц æмæ дзы фæмыхъуы, фæхъыг вæйиынц. Æмæ сын иннæ хуыцаубоны Фыдыкомбæттæны æнцондæр вæйиы фыдызгъæлæй суанг Куадзæнмæ ком ныббæттын. Стæй дзы адæймаджы буар дæр сфидар вæйиы. Фыдызгъæл хæрын та свæйиы нæфæтчиаг.

ФЫДЫ РАЙСОМ — ирон мардæгъдау. Марды куы бавæрынц, уæд дыккаг бон, цалынмæ хур не скæсы, уæдмæ йын боны цъæхыл бабæрæг кæнынц йæ уæлмæрд æмæ йыл арт скæнынц. Артæй йæ фæхайджын кæнынц кæнæ йын йæ арты хай скæнынц. Уый дæр ма иу æвдисæн, нæ фыдæлтæ Хур æмæ Артæн табу кæй кодтой, уымæн.

ФЫНГИСÆГГАГ — цыфæнды мæгуыр фынгыл дæр цыфæнды æххормаг уазджытæ бадæнт, уæддæр хъуамæ сæхи ахæм уæздан æмæ гуыбыныл хæцгæ равдисой, æмæ ма фынгыл хойрагæй, фыдызгъæлæй, ностæй ныууадзой… Фынгисæггаг. Цæмæн? Фыццаджыдæр, цæмæй фысымы бæркадæн кæрон ма уа, йæ фынг уазæджы фæстæ дæр афтид ма уа. Чи дзы аззайа, уый йæ бинонтæ бахæрой. Æмæ йæ сывæллæттыл айуарынц. Ссад, зад кæнæ æндæр ахæм хойраг æфстау, лæвар куы фæдæттынц, уæддæр ма дзы цалдæр тæппы фæстæмæ куы æркалынц. Дыккаджы та, адæймаджы йæхиуыл хæцын, йæхи уромыныл ахуыр кæны. Фынгисæггаджы тыххæй адæмы æхсæн бирæ хъæлдзæг хабæрттæ цæуы.

ФЫРЫ ДЗУАР — тыртæ-лæппутæ гуырынгæнæг бардуаг. Кæс: «Нæлы дзуар».

ФЫССÆН ÆХСÆВ — ирон, стæй ирайнаг иннæ адæмтæм ног азы бæрæгбон хуыйны Ногбон. Ногбоны æхсæвæй райдайы ног аз. Уый стыр æмæ кадджын,

бирæвæрсыг æмæ мидисджын бæрæгбон у. Бирæ алыхуызон æгъдæуттимæ, фарны хъуыддæгтимæ баст у. Ногбон ис зæронд æмæ ног азы æхсæн, у сæ арæн. Зæронды ивы ног, раст уалдзæджы æрдз йæ хуыз æмæ мидис куы фæивы, ахæм уырнынад æвæрд ис ног азы æрцыды. Йæ бахизæн къæсæр та у Ногбон. Уымæ гæсгæ йын алчидæр æнхъæлмæ фæкæсы йæ хæрзаудæнмæ, ногдзинадмæ. Алы ирон хæдзары дæр зæрондæй-ногæй алчидæр йæ бæллиц бæтты Ногбоны æрцыдимæ. Уымæн ахæм бирæ æгъдæуттæ баст ис йемæ. Сæ иу у фыссæн æхсæв. Ома, чындздзон чызджыты æмæ усгур лæппуты амонд фыссæн æхсæв. Ног азы сæ чындзы чи ацæудзæн, ус чи ракурдзæн, стæй кæмæй смой кæндзæн, кæнæ кæй ракурдзæн, уый сбæлвырдгæнæн æхсæв. Уый тыххæй пайда кодтой алыхуызон фæрæзтæ æмæ мадзæлттæй. Ногбоны æхсæвы-иу æнæлæг хæдзæртты бакъордтæ сты чызджытæ æмæ фарстой дæсны, фыхтой фæйнæ æртыгай цæхджын гуылтæ сæхицæн æмæ сæ усгур æфсымæртæн. Йæ гуылтæй-иу алчидæр фæсæмбисæхсæв æрхуыссыны хæдразмæ бахордта дыгæйттæ, æртыккаг æвæрдта йæ нывæрзæн. Стæй дæ иу фарсыл хъуамæ æрхуыссай æмæ афтæмæй бафынæй уай. Иннæ фарсыл куы æрзилай, уæд дæ тухæнтæ фæдзæгъæлы уыдзысты. Æхсæвы дæ цæхджын гуылтæ сдойны кæндзысты, æмæ дæ фыны дон агурдзынæ. Фæсæмбисæхсæв хуыссæг карз у, райхъал кæнын дæ бон нæ бауыдзæн æмæ фыны донагур зилдзынæ. Фыны дын дон чи радта, уый кæнæ йæ хæстæг — дæ зæрдæ кæимæ дзуры, уый уыдзæн дæ фидæны цардæмбал. Ацы æгъдауыл уæлдай иузæрдиондæр уыдысты, сусæг уарзæттæ кæмæн уыд, уыцы чызджытæ æмæ лæппутæ. Æмæ-иу фылдæр хатт æрыгон адæймаг, бафынæйы размæ кæуыл хъуыды кодта, уый федта йæ фыны. Дыккаг бон-иу сæ фынтæ кæрæдзийæн дзургæйæ, хабæрттæ базыдтой иннæтæ дæр. Уый бирæ хатт фадат лæвæрдта уарзæтты зæрдæтæ райхалынæн.

ФЫХ ХОЙРАГ — марды кæндæн цыдæриддæр сфыцынц, уый хонынц фых хойраг æмæ йын сæ куы фæхæлар кæнынц, уæд фæзæгъынц: «Хæлар дын уæнт. Фых хойрагæй уæлдай нæм мацы бар дар, дæ уæлион зæрдæ нæм дар». Фых хойрагæй цас фылдæр адæм фæхъæстæ уой, уæлдайдæр сывæллæттæй, уыйбæрц мардæн удыбæстæдæр у.

ФЫЦЦАГ ÆХСÆВ — ног къай: лæппу æмæ чызг иумæ иунæгæй куы баззайынц, уыцы æхсæв. Фыццаг æхсæв, дам, сын хæрам тыхтæй тæссаг вæййы. Æмæ цæмæй уыдонæй хызт уой, сæ амонд фидар уа, уый тыххæй-иу раздæр ног къаймæ сæ фыццаг æхсæвы хиуæттæ æмæ хæлæрттæ — фæсивæд сусæгæй хъуыстой, сæ уаты алыварс змæлыдысты, æмæ сæм хæйрæджытæ æввахс нæ уæндыдысты. Уый охыл-иу къухылхæцæг кæнæ æмдзуарджын рагацау уаты къуымтæ, ауон рæттæ бæсгæрста, цæмæй сусæгæй хъусджытæй мидæгæй мачи баззайа, сæ бынтон сусæг хъуыддæгтæ сын мачи базона.

ФЫЦЦАГ ДÆНДАГ — хæдзары бинонтæн саби куы фæзыны, уæд сын свæййы иумæйаг цины æфсон. Йæ цæстæнгас, йе схудт сын хæссы зæрдæрайы

æнкъарæнтæ. Цымыдисæй йын фенхъæлмæ кæсынц йæ фыццаг дæндаджы ссыдмæ. Йæ фыццаг дæндаг ын фыццаджыдæр чи фена, уымæн кодтой гуыл, æмæ йæм уый тыххæй сывæллæттæ уæлдай къæрцхъусдæр уыдысты, кастысты йæм, рогдæр ын кодтой йæ мады къух. Мад куы фена йæ сабийы фыццаг дæндаг раздæр, уæд, дам, ын иннæ дæндæгтæ зындæрæй æрцæудзысты. Стæй йын риссагдæр уыдзысты. Æмæ йын сывæллæттæ тæригъæд кодтой, уый тыххæй йыл æнувыддæр уыдысты.

– Х –

ХАБАРГÆНÆГ — куывдмæ, чындзæхсæвмæ фæхоны Хонæг, марды ныгæнæн бон фехъусын кæны Хъæргæнæг, йæ иннæ кæндтæм та — Хабаргæнæг.

ХАДЗЫЙЫ ПАДДЗАХ — Нарты кадджыты æбæрæг адæмыхатты паддзах.

ХАИРХЪЫЗ — Æфсатийы иунæг чызг, хонынц æй Бæстырæсугъд, стæй Аханат дæр. Иуахæмы йæ хъæдсур, гъорыхор, цъæх бирæгъ-хæйрæг (Зарæг «Комиайы фырт») аскъæфы. Æфсати фæфæдис таурæгъон цуанон Комиайы-фыртмæ. Уый тыхгæнæджы йæ сыгъзæрин саутæфтыд хæтæлæй мæлæтдзаг фæкодта, æмæ йын уый тыххæй Æфсати Хаирхъызы аккаг кæны, Хуыцау æй дæуæн лæвæрдта, ды йæ ферваæзын кодтай, Комиайы-фырт, зæгъгæ. Фæлæ дзы уый йæхицæн хо загъта. Бæстырæсугъд Хаирхъызы та уый фæстæ Уæларв Софиайы зæппадзмæ йæхицæн аскъæфы Сесана.

ХАЛАГЪУД — хъилтæй арæзт æмæ кæрдæгæй, халæй æмбæрзт рæстæгмæйы æрулæфæн, æхсæвиуат кæнæн бынат.

ХАЛВИАН — рагон ирон бæрæгбон. Бæрæг æй кодтой сæрдыгон хъæууонхæдзарадон куыстыты размæ. Хор, мæнæу, хос, кæрдæнты размæ. Кадджын æмæ радджынæй.

ХАЛМÆВНАЛÆН — сæрдыгон бæрæгбон, цыргъисæн дæр ма йæ хонынц. Бæрæг æй кодтой хосгæрдæнты афон, Кæхцгæнæнтæй дыууæ къуырийы фæстæдæр.

ХАРАХСЕЙ — Хуыцау фыццаг цы æртæ уæйыджы сфæлдыста, уыдонæй дыккаг.

ХАТÆГ — искæй къухæй, кæнæ фæндаджы фыдбылызы адæймаг куы фæмард вæйийы, уæд бæллæхы аххосджыны мыггаг-тудджын мыггаг æндæр мыггæгты дзырддзæугæ лæгтæ равзарынц æмæ уыдоны мæрдджын хæдзары мыггагмæ Хатæг барвитынц, хатыр ракурын æмæ бафидауыны тыххæй. Бафидауыны размæ хатджытæ ныхасæй æмæ хъуыддагæй равдисынц, тудджын мыггаг тынг кæй хъыг кæны, се ‘хсæн туг кæй ныккалд, ууыл, æмæ сæ стыр хатыр кургæйæ фæнды бафидауын. Хатæг барвитынц, чызг цы хæдзарæй скъæфт æрцæуы, уыдонмæ дæр лæппуйы бинонтæ.

ХАТИАГ ÆВЗАГ — Нартæ Хуыцауы куы ницæмæуал дардтой, уæд сæм Зæрватыччы рарвыста, æмæ сын уый хатиагау радзырдта: «Æз уæм дæн минæвар. Цы лæгæн куывтат, уый мæ рарвыста: «Цы кодтон, Нарт, цæуыл фæтæргай стут?» Уырызмæг æй бамбæрста — Уырызмæг зыдта хатиаг æвзаг. Æмæ æрмæст

Уырызмæг нæ, Сатана дæр. «Батрадз бацыд мидæггаг хæдзармæ, — кæсæм кадæг «Нарты симд»-ы, — æмæ хатиагау сдзырдта чырынмæ. Чырыны дуар зæлланггæнгæ байгом ис». Чырын уыд Нарты фыдæлтыккон чырын, æвæрд дзы уыдысты фыдæлты хотыхтæ, зыдта хатиаг æвзаг, æмæ цæмæй байгом уыдаид, уый тыххæй йæм сдзурын хъуыд хатиагау. Хатиагау сдзуры Батрадз Хъæндзæргæсы чырынмæ дæр, æмæ байгом вæййы.

Хатиагау зонынц Нарты гуыппырсартæ, æмæ цавæр æвзаг у, уый нæма рахатыдысты ахуыргæндтæ. Чи йæ хоны чынты, ома, китайæгты æвзаг, чи та — рагон хетты. Нартæн уæларвимæ бастдзинæдтæ уыд, æмæ кæд, мыййаг, уæларвон цæрджыты æвзаг у.

ХАХИАГ ХÆРХ ИДОН — цыдæр диссаджы фидар æмæ аивгонд идон. Хахи цы бæстæ æмæ цы адæмы ном у, уый бæрæг нæу.

ХÆД-ЗИЛГÆ ДЗÆНХЪА — Нарты Борæ-болатгуырд æй фены. Зилгæ цады бын. Куыройы фыдау кæны цъилдугъ, æхсон дуртыл йæхи схафы æмæ мæйдары цæхæртæ скалы: бонау доны бын ныррухс кæны, æмæ уымæй Дæлдон сакъадах разыны Борæмæ.

ХÆДЗИЛГÆ УÆХСТ — ис Сохъыр уæйыгмæ. Уырызмæджы йыл бакодта æмæ йын зæгъы: «Ме ‘хсæвæйраг мын сфизонæг кæн, æз та уал уæдмæ чысыл æрхуыссон, мæ уæнгты фæллад чысыл суадзон».

ХÆДИСГÆ ФЫНГ — йæ хицауы фæндонмæ гæсгæ йæхæдæг дзаг чи кæны, стæй исгæ дæр, ахæм фынджы кой ис Нарты кадджыты.

ХÆДХОНГÆ ДУР — рагзаманты адæммæ, дам, уыйбæрц мидхъару уыд, æмæ дурты хонын дæр сæ бон уыд. Цæстæнгасæй-иу дур йæ бынатæй сыстын кодтой æмæ-иу ын мæсыджы, фидары, галуаны сисыл бынат кæм æрцæттæ кодтой, уырдæм, дам-иу, йæхæдæг схызт æмæ дзы-иу æрбадт. Уымæй цыфæнды стыр дуртæ дæр. Ахæм хуызы æмбарын кодтой хистæртæ кæстæртæн æнæ уæзисæн къранæй сисæн кæмæн нæй, къран сæвæрæн дæр кæм нæй, хæхбæсты ахæм бынæтты амад мæсгуытæ, фидæрттæ æмæ галуанты систы цы егъау къæйтæ æвæрд ис, уыдоныл-иу куы бадис кодтой, уæд. Хонгæ та сæ кодтой Хæдхонгæ дуртæ.

ХÆЙРÆГБАДÆН — бæрæг бынат. Адæмæй-иу исчитæ хæйрæджыты кæм федтой, ахæм бынæттæ хуыдтой æмæ ма абон дæр хонынц Хæйрæгбадæнтæ. Алы комы, хъæуы дæр ма дын ныр дæр бацамондзысты ахæм бынæттæ: Хæйрæгбадæн адаг, æрх, хъæды къох, хид, фæрсаг уынг æмæ æндæртæ.

ХÆЙРÆДЖЫТÆ — адæмон сфæлдыстады хъæбатыртæн арæх сæ хорз хъуыддæгты сæ разы æрлæууынц хæйрæджытæ, къуылымпы сæ кæнынц. Хæйрæджытæ цæрынц хæхты цъассыты, рындзытыл, фæсвæд рæтты, лæгæтты. Адæм сæ сæхи хизынц. Коммæ кæсынц иунæг Сырдонæн, иннæ хъæбатыртæ сын тыхæй кæнын кæнынц алыхуызон куыстытæ. Хæйрæджытæ сты фæстæмæ къахджынтæ-зæвæтджынтæ, хæлын къухтæ, стыр хъусджынтæ, сыкъаджынтæ æмæ хъуынджын. Бон сын фенæн нæй, фæлæ знаггады фаг у сæ ахадындзинад. Æхсæв у сæ бар. Сæ хъомыс уæлдай фылдæр у дыууæ изæры астæу. Цæттæйæ

лæууынц фыдракæнынмæ, гæппæввонгæй æнхъæлмæ кæсынц адæймаджы фæллойы бæркадмæ. Кæс: «Лæджийы фырт Дзамболат». Хæйрæджытæ тынг тæрсынц бирæгъæй. Уый, дам, сæ дзагъырдзастæй ахсы æмæ хæры, æдас не сты цыргъагæй дæр (аргъау «Саггаты-Сечъынаты хæйрæг»). Хæйрæджы фæсномыгæй хонынц ‘нæзæгъинаг, йæ номæй, дам, æм куы сдзурай, уæд уайтагъд дæ уæлхъус февзæрдзæн, æмæ фыдбылызмæ кæс. Уымæ гæсгæ æхсæвыгон хистæртæ сæ кой кæнын нæ уагътой, рудзгуыты æмæ дуæртты хуынчъытæй, дам, хъусгæ кæнынц, æмæ сæ куы ницæмæ дарай, уæд хуыздæр. Бинонтæ-иу хуыссынмæ куы цыдысты, уæд кæрæдзимæ дзырдтой: цом ныссæйæм. Низæфтауæг хæйрæг, дам, уæд фæзæгъы: «Адон сæйгæ куы сты, уæд ма сæм æз цæмæ цæуон», æмæ сæ æвыдæй ныууадзы.

Хæйрæджыты цæстдзыдæй тæрсгæйæ ирон адæм ног чындзыл ныккæнынц хыз, æмæ йæ цалынмæ Сæрызæдыл бафæдзæхсынц, уæдмæ йын æй нæ сисынц. Хæйрæджыты тасæй карддзæф кæнынц хæларгонд хойрæгтæ æмæ нуазинæгтæ. Карддзæф, дам, сæ куы нæ фæкæнай, уæд сын сæ бæркад хæйрæджытæ аскъæфынц, æмæ дзы Мæрдты бæстæм мардмæ ницыуал ныххæццæ вæййы.

ХÆЙРÆДЖЫТЫ ХАЙ — вæйййы Бынаты бардуаджы, Бынаты хицауы æхсæвы. Ирон динон уырнынады иудадзыг ныхмæвæрд сты хæлар æмæ хæрам тыхтæ. Гъе уымæ гæсгæ ирон адæймаг кувы: йæхи фæдзæхсы хæлар тыхтыл, йæхи хизы хæрам тыхтæй: архайы, цæмæй сæ хъыджы ма бацæуа, се ‘ргом æм ма раздахой, ма йæм фæтæрк уой, сæ хæрам æй ма басудза. Уый тыххæй йæхи фæдзæхсы, иу æхсæвиуат кæм бакæны, уыцы бынаты хицауыл дæр. Йæ цæрæн бынаты бардуагæн, Бынаты хицауæн та афæдзы дæргъы вæйййы иу бæрæг æхсæв — Цыппурсæй Ногбоны æхсæн æртыццæджы æхсæвы. Уымæй уæлдай ма йын йæ ракуывды æдзухдæр йæ ном ссары, къуырийы бонтæй æртыццæджы та нымайы Бынаты бардуаджы боныл. Йæ бинонты, йæ фыдæбоны бæркад, йæ фос хъахъхъæны хæйрæджыты фыдæхæй дæр. Ногбоны æхсæвы уый тыххæй сындзытæ тъыссы йе скъæтты рудзгуыты, дуæртты зыхъырты, фидар æмæ æнгом æхгæны йæ цæрæн хæдзары дуæрттæ, рудзгуытæ, æнафоны сæ кой нæ кæны, сæ номæй дæр сæ нæ хоны, фæлæ — æнæзæгъинаг, фæстæмæзæвæтджын.

Бынаты бардуаджы æхсæвы-иу уыдоны ном дæр ссардтой хицæн фынгыл дыууæ луасийы æмæ дæргъæццон гуылæй сæ лæппынтæн, стæй дзæрна, хъæдур æмæ æндæр ахæм цауддæр хæринæгтæ. Нозт та дзы-иу уыдис къуымæл, арахъхъ сын не ‘вæрдтой сæ фынгыл — сæхи æрхъуыдыгонд у. Цæмæй дзы адæм нуазой æмæ сæхи хуызæн уой. Хæйрæг та, дам, Хуыцауы лæппу уыд æмæ, йæхи æвзæр, æнæуагæй кæй дардта, уый тыххæй йæ йæхицæй ратардта. Уыцы бонæй фæстæмæ Хуыцау æмæ хæйрæджытæ кæрæдзийæн сты знæгтæ. Нозтджын адæймаг хæйрæджы хуызæн кæй свæйййы, Хуыцау дæр æй уый тыххæй нæ уарзы, йæ куывд дæр ын нæ исы.

«Бынаты бардуаджы æхсæвы-иу хæдзары хистæр фæстагмæ хæйрæджыты фынгæй йæ къухмæ систа къуымæлы нуазæн, æмæ-иу райдыдта афтæ: «Ацы фынг кæй номыл у, уыдонæн хæлар уæнт. Цы сын скодтам, уымæй уæлдай нæ бæркадмæ мацы бар дарæнт. Кæд нæ хæдзары исты фыдбылыз ис, уæд æй дард асурæнт æмæ нæм фыдбылыз хæстæг ма уадзæнт. Кæд нæ бинонтæй искæмæн хин, кæлæнгонд ис, уæд уыцы кæлæн æмæ хин ахæссæнт æмæ йæ, чи скодта, уый уæнджы бауадзæнт». Æмæ-иу нуазæн йæхæдæг ануæзта».

ХÆЙРÆДЖЫТЫ ПАДДЗАХ — Нарты Сырдон уымæй ракуырдта хæйрæджыты æфсæдтæ Сосланы бæхы марынмæ. Бæлгъуыр æй хонынц.

ХÆЙРÆДЖЫ ФÆЛДЫСТ — Зæххыл цыдæриддæр хæрамæй ис, уыдон сты хæйрæджыты, зинты æмæ дæлимонты зджилæнтæ Хуыцауы, рæстаг адæмы ныхмæ. Хуыцау адæмы æнгом кæны, хорз æмæ рæстытæ кæны, хæйрæджытæ, зинтæ, дæлимонтæ æмæ иннæ хæрам тыхтæ та адæмы æхсæн хæлофы, кæрæфы, æнæфсисы, хиуарзондзинады, æнаггады æнкъарæнтæ тауынц, гадзрахатæй цæуджытæ, фæлитойтæ, къæрныхтæ, лæгмартæ сæ аразынц, се ‘хсæн хæстæндзарджытæ сты, хæцæнгарз — лæгмарæн æмæ æрдзсафæн æрмæг сын аразын амонынц. Ацы хъуыддæгтæм æмхиц адæймаджы ирон адæм хонынц Хæйрæджы фæлдыст.

ХÆЙРÆДЖЫ ХОЙРАГ — афтæ хонынц ирон адæм карз нозт. Уый фæдыл ис ахæм æмбисонд:

Хæйрæг тар æхсæв комы дымæгтыл бады æмæ арахъхъ уадзы. Уастырджи йæм уæларвæй йæ æрткъахыг бæхыл æртахт æмæ йæ фæрсы: «Цы кусыс, дæлимонты æрвад? Цы фыдвæндыл дæ?».

– Адæмæн ног хойраг æрхъуыды кодтон, — йæ къæдзил ныхъхъандзал кодта хæйрæг, афтæмæй Уастырджийы раз алæууыд. Дары йæм сыкъа. — Айс ма, ацаход дзы.

Уастырджи сыкъа райста, арахъхъ ануæзта. Йæ зæрдæмæ фæцыд.

– Иу ма дзы ануаз, — хаты хæйрæг.

Дыккаг дæр та бануæзта Уастырджи. Афтæ æртыккаг дæр. Стæй загъта:

– Хорз у дæ хойраг. Æцæг дзы æртæйы онг чи нуаза, уый-иу уæд мæн хуызæн. Уымæй фылдæр дзы чи нуаза, уый та — дæу хуызæн.

ХÆЗМЫ БЫДЫР — зæдтæ æмæ дауджытæ Батрадзы басайдтой Хæзмы быдырмæ æмæ йыл уым зды дурнадæй згъалын байдыдтой. Батрадзы уым Хуры æххуысæй амардтой. Хæзмы быдыр, æвæццæгæн, хус быдыр, æнæдон быдыр уыд, Батрадз та-иу куы стæвд, уæд æй дон ануазын, йæхи доны æруазал кæнын хъуыд. Уыцы уавæртæ дзы нæ уыд. Ноджы ма Хур дæр нындæвта, æмæ йыл зæдтæ æмæ дауджытæ фæтых сты.

ХÆЛАЙРАГ — Ирон адæммæ мардæн кад кæнын фыдæлтæй баззад. Мæнæ куыд зæгъы нæ рагфыдæлтæ скифты паддзах Иданфирс, йæ зæхмæ йын чи æрбабырста, уыцы тыхгæнæг Дарийæн: «Æз раздæр дæр никуы лыгътæн искæй тасæй æмæ ныр дæр дæуæй нæ лидзын. Ныр дæр мæхи дарын, сабыр

царды куыд вæййы, афтæ. Уайтагъд демæ кæй не схæцыдтæн, уый дæр дын бамбарын кæндзынæн. Махмæ нæдæр сахартæ ис, нæдæр — хуымгонд зæххытæ. Æмæ сын нæ тæрсæм ныппырх кæнынæй, фæгæныстонæй. Фæлæ дæ кæд тынг фæнды цыфæндыйæ дæр немæ схæцын, уæд нын ис фыдæлты ингæнтæ. Ссарут-ма сæ æмæ бафæлварут сæ фехалын. Уæд базондзыстут, уыцы ингæнты тыххæй схæцдзыстæм, æви нæ, уый». Мардæн кад кæнын, мысын æй удыбæстæйыл нымайынц абоны ирон адæм дæр. Хуымæтæджы нæ фæзæгъæм: «Дзуары аудындзинадæй марды аудындзинад фылдæр у» æмæ «Дзуары фыдæхæй марды фыдæх карздæр у».

Гъе уыцы уагыл мысы æмæ аргъ кæны ирон адæймаг йæ мæрдтæн. Алы сабат дæр сын скодта сæ мысæн бон, ног халсар, дыргъ куы фæзыны, уæд дзы фыццаджыдæр ныххæлар кæны уыдонæн. Нæ сæ рох кæны комдарæны рæстæг дæр, йæхæдæг цы хæры, уымæй дзаджджындæр фынг сын ныххæлар кæны Лауызгæнæнты. Куадзæны йæ ком куы суадзы, уæд дыккаг бон та вæййы Мæрдты куадзæн — Комуадзæн. Афтæ Цыппурсы дæр. Афæдзы алы афон дæр сын зилы сæ уæлмæрдтæм. Марды номыл цыдæриддæр хойрагæй, адджинагæй, хæлцæй, халсарæй, дыргъæй, ностæй, донæй æрцæттæ кæнынц, уыдон ын кæнынц хæлар. Хæлар кæнынц, адæймаг хæргæ æмæ нуазгæ цы кæны, уыдон. Фынгмæ, зæхмæ ностæй æртадзгæйæ æмæ афтæ зæгъгæйæ: «Уымæй фылдæр дæ дзы æнæбары хай бакæнын ма бахъæуæд».

ХÆЛАР ÆМÆ ХÆРАМ — ирон динон уырнынадмæ гæсгæ дунейы, адæймаджы царды иудадзыг тох кæнынц хæлар æмæ хæрам тыхтæ. Хæлар тыхтæ йыл аудгæ кæнынц, хæрам тыхтæ та йын тых кæнынц. Гъе уымæ гæсгæ хæлар тыхтæн табу кæны, хæрам тыхтæй та йæхи хъахъхъæны. Уый уыд нæ фыдæлты дунембарынад, æмæ сæ хъæстæ мингай азты сæрты махмæ æрхæццæ. Уый махæн дæр хъуамæ æдзухдæр нæ зæрдыл лæууа.

ХÆЛÆДЖЫ ХОЙРАГ — низы хатт, фæзыны буарыл. Йæ æфсон адæмон сфæлдыстады — истæмæ, искæмæ æгæр куы хæлæг кæнай, уæд уый. Хиуыл хæцын, хи хъомыл кæныны фæрæз.

ХÆЛВИАН — фæззыгæндты тыллæгисæнты райдайæны бæрæгбон.

ХÆЛГЪОНГ — уæйгуыты цæрæн бынат, бæстæ.

ХÆЛЦОН — стæры, хæтæны цæугæйæ хæрынæн фæндаггаг æвæрæн дзæкъул, хызын, цамта.

ХÆМÆТХЪАН — Хуры фырт. Иу кадæгмæ гæсгæ, ракуырдта Æфсатийы иунæг чызджы.

ХÆМЫЦ — Нарты хистæр Уæрхæджы фаззон фырт, Æхсæртæг æмæ Донбеттыры чызг Дзерассæ-рæсугъды (Сасанайы) фырт, Нарты номдзыд Уырызмæджы фаззон, æндонриу Батрадзы фыд, Быценты сиахс. Болатрихи Хæмыцы тыххæй Нигер афтæ фыссы:

«Уырызмæджы кæстæр æфсымæр, кæстæр канд гуырдæй нæ, фæлæ зондæй дæр, хъаруйæ дæр æмæ æгъдауæй дæр. Ис ахæм æмбисонд: «Хъулæттæ иу мады

хуылфæй дæр цæуы». Уырызмæг æмæ Хæмыцы'хсæн æмхуызондзинадæй ницы ис. Ирон царды-иу æфсымæртæй иу рауад «магусайæ цæлуарзаг». Хæмыц дæр у раст ахæм. Чындзæхсæвтыл зилын, бахæрын, бануазын, рæстæг хъæлдзæгæй арвитын, сылваз митæ кæнын — уыдон сты Хæмыцы бæрæггæнæнтæ».

Нарты адæм Хæмыцы сурæт сæхуыддæг тынг хорз равдыстой кадæг «Нарты æмбырд»-ы (кæнæ «Нарт чи хуыздæрыл куыд дзырдтой»). Байхъусæм-ма сæм: «Ды рагæй дæр дæ ауунæй куы тæрсыс, лæгмæ комкоммæ бакæсын куы никуы бауæндыдтæ зæронды бонмæ». «Хæмыц, дæ хъуыддаг: дæ фыдгуыбын дын чи нæ зоны, иу ахæм адæймаг дæр нæй Нарты. Никуы дын ничи базыдта де 'фсис, иуабонæй-иннабонмæ фынджы уæлхъус бадгæйæ, «бæркад», зæгъгæ, никуы ссыд дæ дзыхæй». «Адæмæн æмбисонд куы фæци дæ Хъох-дæндаг (Архъызы дæндаг), быруйы хуынчъытыл куы бырыдтæ ды искæй устытæм; дæхи ус Быценты чызджы дæ дзыппы куы хастай…». Æмæ басæтты йæ аиппытыл: «Уæ уайдзæфтæ сæ бынаты сты, фæлæ уый зонут, Нарт: Батрадзæй тыхджындæр, ныфсджындæр, йæ гуыбыныл хæцынæй, сылгоймагимæ уагджындæр никæй ссардзыстут».

Иу дзырдæй, кæд Хæмыцмæ исты хорздзинад ис, уæд йæ саудзагъд æмæ, тыхгæнæг тых кæмæн нæ ары, уыцы уæздан, æгъдауджын æмæ зондджын фырт Батрадз. Йæхæдæг, удыхъæдæй фыдцъылыс уæвгæйæ, алкæимæ дæр кæны быцæу. Суанг йæ фаззон æфсымæр Уырызмæгимæ дæр, чи сæ хистæр у, ууыл. Кадæг «Уырызмæджы мæсыджы» йæ кæстæрдзинад сбæрæг вæйиы Уастырджийы æххуысæй. Кадæг «Сатанайы райгуырд»-ы сæ æртæ æхсæвы бахъахъхъæнын хъæуы сæ мады мардæй зæппадзы. Дыууæ æхсæвы йæ Уырызмæг бахъахъхъæдта, æртыккаг æхсæв æй бахъахъхъæнын Хæмыц æркуырдта йæхæдæг. Уырызмæг ын афтæ: «Æз дæуыл куы æууæндин, уæд ды гуырдæй кæстæр дæ, æмæ йæ æртæ æхсæвы дæр хъуамæ ды бахъахъхъæдтаис». Йæ бар ын æй бæргæ бакодта, фæлæ бынтон æбæрнон разыны Хæмыц. Иуахæмы айхъуыста Нарты хъæумæ, æмæ кæцæй куывды зарын цæуы, кæцæй — чындзæхсæвы хъæр, æмæ загъта йæхицæн:

«Бын бауа, мæлæг рынчыны коммæ чи кæсы! Ам ма мын зæппадзæй мæ мады чи хæссы! Ацæуон æмæ искуы иу чындзæхсæв бахæрон».

Хæмыц фыдæх у Сырдонмæ дæр æмæ йын йæ бинонты сæргæвста.

Ахæм фыдлæг æмæ хъæбæр зæрдæйы хицау уыд Нарты Хæмыц. Фæлæ йæ ронбæгъд æмæ куыдфæндыйы цæстæнгасы, фыдвæнды аххосæй цы фыдбылызтæ æрцæуы, уыдон Нартæн, сины саст фæрæстмæйау, хорзырдæм рацæуынц. Йæ мад Дзерассæйы зæппадзы æртыккаг æхсæв кæй нæ бахъахъхъæдта, уый фæрцы дунемæ фæзынд Сатана, Уырызмæджы бæх Æрфæн æмæ зæххон куыйты фыдæл Силæм; Сырдоны бинонты фæцагъта, æмæ Сырдон йæ хистæр фырты цонджы стджытæй фæндыр сарæзта, иннæ лæппуты зæрдæты тæгтæй фæндырæн скодта дыууадæс тæны. Сырдон фæндыр балæвар кæны Нартæн.

Хæмыцмæ цыдæриддæр аиппытæ ис, уыдон хæрзтæй фиды йæ фырт

Батрадз. Уый йын Быценонæй хъуамæ райгуырдаид, фæлæ райгуырд йæ дыууæ уоны астæу сынкъæй. Уырдæм æй ныуулæфыд Быценон йæ фæстаг сахат. Хæмыцæн йæ бæх хуыйны Дур-Дура. Тæхы маргъау уæлæрвты. Быценоны фæстæ усæн ракуры Хуры чызг Хорческæйы.

Уырызмæг æмæ Хæмыц быцæу кæнынц æхсары кардыл дæр, фæлæ сæ фылдæр быцæу у, чи сæ хистæр у, ууыл. Сæ хъаст сæ фыдыхо Хъызмыдæмæ куы бахæссынц, уæд уый дæр йæ зонд æмæ æгъдауы тыххæй хистæр рахоны Уырызмæджы. Уый фыдæй йæ Хæмыц карз бафхæрын сфæнд кодта, фæлæ йын Хъызмыдæ йæ зæрдæ балхæны, Архъызы (Хъох) дæндаг ын кæй балæвар кæны, уымæй. Дæндаг та ахæм уыд, æмæ-иу æй сылгоймаджы мыггагæй кæмæдæриддæр равдыстаид Хæмыц, уый-иу ын йæ фæндоныл дыууæ нæ загътаид, æмæ ма сылваз лæджы уымæй хуыздæр цы хъуыд! Фæлæ йæ мæлæт дæр æрцыд уыцы дæндаджы аххосæй. Цæвиттон, Борæты Бурæфæрныджы усмæ дæр фæрæдыди, æмæ дзы сæ маст куыд райстаиккой, уымæн амал нæ ардтой. Сайнæг-æлдар Борæтæн сæ хæрæфырт уыд, æмæ уымæн бахæс кодтой Хæмыцы амарын. Иу бон куы уыд, уæд Хæмыц цуаны ацыд, æмæ йæ Сайнæг-æлдар рауыдта. Йе ‘фсургъыл куыд фæцæйбадти Хæмыц, афтæ йæ Сайнæг-æлдар кардæй ныцъцъыкк ласта. Хуыцау кард Хæмыцæн Архъызы дæндагыл сæмбæлын кодта, æмæ кардæй иу къæртт фæхауди æмæ арвыл абадт — Мæй уæдæй фæстæмæ ис. Бæх Хæмыцы мард Æхсæртæггатæм æрхаста.

Афтæ Хæмыцы номимæ баст сты Мæйы равзæрд, æвæджиау Архъызы (Хъох) дæндаг æмæ кæрдæджы ном хæмыцы рихи (уырыссагау — ковыль).

ХÆМЫЦЫ РИХИ — Хæмыц кадджыты æддаг бакастæй æвдыст цæуы дзыгъуыр, сырхзачъе, дывæрдзыгдæндаг, болатрихи. Æмбисондæн та басгуыхт йæ Архъызы (Хъохы) дæндаг. Афтæ йæ рихи дæр. Иу кадæджы Нарты Уацамонгæ йæ дзыхмæ куы схæссы, æмæ дзы алы хъылма кæлмытæ, гæккуыритæ, хæфсытæ сæ сæртыл куы схæцынц, уæд сæ уый йæ болатрихитæй æркъуыры, æмæ хилджытæ Уацамонгæйы бын бамбæхсынц. Ахæм ном ирон адæм сæвæрдтой фидаркъалиу æмæ сындзджын зайæгойыл, Хæмыцы рихи, зæгъгæ.

ХÆНДЫХЪДЗУ — Нартæ æмæ Бæртæлæджы иумæйаг знаг. Хæндыхъдзу Бæртæлæгимæ хæцы, йæхицæн дзы хъалондар кæны, йæ зæххытæ йын исы, йæ адæмы йын цæгъды. Бæртæлæг йæхи Нарты уазæг бакодта, æххуыс сæ агуры. Разыйы дзуапп ын радтой, сæхи æрцæттæ кодтой. Æмæ æрмæст уымæн баххуыс нæу сæ нысан. «Уымæй уæлдай ма хъус-хъусæй хъусæм, — зæгъынц Борæйæн, — цыма Хæндыхъдзу махмæ дæр хъавы æмæ нæ домы Уæрпы быдыр. Æрæмбырд стæм æмæ ахъуыды кодтам, калммæ афоныл куы нæ фæрæвдз уай æмæ йын йæ сæр куы нæ ныссæттай, уæд адæмæн уый фыдбылыз хæссы». Фæрдыгдоны был Хæндыхъдзуимæ схæцыдысты, йе ‘фсад ын скуынæг кодтой. Хæндыхъдзу фидыды алфæн йæ цыты уарт уым мæры æрсагъта æмæ уæдæй фæстæмæ Бæртæлæгæн йæхæдæг хъалондар сси.

ХÆРАМ (ХÆРАН) — Хæрамы быдыр. Бæстæ, бынат Нарты кадджыты.

ХÆРÆДЖЫ СТÆГГАГ — раджы заманы-иу æрыгон усæн йæ лæг куы амард, уæд-иу æй иуæй-иу хатт йæхицæн сус кодта йæ лæджы æфсымæр — йæ тиу, кæнæ йæ хæрз æрвад, ирæд ма бафидыны тыххæй, стæй йын йæ цот хи сывæллæттау схæссыны охыл. Фæлæ-иу усы цæгат уымæй дæр æрцагуырдтой хардз. Уый ирæд нал хуынд, фæлæ Хæрæджы стæггаг. Хæрæджы стæггаг фæсномыгæй фæхонынц фыдуаг æмæ æнæсæттон чысыл лæппуйы дæр.

ХÆРÆН-ХУАГ — Нарты кадджыты уæйыг — кæлæнгæнæг, нуазы адæмы туг æмæ цас фылдæр, уыйбæрц кæны стонгдæр. Хæрæн-Хуаг сæнæфсирдæтты фестын кæны хъамылдон, фосы — дуры цæндтæ, йæхи та — сæгъ. Нарты ахæм фыдбылызы цæрæгойæ ферваæзын кæны Уырызмæг — Хæрæн-Хуаджы амары.

ХÆРЗАУДÆГ — адæймаг, цæстдзыдæй, хинтæй тæрсгæйæ, йæ цард цæмæй хорз цæуа, уый тыххæй йæ риуыл кæнæ æнгуылдзыл фæдары, хæрзаудæн ыл чи хъуамæ кæна, йæ цард, йæ хъуыддæгтæ йын рæстмæ чи кæна, ахæм риуылдаргæ зæринбос дзуаргондимæ, кæнæ — моллойы чиныг, йæ къухыл — къухдарæн.

ХÆРЗАУДÆН — зæд, дуаг æмæ марды ахаст, чи сæ æрхъуыды кæны, нымайы, уыдонмæ. Марды æмæ зæды аудындзинад, дам, æмдых сты, æмæ ирон адæм сæ хæрам аудынæй сæхи хизынц. Кæрæдзийæн арфæйы хуызы сæ цæст уарзы сæ хæрзаудæн.

ХÆРЗÆГГУРÆГГАГ — исты хорз хабар фехъусын кæныны тыххæй лæвар. Зæгъæм, фырты райгуырд, бæлццоны сыздæхт æмæ æндæр хорз хабар бинонтæн, хæстæджытæн чи фехъусын кæны, уымæн йæ ныхасы райдайæн вæййы: «Уæ хæрзæггурæггаг мæн»…. æмæ дарддæр. Хорз хабар кæй фехъусын кодта, уый тыххæй йын зæрдæ бавæрынц хæрзæггурæггагæй, кæнæ радтынц. Хæрзæггурæггаг-лæварæн йæ ас æмæ аргъ уый бæрц нæу, йæ кад æмæ æгъдау цас у.

ХÆРНÆГ — мардæн йæ ныгæнæн бон цы кæнд скæнынц, уый. Стыр хист дæр ма йæ хонынц. Уымæй райдайынц, афæдзы дæргъы йын цы кæндты æгъдæуттæ фæкæнынц, уыдон. Къоста «Чи дæ?»-йы афтæ фыссы:

Гæппæл дæр мын нал уыд…
Цы фæци мæ зæхх?
Хæрнæгæн, дам, бахъуыд…
Цу, исты сын зæгъ!

ХÆРНÆДЖЫ ФЫНГ — адæймаг куы амæлы, уæд ын афæдзы дæргъы кæнынц хистытæ, йæ ныгæнæн боны та — Хæрнæг (Стыр хист). Хæрнæджы фынг бындуронæй хицæн кæны Цины фынгæй, уæлдайдæр йæ ныгæнæн боны хисты фынг, бинонтæ æмæ хиуæттæ ма сæхи сæ зæрдæриссæн цæссыгæй куы фехсынц, уæд. Уыцы боны фынгыл цæхх, хойраг (дзул, луаситæ), фыдызгъæл (къуыдырфых дзидза), плау, арахъхъ, сæн æмæ адджын дæтты йеддæмæ хъуамæ мацы æндæр хæринаг уа. Афтæ йæ æвæрдтой нæ фыдæлтæ. Иннæ хистыты фынгтæ-иу фæдзадджындæр кодтой, уæливыхтæй (картофджын

нæ фæтчы), адджинæгтæй, дыргътæ, гагадыргътæ æмæ халсартæй, скодтой-иу бæгæны.

ХÆСТМАСТ — мæстыгæр, фидисæн æмæ чысыл уайдзæфæн дæр чи нæ фæразы, æфхæрдæн чи нæ бары, ахæм, зындарæн. Хæстмаст сты Нарты кадджыты Быцентæ. Хæстмаст Быцентæ, ахæм дзырдбаст дæр нæм уымæ гæсгæ ис.

ХÆТÆН — Нарты гуыппырсартæ Хæтæны цæуынц афæдзы, дыууæ азы æмæ суанг авд азы æмгъуыдмæ дæр. Цæуынц искæй фос, исбон æртæлæт кæнынмæ. Ахæм цардыуаг уыд скифтæм дæр. Уыдон Хъырымы æрдæгсакъадахæй хæццæ кодтой суанг Мысырмæ-Египетмæ дæр. Иуахæмы та 28 азы уыдысты хæтæны, æмæ сæ се ‘ххуырстытæ сæ фыдæлты зæхмæ нал уагътой.

ХÆТÆГ БАРÆГ — Сæлхæйы хъæуы Сæлхæйы рæсугъд сфæнд кодта моймæ фæцæуын. Хъæуы царди Хæтæг Барæг, æмæ уымæ æхсайдта йæ зæрдæ. Хæтæг Барæг ницæмæй ауæрста йæхиуыл, цæмæй йæ бауарза Сæлхæйы рæсугъд. Нæртон адæм-иу, æвæдза, фос фæкодтой стæры уæвгæйæ, уæд-иу Хæтæг Барæг сæ размæ ацыди, бафæсвæд-иу кодта йæхи, цалынмæ-иу Нартæ æд фосы конд сæ хæдзæрттæ ссардтой, уæдмæ. Уæд-иу Хæтæг Барæг, Нарты стæрон балæн фæндæгтыл чи нал фæрæзта, уыцы фос скъуымбил кодта йæ разæй. Сæлхæйы мæсыджы рæзты сæ-иу æрбаскъæрдта, мæлæты лæгау. Ракастаид-иу æм уæд Сæлхæйы рæсугъд æмæ-иу бахудти йæ мидбылты. Йæхицæй-иу ныббузныг Хæтæг Барæг дæр. Сæлхæйы рæсугъдæн Хæтæг Барæджы худинаджы митæ раргом кæны Къулбадæг усы лæппу. Хæтæг Барæг Къулбадæг усы фыртимæ хæтæны ацыд æмæ, уый лæгдзинæдтæ фæзмгæйæ, йæхи хъæбатырæй равдыста. Бæхты рæгъау голджыты баст хъалон уæргътимæ æртардта Сæлхæйы хъæумæ.

ХÆТÆЛÆН — зæдты дардмæ кæсæн хæтæл.

ХÆФСГÆФ — Цъыззы-цъасы дуаргæс, доны цæрæгой, æнахуыр цæрæгой: йæ гуыр уæлзæххы, къæдзил — дæлзæххы, йæ дæлæвзæгтæ — æнæхъæн кæмттæ, йæ урс дæндæгтæ — раст урссæр хæхтæ. Цъассы мидæг дары ахст адæмы: чи дзы дуртæ фады, чи сæ лæгъз кæны, чи амайджытæн кæны æрмызмæст, иннæтæ та дуртæ æрми-æрм дæттынц. Уыдонимæ сты Хæмыцы авд мадæфсымæры. Сæ ферваæзын кæнын уыд тынг зын. Хъоппæгдзæст Хæфсгæфæн йæ дæллагхъуыр ис æртæ æрдуйы: йæ тых, йæ хъару (ныфс) æмæ йæ цæрæнбонты æрдутæ. Уыдон ын куы нæ алыг кæнай, уæд ын мæлæт нæй. Дзыгъуырвад Хæмыцæн уыцы хабар радзырдта Царæппы дуармæ иу кæсаг. Уый амынды фæрцы Хæмыц Хæфсгæфы цирхъæй, фатæй нæ мардта, фæлæ бацархайдта йæ æртæ æрдуйы йын ралыг кæнын.

ХЕТÆДЖЫ УАСТЫРДЖИ — Раджы заман алантæй къордтæ-къордтæ цæргæйæ баззад Кæсæджы, Хъæрæсе æмæ Хъубаны зæххыл. Хъубаны доны къабаз Стыр Зеленчукы был уыдонæй цард къниаз Инал. Уыд ын æртæ фырты: Биаслан, Аслæнбег æмæ Хетæг. Биаслан у, Кæсæджы къниазтæ Биаслантæ кæмæй равзæрдысты, уый. Аслæнбег уыд æнæзæнæг. Кæсæджы пысылмон дин куы

стыхджын, уæд дæр Хетæг йæ ирон-арийаг диныл йæ къух нæ систа. Уый тыххæй йæм суанг йæ бинонтæ дæр сфыдæх сты, сæхиуыл æй нал нымадтой. Уæд Хетæг йæхи райста Ирыстонмæ. Уый йе знæгтæ куы базыдтой, уæд æй, сæ дин сын кæй нæ райста, уый тыххæй марын фæнд скодтой æмæ йæ фæсте расырдтой.

Хетæг æрбаирвæзт Æрджынарæгæй æмæ йæ ных сарæзта Куырттаты комы ‘рдæм. Фæлæ, абон Суададжы хъæу кæм ис, уырдæм хæстæг куы ‘рбахæццæ, уæд æй знæгтæ дæр æрбацæйæййæфтой. Уыцы рæстæг æм Суададжы сæрмæ хъæды фахсæй фехъуыст хъæр:

– Хетæг, хъæдмæ! Хъæдмæ!..

– Хетæг хъæдмæ нал бахæццæ уыдзæн, фæлæ хъæд — Хетæгмæ! — дзуапп радта Хетæг йæ хæрзгæнæгæн.

Уый адыл хъæдæмбæрзт хохы фахсæй хъæд тыгуырæй сыстад æмæ Хетæджы алыварс тымбылæй февзæрд, знæгтæй йæ бааууон кодта, бахъахъхъæдта йæ. Уыдон фыртæссæй фæстæмæ лидзæг фесты.

Афтæ, ирон таурæгъмæ гæсгæ, равзæрд Хетæджы къох, Хетæджы Уастырджийы кувæндон, Тымбылхъæды дзуар. Хъæд кæцæй сыстад, уыцы бынат фахсыл абон дæр у гæмæх.

Зæгъынц, къохы астæу, дам, уыд сатæг суадон, Хетæг фæлладæй йæ дойны цæмæй басаста, уый. Ам афæдзы бæрц фæцард, стæй Куырттаты комыл ахызт Нармæ. Къох сси Ирыстоны кувæндæтты ахсджиагдæртæй иу.

– Кæддæр Уастырджи Хетæгæн цы æххуыс бакодта, сымахæн дæр уыйау уæ хъахъхъæнæг куыд уа, уыцы амонд уæ уæд! — афтæ арæх фæкувынц ирон адæм.

Хетæджы Уастырджийы бæрæгбон вæййы сæрды, мæнæугæрдæнты хæдразмæ, Кæхцгæнæнтæй къуыри раздæр. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты агъоммæ йæ бынмæ сылгоймаг нæ цыд, йæ ном ын ныр дæр нæ дзурынц, Тымбылхъæды дзуар æй уыдон хонынц. Сæ кувинæгтæ æмæ мысайнæгтæ-иу мидæмæ, дзуары лæг сæ скува, сæ бинонты, бæлццæтты, рынчыны йыл бафæдзæхса, уый тыххæй барвыстой нæлгоймæгтæй искæмæн, суанг чысыл лæппутæн дæр. Хетæджы бынмæ нæлгоймæгтæ ефс бæхтыл дæр нæ цыдысты.

Хæсты тызмæг азты нæлгоймæгтæ тохы быдыры цагъды куы кодтой, æмæ алчи йæ бæлццоны, мæлæтæй йын тæрсгæйæ, Хетæджы Уастырджийыл бафæдзæхсынмæ йæхи куы ивæзта, афтæмæй йын йе ‘ртæ æртæдзыхонæй йæ быны скувæг нæлгоймаг куы нал уыд, уæд ирон сылгоймаг ахызт ацы æгъдауы сæрты. Ныййарджытæ, устытæ, чызджытæ сæ хæстонты Тымбылхъæды кувæндоны Лæгты дзуарыл фæдзæхстой сæхæдæг.

Хетæджы къохы бæлæстæн ам æввахс хъæдты æмбал нæй — бæрзонд фæцыдысты, уæрæх ныззылдысты. Иуæй йæ ран хъæздыг у мæрæй, иннæмæй кувæндон у, адæмы фарнæй — æвæджиау хайджын. Цард-цæрæнбонты йæ ирон адæм цæсты гагуыйау хъахъхъæдтой, къалиу расæттын, сыф рахæссын дæр дзы нæ фæтчы. Къохы алыварс ныллæг хъæдгæндтæ бирæ уыд. Уыдонæй,

стæй стыр хъæдæй дæр æм сырд арæх æфтыд, æмæ уый амарын дæр не ‘мбæлд. Къохмæ хæстæг хъæды мард сырдæй та дзуары бын кодтой куывд, хæдзармæ хæссæн дзы нæ уыд.

ХИЛАЧИ — хилджыты: кæлмыты, гæккуыриты æмæ æндæрты бардуаг. Хæхбæсты, стæй быдыры дæр-иу ирон адæймаг зæххыл йæхи куы æруагъта, афынæй кæнон, зæгъгæ, уæд йæхи хъуамæ бафæдзæхстаид Хилачийыл, цæмæй йæ фындзы хуынчъыты, хъусты, дзыхы хилаг ма бабыра. Загъта-иу, дæ хиладжы марг мын мацы фыдбылыз æрхæссæд, зæгъгæ.

ХИМАРÆГ — рагæй-æрæгмæ ирон адæм дзурынц, адæймагæн, дам, цард радта Хуыцау æмæ йын æй исгæ дæр акæны уый. Гъе уымæ гæсгæ Хуыцауы хæс йæхимæ чи райсы, уымæн, дам, йæхимæ йæ къух сисын кæнынц хæйрæджытæ, Хуыцауы знæгтæ. Уыдон ын ахæссынц йæ уд дæр, æмæ мæрдтыл нæ бафты, фæлæ — хæйрæджытыл. Авд азы, дам, вæйыы уыдонимæ, стæй йæ уд Мæрдты бæстæм ацæуы. Уый фыдæй-иу, йæхи чи амардта, уыдон раздæр уæлмæрды дæр нæ ныгæдтой, фæлæ — фæсуæлмæрд. Дзырдтой-иу, химарыны онг чи æрцæуы, уыдоны хæйрæджытæ уыцы хъуыддагмæ фæцырын кæнынц: дæхи къардиуæй раппар, кардæй цæв — нæ дын фæрисдзæн, зæгъгæ. Уый тыххæй-иу стыр цымыдисæй хъусын кодтой, химарæг йæхи цы зын уавæрты амардта, уыдон.

Уæлдай цымыдисагдæр хабæрттæ уыдысты, йæхи-иу чи амардта, уыдоны-иу чидæртæ хæйрæджытимæ куыд федтой, уыдон. Ахæм хабæрттæй иу ис, Алæгаты Алик сæ мыггаджы тыххæй цы чиныг ныффыста, уым. Радзырдта йын æй Хъуысаты зæронд ус.

Хæххон сæрвæты, дам, иу фыйыйауы тыхкъæвда дымгæимæ æрцахста. Хæхбæсты та ахæм уавæры фосæн тæссаг у, дымгæ сæ былæй куы акала, уымæй. Æмæ фыйыйау йæ фос тых æмæ амæлттæй лæгæтмæ батардта. Уæдмæ æрталынг. Талынджы та, уæлдайдæр фæскъæвда хæххон фæндæгтыл æдасæй цæуæн нæй. Æмæ фыйыйау лæгæты æрæхсæвиуат кодта.

Йæхицæн хуыссæн æркодта, стæй Бынаты бардуагыл йæхи бафæдзæхста:

– О, Бынатыхицау, мæхæдæг дæр æмæ мæ фос дæр ахсæв дæ бæрны фæуæнт.

Æрхуыссыд фыйыйау, фæлæ иуахæмы лæгæтмæ чидæр æрбахоста. Лæг рабадт æмæ уыны æрбахизæны хæйрæджы. Уый ныхас кæны Бынаты хицауимæ:

– Хъæуы иу æрыгон чызг йæхи амардта, æмæ йæ нæ лæппутæй иу куры. Чындзæхсæв ахсæв уыдзæн, æмæ дæ хонынц.

– Нæ, нæ. Мæнæн цæуæн нæй. Уазæг мæм ис, йæхи мыл бафæдзæхста, — дзуапп ын радта Бынаты хицау.

– Ракæн уый дæр, — загъта хæйрæг æмæ æрбайсæфт.

Бынаты хицау фыйыйаумæ æрхатыд, цæмæй уый дæр чындзæхсæвмæ йемæ ацæуа. Фæлæ йæ рагацау бафæдзæхста, цæмæй чындзæхсæвы макæмæ мацы сдзырдтаид, фынгыл мацы бахордтаид, мацы банозтаид. Кады нуазæн æм куы

радтой, уæд дæр æй æнæдзургæйæ уымæ куыд радæтта.

Фыййау сразы æмæ диссагæн ацыд чындзæхсæвмæ йемæ. Бынаты хицау æй йæ фарсмæ сбадын кодта, фæлæ талынг кæй уыд, уый аххосæй фынгмæ ничима æвнæлдта. Æнхъæлмæ кастысты, фæтæген цырагъ кæд æрбахæсдзысты, уымæ.

Æппынфæстаг цырагъ фæзынд. Æрыгон хæйрæг цырагъ хæссæг йæхи рæстытæ кодта, адæмæй йæ цырагъы тыххæй «нал и» ничиуал дзырдта, дзаг и, дзаг и кодтой, зæгъгæ, æрмæст ма иу ус срæдыд «нал и», æмæ йæ æз дæр раскъæфтон.

Цырагъ куы ссыгътой, уæд фыййау федта, хæйрæджытимæ цы бæркадджын фынджы фарсмæ бадт, уый. Фынгтæ тасыдысты. Фæлæ уый цы у?! Фынджы кæрон чындзарæзтæй æрыгон хæйрæджы фарсмæ кæд бады йæхи чызг. Фæлæ йæ Бынаты хицау куыд бафæдзæхста, уымæ гæсгæ ницы сдзырдта. Цыма ницы уыдта, ницы хъуыста, уыйау йæхи дардта. Кады нуазæн æм куы радтой, уæд уый дæр æнæдзургæйæ Бынаты хицаумæ ралæвæрдта æмæ сбадт.

Лæгæтмæ куы æрбаздæхтысты, уæд æй Бынаты хицау карздæр ныффæдзæхста, цы федта æмæ фехъуыста, уый фынддæс азмæ куыд никæмæн радзура. Исты куы срæдийа, уæд сæрра уыдзæн. Ацы сусæгдзинад фынддæс азы бамбæхсын куы бафæраза, уæд та стыр дæсны суыдзæн. Ууыл фæхицæн сты.

Райсомæй бæстæ куыддæр раирд, афтæ фыййау йæ фосимæ атагъд кодта хъæумæ. Сæ хæдзары йæ чызджы æцæгдæр мардæй баййæфта, загътой йын, йæхи кæй æрцауыгъта, уый. Фæлæ æхсæвы цы федта, уый тыххæй сыпп дæр не скодта. Афтæ фынддæс азы дæргъы никæмæн ницы радзырдта уыцы æхсæвы балцы тыххæй. Æмæ æцæгдæр дæсны фæрсын райдыдта. Йæ дæсныфарсты, дам, уыйбæрц æцæгтæ дзырдта, æмæ йæ кой дæрдтыл айхъуыст.

ХИНТÆГÆНÆГ — хъуыддаг халæг сылгоймаг, йæ цæстæнгасæй дæр адæмыл æмæ фосыл дæр чи ахады, ахæм. Кæлæнгæнæг æмæ хингæнæгæн сæ архайд иу у. Æрмæст дзы иу кæны кæлæнтæ, иннæ та — хинтæ. Хинтæгæнæгæй адæм тынгдæр тæрсынц: йæ тых фылдæр у, адæмæй йæхи иуварс ласы.

ХИСТ — мардæн йæ Сæйраг хист — хæрнæгæй фæстæмæ афæдзы дæргъы цы кæндтæ фæкæнынц, уыдон сты хистытæ. «Ус хистытæ кодта, фæуæй кодта зæхх», — фыссы Къоста «Чи дæ?»-йы.

ХИСТÆР УАЗÆГ — чындзхæсджыты хистæр нæлгоймаг. Уый бар сты æппæт чындзхæсджытæ дæр. Йæ ныхас, йæ уынаффæ йын æххæст кæнынц æнæдызæрдыгæй. Къухылхæцæг æмæ æмдзуарджын сæ алы æгъдауæй дæр фæрсынц уый. Уæлдайдæр чызджы хæдзары. Фысымтæ æртæ хæбизджыны æмæ бæгæныимæ уый размæ рацæуынц. Æгас цæут, сын фæзæгъынц. Æмæ чындзхæсджыты æртæ хистæры куы скувынц, уæд сæ иууылдæр ахонынц фынгмæ. Æртæ хистæры сбадынц фысымты фынгыл, иннæтæ чындзхæсджыты фынгыл. Хистæр уазæг бады фынджы хистæры галиу фарс æртыккаг хистæ-

рæн æмæ кæны йæ уазæджы æгъдау æппæт чындзхæсджыты номæй. Уый раз дзуапп дæттынц къухылхæцæг æмæ æмдзуарджын, уыдоны раз та — æппæт чындзхæсджытæ кæстæр уазæджы онг. Чындзы хистæртæ куы рафæндараст кæнынц, уæд Хистæр уазæгæн йæ сæйрагдæр хæс свæййы фынгæй æгъдауæй сыстын æмæ фысымты æфсинтæн арфæ ракæнын: дзыхы ныхас æмæ сæ æрмæджы æхцайæ барæвдауын. Уыцы хъуыддаджы йæ фарсмæ æрбалæууынц, йæхиуыл æй хæсæн чи нымайы, уыцы нæлгоймаг чындзхæсджытæ дæр.

ХИСТÆРЫ ХУЫН — чындзхасты чызджы æмæ лæппуйы бинонтæ мыггаджы хистæртæн скад кæныны охыл æрбарвитынц сæрмагонд хуын: æртæ чъирийы, карк, нозт æмæ хæдон. Уыцы æгъдау хуыйны Хистæры хуын.

ХИЦАУ — ирон хæдзары чындз йæ мойы фыды хоны — Хицау, йæ мады та — Æфсин. Æрмæст ацы нæмттæй дæр бæрæг у, бæрзонд æвæрд æм кæй сты, уыдоны æвастæй, нæ бафæрсгæйæ ницы хъуыддаг райдайдзæн. Уыцы æгъдау ын йæхи дæр бæрзонд сисы, æмæ йæм йæ Хицау æмæ Æфсин хи хъæбулы зæрдæйы уаг райхалынц. Афтæмæй бинонтæ æнгомдæр кæнынц, æнгом бинонтæ та цард арынц.

ХОГОНД — нæлгоймаг кæнæ сылгоймаг æндæр мыггаджы чызгæй адæмы раз æгъдауыл, æртæ чъирийæ скувгæйæ йæхицæн хо куы фæзæгъы, уæд уый свæййы йæ хогонд.

ХОНÆГ — куывдмæ, чындзæхсæвмæ æрбацæуыны тыххæй чи фехъусын кæны, уый. Хонæг дын хъуамæ дæ хæдзары дуар бахойа æмæ дæ афтæмæй фæхона. Хæдзармæ хонæджы хуынд æфсæрмиаг у æмæ æгъдау домы!

ХОРАСАН ХУД — цъæх уæлдзарм худ. Хорасан, зæгъгæ, ахæм бæстæ æмæ горæт ис Ираны. Уырдыгæй æрбаласгæ нæлгоймаджы хорз худ.

ХОРÆЛДАР — зæххы куысты, хорты тыллæджы, бæркады бардуаг. Йæ фырт Бурхоралийы йын Батрадз амардта, æмæ хабар бæлвырддæр базоныны тыххæй, Нарты Уацамонгæйы цы къуымæл уыд, уым цæппузыры мидæг бамбæхст. Уацамонгæйы раз Батрадз бæлвырдæй загъта, Хорæлдары фырт Бурхоралийы дæр æз амардтон, зæгъгæ. Уацамонгæ, Батрадз рæстытæ кæй дзырдта, уымæ гæсгæ Хæмыцы дзыхмæ схызт, æмæ Хорæлдар Уацамонгæйы хуылфæй рагæпп ласта, оххай, мæхæдæг дæр ма нозт цæуын къуымæлимæ, зæгъгæ. Азгъордта æмæ фæлæбурдта хъæбæр хоры зæнгмæ — уæды онг ыл зади æхсæз æфсиры — æмæ йæ йæ къухæй схафта: æфсир уадзынмæ йыл нал хъавыд йæ фырты мæстæй. Уæд æм Уастырджи дзуры: «Гъæйтт, мæ бæхæн ма дзы сайæнваг уæддæр фæуадз!». Æмæ ма йыл иунæг æфсир фæуагъта Хорæлдар, иннæты сыскъуыдта.

ХОРÆХÆРЗÆ — Нарты Уæрхтæнæджы дунейы рухс. Аскъæфта йын æй Адзаты иуцæстон уæйыг, æмæ уый фыдæй ус нал куырдта. Уæрхтæнæг æм ирвæзын кæнынмæ фæсивæдимæ ацæуы, Нартæ йæ «ус æрхæсс, ус æрхæсс» куы байардтой, уæд. Уæйыг Хорæхæрзæйы хъахъхъæны къæрцхъусæй. Йæ пылыстæг сынтæгыл куы фæхуыссы, уæд дæр æй дары йæ фарсмæ,

иуварс ацæуын æй нæ уадзы. Уымæй йæ хъахъхъæнынц æфсæн дуæрттæ, æвæджиауы уасæг æмæ уæйыджы бæх. Фæлæ йæ афтæмæй дæр Уæрхтæнæг йæ фондзыссæдз нæртон æмбалимæ фервæзын кæны æмæ йæ æрхæссы Нартæм. Хорæхæрзæ Уæрхтæнæгæн ныййардта лæппу. Уыцы бон Хуры усæн та райгуырд чызг. Уыдонæн сæ амонд иу уыд.

ХОРЗ ФÆУЫНЫЛ АРХАЙД — Мæрдты бæсты иу æвзист галуаны сыгъзæрин бандæтты бадгæ Сослан федта иукъорд лæджы. Сæ раз хорз ностæй, хорз хæрдæй — йедзаг, фæлæ сæм æвналгæ нæ кæнынц. «Уыдон уæлæуыл давгæ никæмæй кодтой, — зæгъы йын Бедуха, — хорз фæуыныл куыстой, бирæ уарзтой мæгуырты æмæ сын æххуыс кодтой. Сæ разы цы хæринæгтæ ис, уыдонæн сæ уындæй æфсæст сты».

ХОР-ХОРЫ БОН — Уалдзæджы куыстыты агъоммæ бæрæгбон. Кæнынц æй, цæмæй сæ уалдзæджы куыстытæй сæ зæрдæ байрайа, мæры цы хоры гага ныппарой, уымæй фæззæг хъæздыг бæркад сисой. Уый тыххæй сæ фыдæбон рагацау бафæдзæхсынц Уациллайыл. Рæмон бон дæр ма йæ хонынц.

ХОРЧЕСКÆ — Хуры чызг, хуртæ йæ дæллагхъуыртæй худынц. Уацары уыд базырджын æвдсæрон уæйыг Хъæндзæргæсмæ. Батрадз æй суæгъд кæны æмæ йæ йæ фыд Хæмыцы бинойнаг скæны.

ХОРЫЛÆГ — зæхгуысты уалдзыгон фыццаг бæрæгбон — Хор-Хоры (Рæмон) бон-иу æхсæны куывды равзæрстой ног фысымы. Уый хуындис Хорылæг. Фынджы хистæр-иу æгъдаумæ гæсгæ къуымæлæй Стыр Хуыцау, Уастырджи, Хоры Уациллайы ном йæ ракуывды куы ссардта, уæд-иу къуымæлы къус фидæны Хорылæджы сæрыл рауагъта, цæмæй уый къух бæркадджындæр разына. Къуымæл йæ сæрыл фæйнæрдæм куыд акалд, афтæ сæ хорты тыллæг къутуты, гонты куыд нал цæуа.

ХУАРНÆ — амондхæссæг бардуаг.

ХУД ÆМÆ КÆЛМÆРЗÆН — Сослан Мæрдты бæсты иу ран фæндаджы был усы кæлмæрзæн æмæ лæджы худ хъæбысæй хæцгæ федта. Куы-иу сæ иу фæбынæй, куы — сæ иннæ. Бирæ фæхæцыдысты, стæй æппынфæстаг фæрсæй-фæрстæм æрлæууыдысты фæндагыл. «Уый та, — зæгъы Бедуха, — амоны уый, æмæ æрцæудзæн ахæм рæстæг, нæлгоймаг æмæ сылгоймаг æмбартæ кæд суыдзысты, нæлгоймаджы сæрыл кæд нал уыдзæн хъуыддаг».

ХУДАИСТÆЙ — ХУДИСТÆЙ — ирон адæммæ худ исгæ у кувæндоны бын, стæй кувгæйæ. Иронæн йе стырдæр æнкъарæн æвдисы ахæм ныхас: «Худаистæй дæ разы зоныгыл лæууын». Ома, уыйбæрц дын аргъ кæнын, аргъуц, нымд дæ кæнын æмæ дын Хуыцауæн, зæдтæн исæгау мæ худ систон, стæй æрзоныгыл кодтон.

ХУДИСÆН — кувæндон Куырттаты комы, фæндаггонтæ йыл сæхи фæдзæхстой хохæй быдырмæ æмæ быдырæй коммæ цæугæйæ.

ХУРАДАДЖЫ ХЪÆУ — ис Нарты кадджыты. Нартæй барæгæн уырдæм у æртæ бонцауы.

ХУРÆНБÆРÆГ — ирон динон уырнынадмæ гæсгæ цыфæнды сусæг фыдбылыз куы ракæнай: хъæды, хохы цъассы, кæнæ тыгъд быдыры уа, лæг куы амарай, уæд дæр дын нæ басусæг уыдзæн — Хур æй сбæрæг кæндзæн, Хуры цæст уынаг у, алцыдæр ын бæрæг у — Хурæнбæрæгæй ницы бамбæхсдзынæ. Хурæн алцыдæр бæрæг у, донæн та — сусæг.

ХУРÆРГОМ ХÆДЗАР — чызг чындзы куы ацæуы, уæд ын, кæм райгуырд æмæ бахъомыл, ныййарджыты рæвдыд кæм базыдта, уыцы хæдзар цæмæдæр гæсгæ фæуазалдæр вæййы. Цæгат дæр æй уымæн хонæм. Йæ мойы хæдзар та йын свæййы Хурæргом. Уый царды фæтк у. Царды ад зæрдæйæ æмæ зондæй уым базоны, хъæбулы ад уым бавзары, банкъары.

ХУРБАДÆН — хур хæхты фæстæ, тыгъд быдыры кæм æрныгуылы, уыцы ран хонынц Хурбадæн. Ома боны куысты фæстæ æрбады, йæ фæллад суадзы æмæ та райсомæй скæсы. Хурбадæнтæ сты зымæгæттæ æмæ сæрдыгæттæ.

ХУРВÆНДАГ — арвыл хуры фæндаг; амонды фæндаг, кувæг æй фæкуры Стыр Хуыцауæй ног чындзæн, ома, дæ ног хæдзары хур фен — рæвдыд дзы куыд уай.

ХУРГУЫДЫН — афтæ дæр хонынц Æртхуроны.

ХУРЗÆРИН — Хуры бардуаг. Хурмæ кувгæйæ ирон лæг дзуры Хурзæрины ном. Уымæй куры æхцон хуры хъарм, ууыл фæдзæхсы йæхи, цæмæй зæхх бахиза хурфæлтæрæй, хурсыгъдæй.

ХУРМÆРÆГЪАУ — таурæгъон маргъ ирон адæмон сфæлдыстады.

ХУРО — Нарты хистæртæй иу. Базæронд, фесты йæ царды райдзаст æмæ зæрдæрухсы бонтæ. Иу бон Нартæ сæ Ныхасы бауынаффæ кодтой, цæмæй ма Хуро сæ фынгыл исты зæгъа. Уый тыххæй фынгтæ æрцæттæ кодтой, дыууæ хатты хонæг барвыстой Хуромæ, фæлæ сын-иу уый загъта: «Мæ бон нæу. Мæ ацыд уын мастæй уæлдай нæ уыдзæн». Æртыккаг хатт æм æрбарвыстой уайсадæг чындзы. Ахæм хонæгæн та «нæ» зæгъын йæ сæрмæ ничи хаста Нартæй.

Нартæ Хуройы куы федтой, уæд уырдыг слæууыдысты иууылдæр æмæ йæ æрбадын кодтой уæле. Загъта сын: «Мæ уагыл нæ дæн æмæ уын уæ цин масты хай бакæнон, уый мæ нæ фæндыд». Стæй йæм Уырызмæг радта æртæ нуазæны. Фыццагæй арфæ ракодта хистæртæн, дыккагæй сидт рауагъта кæстæрты цæрæнбоны, кæстæрты арæхдзинады тыххæй. Æртыккаг сидтыл Хуро загъта: «Æз æртæ Нарты æхсæн хæларæй фæцардтæн, фæлæ уæ нæ зонын Уырызмæгæй рæдаудæр. Кæд мæм исты фарн уыдис, уæд мæнæй ацæуæд мæ амæлыны фæстæ æмæ уæд Уырызмæджы, — йæ рæбинаг дæндаг стыдта æмæ йæ фæлмæн хъуыны атыхта. Стæй зæгъы Уырызмæгæн: — Ам ис мæ фарн, мæ кад, мæ лæгдзинад. Тутыры лагъзы йæ нывæр, æмæ дын уæд тас ницæмæйуал у. Уæ дыууæ Санатайæн сæфæн нæй, æмæ Нартæ уе ‘уазæг!».

Хуро аныз та æртыккаг нуазæн дæр æмæ уый адыл йæ уд систа. Нартæ йæ кадимæ зæппадзы бавæрдтой.

ХУРХОРТÆ — Хур иудадзыг хæрам тыхты ныхмæ кæй у, уымæ гæсгæ йæм бахъав-

бахъав кæнынц бахæрынмæ. Хонынц сæ Хурхортæ. Уыдон æй бирæгъты хуызы арвыл сурынц æмæ сурынц, куы йæ баййафынц, уæд æй хæрын райдайынц, фæлæ сæ адæм сæ хъæр-хъæлæбайæ, топпы гæрæхтæй фæтæрсын кæнынц, асурынц сæ, æмæ та Хур йæ цалхы дзагæй Арвыл стулы. Хурхортæ уæлахиз куы фæкæнынц, уæд боныгон вæййы хурдалынг.

ХУРХОРЫ УАСТЫРДЖИ — кувæндон Дыгуры районы Къорайы хъæугæрон бæрзонд ран. Йæ сæрмæ ис бæрзонд рагъ. Изæрæй йæ фæстæ хур сабыргай нынныгъуылы, раст цыма йæ рагъ хæргæ фæкæны, афтæ фæзыны. Æмæ йæ уымæ гæсгæ Хурхор рахуыдтой амы цæрджытæ, йæ рæбыны Уастырджийы кувæндоны та Хурхоры Уастырджийы кувæндон. Уастырджийы фæлгонц — егъау дурыл. Скодта йæ Едзиты Сослæнбег.

ХУРЫ БЫДЫР — ис ахæм быдыр Нарты кадджыты.

ХУРЫ ТЫНТÆ — ирон адæмон сфæлдыстады Хуры тынтæ сты уæларвмæ æмæ фæстæмæ фæндаг, зонынц дзурын дæр. Семæ ныхас кæны Нарты Батрадз, йæ фыд Хæмыцы йын Сайнæг-æлдар куы амардта, уæд æй бафæндыд, марæг чи у, уымæй Хуыцауы бафæрсын. Уый тыххæй Хуры тынтæй куры, цæмæй йæ уæларвмæ Хуыцаумæ сæ уæлæ цæуын бауадзой. Фæлæ сын Хур нæ радта уыцы бар. Иу таурæгъы та сыл хуыссæнтæ аппарынц, æмæ сæ уромынц, зæхмæ хауын сæ нæ уадзынц.

ХУЫДЖЫРЫ — Æфсатийы кæстæр æфсымæр, æрсыты æмæ хъæддаг хуыты бардуаг.

ХУЫЙÆНДОН-ÆЛДАР — кæс: Кæфты-Сæр-Хуыйæндон-æлдар.

ХУЫМБАР — Нарты стыр Хуымбар — афтæ хоны кадæггæнæг уæздан æмæ хæларзæрдæ гутондары. Нартæ æнæввæрсон рæсугъд чызг Тизмудæйы цæстмæ æгæнон симды бацыдысты, фæлæ сæм уый йæ рудзынгæй дæр нæ ракаст. Уæд ма сæ зæрдæ гутондар стыр Хуымбарыл дардтой. Уый уæд сæдæ гутонæй хуым кодта. Барвыстой йæм, æмæ сæм уый дæр йæ дыууæ уæхскыл сæдæ æфсæны æмæ сæдæ дзыргъаимæ æрбацыд. Афтæмæй симды рацыд. Йæхи куы сцагъта, уæд сæдæ æфсæны æмæ сæдæ дзыргъайы сæдæ æвзагæй суасыдысты. Тизмудæ уый куы фехъуыста, уæд нал фæлæууыд æмæ йæ мæсыгæй æрхызти симдмæ.

ХУЫМГÆНÆНЫ МÆЙ — уалдзæг бирæвæрсыгæй разыны апрелы, йе ‘ппæт хъаруйæ базмæлы æрдз: зайæгойæ, цæрæгойæ. Сабухы адæймаджы зæрдæйы дæр. Уымæ гæсгæ йæ ном баст у бердзенты мифологийы уарзондзинады æмæ сылгоймаджы рæсугъддзинады сылгоймаг бардуаг Афродитæимæ. Ирон адæм та йыл сæвæрдтой — Хуымгæнæны мæй, кæнæ Дзывырдарæнты мæй. Дзывыр — рагон чысыл хъæдын гутон. Фæлтæхæн цъиу дзывылдары ном дæр равзæрд ацы дзырдæй. Дзывыл (р) +дар. Уымæн æмæ-иу уалдзæджы ацы чысыл æмæ рæсугъд маргъ йæ къæдзил тилгæ доны был иу дурæй иннæмæ рог гæппытæ кæнгæйæ куы федтой, уæд уый æрдзон уагæй нысан кодта: дзывыр дарыны афон æрхæццæ.

Гутон куы фæзынд, уæд ацы мæйыл хорз сбадт ном Хуымгæнæны мæй. Хуымгæнæнты райдайæн стыр бæрæгбон уыдис ирон адæмæн. Сæхи йæм цæттæ кодтой Тутыры бонæй фæстæмæ. Тутырты-иу нæлгоймæгтæ хъæдмæ ацыдысты æфсондзæгтæн, тæбынгæгтæн, адæгæгтæн хъæдæрмæг кæнынмæ. Æрластой-иу сæ, æрцæттæ-иу сæ кодтой, хуымгæнæнты цæды галты бæрзæйтыл хорз куыд бадтаиккой, афтæ. Фыццаг ауæдз цы галтæ хъуамæ акодтаиккой, уыдоны аив кодтой алыхуызон, сæ къæдзилтыл, сыкъатыл-иу сын бакодтой сырх хæцъилы уадздзæгтæ. Хуымонтæ-иу уыдысты нæлгоймæгтæ. Сылгоймæгты уыцы бон хæдзары мимæ не ‘вдæлд, бæрæгбоны фынг уыд сæ сагъæс. Хуымгæнæнты фыццаг бон бирæ бакусынмæ нæ тырныдтой, фæссихоры рæстæг-иу арвыстой дзаджджын фынгтыл, бæрæгбоны куыд æмбæлы, афтæ хъæлдзæгæй.

ХУЫМИДИАН — уалдзыгон бæрæгбон хуым кæныны райдайæны. Фыццаг ауæдзы бæрæгбон. Ирон адæймагæн йæ алы ми дæр табуйаг уыд, æмæ цæмæй фæрæстмæ уа, уый тыххæй-иу раздæр Стыр Хуыцаумæ, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытæм скуывта, йæ хъуыддаг-иу сыл бафæдзæхста. Афтæ уыд хуымы фыццаг ауæдз акæныны размæ бæрæгбон Хуымидианы дæр.

ХУЫМИЛИАГ — бæрæгбоны чъирийаг æвзæрст хор. Уымæй дæр буц кодтой, бæрæгбон кæй номыл уыд, уыцы зæд кæнæ дуаджы.

ХУЫН — цины æмæ зæрдæйы хорздзинады æгъдау: æртæ хæбизджыны, æртæ фæрсчы кæнæ карчы мард, нозт æмæ лæвæрттæ. Хуынтæй æппæты кадджындæр у, ног чындзы фæстæ дыккаг бон йæ цæгат кæй æрбахæссынц, уый, стæй ноггуырд лæппуйы кæхц. Хуын æрвитынц фысымтæ, хæсгæ та йæ кæнынц хуындзæуттæ. Уыдонæн вæййы нæлгоймаг хистæр æмæ сылгоймаг хистæр хуындзау. Нæлгоймаг æгъдау дæтты нæлгоймæгты фынгыл, стæй — æфсинты раз, сылгоймаг та дзуапп дæтты хуынтыл. Уый йæ байгом кæны, радты йæ.

Вæййы арфæйы, æгъдауы, бузныг зæгъыны хуынтæ дæр. Уыдон иууылдæр цæуынц адæймаджы зæрдæйы хорзæхæй. Искæмæн дæ арфæ ракæнын кæнæ бузныг зæгъын куы фæнда, уæд уый хуыны фæрцы бакæнæн ис, кæнæ дæ искæмæ дæ хæстæгдзинады ахаст равдисын фæнды, уæд йæ хуыздæр хос у æгъдауы хуын. Ахæм хуынтæн хуындзæуттæ нæ вæййы.

ХУЫНД АДÆМ — куывдмæ, чындзæхсæвмæ бинонты хуындмæ гæсгæ чи æрбацæуы, уыдон иууылдæр сты Хуынд адæм, циныл цингæнæг, æгъдаудæттæг адæм.

ХУЫНДÆДЖЫ БАДÆГ — моймæдзыд сылгоймаг-иу йæ цæгатмæ бирæ рæстæджы æмгъуыдмæ куы ацыд, уæд уый хуыдтой Хуындæджы бадæг. Ахæм æгъдау фылдæр хатт кодтой, лæппу-иу кæмæн райгуырд, уыцы сылгоймæгтæ. Æмæ-иу æрбаздæхтысты Кæхцгæнæнты афон кæхцимæ. Хуындæджы бадæг сылгоймаг йæ цæгаты уыд уазæджы бынаты, тынг ыл аудыдтой, иууылдæр æй рæвдыдтой, куыст дзы нæ домдтой. Æрмæстдæр каст йæ сывæллонмæ, уыцы хæс дæр фылдæр æххæст кодтой бинонты æмæ сыхы кæстæртæ. Йæхæдæг фылдæр уыд

сæрибар. Уымæ гæсгæ баззад ахæм ныхас: «Хуындæджы бадæг дæ, цæуылнæ исты кусыс?».

ХУЫРХГÆС — хæндыггæс дæр ма йæ хонынц. Æфсинæн йæ хæндыджы цыхтытæ иугай хæрд æмæ лæвæрд куы фæвæййынц, уæд ма дзы æнæмæнг ныууадзы иу — фæстаг цыхт. Уымæ бавналыны сахат дæр ыл куы скæна, уæд дæр æй æнæхъæнæй нæ сисы. Цавæр æгъдауы хъуыддаджы бахауы, уымæ гæсгæ йын æрлыг кæны: кæнæ йе ‘мбис, йæ цыппæрæм хай æмæ афтæ дарддæр. Хæндыджы, хуырхы ма дзы æнæмæнг хъуамæ баззайа йæ кæцыдæр хай Хуырхгæс кæнæ Хæндыггæсæй. Цæмæй дзы уа бæркад, стæй хуырх йæ ад æмæ миниуæг ма фесафа.

ХУЫСАР ХЪУЫМАЦ — зæлдаг хъуымацы хуыз, хорз, рæсугъд æмæ зынаргъ.

ХУЫССÆГ — ирон адæмон сфæлдыстады æвдыст цæуы удгоймаджы хуызæн. Уый Нарты кадджыты у бардуæгты æмбал æмæ Сырдонимæ хæснаджы уыдонæй разыны дæсныдæр. Уый фæрцы рамбулынц.

ХУЫХУЫЛТЫ МАРДÆХСÆВÆР — æбæрæг адæмы, хæдзарвæндаджы дзуринагæн баззайгæ (мæрдæхсæвæр).

ХУЫЦАУ. ИУНÆГ СТЫР ХУЫЦАУ — ирон адæм æнусты дæргъы мингай азты табу кæны, кувы æмæ нымдгæнгæ царды хорздзинæдтæ куры Дунескæнæг Иунæг Стыр Хуыцауæй. Ирон адæмы зонды раджы ныффидар, чырыстон, пысылмон дин нæ, фæлæ ма иннæ рагондæр динтæ дæр куы нæма уыдысты, уæд дæр, Хуыцау иунæг кæй у, уый. Æвæццæгæн, мин азты размæ уыцы хъуыдыйыл Заратустра ариаг адæмты куы бауурæндын кодта, уæдæй нырмæ. Афтæмæй нын нæ дин, нæ ирон дин муртак чи хуыдта æмæ хоны, уыдон ахъаззаг рæдийынц. Хуыцау ирон мифологийы у æппæт рафæлдисæг æмæ ис æппæты сæргъы.

Зæххыл цыдæриддæр цæуы, уыдон иууылдæр — Хуыцауы фæндонæй. Уый сфæлдыста зæхх, дон, уæлдæф æмæ адæймаджы дæр. Уыимæ схæцын йæ ныфс ничи хæссы, ничи йыл фæуæлахиз уыдзæн. «Батрадз зæдтæ æмæ дауджытæн се ‘гасыл дæр тых уыд, — загъд ис Нарты кадджыты, — Хур æмæ Хуыцауæй фæстæмæ». Йæ ныхмæ чысыл фæлæууын дæр нæ бафæрæзта Даредзанты Амран. Нæ йыл фæтых сты Нартæ дæр иумæ æмæ «фыдвæды бæсты равзæрстой æвæд».

Дунескæнæг Иунæг Стыр Хуыцау, Дунераттæг, Дунеуромæг æмæ ахæм æндæр гуырахстджын дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæй хонынц ирон адæм Хуыцауы. Алцыдæр йæ бон у, зæдтæй йæм алчидæр хъусы, дауджытæ дзы стъæлфынц. Бердзенты мифологийы Зевс куыд у, афтæ æнæ Хуыцауы барвæндæй дзы стыр хъуыддаг бакæнын йæ бон никæмæн у. Фæлæ уый Зевсау ирон Олимп — Уазайы цъуппыл зæдтимæ нæ бады. Ис бæрзонд уæларвы, æвдæм уаларвы. Уырдыгæй æврæгъты сæрты дæр йæ цæст дары Зæхмæ, адæмы цардмæ æмæ йæм ивддзинæдтæ хæссы. Адæмæн цæрæнбон, хъысмæттæ æмæ амæндтæ уары. Алцыдæр уыны æмæ зоны: хæрзиуæг кæмæн дæттын хъæуы, æфхæринаг чи у. Уымæ гæсгæ Хуыцауыл æууæндæг алы ирон дæр йæхи хъахъхъæны йæ

фыдæхæй. Æнæнхъæлæджы куы фæрæдийы, уæд уайтагъд йæхи араст кæны ахæм ныхæстæй: «Хуыцау, бахатыр мын кæн мæ рæдыд, зонгæ-зонын æй нæ бакодтон». Кæнæ: «Нæзонæджы хатыр мын бакæн».

Хуыцау хæрзгæнæджы дæр уыны æмæ фыдгæнæджы дæр. Фыдгæнæджы тæригъæд, дам, æртæ фæлтæрмæ хæссы. Уый тыххæй ирон адæм афтæ фæзæгъынц: «Хуыцау тагъд нæ кæны, галуæрдоны цæуы. Абон куынæ уа, райсом æй уæддæр баййафдзæн йæ фыдæх». Хуыцауæн ныхмæвæрд тых Зæххыл ис дæлимонмæ. Уый йын сайы йе сконд адæмы рæдыд фæндагмæ. Æргомæй йæ бон ницы у, стæй йæ тых æвдисын дæр нæ уæнды, фæлæ йæ сусæг зджилæнтæй адæмы зонд хæццæ кæны. «Дæлимоны хай фæу», зæгъгæ, ахæм æлгъыст хуымæтæджы нæй ирæттæм.

«Хуыцау æгъатыр у, кæмæн цы хъæуы, уый зоны», — фæзæгъынц ирон адæм. Хуыцауы фыдæхæй карздæр ницы ис Зæххыл. Адæмæн хæрзиуæг кæны зæдтæ æмæ дауджыты æххуысæй, æфхæргæ дæр — уыдоны фæрцы. Фæлæ йæм дзы æнæхонгæ иу дæр нæ цæуы. Æрмæст Уастырджийæн ис бар, куыд фæзæгъынц, æнæбахойгæйæ Хуыцауы дуарæй бахизын. Уастырджи у Хуыцау æмæ ирон адæмы ‘хсæн дыууæрдæм минæвар. Уый рарвиты зæххон хабæрттæ бæлвырдæй базонынмæ, адæмы бафæрсынмæ, мæгуыræн фехъуысмæ, фыдгæнæджы бафхæрынмæ. Æрмæст иунæг хатт Нартмæ йæ минæвар у зæрватыкк (Кадæг «Нарты сæфт»). Ацы кадæджы: «Хуыцау смæсты ис (Нартæм) æмæ сæм Уастырджийы рарвыста, æмæ сæ Уастырджи ралгъыста: «Уæ боны куыст иу голладжы дзагæй фылдæр ма кæнæд!»».

Хуыцауы никуы ничи федта. Зæхмæ искуы æрцыд, уый никуы загъд ис ирон адæмон сфæлдыстады. Æрмæст иу таурæгъ «Амран æмæ цуанон»-ы зæххон лæг Амран фены Хуыцауы, йе стыр мады мады æфсымæры. Се ‘хсæн рауайы ныхас дæр. Тызмæг, быцæу ныхас цыд Амраны ‘рдыгæй.

Уæд æм Хуыцау фæхудти:

– Амран, мемæ хæцынæн ницы скæндзынæ ды.

Хуыцау æм ехс раппæрста æмæ дзуры Амранмæ:

– Уæдæ ма мæм гъе уый сдæтт.

Амран æрæвнæлдта ехсмæ æмæ йæ змæлын дæр нæ фæкодта.

Хуыцау æм фæмæсты æмæ йæ дзуæрттæн Уæрсæджы хохыл бабæттын кодта.

Ирон адæмау Нартæ дæр нæлгоймагæй, сылгоймагæй сæхи фæдзæхсынц Иунæг Стыр Хуыцауыл. Сатана йæхæдæг уа, Нартæ, зындзинады куы бахауынц, уæд уайтагъд æртæ мыдамæсты ракæны, уæлвонг ранмæ ссæуы æмæ Хуыцаумæ скувы. Йæхи йын зындоны цады æппарынвæнд куы скæнынц, уæд та ныццыди доны былмæ æмæ сбадт, Сослан цы дурæй райгуырдис, ууыл æмæ скуывта: «Хуыцау, ахæм маргъ ратæхын кæн, æмæ мын Сосланмæ мæ ныхас чи фæхæццæ кæна!». Йæ курдиат ын кæдфæнды дæр сæххæст кæны Хуыцау.

Хуыцау Нарты кадджыты, Даредзанты таурæгъты æмæ æппæт ирон

адæмон сфæлдыстады дæр у иу дæр нæ, фæлæ Иунæг, Дунескæнæг, Дунейыл йæ армдарæг, Иунæг Стыр. Ахæм миниуджытæ, гæнæнтæ, хæстæ нæдæр иу зæдмæ хауынц, нæдæр иу дуагмæ. Уæд æй иуæй-иу хатт цымæ Хуыцæутты Хуыцау цæмæн фæхонынц? Уымæй йын ирон адæм йæ кад, намыс æмæ стырдзинад бæрзонддæр сисынмæ фæхъавынц. Ома, æппæт зæдтæ æмæ дауджытæ уый дæлбар сты, уый цы сфæнд кæна, уымæн аивæн нал ис, йæ зонд, йæ хъару æппæтыл дæр тых у, æппæтыл дæр æххæссы. Ахæм хуызы ма дзурынц æрмæст Хурзæринмæ: Хурты Хурзæрин. Хур иу кæй у, уый та нын цас æнæбæрæг у. Алы бон дæр æй куы уынæм. Дзырдбæстытæ Хуыцæутты Хуыцау, Хурты Хурзæрин сты сæ уаздзинад сын тынгдæр равдисыны охыл. Хуыцау æмæ Хурзæрин, стæй та Уастырджи сты ирон дины сæйрагдæртæ. Фæстаг дыууæйыл дæр цæуы æрмæстдæр Хуыцауы бар. Хуыцау у иунæг. Алы адæмтæ йæ хонынц алыхуызон нæмттæй, фæлæ сæ кувын, сæ курдиат цæуы иу ранмæ, адæм хохы цъупмæ алырдыгæй куыд хизой, афтæ, æмæ уый чи нæ æмбары, уый та ис дæлимоны ахæсты, æмæ йæм иннæ адæммæ цы фыдæхы зонд ис, уымæн хъомыс ма уæд!

Дуне Хуыцау рафæлдыста. Алцыдæр Хуыцауæй аразгæ у. Хуыцауы цæст уынаг у. Хуыцауы æваст ницы ис. Æнæ Хуыцауæй цæрæн нæй. Нæ цард æгасæй дæр Хуыцауы къухы ис. Дзуæрттæ дæр Хуыцауы сты. Хуыцауы дзырдтыл дыууæ зæгъæн нæй. Æмбал кæмæн нæй, уый у Иунæг Кадджын Стыр Хуыцау, йæ хорзæх уæ уæд! — ахæм хъуыдытæ бæттынц Хуыцауимæ ирон адæм.

ХУЫЦАУ ЗÆГЪÆД — хистæр цины фынгыл куы фæкувы, уæд ын кæстæртæ хъæрæй «Оммен!» кæнынц, зианы фынгыл бинонты, æрцæуæг адæмы, сыхбæсты, кæстæрты Хуыцауыл куы фæфæдзæхсы, уæд та йын, хæстæг æм чи бады, уыдон сабырæй бакæнынц: «Хуыцау зæгъæд», рухсытæ кæнгæйæ та: «Рухсаг уæд».

ХУЫЦАУЫ АУУОН — афтæ хонынц Хуры адæмон сфæлдыстады.

ХУЫЦАУЫ ÆРТÆ ЦÆСГОМЫ — афтæ хонын Æртæ иууоны: фыд Хуыцау, Фырт æмæ Сыгъдæг Уды ирон чырыстæттæ.

ХУЫЦАУЫ ÆРТÆ ЦÆССЫДЖЫ — Нарты кадджыты Батрадзы зæдтæ æмæ дауджытæ, Хуыцауы зондæй, Хуры æххуысæй Хæзмы быдыры куы амардтой, уæд сын уæларв Софиайы зæппадзмæ бахæссын мардæй дæр нæ куымдта: сæр размæ-иу æй куы фæцæйхастой, уæд-иу йæ рæмбынкъæдзтæ ныббыцæу кодта зæппадзы дуармæ, йæ къæхтæ размæйæ та — йæ къæхтæ. Зæдтæ æмæ дауджытæ хъуыддаг Хуыцауæн куы радзырдтой, уæд сын уый загъта:

– Уый мæнæй лæвар агуры.

Æмæ йыл æртæ цæссыджы æрæппæрста Хуыцау. Уыйадыл зæдтæ æмæ дауджытæн Батрадз Софиайы зæппадзмæ бахæссын бакуымдта, æмæ йæ уым бавæрдтой. Хуыцауы æртæ цæссыджы та кæм æрхаудтой, уым фестади æртæ кувæндоны: Таранджелос, Мыкалгабыртæ æмæ Реком. Таранджелос ис Тырсыгомы, Мыкалгабыртæ — Уæлладжыры, Реком та — Цъæйы.

ХУЫЦАУЫ БЫДЫР — Нарты Хæмыцы фырт Батрадз фæцыд Хуыцауы быдыр агурæг. Ссардта йæ, рахаста дзы Хуыцауы сконд чызджы æмæ йæ Нартæм æрбафардæг кодта.

ХУЫЦАУЫ ДЗУАР — Хуыцаумæ кувæндон, æвæццæгæн, Ирыстоны алы комы дæр ис. Сæ зындгонддæртæ сты Дæргъæвсы, Ходы æмæ Туалгомы. Фылдæр рæтты дзы Стыр Хуыцаумæ фæкувынц Кæхцгæнæнты хæдфæстæ хуыцаубоны. Уæд вæййы Хуыцауы дзуары бæрæгбон.

Ирæттæ раздæр кувæндæттæ арæзтой æвæджиау, æнæрцæугæ цау, нывиу кæм федтой, зæд æрбадгæ-иу кæм бафиппайдтой, ахæм уæлвонг рæтты. Æмæ сæ-иу рахуыдтой, зæд кæй кувæндоны æрдыгæй æрбатæхгæ федтой, уый номæй. Зæгъæм, Уациллайы, Алардыйы, Уастырджийы æмæ иннæты номыл. Уæларвæй æртæхгæ зæд æрбадгæ-иу кæм бафиппайдтой, уым та кувæндон кодтой Хуыцауы номыл. Ома дзы цы зæд æрбадт, уый Хуыцауæй æрвыст уыд, æмæ йæм цæмæй зæрдиагдæрæй кувæм, уый тыххæй нын уыцы бынаты йæ номыл кувæндон кæнын кæны.

Хуыцауы кувæндоны (дзуары) бын кувæг адæм йæ бæрæгбоны фæкувынц Стыр Хуыцаумæ, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытæм. Уый тыххæй скæнынц бæгæны, æртæдзыхонтæ, акæнынц нывонд кусæрттæ. Æрцæттæ кæнынц алыхуызон ноздытæ, хæринæгтæ æмæ скæнынц хъæугуывд.

ХУЫЦАУЫ КÆРТ — Хуыцауæн уæларвы ис хæдзар æмæ кæрт дæр. Борæйы фондз минæвары дæр, Арвы дуар сын куы байгом, уæд Арвы асинтыл Зæрин цурхъыты æххуысæй Хуыцауы кæртмæ ссыдысты Хуыцауы хæрæфырты курынмæ.

ХУЫЦАУЫ КОМЫ ТÆФ — курдиатджын адæймагæй ирон адæм фæзæгъынц: «Хуыцауы комы тæф æм фæхæццæ». Ома, Хуыцауæй лæвæрд ын у.

ХУЫЦАУЫ СКОНД — Хуыцауысконд фæзæгъынц хорз, рæстаг, рæдау, адæмы уарзон адæймагæй. Стæй æрдзы рæсугъддзинæдтæй. Ирон дины уырнынадмæ гæсгæ Зæххыл цыдæриддæр хорзæй ис, уыдон сты Хуыцауы фæрцы. Иннæтæ та сты хæрам тыхты зджилæнтæ, æртхъирæнтæ, фыдгæндтæ.

ХУЫЦАУЫ ТÆРХОН — Нартæн сæ хуыздæртæ зæдтæ æмæ дауджыты къухæй Хуыцауы æххуысæй куы фæмард сты, уæд æм тынг смæсты сты, хæстмæ йæм фæсидтысты. Уымæй уæлдай ма сыл бахъаст кодтой зæдтæ æмæ дауджытæ дæр. Хуыцау зæдтæ æмæ дауджыты æрæмбырд кодта æмæ сын загъта:

«Мæ фыдæх æмæ мæ тыхджын азар
Ныр Нарты ныхмæ æз сараздзынæн.
Фæлæ уыдонæн сæ сыскъуынынæн
Уæхæдæг дæр уал фаг, æгъгъæд стут.

Æмæ сыл сардыдта Хуры, Рыны бардуаджы, Хоры бардуаджы, стæй Тутыры, цæмæй сæ æнæдонæй, стонг æмæ рынæй сыскъуыйын кæной.

ХУЫЦАУЫ ФÆТКЪУЫ — Нарты Къандз мулкджын лæг уыди, фæлæ йын Хуыцау цот нæ радта. Иуахæмы Къандз æнæ цотæй афтæ сфæлмæцыд æмæ Хуыцауы фыддæрадæн йæ мулк басудзын сфæнд кодта. Хус сындзджын

суг иу майрæмбонæй иннæ майрæмбонмæ фембырд кодта. Йæ фос æмæ бæхрæгъæуттæ йе стыр кæртмæ æрбатардта, сындзджын сугæй сын сæ алыварс æрæхгæдта æмæ сыл арт бандзæрста. Сæ дзидзайы сыгъдон тæф Хуыцаумæ схæццæ, æмæ уый фæдисы Нартмæ рарвыста, цы хабар у, уый базонут, зæгъгæ.

Хуыцаумæ хабар куы схастой, уæд сæм иу фæткъуы радта æмæ сын загъта: «Ацæут æмæ йæ Къандзæн радтут æмæ йын зæгъут, ацы фæткъуыйы æппытæй иу йæ усæн бахæрын кæнæд, æмæ йын лæппу райгуырдзæн». Къандз æцæгдæр афтæ бакодта, æмæ йын йæ ус фырт ныййардта. Ном ыл сæвæрдтой Сæууай. Ахæм тых æмæ фарн æфтыд ис Хуыцауы фæткъуыйыл. Алыты Алымбеджы кадæджы та Хуыцауы фæткъуыйы руаджы йæ чызг лæппу фесты.

ХУЫЦАУЫ ХÆДЗАР — ис æвдæм уæларвы. Уырдæм æм тæхы йæ цумагæнæг сау зæрватыкк. Фат-фæдис æм Нартæ куы фехстой, уæд:

Арвы нæрынау нæргæ ыстахтис,
Æмæ Хуыцауæн йæ уæлкъæсæры
Гъе уыцы тахтæй уый арф ныссагъди.
Хуыцауы хæдзар сæ фаты цæфæй
Æмриз ныррызти йæ тæккæ бынæй.

ХЫЗ — Челæхсæртæджы фыд. Нарты сыхаг, хъæздыг æмæ тыхджын сыхаг.

ХЫЗИСÆГ — ног чындзы йæ ныййарджыты хæдзарæй, кæм схъомыл, уырдыгæй йæ йæ кæнгæ æфсымæртæ: къухылхæцæг æмæ æмдзуарджын, йæ мойы хæдзармæ кад æмæ радимæ куы æрбакæнынц, уæд ын æртыккаг æфсымæр та сваæйы, йæ хыз ын чи сисы, йæ ног цæрæн бынаты бардуагмæ йын йæ цæсгом чи равдисы, уый — йæ хызисæг æрыгон лæппу.

ХЫЗЫ ФЫРТ ЧЕЛÆХСÆРТÆГ — Хызимæ Нарты кадджыты бирæ дзырдбæстытæ ис: Хызы фидар (Батрадз æй басаста), Хызы быдыр у Нартæн сæ хæцæн бынат. Хызы æфцæг. Хызæн ис æлдар дæр, фæлæ сæ сæйрагдæр у Челæхсæртæг. Цæры Хызы фидары бæрзонд хохыл, ис ын кæнгæ базыртæ, æмæ дæлæмæ ратæхы. Челæхсæртæджы чызг Бедухайы Сослан авд азы фæкуырдта, фæлæ йын æй йæ фыд нæ лæвæрдта. Нæ йын æй радта, Алæгаты стыр куывды йын æй кафыны ерысы куы рамбылдта, уæд дæр. Æмæ йæм Сослан æфсадимæ Хызы фидармæ балæбурдта. Хæсты Челæхсæртæгæн Сослан цирхъæй йæ сæры фахс æрдавта. Хызы фырт уæларвмæ Куырдалæгонмæ ссыд, æрхуы сæры фахс скæнын кодта, æмæ йæ Куырдалæгон фæрсы: «Æз æдде зæгæлтæ бахойдзынæн, фæлæ сæ мидæгæй та чи фæцъула кæндзæн?». «Мидæгæй сæ мæхи бар уадз, ды-иу æдде зæгæл куы бахойай, уæд-иу æз схуыфдзынæн, æмæ зæгæлтæ афтæмæй мидæгæй фæстæмæ тасдзысты». Сæ хæцæн бон та куы æрцыд, уæд Сослан Хуыцаумæ скуывта, цæмæй ахæм хур скæна, æмæ цæгæр сæр тъæппытæ куыд хауа, æрхуы сæр зынг куыд кæна. Æрцыд йæ куывд, æмæ Хызы фырт Челæхсæртæгæн йе ‘рхуы сæры фахс сзынг ис, æмæ йын йæ сæры

магъз басыгъта. Афтæмæй уыцы ран амард.

Хызы фырт Челæхсæртæг Нартимæ хæларæй цард, фæлæ йыл æууæнк нæ уыд, йæ дзырдæн хицау нæ уыд. Арæхдзау Нарты куывдæй тæргайæ куы ацыд, уæд дæр йæ раздахыны тыххæй Сосланæн Бедуха-рæсугъдæй зæрдæ бавæрдта æмæ йæ фæсайдта.

Арæхдзауæн та зынæввæрсонæй зæгъы: «Куыдзы хъæвдын, дæ кæфы смаг калгæ ардæм цы ссыдтæ».

ХЫЛЫЧЪИ — мæсыгамайджыты, сисамайджыты, аразджыты бардуаг. Мæсыгæн, хæдзарæн бындур æрæвæрыны размæ-иу фыццагдæр сæхи бафæдзæхстой Хылычъийыл. Амондджын æмæ фидар мæсыг кæнæ бæстыхай куыд уа.

ХЫНЦЪЫЛЫ-МЫНЦЪЫЛЫ — хæйрæджы ном.

– ХЪ –

ХЪАБАХЪ — раздæр-иу марды номыл мысанмæ æхсынæй скодтой ерыстæ. Мысан-иу цы даргъ хъилыл бакодтой, уый хуыдтой Хъабахъ, милмæ та-иу æрæвæрдтой чысыл фыййаг цъоз, кæнæ нымæты гæбаз. Хъабахъыл-иу æй бæрзонд æрфидар кодтой. Кадæг «Тотрадз æмæ Сослан»-ы загъд ис, зæгъгæ, Мæрдты бæсты Тотрадз æмæ Сосланы хæстмæ æрæмбырд уыдзысты: Хъабахъ кæмæн уыд, уый йæ Хъабахъæй кæсдзæн, цырт кæмæн уыд, уый-йæ цыртæй, дугъ кæмæн уыд, уый — йæ бæхы рагъæй.

Хъабахъ-иу ныссагътой иутæ мардæн йæ ныгæнæн бон, иннæтæ — дугътæ-иу ын куы уагътой, уæд. Дугъты рæстæг-иу æвæрд уыд хъæуы кæрон, æмæ йæм чи куыд хæццæ кодта, афтæ йæ æхста. Дзуринагæн баззад Чехойты дугъ. Уæд разæй чи цыд, уый милмæ æхсыныл куыд фæци, афтæ бæх йæхи Хъабахъыл скъуырдта, æмæ бæх дæр афæлдæхт, æмæ барæг дæр. Фæсте сæм иннæтæ дæр æввахс уыдысты, æрбаййæфтой сæ æмæ сыл уыдон дæр ныккалдысты. Бæхæй, барæгæй сæмхæццæ сты, æмæ ныр алыхуызон адæмы иумæ куы фенынц, уæд фæзæгъынц: Чехойты дугъæттау схæццæ сты.

ХЪАЗÆН ФÆЗ — Нарты фæсивæд дзы сæ арæхстдзинæдтæ æвдыстой хæцæнгарзимæ, бæхтыл дугъы, стæй аивады.

ХЪАЙМÆТ — дунейы сæфт. Ирон адæмон сфæлдыстадмæ гæсгæ, уыд артæй Хъаймæт, стæй та — донæй Хъаймæт. Адæм, цæрæгойтæ, зайæгойтæ дзы фесæфынц, фæлæ та Хуыцауы фæрцы сног вæййынц.

ХЪАЙМÆТЫ БОН — Хъаймæты рæстæг. Уый куы ‘рлæууа, уæд уымæй хъизæмардæр æмæ фыддæр ницы ис. Хуымæтæг адæмы дзы тæрсын кæнынц цæстфæлдахджытæ, цæстфæливджытæ.

ХЪАЙТАР ÆМÆ БИТАР — Нарты нæрæмон Сосланы фырттæ.

ХЪАМБАР — нæртон зондджын лæг. Уый зæгъы Нарты æмбырды: «О, фæсивæд, ахæм æмбисæндтæ ныууадзæм æмæ фæстагæттæн хъуыдыйаг куыд уой».

ХЪАМБУЛ УÆРАГ — фидар уæраг. Æхсæртæггатæ уыдысты хъамбул уæраг.

Уырызмæг æмæ Хæмыц сæ дада Уæрхæджы куы ссардтой, уæд сæ уый йæ къухы уырзтæй радгай æрæсгæрста æмæ загъта: «Уе стæджы хъæд æцæг махæй у». Æмæ сыл уæд бауæндыд.

ХЪАН — рагзаманы-иу иу мыггаг суанг æндæр адæмыхаттæй дæр лæппу хъомыл кæнынмæ, хорз æгъдæуттыл сахуыр кæнынмæ, хæстон хъуыддæгтæ, хæцæнгарзимæ архайын базонынмæ, нæлгоймаджы куыстытыл фæцалх кæнынмæ радта иннæ мыггаджы хæдзармæ. Хъанæн кæд йæ хъомыладон хæстæ бирæ æмæ бæрнон уыдысты, уæддæр æй тынг буц дардтой бинонтæ. Къостайы æмдзæвгæ «Цъиу æмæ сывæллæтты» сывæллæттæ цъиуæн хуымæтæджы нæ зæгъынц: «Нæй, нæй! Ма тæрс, махмæ ды хъаны цард кæндзынæ». Хъаны лæппу-иу йæ ныййарджытæй сывæллонæй рацыд æмæ-иу сæм лæджы бындзæфхадæй æрбаздæхт. Уыимæ æнгом баста дыууæ мыггаджы кæрæдзиуыл. Уый уæлдай ахадгæдæр уыд, хъан-иу æндæр адæмыхаттæй куы уыд, уæд. Дыууæ адæмы æхсæн хæлардзинад тыдта.

ХЪАНДЗАЛСÆФТÆГ БÆХ — фидар æндонсæфтæг бæх кадджыты.

ХЪАНДЗАЛ БАЗЫРТÆ — æвдсæрон уæйыг Хъæндзæргæсмæ ис Хъандзал базыртæ. Уыдоныл тæхы, цыдæриддæр сыл аваæрай, уый хæхты, хъæдты сæрты ахæссынц, кæдæм дæ фæнды, уырдæм.

ХЪАНДЗАЛДЖЫН ТУЛÆГ — Нарты Батрадзы ус Акула-рæсугъдмæ уыдис Хъандзалджын тулæг. Уырызмæг æй Агуыры æфсæдтæй куы фæтæрсын кæны, уæд йæ æмбæрзт Хъандзалджын тулæджы æхсæз бæхы аифтындзын кодта, йæ хæзнатæ йемæ рафснайдта æмæ араст ис Уырызмæгимæ. Акула-рæсугъд æхгæд тулæджы рудзгуытæ йæхиуыл æхгæдæй дардта, афтæмæй Батрадзæн йæ æрцыдмæ къахæй-къухмæ фæлыст сцæттæ кодта.

ХЪАРАБОГЪЛЫ — Хъараман-паддзахы фырт. Нывмæ гæсгæ бауарзта Æстдæс уæйыджы кæстæр хойы, æмæ йæ къухы бафты йе ссаргæ æфсымæр Астаногъылы хъаруйы, зонды фæрцы.

ХЪАРА-ДЕНДЖЫЗ — Сау денджыз. Борæтæ сæ зæронд мæрдтæн кады хисты бон дугътæ рауагътой Ахъ-денджыз (Азовы денджыз) æмæ Хъара-денджызы (Сау денджызы) астæу сакъадахæй Нарты Хъазæн фæзмæ.

ХЪАРАМАН — Даредзантæй; дзурын нæма зыдта, афтæмæй дуармæ рацыд, æмæ йæ авд æфсымæр уæйгуытæй иу ахаста. Уæйгуытæ йæ сæхицæн хъæбулы хъомыл кодтой. Куы бадынджыр, уæд ахæм тыхджын ссис, æмæ дзы уæйгуытæ сæ хæдзарæй фæлыгъдысты — исты фыдбылыз нын куы скæнайы тасæй. Хъараман цæры уæйгуыты æхсæн уæйгуыты калачы æмæ æмбары, уыдоны хуызæн кæй нæу, уый. Мæсты сæм кæны, схæцид семæ, фæлæ йæ тых нæ зоны æмæ тæрсы, куы нæ сыл фæтых уа. Уæд бавдæлд æмæ быдыры цы фос хызт, уыдонæй фондз æмæ ссæдз галы æрбаргæвста, астыгъта сæ. Уæйгуытæй фынддæсмæ æххуысмæ фæдзырдта галты цæрмттæй бæхахсæн бæндæн сбийынмæ. Куы йæ сбыдтой, уæд æй аивазæм, зæгъгæ, уæйгуыты фынддæсæй иуæрдыгæй ныххæцын кодта, йæхæдæг та — иннæрдыгæй. Фæйнæрдæм

куы ахæцыдысты, уæд Хъараман фынддæс уæйыджы йæхимæ рæуæгæй æрбаскъæфта æмæ сæ фæмард кодта. Стæй ссыд уæйгуыты калакмæ æмæ уæйгуыты тымбыл къухæй фæцагъта.

Хъараман адæмæй æппæты фыццаг фены Барамдзыбылы æфсады, æмæ йын æхсызгон уыд, йæхи хуызæн кæй сты, уый. Фæлæ сын се ‘взаг не ‘мбæрста. Барамдзыбыл зыдта уæйгуыты æвзаг, æмæ уый фæрцы Хъараман баиу адæмимæ, даредзантимæ.

ХЪАРАМАН-ПАДДЗАХ — ирон адæмон сфæлдыстады ис сæрмагонд аргъау Хъараман-паддзахы тыххæй. Йæхæдæг дзы ницы уадиссаг архайæг у, аргъау æвдисы йе схæсгæ фырт Астаногълыйы æвæджиау хъæбатырдзинад æмæ сгуыхтдзинæдтæ.

ХЪАРА-САПОН — «Арæхдзау къæй йæ къахы фындзæй стъæпп ласта, æмæ къæй фæуæлгоммæ ис. Бæхы раласта, Хъара-сапон райста, хъара Теркмæ æрбаласта бæхы æмæ йæ пылыстæг цæппузыры хуызæн скодта. Хъара-сапон у цыдæр диссаджы сапон, фылдæр дзы æхсынц сæ бæхты. Дзырды фыццаг хай «хъара» тюркаг æвзагыл амоны сау, ома Сау сапон.

ХЪАРÆГ — мардæгъдау. Адæймаг йæ рисыл куы кæуа, уæд йæ тыппыртæ суадзы æмæ йын фенцондæр вæййы. Мардыл нæ кæугæйæ хъыг кæнын зæрдæхалæн у. Уый хорз æмбæрстой нæ фыдæлтæ, æмæ цæмæй адæм кæуын фæразой, уый тыххæй æрхъуыды кодтой Хъарæг. Мардæвæрæн бон уый алкæйдæр скæуын кæндзæн. Уый хорз хъарæггæнæг усы дзыхы уыд кадгæнæг хъарæг-зарæг, стыр трагедион равдыст, «хъæдтæ æмæ рæгътæ дæр-иу кæмæ æрыхъуыстой, цæугæдоны сыр-сыр-иу кæмæ банцад», ахæм. Ирыстоны бирæ зындгонд хъарæггæнджытæ уыд. Сæ хорзы кой хъуыст иу комæй иннæмæ, цæгатæй хуссармæ, хурскæсæнæй хурныгуылæнмæ. Уыимæ се ‘хсæн уыд нæлгоймæгтæ дæр.

ХЪÆБЫСЫ ЛÆППУ — ног чындзæн-иу йæ хыз куы систой, уæд-иу æй бандоныл абадын кодтой æмæ йын афтæмæй йæ хъæбысы æвæрдтой æртæаздзыды онг лæппу. Уыцы æгъдауы фæрцы Мады зæдæй ног чындзæн куырдтой лæппу хъæбултæ. Чындзæн дæр ацы æгъдау æхсызгон хаста, æмæ дзы цæмæй арфæйаг фæуа, уымæ гæсгæ йын-иу, йæ хъæбысы цы лæппуйы авæрдтой, уымæн рагацау æрцæттæ кодта зæрдиаг лæвар.

ХЪÆДÆРÆХСНÆГ — хъæды бардуаг.

ХЪÆДÆРС — хъæдты бардуаг. Хъæддзаутæ йыл сæхи фæдзæхстой, хъæдæрмæг æмæ суг ласынмæ цæугæйæ. Рæдауæй сыл куыд сæмбæла, хъæды хуыздæр къохмæ сæ куыд бакæна, куыд дзы нæ фæдзæгъæл уой, зынцæуæн фæндæгтыл дзы куыд никæй цалх асæтта, мæсчъы дзы куыд никæй бæхтæ, галтæ ныссæдзой, ныоцани уой. Хъæддзаутæм, стæй хъæды астæу фæндæгтыл цæуæг адæммæ афтæ фæкæсы, цыма Хъæдæрс æдзухдæр сæ фæдыл, сæ архайдмæ кæцыдæр бæласы фæсте кæсы, йæ хъæд хъахъхъæны фыдгæндæй, артæй. Хъæдæрсæй нымд кæнгæйæ, хъæды йæ фæстæ æнæфснайдæй ничи уагъта, зынгæй йæ

хъахъхъæдтой, æнæхъæугæ дзы къалиу дæр ничи саста. Тæрсгæ дзы нæ кодтой, фæлæ — аргъуц.

ХЪÆДОХ — хъæды цæрæг дуаг (уырысмæ — леший). Æдзухдæр æм хъазын, искæй сайын, фæливæн митæ кæнын цæуы. Иудадзыг кæны «охх», æмæ йæ «охх» хъæды куы иуæрдыгæй æрбайхъуысы, куы — иннæрдыгæй. Кæны фæзмæгау уынæртæ. Йæ фæдыл куы бафтай, уæд дæ «охх»-«охх» кæнгæ хъæды тарфмæ басайдзæн, фæдзæгъæл уыдзынæ. Гъе, уымæ гæсгæ тас æфтауы, хъæды чи фæдзæгъæл вæйиы, уыдоныл, æмæ сдзурын, акъахдзæф кæнын нал фæуæндынц, алы бæласы рæбынæй дæр сæ цыма уый фæхъахъхъæны, афтæ сæм фæкæсы.

Хъæды алы уынæр дæр æндæр хуызæн хъуысы, алырдыгæй нæрæгау кæны, æмæ уыцы уынæртæ, æвæццæгæн, равзæрын кодтой адæймаджы зонды Хъæдохы фæлгонц.

ХЪÆДЫ БАРДУАГ — хъæдыл бар чи дары, уыцы дуаг.

ХЪÆДЫН БÆЛОН — зæрингуырд æмæ хъæдæй дæсны фæбыцæу сты, мæ куыст дæ куыстæй бирæ пайдайагдæр у дзыллæтæн, зæгъгæ. Нал фидыдтой дыууæ æрмдæсныйы, сæ быцæу суанг паддзахы онг дæр бахæццæ. Паддзах сын бахæс кодта æмгъуыд рæстæгмæ исты цымыдисаг дзаумæттæ саразын.

Сæ хæдзæрттæм фæцыдысты хъæдæй дæсны æмæ зæрингуырд. Хъуыды кæнын сæ байдыдта алчидæр. Нæ бацауæрстой сæ зондыл, сæ къухтыл, чысыл нæ фæкуыстой. Зæрингуырд баздæхти æмæ сарæзта æхцадон. Уый уыди ахæм æхцадон, æмæ йæ иу фарсыл царди стыр сахар, аннæ фарс та уыд сæрвæт, æмæ дзы хызти хъом, æнæхъæн рæгъау. Хъæдæй дæсны зырнæй сарæзта бæлон. Уый хуымæтæджы бæлон нæ уыди, абад ыл, æвæдза, æмæ йын фездух йæ хъандзал, уæд дæ цæстфæныкъуылдмæ, кæдæмдæриддæр фæндыдаид, уым балæууын кодтаид. Паддзахмæ Хъæдын бæлон диссагдæр фæкаст, банымадта йæ хуыздæрыл æмæ йæ йæхицæн ныууагъта. Уый фыдæй бирæ тыхст хъуыддæгты бахауынц паддзах æмæ хъæдæй дæсны, стæй ма бирæ чидæртæ.

ХЪÆДЫ УРС БАРÆГ — Хъæды зæд, хъæддзæуттыл, чи дзы фæдзæгъæл вæйиы, уыдоныл аудæг. Хъæды бардуагмæ тæрсгæ-ризгæйæ куывтой, Хъæды зæдыл та сæхи фæдзæхстой.

ХЪÆЗЫГА — Нарты кадджыты хъæбатыр Баты хонынц Хъæзыгайы фырт.

ХЪÆЛЛÆУ — сау уæйыджы хæрæфырт.

ХЪÆМПХОР — чындзæхсæвмæ, куывдмæ æнæхонгæйæ чи æрбацæуы, уый. Цины хъуыддагмæ чи æрбацæуы, уыдон иууылдæр хуынд адæм сты. Уымæй дæм хонæг дæ хæдзармæ куы нæ уа, уæд уынджы æмæ æндæр фембæлды рæстæг хуынд дæр кадджын нæу. Бынтон æгад та у куывдмæ, чындзæхсæвмæ æнæхонæгæй цæуын. Ахæмты хъæмпхортæ хонынц, уымæн æмæ се ‘рбацыд æнæгъдау у, хабар кæмæйдæр фехъуыстой æмæ æрбацыдысты — сæ сæр сæрмæ нæ хæссынц æмæ хосы фарсмæ бадгæйæ хъæмп дæр бахæрдзысты. Сæ ми, сæ хæрд хуынд адæмы æгъдауимæ абаргæйæ у хъæмп хосимæ абарæгау.

ХЪÆНДЖЫН МÆРДТЫ БОН — вæйиы афæдз иу хатт, Куадзæнæй къуыри фæстæдæр. Уалдзæджы Куадзæн сбæрæг кæнæм Хуыцаубоны, йæ хæдфæстæ къуырисæры вæйиы Мæрдты куадзæн. Иннæ къуырисæры та — Хъæнджын мæрдты. Уыцы бон-иу ирон адæм сæрмагондæй æрымысыдысты, хæсты быдыры йæ цæфтæй, фæндаджы бæллæхы, куысты кæнæ æндæр исты фыдбылызы фыдæй, искæй къухæй чи фæмард, уыцы мæрдты. Фынджыдзаг сын-иу æрцæттæ кодтой, бабæрæг сын-иу кодтой сæ уæлмæрдтæ. Цы фых хойраг, фыдызгъæл, халсар, дыргътæ, адджинæгтæ, нозт æрцæттæ кодтой, уыдон сын-иу ныххæлар кодтой хæдзары æмæ уæлмæрдты дæр.

ХЪÆНДЗÆРГÆС — базырджын æвдсæрон уæйыг, Нарты знаг, зæдтæ æмæ дауджытæн фыдгæнæг. Цæры фæсхохы Сау хохы Сау лæгæты, йæ дуарыл дур æвæрд, рафæлдахæн цы дурæн нæй, ахæм дур. Фæсхохмæ фæхаста Нарты хистæртæй иуы, Уæрхæг æмæ Дзерассæйы фырт Уоны æмæ йæ йæхицæн хъомгæс скодта. Йæ уацары сты Хуры чызг Хорческæ æмæ Мæйы чызг Мысырхан дæр. Фондз мæйæ фондз мæймæ сæ фæхæссы алы дзæбæх хæринаг æмæ нуазинагæй, фæндзæймаг мæй куы фæвæйиы, уæд сын се счъилты туас ныззилы æмæ сын сæ туг сцъиры. Уыцы тугæй дыууæ къуырийы цæры æнæрайхъалæй. Йæ мæлæт та у йæхи чырыны хуылфы стыр цирхъæй, йæ раласынæн сæдæ цæды галтæ кæмæн хъæуы, ахæмæй. Уымæй у йæ мæлæт, æндæр ын адзал нæй — цирхъ æй нæ кæрды, фат дзы нæ хизы. Хъæндзæргæсмæ ис, дунейы исбон кæм бацæудзæн, ахæм æрчъиаг, ис æм ноджы иу синаг. Уымæй цыдæриддæр æртухай, уый гæлæбуйы уæз нал фæкæны. Ис ма йæм дыууæ хъандзал базыры, уыдон йæ уæлæ куы бакæны, уæд тæхы. Цыдæриддæр сыл куы аваæрай, уый хæхты, хъæдты сæрты, кæдæм дæ фæнда, уырдæм ахæсдзысты. Стæй ма йæм хохы дагъы ис æхсыры цад. Уымæй йæхи чи цынайа, уый, ног милтæ кæуыл рахæцы, ахæм лæппу фесты.

Ссыди Батрадз Сау хохмæ Уоны суæгъд кæнынмæ. Лæгæты дуарыл цы хох-дур æвæрд уыд, уый фæрсырдæм асхуыста æмæ багæпп ласта мидæмæ. Уæйыг хуыррыттæй хуыссы, йæ хъæлæсæй цæхæр кæлы, царыл æмбæлы цæхæр æмæ фæстæмæ сау фæныкæй згъæлы. Йæ нывæрзæн бады Хуры чызг Хорческæ, хуртæ йæ дæллагхъуыртæй худынц; йæ дæлфæдтæм та бады Мæйы чызг Мысырхан, залмы сыфтæ тилынц æмæ уæйыгмæ бындз хæстæг нæ уадзынц. Сæ разы — фынгтæ, алыхуызон хæринæгтæй зæхмæ æртасыдысты; фæрсмæ дæр сæм нæ кæсынц чызджытæ, фæлæ кæуынц, сæ цæстысыг донау уайы, кæлы зæхмæ æмæ уым налхъуыт-налмас цæппузыртæ фесты. Кæуынц уымæн, æмæ та Хъæндзæргæсæн æрхæццæ йæ тугцъирыны рæстæг.

Батрадз, Хъæндзæргæсы цирхъ кæм æвæрд уыд, уыцы чырынмæ хатиагау сдзырдта, æмæ чырын байгом. Уырдыгæй цирхъ фелвæста æмæ дзы уæйыджы бæрзæй ныцъцъыкк ласта. Æмæ йын йæ авд сæрæй æхсæз ахауын кодта. Уæйыг ма дыккаг цæф дæр бæргæ агуырдта, уæд йæ иннæ сæртæ дæр йæ уæлæ абадтаиккой, фæлæ йын Батрадз зæгъы, Нарты Æхсæртæггатæ Елиайау

иуцæфон сты, зæгъгæ. Уæйыг ма йæ сæр бæргæ фæхъил кодта, бæргæ ма схæцыд йæхиуыл, фæлæ ницыуал… Уæлгоммæ афæлдæхт, йæ гæндзæхтæ ацагъта æмæ дæргъæй баззад. Йæ ис, йæ бис та баисты Нарты адæмы.

ХЪÆРÆМÆДЗ — у гуымиртæй, Нартæн фыдызнаг. Никуы бафидыдта семæ. Мæнæ куыд зæгъы йæхи тыххæй кадæг «Уæрхæджы мæлæт»-ы: «Нарты фыдæлтæ нæ мыггагимæ хæцыдысты. Нæ мыггаг стыхстысты. Мæ мад мæнæй йæхибар нæ уыди. Гуымиртæ лыгъдысты, мæ мадæн та алидзæн нæ уыд. Нартæ æрбабырстой, сырдтæ дæр лыгъдысты. Уæд мæ мад мæлæтдзаг цæф фæци, базыдта, уацары кæй хаудзæн, æмæ къутæртæм йæхи баппæрста. Уым иу саджы ауыдта, уый дæр йæхибар нæ уыд. Мæ мад саджы рацахста, тыхулæфт скодта æмæ мæ уды хуызы ауагъта саджы хуылфы. Æз саджы лæппынимæ райгуырдтæн, æмæ мын нæй мæлæт зæххон лæджы къухæй. Мæ мад амарди. Мæн саг фæхаста йæ лæппынимæ. Схъомыл дæн, æмæ мын саг мæ уды бар, цы сагимæ хъомыл кодтон, уымæ радта. Уыцы сагæн та мæлæт нæй». Фæлæ Уæрхæг Хъæрæмæдзы ахст лæджы фæрцы базоны, сагæн, стæй Хъæрæмæдзæн дæр сæ мæлæт цæмæй у, уый. Æмæ фыццаг саджы амары, стæй та — Хъæрæмæдзы. Уæрхæг йæхæдæг дæр мæлæтдзаг цæф фæци Хъæрæмæдзы къухæй. Фæлæ Нарты фервæзын кодта сæ цыфыддæр знагæй.

ХЪÆРÆМЫС — кувджыты хистæр Хъæрæмыс.

ХЪÆРГÆНÆГ — марды хабар, йæ ныгæнæн бон хъусынгæнæг.

ХЪÆРИУ-ХОХ — Хъæриуы хох æмæ Уазайы цъупп ирон кадджытæм гæсгæ сты зæдты бадæнтæ, зæххон тæрхæттæ дзы кæнынц.

ХЪÆУДЗЫРД — хъæудзырд-иу бакодтой, искæуыл кæнæ хицæн бинонтыл хъоды куы кодтой, уæд. Стæй ма иумæйаг хъуыддæгтыл дæр: хъæды иу хай ивары хъæд рахонынц, цæмæй дзы суг, хъæдæрмæг æвастæй мачи ракæна; иумæйаг кувæндон саразын, иу кæнæ иннæ бæрæгбон кæд æмæ кæм бæрæг кæндзысты æмæ афтæ дæрддæр. Хъæудзырд у æмдзырд. Хъæубæстæ хъæугуывд дæр æмдзырд, æмуынаффæйæ скæнынц, хъæумæ æввахс искуы, зæххыл цы нæ æрцæуы, зæды æртахтыл кæй банымайынц, ахæм исты куы бафиппайынц, уæд дæр дзы æмуынаффæ-æмдзырдæй скæнынц кувæндон.

ХЪИВАЛЫ АЙНÆГ — Хъивалы айнæгæй, дам, ратахт цæргæс, зæгъы нын кадæг. Бæрæг нæу, Хъивал цы амоны, уый.

ХЪИЛЫ ДЗУАР — ис ирон адæммæ Рагъы дзуар. Ис Хъилы дзуар дæр. Хъил ирон адæм хонынц хæхты рæгътæй бæрзонддæр рæттæ-æфцгуытæ. Зæгъæм, Барзæфцæгæн йæ дыккаг ном у Хъилы æфцæг. Хъелы цад дæр æфцæгыл ис, Дзимыргом æмæ Урстуалты æхсæн, æмæ йæ ном растдæр у Хъилы цад. Коммæ дзы цы дон кæлы, уый та, цалынмæ иннæ кæмтты дæттимæ нæ баиу вæйиы, уæдмæ Хъилы-Хъелы цæугæдон. Уырдыгæй дæлæмæ та йæ хонынц Чысандон. Хъилы цадæй Хъелы цад рауад гуырдзиаг æвзаджы тæвагæй. Гуырдзы йæ Келистба рахуыдтой, Хъилæй сарæзтой Хъел.

ХЪИСÆВДАДЗ ДОН — сæрыхъуынтæ тагъд зайынгæнæг алæмæты дон.

ХЪИСЫН ХЪУЫТАЗ ÆМÆ ÆРДУЙÆ МЫРМЫРАГ — Сатана Сосланæн (Созырыхъойæн) бирæгъдзæрмттæй кæрц бахуыдта æмæ йын хъисын хъуытаз æмæ æрдуйæ мырмыраг скодта кæрцы.

ХЪОДЫ — рагон ирон æгъдау, адæмы хъæр чи нæ æмбæрста, йæхи æнæуагæй чи æвдыста, мыггаджы, сыхы, хъæубæсты худинаг чи кодта, уыцы адæймагыл, бинонтыл-иу бахъоды кодтой æмæ сæ-иу хъæуæй фæсырдтой.

ХЪОХ-ДÆНДАГ — Хæмыцы дæндаг. Кæс: «Архъызы дæндаг».

ХЪУЗОН (БÆХ) — фарсхæцæг, æххуысгæнæг. Раздæр-иу бæхты дугъты рæстæг барæджы æрдхæрдтæ, хæлæрттæ йæ размæ рацыдысты æмæ-иу йæ фæйнæ фарс балæууыдысты дугъы. Уымæй йын иуæй йæхи разæнгарддæр кодтой, иннæмæй та йæ бæхы, æвзыстой йæм, хъæр ыл-иу кодтой. Уым аиппæй ницы уыд. Æмбисонд дæр ма нæм ис: «Дугъон хъузонæй уайы». Ныры дуджы Хъузонæн ис æппæрццæг мидис дæр: адæймаг цы бынаты, кады аккаг нæ уа, уырдæм æй чи схойа, уавæртæ йын чи араза, уыдон дæр фæхонынц хъузæттæ. Æмæ растыл кæй нæ фæархайынц, уымæ гæсгæ адæмы æхсæн æгад сты, æгад кæнынц, кæй сæрыл дзурынц, фæархайынц, уый дæр.

ХЪУЛОН — Уырызмæг йæ бæх Æрфæны афтæ дæр хоны.

ХЪУЛОНЗАЧЪЕ УÆЙЫГ — Нартæн сæ хæхты фæзындис Хъулонзачъе Уæйыг. Сæ фос сын хизæнуатмæ нал уагъта, æмæ цагъды кодтой фос. Уæд Батрадз аскъæрдта Нарты фос хизынмæ. Сæгуыт амардта, йæ цармæй йын мусонг акодта, йæ фыдæй — физонджытæ. Хъулонзачъе Уæйыг уыдис балцы æмæ æрбацæуы, Батрадзы размæ æрбахæццæ æмæ футтытæ кæны: «Чи куыдз, чи хæрæг, ам мæ зæхмæ йæ ныфс чи æрбахаста?». «Куыдз дæр дæхæдæг æмæ хæрæг дæр, кæд дæ сæт цæуыл калыс?» — дзуры йæм Батрадз. Æрбынæй йæ кодта, йæ сæр ын фæлыг кодта, михыл æй бакодта, бæрзонд æй систа æмæ йæ афтæмæй Нартмæ æрхаста.

ХЪУЛ (ТÆ) — кусарты фæстаг къæхты æмæ сгуыты æхсæн чысыл стæджытæ. Марды кæндты сæ æппаргæ кодтой, цины æргæвст кусæртты хъултыл та лæппу фæлтæр хæлоф кодтой. Хъултæй хъазт парахатæй уыд Ирыстоны хæхбæсты æмæ быдыры дæр. Фылдæр хъултæ-иу кæмæ уыд, уый-иу йæхицæй ныббуц ис. Алыхуызон ахорæнтæй сæ чи ахуырста, цæмæй йæ хъултæ иннæты уæттæй хицæн кæной, ахæмтæ дæр-иу уыд. Хъазыдысты дзы лæгъз ран, къæйыл, зымæг — ихы сæр. Нарты кадджыты Сослан Тары фырт Мукарайæн Сосланы хъæзтытæ дзургæйæ зæгъы: «Дынджыр уæрм скъахын кæны, æмæ йæм денджызæй дон рауадзынц. Йæхæдæг уыцы уæрмы ныллæсы, æмæ йыл уæле пыхс уæд, дур уæд, хъæд уæд ныккалынц; стæй скувы Хуыцаумæ, афæдзæй-афæдзмæ цы уазал кæныс, уый ацы æртæ боны куыд ныккæна, зæгъгæ, афтæмæй дзы фæбады иу абонæй — иннæ абонмæ. Хорз куы ныйих вæйыы дон, уæд ыл Сослан схæцы, сисы их æмæ йæ Нарты хъæумæ бахæссы, уым ыл Нарты фæсивæд хъулæй фæхъазынц». Хъулæй хъазты кой кадджыты

кæй ис, уый дзурæг у, нæ фыдæлтæ дзы тынг рагæй кæй хъазыдысты — уæгъд рæстæджы ирон фæсивæды хицæн къордты æхсæнæй тынг рагæй хъуыст: «фыр», «цыкк», «тæу», «сах», ныр сын æндæрхуызон хиирхæфсæнтæ ис, æмæ «хъулæй хъазт» ферох. Æмæ æрмæст ацы хъазт нæ, фæлæ ма бирæ цыдæртæ. Цард размæ цæуы æмæ хуыздæрæрдæм ивы, фæлæ фыдæлты цардыуаг зонын у нæ хæс, цæмæй историйы цыды ма ныдздзæгъæлтæ уæм.

ХЪУЫМ — бæстæ Нарты кадджыты.

ХЪУЫМБЫЛÆГ — æндахæй, згъæрæй къоригонд. Хъуымбылæгтæй иу аивдæрæн кодтой худыл, басылыхъыл æмæ карды фистоныл.

ХЪУЫМЫ БЫДЫР — цæугæдон Кумайы дæлвæз быдыр. Кæддæр нæ фыдæлты зæхх уый онг хæццæ кодта. Кæсæг æмæ адыгтæ та цардысты Сау денджызы был.

ХЪУЫНАСИН — дæлимонтæн æрмæстдæр хъуынасиныл схизæн ис уæларвмæ. Уымæй дæр æй хъуамæ лæмзæй байсæрдой, цæмæй йæ цæст ма уына. Дæлимонтæ Уæрхтæнæджы сæхимæ басайдтой æмæ йæ æрцахстой. Сæрхъисбæндæнæй йын йæ къæхтæ сбастой, Тæнхъис бæндæнæй — йæ тыхджын къæхтæ, Султæрхæгыл æй æрбадын кодтой, Хъисæвдадз дон ын уайтагъд адардтой. Зæронд лæг дын æй уым фестын кодтой, йæ зачъетæ йын фасын райдыдтой æмæ сæ хæрдмæ къæдзæхы скъуыды дзыккубыд асин уæларвмæ дыууæйæ быдтой, цалынмæ йæ Æхсар æмæ Æхсæртæг нæ ферваæзын кодтой, уæдмæ. Дæлимонтæм дæлдзæхмæ сæхимæ дæр ис ахæм асин уагъд.

ХЪУЫРЗЫ СЫКЪА — нуазæн, карз ронг дзы нуазынц Донбеттыртæ.

ХЪУЫТАЗХЪУЫР КАРД — кадджытæм гæсгæ аив, рæсугъд кард, йæ хæцæн зынаргъ дурæй фæлыст кæмæн уыд, йæ кæрддзæм — нывæфтыд, ахæм кард. Стыр хъуыддаджы йæм Хъуытазхъуыр кард уыди, æнæуый та — æдзæн кард.

ХЪЫГТÆ РАКÆНЫН — кæс Тæфæрфæс.

ХЪЫЗМЫДÆ — Уырызмæг æмæ Хæмыцы фыдыхо. Уырызмæг æмæ Хæмыц, чи сæ хистæр у, ууыл куы быцæу кодтой, уæд Хъызмыдæ загъта Уырызмæгæй. Уый тыххæй йæ Хæмыц ахъаззаг бафхæрын сфæнд кодта. Цæмæй йæ ма бафхæрдтаид, уый тыххæй йын Хъызмыдæ радта Архъызы дæндаг (Хъох-дæндаг), сылгоймæгты сайынæн.

ХЪЫЗЫМÆТ — Уациллайы иунæг сылыстæг хæрæфырт. Кадджыты у æппæрццæг архайæг.

ХЪЫРГЪЫ — таурæгъты, аргъæутты кæлæнгæнæг, фыдгæнд аразæг ус.

ХЪЫРЫМЫЗЫ БЫДЫР — Нарты кадджыты Схуалийы уæйыджы фосхизæн быдыр.

ХЪЫСМÆТ — адæймаджы цард рагацау фыстæй, нæ дзы фæиуварс уыдзынæ. Фæлæ адæймаг адзал, мæлæт куыд ницæмæ дары, афтæ — хъысмæты дæр. Йæ царды кой кæны æмæ йын куыд мидисджындæр, адджындæр уа, ууыл архайы. Хъысмæты ныхмæ, дам, æрлæууæн нæй: адæймагæн йæ ныхыл фыст у, фæлæ фылдæр хатт адæймагæн йæхи къухты вæйиы. Йæ дæттæг Хуыцау у, йæ аразæг та — адæймаг йæхæдæг.

– Ц –

ЦАГЪАЙРАГ — ирон адæймаг йæ сæрмæ æххуырсты цæуын дæр нæ хаста, фæлæ-иу ыл цагъайраджы дуг дæр скодта, йæ бар-иу йæхи куы нал уыд. Æххуырст сæрибар у, кусгæ дæр бадзырдмæ гæсгæ кæны. Цагъайраг та — æбар, æвадат, йæ хицауы фæндоны ныхмæ йын сдзурæн дæр нæ уыд, æмæ йæ царды бонтæ ныхбыны куысты, фыдудæй тыдта. Цагъайраг бынтон æцæгæлон кæй уыд, уый бæрæг у, искæйон æй кæй хуыдтой, уымæй. Йæ уаварæй-иу фервæзт, йæхиуæттæй-иу æй кæд исчи балхæдта, уæд. Кæннод æй иу хъæздыг иннæмæн уæй кодта, æмæ къухæй-къухмæ цыд.

ЦАЛХÆ — бæхтæн холлаг — арвистон, тыппыр сæ кодта, сæ гуыбын сын тæнæг кодта.

ЦАМ — къæмдзæстыг, хи аххосджынæй æнкъарын.

ЦАМТА — фыййауы, уæлыгæсы хæлцы хызын.

ЦАНДОН-МАНДОН — арв-иу куы æрцавта, уæд цæмæй дæу ма æрцæва, уый тыххæй хъуыд æфсæйнаджы сæрты ахизын, хизгæ-хизын та дзурын хъуыд: «Цандон-Мандон». Уыцы дзырдтæ, дам, къуылымпы кæнынц Уациллайы цæлхъытæ.

ЦАППАР — авд уæйыджы хо.

ЦАРÆППЫ ДУАР — Донбеттыртæм бахизæн дæлдон дуар.

ЦАРДАХЪ — кувæндоны бæрæгбоны фынгыл куывддонтæ иумæ цы агъуысты фæбадынц, уый.

ЦАРД ÆМÆ МÆЛÆТ — адæмы цард æрдзæ сæдæтæй нымайгæ у. Царды цыды сыл бирæ бæллæхтæ æрцыд. Сæхи аххосæй, Хуыцауы азарæй. Уыдонæй æппæты хъазайрагдæр сты хъаймæт æмæ ахæрæт. Уыдис донæй хъаймæт. Фæлæ ма уыдис артæй хъаймæт дæр.

Уæд зæххыл сыстад зынг, арты æвзæгтæ бавнæлдтой, цыдæриддæр судзынмæ бæззыд, уыцы зайæгойты æмæ цæрæгойты буармæ. Уыцы уаварæ ма адæмæй алчидæр уыд, æрмæстдæр йæхи сæр кæм фæцавтаид, ууыл.

Згъоры быдыры иу мад дæр йæ дзидзидай сывæллонимæ. Арт æй фæсте суры, зæххы уæлцъар судзгæ. Бафæллад мад, фæлæ уæддæр йæ хъæбулы йæ риумæ тынг нылхъывта, афтæмæй лидзы арты æвзæгтæй. Мæнæ йæ æрбаййафынц, ацахстой йын йæ къабайы фæдджитæ, асыгъдысты йæ зæвæттæ. Сау мæры къуыбырыл ма алæууыд, фæлæ уый дæр йæ къæхты бын фæнык фестад, æмæ йæ къæхты бынтæ ссыгъдысты. Уæд ус йæ сывæллонмæ фæлæбурдта, йæ къæхты бын æй авæрдта æмæ йыл алæууыд. Арт сæ дыууæйы дæр басыгътаид, фæлæ Хуыцауы зæрдæ мады мийæ ныккæрзыдта æмæ йæ ралгъыста:

– Гъемæ, кæд цард афтæ бирæ уарзыс, уæд иннæ хъаймæтмæ фæцæр.

Цæры ма, дам, уыцы ус абон дæр. Ныхъхъырттæг хъаймæтмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ. Æдзух йæ былалгъыл дары иу дзырд: «Мæлæт, мæлæт, мæлæт».

Фæлæ йæм удхæссæг æввахс нæ цæуы.

ЦАРЦИАТÆ — ирон адæммæ ис Нарты кадджытæ, Даредзанты таурæгътæ æмæ Царциаты диссæгтæ. Нарты хъысмæт даргъ æмæ уæрæх у. Сæ сæйрагдæр кадджытæ сын Ирыстоны цы къуымы нæ зонынц, ахæм нæй. Уæдæ сæ æрæмбырд кæныныл, сæ рауадзыныл æмæ сæ раиртасыныл куыст дæр рагæй цæуы, æмæ дзы къухы цыдæртæ бафтыд, фæлæ сæ сæйрагдæр фыдæбон нырма разæй ис.

Бынтон рохуаты баззадысты Царциаты диссæгтæ. Ægæр-мæгуыр «Мæнæ Царциаты диссæгтæ», «Царциаты сæфт фæкодтой», «Царциатау цæрддзу кæнынц», «Царциаты ми сыл æрцыд», «Оу, мæнæ Царциатæ» æмæ æндæр ахæм — Царциатимæ баст хъуыдытæ цæмæн фæзæгъæм, уый дæр нал зонæм. Царциаты диссæгтæй Тыбылты Алыксандр æртынæм азты чиныг «Хуссар Ирыстоны фольклормæ» бахаста дыууæ таурæгъы — «Царциатæ æмæ цъыбыртты диссæгтæ» æмæ «Уæйгуыты фесæфт». 1973 азы дзы Биазырты Алыксандр йæ арæзт чиныг «Нарты таурæгътæ æмæ хабæрттæ»-мæ бахаста хæрз къаннæг хабæрттæ: «Царциатæ Цымийы хъæуы», «Царциаты уæлмæрд Лæцы», «Царциаты сæфт» æмæ «Царциатæ ингæнмæ куыдæй бацыдысты».

Беджызаты Дудар. Уый стыр куыст бакодта Царциаты диссæгтæ æрæмбырд æмæ сæ бабæстон кæныныл. Дудары фæллæйттæ 1989 азы мыхуыр кæнын райдыдта æурнал «Фидиуæг». Стæй сæ рауагъта хицæн чиныгæй, уый сæ рахаста æппæт ирон адæмы размæ, æмæ дзы стæм бузныг. Æз дæр, ацы уацыл кусгæйæ, фылдæр пайда кодтон Беджызаты Дудары фыст æрмæджытæй.

Дудар йæхæдæг куыд зæгъы, афтæмæй Царциаты диссæгтæй йæ къухы цы бафтыд, уый таурæгъгæнджытæ Беджызаты Леуан æмæ Гæмсыры, Абайты Цицга, Бураты Захар, Тотраты Лексо, Мæхъиты Дауыт, Сланты Иликъо æмæ Михакъайы, Мамиты Тасо, Плиты Абе, Саппиаты Бесо æмæ иннæты фæрцы. «Царциаты таурæгътæ парахат не сты, бирæ таурæгъгæнджытæ сæ цыбыртæй дзырдтой, къæзгæйæ, — фыссы уый, — бирæтæ сæ кæд дзырдтой, уæддæр, цыма цæмæйдæр тарстысты, афтæ. Гæмсыр æмæ мын Тасо афтæ загътой: «Цæмæн дæ хъæуынц Царциатæ, Хуыцауы фæндæй сæфт сты, æмæ Хуыцауы хъыджы чи цæуы — фæфыдæх дæм уыдзæни»».

Царциатæ равзæрдысты Хур æмæ Мæйы фæндонæй. Сæ ныфс дæр уыдон сты, сæрбахъуыды рæстæг сæхи уыдоныл фæдзæхсынц. Ис сæм Нартау абоны адæмы миниуджытæ. Сæхи хъаруйæ амал кæнынц царды фæрæзтæ. Æххæст сты алцæмæй дæр, сты сабыр, æнæхъыгдаргæ адæм, сæхиуыл никуы ферæссынц, иннæтæм уæлейæ дæлæмæ нæ кæсынц, фæлæ знагмæ сты æгъатыр, нæ барынц мæнгарддзинад, карзæй æфхæрынц гадзрахатæй цæуæджы. Царциаты къухæй бындзагъд, быныскъуыд фесты еугуыппыртæ, гуымиртæ, уæйгуытæ, цъыбырттæ, сугътæ, цъырынгатæ.

Мæнæ куыд дзуры сæ равзæрды тыххæй таурæгъ. Æрхæсдзынæн æй хи ныхæстæ æмæ цыбыртæгондæй.

Хуыцау зæххон сыджытæй армыдзаг систа, йæ æрмтты йæ лыстæг мур æркодта, ракалдта йæ зæххыл, æмæ уыцы муртæй равзæрдысты хилджытæ, бырджытæ. Фæлæ Хур æмæ Мæйы зæрдæмæ нæ фæцыдысты. Уæд Хуыцау йæ æрмттæм стырдæр тулатæ систа æмæ сæ стыр къуыбæрттæй ракалдта. Уыдон фестадысты сырдтæ æмæ мæргътæ. Адон дæр Хур æмæ Мæйы зæрдæмæ нæ фæцыдысты, кæрæдзи кæй хордтой, уый аххосæй.

Уый фæстæ ма Хуыцау сфæлдыста, адоныл уæлахиз чи кодта, уыдоны: еугуыппырты, гуымирты, уæйгуыты. Фæлæ дзы иутæ дæр Хур æмæ Мæйы зæрдæмæ нæ фæцыдысты. Уæд Хуыцау зæхмæ æрхызти, æлыгæй лæджы ныв скодта, къæдзæхты фæрчытæй йын фæрсчытæ скодта, суадон æм бауагъта, баарфæ йыл кодта. Æлыг фыды мур фестади, къæдзæхы фæрчытæ — стæг фæрсчытæ фестадысты, суадон та — туг. Хуыссы лæг, фæлæ дзы уд нæй, у æнæзмæлгæ. Уд та дзы бауагъта Уастырджи. Фæлæ хъусæй нæ хъусы. Галæгон ын баарфæ кодта, æмæ лæг йæ къахыл слæууыд. Фæйнæрдæм акасти, дуне йæ зæрдæмæ фæцыдис. Донбеттыр æй æрыхсадта, æмæ лæг радзæбæх ис, Зæххыл цæуæг сси. Мæй æмæ йæм Хур дзурынц: «Ацы Зæхх нæ рафæлдисгæ у, дæу та уымæн рафæлдисын кодтам, æмæ ныræй фæстæмæ Зæххæн хицау уыдзынæ махæй. Цæугæ цард кæндзынæ, æмæ дæ ном Цæрцо фæуæд.

Цæрцо систа цæрынтæ. Усæн Бонвæрноны куы æрхаста, уæд ныууагъта йæ цæугæ цард, æрбынат кодтой æхсидгæ цады был, сырддзæрмттæй агъуыст сарæзтой, Уæларвæй æрхаугæ дурæй æрцъыккæхсон сарæзтой. Цæрцо цуаны цыд, саджы мæрдтæ хаста æмæ артыл физонæг кодта, Бонвæрнон та хæдзармæ касти. Цот сын рацыд, æмæ Цæрцойы номæй равзæрд мыггаг Царциатæ.

Царциаты диссæгты дзырд цæуы Ахуыйы фондз фыртыл æмæ уыдоны байзæддагыл. Ахуыйæн ис хо дæр — Нагъуы. Иуæй-иу таурæгъгæнджытæ та йæ хонынц Нагъуыллæ. Уымæн Сау хохы фыййауæй ис фырттæ Базыг æмæ Æмбазыг, стæй Царциаты мæгуырдæр лæг Локайæ — Хуро.

Царциаты цæрæн бынæттæ фæамонынц Астæуккаг Ирыстоны хæхты дыууæ фæрстыл. Сæ номимæ дзы баст сты ахæм бынæттæ: Ахуыбаты бæрзæнд, Чызджыты адаг, Едысы хъæу, Уæйгуыты галуан, Едысы хъилдур къæдзæх, Симæндон къæдзæх, Бикъуырау къæдзæх, Тепле-хох, Адай-хох, Мамысоны æфцæг, Æрхонгомы Фыдхуыз хох, Куырттаты комы Лæцы хъæу, Цымийы хъæу, Царциаты уæлмæрдтæ Лæцы, Дзимыргомы æмæ æндæр рæтты. Сæ иу диссаг та ма уый у, æмæ сæ иумæйаг ингæнтæй рахауынц æмпъызт сæры кæхцытæ. Сæ æмпъузæнтæ æмæ зæгæлтæ сты æрхуыйæ. Хæсты-иу дзы кæй сæр фæхъæн, уымæн, дам, ыл æвæрдтой æрхуы æмпъузæн. Зæгæл, дам-иу, куы бахостой, уæд-иу æй цæф йæхæдæг, йæхи адымсгæйæ, мидæгæй фæцъула кодта.

– Царциатæ уыдысты тыхджын адæмы мыггаг. Лыгъдысты Хуссары ‘рдыгæй, — дзуры таурæгъ. — Сыстад сыл низ, æмæ сæдæгæйттæй мардысты фæндæгтыл. Цымийы хъæуы фæзы дзы ис бирæ ныгæд. Хæдзар-иу

ныкъкъахтой, æд бинонтæ дзы-иу бацыдысты æмæ-иу сæ уæлæ къæй дуртæ ныффæлдæхтой.

Мæнæ иннæ таурæгъгæнæджы ныхæстæ та:

– Царциатæ Едысы Калачы цардысты. Ныр дæр ма сæ хæдзæртты систæ Царциаты уæзæгыл амадæй лæууынц, сæ мæрдтæ дæр уым ныгæд сты, æмæ сæ куы скъахынц, уæд дзы разыны фæрдгуытæ, усы къухдарæнтæ, дурæй цонджы сахсæнтæ, æндæр сæм ахæм ницы зыны.

Цардысты нартæ æмæ уæйгуыты рæстæг. Нартæ фæсхох уыдысты, уæйгуытæ та — ам, ныр дæр сæ галуан Ходзы (Едысы сæрмæ иу чысыл хъæу) цур ис — «Уæйгуыты галуан».

Раджы-иу хур рæстæг куы ахаста, уæд-иу æй Хуыцауы æфсон кодтой, æмæ-иу Царциатæ тыхджындæр бырсын райдыдтой. Сæ гутон уыдис æфсæн, хæцыдысты фат æмæ æрдынæй. Сæ кусæнгарз дæр уыд æфсæн, æмæ сæ фыдуагдзинад нæ уагътой. Уæд сæ Хуыцау сафынвæнд скодта, æмæ Царциатæн хор тыллæг нал лæвæрдта, хъуг сын рæуæд нал зади, фыс — уæрыкк, сæ хуымтæ-иу бон цъæх æвзар уагътой, æхсæв та-иу кæрдинаг уыдысты. Царциатæ хæсгарды хуызæн саджил æфсæйнаг дардтой фаты бырынкъыл, æмæ-иу уый цы алвыдта хоры æфсиртæй, уымæй цардысты.

Уæд сæ фос æргæвдын райдыдтой, æмæ сын хæрд фесты æмæ сыдæй аскъуыдысты. Чи ма дзы баззад, уыдоныл та мит ныууарыд, æмæ сæ уый фесæфта. Царциатæй иу Едысо хуындис. Уый загъта: «Мах сæфæм, фæлæ ма нæ ном баззайæд», æмæ Едыс баззад Царциаты номæй. Уый фæстæ фесæфтысты, змæлæг сæ нал баззад. Уæдæй фæстæмæ бæрзонд хæхтыл мит нал батад æмæ абон дæр цъитийæ лæууы.

Раджы-иу хур рæстæг куы ахаста, уæд-иу Царциаты мæрдты скъахтой, æмæ йын уæд æнæкъæвда нæ уыд. Ома, Хуыцауæн уый хъыг вæййы.

Царциатæ æмæ Нарты кадджытæн ис цыдæр æбæрæг бастдзинæдтæ. Растдæр зæгъгæйæ, таурæгъгæнджытæ сæ кæмдæрты хæццæ кæнынц, хицæн бынæттæ дзы бахæссынц Царциатæм. Сæ равзæрды, фылдæр та сæ байсæфты иухуызондзинæдтæ дæр уымæн ис. Нартæ Хуыцауимæ тохы фесæфтысты Сырдоны æвзагæй, фæлæ сæ кады хъуыддæгтæ баззадысты. Царциаты дæр зынг æмæ зынглæсæнæй Хуыцау фесæфта Маммийы аххосæй. Семæ ахастой сæ сусæгдзинæдтæ, æрмæстдæр ма баззадысты сæ диссæгтæ.

ЦАРЦИАТЫ КАЛАК — ис Урстуалты Едысы хъæуы цур, ис сын дзы мæсыг дæр.

ЦАТФÆДИС — тыхджын фæдис.

ЦАТФÆДИСОН — хæстмæ фæдисы цæуæгау барвæндонæй чи цæуы, уый.

ЦАТЫР — хъилтыл арæзт кæттагæй æмбæрзт рæстæгмæйы æрулæфæн, фæллад суадзæн бынат. Нарты кадджыты дзы пайда кæнынц æфсад Дарæнгъау аразгæйæ. Ныр та æфсæдтæ æмæ туристтæ дæр.

ЦÆГАТЫ КÆЛМÆРЗÆН — чындзыцыд сылгоймаг куы амæлы, уæд ын йæ цæгат: йæ ныййарджыты хæдзарæй кæнæ æфсымæртæй, хæрз æрвадæлтæй исчи

йæ фæстаг фæндагмæ хъуамæ балхæна æмæ æрбахæсса кæлмæрзæн. Уый хонынц Цæгаты кæлмæрзæн. Ацы æгъдау не скæнын фыццаджыдæр худинаг у сылгоймагæн йæхицæн, йæ цæгаты мыггагæй кæй адард, йæ мойы мыггагимæ сæ кæй нæ бабаста, уый тыххæй. Стæй чызгон мыггагæн дæр кады хос нæу, чызгæн цыфæндыйæ дæр æгъдау кæнын хъуыд.

Сылгоймаг йæ цæгатæй йæ кæлмæрзæнимæ йæ хорз æгъдау ахæссы йæ мойы хæдзармæ, хурæргом хæдзармæ æмæ дзы æгъдауимæ кæй фæцард, йæ чызгон мыггаджы сæр кæй хъуыды кодта, кæй сæ нæ фæхудинаг кодта, дыууæ мыггаджы цот æмæ йæ хорз удыхъæдæй æнгом кæй бабаста, уый нысанæн æй йæ цæгат йæ мæрдтæм фæндагыл сбуц кæнынц сылгоймаджы хæрзæгъдау æвдисæг кæлмæрзæнæй.

ЦÆДЖДЖИНАГ — бæгæны æмæ дзидза фыцæн егъау æрхуы аг, фылдæр йæ бын — цыргъ. Раджы хæзна дзаумайыл нымад уыд. Дардтой йæ æхсæны кæнæ уыд хъæздыгдæр бинонтæм. Лæвæрдтой йæ ирæды сæрмæ, стæй тудджыны фидыды дæр.

ЦÆЛИЛОЙТÆ ÆМÆ УÆЛИЛОЙТÆ — дауджыты иумæйаг нæмттæ.

ЦÆЛЫ ФЫНГ — иумæ хъæлдзæгæй абадыны, аныхæстæ кæныны, фæллад суадзыны, ануазыны, ахæрыны, царды уæз фæрогдæр, айрох æй кæныны тыххæй æвæрд фынг. Æгъдауы фынгау ыл ницы хæстæ æвæрд ис, фæлæ дзы уæддæр хъуамæ фæтк уа.

ЦÆНГÆТ ЧЫРЫН — базæронд ис тынг Нарты Уырызмæг, басаст йæ тых. Нал цыдис стæры, нал æй фарстой зондæй Нарты фæсивæд. Æмæ уæд Нартæй æркуырдта фидар ныхас, йæ фæстаг курдиат ын кæй сæххæст кæндзысты, уый тыххæй. Йæ курдиат та уыдис: «Æппæтмæ дæсны Куырдалæгонæн Цæнгæт чырын саразын кæнын. Сæвæрут мын дзы йæ рахиз фарсы фæрдыгдур рудзынг — æддæмæ кæсæн, йæ дæлвадæны — хотых æвæрæн, йæ уæлвадæны — хæрд, нуæзт æвæрæн!». Стæй ма зæрингуырд Сафайы конд æхсинвидыцы æртæ дæлхъуыр къæлæттæ æркуырдта йемæ нывæрынæн. «Куы йæ цæттæ кæнат, уæд æй æдде Сотæгæфсойæ бæзджын сысæрдут. Уый фæстæ-иу мæ Цæрццуйы донмæ сынтыл ныххæссут». Æмæ цæугæдон куы раивылд, уæд æй уым баппæрстой.

ЦÆРАЗОНТÆ — таурæгътæм гæсгæ, ирон адæмы фыдæл-мыггæгтæй иу. Цæразонтæм хауынц Уæлладжыры комы бирæ хъæуты, Мызуры, Нузалы æмæ æндæрты цæрæг мыггæгтæ. Цæразонты комы равзæрд бæттынц Ромы Цезæртимæ. Уый фидарæй равдыста Абайты Васо йæ наукон уац «Происхождение осетинских фамильных имен CORAЗONTA и ÆGПVSATÆ»-йы æмæ скæны хатдзæг: «Итак, с лингвистической стороны возведение фамильного имени Cærasoп к Cæsaron и в конечном счете к латинскому CAESAZ не может вызвать сомнений, но вопрос имеет, помимо лингистического, еще и исторический аспект. Когда и в какой исторической ситуации в определенных кругах осетинской знати могла появиться претензия на родство с Цезарями?». Æмæ йын йæхæдæг дзуапп дæтты, манголты ныббырсты размæ, зæгъгæ.

ЦÆРВКЪАХÆНТÆ — кæс «Урсы къуыри (цæрвисæнтæ)».

ЦÆРГÆС — ирон адæмон сфæлдыстады цæргæс у мæргъты паддзах.

ЦÆРДДЗУ — цæрддзу фæкæн, ома утхар, удæхсæн фæкæн. Хæтæнхуаг уæвын, сæфты фæндагыл цæуын, истæмæ бæлгæйæ, къухы куыд нæ бафта, афтæ фæцæрын.

ЦÆРЦ-ÆФСАД — гуымирты æфсад дæлимонтæй, цæст сыл не ‘ххæссыд.

ЦÆСТДЗЫД — сывæллон, стæй хъомыл адæймаг, суанг стур дæр йæхи æбæрæг æвзæр куы æнкъара, йæ уагыл куы нæ уа, йæ цæссыг куы кала, уæд дзы фæзæгъынц, цæстдзыд у, зæгъгæ. Чидæр æм хæрам цæстæй æрбакаст, кæнæ йыл æгæр бадис кодта. Ахæмæн хос кæнынмæ арфæгæнæгмæ ацæуынц. Цæстдзыд арæхдæр кæнынц сывæллæттæ. Йæ мад, дам, ыл æгæр куы бацин кæны, уæд уымæй дæр фæцæстдзыд вæйиы. Æмæ цæмæй уымæй хызт уа, уый тыххæй йыл-иу хъуамæ батутæ кæна. Мад йæ сывæллонмæ куы рамæсты уа æмæ йæ мæстджынæй куы æлгъита, уæд та, дам, йæ дзидзитæ «æлло» фæкæнынц, æмæ йæ æлгъыст нæ æрцæуы.

ЦÆССЫГ — адæймаг цæссыг фырхудтæй, стæй фæздæгмæ дæр æркалы. Фæлæ уыцы цæссыгæн ницы нысан ис. Мардыл зæрдæрисгæйæ цы цæссыг æркалы, уый, дам, ын йæ Мæрдтæм фæндаг срухс кæны, æмæ йын Дзæнæтмæ æнцондæр бацæуæн вæйиы. Æмæ цæмæй мард фылдæр цæссыг ахæсса, ууыл фæархайынц хъарæггæнджытæ дæр. Зианы баныгæныны фæстæ арæх фехъусæн вæйиы: «Бирæ цæссыг ахаста йемæ, рухс Дзæнæты бадæд».

ЦÆРЦ ДÆЛИМОНТÆ — зындоны дæлимонтæ.

ЦÆРЦЦУ — дæлимонты зындон Мæрдты бæсты.

ЦÆРЦЦУЙЫ ДУÆРТТÆ — дæлимонты зындоны дуæрттæ.

ЦÆУÆГГАГ, ЦОГГАГ — рагон ирон бæрæгбон. Лæппуйыл-иу æртæ азы куы сæххæст, иу ныхасæй, хорз цæуынхъом-иу куы фæци, уæд-иу ын Куадзæны цыппæрæмы скодтой хъæлдзæг æмæ рæвдауæн бæрæгбон Цоггаг. Уæдмæ йын-иу къахæй-сæрмæ æрцæттæ кодтой ног ирон уæлæдарæс: хæдбынтæ, куырæт, цухъа, ирон рон, хъама, худ. Йæ номæвæрæг ын-иу сарæзта æрдын æмæ фат. Уыцы арæзтæй-иу лæппу кæнæ лæппутæ хъæуыл æрзылдысты сæ номæвæрджытимæ. Æмæ сын ног чындзытæ тырæнхъæлæй сæ фæдыл бастой мысайнаджы хуызы рæсугъд хæцъилы уадздзæгтæ. Хæдзары кусæрттаг, фынг-иу куы сцæттæ сты, сых кæнæ хъæуæй хуынд адæм-иу дзы куы скуывтой, уæд, Цоггаг кæй номыл конд уыд, уый йæ номæвæрæгимæ чъири, физонæг æмæ бæгæныимæ æрвыстой хæстæгдæр дзуары бынмæ. Уым-иу лæппуйы бафæдзæхстой дзуарыл, йæ фат та йын-иу кувæндоны къулыл бафидар кодтой.

Куырттаты комы Цымытийы, стæй хæстæг хъæутæ сæ æртæаздзыд лæппуты кодтой Тхосты дзуары бынмæ, æмæ сын-иу уым сарæзтой фатæй æхсынæй æмæ кафынæй ерыстæ. Фæллад лæппуты иу куывды арфæйæггæгтимæ сæ хъæбысы æрхастой сæ хæдзæрттæм сæ номæвæрджытæ.

ЦÆУЫ ДЗУАР — кувæндон Дыгургомы Дымты хъæуы фарсмæ. Куывды йæм

цыдысты, афæдзы дæргъы-иу чындзытæ цы хæдзæрттæ æрхастой, уыдон. Цæуы дзуарæн æргæвстой сæгътæ æмæ дзы куырдтой æнæниз ноггуырдтæ.

ЦÆФХАД — бæхы цæфхад хайуанæн гуыргъахъ, дурджын фæндагыл æнцондæр, æдасдæр цæуынæн кæй у, уымæй уæлдай ма йын ис уаз нысан дæр. У ма фæндаджы фарныл æфтауæг, бинонты фыдбылызæй хъахъхъæнæг фæдзæхсæн. Бакæнынц æй фылдæр кулдуарыл, бинонтæ дыууæрдæм цы дуарыл хизынц, уый сæрмæ хамут æвæрдау, йæ бицъитæ æддæмæ куыд уой, афтæ.

ЦÆХÆРАДОНГÆС — Дареджанты таурæгъты Ростъомы цумагæнæг, фæлæ йыл сайдæй разылд, Индостаны паддзахы фарс фæци, йæ фырт Зураппы удæгасгæнæг хос ын акалдта, æмæ йæ Ростъом цъæх фæнык фестын кодта иу цæфæй.

ЦÆХГÆР — кæхцæй егъаудæр уæрæх бæрцуат бæгæныйæн, стæй æндæр тæнгъæд æмæ ссадæн.

ЦÆХХ — ФЫНДЖЫ СÆР — ирон фынгыл æппæты фыццаг æрæвæрынц цæхх, стæй — хойраг æмæ кард. Цæхх фынджы сæр дæр уымæн хонынц. Раджы кæддæр иу хъæздыг лæгæн уыдис æртæ фырты. Ærхъæцмæ йыл нæ хъæцыдысты, йæ цæрайæ цардысты. Лæг ахъуыды кодта: æнувыд мыл сты æртæ дæр, уый хатын, фæлæ сæ уæддæр куы бафæрсин, чи мæ дзы цас уарзы, уымæй.

Хистæр загъта: налхъуыт-налмасы бæрц дæ уарзын; астæуккаг фæрæвдз: сыгъзæрины бæрц. Кæстæр ахъуыды кодта æмæ загъта: «Цæхххы бæрц!».

Фыдæн кæстæры дзуапп хъыг уыдис, фæлæ ницы сдзырдта, кæд ыл дыууæ хистæры былысчъилæй бахудтысты, уæддæр.

Рацæй-рабон æмæ цард фæивта, адæм смæгуыр сты, бахæринаг сын нал фаг кодта. Ахæм дуг скодта, æмæ цæхх ссарæн, балхæнæн никуыуал уыд. Адæм æндæр бæстæтæм цыдысты, сæ мулк, сæ фæллой ластой æмæ йæ цæхххыл ивтой. Фæстагмæ цæхх сыгъзæрин æмæ налхъуыт-налмасæй дæр фæзынаргъдæр. Уымæн æмæ æнæ уыдонæй дæр фæцæрæн уыд, æнæ цæхххæй та нæ.

Фыдмæ уæд бахъардта йæ кæстæр фырты дзуапп, уæд бамбæрста, йæ фырттæй зондджындæр чи у, уый. Гъе уымæ гæсгæ ирон адæм цæхх хонынц фынджы сæр æмæ йæ æрæвæрынц æппæты фыццаг.

ЦÆХХЫГОЛ (ЦÆНХИГОЛ) — ирон мифологийы цæхххы бардуаг. Цæхххæй ирон адæм рагæй-æрæгмæ аргъуц кæнынц, нымд дзы кæнынц. Уымæн æмæ зонынц, æнæ цæхххæй, æдзæх хæринагæй, æгæр-мæгуыр, фосæн дæр ма фæцæрæн кæй нæй. Ædзæхх хæринаг хонынц æнад, æныгуыз. Цæхх ирон адæммæ у фынджы сæр. Уый йыл равæрынц фыццагдæр æмæ йæ сисынц фæстагмæ. Цæхх фынгæй зæхмæ калын нæ фæтчы, афтæ хæрæнтимæ — быröндонмæ дæр. «Тæригъæд у, кæдæм æй калыс», — фæзæгъынц ирон адæм.

Цæхх ирон къæбицы рæбинаг у. Æфсин æнæ цæхххæй хæрзад хæринаг не скæндзæн. Адæймаг æнæ цæхххæй нæ фæцæрдзæн. Ирон адæм æййæфтой цæхххъуаг, æмæ, æвæццæгæн, уый фæдыл нæ адæмон сфæлдыстады фæзынд

цæххы бардуаг, цæхх уа, ма уа, уыцы бархъомыс кæй къухы уыд, ахæм. Йæ кувæндон ис Дыгургомы. Кæс В. Миллеры фыст «Уастырджийы таурæгъ».

ЦЕРЕЧЫ ЗГЪÆР — кадджытæм гæсгæ, номдзыд лæг Церечы быд згъæр хæдон, кард æй нæ карста, фат дзы нæ хызт. Хæсты коймæ-иу йæхæдæг йæхи йæ хицауы уæлæ акодта. Церечы згъæр ис Нæрæмон Сосланмæ, æмæ йын кæд зынаргъ дзаума у, уæддæр æй Хызы фырт Челæхсæртæджы чызг Бедухайы ракурыны сæрвæлтау суæлæнгай кодта: Хызы фырт ын, кафынæй мыл куы фæуæлахиз уай, уæд дын ратдзынæн мæ чызг Бедухайы, зæгъгæ, уæд уый та æрæвæрдта: Церечы згъæр, Бидасы тахъа, стæй ма йæ цирхъ дæр.

ЦИНЫ НУАЗÆН — куывды, чындзæхсæвы фысымтæ бадты хистæртæм нуазæн куы рахæссынц, уæд уый у Цины нуазæн. Æхсызгон хъуыддаг у фысымтæн æмæ бадты адæмæн дæр. Хъæлдзæгдзинад ноджы тыхджындæр кæны. Гъе уымæ гæсгæ хæрнæджы фынгмæ зианджын бинонты номæй арфæйы нуазæн куы рахæссынц, уæд сын бадты хистæртæ фæзæгъынц: «Уæ Арфæйы нуазæн Цины нуазæнæй раивут». Цины нуазæн зарæг дæр расайы.

ЦИНЫ ФЫНГ — æгъдауы фынг: чындзæхсæвы, чызгæрвысты, лæппуйы, бæлццоны æрыздæхты, рынчыны сдзæбæхы кæнæ ма æндæр ахæм хорзæрцыды фæдыл фынг. Алцæмæй æххæст дзаджджын фынг. Хæрнæджы фынгыл алцы æвæрын нæ фæтчы, зæгъæм, картофджынтæ (мæрдтæн, дам, æмбигæ кæнынц), фыдджынтæ, физонæг, шампайнаг сæн (хъалгæнæг хæринæгтæ æмæ нозт сты, зиан та фыдох у) æмæ æндæртæ. Цины фынгыл дæ хъару æмæ дæхæдæг — дæ фадат куыд амоны, афтæ йæ байдзаг кæн алыхуызон хæринæгтæ æмæ нозтæй. Æцæг хуыйы æмæ карчы фыдæй кувын нæ фæтчы.

ЦИРХЪ — æхсаргардæй егъаудæр кард, хъамайау дыууæрдыгæй цыргъ. Хæцыдысты дзы дыууæ къухæй йыл хæцгæйæ æмæ цонгуæзæй.

ЦИРХЪ-АРЦ — фидар æмæ даргъ хъил, йæ кæрон цыргъ æфсæн, йæ фæйнæфарс та дыууæ къæпсыры, барæджы бæхы рагъæй исынæн, раппарынæн.

ЦИРХЪЫ ЦÆФ — Дыгургомы Нары хæуы Нарты ныхасæй кæсгæйæ цæгаты æрдыгæй къæдзæх хохы фахсыл дæ цæст æрхæцдзæн уæле дæлæмæ дæргъæццон скъуыдыл. Уый, дам, Уастырджийы цирхъы цæф у. Йæ фарсмæ къæдзæхы та — лæгæт. Уый та, дам, йæ арцы цæфæй фæхуынкъ.

Ацы бæрæг бынæтты фæдыл ахæм таурæгъ ис: Уастырджи, дам, хохæгтæн йæ фыртимæ хъахъхъæдта, Хæресмæ æввахс цы цæххы æвæрæнтæ ис, уыдон. Тарстис сын. Уымæн æмæ дзы Быдыры зæд хъавыд адавын.

Иуахæмы Уастырджийы бахъуыд хъуыддаджы фæдыл кæдæмдæр ацæуын. Йæ фыртæн карзæй ныффæдзæхста цæххы æвæрæнтæ цæстыгагуыйау хъахъхъæнын, æввахс сæм макæй бауадзын. Уастырджийы фырт йæ фыды фæдзæхст æххæст кодта цыртдзастæй. Фæлæ йыл Быдыры зæд хин мийæ фæтых. Уастырджи бынаты кæй нæй, уый куы базыдта, уæд йæхи егар фестын кодта æмæ цæххæй адавта.

Уастырджи йæ балцæй куы æрбаздæхт, уæд йæ фырты фæрсы:

– Æцæгæлон искæй федтай ам æввахс?

– Иу егар ам æрбазгъордта, æндæр никæй, — дзуапп радта фырт.

Уастырджи базыдта, егары хуызы сæм Быдыры зæд кæй æрбацыд цæхх давынмæ, æмæ йæ фæстейæ асырдта. Фыццаг æхст æй фæкодта, фат куыдзыл нæ сæмбæлд, фæлæ йæ цæхæртæ зæхмæ æркалысты æмæ Æхсæуы хъæуы фарсмæ кæрдо бæлæстæ фестадысты. Дыккаг фат дæр куыдзыл суагъта Зæдæлесчы хъæуы цур, æмæ та фæивгъуыдта. Фаты цæхæртæ фахсыл хъæды къох фестадысты. Абон дæр уыцы хъæд ис, хуыйны Моргæ.

Уæд Уастырджи фырмæстæй йæ цирхъ фæцъортт ласта кæрддзæмæй æмæ дзы хох æрдаудта, æмæ къæдзæх хох фæфаз. Йæ арц къæдзæхы рæбыныл нынтъыхта, æмæ къæдзæх йæ цæфæй лæгæты бæрц фæхуынкъ. Загъта ма: «Быдыры зæд цæхх куы давта, уæд ам куы уыдаин, раст ахæм цæфтæ байййæфтаид йæ сæр!».

Абон дæр ма амы цæрджытæн ацы бынæттæ сты кувæндæттæ. Уымæн æмæ сыл Уастырджийы фарн æфтыд ис.

ЦОЛХЪ — бардуæгты нозты бæрцуат.

ЦОМАХЪ (ДОМБАЙ) — хъæддаг сырдты паддзах ирон адæмон сфæлдыстады.

ЦОППАЙ — раджы-иу арв искæй куы æрцавта, уæд æрвдзæф адæймагыл кæугæ нæ кодтой, — нæ фæтчыд, Арвуациллайæ нымд кодтой, фæлæ-иу кæрæдзийы фæстæ æрлæугæйæ кувгæ æмæ заргæ йæ алыварс зылдысты. Уациллайæ куырдтой хатыр, фарстой йæ: цæуыл нæм фæхъыг дæ? Кувдзыстæм дæм, нывондтæ дын кæндзыстæм, æрмæст нæ дæ азарæй бахиз. Уыцы æгъдау хуындис Цоппай. Цоппай кæнынц чырыстон аргъуаны кусджытæ дæр, сæ тырыстæ æмæ æндæр уаз дзаумæттæ уынгтæм куы рахæссынц, иу кувæндонæй иннæ кувæндонмæ куы фæцæуынц, уæд.

ЦУРТФÆДИСОН — тыхгæнæджы æрбабырст хабархæссæг — фидиуæг.

ЦУРХЪЫТÆ — æфсæн къахыдарæс, сæ бырынчъытæ — схъæл æмæ хъамайы комау цыргъ, знагимæ хæцгæйæ бæхы тæнтæ фадынæн.

ЦЫБÆЛКИ — иу кадæджы Сосланы æфсымæр.

ЦЫБЫРЦОНГ — Иманы фыд.

ЦЫБЫРЦОНДЖЫ ФЫРТ ИМАН — ис æрмæстдæр иу кадæджы.

ЦЫКУРАЙЫ ФÆРДЫГ, УРС ФÆРДЫГ — Нарты кадджыты 1946 азы рауагъды йæ чиныгаразджытæ амонынц: «Зынаргъ дуры мыггаг. Ам: мард æгас кæныны, цæфтæ дзæбæх кæныны тых кæмæ ис, ахæм фæрдыг. Ома, цы курай, уый дæтты».

Кадджыты та кадæг «Сослан Бедухайы куыд æрхаста»-йы кæсæм: «Иу заманы та кæсы (Сослан зæппадзы), æмæ калм фæстæмæ ралæсы, йæ дзыхы Цыкурайы фæрдыг, афтæмæй. Калм Цыкурайы фæрдыг йæ лыгыл (уый размæ йæ Сослан йæ цирхъæй дыууæ дихы фæкодта) асæрфта, æмæ дыууæ æмбисы баныхæстысты, афтæмæй уæртæ фæлидзы, Сослан дæр æм фæцырд ис æмæ йæ цирхъæй ныццавта, бынтондæр æй амардта. Цыкурайы фæрдыг ын йæ

дзыхæй райста æмæ йæ Бедухайы хъæдгомыл расæрфта — чызг уайтагъд райгас и».

Цыкурайы фæрдыг бæрæг бынат ахсы ирон адæмон сфæлдыстады: кадджыты, таурæгъты, аргъæутты, æмбисæндты. Кæй къухы бафты, уымæн ахъаз у йæ тыхст сахаты, дæтты йын амонд, ныфс, хъару, дзæбæх ын кæны йæ цæфтæ, сисы йын йæ рис. Ис, сæрмагондæй «Цыкурайы фæрдыг» чи хуыйны, ахæм ирон аргъау дæр. Уым æй сæйраг архайæг — идæдз лæджы иунæг лæппуйæн — балæвар кæнынц кæлмытæ, сæ лæппыны сын мæлæтæй кæй фервæзын кодта, уый тыххæй. Цыкурайы фæрдыг ацы аргъауы æцæгæй у йæ номы аккаг: лæппу-иу, цы йæ хъуыд, уый мын фестын кæн, зæгъгæ, куы загъта, уæд-иу æй фестын кодта. Æмæ фæрдыджы, йæ хорз зæрдæйы фæрцы лæппу йæ зынтыл фæуæлахиз, æлдары цард кодта.

Алæмæты аргъау «Зджыды рæсугъд»-ы та ныхас цæуы урс фæрдыгыл. Зджыды рæсугъд куы амæлы, æмæ йæ зæппадзы куы бавæрынц, уæд йæ мой дæр удæгасæй баззайы йемæ. Уый æхсæвы чырыны цыппар фисыныл мыдадзын цырæгътæ æрсагъта æмæ иуахæмы уыдоны рухсмæ ауыдта, калм кæцæйдæр куыд рахылд æмæ йын йæ мард усы зæнджы хæцъæф хæрынмæ бавнæлдта. Лæг хъама фелвæста æмæ дзы калмы дыууæ дихы фæкодта. Калмæн йæ сæрæрдыгæй хай цыдæр æрбаци, фæлæ уайтагъд фæстæмæ æрбахылд. Йæ дзыхы урс фæрдыг, афтæмæй дыууæ лыджы кæрæдзимæ ацарæзта, урс фæрдыгæй сæ расæрфта, æмæ калм, цы уыд, уый фестад. Лæг ыл йæхи ныццавта, калм фæтарст, æмæ йæ сæр йæ кой фæци, фæрдыг зæппадзы аззад.

«Ацы калм кæмæй сдзæбæх, кæмæй сног, уый ме ‘фсины мардæн дæр хъуамæ сбæзза», — загъта лæг йæхинымæры æмæ урс фæрдыг мардыл куы иуæрдæм, куы иннæрдæм æрсæрфы. Мард дын æрыхъал.

Цыкурайы фæрдыг æрмæст адæмон сфæлдыстады нæй, таурæгъон сты йæ фылдæр миниуджытæ. Æнæуый та уыд æмæ ис Хуссары æмæ Цæгат Ирыстоны дæр кæмæдæрты. Суанг ма уый В.Ф. Миллер дæр бафиппайдта æмæ фыссы Атайты фæрдгуыты тыххæй. Дзимыры комы Цгъойты хъæуы, Къуыдаргомы Леты æмæ Мамысонгомы Лисрийы хъæуты хицæн хæдзæрттæм Цыкурайы фæрдгуытæ кæй уыд, уый амоны зындгонд ахуыргонд Цыбырты Людвиг йæ наукон куыст «Древнейшие пласты духовной культуры осетин»-ы. Людвиг Цыкурайы фæрдыджы тыххæй бирæ æрмæгæй пайда кæны. Бæлвырд дæнцæгтыл æнцой кæнгæйæ, дзуры йе ‘ддаг бакаст, йæ хуыз æмæ йæ миниуджытыл, ирон адæм ын абон дæр ма цы аргъ, куыд нымд дзы кæнынц, ууыл.

«Хæдзары хицауы зæрдæмæ тынг куы фæцæуай æмæ дыл куы бауæнда, уæд дæм уый равдисдзæн иу цалдæр æвзист дзаумайы: уæззау æвзист рон, нуазæн, куыси, рагон æхцатæ æмæ æндæр ахæм «хæзнатæ»… — фыссы Къоста йæ этнографион очерк «Особа»-йы, — фæлæ уе ‘хсæн цыфæнды хæлардзинад

куы уа, уæддæр дæм нæ равдисдзæн амонд æмæ бæркаддæттæг дур — Цыкурайы фæрдыг, уый йын æфснайд у, кæйдæр загъдау, авд дуары фæстæ, цæмæй йæм æцæгæлон адæймаджы цæст ма бахæццæ уа, уый тыххæй. Хæдзарæн уый у йæ ахсджиаг хæзна æмæ йæ амонд, æмæ йæ хæдзары хицау йæхи бинонтæн дæр фенын кæны афæдз æрмæст иунæг хатт, табутæгæнгæ йæм кувинæгтимæ бацæуы, афтæмæй. Уыцы дур вæйиы тымбыл, хъæдуры гагайы кæнæ бæлоны айчы йас, хуызæй чысыл бурбын æмæ рæсуггомау, талынджы дæтты тынг фосфорон рухс. У тынг стæм æмæ, рагон таурæгътæм гæсгæ, бафты æрмæст «амондджын адæймаджы къухы»».

Уæдæ фыццаг ирон сонет дæр фыст у Цыкурайы фæрдыгыл. Йæ сæргонд дæр у «Цыкурайы фæрдыг». Йæ автор Токаты Алихан. Æрхæсдзынæн ын йæ фыццаг куплет. Ам хорз æвдыст цæуынц йæ миниуджытæ.

Мæнмæ Цыкурайы фæрдыг ныр ис.

Æдзух вæйиы мæнмæ æппæт, цы курон.

Уый нæу зæххон, уæларвонтæй у — хурон,

Дзæбæх кæны фыднизтæ, уды рис.

Цыкурайы фæрдыг йæ хуызмæ гæсгæ алыхуызон хонынц. Иу хуызы тыххæй дзы фыссы Къоста, фæлæ ма, дам, вæйиы урс æмæ сырх тæппытимæ сау Цыкурайы фæрдыг дæр. Ахуыргонд Гаглойты Зинæ куыд фыссы, афтæмæй, дам, Цыкурайы фæрдыджы фылдæр хуызтæ сбæлвырд кодта Ручъы цæрæг Дауыраты Н. Уый сæ равæрдта афтæ: Сырх фæрдыг — æрвгъуыз, сау æмæ урс тæлмытимæ; Урс — æрвгъуыз фæлтæмæнимæ — æхсыры бæркады Цыкурайы фæрдыг, æвæрд-иу уыд дурын къусы æхсыры хуылфы; Сау — æнæзæнæг устытæн цотдæттæг фæрдыг; Бургонд — хæдзары фосы бæркадыл æфтауæг, æфснайд-иу уыд скъæты аххæрæгыл; Урс — тар фæлтæмæнимæ, уыд хъæздыг тыллæджы фæрдыг æмæ-иу æвæрд уыд хорæфснайæн гоны; Иухуызон сырх — дæсны фæрсынæн.

Цыкурайы фæрдыг кæй хæдзары уыд, уый алы аз дæр иу хатт, йæ номыл сæрмагондæй кодта æртæ уæливыхы, фылдæр хатт афæдзы сæр — Ногбоны. Фынгмæ-иу æй йæ æвæрæн бынатæй табугæнгæ рахаста хæдзары хистæр. Æвæрд та уыд тарф бынаты, æцæгæлоны цæст ыл куыд никуы аныдзæвдаид, ахæм ран, къоппы хуылфы, цыллæ кæнæ урс бæмбæджы тыхтæй. Хæдзары хистæр-иу æй къоппæй систа, райхæлдта-иу æй æмæ, цæм тыхт уыд, ууыл æртæ чъирийы сæрыл æрæвæрдта. Æрмæстдæр уыцы бон уыд фадат бинонтæн йæ фенынæн. Скуывтой-иу ын, стæй йын йæ хуыз, йæ уагмæ гæсгæ бæрæг кодтой, афæдз сыл куыд ацæудзæн, уый. Кæд райдзаст хуыз æвдыста, уæд бинонтæ æнхъæлмæ кастысты амондджын, цинаг хъуыддагмæ, тар хуыз-иу куы æвдыста, уæд та — æнамонддзинадмæ. Зæгъынц, Цыкурайы фæрдыджы, дам-иу, дурыны царвыл æрæвæрдтой: кæд-иу йæ бынмæ ацыд, уæд афæдз нымадтой амондджыныл.

Иуæй-иу хæдзары бинонты хистæр Цыкурайы фæрдыгæй фарста дæсны,

йæ тарф бынатæй та-иу ын æй рахаста бинонты хистæр сылгоймаг. Ахæм хæдзары-иу рынчын куы уыд, уæд дæр сæ каст уыд Цыкурайы фæрдыгмæ: кæд-иу фæрдыг хид кодта, уæд рынчынæн йæ хъуыддаг хорз нæ уыд. Кæннод ын-иу æй истæм бастæй æрцауыгътой йæ хъуырыл дæр.

Ирон адæм Цыкурайы фæрдыгмæ æнæууæнкдзинады æнкъарæн дæр дардтой, алы фæрдыг, дам, хæдзарæн амонд нæ хæссы. Гъе уымæ гæсгæ-иу æй раздæр сбæлвырд кодтой, амондхæссæг у, æви дзы тæссаг у. Уый тыххæй-иу æй хæдзармæ бахæссыны размæ афæдзы дæргъы фæдардтой бæласы зæнджы: кæд бæлас ног таутæ рауадза, уæд у амондхæссæг, кæд йæ къалиутæ хус кæнын райдайой, уæд та — æнамонд хæссæг, æмæ-иу æй хæдзарæй цас дарддæр ран аппæрстой. Мæ мад Гуырцъион мын куыд дзырдта, афтæмæй сæ мыггаджы иу хæдзармæ уыд Цыкурайы фæрдыг. Ссардтой йæ сæ кæрты æмæ йæ цалынмæ афтæ бафæлвæрдтой, уæдмæ йæ хæдзармæ нæ бахастой. Стæй, дам, сын сæ фæрныгадæн тынг фæахъаз. Уынын дæр ын æй фæкæнын кодтой. Уыд, дам, тынг аив, бурбын, фæлтæмæн, хуызивæн кодта. Куыд дзырдта, афтæмæй, Цыкурайы фæрдыг йæ зонгæтæй чидæртæ федтой хæфсы, фылдæр та калмы дзыхы дæр. Æмæ, дам, ахæмтæн сæ арфæтæн, батутæн стыр тых уыд, æххуыс уыдысты цæстдзыдæн, рынчынæн.

Уыдис, дам, ахæм цаутæ дæр, халон æй ссардта æмæ йæ хæдзары ердойы ныппæрста. Уæлдай цымыдисагдæр та у, нывонд галы сæры дыууæ сыкъайы æхсæн стæджы хуылфы дæр æй кæй ссардæуыд, уыцы цау. Стæй, дам-иу, иуæй-иу амондджын адæймаджы буары дæр Хуыцауы зондæй сæвзæрд, хъахъхъæдта йæ, йæ ныфс, йæ зонд æмæ хъаруйыл ын æфтыдта, адæмы уарзондзинад ыл æфтыдта, æмæ йæ фæдыл цыдысты дзыллæтæ. Ахæм, адæмы уарзон адæймаг, дам-иу, куы амард, уæд-иу дзырдтой: «Йæ Цыкурайы фæрдыг йемæ ахаста æмæ йын æй уым, ома, ингæны, калм ссардзæн».

Цыкурайы фæрдыгæн йæхиуыл дæр аудын хъæуы. Куы ницæмæ йæ дарай, уæд йæ бон у, бинонтыл фыдæх тауын райдайа кæнæ æндæр хæдзармæ тæргай алидза. Ахæм тæссаг хабармæ-иу зæрдæ куы фехсайдта, уæд ын хæдзары хистæр кодта нывонд. Уый зæйцæй йын Бынаты æхсæвы кодтой кусарт.

Хистæртæ куыд дзурынц, афтæмæй Цыкурайы фæрдыг у арвæй æрхаугæ дур. Афтæ зæгъы Токаты Алихан дæр. Кæмæ уыд, стæй ма абон дæр кæмæ ис, уымæ та æрбафтыд калмæй. Калм æй ссары æмæ дзы, талынджы рухс кæй кæны, уымæ гæсгæ æхсæвыгон фæпайда кæны лыстæг цæрæгойтыл цуан кæнгæйæ. Маргджын калмы дзыхæй æнцон байсæн нæу, фæлæ йæ Хуыцауы фæндæй сæхæдæг æрбахæссынц адæймагмæ: ныууадзынц ын æй йæ кæрты, йæ асинтыл, тыргъы æмæ ма суанг йæ разы дæр. Уыдис ахæм цаутæ дæр, райсомæй йæ йæ пецы фæныкимæ чи райста, арвæй хаугæйæ, дам, фæздæгдзæуæн тохынайы комкоммæ ныххауд, гъе та йæ калм кæнæ халон ныппæрстой иннæ кæлмытæ æмæ халæттæй йæ амбæхсыны охыл.

Цыкурайы фæрдыг кæмæ ис, уыдонæй йæ бирæтæ хъæр дæр нæ кæнынц,

табуйаг сын у, фæлæ адæмæй ницы бамбæхсдзынæ. Чи йæ ссары, уый йæ цин нæ бауромы æмæ йæ искæмæн ма радзура, уый бауромын йæ бон нæу, стæй дзы æвзæрæй дæр ницы ис. Фæлæ йын фæтæрсынц адавынæй. Ахæм цаутæ дæр æрцыд, æмæ дзы ничи ницыма фæфос кодта: чи йæ ссары, уымæн лæвæрд у. Тыхæй исæгæн йæхæдæг тых кæны.

Хуссар Ирыстоны Джеры хъæуы цæрæг Бекъойтæй иу бинонтæ раджы кæддæр сæумæйæ сæ къæсæрыл ссардтой дыууæ Цыкурайы фæрдыджы. Куыд æмбæлд, афтæ сыл бацин кодтой, æртæ чъирийы сын скодтой, скуывтой сæм æмæ сæ бæрзонд ран хæдзары арф бынаты бафснайдтой. Дзæвгар азты сын фæлæггад кодтой, æмæ сæм сæ хъæуккæгтæй чидæр «тынг» бахæлæг кодта — адавта сын сæ. Бинонтæ сæ фæрдгуыты сæфтыл бирæ фæсагъæс кодтой, цы фесты, зæгъгæ. Исчи сæ адавта, уый сæ нæ уырныдта. Уымæн æмæ зыдтой: давæн сын нæй. «Кæд фæтæргай сты æмæ æндæр фысыммæ фæлыгъдысты, æмæ цæуыл хъуамæ фæтæргай уыдаиккой, алы аз дæр сын се ‘гъдау куы кодтам, æрвылбон сæм куы куывтам…»

Рацæй-рабон æмæ давæг йæхæдæг йæхи схъæр кодта. Цыкурайы фæрдгуытæ йæ хæдзармæ куы бахаста, уæдæй фæстæмæ йæ бинонтæй дыууæ амард, йæ фæллой куынæг кодта. Йæхиуыл йæ зæрдæ худт æмæ дæсныфæрсæгмæ фæцыд. Дæсны, дам, ын комкоммæ Цыкурайы фæрдгуыты кой скодта, тагъд сæ, кæцæй рахастай, уырдæм дæ хæдзарæй дæ зонгуытыл цæугæйæ куы нæ бахæссай æмæ сæ сæ бынаты куы нæ сæвæрай, уæд дæхи хъуыддаг дæр хорз нæу, зæгъгæ. Зæгъынц, хуыснæг, дам, дæсны йын куыддæриддæр загъта, афтæ куы бакодта, уæд йæ цард фендæрхуызон.

Зæгъынц, Ирыстоны, дам, цас фылдæр Цыкурайы фæрдгуытæ уа, уый бæрц ыл Стыр Хуыцау хуыздæр ауды. Уæлдайдæр та, кувæндæтты куы уой, уæд. 1992 азы онг Тбау-Уациллайы кувæндоны уыд дыууæ Цыкурайы фæрдыджы. Уæд сæ чидæр адавта æмæ, абон ирон диныл чи æууæнды, уыдон, уыцы азæй фæстæмæ Ирыстоныл цы бæллæхтæ цæуы, уæлдайдæр 1992 азы чи æрцыд, уыдон кæнынц уыцы давды аххос.

Цыкурайы фæрдыджы цаутæ баст сты абоны цардимæ дæр. Хъахъхъæдуры цæрæг ус Гæджынон, дам, йæ марды ингæныл къух аваæрыны тыххæй хъæуы уæлмæрдмæ ссыд. Уæлмæрды астæумæ нæма бахæццæ, афтæ сагъдауæй аззад: йæ цæстыты раз кæлмытæ кæрæдзиуыл стыхстысты æмæ къуыбылойæ дæлæ фæтулынц. Йæхимæ куы æрцыд, уæд кæсы, æмæ йæ разы Цыкурайы фæрдыг. Хуыцауæй лæвæрд ын уыд, æмæ нæ фæтарст, систа йæ æмæ йæ рахаста. Йе ‘гъдау ын скодта, кæй зæгъын æй хъæуы, Дзæуджыхъæуæй дæр ма йæм уынынмæ ныццыдысты. Уыцы Цыкурайы фæрдыг, дам, Ирыстонæн амонды нысан у. Стыр Хуыцау æй æцæг ахæм скæнæд!

ЦЫКУРАЙЫ ÆРТÆ ФАТЫ — Хуыцауæй ракургæ æртæ фаты. Мысанмæ цæвынц сæ хицауы фæндæй æмæ нæ ивгъуыйынц.

ЦЫЛАН — Сосланы бæхы ном, балæвар æй кодта Арæхдзауæн.

ЦЫЛЛÆЙЫ КÆЛМЫТÆ — Уастырджи иу хатт фæцæф ис, æмæ йæ цæф скæлм. Уæд уый загъта: «Уæдæ сымах дæр адæмæн царды хос фæут». Уæдæй нырмæ адæм кæлмытæй цыллæ æндах кæнынц æмæ зæлдаг хъуымац уафынц.

ЦЫЛЫХЪ — Нарты кадджыты тæнгъæд: дон, æхсыр хæссæн бæрцуат. Батрадз дзы Хъæндзæргæсы бæстæйы Æхсыры цадæй æхсыр æрбахæссы. Уыд цармæй конд, æнцон дарæн, æнцонхæссæн, уæлдайдæр та бæхджынæн.

ЦЫРАГЪДАР — рагзаманты иры фыдæлтæм, уæлдайдæр та хæхбæсты, уыдис цырагъдартæ — æвзонг лæппутæ. Уыдон æхсæвыгон сæ цæст дардтой цырæгъты уавæрмæ, уæлдайдæр та куывдты æмæ чындзæхсæвты. Нæзы æмæ наз цырæгътæ дардтой сæ къухты æмæ-иу куы фæцæйфæуыд кодтой, уæд-иу ног къæцæлтæ ссыгътой. Ацы уагæй абоны онг сæ нывты нывгæнджытæй ничима спайда кодта. Афтæмæй та Цырагъдары фæлгонцæй хуыздæр ма цы ис. Хуымæтæджы Къостайы, стæй йæ «Ирон фæндыр» ирон адæмы Цырагъдар нæ хонынц.

ЦЫРГЪОБАУ — кувæндон Олгинскæйы хъæуы цæгатварс. Йæ бæрæгбон вæййы Уацилламæ кувæн къуырисæры хæдразмæ хуыцаубоны. Ацы бæрæгбоны равзæрды тыххæй фыдæй-фыртмæ ахæм хабар дзурынц: «Кæддæр Олгинскæйы цæрæг Кънаттаты Сæудженыхъойæн уыдис стыр нартхоры хуым. Уациллайы боны цæмæй йæ куыстытæм йæ зæрдæ ма æхсайа, уый тыххæй къуырисæры размæ хуыцаубоны дæр йе стыр бинонтимæ йæ хуым рывта. Изæрдалынджы фæстаг рувæндзæфты фæстæ иучысыл сæ рувæнтыл банцой кодтой, афтæмæй сæ фæлладуадзгæ хъæлдзæг ныхас кодтой.

Бинонтæ куыд ныхас кæнынц, афтæ æвиппайды изæры талынджы быдыр диссаджы рухс ацис. Исдугмæ фæтæрсæгау кодтой, сæ алфамблай акастысты. Кæсынц, æмæ гыццыл уæлдæр, уыцы диссаджы рухс кæцæй рацыдис, уым иу бæрзонд, хæрзконд, хæрзуынд лæг. Йæ иу къухæй хæцы бæласы къалиуыл. Йæ фарсмæ йæхи хуызæн бæрзонд, хæрзконд, рæсугъд сылгоймаг. Лæг æмæ усы астæу та зæххыл авдæн. Уыцы диссаджы лæг Сæудженыхъомæ дзуры йæ номæй, ардæм ма хæстæг æрбацу, зæгъгæ. Сæудженыхъойыл дæр ма хуыздæр бон цы уыдис, бацыдис сæ цурмæ æмæ сын «уæ изæр хорз» загъта. Лæг Сæудженыхъомæ дзуры, авдæнмæ амонгæйæ: «Махæн абон райгуырдис лæппу æмæ йыл сæвæрдтам ном Цыргъобау».

Сæудженыхъойæн загъта: «Ацы хабар æнæхъæн хъæубæстæн райсом, къуырисæры Уациллайы кувæн бон радзур. Зæгъ сын, хуыцаубон кусæн бон кæй нал уыдзæнис, фæлæ — кувæн бон. Кæндзыстут кусарт, уыимæ, ирон куывды хуымилæгтæ цы хъæуы, уыдонæй æппæт дæр, ардзыстут Хуыцауы ном. Кувдзыстут, курдзыстут хорздзинæдтæ, стæй уæд кувдзыстут мæ лæппумæ, Цыргъобаумæ. Уыйадыл хуындзæнис Цыргъобауы бæрæгбон. Уæ ныхасы-иу зæгъут, Цыргъобау, цыргъагæй нæ хиз, хорздзинадæй нын хай кæн».

ЦЫРГЪИСÆН — сæрдыгон хъæууонхæдзарадон бæрæгбон. Ис ма йын æндæр нæмттæ дæр: Халмæвналæн, Атынæг. Вæййы сусæны мæйы, хæхбæсты

уыгæрдæнты кæрдæг кæрдынмæ куы сбæззы, уæд, хуыцаубоны. Цыргъисæн — ома цæвæг райсæн, кæрдæджы хал кæрдыны бар ис. Бар та-иу ракуырдтой уыгæрдæны кæрон æртæ чъирийæ Стыр Хуыцауы, Уастырджийы, Уациллайы, Фосы Фæлвæра æмæ иннæ зæдты ном ссаргæйæ. Уыгæрдæны кæрон-иу сæ цыргъ цæвджытимæ ралæууыдысты фароны хуыздæр хосгæрдджытæ æртæйæ кæнæ фондзæй. Æртыгай уистæ-иу æрхастой, стæй-иу адæм агуылф кодтой, Цыргъисæны номыл хъæугуывд кæм цæттæ кодтой, уырдæм. Фæссихор-иу рабадтысты дзаг фынгты уæлхъус. Сидт сидты фæстæ, гаджидаутæ-иу уагътой. Стæй-иу сæ бадт хъæлдзæгдзинадмæ рахызт, æмæ-иу фæсæмбисæхсæвтæм ахаста.

Къуырисæры райсомæй алчидæр æдæрсгæ цыд йæ хосгæрстмæ. Нуæзтфæллад æмæ хуыссæгхъæлдзæгæй. Бирæ бакусын-иу сæ къухы нæ бафтыд фыццаг бон, фæлæ хосгæрдыны куыст ахæм у, æмæ дзы дæхи сабыргай куынæ афæлтæрай, уæд æвиппайды тых куыстæй фæоцани уыдзынæ. Уый æмбæрстой нæ фыдæлтæ, æмæ-иу сæхи куы афæлтæрдтой, уæд-иу фæхстæй райхъуыст сæ ерыс куысты уынæр, цæвджыты æхситт æмæ зарын.

ЦЫППАРКЪАХЫГ, ЦЫППАРХЪУСЫГ — Нарты Уацамонгæ уыд Цыппаркъахыг, Цыппархъусыг. Афтæ йæ хонынц кадджыты.

ЦЫППÆРВАД — хайуанты — кусæг фосы бардуаг. Уæллагкомы йæм абон дæр ма кувынц.

ЦЫППУРС — рагон ирон бæрæгбон, фæлæ йын йæ раздæры мидис рæстмæ ничиуал зоны. Йæ номы цыппор кæй ис, ком дарынимæ баст кæй уыд, уый бæлвырд у. Ком та, æвæццæгæн, дардтой цыппор боны. Уыцы бон-иу ирон адæм æрæджы дæр ма сæ мæрдтæн фынджыдзæгтæ æрцæттæ кодтой. Ныххæлар сын-иу сæ кодтой. Раздæр-иу цыппæрæмы (æрмæстдæр цыппæрæмы) хъуамæ уыдаид Цыппурс, иннæ цыппæрæмы та — Ногбон. Къуырийы дæргъы ирон адæм сæхи цæттæ кодтой Ногбонмæ, æмæ сæ-иу сæ мæрдтæ дæр нæ ферох сты нæдæр зæронд азы, нæдæр Ног азы.

ЦЫППУРСЫ МÆЙ (дыгуронау Цæппурсе мæйæ) — декабрь. Цыппурс бæттынц чырыстон бæрæгбон Есо Чырыстийы райгуырæн бонимæ. Вæййы 25 декабры ног нымадæй, 7 январы — зæронд нымадæй. Цыппурсы мæй ма ирон адæм хонынц Дыууæ Нафы мæй дæр. Наф — хæдзарвæндаджы бардуаг.

Ахуыргæндтæ куыд зæгъынц, афтæмæй бæрæгбон Цыппурс ирон адæммæ уыд Чырыстийы райгуырды размæ дæр, бæттынц æй скифаг бæрæгбонимæ. «Дзырд цыппурс райгуырд ирайнаг патваарат-æй, — фыссы ахуыргонд Цыбырты Людвиг, — уый та амоны цыппор. Ахæм ном ын уымæн ис, æмæ Цыппурсы агъоммæ цыппор боны уыдис мархо».

ЦЫТЫ НУАЗÆН — сæрмагонд нуазæн, лæвæрдтой йæ хъæбатырæн знаджы ныхмæ тохмæ цæугæйæ, кæнæ исты стыр хъуыддаг æххæст кæныны размæ, стæй-иу куы фесгуыхт, уæд дæр.

ЦЫТЫ ЧЫЗГ — Рагзаманты-иу дыууæ тудджын мыггаджы æхсæн фидыд

фидардæр кæныны тыххæй лæг чи амардта, уыдон зианджынтæн лæвæрдтой чызг. Уый адæм хуыдтой Цыты чызг. Ацы æгъдау æнусты дæргъы тыхджын уыд нæ фыдæлтæм. Цыты чызг-иу зианджын мыггаджы кæстæртæн ссис хойы хуызæн. Архайдта хæстæгдзинад фидардæр кæныныл. Иугæр-иу Цыты чызг лæвæрд æрцыд дыууæ мыггаджы æхсæн, уæд-иу кæрæдзи тудджынтæ нал хуыдтой, сæ фидыд уыдис æнустæм.

Мæнæ куыд фыста Хъайттаты Хъайтмырзæ Цыты чызджы тыххæй: «Кæддæр цъамадаг Хъайттаты дыууæ лæппуйы хæрæгуаргъæй суг хастой Субийæ. Инджынты акомкоммæ сæмбæлдысты Цæлладжы-фыртыл. Уый йæ гал æрцæйтардта Урсдоны Сухсæй. Фæндагыл лæппутæн загъд бацайдагъ. Æнæбары Цæлладжы-фырты къухæй хъамайæ рæхуыст æрцыд Хъайттаты лæппу. Цæлладжы-фырт æмæ Хъайттаты иннæ лæппу цæфы бахастой Инджынтæм. Уæды заманы дохтыр цы Хуыцау лæвæрдта, æмæ Хъайттаты лæппу зæфцы фыдæй йæ адзал ссардта.

Ацы хабар арвы нæрдау айхъуыст Уæлладжыры комы. Дыууæ мыггаджы фæтудджын сты æмæ кæрæдзимæ лæбурын райдыдтой. Фæлæ адæм хорз сты. Комбæсты кадджындæр хистæртæ бацыдысты Хъайттатæ æмæ Цæллагты ‘хсæн. Бирæ рæстæджы фæстæ Хъайттатæ радтой фидыды ныхас.

Дыууæ мыггаджы куы бафидыдтой, уæд Цæллагтæ Хъайттатæн радтой Цыты чызг, æрхуы егъау аг (ныртæккæ ис Цæгат Ирыстоны бæстæзонæн музейы), æфсæйнагæй кæрдзынфыцæн дæлтъур.

Фæстæдæр Цæллагонæн Хъайттаты Уазбийы фырт Хадойæ райгуырд Малсæг, Доче, Дзыллæ æмæ Наги».

Кæй зæгъын æй хъæуы, йæ къух барæй зынджы цæхæры ничи атъысдзæн. Мыггæгтæ-иу арæх фæтудджын сты æнæнхъæлæджы. Æмæ-иу хъæубæстæ, хæстæджытæ бацархайдтой, цæмæй фыдбылызы цæхæр ахуысса, дыууæ мыггаджы-иу дарддæры бæллæхтæй бахызтой. Æмæ уымæн стыр ахъаз уыд Цыты чызг дæр.

ЦЫФЫДДÆР — кæлæнгæнæг.

– Ц Ъ –

ЦЪАМТЫ КУЫВД — нæ фыдæлтæ куывдтæ кодтой адæмæн пайдахæссæг тæхгæ мæргътæн: цæргæсæн, зæрватыккæн, уарийæн, дзывылдарæн, суанг ма халонæн дæр æмæ æндæртæн. Ахæм куывд хуындис Цъамты куывд.

ЦЪÆХИЛОНТÆ — таурæгътæм гæсгæ абоны ирон мыггæгтæ цы рагон фондз мыггагæй равзæрдысты, уыдонæй иу. Абайты Васо афтæ фыссы: «…фамильное имя С’æhil, насколько можно судить, более позднего происхождения, чем остальные. В некоторых вариантах предания оно вовсе отсутствует. На иронском материале оно не этимологизируется. Возможно, оно идет не из иронского, а из субстратного, кавказского мира».

ЦЪÆХОЙ — Тутыры бал бирæгъты раздзог. Тутыр Фæлвæрайæн хъазгæ-хъазын барæй йæ галиу цæст фæсахъат кодта æмæ ма дзы æфсонæн хатыртæ дæр куырдта, фæлæ сæхимæ куы бацыд, уæд Цъæхоймæ фæдзырдта æмæ йын афтæ: «Ацу æмæ æппæт бирæгътæн дæр фехъусын кæн: Фæлвæрайæн йæ галиу цæст фæсахъат». Æмæ йын уæдæй фæстæмæ йæ фосмæ бирæгътæ хъуызын райдыдтой галиуæрдыгæй.

ЦЪИУТЫ САЙД — адæмы хъæр чи нæ æмбары, цыма йæ цъиутæ фæсайдтой, сонт æмæ æнæууылд, рог ныхас чи кæны, ахæм адæймаг.

ЦЪОГЪЫ ХОХ — Нарты Сидæмонæн йæ фыд Бцеджы Схуалийы уæйыг куы амары, уæд уый та цуаны уыд Цъогъы хохы, æмæ йæм уырдæм Ацæмæз ацыд хабар фехъусын кæнынмæ.

ЦЪЫБЫРТТÆ — ирон адæмон сфæлдыстады æбæрæг адæмыхатт. Царциатæ æмæ Цъыбыртты æхсæн, дам, зæххы тыххæй дзырд æрцыд. Æвзæрст лæгтæ уыдысты Цъыбыртты Гæнгæл, Уæнгæл æмæ Æртхутæг. Царциаты лæгтæ уыдысты Сайдвæстаг æмæ Зæрдæсырх. Царциатæ Цъыбырттæм æхсæвыгон фынæйæ бахъавыдысты æмæ сыл арт бандзæрстой, «Цъыбыртты сыгъд» сæ бакодтой. Уый фыдæй Царциатыл дæр Хуыцау рахатти æмæ сæ бынсæфт фæкодта.

ЦЪЫРЫНГАТÆ — рагон адæм. Царциаты къухæй бындзагъд фесты.

ЦЪЫРЫНДЖЫ ФЫРТ — Батрадзы æмхæрæфырт.

– Ч –

ЧАНДЗ — чысыл Суаны фыд.

ЧЕДЖЕМÆГАТЫ ÆЛДАР — Нарты кадджыты архайæг.

ЧЕЛÆХСÆРТÆГ — кæс: «Хызы Фырт Челæхсæртæг».

ЧЕСАНА — Уырызмæджы бæхтæй иуы ном.

ЧЕСАНЫ УАСТЫРДЖИ — Чесан у Уастырджийы фырт. Йæ кувæндæттæ сты Уæлладжыры комы Ходы хъæуы сæрмæ æмæ Дыгургомы. Кувгæ дæр æм фылдæр ардыгæй рацæуæг адæм кæнынц. Хонынц æй Чесаны Уастырджи. Йæ ном ын ссарынц Къæсæры Уастырджимæ кувгæйæ.

ЧЕХ — «Гыццыл Чех», — афтæ йæ хонынц Нарты кадджыты. У Бцентæй. Батрадз Тыхы фырт Мукарайæ Нарты маст куыд райса, кæм æй агура, уый нæ зоны, æмæ йын Сатана зæгъы: «Фурды былмæ ныццу, — дæ мады æрвадæлтæ уым сты, — æмæ фурды былæй ныхъхъæр кæн: «Гыццыл Чех, æддæмæ мæм ракæс, дæ сæр мæ бахъуыд, дæхион дæн. Тыхы фырт Мукара кæм ис, уый мын бацамон!». Уыцы Чехæн арв æмæ зæххы æхсæн æмбæхст ницы ис, æмæ дын бацамондзæн, Тыхы фырт кæм ис, уый».

Чех цæрдæг лæг уыди, фурды былæй Батрадзы цъæхахстмæ фæгæпп ласта, æмæ ма йæ цъæхахсты нæрын хъæдтæй хъуысти, афтæ йæ цуры февзæрд. «Амонгæ дын æй бакæндзынæн, кæм ис Тыхы фырт, уый, — зæгъы Батрадзæн, — фæлæ йæм афтæ æнцонæй нæ бахаудзынæ». Уæд æй Батрадз минæвар

арвыста. Чех афтæ рæуæг уыд æмæ æртæ цæстыныкъуылдмæ æртæ бонцауы цыди. Ссардта Мукарайы æмæ йæ Батрадзимæ хæстмæ фæхуыдта.

ЧЫЗГÆМБАЛ — чындзæмбалимæ сæ нысан иу у. Æцæг чындзæмбæлттæ лæппутæ вæййынц, чызгæмбал та чындзы хуыздæр хæлар чызг. Уый йæм йæ цæст дары хызы бынмæ, уæлдай бакæсæг æм нæ уадзы, чындз къуымы лæугæйæ йæхи куыд æнкъары, цæмæй тыхсы, уымæ йæ хъус дары. Чызгæмбал алкæд нæ вæййы. Уый аразгæ у, чындзы чи цæуы, уымæн йæхицæй: йæ ныфс æмæ зæрдæйы уаг куыд уой, уымæй.

ЧЫЗГХОНÆГ, ЧЫНДЗХОНÆГ — рагон ирон æгъдаумæ гæсгæ чызгхонæг æмæ чындзхонæгæн «нæ!» зæгъæн нæ уыд. Æфхæрдыл æй нымадтой, æмæ-иу хæраммæ рахызт. Сылгоймаг хонæгæн «нæ» зæгъын йæ сæрмæ не ‘рхаста Уырызмæг æмæ Борæты куывдмæ ацыд. Уым цъысымы бахауд, фæлæ йæ Батрадз ферваæзын кæны.

ЧЫКК ÆМÆ КОКИ — Сырдоны дыууæ фырты. Хицæн кадджыты та йын ис авд, фылдæр хатт — æртæ фырты.

ЧЫНАТЫ ХИД — Мæрдты бæсты Дзæнæтмæ бахизæн хид.

ЧЫНДЗÆМБАЛ — раздæр чызджыты моймæ хæрзæрыгонæй лæвæрдтой æмæ-иу сын ныфсы хосæн йемæ чындзæмбалæн арвыстой чызджы æфсымæры кæнæ хæрзæрвадæлты лæппуйы æмæ йæ хуыздæр хæлары. Уыдон æм сæ хъус дардтой йæ мойы хæдзары, уыдысты йæ фарсмæ, цалынмæ йæ цæгатæй хуындзæуттæ цыдысты, уæдмæ. Уыцы чысыл рæстæгмæ-иу æрыгон чызг цасдæр фæцахуыр йæ ног хæдзарыл, уæлдайдæр ын-иу йæ хыз куы систой, уæд. Бинонты, мыггаджы, сыхбæсты сылыстæг ыл-иу ауыдыдтой, хæлæрттæ йын дзы-иу фæзынд, æмæ-иу чындзæмбæлттæ хуындзæуттимæ куы ацыдысты, уæд йæхи иунæгæй не ‘нкъардта. Йæ фарсмæ уыдысты йæ къухылхæцæг, æмдзуарджын æмæ хызисæг, стæй сыхæй йæ мадгонд дæр. Ныр дæр ацы æгъдау ис ирон чындзхасты, æмæ йæ тынг рæсугъд, мидисджын кæны, дыууæ мыггаджы хæстæгдзинадыл ауды.

ЧЫНДЗÆХСÆВТЫ МÆЙ — афтæ дæр хонынц ирон адæм Джеоргуыбайы мæйы. Раздæр-иу фæззыгон хъæууонхæдзарадон куыстытæ куы фесты, уæд кодтой чындзæхсæвтæ, æмæ-иу æрцыдысты ноябрмæ. «Бæркадджын фæззæджы чындзæхсæв скæндзыстæм», — ахæм ныхас хуымæтæджы нæ равзæрд зарæджы.

ЧЫНДЗЫДЗЫДЫ ХАЙ — чызг чындзы куы ацæуы, уæд ын йæ цæгат афæдзы дæргъы уæддæр алцæмæй дæр йæ хай дæттынц. Уæлдайдæр та бæрæгбоны кусартæй. Фыс кусартæн уый у йæ галиу æвдасарм — раззаг фæрсчытæ, стæй базыгæй уæлæмæ.

ЧЫНДЗЫДЗЫДЫ ЦÆГАТ — чызг куы бахъомыл вæййы æмæ йæ амонд æндæр мыггаджы æхсæн куы ссары, уæд ын йæ ныййарджыты хæдзар хонын райдайынц Цæгат. Ома йæ мойы хæдзарæй, цот кæм кæндзæн, цард бирæвæрсыгæй кæм банкъардзæн, уымæй йын фæуазалдæр, цæгаты ад ын кæнын райдыдта, кæм

цæры, уыцы Хурæргом хæдзары цур.

ЧЫНТÆ — цардысты Нарты фарсмæ, хæлар æмæ уарзонæй. Кадджыты арæх æмбæлы дзырдбаст «Нартæ æмæ Чынтæ». Нартæ æмæ Чынтæм ахæм диссаг не ‘рцыд, зæгъгæ, ноджы тынгдæр ныддиссаг кæны, кадæггæнæг цæуыл фæдзуры, уый. Ис сæрмагонд кадæг «Нартæ æмæ Чынтæ». Райдайы афтæ: «Нартæ æмæ Чынтæ бадтысты ныхасы, æмæ сæм Уырызмæг ссыди»… Дыууæ сыхаг адæмы афтæ æнгом æмæ хæлар цардысты, æмæ сæ Ныхас дæр иу уыди. Чынтæ сты абоны китайæгтæ. Афтæ сæ абон дæр хонынц æндæр адæмтæ, зæгъæм, англисæгтæ.

ЧЫНДЗХÆСДЖЫТЫ УÆНТÆ — раздæр чындзæхсæвтæ кодтой фæззыгон куыстыты фæстæ, æмæ-иу чындзхæсджытæ иу хъæуæй, иу комæй иннæмæ куы ацыдысты, уæд сæ-иу къуыримæ нæ рауагътой. Чындзхæсджытæ та бирæ нæ цыд, фылдæр-иу уыдысты нæлгоймæгтæ, æмæ сæ-иу чындзы æрвадæлтæ радгай сæ хæдзæрттæм хуыдтой, кодтой сын кусæрттæ, æмæ сын алчидæр фæндаггагæн йемæ æвæрдта кусарты галиу уæн æмæ нозт. Чындзы-иу куы æрбахастой, уæд-иу сæрыстырæй æвдыстой, цал уæны æрбахастой, уый. Ома, уал хæдзарæй нын скад кодтой. Стæй сæ-иу фынгыл равæрдтой.

ЧЫНДЗЫ ХЫЗ — сывæллон райгуыры æмæ бахъомыл вæйиы йæ ныйиарджыты хæдзары. Уымы фарнæй фæхайджын вæйиы, Бынаты бардуаг ыл фæууды. Лæппу æдзухдæр ис уыцы аудындзинады бын. Чызг та куы бахъомыл вæйиы, уæд æй йæ мойы хæдзармæ ацæуын бахъæуы. Йæ райгуырæн къона йын свæйиы цæгат, йæ мойы хæдзар та — хурæргом, йæ царды фылдæр хай кæм арвиты, цот кæм скæны, хорзæй кæм базæронд вæйиы, ахæм. О, фæлæ йыл йæ чындзы цæуæн бон хыз цæмæн æркæнынц? Нæ фыдæлтæ сæ цардфæлтæрддзинадæй куыд раиртæстой, афтæмæй адæймаджы алыварс æдзухдæр зилдухæн кæнынц хæлар æмæ хæрам тыхтæ. Хæлар йæ зын царды йæ æнцой æрбалæууы, хæрам та йын йæ размæ цæлхдуртæ æвæры, цæмæй фæкæла, фæтыхса, цæмæ тырны, уый йæ къухы ма бафта. Адæймаг та, дам, йæ тæккæ лæмæгъы вæйиы йæ амонд агургæйæ. Уыцы рæстæг Сафа, Сæрзæд æмæ Бынаты бардуаг йæ фарсмæ æнгом æрбалæууынц æмæ йæм хæрам тыхтæ æввахс нæ фæуадзынц. Лæппу уыдон æвджид баззайы, фæлæ чызджы йæ чындздзон уæлæдарæс скæныны размæ йæ ныйиарджыты хæдзары уыдонæй ракурынц, æмæ йæм ницыуал бар фæдарынц. Уыцы рæстæг, йæ чындздзон фæндаджы рæстæг, йæ амонды фæндаг вæйиы æппæты тæссонддæр. Æмæ йын цæмæй йæ ныйиарджыты къæсæрæй ахизгæйæ, сæ Бынаты бардуаджы аудындзинадæй фæиппæрдуæвгæй æдде йæ амондæн мацы ратых кæна, уый тыххæй йыл, кæй аудындзинады фæрцы бахъомыл, уыцы Сафайы, Сæрзæды, Бынаты бардуаджы бын хыз æркæнынц. Уыдонæй йæ ракурынц Къухылхæцæг æмæ Æмдзуарджын йе ‘фсымæры барлæвæрдæй. Сæ фарн, сæ хъомыс сын ууыл бафтаугæйæ. Æмæ хыз свæйиы йæ хъахъхъæнæг, цалынмæ йæ мойы, йæ хурæргом хæдзары Бынаты бардуагмæ йæ сæр бакъул кæны, уæдмæ.

Хъахъхъæны йæ, мах кæй нæ уынæм, афтæмæй нæ алыварс цы амондсафæг тыхтæ ис, уыдоны фыдæхæй, цæстдзыдæй. Йæ хызисыны агъоммæ та йæ хистæртæ бафæдзæхсынц, йæ сæр цы къонамæ æркъул кодта, уый фарныл, æмæ йæ хызы сæр нал фæхъæуы. Йæ ног хæдзары Сафа, Сæрзæд æмæ Бынаты бардуаг свæййынц йæ хъахъхъæнджытæ.

ЧЫНДЗЫТЫ ДОНМÆГÆНÆН — рагон ирон уалдзыгон бæрæгбон. Кодтой йæ майы дыккаг æмбисы. Афæдзы дæргъы-иу хъæумæ цы ног чындзытæ æрцыд, уымæй хи хъæумæ дæр чи смой кодта, уыдон-иу уыцы бон фæндырдзагъдимæ, заргæ æмæ кафгæ æркодтой, дзыхы дон кæцæй истой, уыцы ранмæ. Хъæлдзæг æмæ бæркадджын бæрæгбон уыд. Уымæй дæр фæсивæды æмæ сывæллæтты бæрæгбон. Доны былмæ-иу алы хæдзар дæр æрæрвыста, йæ фадат куыд амыдта, афтæ алы хæринæгтæ. Сæ сæйрагдæртæ та — æртыгай чъиритæ æмæ бæгæны. Чындзыты-иу доны бардуагыл, доны чызджытыл бафæдзæхстой, стæй-иу цъæх нæууыл хъазт сарæзтой.

Хъæлдзæг æмæ ныфсдæттæг бæрæгбон уыд Чындзыты донмæгæнæн. Уæдмæ-иу чындзæн, кæд ацы хъæуы схъомыл, уæддæр æдзæстхизæй, æргомæй уынгты ацæуын йæ бон нæ уыд, æгъдау æй нæ уагъта. Нуазыны дон хæссынмæ дæр нæ цыд, цалынмæ-иу æй Чындзыты донмæгæнæн бæрæгбоны доны бардуаг Донбеттырыл, доны чызджытыл бафæдзæхстой, уæдмæ.

ЧЫНТЫ ХЪОБА — Нартæ æмæ Чынтæ хæларæй цардысты, иумæ уыд сæ цард, сæ хъару, сæ арæхстдзинæдтæ æвзæрстой алыхуызон хъæзтыты, фæлвæрстой сæ хæцæнгæрзтæ. Чынтæй иу Хъоба хуындис, хъал, æнæфæнык хъал кæй фæхонынц, ахæм. Фосæй æмæ фæллойæ дæр иннæ Чынтæй цауддæр уыди, фæлæ фæллойæ цас цух уыди, уый хыгъд хорзæн дардта дыууæ карды. Стыр хъуыддаджы йæм хъуытазхъуыр кард уыди, æнæуый хъуыддаджы та — æдзæм кард. Фæлвæрдтой Нартæ сæ кæрдтæ кæрæдзийыл. Фæлæ дзы Чынты Хъобайы кæрдты ничи æййæфта. Сосланы кардæй хуыздæр кæрдтæ уыди Нарты адæммæ, фæлæ уыдоны кæрдты дæр Чынты Хъобайы кард карста фæлмæн цыхтау. Хъыг æмæ мастæн уыди уый Нартæн. Уæд Сослан тых уарыны фæстæ арвæй æрхаугæ дур куы ссарид. Уый дзы Сатанайы фæндонæй уæларвы Сафайæн кард саразын кодта. Æмæ кæрдтæ фæлварыны рæстæг Хъоба Сосланы кард тых-тыхæгæй куы ныррриуыгъта, уæд Хъобайы кард дыууæ фæхаудта, æмæ ма йæ лыггаг кæмдæр дурты ныззæлланг ласта, йæ къухы ма дзы дыууæ дисны бæрц аззади.

ЧЫРЫСТИЙЫ ЦЪУППП — чырыстæттæ афтæ рахуыдтой Кавказы хæхты дыууæ бæрзонддæр цъуппытæй иу Хъазыбеджы хохы. Йæ ном ын бабастой Есо Чырыстиимæ. Рагæй-æрæгмæ йæ ирæттæ та хонынц Сæна, йæ бынмæ Терчы был Хъазыбеджы хъæу та — Сæнайы хъæу. Сæна ирон хъæу уыд. Пушкины рæстæджы дæр ма йæ цæрджыты фылдæр ирæттæ уыдысты. Сæ æлдар та хуынд Хъазыбег — Хъазыбегты мыггаджы фыдæл. Пушкин куыд фыссы, афтæмæй, дам, кæд хъæуы гуырдзы æмæ сомих дæр цæры, уæддæр йæ алыварс

æмбырдтæ кæнынц ирæттæ, уымæн æмæ йæхæдæг дæр ирон у. Кадджын лæг кæй уыд, уымæ гæсгæ бæлццæттæ, Арвыкомыл цæуæг æцæгæлон адæм Сæнайы цъупп рахуыдтой Хъазыбеджы номæй, æмæ чингуыты, хъуыддаджы гæххæттыты дæр афтæ фыст æрцыд æмæ цæуы. Гырдзиагау та йын æндæр ном ис, Мкинварцвери. Уæвгæ гуырдзыйæ Арвыкомы æрцард, фыццаджыдæр, ардæм Гуырдзыстонæй Уæрæсейæ Сыбырмæ хæссæгау хаст чи цыд, стæй та фæндагмæ чи зылд, уыдон. Сомих та дзы базар кодтой.

Чырыстон диныл кусджытæ Арвыкомы æфцæгæн дæр фæивтой йæ ном, рахуыдтой йæ Дзуары æфцæг. Иронау та йын ис дыууæ номы — Барзæфцæг æмæ Хъилæфцæг. Сæ дыууæ дæр амонынц: Бæрзонд æфцæг.

ЧЫРЫСТОН — Чырыстон дин æмæ нæ фыдæлты æгъдæуттæ, уырнынадтæ афтæ тынг æнгæс сты, кæрæдзийы æддæг-мидæг афтæ ауадысты, æмæ дзы, чи кæцы у, уый хатт нал февзарæм. Гъе уымæ гæсгæ йæ сæ зæрдæмæ арф исынц, уæлдайдæр та Хуссар Ирыстоны. Дзырд Чырыстоны ма бавæрдтой æндæр мидис дæр: хорз, хæдзонд, хæларзæрдæ, уæздан адæймаджы дæр хонынц Чырыстон, диныл хæст куы нæ уа, уæддæр. Арæх фехъусæн вæйыы сабыр, æмбаргæ лæппуйы тыххæй: «Куыд Чырыстон у», кæнæ бонзонгæ, адæмыл аудаг лæджы тыххæй: «Уый Чырыстон у, йæ фыд дæр ахæм уыд».

ЧЫРЧЫ ЛÆГÆТ — Урстуалты Едысы хъæуы цур бардуæгты æмбæхсæн лæгæт.

– ЧЪ –

ЧЪИРИАГÆХСÆН — алы стыр бæрæгбоны размæ дæр-иу хъæуыл кæнæ сыхыл къусбар æрзылдысты сылгоймæгтæ. Алы хæдзары æфсинтæ-иу сын задæн, чъирийагæн лæвæрдтой мæнæу кæнæ нартхор. Стæй сæ-иу сæрмагонд равзæрст бон ныхсадтой цæугæдоны был. Чъирийæгтæ æхсынæн-иу рагацау æрцæттæ кодтой кæттæгтæ. Цæугæдоны былмæ-иу æрцыдысты устытæ кæстæр сылгоймæгтимæ æд фæндыр кафгæ æмæ заргæ. Заргæ та кодтой, куывд цы зæды кæнæ дуаджы номыл цæттæ кодтой, уый зарджытæ. Куывды фысымтæ сæм-иу æрæрвыстой æртæ æртæдзыхоны, бæгæны æмæ къуымæл. Мæнæутæ-иу куы ныхсадтой, уæд–иу сæ кæттæгтыл байтыдтой. Цалынмæ-иу хус кодтой, уæдмæ-иу хъазт сарæзтой: кафыдысты, зарыдысты. Уымæй сæ ахаст æвдыстой бæрæгбонмæ. Æхсад æмæ хус чъирийаг мæнæу дæр куыройы ссадтой сæрмагонд бон, чъирийагмæ æндæр хорæй куыд нæ бахауа, афтæ-иу куырой куыройгæс ныссыгъдæг кодта рагацау. Зæд кæнæ дуаджы номыл кувинаг дæр табуйаг уыд нæ фыдæлтæн. Ныр чъириагæхсæн бон нал кæнынц.

ЧЪИРИКУВÆГ — бæрæгбоны æртæ æртæдзыхонтæй, æртæ хæбизджынæй хæдзары, сыхы, хъæубæсты чи скувы, Стыр Хуыцауыл, йе сконд зæдтыл æмæ дауджытыл сæ чи бафæдзæхсы, бæлццоны чи афæндараст кæны, æгасцуай йын чи фæзæгъы, рынчынæн чи скувы, уыцы намысджын нæлгоймаг, йæ æгъдау

æмæ хъуыддæгтæй æппæтæн дæр фæзминаг чи у, йæ дзыхы æмæ куывды фарн кæмæн ис, ахæм хистæр.

ЧЪЫНДЫ — Сослан Мæрдты бæсты иу ран иу усæн йе стыр къæртайы дзаг æхсырæй æгасæй еууы нæмыджы йас гуымбыл схаугæ, йæ фарсмæ та, чысыл æддæдæр, æндæр усы уидыджы дзаг æхсырæй æнæхъæн хохы йас гуымбыл сисгæ куы фены, уæд та сыл бадис кæны. «Ма дис кæн уыдоныл дæр, — загъта Бедуха, — уыдонæй, стыр къæртайы дзаг æхсырæй еууы нæмыджы йас цыхт кæмæн схауы, уымæ уыдис сæдæ хъуджы, бирæ йæм уыдис урссаг, фæлæ чъынды уыди: бæрæгбоны-иу дзы йæ сыхаг куы куырдта цыхты мур, уæд-иу ын нæ лæвæрдта, «нæй мæм, нæй мæм»-иу кодта. Иннæмæ та æрмæстдæр иунæг хъуг уыдис, фæлæ уый рæдау уыд: исчи-иу дзы куы куырдта урссаг, фæнды бæрæгбон, фæнды къаты бон, — æнæратгæ-иу ын нæ фæци, йæхи дæр-иу хъуаг ныууагътаид, уæддæр. Уый дын ныр сæ хъуыддаг Мæрдты бæсты».

ЧЪЫРЫН — чъыримæ амад мæсыг, гæнах.

СТЪАЛЫТЫ ÆМÆ ÆРВОН ФÆЗЫНДТЫТЫ НÆМТТÆ ИРОНАУ

АВД ХОЙЫ (СТЪАЛЫГУППАР) — созвездие Плеяды. Стъалыгуппар Авд хойыл ис ахæм ирон таурæгъ: «Æмбырдтæ» (афтæ дæр ма сæ хонынц) цы стъалыты гуппар хонынц, уыдон кæддæр уыдысты авд хойы. Уыдонæй чи хуыздæр у, уый зæххыл ничи зыдта. Иухатт куы уыди, уæд усгуртæ сфæнд кодтой чызджыты бафæлварын. Се ‘ппæтæн дæр радтой æмхуызон куыст æмæ сын загътой: «Йæ куыст уæ раздæр чи фæуа, уый уыдзæн уæ хуыздæр».

Чызджытæ бавнæлдтой, кæрдгæ-хуыйгæ кæнынц æмæ æхсæвæрафон уыцы-иу сахат фесты сæ куыст.

Афтæмæй куы нæ сбæрæг сæ хуыздæр, уæд сæ фæрсынц:

– Уæдæ цы хуызы ис, хуыздæр уæ чи у, уымæн равзарæн.

Уыдон загътой:

– Иунæг Хуыцау зоны, хуыздæр æмæ нæ æвзæрдæр чи у, уый. Фæлæ авдæй æмсæр кæй стæм, уый тыххæй нæ цæрæнуат уæд арвыл, нæ фæлгонц нын уынæд адæм æмæ нæ рох ма кæнæд. Ноджы Хуыцауы уый бафæндæд, цæмæй немæ уой нæ сынтæджытæ.

Хуыцау сын сæ фæндон сæххæст кодта æмæ сын арвыл бынат радта.

Стъалыгуппар Авд хойы стъалыты нæмттæ сты: Уз, Заз, Цицыр, Зада, Гадæкк, Удыкк æмæ кæстæр Гæда (фыдуаг æмæ къæбæда, æдзухдæр иуварс вæййы, иннæтимæ нæ хæццæ кæны). Иннæ варианты та сты: Аззæ, Уырыззæ, Цицц, Уæрдахъ, Дæдæкк, Уæдæкк æмæ Къæбæда.

Ис сыл хъазгæмхасæн ахæм тагъддзурæн:

Бынтон — æнафон,
Æнæнтыст фæуой,
Цъæх арвыл кафынц,
Цъæх арвыл симынц
Æнæнтыст хотæ,
Кæсут-ма, авдæй.
Аззæ — сæ хистæр,
Гъе стæй — Уырыззæ.
Уымæй дæлæмæ –
Цицц æмæ Уæрдахъ,
Дæдæкк æмæ Уæдæкк,
Стæй сæ кæстæр — Къæбæда.

АРВ — небо.

АРВАСТÆУ — зенит.

АРВÆЙ ÆРХАУГÆ ДУР — метеорит.

АРВÆРДЫН — радуга.

АРВЫ ЗЫЛД — небосклон.

АРВЫ КУЫДЗ — созвездие маленького Пса.

АРВЫ КЪУЫРФ — небесный свод.

АРВЫ РОН — радуга.

АРВЫ СÆМÆН — Полярная звезда.

АРВЫ ЦÆДЖЫНДЗ — Полярная звезда.

АРВЫ ЦÆСТ — Сириус. Арвы цæст — Хуыцауы цæст. Ирон адæммæ афтæ каст, цыма ацы стъалыйы фæрцы Хуыцау уыны, Зæххыл цыдæриддæр цæуы, уый. Арвы цæст у арвыл æппæты æрттивагдæр стъалы.

АРТЪАУЫЗ — существо, создавшее зло, насекомых и гадов помимо воли Бога. В наказание за это оно привязано к Луне.

АХСАХЪТЕМЫР — Полярная звезда.

ÆМБЫРДТÆ — созвездие Плеяды.

ÆРВÆРТТЫВД — молния.

ÆРВГÆРОН — горизонт.

ÆРВНÆРД — гром.

ÆРВОН — небесный.

ÆРВОН ТЫГЪДАД — небесная сфера.

ÆРФÆНЫ ФÆД — Млечный Путь. Ærфæн — æрвон — Нарты кадджытæм æрвон бæхты мыггагæй, уыд Нарты хистæр Уырызмæджы æмбисонды бæхы ном. Уый хонынц зæххон бæхты фыдæл, уымæй, дам, равзæрдысты. Ирд æхсæвы арвы астæу иу кæронæй иннæмæ цы урсбын фæтæн тæлм фæзыны, уый дæр ирон адæм хонынц «Ærфæны фæд».

Ærфæны фæдыл ма ис æндæр таурæгъ дæр: «Саг æмæ, дам, къамбец фæбыцæу сты — арвы иу кæронæй иннæ кæронмæ нæ тагъддæр чи бахæццæ уыдзæн. Ærлæууыдысты иу кæрон. Саг йæ сыкъатæ бæрзонд систа æмæ гæппытæ кæнгæ фæцагайдта. Арвы астæумæ куы бахæццæ, уæд йæ зæрдæ аскъуыд, æмæ йæ мидбынаты æрхаудта.

Къамбец йæ цыдæй рараст æмæ суанг иннæ кæронмæ бахæццæ.

Арв æхсæвыгон куы ныттынг вæййы æмæ стъалыйы цæхæр куы фесты, уæд йæ бæстастæуыл иу кæронæй иннæмæ ирдæй разыны урсцагъд къуымбилæй фæд. Уый фарсмæ та иу кæронæй бæстастæумæ ис иугæндзон нæ, фæлæ фæлтæргай урс мигъы хуызæн æхсыргъуыз бындзыгтæ. Уыдон сты саг æмæ къамбецы фæдтæ.

БАЛЕРДЗАУ — стъалыгуыппар (уырыссагау — созвездие рыбы).

БАЛСАФÆГ, БАЛДЗÆГЪДÆГ — планета Марс.

БОНВÆРНОН, БОБРОН (РАЙСОМЫ СТЪАЛЫ) — планета Венера.

ГАЛГÆС СТЪАЛЫ — Арктур.

ДУН-ДУНЕ — Вселенная.

ДУН-ДУНЕЙЫ ТЫГЪДАД — космос.

ДУНЕЙЫ ТЫГЪДАД — мировое пространство.

ЗÆРÆХСИД — вечерняя заря.

КÆРДÆДЖЫ СТЪАЛЫ — Вега.

КЪÆДЗИЛДЖЫН СТЪАЛЫ — комета.

ЛÆДÆРТÆ — созвездие Большой Медведицы.

Лæдæрты тыххæй ахæм таурæгъ ис: «Раджы, зæдтæ æмæ адæм иумæ хæтæнты куы хаттысты, уæд иу фыдлæг Ахсахътемыр дæр семæ хатти, зæххон адæймаг уæвгæйæ. Бон ын иу афон донмæ æнæцæугæ нæ уыд.

Уыцы рæстæг зæххыл цардис авд æфсымæры, Лæдæртæ, зæгъгæ. Уыдонæн тых кодта Ахсахътемыр. Куы нал дзы фæрæзтой, уæд загътой: «Æрвылбон донмæ цæуы æмæ Донбеттыræн лæгъстиаг у. Цæуæм æмæ дзы æмцег схæссæм, кæд æмæ нæ уый тасæй ныууадзид. Кæд уымæй фæтæрса, æндæр лæгæй нæ тæрсы». Ацыдысты æмæ Донбеттыræй æмцег схастой.

Ахсахътемыр уый куы базыдта, уæд загъта: «Бæрæг уыдзæни, кæд æз Донбеттыræй фæтæрсон, уæд». Уый фæстæ бацыд æмæ сын сæ æмцеджы амардта.

Лæдæртæ æрдиаггæнгæ Донбеттырмæ ныццыдысты æмæ йын загътой, цы цау сыл æрцыд, уый. Донбеттыр сын загъта: «Иу афон мæнмæ цæудзæн, æмæ йæ уæд амарут».

Ахсахътемыр уый куы базыдта, уæд донмæ нал ныццыд, фæлæ ссыд арвы астæумæ æмæ уым сбадт. Дыууæ уырсы та йæхицæн хъахъхъæнæг баурæдта.

Лæдæртæ, донмæ цæудзæн, зæгъгæ, доны ‘рдæм фисынты цæуын райдайынц. Куы фæрухс вæййы, уæд ма йæ арвыл бæргæ суынынц æмæ йæм фæраст вæййынц, фæлæ уæдмæ æрбабон кæны, æмæ сын рухсы фесæфы». Афтæ алы æхсæв дæр арвыл Лæдæртæ сурынц Ахсахътемыры æмæ йæ байфæнæн ницы фæрæз арынц. Гъе уымæ гæсгæ сыл æгуыдзæджы ном сбадт.

ЛÆДЗДЖЫТÆ, ФЫЙЙАУЫ ЛÆДЗДЖЫТÆ — звезда Орион.

МÆЙ — Луна.

МÆЙДАЛЫНГ — лунное затмение.

МÆЙДАР — безлунная ночь.

МÆЙЗÆРОНД — четвертая фаза Луны.

МÆЙНОГ — новолуние.

МÆЙРУХС — лунный свет.

МÆЙРУХСÆХСÆВ — лунная ночь.

СÆУÆХСИД — утренняя заря, зарево.

СОСЛАНЫ ÆРДЫН — радуга.

СТЫР ЦОЛПЫ — Большая Медведица.

СТЪАЛЫГУППАР. СТЪАЛЫ БАРДЗ — созвездие.

ТÆХГÆ СТЪАЛЫ — метеор.

ФИСЫНМÆДЗÆУДЖЫТÆ — Большая Медведица.

ХАЛÆНГУЫРТÆ — стъалыгуыппар (созвездие Рака).

ХÆРДЗ — солнечная туманность.

ХУР — Солнце.

ХУРЫСКАСТ — восход солнца.

ХУРДАЛЫНГ — солнечное затмение.

ХУРНЫГУЫЛД — заход, закат Солнца.

ХУРХÆТÆН — летнее и зимнее солнцестояние.

ХЪАЗАНТЕМЫР — Полярная звезда.

ЧЫСЫЛ ЦОЛПЫ — Малая Медведица.

Стъалытæ, ахуыргæндтæ куыд зæгъынц, афтæмæй арвыл ис тынг бирæ. Банымайæн, дам, дзы ис 7000 бæрц. Уыдонæй мæйрухс æхсæв ирд арвыл махæн фенæн ис 3000-3500 стъалыйы бæрц. Сæ цæхæркалгæдæртæн æмæ æнгом гуппартæн æнæбафиппайгæ нæй. Гъе уымæ гæсгæ сыл сæ миниуджытæм гæсгæ алы адæмтæ сæвæрдтой нæмттæ, скодтой сæ таурæгъты сæйраг хъайтартæ. Стъалытæ æмæ стъалыгуппарты нæмтты фæдыл таурæгътæ фылдæр зонынц бердзентæ æмæ ромæгтæ. Сæрмагонд нæмттæ æмæ таурæгътæ сыл ис ирон адæммæ дæр. Бирæтæ дзы бынтон ферох сты, иннæты, уырзæй сгарæгау агуырдтой æмæ агурынц ахуыргæндтæ. Æз дзы æрæмбырд кодтон ацы чысыл хай. Хорз уаид, зынаргъ чиныгкæсджытæ, сымах дæр ма сыл, цы зонут, уыдон куы бафтауиккат. Алчидæр уæ йæ хæсыл банымайæд. Уымæн æмæ ирон адæмон сфæлдыстад бабиноныг кæнын нæ алкæй хæс дæр у. Цы ма дзы зонæм, уый абон фыст куы нæ æрцæуа, уæд та мæрдырохы хай бауыдзысты.

СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ

1. Абаев В. И. Историко-этимологический словарь осетинского языка. Москва, 1958-1989.

2. Абаев В. И. Избранные труды (Религия. Фольклор. Литература). Владикавказ, 1990.

3. Андиаты Теба æмæ Баса. Нартæ. Цхинвал, 1975.

4. Беджызаты Дудар. Царциаты диссæгтæ // Фидиуæг. 1989-1991.

5. Биазырты Алыксандр. Нарты таурæгъты истории. Дзæуджыхъæу, 1993.

6. Биазырты Алыксандр. Нарты таурæгътæ æмæ хабæрттæ. Цхинвал, 1973.

7. Гаглоева З. Д. Составные элементы праздника «Ногбон».

8. Гуриев Т. А. Кто есть кто в Аланской нартиаде. Владикавказ, 1999.

9. Гуриев Т. А. Наследие скифов и алан. Владикавказ, 1998.

10. Гуытъиаты Хъазыбег. Нарты кадджытæ. Дзæуджыхъæу, 1989.

11. Джыккайты Шамил. Ирон таурæгътæ. Дзæуджыхъæу, 1989.

12. Дзадзиты А. Б., Дзуццаты Х. В., Хъараты С. М. Ирон адæмы этнографи æмæ мифологи. Дзæуджыхъæу, 1994.

13. Дзиццойты Юри. Ирон æвзаджы æвæрæнтæй // Фидиуæг. 1988. 9 номыр; Ирон адæмон аргъæуттæ. Сталинир, 1959.

14. Калоева Д. А. Даредзановские сказания у осетин. Цхинвал, 1975.

15. Къарджиаты Бекызæ. Ирон æгъдæуттæ, Дзæуджыхъæу, 1991.

16. Миллер В. Осетинско-русско-немецкий словарь. Академия наук СССР, 1927-1934.

17. Миллер В. Осетинские этюды. Москва, 1881.

18. Миллер В. В горах Осетии, Нарты кадджытæ. Дзæуджыхъæу, 1975.

19. «Нарты» I, II, III т.т. издательства. Москва: Наука, 1990.

20. Салæгаты Зоя. Ирон адæмон сфæлдыстад. 1-11 томтæ. Дзæуджыхъæу, 1961.

21. Сказания о Нартах. Владикавказ, 2000.

22. Туганов М. Литературное наследие. Орджоникидзе, 1977.

23. Уарзиаты Вилен. Ирон бæрæгбæттæ незамантæй абонмæ. Дзæуджыхъæу, 1995.

24. Хозиты Федыр. Ирон фынджы æгъдæуттæ. Дзæуджыхъæу, 2000.

25. Цгъойты Хазби. Ирон æмбисонды хабæрттæ. Дзæуджыхъæу, 1997.

26. Цгъойты Хазби. Фыдæлты мæсыг. Дзæуджыхъæу, 2009.

27. Цыбырты Людвиг Ирон адæмон бæрæгбонтæ. Дзæуджыхъæу. 1999.

28. Чибиров Л. А. Древнейшие пласты духовной культуры осетин. Цхинвал, 1984.

29. Чибиров Л. А. Народный земледельческий календарь осетин. 1976

СОДЕРЖАНИЕ

НАША ИСТОРИЯ — В НАШЕЙ МИФОЛОГИИ 6

НАЗВАНИЯ ЗВЕЗД И НЕБЕСНЫХ ЯВЛЕНИЙ 381

ИСПОЛЬЗОВАННАЯ ЛИТЕРАТУРА 385

НÆ МИФОЛОГИЙЫ — НÆ ИСТОРИ 387

СТЪАЛЫТЫ ÆМÆ ÆРВОН ФÆЗЫНДТЫТЫ НÆМТТÆ ИРОНАУ 749

СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ 753

Справочное издание

ЦГОЕВ ХАЗБИ ФЁДОРОВИЧ

СЛОВАРЬ ОСЕТИНСКОЙ МИФОЛОГИИ И УКЛАДА ЖИЗНИ

Издание второе, дополненное и исправленное

Перевод – *Р.Н. Сотиева*
Технический редактор – *Е.Н. Маслов*
Компьютерная верстка – *А.В. Черная*
Дизайн обложки – *Е.Н. Макарова*

Подписано в печать 25.01.17.
Формат бумаги 70×100 $^{1}/_{16}$. Бум. офс. Печать цифровая.
Гарнитура «Myriad». Усл. п.л. 60,8.
Тираж 100 экз. Заказ № 125.

СЕВЕРО-ОСЕТИНСКИЙ ИНСТИТУТ ГУМАНИТАРНЫХ И СОЦИАЛЬНЫХ ИССЛЕДОВАНИЙ
им. В.И. АБАЕВА – ФИЛИАЛ ФЕДЕРАЛЬНОГО ГОСУДАРСТВЕННОГО БЮДЖЕТНОГО
УЧРЕЖДЕНИЯ НАУКИ ФЕДЕРАЛЬНОГО НАУЧНОГО ЦЕНТРА
"ВЛАДИКАВКАЗСКИЙ НАУЧНЫЙ ЦЕНТР РОССИЙСКОЙ АКАДЕМИИ НАУК "

362040, РСО-Алания, г. Владикавказ, пр. Мира, 10
e-mail: rio-soigsi@mail.ru

Отпечатано ИП Цопановой А.Ю.
362002, РСО-А, г. Владикавказ, пер. Павловский, 3